1м. 90т.

ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНИҢ ТҮСИНДИРМЕ СӨЗЛИГИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНИҢ ТҮСИНДИРМЕ СӨЗЛИГИ

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» — БАСПАСЫ 1982

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

КАРАКАЛПАКСКИЙ ФИЛИАЛ АКАДЕМИИ НАУК УзССР
ИНСТИТУТ ИСТОРИИ, ЯЗЫКА И ЛИТЕРАТУРЫ
им. Н. ДАВКАРАЕВА

ТОЛКОВЫЙ СЛОВАРЬ КАРАКАЛПАКСКОГО ЯЗЫКА

В ЧЕТЫРЕХ ТОМАХ

I

А—В

ИЗДАТЕЛЬСТВО „КАРАКАЛПАКСТАН"
НУКУС—1982

ӨЗБЕКСТАН ССР ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ФИЛИАЛЫ Н. ДӘЎҚАРАЕВ
АТЫНДАҒЫ ТАРИЙХ, ТИЛ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ
ИНСТИТУТЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНИҢ ТҮСИНДИРМЕ СӨЗЛИГИ

ТӨРТ ТОМЛЫҚ

I

А—В

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1982

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

4(КК)
К—50

Усынылып отырған Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги лексикографиямыздың бул тараўлағыбириниши тәжирийбеси болып, буғанәдебий тилимизде жийи қолланылып жүрген 20000 ға шамалас сөз киргизилген.

Сөзлик қалың жұртшылыққа: тилшилер менен әдебиятшылар, илим, мәденият, сиясий ағартыў, баспа сөз хызметкерлерине, муғаллимлерге, студентлерге, мектеп оқыўшыларына, сондай-ақ, қарақалпақ тилин өз бетинше үйрениўшилерге бағышланады.

ӨзССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының илимий советиниң қарарына муўапық басылды.

Редколлегия ағзалары: ӨзССР Илимлер академиясының академиги С. К. Камалов (председатель), филология илимлериниң докторлары, профессорлар: Л. С. Насыров (председательдиң орынбасары), К. М. Мақсетов, Е. Б. Бердимуратов, филология илимлериниң кандидатлары: М. Қалендеров (секретарь), К. Әбдимуратов, А. Қыдырбаев, Р. Есемуратова, ӨзССР ҳәм ҚҚАССР халық шайыры Т. Жумамуратов, ҚҚАССР халық шайыры И. Юсупов, ҚҚАССР халық жазыўшысы Т. Қайыпбергенов.

Томның жуўаплы шығарыўшысы—Мамут Қалендеров

СӨЗЛИКТИ ДҮЗИЎШИЛЕР:

Р. Есемуратова—(А—Э); М. Қалендеров—(Б); М. Қалендеров ҳәм Р. Жапақова—(В)

Т $\frac{70105}{М—357\ (04)\ —82}$ 127—4602020000,

© „Қарақалпақстан“ баспасы—1982

Инв. № 116902

СӨЗ БАСЫ

Уллы Октябрь революциясынан кейин, әсиресе, Қарақалпақстанның әдеп автономиялы область, кейин автономиялы республика болып қайта қурылыўы санаатты, аўыл хожалығының, мәденияттың, илим менен искусствоның кеңнен өсиўине барлық жағдайларды туўдырды.

Қарақалпақтың миллий әдебий тили қәлиплести. Қарақалпақ тилинде көркем әдебият раўажланды. Проза, драматургия ҳәм публицистикалық жанрлар пайда болды. Қарақалпақ тилинде баслаўыш, орта мектепке ҳәм жоқары оқыў орынларына арналған сабақлықлар жарыққа шықты. Баспа сөз раўажланды: Қарақалпақ тилинде республикалық газета-журналлар ҳәм бир неше районлық газеталар шығарылатуғын болды. Телевидение-радио арқалы қарақалпақ тилинде еситтириўлер системалы түрде берилип турады.

Қарақалпақ мийнеткешлери марксизм-ленинизм, рус ҳәм жер жүзилик әдебият классиклериниң шығармаларын өз ана тилинде оқып пайдаланатуғын мүмкиншиликке ийе болды. Усылардың нәтийжесинде қарақалпақ тилинде көплеген жаңа сөзлер менен түсиниклер пайда болды. Тилимиздеги көп сөзлер (*дийҳан, ақсақал, шопан*) жаңа мәниде қолланылатуғын болса, бир қатар сөзлер (*закат, питир, үсир, зикир, порқан*) гөнерип тилимизден шығып қалса, бир қатарлары (*гүнде, пазна, мала, шығыр*) сийрек ушырасатуғын архаизмге айналды. Тилимиздеги сөзлердиң қолланылыўындағы усындай өзгешеликлерди көрсететуғын қолланба дүзиў мүтәжлығы пайда болды. Бундай ўазыйпаны миллий тиллердиң түсиндирме сөзлиги атқаратуғыны ҳәммеге белгили. Усы мүтәжлықты есапқа алып ӨзССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының сөзлик ҳәм терминология бөлими усынылып отырған қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигин иследи. Буған төмендеги илимий хызметкерлер катнасты: Р. Есемуратова—А, Э, Р, М (*маба-минбелеў*); М. Қалендеров—Б, Е, Ё, К, Л, Ц, Щ; А. Қыдырбаев—Т, К, (*қаба-қарағылық*); А. Турабаев—Г, Ғ, Д, Ж, Э, М (*минбер-мыяўлаў*); К. Дәўлетбаев—И, Й, О, Ө, П, С; Д. Сайтов—Ш. К (*қараңлаў-қозақ*); У. Ембергенов—З, У, Ү, Ў, Х, Ҳ, К (*қозғалыс-қыяў*);

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Б. Бекетов — Н, Ы; М. Қалендеров, Р. Жапақова — В, Ф, Ч, Ю, Я.

Сөзлик қарақалпақ лексикографиясындағы бул тараўдағы биринши тәжирийбе болғанлықтан авторлар коллективи көп ўақтын сөзликке керекли картотека жыйнаўға, оны көбейтиўге жумсады. Картотекаға түсирилген сөзлер қарақалпақ фольклорынан, әдебиятымыздың революциядан бурынғы классиклери менен ҳәзирги заман совет жазыўшылары ўәкиллериниң шығармаларынан ҳәм республикамыздың баспа орынларында шығарылған китаплар менен газета-журналлардан алынды. Бул дәреклерден алынған мысаллар толығы менен документацияланып, түп нусқа ҳәм автордың аты скобка ( ) ишине көрсетилди. Сөзлик қарақалпақ тилинде ең жийи қолланылатуғын сөзлерди өз ишине алады. Тилимиз революциядан кейин көплеген илимий-техникалық, сиясий-экономикалық тағы да илим менен искусствоның барлық тараўында жумсалатуғын жаңа терминлер менен байыды. Бирақ булардың бәри бирдей сөзликке киргизилмеди, себеби, түсиндирме сөзликтиң ўазыйпасына булар кирмейди. Сол сыяқлы айырым сөзлердиң этимологиясы жөнинде де ҳеш қандай түсиник берилмейди. Сөзлик ҳәзирги қолланылып жүрген қарақалпақ тилиниң орфографиясы тийкарында дүзилди. Солай бола тура бул сөзликти орфографиялық сөзлик деп түсиниўге болмайды. Өйткени орфографиялық сөзликтиң тийкарғы ўазыйпасы түсиндирме сөзликтиң ўазыйпасына тенбе-тең келмейди. Түсиндирме сөзлик ҳәзирги заман қарақалпақ әдебий тилиниң сөзлик составында қолланылатуғын тийкарғы сөз бирликлериниң туўра ҳәм аўыспалы мәнилерин, олардың жумсалыў өзгешеликлерин анықлаўды ҳәм оларды дурыс түсиндириўди өзине тийкарғы ўазыйпа етип алды. Авторлар да сөзликти дүзгенде усы принципти өзлерине тийкарғы нышана қылды.

Тилимизде әсиресе, аўызеки сөйлеў тилинде түрлише айтылатуғын сөзлер ушырасып қалады (*жарпақ-жапырақ, топырақ-топырақ* ҳәм т. б.). Булардың әдебий тилде жийи қолланылатуғыны (*жапырақ, топырақ*) тийкарғы реестр сөз етип алынды ҳәм оларға түсиник берилип, тийисли нусқалардан цитата түринде мысаллар менен тастыйықланды. Айырым жағдайларда қысқа ҳәм көркем мысаллар табылмағанлықтан гейбир реестр сөзлер тийисли цитатасыз берилди. Бундайлар рус тилиниң ҳәм түркий тиллес халықларының тиллеринде шыққан түсиндирме сөзликлеринде де ушырасып қалады, буны биз де усынылып отырған сөзликтиң кемшилиги деп түсинемиз.

Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигин дүзиўде авторлар коллективи рус тилинде, сондай-ақ түркий тиллес халықлардың тиллеринде шыққан түсиндирме сөзликлерден пайдаланды. Қарақалпақ тилинде шыққан орта мектеп көлеминдеги терминологиялық ҳәм еки тилли (қарақалпақша-русша, русша-қарақалпақша) сөзликлер де авторларға аз да болса жәрдемин тийгизди.

Түсиндирме сөзликтиң қолжазбасын додалағанда ӨзССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының филология бөлимлери—ҳәзирги заман қарақалпақ тили, қарақалпақ тилиниң тарийхы ҳәм диалектологиясы, шығыс қолжазбалары бөлимлериниң илимий хызметкерлери өзлериниң баҳалы пикирлерин ҳәм де ескертиўлерин айтып, жумыстың жақсыланыўына жәрдемлерин тийгизди. Сондай-ақ китаптың баспаға таярланылған қолжазбасын Нөкис Мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ тили кафедрасының коллективи ҳәм де Өзбекстан педагогикалық Илим изертлеў институтының Қарақалпақстандағы филиалының Қарақалпақ тили ҳәм әдебиятын оқытыў методикасы секторының илимий хызметкерлери оқып шықты.

Сөзликтиң редакциялық коллегия ағзалары менен авторлары „Қарақалпақстан" баспасының редакторлары менен бирликте баспаға таярланылған нусқасын қайта көрип шығып, буның сапалы болып шығыўы ушын пайдалы кеңеслерин берди.

Сөзликтиң ақырында берилген қосымша—жыл, ай, күн, ҳәптә атларына тийисли мағлыўматлар сөзликти дүзиўде пайдаланылған әдебиятлардың дизими ҳәм де сөзликти баспаға таярлаўдағы жумыслар толығы менен филология илимлериниң кандидаты М. Қалендеров тәрепинен жазылды ҳәм исленилди.

Сөзликтиң авторлары жоқарыда атлары көрсетилген творчестволық коллективлерге тийгизген жәрдеми ушын шын кеўилден алғыс айтып, миннетдаршылық билдиреди.

Түсиндирме сөзликти дүзиў бизде биринши тәжирийбе болғанлықтан онда базы бир кемшиликлердиң болыўы да тәбийғый жағдай. Бул кемшиликлер тилшилердиң, баспа сөз хызметкерлериниң ҳәм басқа да жолдаслардың әдил сыны менен келешекте дүзилетуғын көп томлы түсиндирме сөзликте дүзетилер деп исенемиз.

Сөзликке тийисли пикир ҳәм тилеклер төмендеги адреске жиберилсе болады: Нөкис—742000, М. Горький көшеси, № 179 „А", Өзбекстан ССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институты.

Филология илимлериниң кандидатлары:

ҚЫДЫРБАЕВ А., ҚАЛЕНДЕРОВ М.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

СӨЗЛИКТИҢ ҚУРЫЛЫСЫ

1. Сөзликке киргизилген сөзлер алфавит тәртибинде берилди. Оннан кейин ҳәр бир сөздиң мәниси, грамматикалық характеристикасы, иллюстрациялық материаллар жайғастырылды.

2. Атлықлар атаў формасында бирлик санда алынды.

Колхоз, ...
Жазыўшы, . . .
Шопан, ...

3. Халық, миллет атлары көплик санда келтирилди.

Түркменлер, ...
Өзбеклер, ...
Руслар, ...

4. Фейиллер атаўыш фейил формасында берилди.

Оқыў, ...
Журиў, ...
Турыў, . . .
Ислеў. . .

5. Келбетликлердиң барлық түрлери де реестрге алынды.

6. Санлықлардан санақ санлар, қатарлық санлар, жыйнақлық санлар ғана алынды (*он, жүз, мың; биреў, екеў, үшеў; биринши, екинши, үшинши*).

7. Фейил дәрежелери (*өзлик, өзгелик, ерксиз, шериклик*) жеке реестр ретинде алынған менен аныклама тек гийкарғы фейилге ғана берилди.

8. Рәўиш, көмекши сөзлер, таңлақлар да сөзликке киргизилип лексикалық мәнилери, гәптеги хызмети түсиндирилип мүмкиншилиги болғанынша ҳәр қайсысына мысал берилди.

9. Сөзликте омонимлердиң ҳәр бири айырым мақала түринде берилип, рим цифрасы арқалы айырылды. Мысалы:

ҚАС I *ат. Кабақ үстиндеги жүн, түк.*

ҚАС II *ат. Дүшпан.*

10. Өз алдына қолланылатуғын басқа бир сөз менен бирге айтылып, тутас бир мәни аңлататуғын базы бир сөзлердиң кейининен қос точка (:) қойылып мәниси түсиндирилди де мысал менен тастыйықланды.

БАСАР: **орынбасар** *ат. Орынбасар — хызмети бойынша өзинен жоқары турған адамның жәрдемшиси, сонық орнында қалатуғын адам.* Директордың *орынбасары.* Министрдиң *орынбасары.*

11. Бас сөз етип алынған синонимлердиң тек биреўине ғана түсиник берилип қалғанына силтеме берилди. Мысалы:

ҚАЙҒЫ *қ.* **уўайым.**

12. Сөзлердиң мәнилеринен кейин сол уяда ромбиг (◇) таңбасы менен белгиленип фразеологиялық тиркеслер берилди ҳәм бул бир рет ғана бериледи. Олардың аныкламасынан кейин мүмкиншилиги болғанынша мысаллар берилди. Мысалы:

КӨЗ ... ◇ **Көзи катты. Аш көз.**

13. Сөз шақапларын аныклаў ушын ҳәр бир сөзден кейин *ат.—атлық, кел.— келбетлик, сан.—санлық, ал.—алмасық, ф.—фейил, р.—рәўиш, к. с.—көмекши сөз,* т. с.—*таңлақ сөз* т. б. сыяқлы грамматикалық белгилер қойылды (булардың улыўма дизими „қысқартыўларда“ берилди).

14. Стилистикалық характеристика яғный лексиканың қайсы түрине жататуғының (диалектлик лексика, терминологиялық лексика т. б.) аныклап көрсетиў керек болғанда буларға да қысқартыўлар қолланылды. Мысалы: **гөн. с.**—*гөнерген сөзлер: диал. л.—диалектлик лексика.* **Аўыс.** *м.—аўыспалы мәнидв* (булардың да дизими „қысқартыўларда“ берилди).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ПАЙДАЛАНЫЛҒАН СӨЗЛИКЛЕРДИҢ ДИЗИМИ

Түсиндирме сөзликлер

Азербајчан дилинин изаһлы лүғәти. I жилд. Азербајчан ССР Елмлер академијасы нәшриjjаты, Бакы, 1966.

Арабша-қазақша түсіндірме сөздік. Құрастырған **Ондасынов Н. Д.** „Қазақстан“ баспасы, Алматы, 1969.

Даль В. *Толковый словарь живого великорусского языка.* В 4—х т. Т. I—4. ГИС., М., 1955.

Қырғыз тилинин түшүндүрме сөздүгү. Қырғыз ССР Илимдер академиясы тил жана адабият институты. „Мектеп“ басмасы, Фрунзе, 1969.

Қазақ тілінің түсіндірме сөздігі. 2 томдық I—2 т. Қазақ ССР Ғылым академиясының баспасы. Алматы, 1959—1961.

Қазақ тілінің түсіндірме сөздігі. 1—5 т. Қазақ ССР нің баспасы, Алматы, 1974—1980.

Толковый словарь русского языка. Под редакцией проф. **Ушакова Д. Н.** В 4—х т. Т. I—4 „Советская энциклопедия“ ГИС., М., 1935, 1940.

Усманов О., Дониёров Р. *Русча-интернационал сўзлар изоҳли луғати.* „Ўзбекистон“ нашриёти. Тошкент, 1972.

Түркмен дилиниң сөзлүги. Түркменстан ССР Ылымлар академиясы дил билими институты. Түркменстан ССР Ылымлар академиясының нешириаты, Ашгабат, 1962.

Диалектологиялық сөзликлер

Азербајчан дилинин нахчыван групу диалект вә шивәләри (лүгәт). Азербајчан ССР Елмләр академијасы Низами адына әдебијjат вә дил институту. Азербајчан ССР Елмлэр академијасы нәшриjjаты, Бакы, 1962.

Арабша-Фарсыша сөзликлер

Абдулсаматов М. *Форс тили (форсча-ўзбекча луғат).* „Ўқитувчи“ нашриёти, Тошкент, 1977.

Арабско-русский словарь. Составитель проф. **Х. К. Баранов.** М., ГИС., 1958.

Курышжанов А. К. *Исследование по лексике „Тюркско-арабского словаря“.* Академия наук Казакской ССР, институт языкознания. Издательство „Наука“, Алма-Ата, 1970.

Халидов Б. З. *Учебник арабского язкыка (русско-арабский словарь).* Издательство „Учитель“, Ташкент, 1965.

Фразеологиялық сөзликлер

Бурганова Н. Б., Махмутова Л. Т. *Русско-татарский фразеологический словарь.* Казань, 1959.

Кенесбаев *і. Қазақ тілінің фразеологиялық сөздігі.* Қазақ ССР Ғылым академиясы тіл білімі институты. Қазақ ССР нің „Ғылым“ баспасы, Алматы, 1977.

Кулиев А., Аннануров А., Кулиева Г. *Краткий фразеологический словарь русского и туркменского языков.* Ашхабад, 1963.

Рахматуллаев Ш. *Ўзбек тилининг қисқача фразеологик луғати.* Ўзбекистан ССР „ФАН“ нашриёти, Тошкент, 1964. 1980.

Садыкова М. *Русско-узбекский фразеологический словарь.* Академия наук Узбекской ССР, институт языка и литературы им. А. С. Пушкина. Издательство „ФАН“, Ташкент, 1972.

Абдурахимов М. Краткий узбекско-русский фразеологический словарь. Ташкент. Издательство „ўкитувчи“, 1980.

Фразеологический словарь русского языка. Под. ред. **А. И. Молоткова** М., 1967.

Орфографиялық сөзликлер

Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлиги. „Қарақалпақстан“ баспасы, Нөкис, 1980.

Қарақалпақ тилиниң қысқаша орфографиялық сөзлиги. Қарақалпақ мәмлекет баспасы, Төрткүл, 1941.

Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлиги. Дүзиўшилер: **Нурмуханова Ә., Нийетуллаев С.** Нөкис, 1959.

Бердимуратов Е., Қутлымуратов Б., Каримуллаев Е. *Орфографиялық сөзлик.* „Қарақалпақстан“ баспасы, Нөкис, 1980.

Текучев А. В., Панов Б. Т. *Грамматико-орфографический словарь русского языка.* „Просвещение“ М., 1976.

Қарақалпақша-русша ҳәм русша-қарақалпакша сөзликлер

Қарақалпақша-русша сөзлик. Дүзиўшилер: **Насыров Д. С., Убайдуллаев К. У.** ҳәм басқалар. ГИС., М., 1958.

Русша-қарақалпакша сөзлик. Дүзиўши **Сафиев Т. С.** ГИС., М., 1962.

Русша-қарақалпақша сөзлик. Дүзиўшилер: **Баскаков Н. А., Бекназаров С. Б.** ҳәм **Кожуров Н. А.** Қарақалпақстан АССР

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Министрлер Советиниң жанындағы тил, әдебият ҳәм тарийх илим-изертлеў институты. ГИС., М., 1947.

Русша-қарақалпақша сөзлик. Өзбекстан ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы. Тарийх, тил ҳәм әдебият институты. „Советская энциклопедия“ баспасы, М., 1967.

Терминологиялық сөзликлер

Ахметов С. *Әдебиятташуў терминлериниң қысқаша сөзлиги.* „Қаракалпақстан“ баспасы, Нөкис, 1972.

Ахманов О. С. *Словарь лингвистических терминов.* Издательство „Советская энциклопедия“ М., 1966.

Кенесбаев С., Жанузаков Т. *Русско-казахский словарь лингвистических терминов.* Издательство „Наука“ Казахской ССР, Алма-Ата, 1966.

Қазақ тілінің қысқаша этимологиялық сөздігі. Қазақ ССР ның „Ғылым“ баспасы, Алмағы, 1966.

Насыров Д. С., Бекбергенов А., Жәримбетов А. *Русша-қарақалпақша лингвистикалық терминлер сөзлиги.* „Қаракалпақстан“ баспасы, Нөкис, 1979.

Орузбаева В. О. *Лингвистикалық терминдердиң орусча-кыргызча* сөздүгү. „Илим“ баспасы, Фрунзе, 1972.

Русско-латино-казахский терминологический словарь (*медицина*). Составитель **Исамбаев М.** Издательство академий наук Казахской ССР, Алма-Ата, 1960.

Баска тиллердиң сөзликлери

Абдурахимов М. *Ўзбекча-русча афоризмлер луғати.* Издательство „Ўқитувчи“, Тошкент, 1976,

Азербаiчанча-русча лугэт. Азербаjчан ССР Елмлэр академиаcы нэшриjjаты, Бакы, 1962.

Башкирско-русский словарь. ГИС., М., 1958.

Бегалиев Г., Махмудов Х., Мусабаев Г. *Краткий казахско-русский словарь.* Казахское гос. издательство, Алма-Ата, 1959.

Древнетюркский словарь. ГИС., М., 1969.

Краткий политический словарь. Гостехиздат, М., 1955.

Краткий политический словарь. Политиздат, М., 1971.

Кыргызча-орусча сөздүк. Түзгөн. проф. **К. К. Юдахин** „Советская энциклопедия“ басмасы, М., 1965.

Қошғарий М. *Девону луғотит турк.* 3 томлик. 1—3 т. Ўзбекстон ССР „ФАН“ Нашриёти, Тошкент, 1960, 1963.

Махмудов Х., Мусабаев Ғ. *Қазақша-орысша сөздік.* Қазақ ССР Ғылым академиясының баспасы, Алматы, 1954.

Навоий асарлары луғати. Тузувчилар: Шамсиев Порсо, Иброҳимов С. Гафур Ғолом номидаги адабиёт ва саньат нашриёти, Тошкент, 1972.

Ожегов С. И. *Словарь русского языка.* Издательство „Советская энциклопедия“, М., 1972.

Персидско-русский словарь. Составил **Миллер Б. В.** ГИС., М., 1953.

Русско-ногайский словарь. Черкасский научно-исследовательский институт, ГИС., М., 1956.

Русско-узбекский словарь. Издательство „Ўқитувчи“, Ташкент, 1972.

Словарь иностранных слов. ГИС., М., 1954.

Словарь русского языка. В 4—Х Т. I—4. ГИС., М., 1957, 1961.

Словарь синонимов русского языка. В 2—Х т.Т. I—2. Академия наук СССР. Институт русского языка, Издательство „Наука“, Ленинградского отделения, Л., 1970—1971.

Словарь современного русского литературного языка. В 17 т. т. I—17. Издательство АН СССР „Наука“, М.,—1950—1965.

Турецко-русский словарь. Составил **Магазаник Д. А.** ГИС., М., 1945.

Ўзбекча-русча луғат. ГИС., М., 1959.

Сөзликте пайдаланылған басқа да әдебиятлар

1. Жоқарыдағы көрсетилгенлерден иллюстратив материал яғный сөздиң мәнисин ҳәм де мәни өзгешеликлерин айырыў, аныклаў ҳәм дәлиллеў ушын келтирилген мысаллар ҳәр қыйлы әдебиятлардан киргизилди. *Мәселен*, фольклорлық материаллардан, әдебий шығармалардан, топламлардан, сабақлықлардан, газета-журналлардан, аўдармалардан ҳәм усы сыяқлы басқа да әдебиятлардан алынды. Бул келтирилген мысаллар қағыйдаға сәйкес документлестирилип, бунда тек шығарманың авторы ғана скобканың ( ) ишине алынып көрсетилди. *Мәселен*, (Юсупов И.), (Қайыпбергенов Т.) т. б. Авторлардың фамилиялары ҳәм атлары ҳәр түрли болып келген жағдайларда төмендегише көрсетилди. *Мәселен*, (Ирманов Қ., Ерманов Қ., Ерман улы Қ.,); (Мәжитов С., Мәжит улы С.) т. б,

2. Сөзликке дәстанлардан келтирилген мысаллардың ишинде дәстанның аты скобканың ( ) ишине алынды. *Мәселен*, (Алпамыс), (Коблан), (Мәспатша), (Ер Сийўар), (Қырқ қыз), (Қанжыйым), (Қурбанбек). т. б.

3. Классик шайырлардың шығармаларынан мысаллар алынып, олардың да авторлары скобкада ( ) берилди. *Мәселен*, (Жийен жыраў), (Әжинияз), (Бердақ), (Өтеш), (Омар), (Гүлмурат) т. б.

4. Совет дәўиринлеги жазыўшылар менен шайырлардың шығармаларынан мысаллар киргизилди. *Мәселен*, Дабылов А., Нурымбетов С., Мәжитов С., Шамуратов Ә., Фазылов И., Назбергенов Д., Дәрибаев М., Айымбетов Қ., Дәўқараев Н., Жапаков Н., Бегимов А., Ирманов Қ., Аймурзаев Ж., Юсупов И.,

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жумамуратов Т., Қайыпбергенов Т., Қайыпназаров Б., Султанов К., Бекимбетов А., Сейтов Х., Сейтов Ш., Нәжимов Т., Есемуратов Г. Есемуратова Г. ҳәм басқа да көрнекли жазыўшыларымыздың қунлы шығармаларынан мысаллар алынып пайдаланылды.

5. Халықтың аўызеки творчествосы ҳәм фольклорлық шығармалардан алынған мысаллардың изинде китаптың аты скобканың ишине алынып, оның базыбиреўлери қысқартылып берилди. *Мәселен,* (Қ Қ. Х. Е.).—„Қарақалпақ халық ертеклери“; (ҚҚ. Х. Қ.).—„Қарақалпақ халық қосықлары“; (ҚҚ. Х. лег. анекд.).—„Қарақалпақ халық легендәлары ҳәм анекдотлары“; (ҚҚ. Х. Н. М.).—„Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары“.

6. Сабақлықлардан киргизилген мысаллардың изинде сол китаптың аты скобкаға алынып, айырымлары қысқартылып көрсетилди. *Мәселен*, (Әд. хрест.).—„Әдебият хрестоматиясы“; (Әд. жыйн.).—„Әдебият жыйнағы“.

7. Газета-журналлардан алынған мысаллардың изинде сол алынған газета ямаса журналдың аты скобканың ( ) ишине алынып, базыбиреўлери қысқартылып берилди. *Мәселен,* („Қыз. ҚҚ“. г.).—„Қызыл Қарақалпақстан“ газетасы; („Сов. ҚҚ.“ г.).—„Совет Қарақалпақстаны“ газетасы; („Әм. д.“ ж.).—„Әмудәрья“ журналы.

8. Ҳәр қыйлы әдебиятлардан поэма, повесть ҳәм гүрриңлерден, сондай-ақ аўдарма шығармалардан келтирилген мысаллардың изинде авторлардың китаплардың атлары скобка ишине алынды ҳәм гейпаралары қысқартылып берилип, булардың базыбиреўлери шәртли қысқартыўларда көрсетилди.

ШӘРТЛИ ҚЫСҚАРТЫЎЛАР

ав.—авиация
ал. — алмасық
анат. — анатомия
архит. —архитектура
астр. — астрономия
ат. —атлық
аўыс. —аўыспалы
әд. —әдебият
әд. жыйын. —әдебият жыйнағы
әд. аль. —әдебий альманах
әд. хрест. —әдебият хрестоматиясы
„әмудәрья“ ж.—„әмудәрья“ журналы
әс. —әскер
биол. —биология
биохим. —биохимия
бот. —ботаника
бухг. —бухгалтерия
вет. —ветеринария
геогр. —география
геод. —геодезия
геол. —геология
геом. —геометрия
геоф. —геофизика
гөн. с. —гөнерген сөз
грамм. —грамматика
диал. — диалектология
дин. —диний
ел. с.—еликлеўиш сөзлер
„жас ленинши“ г. — „жас ленинши“ газетасы
жерг. с.—жергиликли сөз
„жеткиншек“ г. — „жеткиншек“ газетасы
зоол. — зоология
иск. —искусство
кел. —келбетлик
к. с. —көмекши сөз
қ. —қаран
қ. с. — қаратпа сөз
ққ. р. с. —қарақалпақша-русша сөзлик
ққ. ксм. атл. —қарақалпақстан комсомоллары атланыста
ққ. х. қ. —қарақалпақ халық қосығы
ққ. х. қ., қ. қ. —қарақалпақ халық қосығы; қызлар қосығы
ққ. х. е. —қарақалпақ халық ертеги
ққ. х. с. ж. —қарақалпақ халық салт жырлары
ққ. х. лег. ҳ. энекд. —қарақалпақ халық легендалары ҳәм энекдотлары
ққ. — поэз. ант. — қарақалпақ поэзиясының антологиясы
„қыз. ққ.“ г. —„қызыл қарақалпақстан“ газетасы
„қыз. муғ.“ ж. —„қызыл муғаллим“ журналы
лог. —логика
м. с. —модаль сөз
мат. —математика
мәс. —мәселен
мед. —медицина
метеор.—метеорология

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

миф. —мифология
муз. —музыка
мыс. —мысалы
пед. —педагогика
полигр. —полиграфия
поэт. —поэтика
психол. —психология
рад. —радио
р. —рәўиш
сан. —санлық
„сов.қк." *г.* —„совет қарақалпақстаны" газетасы
сөйл. т. сөйлеў тили
сия. —сиясий
сп. —спорт
т. ж. —темир жол
т. с. —таңлақ сөз
тар. с. —тарийхый сөз
тех. —техника
типог. —типография
физ. —физика
физиол. —физиология
филос. —философия
фин. —финанс
фоль.—фольклор
хим. —химия
шахм. —шахмат
эк. —экономия
экспр. —экспрессив
эл. —электр
эмоц. —эмоция
этн. —этнография
юр. —юридика

ШӘРТЛИ БЕЛГИЛЕР

◇ — тураклы сөз тиркеслерди хәм фразеологизмлерди өзинен бурын турған сөз мәнилеринен айырыў ушын (*ромбиг*) қойылды.

... —цитата ишиндеги қысқартылған жер.

ҚАРАҚАЛПАҚ АЛФАВИТИ

Аа		Жж		Нн		Ўў		Ыы			
Әә		Зз		Оо		Фф		Ьь			
Бб		Ии		Өө		Хх		Ээ			
Вв		Йй		Пп		Ққ		Юю			
Гг		Кк		Рр		Цц		Яя			
Ғғ		Ққ		Сс		Чч					
Дд		Лл		Тт		Шш					
Ее		Мм		Уу		Щщ					
Ёё		Ни		Үү		Ъъ					

Mijnyaz.M'nitig'i NMPI
informaciyalıq resurs wortyı'
INVENTAR № 51497.
«___»_____20___jıl

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

А. 1. *Қарақалпақ алфавитиниң биринши ҳәриби, ашық үнлиүан даўыслы езиўлик сес. „А“ десең аяғын „Т“ десең таяғын көтереди* (Қ. Қ. Х. Н.). 2. *Тиркеўиш.* Ол кетти *а* мен қайттым. 3. *Даўыслаў, үн шығарыў, даўыс бериў, мақуллаў, таңланыў сезимлерин аңлатады.* А... солай ма?

АБАД **Қ. Абат.**

АБАДАН *кел. Жеткиликли, мол, көп, қурғын, баршылық.* Заманымыз енди болды *абадан*. Кәмбағалға нәўбет жете баслады (А. Муўсаев). Биз пахтакеш халықлар азат шығыста, Жасаймыз *абадан* шадлы турмыста (И. Юсупов). Әдира қалғыр Туўған жер. Болмаған соң *абадан* (Жийен жыраў).

АБАДАНЛАСТЫРЫЎ *абаданласыў* фейилиниң езгелик дәрежеси.

АБАДАНЛАСЫЎ *ф. Қурғынласыў, молшылыққа ерисиў, байыў, гүллениў, өсип жетисиў.* Бизиң мақсетимиз күннен-күнге *абаданласыў*.

АБАДАНЛЫҚ *ат. Молшылық, тоқшылық, барлық, қурғынлық, жетискенлик.* „Куўаныш қойынға толған дәўирде, Бахыт *абаданлық* болған дәўирде (И. Юсупов). *Абаданлық* ҳәм гүлленген ураны, Халқымыздың көлеп алған ерки бул (И. Юсупов).

АБАДАНШЫЛЫҚ *ат. Молшылық, жетискенлик, қурғын дәўир, абаданлық.* Арық мерген жигитлери менен ақ аўлап, ели халқы *абаданшылықта* жасап, жақсы турмыс кеширипти (Қ. Х. Е.).

АБАЖУР *ат. Жарықлықты бир орынға жыйнақлап топлаў ушын лампаның үстине орнатылған (гезлеме, қағаз т. б. нәрселерден жасалған) хожалық үскенеси, шыра қалпақ.*

АБАЙ *ат. Қорғаныш, сақлық, ес, абай-сиясат.*—Сен билмейсең мениң жайым, Оның менен тең кудайым, Керек емес бос *абайың*, Тек тур—деди Айдос баба (Бердақ).

АБАЙЛАЎ *ф. Сергеў, серли болыў, сақ болыў, сезиклениў, қәўиплениў. Абайлап* қарасам, отырған көптиң ишинен анам көзиме түсе қоймады (Ө. Хожаниязов). Бул сөзиме қулағың сал, Ақылың болса Қулен болыс, Сөз мәнисин *абайлап* қал, Зейниң болса Қулен болыс (Бердақ).

АБАЙЛЫ *кел. Дыққатлы, серли, әсте-ақырын, жай менен, сақ.* Буны енди тюрмаға алып бара бериң, қашырып алмаң, *абайлы* болың, түсиникли ме? (Қ. Ирманов). *Абайлы* болың курдас,—деп Кәраматдийин сөзин нықыртып қойды (Ж. Аймурзаев).

АБАЙ-СИЯСАТ *ат. Көзабаға қыр көрсетиўшилик.* Шопанларға келип, *абай-сиясат* қылып түсингенлерине нәсият айтып, ханнан келген жасаўыл не деп турыпты.—Шық дәрриў, болмаса атаман—дедим жорта (Ө. Хожаниязов).

АБАЙСЫЗ *р. Аңламастан, байқаўсыз, байқамастан, дыққатсыз, серсиз, аңсыз, билместен, ғапылда, аңлаўсыз.* Таўдан бир шақырымдай өтти ме, өтпеди ме, *абайсыз* киятырған келиншек селк сте қалды (Ш. Сейтов). Сонда *абайсыз* келип демде, Биреў көзин басты әсте (И. Юсупов).

АБАЙСЫЗДА *р. Аңсызда, аңлаўсызда, ойламастан. ғапылда, билместен, байқаўсызда, ойламаған жерден.* Ол саз илай баспақты сызып киятырғанда, *абайсызда* тайып кетти (Аралбаев). Өзиниң айтыўынша, ол томар геўлеп атырғанда *абайсызда* аяқларын балта менен шаўып алыпты (Ә. Шамуратов).

АБАЙСЫЗЛАЎ *р. Серсизлеў, байқаңқырамаў, гүмансыздан, билиңкиремеў, ғапылда.* Алдындағы инилери *абайсызлаў* турғанда. Көк желкеге салады (Бердақ).

АБАЙСЫЗЛЫҚ ***ат.*** *Аңсызлық, абайламаўшылық, билмей қалыўшылық, серсизлик, гөдеклик, қәўипленбеўшилик. Абайсызлық* - қәўипли ис.

АБАҚ ***ат.*** *Жылымның етеги, шети, жийеги.* Ара-тура салған жылым, *абағым,* Майлағанда үйип келер қабағын (С. Нурымбетов).

АБАТ ***кел.*** *Баршылық, молшылық, тоқшылық, қурғынлық, қурғынлылық, жуқналылық, жеткиликлилик, мол, бар, ағылтегил, есап-сансыз, таўсылмайтуғын.* Жийенге ҳақ нәзер салды, Мал дүньясы *абат* болды (Бердақ). *Абат* етип техниканың түрлерин, Бөледи өнер советтиң елин (Ж. Аймурзаев).

АББАЗЫ ***ат.*** *Бурынғы Хийўа ханлығының тусындағы пул бирлиги.* Бәршеси еки *аббазы*. Байға болмас көби-азы, Болсын бийшара разы, Ҳақысын бергил шерменде (Өтеш шайыр).

◇ **Аббаз шайы**—*ҳәзирги он бес тыйынға тең.* Бес жыл жүрдим *аббаз шайы* тиллаға, Бул дүньяға шыққанымнан не пайда (Омар шайыр).

АББРЕВИАТУРА ***ат.*** *Сөзлердиң жазыўдағы шәртли түрде қысқартылыўы, сондай-ақ еки ямаса бир неше сөзлерден қысқартылып алынған сөз. Мысалы:* **МТС, райком, колхоз, НГУ.**

АБЗАЛ I ***р.*** *Артықмаш. жақсы, дурыс, тәўир.* Бул күйиктен фронтқа кеткеним *абзал* ғой (К. Султанов).

АБЗАЛ II ***ат.*** *Қурал-сайман ер-турман.* Атасы Байбөри балам атқа минер деп нийет етип соқтырып қойған он қараға тураплық ат *абзалы* бар („Алпамыс“).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АБЗАЛЫРАҚ *кел. Мақулырақ, дурысырақ, жақсырақ, артықмашырақ.*—Қәне, не қыласаң енди? Өли боласаң ба, тири боласаң ба?... бүйтип ырыл-тырыл күн кеширгеннен өлгенің *абзалырақ!* (Ө. Хожаниязов).

АБЗАЦ *ат. Таза жолдан басланған жазыў, бир таза жолдан екинши таза жолға шекемги аралық, жазыўдағы ең дәслепки жол. Абзацтан* жазыў.

АБИТУРИЕНТ *ат. Жоқары оқыў орнына кириўши, документин енди ғана тапсырған оқыўшы.*

АБОНЕМЕНТ *ат. Бир нәрседен пайдаланыў ушын алынған документ, келисим бойынша бир нәрсени мәртели ўақыт ишинде тийисли баҳасы менен пайдаланыў правосы, ҳуқуқы.* Театр *абонементи.* Автобус *абонементи.*

АБОНЕНТ *ат. Абонементке ийе болған адам, абонементи бар киси.* Телефонның *абоненти.*

АБОРТ *ат. Баланы ўақтынан бурын операция жолы менен алып таслаў усылы, бойдан түсириў жолы.*

АБСОЛЮТ I *ат. Идеалистлик философия түсинигинде әлемниң мәңгилик өзгермейтуғын дәслепки негизи (рух. сана).*

АБСОЛЮТ II *кел. Тураклы, тыянақлы.*

АБСОЛЮТ III *ат. Идеалистлик философияда ҳәмме нәрсениң мәңги ҳәм өзгермес негизиниң ҳақыйқатлығы.*

АБСОЛЮТИЗМ *ат. Мәмлекетлик бир адамның шексиз басқарыў формасы.*

АБСОЛЮТЛИК *кел. Шексиз, шекленбеген, пүткиллей, шексизлик, патшалық.*

АБСТРАКЦИЯ *ат. Заттың белгисине, қәсийетине қарамастан ойлап шығарыў.*

АБЫЗӘМЗӘМ *ат. Зәмзәм суўы, мусылманлардың теберик деп есаплайтуғын кәбаның жанындағы қудықтың суўы. Абызәмзәм* яқлы шийрин суўын бар. Ўатан жерин абат еткен дәрьясаң. (С. Нурымбетов). *Абызәмзәмниң* суўындай биреўлердиң таза муҳаббатын урладың сен пәлетий урыс (Ө. Хожаниязов).

АБЫЛАЙСАН *ат.* 1. *Парсыша абинәйсан—нәйсан (апрель) айында жаўған жаңбыр, бәҳәр жаўыны, нөсер.* 2. *Миф. Қазақ, қарақалпақ халықларында гезлесетуғын аңызларда дүзде өлген Абылайсаң батырдың денесин жуўыў ушын жаўған жаңбыр.* 3. *Сел болып аққан көз жасы. Абылайсаң* жамғырдай. Көзинин жасы мөлтилдеп, Етегине қуяды (А. Дабылов).

АБЫНЫЎ *ф. Қаптырылыў, сүриниў, кеплениў, тапланыў, ет бетинен түсиў.* Мүширип қақаң етип, ердиң үстинен секирип, аттың жалына *абынып* кетти (К. Султанов). Қалғанларымыз ошаққа *абынып*, молла дөгерек болып отырмыз (К. Султанов).

АБЫРЖЫ *кел. Муздың ҳәлсиреген ўақты, қолайсыз, ҳәлсиз, қәўипли.* Муз ҳәлсиреп, жол *абыржы* болғаннан бери үйине келгенди де қойды (А. Бегимов). Муз бир қатып бек-

емлеспей турып, жыллы болып кетсе, *абыржы* болып үстиен адам жүре алмайды (Қ. Ирманов).

АБЫРЖЫЎ *ф. Гүдиклениў, гүманланыў, тынышсызланыў, нжарланыў.* Ол өзинин *абыржыў* ойларын Маман менен ртақласпады (Т. Қайыпбергенов). Зоя достының биймезгил ақытта уйқылап жатқанына *абыржыў* ойлары пайда болды А. Бекимбетов). Қара көзлерде *абыржыў* пайда болды Т. Қайыпбергенов).

АБЫРОЙ *ат.* 1. *Атақ, даңқ, мәртебе.* Колхозшылар арасында, район алдында искерлик күтә *абырой* (Қ. Досанов). 2. *Адамгершилик, қәдир-қымбат, уят.* Адам болсаң *абырой* изле, Отырар орнында гөзле, Тиллериңди тартып сөйле, Алаң—деди Айдос баба (Бердақ). 3. *Еле де, оңлы, жақсы, қолай, урыс, сәтли, көўилдегидей. Абырой,* таяқ жеген баланың денесине дақ түспеген екен (Қ. Айымбетов). Шертип қалмақ кетти пәрең, Экең сенин Есет герең, Болыс болсаң адам жер ең, *абырой* ақсақал болғаның (Бердақ). ◇ **Абырой барда**—*қәдирли ўақытта, ертерек, ўақтында, алдын алып, күн бурын, гөжеңи төгип алмастан бурын.* Қамшы басын атына, Бурылмастан артына, *Абырой барда* аўылға. Атының басын бурады (Бердақ). Телефонның трубкасын усы *абыройымның барында* жыллы орнына апарып қойдым (Ө. Айжанов). **Абырой төгиў**—*қәдирин кетириў, абыройын қашырыў, баҳасын түсириў, абыройсызланыў, қәдирсизлениў.* Ат суўытын жеткенде, *абыройсызланыў, қәдирсизлениў.* Ат суўытын жеткенде, *абыройдың төктиң бе* („Қырқ қыз"). Аўызын урадай ашқаны, *Абыройының қашқаны* (Бердақ). **Абырой-атақ**—*адамгершилик, қәдир-қымбат, уят, даңқ, дәреже, мәртебе.* Ол өзинин туңғыш перзенти болған қызы Сопяны аўылдың үлкен байларының бири—ийшан Қулбайға берип, өзинин *абырой-атағын* тағы да жоқары көтереди (С. Айний).

АБЫРОЙЛЫ *кел. Даңқлы, атақлы, қәдирли, мәртебели, қәтерели, сыйлы, ҳүрметли, праволы.* Шофер еди *абыройлы*, ҳүрмет грамотасын алған (Ш. Артық). Бул аўылымыздың *абыройлы* ақсақалы Өтеп молла деген (К. Султанов).

АБЫР-САБЫР *р. Ала топалаң, апыр-тапыр, патырат, асығыс-үсигис, ерсили-қарсылы, тәртипсиз.* Бул не деген *абыр-сабыр?*

АБЫСЫН *ат. Еки ағайинли жигиттиң үлкениниң келиншеги кишкенесиниң келиншегине абысын болады.* Бизиң *абысын* гәптиң посгеллесин айтады (К. Султанов). Ағайин татыў болса мал көп болады, *абысын* татыў болса ас көп болады (ҚҚ. Х. Н.).

АБЫСЫН-АЖЫН *ат. Туўысқан аға-инили адамлардың, урыўлас ағайинлердиң ҳаяллары бири-бирине абысын-ажын болады.* Уўайым куртты-аў диңкемди, Қайғы басты-аў сиземди, Қалай таслап кетемен, *абысын-ажын* ел сени (Ө. Хожаниязов). „Күйеў бала келетуғын қусайды" деп *абысын-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ажыннын сыпсыңы шыққан ўақытта „Қайыптың қызы қашып кетипти" деген хабар сап ете қалды (К. Султанов).

АВАНГАРД *ат. Алдыңғы, бастағы, биринши, жол көрсеткиш, үлги көрсетиўши, атланыс жасағанда әскерлердиң ең алдыңғы тобы.* Рабочийлар шыныққан алмастай, Өзи исшең басқаларға *авангард* (Ә. Шамуратов). Коммунистлер рабочий класының *авангарды*.

АВАНС *ат. Ислеген ис ҳақысының ушынан алыў, толық емес, белгили муғдары, расчеттан бурынырақ алатуғын ақша.* Ал *аванстың* аз алсаң, табельщикке өкпелеп келеди (Б. Исмайлов). *Аванс* ақшасын аларда таяр, Бундай жалқаўларға зат бермеў керек (С. Нурымбетов).

АВАНТЮРА *ат. Ҳәдийсе, ҳийлекерлик, ҳийлекерлик сыясат, ҳәдийселерге түсиў, ҳәр қыйлы жоллардан түсиў.* Әскерий *авантюра*, сиясий *авантюра*.

АВАНТЮРИЗМ *ат. Авантюра жолына түсиўшилик*

АВАРИЯ *ат. Машина механизмниң бир жериниң бузылыўы, бузылыў, қыйралыў, сәтсизлик, апат, қәўип.* Машинаны *авариясыз* айдаў.

АВГУСТ *ат. Жыллық календарының сегизинши айы.*

АВИАБАЗА *ат. Складлары, ремонтлаў мастерскойлары ҳәм өзлерине тийисли үскенелер менен тәмийинленген бөлимлери бар аэродром.*

АВИАМОДЕЛИЗМ *ат. Планер ҳәм ушыўшы самолёт моделлериниң қурылысы ҳәм ушырылыўы.*

АВИАМОДЕЛИСТ *ат. Авиамоделизм иси менен шуғылланыўшы адам.*

АВИАМОДЕЛЬ *ат. Ушыўшы аппараттың модели.*

АВИАПОЧТА *ат. Почтаны ҳаўа жолы менен жеткериў, аманаттың ҳаўа жолы арқалы жиберилиўи.*

АВИАТОР *ат. Лётчик, ушқыш, ушыўшы, ушыў менен шуғылланыўшы, ҳаўа-жол қатнасында ислеўши.*

АВИАЦИЯ *ат. Ҳаўада жүриў қуралы, ҳаўадағы ушыўдың ҳәрекет етиў усылы.* Үлкен қысқы палаткаға да жаңа *авиация* мектебин питкерген жас лётчиклер ҳәм штурманлар жыйналған еди (Н. Дәўқараев).

АВТОБАЗА *ат. Автомобильлер сақланатуғын, заказ бойынша жумсаўға берилетуғын транспорт мәкемеси.*

АВТОБИОГРАФИЯ *ат. Өмир баяны, өз өмир баяны*—Уғылжанның жалғыз атынан басқа ҳеш бир *автобиографиясына* тийисли мағлыўматының болмағаны излеўди бираз қыйыклады рыўы мүмкин (А. Бекимбетов).

АВТОБУС *ат. Адамларды тасыйтуғын көп орынлы автомобиль.* Узақ жолды қысқартып, *автобусқа* жеңгизген (Т. Сейтмамутов). Трамвайы, *автобусы* дөнгелеп, дөнгелек тур бир-бирине минбелеп (М. Дәрибаев).

АВТОГРАФ *ат. Автордың өз қолы менен жазылған қол жазбасы, өзиниң қойған қолы.* Ширкеў дийўалларында өткен

әсирлерде жазылған рус солдатларының толып атырған *автограф* жазыўлары бар (К. Айымбетов).

АВТОЗАВОД *ат. Автомобиль заводы, автомобильлер соғылатуғын завод, автомобиль ислеп шығаратуғын жер, орын.*

АВТОКОЛОННА *ат. Алыс жолға шыққанда бирге жүретуғын машиналар топары (автобуслар).* Үшинши күни түнде фронт линиясына лушпанның *автоколоннасы* жақынлап киятыр деген хабар алдық (Н. Дәўқараев).

АВТОЛ *ат. Автомашина, автомобиль трактырларды ҳәрекетке келтиретуғын, қурылысларын майлайтуғын майдың түри, машина майы.*

АВТОЛАВКА *ат. Көшпели дүкән, автомашинаның ишине жайғастырылған, қәлеген жерге барып сатыў етеберетуғын дүкән.* Иним усындайың барда, *автолавка* бекитсе мен де ислеймен (Қ. Жуманиязов).

АВТОМАТ *ат. Ишки механизмлердиң күши менен өзинен-өзи жүкыс апара алатуғын қурал, өзинше ислейтуғын аппарат, әсбап.* Телефон *автомат*.

АВТОМАТЛАСТЫРЫЎ *ф. Өндирис орынларда айырым жумысларды өз-өзинен ислене беретуғын етиў, өз-өзинен ислеп беретуғын әсбапларды орнатыў.*

АВТОМАШИНА *ат. Автомобиль, автобус, жүк тасыйтуғын ямаса жеңил машина.* ГАЗ-69 маркалы жеңил *автомашина* алға қарай зуўлап кетти (А. Бекимбетов). Душпанның 15 самолёти, 5 танка, 14 *автомашинасы* жоқ етилди (Т. Қайыпбергенов).

АВТОМОБИЛЬ *ат. Адамларды, ҳәр түрли жүклерди тасыйтуғын машина, транспорт.* ...районға баратуғын *автомобиль* жолының дәрбентине жолаўшылар биринек соң бири келе баслады (Ө. Хожаниязов).

АВТОНОМИЯ *ат. Белгили бир халықтың өзин өзи басқарыў ҳуқуқы, миллий правосы.*

АВТОНОМИЯЛЫ *кел. Өз еркине ийе, өзин өзи басқарыў правосы бар республика. Автономиялы* республикамызда химия саналтын тез пәт пенен раўажландырыўда (О. Бердимуратов). 1924-жылдың октябринде Қарақалпақстан *автономиялы* области дүзилди (Д. Ешимбетов).

АВТОПОРТРЕТ *ат. Художниктиң өзи тәрепинен исленген өзиниң (портрети) сүўрети.*

АВТОР *ат. Илимий ҳәм әдебий шығармалардың ҳәм т. б. мийнетлердиң ийеси, дөретиўшиси.* Баспа сөз басқармасы болмай табы, Отырды буйрық жазып *авторларға* (И. Юсупов).

АВТОРЕФЕРАТ *ат. Қандай да бир илимий изертлеўдиң автор тәрепинен ең қысқа етип жазылған түри.*

АВТОРИТЕТ *қ.* **абырой.**

АВТОРЛЫҚ *ат. Илимий, әдебий мийнет дөретиўшилик,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

автор болыў. Жақсы жыр дөретсем, *Авторлықтан да* бас тартар едим (Г. Есемуратов).

АВТОРУЧКА *ат. Сыясы перога өз-өзинен қуйылып турағуғын ручка.*

АГЕНТ *ат. Басқа бир елдиң жасырын тапсырмасы менен келген адам, ўәкил, елши, жасырын тыңшы.* ...англичан империалистлериниң *агентлери* болған түркмен феодаллары Бозағаўды жаўызлық пенен шапты (Б. Исмайлов).

АГЕНТСТВО *ат. Кандай да бир шөлкемлестирилген мәмлекетлик мәкеме.*

АГЕНТУРА *ат. Жасырын мағлыўматлар жыйнаў ушын шөлкемлестирилген елшилик хызмет.*

АГИТАТОР *ат. Көпшилик арасында үгит-нәсият жумысын жүргизиўши адам.* Усы бригадада басқалар менен жумыс ислеп *агитаторлықтыда* алып баратуғын Атамурат.— Әне *агитатор* киятыр екен деди соның арасында бир колхозшы (Т. Қайыпбергенов).

АГИТАЦИЯ *ат. Үгит-нәсият.*

АГИТПУНКТ *ат. Үгит-нәсият иси менен шуғылланатуғын жер, адамлар арасында сиясий массалық жумысын жүргизетуғын жергиликли мәкеме.*

АГРАРЛЫҚ *кел. Жерди пайдаланыўға ҳәм ийелеўге тийисли. Аграрлық* реформа. *Аграрлық* мәселе.

АГРЕГАТ *ат. Бир неше түрдеги машиналардың бирикпеси, қурамалы машиналарда ҳәр түрли детальлардың бирикпеси, ҳәр түрли типтеги бир ямаса бир неше машиналардың биригип улыўмалық иске қосылыўы.*

АГРЕССОР *ат. Басып алыўшы, басқыншы.*

АГРОНОМ *ат. Агрономия бойынша қәниге, маман, аўыл хожалық ислери бойынша қәнигеликти ийелеген киси.* Әлий аға бир неше жыллардан берли „Кегейли" совхозының бир участкасында *агроном* болып ислейди (Ө. Хожаниязов).

АГРОНОМИЯ *ат. Жерди ислеў ҳәм аўыл хожалығы ҳаққында илим. Агрономиялық* лабораториялар дүзилди (О. Бердимуратов).

АГРОТЕХНИКА *ат. Аўылхожалық егинлерин ислеўдиң системасы, дийханшылық ҳәм оларды раўажландырыў шаралары, илажлары.* Барлық *агротехника* жетискенликлерин кеннен қолланыў зәрүр (О. Бердимуратов).

АГРОХИМИЯ *ат. Өсимликлерди аўқатландырыў, оларды (жақсы жағдайда) раўажландырыў туўралы илим, өсимликлерди түрли зыянлы нәрселерден қорғаў ҳәм т. б. илажлар көриў усылы.*

АГРОХИМИЯЛЫҚ *кел. Агрохимияға тийисли. Агрохимиялық* лабораториялар дүзилди, (О. Бердимуратов).

АҒА *ат.* 1. *Әке, ата.* Ата баласын жибергиси келмеди, бала *ағасын* жибергиси келмеди (Қ. Ирманов). 2. *Еки, үш ағайинли туўысқанлардың үлкенлери.* Туўысқан *ағасының* мехри-

ли жүзин көргенде кишкене Орынбек қолын шаппатлап қорбаң-қорбаң етип қойды (Т. Қайыпбергенов). 3. *Ел ағасы, отағасы, жасы үлкен, көпти көрген, кәткуда.* Уллы бабамыз Майқы бий, Оның улы Жайылған бий, Жайылған улы Нағатай бий, журтқа *аға* болған екен (Бердақ). Жебемесе орыс *аға*ң, Кешегиң гүман еди (И. Юсупов). Қарақалпақта қалалардың *ағасы*, Көрмегенге әрман екен Қоныpат (И. Юсупов). 4. *Қарақалпақ турмысында ҳаялдардың өз ерин нағыз аты менен айтылмағанда ҳәр түрли мәнислерде айтылады.* Жаўтез ара-да жеңилер ме екен *ағасы*—деп сол ўақытта ерине тигилип (К. Султанов).

АҒА-АПА *ат. Әке-шеше, туўған-туўысқан, үлкен-киши.* Күндизинде *аға-апаларымыз* атызларда ислейди (А. Бекимбетов).

АҒА-БЕГЛЕР *ат. Жасы үлкен, жасы кишилер, ҳүрметли отағасылар, халайықлар, ел-журтлар, жасы үлкен, жасы киши яр дослар.* —Әне *аға-беглер*, ендиги гәп сизлерден (Қ. Аралбаев). Өзиңиздики болса дейсең, *Аға-беглер* барып көрсең (Өтеш шайыр). *Аға-беглер*, тартса жат-журтқа пекисип, Душпанлар қуўанар көкейин кесип (Бердақ). *Аға-беглер* сыртым пүтин, ишим жанып болды түтин, Асырып зәлым өзиниң ҳәддин. Ҳеш бир рәҳим қылған емес (Бердақ). *Аға-беглер* тыңласаң сөз. Мен сорлыға салыңлар көз, Жигирма тоғыз ҳәм отыз. Келген, келгинди өмирим (Бердақ).

АҒАБЕК *ат. Басқарыўшы, шөлкемлестириўши, басшылық етиўши киси.* 2. *Меншикли ат, исим.*

АҒАБИЙ *ат.* 1. *г. с. Ҳәмел, бийлик.* 2. *Ойынның түри, отырыспаларда көпшиликтиң ишинен биреўин аға сайлайды, ойын соның басшылығында алып барылады, сол адам не айтса сөзсиз орынланыўы тийис.* Халықтың үрп-әдетинен қалып кеткен *„аға бий"* ойынлары ойналды (Қ. Айымбатов).

АҒА-ЖЕҢГЕ *ат. Өзинен үлкен ағасы ҳәм оның ҳаялы, жасы үлкен, жасы киши туўысқанлары.* Қосыбай тубалап, толғанып, ақыры шапанды сандықтың төрине таслады да, бас елши өзи болып, *аға-жеңгесиниң* рийзалығын өзи алып келди (К. Султанов).

АҒА-ИНИ *ат. Туўысқан еки жигит, ағасы менен иниси, дос-яраны.* Артымда *аға-ним* жоқ, Жүрегимнен өтип жүр оқ (Бердақ). Оның арқа сүйери, туўысқан-туўғанлары пүткил коллективи, *аға-ини* курдасларының (Ө. Айжанов).

АҒАЙ *ат. Өзинен жасы үлкен киси, атын билмеген жасы үлкенге хабарласыў.* Алламберген *аға*й абыройлы хожалыққа айланды (Ж. Аймурзаев). Бул аўыл сақшысы Ерназар *аға*йдың ҳаялы Гүлпарша жеңгей екен (Ә. Шамуратов).

АҒАЙИН *ат. Туўған-туўысқан, урыўлас, ата-бабалары туўысқан адамлар. Ағайиниң* көп болса адам тиймес, кесеўиң узын болса қолың күймес (ҚҚ. Х. Н.) Қызға жүдә сулыў

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

үш *а ғ а й и н л ы* жигит ашық болады (З. Насруллаева). Себеби Есенгелди менен Қосыбай ар-намысы шерик *а ғ а й и н* еди (К. Султанов).

АҒАЙИН-ТУУҒАН *ат. Туўған-туўысқан, тамыр-таныс, урыўлас.—А ғ а й и н-т у ў ғ а н л а р д ы ң* қолында үш-төрт, жанлық бар, бир бузаўлы сыйыр бар, Соларды саттырмасаң басқа не?—деди шын кеўли менен (Ө. Айжанов). *А ғ а й и н-т у ў ғ а н л а р ы* менен мунласты (К. Ирманов).

АҒАЙИНШИЛИҚ *ат. Туўысқаншылық, жақыншылық, татыўшылық, қәўендершилик.* Ийшан Қулбай менен Шақул арасындағы *а ғ а й и н ш и л и к* қатнас үзилди (С. Айний).

АҒАЛЫҚ *ат. Жасы үлкенлик. ғамхорлық, жол басшылық, қәўендерлик.* Ескен желдей өте берди балалық. Жигит болдым кем-кем келди *а ғ а л ы қ* (Т. Жумамуратов). Оның *а ғ а л ы қ* жүреги сенің менен бирге еди (Ж. Аймурзаев).

АҒАРАҢЛАЎ *ф. Бир нәрсениң шала-шарпы көриниўи, узақтан бозараңлап көзге түсиўи, бозарып көриниў, елеслеў.* Күн нурына шағылысып, қардай *а ғ а р а ң л а й д ы* (Айбек). *А ғ а р а ң л а п* таң атып киятыр (Ө. Хожаниязов).

АҒАРБУЛАҚ *кел. Молшылық, асып-тасыўшылық, таўсылмайтуғын.* Фермамыз *а ғ а р б у л а қ* май болады (К. Султанов).

АҒАРҒАН *ат.* 1. *Қатық, сүт, айран. А ғ а р ғ а н д ы* көл қылады саўыны, Қорасына сыймай кетер таўығы. Қара қойдың териси сабынлап жуўсаң ағармас (Қ. Айымбетов). 2. *Ағарып көриниў, елеслеў, ақ болыў, тазарыў, жақсарыў.* Мийнет менен *а ғ а р м а ғ а н*, жалғыз қыл жоқ сақал-шаштан (А. Дабылов). Анаў отырыпты Қалмурат Муўса, Кеўли ҳеш *а ғ а р м а с* қырқ шайып жуўса (Бердақ).

АҒАРМАЙ *ат. Ағартылған май, ақ май, пахта майы.*

АҒАРТЫЎ *ф.* 1. *Ақ етиў, ҳәклеў, тазалаў, жуўыў.* Ыссы қуяш *а ғ а р т ы п* жиберген қалпағын шаққан кийип шығып кетти (К. Смамутов). 2. *Саўатландырыў, түсиндириў, оқытыў, саўатын ашыў, билимлендириў.* Халық бәрҳама әдиўлейди сениңдей, *А ғ а р т ы ў д ы ң* тунғыш қарлығашларын (И. Юсупов). Шайыр сөзи менен оқытыўшының кеўлин, көз қарасын *а ғ а р т а д ы* (Г. Есемуратов).

АҒАРТЫЎШЫ *ат.* 1. *Ақ етиўши, ҳәклеўши, тазалаўшы.* 2. *Ағартыў жумысын жүргизиўши, халық арасында үгит-нәсият апарыўшы, саўатландырыў иси менен шуғылланыўшы.*

АҒАРЫЎ *ф.* 1. *Ақ болыў, тазарыў, ақ ениў, ашылыў, дөниў, жақсыланыў, өңип кетиў, таң саз бериў, пидә болыў, тозыў, көп жумсалыў.* Күйик пенен шаш *а ғ а р д ы*. Өттиң бе бастан өмирим (Бердақ). Ашылды пахта *а ғ а р ы п*. Мол өним берсе жарқын гүз (Б. Қайыпназаров). 2. *Өмири өтиў, тиришилик етиў.* Жасынан көлде көзи *а г а р г а н* балықшының баласы (А. Сул-

танов). 3. *Қәниге болған, маман болған.* Аўқат писириў менен *к ө з и а ғ а р ғ а н* (Р. Тагор). 4. *Тиришилик, өмир сүриў.* Қоса *а ғ а р ы п* қарағым, Алғаның менен дүньяда, Бахытлы дәўран сүриңиз („Ер Зийўар“). 5. *Саўатланыў, билимлениў, оқытылыў.* Есер керек уйғармаға, Билим керек *а ғ а р м а ғ а*, Исти сулыў шығармаға, Қәнигели шебер дәркар (Мәжит улы).

АҒАСЫ *ат. Еки ағайинли жигиттиң үлкени, жасы үлкени, қәткуда, басшы.* Мине Гүлбий қызлары менен ойласып болып, жигитлердиң *а ғ а с ы* Турым менен Қәлменге келип сыбырласты (К. Султанов).

АҒАСЫЗ *кел. Ағасы жоқ, жасы үлкени жоқ, қәткудасы жоқ, ғамхорсыз, қәўендерсиз.* Ел *а ғ а с ы з* болмас, тон жағасыз болмас. (ҚҚ. Х. Н.).

АҒАЎЫЗ *кел. Писпеген, шала, ўақты жетпеген, шийки, ўақты толмаған.* Сен қарақалпақ, қазақ болғанда, Кетпенлеп егин еккенде, Кетпенлеп еккен егиниң, Ортада *а ғ а ў ы з* қалғанда (Күнхожа).

АҒАШ *ат. Терек, әдетте теректиң үлкейгени, қуўрағы, отын ушын пайдаланатуғын улыўма хожалықта пайдаға асқан түрине айтылады.* Қонып ғарғадай *а ғ а ш қ а*, Дүньяның мәўсимин көрдим (Өтеш шайыр). *А ғ а ш* ергенектиң екеўи де табалдырыққа шекем нағысқа сырғып тур (К. Султанов). Оң қапталда *а ғ а ш* кәт (Н. Дәўқараев).

АҒЗА *ат. Мүше, көптиң бири, хожалықтың бир кисиси.* Көзиң түссе көзиңе, Оң еки *а ғ з а ң* ерген, Қылығы менен сүйдирген („Мәспатша“). Уллы мақсет жолларында, мийнетинен мийўе терип, Бир хожалық *а ғ з а с ы н д а й* татыў, шадлы жасар халқым (И. Юсупов). Суд *а ғ з а л а р ы* Шериптен көзиң айырмай қарап отыр (Қ. Ирманов).

АҒЗАМ *ат. Уллы мәртебели, уллы дәрежели.* Қуда қәлесе патша *а ғ з а м* пуқараларына мийримин салар (К. Султанов).

АҒЛА *кел. Жақсы, артықмаш, айрықша, артық, зыяда, зият.* Сүйсең мийриң қанып ол интизарың, Бул дүнья бейиштен *а ғ л а* көринди (Бердақ).—Бул ақылың ҳәрҳеле де *а ғ л а* болған екен (Қ. Айымбетов). Өзине бир мыйық тартқаны мың тилла бергеннен *а ғ л а* болып отырған жигитлер қызлардың ажарына мың сан ирет сығалады (К. Султанов).

АҒЫЗЫЎ *ф. Суйықлықты шығарыў, төгиў*, Ғайры биреўлерди стип курдасың, жүрме *а ғ ы з ы п* дилбарыңның көз жасын (Бердақ), Турды бағқа толқынлап, Гүмис суўлар *а ғ ы з ы п* (Т. Сейтжанов). Жаңа жайлы *а ғ ы з а д ы* тил майын, Қызық сөзди түсиниўге дым қайым (И. Юсупов).

АҒЫЛ-ТЕГИЛ *кел.* молшылық, мол-молақай, көп, дым көп, жеткиликли. Ишкени алдында, ишпегени артында: *а ғ ы л-т е г и л* дәўлеттиң пуўына семиреди. (Н. Бөрекешов). Буннан басқа да оның сүтли сыйыры болып, май менен сүт *а ғ ы л-т е г и л* еди (С. Айний).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АҒЫЛЫЎ. I *ф.* 1. *Изи үзилмеў, төгилиў, молайыў.* 2. *Шубырыў, ығылыў.* Келген күнниң өзинде-ақ ол әйнек алдында отырып, көшеде үзликсиз *а ғ ы л ы п* баратырған адамларға қызығып карайтуғын еди (Р. Тағор).

АҒЫЛЫЎ II *ф.* *Өтип турыў, жүрип турыў.* Бағдары бар гүл жапырағын жамылған, Ильич нуры сымлар бойлап *а ғ ы л ғ а н* (И. Курбанбаев).

АҒЫМ *ат.* *Бағыт, бағдар, ыңғай, тәреп, таман.*

АҒЫС *ат.* 1. *Суйықлықтағы ҳәрекет, қыймыл, суў ағысы.* ... „көк жон" болып *а ғ ы с т ы* өрлеп жүзгенмен, Жарға асылып талай поррық үзгенмен (К. Султанов). Үшеўи тағы да косылып, төмен қарай *а ғ ы с* бенен ақырын ағып барятыр (Ж. Аймурзаев). 2. *Бағыт, бағдар, ыңғай, бир тәреп, бир бетке й, бир ыңғай, бет алыс.*

АҒЫЎ *ф.* 1. *Төгилиў, қуйылыў, ығылыў, ығыў.* 2. *Суўдың белгили бағдарлығы, ҳәрекети, қыймылы.* Ақ дәрьядан суў *а ғ а д ы* салмаға, Яр киятыр салмадан суў алмаға (ҚҚ. Х. К.).

АҒЫЎ-ҚАРАСЫ *ат.* *Дүньяға шығып көргени, бары, биргенеси, жалғызы.* Жаман деп айтсаң да байдың баласын, биреўдиң көзиниң *а ғ ы ў - қ а р а с ы* (Омар).

АДА БОЛЫЎ *ф.* *Таўсылыў, тамам болыў, сап болыў, жоқ болыў.* Бар өмирим *б о л д ы а д а*, Өттиң бе қурған өмирим (Бердақ). *А д а б о л м а с* айта берсең зарлы өмирди етсең дәстан (Ә. Шамуратов).

АДАҚ-АРБА *ат.* *Аяқ арба (балаларды жүриўге үйрететуғын).* „*А д а қ - а р б а*" айдап жүрген баланың, Қуўандырар жүзи жайнап турғаны, Аўдарып тур ықласын ананың, Апыл- тапыл жүрип адым урғаны (Т. Әбдимуратов). Сениң балана *а д а қ а р б а* соғаман (Т. Қайыпбергенов).

АДАЛАТ *ат.* *Теңлик, дурыслық, жақсылық, ҳақыйқатлық.* Шайыр айтар *а д а л а т л ы қ* заманды, Биразлар гөзлейди басы аманды (Өтеш шайыр). Дүнья жаман *а д а л а т л ы қ* заман жоқ, Дүнья өтсе, серпилежақ луман жоқ (Бердақ).

АДАЛАТЛЫ *кел.* *Теңликли, дурысы, жақсы, ҳақыйқатшыл.* Шахзадалар, бегиў-беглер, *А д а л а т л ы* ҳеш болмады (Бердақ). *А д а л а т л ы* Хасеп Хан, Хан сарайдың алдында, Салтанат пенсн келеди („Ер Зийўар").

АДАЛАЎ *ф.* *Тамамлаў, таўысыў, түўесиў, жоқ етиў.* Тәўекел етип аллана, Шубар атыңды тапсырдын, Айтар сөзиңди *а д а л а п* („Алпамыс").

АДАМ *ат.* 1. *Ойлаў ҳәм сөйлеў қабилети бар, турмысқа керекли өндирис қуралларын исле й алатуғын ҳәм ол қуралларды жәмийетлик мийнет процесинде пайдалана алатуғын жан ийеси, киси, инсан.* Бир мәҳәлде сыртқы есик ашылып, бир *а д а м* кирип келе берди (Ә. Шамуратов). 2. *Улыўма адам баласы, адамзат.* Түркмен феодаллары Бозатаўды *а д а м* айтқы, сыз етип шабады (Б. Исмайлов). 3. *Көпшилик, барлық журт-*

халыҳ. Гедейлер ҳүкиметин орнатыў ушын қанша *а д а м* курбан болды (К. Султанов). ◇ **Адам бойы**—*адам бойы шенли аралық, қашықлық, тереңлик, бийиклик, узынлық.* *А д а м б о й ы* жерлерге, Апарып салдық қазаны (С. Мәжитов).

Адам бенде—*адамның туқымы, адам атаўлы.* Үйде *а д а м б е н д е жоқ.* **Адам уғлы**—*адам баласы, адамның туқымы. адамийзат.* *А д а м у ғ л ы* бәри бирдейин болмас, Биринің гүли солса, биринки солмас (Бердақ). **Адам куны**—а) *революцияға шекемги тәртип бойынша өлтирилген адам ушын өлтиргән адам тәрепинен өндирилетуғын дүнья-мал* б). *Кымбат, таптырмайтуғын, баҳасыз, баҳасы табылмайтуғын, баҳасы жоқ, ең қәдирли.* *А д а м қ у н ы* ақ ләри берип, Гүлзарды тирилткен екен (Бердақ).

АДАМАТА *ат.* *Диний инаным бойынша жер жүзинде ең дәслеп пайда болған адам.* *А д а м а т а* менен Әўенени тоныраған бина етеди (К. Султанов).

АДАМГЕРШИЛИК *ат.* *Минасабатлылық, сиз-бизлик, өз-ара сыйласық, дос-яранлық, саналылық, көргенлилик, ҳүжданлылық.* Сыртқы шиинннен нағыз *а д а м г е р ш и л и к л и* жүрек соғып турғанлығын билиў қыйынға түспеди (И. Юсупов). Атақлы гуманист жазыўшылар адамға *А д а м г е р ш и л и к л и* қатнас жасаў қусаған әдиўли идеяларды көтерип шығыў менен белгили (Б. Исмайлов).

АДАМЗАТ *ат.* *Барлық адам баласы, пүткил адам, қандай адам болмасын барлығы.* Таўды, тасты жел бузар, *а д а м з а т т ы* сөз бузар (ҚҚ. Х. Н.). *А д а м з а т* ҳәм еки түрли, Бири батыр, бири қорқақ, Батырман деп көп мақтанса, Сол адамның өзи қорқақ (Мәжит улы).

АДАМИЙ **адамийзат**, *ат.* *Адам сияқлы, адамшылық, адамдай.*

АДАМЛЫҚ *кел.* *Адамшылық, саналылық, ар-камыслы, адам ийиси бар.*

АДАМСЫЗ *кел.* *Адамы жоқ, адам келмейтуғын.* Бул дүньяға ол өкпели де емес, бәлки қуўанышлы, ғәткени ҳәр күни үй *а д а м с ы з* болмайды (Ө. Хожаниязов).

АДАМХОР *кел.* *Адам қумар, асаў, жабайы, адам өлтиретуғын, қәўипли, жыртқыш, қутырған.* *А д а м х о р д а й* көзлерине қан толған, Шашлары мысалы жабағы турған (Ә. Шамуратов).

АДАСЫЎ *ф.* 1. *Жаңылысыў, қәтелесиў, жолдан шығыў.* Ақмақ гәўир *а д а с т ы ң*, Күнде жүрер жолыңнан („Ер Зийўар"). 2. *Жол таппаў, жолдан шығыў, билмей қалыў.* Адамзат ай болмаса *а д а с а д ы*, кеўилди сөйлеспесең кир басады (ҚҚ. Х. Н.). Булардың касындағы ашы ийт қоянды көре сала қуўып еди, жете алмай *а д а с ы п* қалды (К. Султанов).

АДАЎАТ *ат.* *Ғаўға, жәнжел, даў.* *А д а ў а т* табылса барлық ел көшер, Көбейип тур арамызда қан ишер, Жетим жылай,

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ылақ маңырай күн кешер, Хош аман бол бизден қалдың Бозатаў (Әжинияз).

АДАЎЛТЛЫ *кел. Гаўғалы, жәнжелли, мәселли, даўлы.*

АДВОКАТ *ат. Заң хызметкери, биреўдиң қылмыслы жумысы туўралы суд алдында қорғаўшы, ақлаўшы, жақлаўшы.*

АДРЕС *ат.* 1. *Турағуғын жер, мәкан, үйдиң, көшениң, қаланың атлары, жай номери жазылған хат.* Конверттиң сыртындағы жибериўшиниң *адресин* оқысам „Каримов Абылдан" депти (А. Бекимбетов). 2. *Биреўге қаратылған сөз, зат.* Буның өзи де мениң *адресиме* болған критика (Т. Нәжимов).

АДРЕСАТ *ат. Хат ямаса бир заттың тапсырылатуғын адамы, ийеси.* Көп хатлардың арасында айырым *адресат* белгисиз болып шықты (А. Бекимбетов). *Адресат* табылмағанлықтан хат қайтарылды (А. Бекимбетов).

АДЫМ *ат.* 1. *Кәдем, адам жүргенде алға қарай тасланған қәдеминдеги еки аяқтың арасы (аралық жер).* Дәрриў алға қарай алты, жети *адым* атты (К. Айымбетов). 2. *Жетискенлик,* Бирақ бул тек дәслепки *адымлар* ғана еди (Э. Шамуратов).

АДЫМ-АДЫМ *р. Әсте-әсте, әсте-ақырын, әсте жүрис, жай менен.* Үшеўи шанаға минип әстелеп қаска ябының *адым-адым* жүриси менен теңизге қарай кетти (М. Абдраймов).

АДЫР *кел. Тегис емес, жол түспеген, ысылмаған. төбешик, дүмпешик, пәсли-бәлентли жерлер, жердиң гедир-будырлы орынлары Адыр-адыр* таўлардан, Ардақлай берип қашады, Гүдир-гүдир қумлардан, Гүдирлейди басады („Мәспатша").

АДЫРАЙЫЎ *ф. Елериў, таңланыў, көзин шеннен тыс өзгеше етип қараў, үрейленіў, ашыўланып қараў.* Қурбан көкши баласына *адырайып* бир қарады да, Палманның сөзине қалай жуўап қайтарыўдың жолын изледи (М. Абдраймов).

АДЫРАҚ: **адырық көз** *кел. Әдеттегиден үлкенирек, адырайған, көзи бақаншақтай.* Көзи үрккен таңаның көзиндей *адырақ көз* бир қыз келди (А. Бегимов).—Жоқ, бундай емес—деп, есик жақта бир беткей отырған *адырақ көзли,* жалпақ бет, ақ куба жигит жуўап берди (К. Султанов).

АДЫР-БУДЫР *кел. Жөнли-жөнсиз, қалай болса солай, әйтеўир, тегис емес.* Қыздың жолы нәзик, оған *адыр-будыр* сөз айтыўға болмайды (М. Абдраймов).

АЖАР *ат. Келбет, шырай, түр, түс, сымбат.* Бетинде өткир *ажары,* бейиш суўын ишкендей (Қ. Мақсетов).

АЖДАРҲА *қ.* айдарҳа.

АЖЫРАСЫЎ *ф. Айра түсиў, тарап кетиў, айырылысыў, айырылып қалыў, бөлекленіў, қол үзиў.* Балалардан *ажырасқаннан* соң Турым, ийтлер шабаланған жерге жақынлап келли де, суўынлап жыйналған пищениң тасасынан сығалады (К. Султанов). Ҳәсирет-қайғы зил басып, ақылынан *ажырасып* (А. Дабылов).

АЖЫРАТЫЛЫЎ *ф.* 1. *Бөлип шығарыў, бөлекленіў, айырылыў, дараланыў.* 2. *Бөлеклеў, айырыў.*—Ҳәзир китапханаға секретарь менен барың, милиция басқармасынан бизлер ушын көп китаплар, журналлар *ажыратыпты* (А. Бекимбетов).

АЖЫРЫҚ *ат. Шөптиң бир түри, қумлық жерге шығатуғын жылқының сүйип жейтуғын оты.* Изимди тағы билмесин деп *ажырықтың* иши менен үйге қайттым (Ж. Аймурзаев). ... үйине шекемги ажырық басып жататуғын аралық *ажырықлыққа* айланыпты (Т. Қайыпбергенов).

АЗ *р. Жеткиликсиз, көп емес, барлы-жоқлы, азғана, азғантай.* Бир қатар жолдаслар менен сөйлесип қарасам күш *аз* дейди (К. Султанов). Ол *аз* ғана тунжырап отырды (К. Султанов). Жасы да *аз* болған жоқ (Т. Қайыпбергенов). ◇ **Аз сан**—*аз муғдар, шамалы. онша көп емес т. б.* Әкесиниң *аз сандағы* жыйған малы буларды жарытпайды,... (Қ. Айымбетов).

АЗА *ат. Қайғы, матам; тамыр, таныс, жақын-жуўық қайтыс болғанда өлиге апаратуғын мал, пул, өлини умытпаў, оны айрықша қәстерлеў ушын қара ямаса өңкей көктен кийинип, той-тамашаға бармай жылына шекем аза тутады.* Урыс—өлиге *аза,* тириге—тамаша деген екен (А. Бекимбетов). Таңды досларым жараны, Ҳеш қашырмады арасын, Кийинип үстине қарапы, Көп жыласып туттым *аза,* (Бердақ). ◇ **Аза тон**—*аза ушын кийген қара, көк кийим. Азатонын* жамылып Ата-анамнан айырылып (Бердақ). **Аза тутыў** —*матам тутыў, азалаў, қара кийиў.* Қырық күнге шекем басында қырық моллаға қуран шықтыраман, жылына шекем қара кийемен, *аза тутаман,*—деди (Қ. Айымбетов). *Аза тутып* турғандай жасаўыллардың түслери суўық, көштиң алдында бөгенекли телеген арба (К. Султанов).

АЗАДА *кел. Тазалықлы, тақ-туйнақтай, дүўпияз.* Нарзан булақлары қандай *азада,* Сениң кеўлиң яқлы, тынық ҳәм таза (И. Юсупов). *Азада* қызлардың қойыны, Жәннеттиң бағына мегзер (Әжинияз).

АЗАДАЛЫҚ *Тазалықлылық, дүўпиязлық, пәзенделик, ләззетлилик.*—Не деген *азадалық!* Балаларың мисли аққуўлардай ... (Т. Қайыпбергенов).

АЗ-АЗЛАП *р, Азғантай, кем-кемлеп, аз-аздан, азырақтан, кемирек, әсте ақырын, бирим-бирим, бирте-бирте.* Әдеп газета шығарыла баслап, соңынан *аз-азлап* оқыў қурал китаплары шығарылып мийнеткеш қарақалпақ балалары өз ана тилинде оқыўға еристи (Қ. Ирманов). ... аршаны турған жеринде сумбе менен бузып, ишиндеги дүньясын бирим-бирим, *аз-азлап* тасысам ба екен (А. Бекимбетов).

АЗАЙҒАНДАЙ *кел. Азырақ, көп емес, азайып қалғандай.* Қудақ болыс, сен ақсақал, *Азайғандай* көп қалма-ғал (Бердақ).

АЗАЙТЫЎ *азайыў* фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЗАЙЫЎ *ф. Аз қалыў, кемиў, таўсылыў, кемейиў.* Жумыс-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тың түри көп болған менен ислейтуғын адамлардың саны *азайып* баратыр (Т. Қайыпбергенов).—Ҳаў бул шопанға не болды, неге келмейди деп ийлеп келсе, қой *азайып* қалған, шопан болса өзгерип кетипти (Қ. Айымбетов).

АЗАМАТ *ат.* 1. *Камалға келген ер адам.* Омар шайыр қызды өз тәғдири ушын гүреспўши *азамат* сыпатында тәрийлейди (З. Насуруллаева). 2. *Адамгершилиги бар, сана-сезимли, ҳүрметли адам. Азамат* ердиң белгиси, азғана сөйлеп көп тынлар, арғымақ аттың белгиси, азғана отлап көп жуўсар (ҚК. Х. Н.). Туўры тутсаң нийетинди, Халыққа бурсаң бетинди, Сыйласаң гәрип жетимди, Шын *азамат* боладурсаң (Бердақ).

АЗАМАТЛЫҚ *кел. Ерлик, батырлық, ис меңгере алатуғын, өз ўазыйпасын атқара билетуғын.* Жас пионердиң ерлик, *азаматлық* исине кеўли толған капитан Султанның мақлайынан сүйип алды (А. Бекимбетов). Иске таяр турыў—*азаматлық* ис, Мәрт болсаң ел ушын жумсаң жигер - күш (Х. Сейтов).

АЗАМАТШЫЛЫҚ *ат. Ерлик, саналылық, адамгершилик, мәртлик.*—Бәрекелла, бәрекелла, әне сизлердиң нағыз *азаматшылығыңыз*, әлбетте бул айтқанларыңыз күтә әҳмийетли нәрсе, Ол қызалақ неше жасларда?—деп капитан Бегимов Султан менен Жийемураттан сорады (А. Бекимбетов).

АЗАН *ат.* 1. *г. с. дин. Елатты намазға шақырғанда ямасп түўылған нәрестеге ат қойғанда айтылатуғын намаздың қысқаша бөлими.* — *Азан* айтып алла деп, Ертели кеш бақырар („Ер Зийўар"). Мәзин намазшам намазының *азанын* жаңа ғана айтты (Л. Н. Толстой). 2. *Таң атар мезгил, ерте ўақыт.* Алламберген аға *азанғы* чайды ишип отырғанда мен де кирип барған едим (Ж. Аймурзаев). *Азанғы* шық пенен ақ пишенди сәскеге шекем орып қайтады (К. Султанов).

АЗАН-ҒАЗАН *р. Уў-шуў, бақырыс, ала топалаң, тәртипсиз, қалай болса солай, бийтәртип.* Маллар да... мөңирен ауўылдың арасын *азан-ғазан* қылды (М. Абдраймов). Муз ыққаннан бери ауыл арасы азан-ғазан болды (М. Абдраймов). Мөңиреп киятырған әрўана сыйырлардың даўысы бийдиң басын *азан-ғазан* етти... (К. Султанов).

АЗАНДА *р.* 1. *Ерте, ерте күн шығыў менен. Азанда* айдадым шаңлы арбаңды, Сәскеде жеткердиң суйық жарманды (ҚК. Х. К.). *Азанда* таң сәҳәрден, жолға сегиз атлы барғаўға жиберилди („Жас ленинши" г.). 2. *Ертең таң атыў менен.* Апам да *азанлы-берли* жумған аўзын ашқан жоқ (К. Смамутов). *Азанлы-берли* жанбасы жерге тийген жоқ (Н. Бөрекешов).

АЗАНЛЫ-КЕШЛИ *р. Мезгили менен, азанда да, кеште де, бәрҳама.* Қас қағып, шаран ишпеге, Тараклап белден қыснаға, *Азанлы-кешли* түспеге, Сәрҳаўызың тур Кулен болыс (Бердақ).

АЗАННАН *р. Ертеден, ертең ертеден.* Қалғанын ертең *азаннан* баслап аныклаўды өзинше мақул көрди (А. Бекимбетов).

АЗАНЫ-КЕШ *р. Күни менен, күн узақ, азаннан кешке шекем.* Еки пешимиз қайрылыўлы, билек сыбанып, жеп түрипип дегендей *азаны-кеш* атыздамыз (Ө. Хожаниязов). Ҳаяллары таппай ермек, Әнгиме дүкән *азаны-кеш* (Б. Исмайлов).

АЗАП *ат. Ақырет, ыза, қорлық, кемлик. Азап* көрди ҳаял-қызлар бурында, Езилдиң гүн болып байдың қолында (С. Нурымбетов). ◇ **Азап бериў** — *азаплаў, қыйнаў, жөнсиз сөгиў, ақыретлеў.* Мен жүргенде буўрыл еди сақалы, *Азап берди* Изимбеттиң Камалы (Өтеш ҳәм Омар). **Азап шегиў**— *қайғы-ҳәсиретлениў, азапланыў, жаны қыйланыў, жәбирлениў, қорланыў, қорлық көриў.* Бул дүнья керекдур өлгенше бенде, *Азаплар шегемен* залымнан күнде (Бердақ). Жумагүл *азап шекти*, ол көп ўақтан берли тап буның-дай болып жан азабын тартпаған еди (Ө. Айжанов). **Азап көриў**—*жәбирлениў, қорланыў, қыйланыў, қыйыншылыққа ушыраў.* Шеше, мен аяғымнан азар шегип, *азап көрип* жүрмен (Ө. Хожаниязов).

АЗАП-АҚЫРЕТ *ат. Қыйыншылық, жаманлық, зулымлық, қайғы-ҳәсирет, ыза, қорлық, зорлық-зомбылық.* Уллы Октябрьге дейинги *азап-ақыретке* толы қаранғы заман қарақалпақ мийнеткешлериниң басында да болды (З. Насруллаева). Ҳүрлиманның бақсы болғанын Қарақумның ийшаны еситип, шақыртып алып Бердаққа көп *азап-ақыретлер* береди (Қ. Айымбетов).

АЗАПЛАНЫЎ азаплаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

АЗАПЛАЎ *ф. Қыйнаў, зорлық көрсетиў, жәбирлеў, азап бериў, қорлаў, зорлық етиў.* — Жоқ... гүмансыз, ҳақ қызды саўал, жуўапқа тутып *азаплаўыңызға* жол қоймайман (Р. Тагор). Бирақ батырды *азаплаў да*, зиндан да, дар да қорқыта алмады (Қ. Максетов).

АЗАПЛЫ *кел. Қыйын, ауыр, қайғылы, қайғы-ҳәсиретли, машақатлы.* Бердақ буған себеп етип, тастай түнекте жабық қалғанын, өзине заманлас жәмийеттеги ауыр ҳәм *азаплы* өмирди, еркин пикирлердиң қуўдаланыўын айтады (Б. Исмайлов).

АЗАР *ат. Азап-ақырет, қыйыншылық.* Бундай *азарға* көниўге болмайды (М. Горький). ◇ **Азар шегиў** — *қыйналыў, азапланыў, ақыретлениў.* Мен буннан *азар шегип*, зордан жүрмен (К. Жуманиязов). **Азар бериў**—*қыйнаў, азап бериў, ақыретлеў. Азар бермей* оятып, Келгендеги жумысын, Айдосқа булар айтады (Бердақ). Келген разведчиклерден

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ски адам жецил жараланған, бирақ жүриўге жаралары *азар бермейтуғын емес* (Қ. Досанов).

АЗАР-БЕЗЕР: **азар-безер болыў** *ф.* *Қыйналыў, жан жуўытпаў, жақынлатпаў, бетлетпеў, шыжа-пыжа болыў, күйниў, парт болыў.* Бала болса гә ес-түссиз қалып, гә бирден денесине нәне шаншылғандай *азар-безер болып* жатыр (А. Бекимбетов). Мәлпей Айданаңың сөзинен кейин *азар-безер болып*, парты шықты (Ө. Айжанов).

АЗАРЛАНЫЎ *ф.* *Қыйналыў, азапланыў, ақыретлениў.* Султан шаштөрез Оразбайдың *азарланыўын* сезбегендей барлық зорды тонас жүзли пәкиге салып, өскен шашты жоңышқадай жапыра берди (А. Бекимбетов).

АЗАРЛЫ *кел.* *Азаплы, аўыр, шыдамастай.* *Азарлы* сөзлер айтады, ол ашыўланып үйине келип хаялын сабайды (Қ. Айымбетов).

АЗАРСЫЗ *кел.* *Бийазар, қыйнамайтуғын, жақсы, кеўил қалдырмайтуғын, жөнсизлик жоқ, зыянсыз, кесентсиз.* Әкем өз өмиринде ҳеш кимниң де зейнине тиймейтуғын *азарсыз* адамлардың бири еди (К. Смамутов).

АЗАТ *ат.* *Еркин, гәрезсиз, бостан, өз еркі өзинде, қолы бос.* Жақсылық хабар алып келген Өтемурат еди, Ерназардың *азат* болғанына аяғы сайға тиймейди (К. Султанов). ...үйге әкелип баспағыма азғанасын салдым, енди мен үй жумысынанда *азаттан* (Ш. Әмет).

АЗАТ ЕТИЎ *ф.* *Еркин етиў, бостанлыққа шығарыў, ерктти өзине бериў, басын босатыў.* Олардың тийкарғы ўазыйпасы адамларды байлардың өмири менен оның әмелдарларының зулымынан *азат етиў* (С. Айний). Уллы Октябрь революциясы көп әсирлик куллықтан қарақалпақ ҳаял-қызларын *азат етти* (З. Насруллаева).

АЗАТ ЕТИЎШИ *ат.* *Өз еркине жибериўши, бостанлыққа шығарыўшы, ерк бериўши, правосын алып бериўши.* Корея менен Қытайдың *азат етиўши* армиясы баскыншыларды Кореядан қуўа баслаған (Ж. Аймурзаев). Мине бул қосықларды данышпан көсем, адамзатты куллықтан *азат етиўши* екенин көрсеткен күшли ҳаўазлар жаңлап тур (Н. Жапаков).

АЗАТЛЫҚ *ат.* *Бостанлық, дәрқанлық, еркинлик.* Акты гүўлеп *азатлықтың* дәрьясы, Ҳәддиң жоқ байлаўға қалқар сағасы (К. Султанов). Мүмкин болса берер едим жанымды, *Азатлыққа* алып шыққан көсемим (А. Дабылов).

АЗБАЎ *ф.* *Адаспаў, жаңылыспаў, дегбирден саспаў, өзгериў, албырақламаў, айнымаў.* Мен оған жолдан *азба* деп урысаман (Қ. Султанов).

АЗБЫРАЙ *ат.* *Қурал-әсбап, қурал-сайман, керек-жарақ.* Кумыслардың *азбырайы* өз ўақтында сай болды (Ж. Айурзаев).

АЗҒАН *ф.* *Айныған, аўған, өзгерген, бузылған.* Фашист — адамнан *азған* жабайы жыртқыш, қанға кумар залым (Қ. Досанов).

АЗҒАНА *р.* *Аз ўақыт, кемли күн, азғантай, азнаўлақ, шамалы.* Азамат ердиң белгиси *азғана* сөйлеп көп тынлар, арғымақаттың белгиси *азғана* отлап көп жуўсар („ҚҚ. Х.Н.").

АЗҒАНТАЙ *р.* *Аз, азлаў, көп емес, шамалы, азнаўлақ.* *Азғантай* ўақыт. *Азғантай* нәрсе.

АЗҒЫН *кел.* 1. *Жүдеў, арық, ети кетип сүйегине тақалған, болдырған, көрениш, жаман,* Бетинде қан жоқ, *азғын* (Т. Қайыпбергенов). 2. *Айныған, бузылған, өзгерген.* Қысылғанда қол бермеген, тарықканда жәрдем етпеген *азғын* төлди жүндей түтсе қәйтеди! (К. Султанов). Бабаларға дус келипти, Сонындай бир *азғын* заман (Мәжитов).

АЗҒЫНЛАЎ *кел.* *Арықлаў, жүдеўлеў, қоренишлеў, етсизлеў.*

АЗҒЫРТЫЎ **азғырыў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЗҒЫРЫЎ *ф.* *Айныты, үгитлеў, бузыў, сөз бериў.* Алданып турыпсаң шыннан берилип, *Азғырын* сөзине бабаның ерип (Мәспатша). Көпшилик ағайин *азғырын*, ақыры Сарыгүллиң де үәдесин алды (К. Султанов).

АЗДАЙ *р.* *Азырақ қусаған, жеткиликли еместей, жетпегендей.* Көсеў қылып қойғаны *аздай*, хан елимизди талатады (Т. Қайыпбергенов). Мениң бурынғы дәртим *аздай*, әкемниң егил-тегил болып жылаўы дәрт үстине дәрт жаман жүрегимди парра-парра етип жарылады (Ө. Хожаниязов).

АЗДАН *р.* *Аз-аздан, кем-кемнен, бирден емес, кейинирек, соңынан, биримлеп.* *Аздан* соң умытып қалған қармақларымды алыўға келсем әкем үйде жоқ екен (К. Смамутов). *Аздан* соң Мыскал пери оянып караса, қасында бир жигит сулап жатыр (К. Айымбетов).

АЗДЫРЫЎ **азыў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЗИМ *ат.* 1. *Уллы мәнисинде.* Ҳүкимет орамында жүз мың шәҳәр *азим*, Ҳәр журттың өзине берип лаўазым (А. Муўсаев). 2. *Адам аты, исми.*

АЗЛАП *р.* *Азырақ, азы-кем, ебиндей, көп болмаса да.* Ишимизде Самендер деген бир жигит бар, ол сол ўақытта *азлап* қосық шығаратуғын ҳәм қарақалпақ намаларын да жақсы биледи... — Сени *азлап* таныйман, азы-кем билемен... (Ө. Хожаниязов).

АЗЛАЎ *р.* *Азырақ, кемирек, шамалы, азы-кем, сәл, болар-болмас.* Бул маған *азлаў* балам,—деди ғарры („Жас ленинши" г.).

АЗМАЗ *р.* *Курттай, шамалы, азырақ.* *Азмаз* жылынып алсақ қалай болар екен деди ол (А. Әлиев). Қыз маған *азмаз* қарап турғанша жақағы келиншек пенсн шығып кетти (Г. Изимбетов).

АЗНА *ат.* *Адамлар отырыў ушын қайықтың үстиндеги кесе тартылған ағаш.* Бир киси, Егор ма деймен, аяғын *аз-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

нәға тиреди („Сәлем Октябрь“ Т.). Отыз кеменин *азнасы*, Сөз халықтың газнасы („ҚҚ. Х. Н“.). Рәўшан Бориске қарсы қайықтың ортанғы *азнасында* отырды (Ж. Аймурзаев).

АЗНАДАЙ *кел.* *Азнаға усаған, усас, яңлық сыяқлы.* *Азнадай* ақ маркан шекерден татлы, Бекире сүўениң зейнимди тартты (К. Султанов).

АЗНАЛЫ *кел.* Азнасы бар, азна орнатылған. Дәрьяның бул жери бир неше *азналы* кеме қатар жүргендей кең (Қ. Досанов).

АЗНАТЫЎ азнаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЗНАЎ *ф.* *Киснеў, малдың шуўлаўы, қайғылы даўыс шығарыў.* Ат қалғанын аңлап, Нала тартып *азнады* („Алпамыс“).

АЗОТ *ат.* *Тығын, дәрис ушын пайдаланылатуғын химиялық элемент.* *Азоттың*, фосфордың хәр гектарға қанша екенин айтып отырмайман (К. Досанов). Шама менен үш гектар сүрилди, қый, *азот* керегине берилди (Т. Сейтжанов).

АЗОТ-ФОСФОР *ат.* *Химиялық элементлер, жерди күшейтиў ушын қолланылатуғын минерал тығынлер.* Суйық *азот-фосфор* тығынлери өсимликлердиң мол зүрәәт топлаўына,... (О. Бердимуратов).

АЗСЫНЫЎ *ф.* *Кемиссиниў, назырқаныў, кеўли питпеў.* *Азсынып* турсыз ба аға, жигитлердиң де табысын көремиз (К. Султанов). Айлықты *азсынып* даўласыўшыны скеўлеп шыдатпай баратыр (Н. Бөрекешов).

АЗШЫЛЫҚ *ат.* *Аз саплы, аз муғдар.* Ел курылды шақапланды журтшылық, Хызметкерлер әдеп қылды *азшылық* (К. Ирманов).

АЗЫ-КЕМ *р.* *Азырақ, шамалы, көп емес.* Нәтинде *азы-кем* қыйналарман (А. Әлиев).

АЗЫ-КӨБИ *р.* *Жәми, бәри, хәммеси, бары-жоғы.*

АЗЫҚ *ат.* *Аўқат болатуғын нәрселер.* Алты қыз минип арбаға, *азығын* салып дорбаға, Айтыў-мереке бармаға, Қызлар талап еткен екен (Бердақ). Бир сүйгениң алты ай *азық* болмаспа, Қыздыр мерекенди қызлар үйге кир („ҚҚ. Х. Қ.“).

АЗЫҚ-АЎҚАТ *ат.* *Тамақ ушын керек-жарақ заттар, ишим-жем.* Тоғыз күн арадан өткенде, Мәспатша *азық-аўқатты* ала етти („Мәспатша“). Хүржан анасына *азық-аўқат* әкелип дежурныйға тапсырғанын айтып, Шүкиржан менен хошласып кабинеттен шықты (А. Бекимбетов).

АЗЫҚЛАНДЫРЫЎ азықланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЗЫҚЛАНЫЎ *ф.* *Аўқатланыў, азық-аўқат ғамлаў, азық алыў.* Жер хаўадан *азықланады*, бойына күш жыйнайды (К. Досанов). Күнлерде бир күн олар *азықланып*, тоғайға қыдырып қайтыў ушын жолға шығыпты („ҚК. Х. Е.“).

АЗЫҚЛЫ *кел.* *Азықланған, күтинген, ишип-жейтуғыны бар, азық алған, азығы бар.* Арқаланып *азықлы*, Астың бийик ол таўдан, Жолға шығып шырағым, Көрдик талай азапты (Жийен жыраў).

АЗЫҚСЫЗ *кел.* *Азық-аўқатсыз, аш, напақасыз, ишип-жемсиз.* Жерлеримиз болды аяқ, Эспекти ашып жедик таяқ, Мурап болып өнкей саяқ, Қыс *азықсыз* қалдық быйыл (Бердақ).

АЗЫҚ-ТҮЛИК *ат.* *Азық-аўқат, керек-жарақ.* Белдаршылар хәм оның бала-шағалары изли-изинен келип, *азық-түликлерин* арбаға салын атыр (К. Султанов). Екеўиниң де үстинде еле тозыўы жете қоймаған әскерий кийимлер, қолларында *азық-түлиги* (Қ. Досанов).

АЗЫҚШЫ *ат.* *Азық бериўши, азық тарқатыўшы, азықты жеткериўши, азық тасыўшы.* *Азықшыны* ишке киргизбей, бенделерге қараўыллар үлестиретуғын еди (Т. Қайыпбергенов).

АЗЫМШЫҚ *кел.* *Әдеўир, бир талай, оғада, кескинсиз, аз емес, бираз, тәўирек, бир қыйлы.* Биз бул жерге *азымшық* мийнет өткенимиз жоқ (Ө. Хожаниязов). Былшыйған деп бетинди, *Азымшық* емес сын тақты („Қырқ қыз“).

АЗЫНАЎЛАҚ *р.* *Азғана, көп емес, жарым-жарты, шамалы, болар-болмас, кемирек, ...азынаўлақ* күн генералдың жеринде ериксиз жумыс ислейди (Қ. Досанов).

АЗЫП-ТОЗЫЎ *ф.* *Болдырыў, жүдеп қалыў, мой бериў, албыраў.* Күни-түни тыным таппай зыр жуўырып жүрген зәбердес келиншек төрт-бес айдың ишинде-ақ *азып-тозып* қалды (А. БЕКИМБЕТОВ).

АЗЫРАҚ *кел.* *Азғана, шамалы, кишкене, көп емес.* Рухсат бергил *азырақ*, Арзымды айтып өлейин („Қырқ қыз“). Тамақтан аўыстырып тукымға сақлаған *азырақ* арпа-жазлық бар еди—деди Турымбет (Н. Дәўқараев).

АЗЫЎ I *ат.* *Таңлай тис, үлкен тис, өткир, мықлы, аўыздың еки қапталында аўқат жеў ушын ең кереклиси.* *Азыў* тислеринен әллә қашан айырылып қалған (Ж. Аймурзаев).

АЗЫЎ II *ф.* *Болдырыў, жүдеў, арықлаў, бузылыў.* Заман қыслетинен сарғайдым *аздым*. Боларма деп жақты күнлер халық ушын (Бердақ). Ақ кеўиллиниң аты *азбайды*, тоны тозбайды („ҚҚ. Х. Н.“).

АЗЫЎДАЙ *кел.* *Азыўға усаған, азыў сыяқлы мықлы.* Жетимлерден хәм бий. бай балаларынан қай-нақай *азыўдай* елиў атлы (Т. Қайыпбергенов).

АЗЫЎ-КӨБИ *қ.* азы-көби.

АЗЫЎЛАСЫЎ *ф.* *Айқасыў, урысыў, қарсыласыў, ашшыласыў, дүшпан менен сынасыў, тислесиў, шайқасыў.* Хеш ўақта шошқа, шошқаны, *Азыўласып* жарған емес (Бердақ).

АЗЫЎЛЫ *кел.* *Жаман, тиелеўик, жаўыз, өткир, қәўипли.* Бийбигүл қыз *азыўлыға* болды саз, Шайырлыққа не бир сөзлер келди гез (Омар). Жолбарыс болмаса нәҳән бир *азыўлы* қабан болыўы керек (А. Бегимов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АЗЫҢ-ТОЗЫҢ *ф.* *Болдырыў, азып-тозыў, арықлаў, қыйыншылыққа, қапашылыққа ушыраў.* Жол бойы кулағын, мурнын, аяғын суўыққа алдырып, *азып-тозып* Хийўаға барып кирди (Қ. Ирманов).

АЙ I *ат. астр. Тәбият көриниси, белгили бир муғдар ишиндеги түнге жарық берип тураты́ғын аспан кеңислигин. дедене.* „Есимде түсер мениң, Суў бойына келгенин, „*Ай* не ушын жалғыз" деп, сырлы саўал бергенин... (И. Юсупов). Таў үстинен көтерилип ермелеп, Дөңгеленип күтип турды бүкир *ай* (Ө. Хожаниязов). Тәбиятты бағындырып, елди абат қылдық, ракета айландырып *Айға* флаг қадаттырдық (Т. Сейтжанов). ◇ **Айға шабыў** — *өршелесиў, жулқыныў, көтерилиў, бетерленіў, ҳәкисленіў.* Халық ғазабы *айға шапса* сендеги, *Айға шапты*ң арыслардай ақырып (Қ. Айымбетов). **Ай киби**—*айдай арыў кемиссиз, күндей сулыў, көркем, сымбатлы.* Он төрттен туўған *ай киби*, Келер саллана-сәлана, Тумағалы қумай киби. Келер саллана-саллана („ҚҚ. Н. К."). **Ай көкси** — *өңири, жарқын жүзи, келбети, бет алды.* Елимиз әзелден мәртлер мәканы, Тынларда теңселер ақ буўлай кәни, *Ай көксин* желписе совет байрағы, Атызда ақ алтын өмирдиң сәни (Т. Сейтжанов). **Айкөрмек** (айгөрмек)—*балалар ойынының аты, тас қараңғылық, жасырынбақ.* Мешити *айкөрмектей*, тас қарацғы зулыўмет, Киргенди соқыр қылар қамап, қарацғы торына (И. Юсупов). Шеңгел қора, жер төлениң бир жағы, *Айгөрмектей* үсти ашық тур тағы (С. Нурымбетов). **Айгөлек**—*ойынның түри. Айгөлек, айгөлек*, Айдан басқа не керек, Айдан артық қыз керек („ҚҚ. Х. К.").

АЙ II *ат. Ўақыт, муддет, белгили бир муғдар аралығы.* Усылайынша арадан үш *ай* өтти (Р. Тагор). Дәрўазаның капысын бир жыл төрт *ай* соқтырды („Қырқ қыз"). Узын жол, қысқа сөз бенен бир неше *айда* елиге жетеди („ҚҚ. Х. Е."). ◇ **ай сайын**—*ҳәр айда, айма-ай, тынбастан, арасын үзбей.* Военкоматқа барған екен, оларына да ақша шығарыпты, майынлығы ушын да *ай сайын* қуры емес бирнеме беретуғын болыпты (Ө. Хожаниязов).

АЙБАЛТА *ат. Балтаның қуал орнына қолланылатуғын түри, әдетте патшалар қолына алып отыратуғын арнаўлы қуралы, жарақ.* Сол ўақытлары Суртайша, *Айбалтасы* қолында, Аларын турды орнынан („Қырқ қыз").

АЙБАНА *ат. Қәўендер, арқа сүйер, тиреніш, қорғаныш, абай, сүйеніш, тирек.*

АЙБАРАҚ *ат. Бада-бад, айбат, абай-сиясат.* Қолға услап жаў-жарағын, Салын булар *айбарағын*, Силтеди барлық жарағын, Қызды байлап алмақшы екен (Бердақ).—Шырағым-аў, бурын арыслардай алыстан *айбарақ* урып келетуғын еди (К. Султанов).

АЙБАТ *ат.* Түр-түс, кәҳәр, салтанат. *Айбатына* қарасаң, Адам түўе досларым, Арыслан да қорыққандай (А. Дабылов). Ер Зийўар менен Ержанай алдымда жүрсең *айбатым* („Ер Зийўар"). ◇ **Айбат етиў**—*абай етиў, дәпиниў, ҳүким сүраў, айбат шегиў.* Бузаў ийтлерге *айбат етти*, Перигүл жибермей, мойнына катып услап тур (Ө. Айжанов).

АЙБАТЛАНЫЎ *ф. Ғайрат көрсетиў, қәҳәрленіў, түсин суўытыў.* -*Айбатланып* сулыў сонда, Ағып кетти қызыл қан да (Бердақ).

АЙБАТЛЫ *кел. Ғайратлы, қәҳәрли.* Атам *айбатлы* киси еди (С. Салиев). Ырысгүл бийдиң *айбатлы* нәзерине түсип ели (Т. Қайыпбергенов).

АЙБЫНЫЎ *ф. Тартыныў, батына алмаў, қорқыў.* Гә бир қайтпалардан айдарлы ушан кеме айдаған дарғашылар да *айбынып* өтеди (К. Султанов). Бул киси менен сен түўе ҳәзиллесиўге әкең *айбынады* (Т. Жумамуратов).

АЙҒАБАҒАР *ат. Айға, күнге қарай бет бурып өсетуғын егиннің түри.*

АЙҒАБАҒАРДАЙ *кел. Айғабағарға усаған, айғабағар сыяқлы.* Кубла жағында үпелек көп болып *айғабағардай* кублага қарап басын иўип турады (А. Бегимов). ...нурлы сәўлеге ашық *айғабағардай* еки жастың жамалы жарқ стип ашылды (К. Султанов).

АЙҒАҚ *ат. Белги, гүўа, дәлил, көринис.* Асфальт жолың ырбалыңның *айғағы*... (И. Юсупов). Турыпты ол жасыл *айғақ*,... (И. Юсупов). Оның үстине жыйылған *айғақ* затлар, кеткен излер, гүўалардың айтып жүрген сөзлери (К. Ирманов).

АЙҒАҚЛЫ *кел. Ҳәр түрли дәлиллеўди керек қылмайтуғын гүўалық ретинде туратуғын зат, үәж.* Айыпкерлер сөйлеген ўақта, гүўалыққа туратуғын *айғақлы* затлар алып келинди (Қ. Ирманов).

АЙҒАҚ-САЙҒАҚ *кел. Қалай болса солай, қыйыр-шыйыр, тәртипсиз, кир-кир, жағал-жағал, байқыл-байқыл, әжептәўир.* Керегеси *айғақ-сайғақ* қыйсайған бес қанат қара үйдиң сыртынан гөне шыпталарды қат-қат тутып, иштен керегеге қырқ жамаўлы көрпешелерин керип жаўса да ускирик жел ызғырығы өтип, тула бойын қарпып баратыр (К. Султанов).

АЙҒУШ-УЙҒЫШ *кел. Шым-шытырық, тәртипсиз, қалай болса солай, жөнсиз.* Ал, ол көлдиң ишинде балықшылардың салған *айғуш-уйғыш* жолы көп (К. Султанов).

АЙҒЫЗ-АЙҒЫЗ *кел. Кир-кир, патас, жуўылмаған, тазаланбаған, айқуш-уйқыш, Айғыз-айғыз*, табақ болса адам шайғысыз (Өтеш). Жүзине *айғыз-айғыз* әжим енди (К. Султанов).

АЙҒЫЗЛАНЫЎ *ф. Дағалланыў, қорығыў, байқылланыў.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Айбергеннің бети жағал-жағал болып *айғызланып* қатқан, қап-қара, тек ғана иннің түбінен көрінгендей болып тұрған екі көзі бар, демек күтә жабыққан екен (Мәжитов).

АЙҒЫР *ат. Үйірде пішілмеген еркек жылқы.* Атың *айғыр* болса, жатта қайғыр („ҚК. Х. Н.“). „Қасаң байтал екі *айғырды* аш етеді деген истанатқа Баршын қызды қалдырма („Алпамыс“).

АЙДА *ф. Жүргіз, алдыңа сал, жолға сал, жолға түсір, тарт жеңіңе, кет.* Неде болса бахытыннан көрерсең, *айда* аўылына (Ө. Хожанияз). *Айда* буны қарсыға қаман (Қ. Әўезов).

АЙДА-ЖЫЛДА *р. Анда-санда, нақан-саяқ, ара-тура, ҳәр ўақта.* Аўыл үйдің қонағы *айда-жылда* бір келеді („ҚК. Х. Н.“). *Айда-жылда* бір келіпсең, Ақ жүзіңді көрмеге (Қ. Аймбетов).

АЙДАЙ *кел. Ай сыяқлы, ай тақилетли, жақсы, сулыў, жүдә жақсы, айтыўлы.* Жарқырайды бетің *айдай*, Туўған анаң сенің қандай, Сөзің шийрин, тилің палдай, Перийзаттан артық келин (Бердақ). Ҳаслы қарақалпақ Қоңыраттың қызы, Биреўдің саклаған *айдай* жулдызы (С. Нурымбетов). ◇ *Айдай күтиў—Аўыс. асығыслық пенен күтиў, шыдамастан күтиў.* Бул да аз легендей, енди Сапардың келиўин *айдай күтип* жүрди (К. Султанов).

АЙДАЛА *ат. Алаңлық, ашықлық, майдан, елсизлик, адамсыз, елсиз, қула дүз.* Кеўли толып өз исине Жуманның, *Айдалада* көкти гезди қыялы (Т. Сейтжанов). Қыздың муның айтын жылап тынымсыз, *Айдалаға* кетти самал қаңғырып (И. Юсупов).

АЙДАЛЫЎ *ф. 1. Сүргинге кетиў, киси алдына түсиў, еркинен айырылыў.* Тил менен ок аттың, белің буўылып, *Айдалдың* сүргинге бәрҳа қуўылып (С. Нурымбетов). 2. *Жер сүриў, айдаў.* Арасынан универсал *айдалып*, қарықлары суўға толып жатыр тап (Т. Сейтжанов). 3. *Түйек айдаў.* Күн қызыўдан *түйек айдады* (Б. Кербабаев).

АЙДАР *ат. Белги, жас балалардың төбесине қойылатуғын бир тал шаш, тулым.* Маманның қалпағын алып *айдарынан* бир сүйди (Т. Қайыпбергенов). Халқын жыйып ҳаялына кеңесип, Ҳәр балаға *айдар* тағып, ат қойды (Л. Дабылов).

АЙДАРЛЫ *кел. Сәнли, салтанатлы, атақлы, дабаралы, айдары бар, тулымы бар, белгили.* Гә бир қайтпалардан *айдарлы* ушап кеме айдаған дарғашылар да айбынып өтеди (К. Султанов).

АЙДАРҲА *ат. 1. көйл.т. Әпсана-ертеклерде ушырасатуғын үлкен жылан мәнисинде қолланылады.* Шаршағанда ол кемпир, *Айдарҳаны* ат еткен („Қырқ қыз“). Арадан көп ўақыт өтпей-ақ тоғайдың қубла күн шығар тәрепинен бир үлкен *айдарҳа* ысқырып дем шегип келе берди („ҚҚ. Х. Е.“). 2. *Ауыс. Душпан, жаўыз. Айдарҳа* ийелеп саға, өрнеди, Талай заялғы маңлай терінди (А. Дабылов). ◇ *Айдарҳасы жутыў—жоқ қылыў, жеў.* Оны излеп барған адамды *айдарҳасы жутады*,.... (Қ. Аймбетов). *Айдарҳаның қанын шашыў—тамам қылыў, өлтириў.* Батыр аға мәрт майданға киргенде, Суўда ташты, *айдарҳаның* қанларын (Ж. Аймурзаев).

АЙДАРҲАДАЙ *кел. Айбатлы, жабайы, қорқынышлы, қәўипли, әжептәўир.* Ертектеги *айдарҳадай*, Лаўлатады қып-қызыл шоқ (Ж. Аймурзаев). Мартен печьлер аўызын кеңнен ашады, *Айдарҳадай* ысқырып от шашады (И. Юсупов).

АЙДАСПА *ат.* Берип алысыў, қатнас жасаў, жарыс, жақ жарыстырыў. Дәстурхан жайылып чайнек *айдаспа* басланды (К. Султанов).

АЙДАТЫЎ айдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЙДАЎ *ф. Алдына салыў, қуўыў, ығызыў, ағызыў, сүриў, меңгериў, басқарыў.* Көк өзек сағасын Гүлим байлапты. Түтинге бир адам қоймай *айдапты* (Омар). Аман қалмай усы ҳалға, Көп адамды салып жолға, Қазыўға *айдады* бәрҳа, Сүргиншилик болды быйыл (Бердақ). Шайырдың сүриўли қой, үйирли жылқы *айдағаны* барма? (К. Султанов). Қара терең урықлыны жайлаған, Сүриў-сүриў падаларын *айдағап* („ҚҚ. Х. Қ.“). Ортасынан жап жарып, Суўда *айдап* көрейик (Б. Қайыпназаров). Ҳаўадағы бөлек-бөлек қараўытып көринген күн батардан ескен ызғырық шамалдың *айдаўы* менен өрден-ыққа ығысады (Ә. Шамуратов). Фашистлердің *айдаўына* түскеннен кейин ғана дүньяға көз қарасында, қәтелескенин де биледи (Г. Есемуратов).

АЙДАЎЛЫ *кел.* Көп, бир топар, толы (мал). Сонда қайтып кетиў керек пе? Жоқ... Пәлен ўақытта куда түсип *айдаўлы* малға жесирин сатып алыў,—бул муҳаббат бағының нәзик гүлин терыў емес (К. Султанов).

АЙДАЎШЫ *ат. Меңгериўши, басқарыўшы, алдына салып жүргиўши.* Ол механик *айдаўшылар* курсын питкерипти (Т. Жумамуратов). Ақтамкердей бедеўин, Ары, бери жүргизип, Сол уақлары болғанда, *Айдаўшыға* берилди, Қашарманға жазған хат („Қырқ қыз“).

АЙДАҲАЙ *р. Тез, тезлик пенен, дәрриў, бирден, жалмажан, бадабад пенен, жедел менен.* Бир күнлери уллы сүрек тасланды, *Айдаҳай* бир колхозласыў басланды (И. Юсупов). Төреш дәрриў орнынан ушып түргелип, еки қолын жайып панды *айдаҳай* аўзына салып шайнаў менен болд (Н. Дәўқараев).

АЙДЫЛЛЫ қ. айдынлы.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АЙДЫН *ат.* *Ашықлық, көлат, жазықлық, тегислик, туўра жол, ашық, таза кеңислик.* *Айдын* көлден пайда жоқ, Газ болмаса көлинде („Ер Зийўар“). Ер Айқыз ҳәммеден бурын *айдын* шалқар ашық майланға шықты (А. Бегимов). Социализм - *айдын* гүзар, Бул гүзарға түскен озар (И. Юсупов). *Айдын* атызлар ақ алтын пахтаның жасыл жапырақларын жамылған (Ж. Аймурзаев). Аўыл емес елатыма, *Айдын* теңиз келатыма... (Омар). *Айдын* ай бағда гезбеге, Қоңыр салқын кешлер келди (Мәжитов).

АЙДЫНЛЫ *ат.* *Таўардың, шыттың түри, қосалы, өзгеше нағыслы, қосалы шыт, көбинесе ҳаял-қызлар басына орайды.* Турдыгүл *айдынлы* көйлегиниң жеңи менен көзин сыпырды (Т. Қайыпбергенов). Кир дегенде кирмей турман уялып, Түрменің сыртынан *айдынлы* шалып („ҚК. Х. Қ.“). Гейде *айдынлының* жийегин тислеп, Кеттиң көзден таса жийделик бетке (И. Юсупов).

АЙДЫН-ШАЛҚАР *кел.* *Үлкен, ушы қыйыры жоқ, көлатлық.* „Мына канал *айдын-шалқар* көлге усар, Гүмис суўы сағасынан молға усар (Т. Сейтжанов). Ғаңқылдасқан үйрек толы, ғаз толы, Көк шийшеден *айдын-шалқар* көл жатыр (Т. Сейтжанов).

АЙ-ЖАЙ: **ай-жай болыў** *ф.* *Жап-жақсы, ойдағыдай, тымтырыс, тынышлық, бәри өз орнында...* ал тоғайлар, атызлар даланлықлар *ай-жай болып* жасыл гилемин жамылып көркейип шыға келеди (Р. Тагор).

АЙ-ЖҮЛДЫЗ *ат.* *Ай, жүлдыз, аспан-ғалыўма тәбият көринисиниң атамалары.* Қызыл гүллер қырмызылар, Скверге жарасады, Ярым сениң ақ жүзиңе, *ай-жулдызлар* таласады (Ш. Мәмбетмуратов).

АЙ-ЖҮЗЛИ *кел.* *Айрықша сулыў, ай менен күндей.* *Ай-жүзли*, пал сөзли, дилбарым неге келмеди (Әжинияз). *Ай жүзи* күндей нурланып, Жүреги ҳаллас урған қыз (Б. Қайыпназаров).

АЙЙЕМ қ. **әййем.**

АЙҚАЙ *ат.* *Бақырыс, бадабад, шаўқым, көзаба.* Шыдай алмай жигитлер қуры *айқай* салады („Кырк қыз“).

АЙҚАРА: **айқара жамылыў** *ф.* *Кеселеп, қыя, кере.* Постының *айқара жамылып*.

АЙҚАС *ат.* *Урыс, жекпе жек, жәнжел, гүрес.* Жана турмыс ушын *айқас* жолында, Жүр едим, ол маған, жолықты онда (И. Юсупов). Қоблан көбикли менен жекпе-жек *айқаса* түседи (Н. Дәўқараев).

АЙҚАСЛАЎ *ф.* *Кабатлаў, бириниң үстине бирин қойып үйсиримў.* Жас тәлларди көгәрип ол байқаслап, Жайлы ушын еки қолын *айқаслап* (С. Нурымбетов).

АЙҚАСТЫРЫЎ *ф.* 1. *Қабатластырыў, бириниң үстине бирин қойыў, кесе тартыў, қосыў.* *Айқастырып* қолын, Хошласты да кетти Гүлим (А. Шамуратов). 2. *Уйықлап көз илиндириў.* Таң алдына шекем кирпик *айқастырма*, жатып, бир мәҳәлде көзимниң илинип кеткенин де билмей қалыппан (Ө. Хожаниязов).

АЙҚАСЫЎ *ф.* 1. *Гүресиў, төбелесиў, қарсыласыў, жекпе жекке шығыў.* Екеўи *айқасып*, бирин-бири ура баслады (Ж. Аймурзаев). Өлим менен *айқасып* талай қурбанларды көрген суўық жүрек жаўынгермен ғой (Қ. Султанов). 2. *Кесе тартылыў, өтлесиў, кесисиў, атанақ түсиў.* Мүйизлери *айқасып*, Хеш бири жол бермеди (И. Юсупов). Өкше тайысып, табан жылысып, *айқасқан* излер билинбей қалған еди (Т. Қайыпбергенов). *Айқасып* қалған қалың торағыл, шатлардың арасынан еңкейип өтиўге туўра келди (Т. Қайыпбергенов).

АЙҚУЛАҚ *ат.* *асир.* 1. *Нур ҳәм суў тамшыларынан пайда болатуғын формасы реңли ярым ай тақылеттеги атмосфералық қубылыс.* 2. *Адамлардың, жанлы-жаныўарларының қулағының артқы сүйек формасы.* Текениң сақалының астында уйықлап жатқан бир ғаррының көзине бир *айқулақ* түседи („ҚК. Х. Е.“)

АЙҚУЛАҚЛЫ *кел.* *Айдың қулағы бар нәрсе.* *Айқулақлы* сазан алып шақырсаң, Сол Дәў кемпир келер еди-аў үйге де (К. Султанов).

АЙҚУЛАҚТАЙ *кел.* *Айқулаққа усаған, яңлы.* Дәнди гилем ғейде таўыс нәриндей. Аспандағы *айқулақтай* қубылды (И. Юсупов).

АЙҚУЛАШ *ат.* *Ойынның аты, ески ойынлардың бир түри.* *Айқулаш, айқулаш*, Айға қарап қулаш аш, Айдан басқа ким керек, Айдан артық қыз керек („ҚК. Х. Қ.“).

АЙҚУШ-УЙҚЫШ *кел.* *Тәртипсиз, қалай болса солай, әйтеўир, кесесине, узынына.* *Айқуш-уйқыш*, тартылған сым темир (Н. Дәўқараев). Ериплериниң жарығы *айқуш-уйқыш*, токпақтай қара шашы уўдар-дуўдар (К. Султанов).

АЙҚЫН *кел.* *Ашық, анық, белгили, қайнақай, нақма-нақ.* Мәспатша дәстанында халықтың өткендеги турмысының *айқын* картиналары сүўретленген (Кирис сөз). Буған оның мынадай шын даналық сөзлери *айқын* дәлил (И. Сағитов). Оның мулайым ғамқоршыл жағымлы жайнаған жүзинде уллы қайырқомшылық пенен адамды өзине тартыўшылық белгилери *айқын* көринип турды (А. Бекимбетов).

АЙҚЫНЛАНЫЎ **анықлаў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

АЙҚЫНЛАСТЫРЫЎ *ф.* *Анықластырыў, ҳақыйқатластырыў.* Булардың барлығы Шолпанның образын *айқынластырып*, типик герой дәрежесине көтереди (Г. Есемуратов).

АЙҚЫНЛАСЫЎ *ф.* *Анықланыў, бир жолға, бир бағдарға*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

түсиў, анық болыў. Ондағы реалистлик бағдар *айқынласты* ҳәм әдебияттың тийкарғы сүўретлеў методы сыпатында қәлиплести (Б. Исмайлов). Қарақалпақ турмысының өзинде келип шыққан усы сыяқлы қарақалпақ әдебиятында да **класслы** жиклениў айрықша *айқынласты* (Б. Исмайлов).

АЙҚЫНЛАЎ **қ. анықлаў.**

АЙҚЫНЛЫҚ *ат. Анықлық, шынлық, ҳақыйқатлық, дурыслық.* Жийен жыраўдың қосықларының көркемлиги, сүўретлеў леринің *айқынлығы*, тилиниң түсиниклилиги, оның күшли шайыр екенин көрсетеди (Әд. хрест.).

АЙҚЫРА **қ. айқара.**

АЙҚЫРЫЎ *ф. Бақырыў, қышқырыў.* Мине завод биресе берди *айқырып*, Бир бақырды поезд оған тай турып (Т. Сейтжанов).

АЙЛАНА *ат. Қыр дөгерек, әтирап, жән-жақ, төрт тәреп.* Визиң командир бизди көзи менен бир шолып *айланаға* қарады (Әд. жыйн.). *Айланасына* үлкен мазмун топлаўы менен улыўма әдебиятымыздың жолын баслап жүрди (Г. Есемуратов). *Айлана* жийек қарайды („ҚҚ. Х. К.“).

АЙЛАНБА *ат. Бурылыс, жолдың айланып өтетуғын жери.* Танк жолдың *айланбасына* келгенде, оның шеп бүйири Куўаныштың ышанасына дәл келди (К. Досанов). Таўға өрмелеген *айланба* жолда, Барар жүйрик газик тоғайға қарап (И. Юсупов).

АЙЛАНБАЛЫ *кел. Айланатуғын, айланып ашылатуғын, айланып жабылатуғын. Айланбалы* есик.

АЙЛАНДЫРЫЎ *ф. Аўмастырыў, аўыстырыў, қыйсайтыў, бир затты екинши бир затқа өткериў, затты өз орнынан қозғаў, өзгертиў.* Алып шығып машинасын, *Айландырып* бурды басын (Ш. Артық). Әнейдей сыйырды ешкиге *айландырған* екен ғой, азаннан кешке шекем тек ғана 2—3 литр сүт береди,—деген еди... (Т. Сейтжанов).

АЙЛАНШЫҚЛАЎ *ф. Узаққа кете алмаў, иркилиў, гүйбеңлеў, гидириў, гибиртиклеў.* Гейбиреўлер үйлериниң ат арбасын *айланшықлап*, керек дәскелерин тақластырып жүр (А. Бекимбетов). Кемпир *айланшықлап* буларға қарай береди (А. Бекимбетов).

АЙЛАНЫС *ат.* Кирис-шығыс, есап-санақ. Ақша *айланысы*.

АЙЛАНЫСЫЎ *ф. Кириспиў, ҳәрекет етиў, қайырқомлық ислеў.* Арыў гүриниң салыўға *айланысқанда* тағы есик қағылды (Ө. Хожаниязов). Үй шарўашылығына *айланысып*, от басы кәткуда болып отырып қалды (К. Султанов).

АЙЛАНЫЎ *ф.* 1. *Дөңгелениў, бир нәрсениң өз әтирапында айланыўы, мийи айланыў, жер айланыў, дөниў, өзгериў.* Көзи тынып басы *айланды*, жүриўге шамасы жоқ (Б. Бекниязова). 2. *Дөгереклеў, төрт тәрепинен қоса жүрип өтиў.* 3. *Өзгериў, дөниў.* Рахманийдан көрген түслер, оңға *айланып* бизиң ислер (А. Дабылов). Оны уйықлатыў ушын дәстүрге *айланып* кеткен нама ырғағы менен ҳәйиўлеў (Э. Тәжимуратов).

АЙЛАНЫШ *кел. Узақ, бурыў, шарым, айланшық.* Аркан бойы *айланышты*, түсаў бойы төтелеген бар („ҚҚ. Х. Н.“). *Айланышта* болса жол жақсы, жаманда болса қыз жақсы („ҚҚ. Х. Н.“).

АЙЛАП *р. Айлар бойы, көп ўақытлар.* Сонлықтан суў тасыў мәўсиминде қайыққа мүтәж аўыл бир-бирине еки-үш *айлап* катнаса алмады (К. Султанов).

АЙЛАС *ат. Бирге, бир ўақытта, бир ўақытлы. Айлас* қатын-мунлас („ҚҚ. Х. Н.“).

АЙЛАЎ *ат. Ат жарысының белгили бир муғдардағы шаўып келетуғын ямаса шаўып өтетуғын жер өлшеми.* Еки *айлаў*, Бес *айлаў*.

АЙЛЫ *кел. Айы бар, ай жарығы түскен түн, айлы түн.* Тумлы түсин түрли гүл басқан, Суп-суўлыў, *айлы* көшеде (Б. Қайыпназаров). ◇ **Айлы түн**—*ай жарығы түскен түн.* Ол көкиректин жайқыйтын ашып, күпа-күндиз көз алды бүлдыр, *айлы түн* тас қараңғы болған ўақытларын бир дәс умытқан тәризли, маңлайын самалға тосып, маңқыйып киятыр (Ө. Хожаниязов).

АЙЛЫҚ *ат.* 1. *Ақша, пул, ис ҳақы.* Ведомость бойынша *айлық* алыў. 2. *Ўақыт, мезгил, муғдар.* Жаманға түн де қараңғы, күн де қараңғы, ошақтың уш-пушы үш *айлық* жол („ҚҚ.Х.Е.“).

АЙЛЫҚЛЫ *кел. Айлығы мол, айлығы бар, айлығы көп.*

АЙЛЫҚШЫ *ат. Айлыққа ислеўши, айлық алыўшы.* Миллионлаған дийханлар алпаўытларға барып, күнликши, *айлықшы* болып аз ҳақы менен ис қылатуғын еди (К. Ирманов).

АЙМА-АЙ *р. Ай сайын, ҳәр айда.* Күн сайын көркейип, өсип *айма-ай*, Өшпес бахыт нурын шаша баслады (С. Нурымбетов).

АЙМАҚ *ат. Бир беткей жер, әтирап, дөгерек, өз алдына бир бөлекленген көлемли жер, бир топар қонысласқан халық.* Айпалайын *аймағым*, шөллегенде суўсыным („ҚҚ. Х. Қ.“). Қызды орады мамыққа, Бағыў ушын май, қаймаққа, Билдирмей аўыл- *аймаққа*, Өз ислерин еткен екен (Бердақ).

АЙМАЛАЎ *ф. Әлпешлеў, еркелетиў, жубатыў, алдастырыў, сыйпалаў, қәдирлеў.* Сол уядан түлегенмен ушқанман, Талай даўыл *аймалаған* төсимди (И. Юсупов). Ҳал-жағдай сорап меннен *Аймалады* өз анамдай (И. Юсупов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

...оның атлас көйлегінде балқып турған көкірегін *айналады* (Айбек).

АЙМАНДАЙ *кел. Тап-таза, пәкизе, кеўилдегидей, тептегис, бир тегис, тап-тақыр, мыстай.* Үйдің дөгереги *аймандай*, тап-таза етип қойылды, ...(„Жеткиншек" г.).

АЙНА *ат.* 1. *Бир нәрсени көриўге арналған зат, көргиш, әйнек. Айна* керек болса жүзиң көриўге, Суўда керек жасап өмир сүриўге (Әд. ал.). 2. *Жайға қуратуғын зат, әйнек. Айна* алдында қоцыр тартсада, халық алдында жүзлериң жарқын (Г. Есемуратов). Инженердиң *айнасынан*, Түнлерде сөнбес жақты (И. Юсупов).

АЙНАДАЙ *кел.* 1. *Таза, тап-таза, гирбиңсиз, гүмансыз.* Уялған тек турмас дегендей етигиниң тумсығы менен сырлы еденниң *айнадай* жүзин қыршыды (А. Бекимбетов). 2. *Айнага усаған, айна яқлы.*

АЙНАЛА *қ* айлана.

АЙНАЛАЙЫН қ. айнанайын.

АЙНАЛДЫРЫЎ қ. айландырыў.

АЙНАЛМА қ. айланба.

АЙНАЛШЫҚЛАЎ қ. айланшықлаў.

АЙНАЛЫ *кел. Айнасы бар, айна салынған, айна орнатылған.* Қапталындағы *айналы* сандық менен оның үстиндеги қаршының нағыслары қолдан терип байлаған гүл дәстедей жалт-жулт етеди (К. Султанов).

АЙНАЛЫП-ҮЙИРИЛИЎ *ф. Қайырқомлық көрсетиў, пәрўариш етиў.* Қапталына келген ақ тазыны *айналып-үйирилип*, еки көзин сыйпап тур (К. Султанов).

АЙНАЛЫСЫЎ қ. айланысыў.

АЙНАЛЫЎ қ. айланыў.

АЙНАЛЫШ қ. айланыш.

АЙНАНАЙЫН *т. с. Адамның биреўди жақсы көрип өзине тартыў сезими.* Айнанайын аппағым, Қозы жүни қалпағым (Қ. Айымбетов). Перзентиндей күлип оған дер елжиреп: *айнанайын* (И. Юсупов).

АЙНА-ТАРАҚ *ат. Хаял-қызлардың керек жарағы, айнасы, тарағы т. б. заплары. Айна менен тарақ* бар, Алмасаң да қарап қал („ҚҚ. Х. Н.").

АЙНЕ қ. әйне.

АЙНЕК қ. әйнек.

АЙ НУРЫ *ат. Ай сәўлеси, ай жарығы.* Екеўиде қумар етер түн гезип, *Ай нурына* жүзи гүл-гүл жаныпты (Т. Сейтжанов).

АЙНЫМАҒАН *кел. Дал өзи, усаған, тап өзиндей, өзгермеген.*

АЙНЫМАС *ф. Өзгермейтуғын, бир турысында туратуғын, айнымайтуғын, өзгермес, беккем.* Көптиң бири болып Ақшолпан фронтқа кетер алдында Палман менен байласқан *айнымас* үәдени берик услайды (Г. Есемуратов).

АЙНЫМАЎ *ф. Өзгермеў, өз қәддинде турыў, дал өзиндей болып қалыў, бузылмаў.* Ҳаўаның суўықлығы да аямәўиздиң *айнымаған* бир күни болып тур („Әмудәрья" ж.). Келбети келискен ақ жүзли, қара көзли, сиқлисинен *айнымай* қалған (А. Бекимбетов).

АЙНЫТЫЎ *ф. Өзгертиў, бузыў, сөз бериў, басқа жаққа дөндириў.* Ҳаялын *айнытып* жүргениде ырас, өтиниңиздиди питирмесең көрермиздағы, деп кеткени де ырас (К. Ирманов).

АЙНЫЎ *ф. Өзгериў, таныў шығыў, сөзинде турмаў, айнып кетиў, бузылыў.* Ашыған қамырдай *айнып* тура қалады (Ж. Аймурзаев).

АЙ-ПАЙ: **ай-пайына карамаў** *р. Әйле-пәйлесине қарамаў, олай-булайына қарамаў, тезлетиў.* Айтбайдың *ай-пайына қаратпай*: Ақпатшаның қәмирине муўафық мәрдикарға алыпты, жақында кетесең—деди (М. Дәрибаев).

АЙПАП-ЖАЙПАЎ *р. Басқылаў, жайлап-таслаў, бүлдириў.*

АЙРАҚ-ТАЙРАҚ *ат. Қалай болса солай, әйтеўир, нәрықсыз, иретсиз, тәртипсиз, жәнли-жәнсиз.* Сонлықтан оны *айрақ-тайрақ* етип жазылған қол жазбалар қорқытты (Ю. Леонтичев).

АЙРАЛЫҚ *ат. Жудалық, интизарлық.* Күтилмеген *айралықтың* азабы. Қайыспастай жас кеўилге дәрт салды (И. Юсупов). Еки ашық бир қосылып жүре алмай, *Айралықтан* бири-бирин көре алмай (А. Дабылов).

АЙРАН *ат. Ағарғанның бир түри, қатықты писип майын алғаннан кейингиси. Айран* тилеп келипсең, шелегинди жасырма /„ҚҚ. Х. Н."/

АЙРАН-ШАЛАП *ат. Ағарған туқымы, қатық, сүт, сыў қосылған ағарған.* Күни менен жол қаққан жолаўшылар *айран-шалапқа* қайыл /Х. Сейтов/. Буяқтағы көрген қорлықазап шай орнына ишкен *айран-шалапты*, Кушақласып айтатуғын күн қайда? (Күнхожа).

АЙРЫ *ат. Темир жаба, еки ямаса 3-4 тисли, айры тис, ушы еки айры.* Чайды қой, пәтирди қой, қолыңа *айры*, арқан ал (Әжинияз). ◇ **Айры киби**—*айры сыяқлы, мегзес.* Айыўға мегзейди еки бармағы, *Айры киби* сүйри еки бармағы /Омар/. **Айры өркеш**—*айры өркешке усаған. Айры өр-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

кеш, келбетиң зор, Көп жас миниң курыпты тор, Қартайғанда болыпсаң қор, Заманында түйе екенсең /Күнхожа/.

АЙРЫҚША *р. Өз алдына, ерекше, бир бөлек, өзгеше, кеўил аўдарарлық, бөлекше.* Батыр туўған атадан, *Айрықша* туўған анадан, Айдос деген бабамыз, Ханды көзге илмеди (Бердақ). Көпшиликтиң арасынан әлле биреўдиң даўысы *айрықша* шықты /Ө. Айжанов/.

АЙРЫҚШАЛЫҚ *ат. Өзиншелик, өзгешелик, басқалардан айырылып турыўшылық, бөлекше бир қәсийет.* Қарақалпақ халық шайырларының Ленин ҳаққындағы қосықларындағы кеўил бөлерлик бир *айрықшалық*... (Әд. хрест.). Дәстанның көлеми, *айрықшалығына*, атқаратуғын жыраўдың творчестволық өзгешеликлерине байланысқан болады (Қ. Мақсетов).

АЙРЫЛМАС *кел.* Айрылмайтуғын, беккем, өзгермейтуғын, ажыралмас, бөлекленбейтуғын, тығыз. Шамурат пенен Гриша *айрылмас* дос еди (Қ. Досанов). Суртайшадан бул қайғымды алыңлар, *Айрылмас* басына қайғы салыңлар („Қырқ қыз"). Бәдбахыт жигит бий болса, аўызы *айрылмас* парадан (Қ. Айымбетов). *Айрылмастай* достыңа қайрылмастай сөз айтпа /„ҚҚ. Х. Н"./.

АЙРЫЛСА *сл. Айрылып қалса егер, айрылып қалған жағдайда.* Ол жигит кетти тезме-тез, Ўсы болсын деп бир сөз, Жастан *айрылса* деп көз, Бир ойды ойлаған екен /Бердақ/.

АЙРЫЛЫСЫЎ *ф. Бөлеклениў, ажырасыў, ҳәрким өз алдына кетиў.* Ертеңги *айрылысыў* екеўимизге де аңсатка түсип киятырған жоқ (Г. Изимбетов). Көрсе қызар минезим жоқ, Ханзада деп Әжинияз кем-кем ашылыса баслады,—туўры келиўге қасымдағы жолдасларымнан *айрылыса* алмадым К. Султанов).

АЙРЫЛЫЎ *ф.* **1.** *Айра түсиў, ажырасыў, бөлеклениў, намыссызланыў, жеккелениў, еки тәрепке кетиў.* Апаңнан *айрылып* ишим жанады („ҚҚ.Х.". Қ") *Айрылды* жарлылар суў менен жерден, Нан сорап тентиреп жөнелди елден (Әд. аль.). „Маркс" жантың көпирине жетпей-ақ, арқа бетке *айрылған* арба жол менен туўры Андреев атындағы колхоздың 3-бригадасына қарап жүрди /А. Бекимбетов/. **2.** *Жоқ болыў, өлиў, тамам болыў.* Сум душпанлар түсип мениң арама, Арыслардай жан ағамнан *айрылдым* („Қырқ қыз"). Денемиз қақ-қақ жарылды, Табанымыз *айрылды* (Әд. хрест.). **3.** *Айрықша қуўаныў, кеўиллениў.* ...жаңағы Сержан жүреги тарса *айрылып*, соның хабарын айтыўға келген ғой (Т. Қайыпбергенов). **4.** *Ес-түси кетиў, есинен айрылыў.* „Ўақ!" деген даўыс шыққаннан-ақ Тимур ес-түстен *айырылып* қалды (Л. Бекимбетов). ... көл ишинде *айрыла* көзге түсетуғын аппақ сән берип турды (Т. Қайыпбергенов).

АЙСЫЗ *кел. Ай батқанда, ай туўмай турғанда, қараңғыда. Айсыз* түнде жол жүриў қандай қыйын (Ө. Айжанов). *Айсыз* қараңғы түнлердиң бири еди (Әд. хрест.).

АЙТ *ат.* **1.** *Байрам, мереке, той-тамаша. Айтлар айтлап*, тойлар тойлап жүргенде, Бизиң елдиң келинисең деген сөз. Ата-анам қулағымнан кетпейди /„Алпамыс"/. Маржан шытақ орнатқанда, Салланып *айтқа* шыққанда, Жилектен сайлап таққанда, Шаш баўларын үзип қойды („ҚҚ.Х.Қ".). **2.** *Фейилдиң буйрық түри.* Мейли, бирақ тез *айт*! (Л. Әлиев.).

АЙТА-АЙТА *ф. Қайта-қайта айта бериў, тәкирарлап айтыў.* Басында болмаса тағын, *Айта-айта* талар жағын (Бердақ). Оқып шықтым қайта-қайта, Жүрдим оны *айта-айта*, Көп ойладым деппе қәте, Тарийхын билмеген едим (Бердақ).

АЙТАЖАҚ *кел. Айтатуғын, бурыннан айтыў ушын таярлап жүрген. Айтажақ* сөзин бирден айттырмаған соң Атамурат дәслеп албыраса да, соң өзин биледи (Т. Қайыпбергенов). Патша қылышын шабыўға таярлап, *айтажақ* сөзиңди тезирек айт"—дейди („ҚҚ Х. Н.").

АЙТАҚЫР *ат.* **1.** *Алаңлық, далалық, майданлық, кең жазықлық.*—Ушы *Айтақыр*—ушы қыйры менен шет шебирине көз жеткисиз, Шелпеклиниң даласы (Ө. Хожаниязов.) **2.** *Жоқшылық, кемтарлық.*

АЙТАР *ф. Айтатуғын, айтажақ.* Ғарры Шерипке *айтар* сөзин айтып болды (К. Ирманов). *Айтарымды* айттым да, өзимди әўелгиден бир қанша жеңил сездим (Ө. Хожаниязов).

АЙТАР-АЙТПАС *р. Еки ойлы, гүмилжи, иркилип қалыў, ойланыў.* „Ага" деп гүмилжип *айтар-айтпастан*... (Б. Исмайлов).

АЙТАР АЎЫЗ *ат. Дерлик, айтарлық.* Ақсақалдың еситер қулаққа *айтар аўызға* уят, бул сөзинен пүткил халық жеркенди (Әд. хрест.).

АЙТАРЛЫҚ *ат. Айтатуғын, айтажақ, жүдә жақсы кеўилдегидей.* Келиңсиз батыр булманға, *Айтарлығың* барма ханға? Деп бир саўал қойған екен (Бердақ).

АЙТАРЛЫҚТАЙ *кел. Сондай, кеўилдегидей, айтыўға турарлық, сөз етиўге арзығандай, жүдә ойдағыдай.* Ол Кәмекбайды *айтарлықтай* жақсы көрмейди (Ж. Аймурзаев). Келген хожалықлардың аўҳалы *айтарлықтай* болмады (Ж. Аймуразаев). Аз емес бизде де көп жетискенлик, *Айтарлықтай* салтанатлы күн келгенде (И. Юсупов).

АЙТАТУҒЫН *кел. Айтажақ, айтыў керек, айтайын деген.* Ол ҳаплығын *айтатуғын* сөзлерин дурыслап айта алмай атыр (Ө. Хожаниязов). Ҳәй жүўернемек каткырдың *айтатуғын* сөзине қара! (Ө. Хожанов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АЙТЕЎИР *К. әйтеўир.*

АЙТҚАНДАЙ *т. с. Айтпашақ, айтып қалдырғандай, көбинесе кириспе сөз ретинде қолданылады.* М. Горький *айтқандай*-сөз сағасы фольклорда (Қ. Айымбетов).—*Айтқандай*, усы Медет сен неге почта болып ислемейсең, екибастан қолың бос, саған сол қайым ғой (Ө. Хожаниязов).

АЙТҚЫЗЫЎ *айтыў* фейилиниң өзгелик дәрежеси,

АЙТҚЫЛ *ф. Айт, айтатуғын гәпиңди айта бер, айтсеш, айтсаңа.* Ойлап Бердимурат *айтқыл* сөзиңди, Көтермей лап етип қуры өзиңди, Қызартпағай сениң биреў жүзиңди, қолдан келсе хызмет еткил халық ушын (Бердақ).

АЙТҚЫСЫЗ *кел. Айтып болмастай, айта алмастай, айтатуғыны жоқ, жаман, болмайтуғын.* Адамзатқа *айтқысыз* ўақыя болды. Енди маған бир ҳәлийсе көринди (Омар). Сатылған бий аталықлар мийнеткеш халыққа адам *айтқысыз* зулымлықлар иследи (И. Сағитов).

АЙТҚЫШ *кел. Айта беретуғын, айтып беріўши, дағазалап турыўшы, айтыўға қуштар адам.* „Нәўпир *айтқыш*" ортада бирден жарқ етер, Шаңпат қырғаўылдай түргелип кетер (И. Юсупов).

АЙТЛАЎ *ф. Айт айтлаў, той тойлаў мерекелерге барыў.* Айтлар *айтлап*, тойлар тойлап жүргенде, Бизиң елдиң келиниси деген сөз, Ата-анам қулағымнан кетпейди („Алпамыс").

АЙТПАҚЛЫҚ *ф. Айтыў кереклик, айтыўға тийислилик, айтыў лазымлық, дәркарлық.* Анда бул сөзди халайық. *Айтпақлық* бизге ылайық, Барлығын жәрия қылайық. Өтти қызықлы күнлерим (Бердақ).

АЙТПАҚШЫ I *м. с. Айтқанбай, айтпашақ, умытыппан-ау, айтатуғын сөзи бар.—Айтпақшы*, оның жырын сен тыңламақшы мен айтпақшы едим-ау, —деп Палўанның есине түсип (Ө. Айжанов).

АЙТПАҚШЫ II *ф. Айтажақ, айтатуғын.*—Мен де усы мәселе жөнинде *айтпақшы* едим, бирақ ол меннен бурын айтты (Ө. Хожаниязов).

АЙТПАҚШЫ III. *қ. с. Айтпашақ, айтқандай. Айтпақшы*, сен бизиң арзаны умытып кеткениң жоқ па?—деп Сержан оның сөзин бөлди (Т. Қайыпбергенов)

АЙТПАС: **айтпас сөз** *кел. Айтпайтуғын, айтажақ емес. Айтпас сөз* усы еди, Айттырыўшы сен кеўлиме (Әжинияз).

АЙТСА *ф. Айтып берсе, хабарласа, егер айтағойса, десе.* Турсынгүл менен барайын деп неше ирет *айтсада* анасы тыңламай кеседи (Ә. Алиев).

АЙТСАМ *ф. Егер айтсам, айта ғойсам, хабарласам.* Тени жоқ *айтсам* сыпатың, Оқып билдиң немер хатын (С. Нурымбетов).

АЙТТЫРЫЎ *ф.* 1. *Хабарлаў, билдириў.* 2. *Сөз салыў, мәлимлеў,* 3. айтыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЙТЫЛЫЎ *ф. Сөйлениў, гәп болыў, хабарланыў. Айтылды* бул қосық сизге, Ашыўланба енди бизге, Шығарайын айтып сизге, Билесең бе Өтеш мүйтен (Бердақ). *Айтылған* сөздиң булжымай орынланыўын талап етти (ҚҚ. Р. С.).

АЙТЫМ *ат. Тойларда, беташарларда, қыз-жигит отырысларында айтыстың түрлери, өли өлген жерде жоқлаў (айтым) айтып жылаў т. б. жағдайларда қолланылатуғын сөз. Айтым* айтқан қәнигиңди, сыйла, сыйлама өзиң бил („ҚҚ. Х. С. Ж".).—Қәне, *айтым* айтатуғынларыңыз бар ма? („Әмўдәрья" ж.).

АЙТЫНЫЎ *ф.* 1. *Өз-өзинен сөйлениў, өзи менен өзи болыў.* 2. *Кеўлиндеги зарық шығарыў, дебдиўин басыў, ишиндеги дәрти тарқатыў* Екеўи де жүрегиндеги қайғы-шер ҳәсиретин ҳәм сарсық дебдиўин *айтынып* жылады (К. Султанов).

АЙТЫС *ат. Аўыз әдебиятының бир түри.* Усындай ҳәзил *айтыстан* кейин Бердақ пенен Өтеш шайыр екеўи қатты дос болады (И. Сағитов).

АЙТЫСЫЎ *ф. Ўәжлесиў, дәлиллесиў, бир-биреўге жуўап қайтарысыў, сөйлесиў.* Үшеўи узақ ўақыт *айтысады*, жеңисе алмайды („ҚҚ. Х. Е".). Арза жазаман, азап бергени ушын *айтысаман* (Ж. Аймурзаев). Чай ошаққа малдың тезегин танлырдай қалап, дөгереклеп боз балалар жаңылпаш жумбақ *айтысып* отыр (К. Сўлтанов).

АЙТЫЎ *ф. Сөйлеў, хабарлаў, мәлимлеў, сөйлеп бериў, айтып бериў.* Ала-ғула деменеиз, атың *айтып* қойманыз (Қ. Айымбетов). „Мен де турман оның не" деп сора бир, Теңиз *айтар* „суқгин маржан ала бил" (И. Юсупов). Оразгүл бир нәрсе *айтқысы* келди,.. (Т. Қайыпбергенов).

АЙТЫЎ-БАЙРАМ *ат. Той-мереке. той-тамаша, ўақты хошлық.*

АЙТЫЎЛЫ *кел. Атақлы, аты шыққан, даңқлы, дабаралы.* Толыбайдың Нәдири, *Айтыўлы* ең атақлы, Палўанлардың бири еди (А. Дабылов).

АЙТЫЎШЫ *ат. Сөйлеўши, сөйлеп беріўши, хабарландырыўшы. Айтыўшы* ақыллы болса, тыңлаўшы да дана болады ("ҚҚ. Х. Н".). Еситкенин асырып, бөрттирип *айтыўшылар* да жоқ емес, „Қайыптың үйине күйеў бала,—Ержан келген қусайды (К. Султанов).

АЙТЫЎЫНША *р. Оның сөзине қарағанда, соның хабарлаўынша, хабарлаўы бойынша.* Сараның *айтыўынша*, ийшан Қулбай маллары ҳәм қатынларын дәрьяның жағасына алып келгенде тек бир ғана кеме бар екен қулласы (С. Айний). Оннан соң жанағы газын даўлап келген пуқараның *айтыўынша* бул жақта мерген көп болса керек (К. Султанов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АЙЎАН *ат. Өжирелердің бир қапталынан ямаса кирген алдынан исленетуғын үлкен сыпалы ямаса сыпасыз жай.* Түнерип турған *айўанның* иши бирден жаркырап кетти (А. Бекимбетов). *Айўан* астында Шамурат биразға шекем хабарласатуғын биреў болар деп күтип отырды (К. Досанов). *Айўандағы* сыпанын үстине жақсылап төсек салынды (А. Әлиев). Оразбай келиншегин ертип *айўанға* шықты (А. Бекимбетов).

АЙЎАН-ЖАЙЎАН *Р. Тәртипсиз, қалай болса солай, кейўилдегидей емес.* Үйдиң иши ала-сапырлы *айўан-жайўан* болып қалды (Ж. Аймурзаев). *Айўан-жайўан* болған, берен-зереңге, Дуўшар болдым қызыл шеңгел ҳәремге (А. Дабылов).

АЙҲАЙ *т. с. Бәрекелле, япырмай.* Сәўир сәнли қыс, жаўза жары қыс, *Айҳай* саратан сеннен де қоркаман („ҚҚ. Х. Н“.). *Айҳай* бир топ сағыйралар, қашан есиң енер сениң (С. Мәжитов).

АЙШЫ-ӘШИРЕТ *ат. Уақты хошлық, ойын күлки мәслик, той-тамаша.* Қыз бенен отырсаң күпыя жайда, *Айшы-әширет* етсең тиллә сарайда (Әжинияз). Дуньяның *айшы-әширети.* Жесең жаның рәҳәти, Жәннетке мегзер сыпаты, Бостаныннан Қулен болыс (Бердақ).

АЙШЫҚ *ат. Бурынғы ўақларда ҳаял-қызлардың безениў ушын өңирине тағатуғын затларының бир түри.* Қубылжытып нағыс ойған алқымдағы *айшық* сүйек, Сүйементтей саўры бетке омыраўдан түсти қулап (И. Юсупов).

АЙШЫЛЫҚ *кел. Бир айлық, бир ай шамасындағы ўақыт. Айшылық* жолды атлаған, Қара торы тулпары („Қырқ қыз“). Менде сыбыр-сыбыр, турдым да қаштым, Алты *айшылық* жол астым („ҚҚ. Х. Қ“.).

АЙЫ *ат.* **I.** *Күни, ўақты, мезгили.* Салқын тарткан гүз *айының* таңы оның шаршаған ыссы денесине жағымлы тийди (А. Бекимбетов). Март *айының* төбеси көриниўден Наўрыздың қары жаўды. **2.** *Жағдайы, шамасы, тәғдири, адамлар арасындағы бир-биреўге болған мүнәсибет.* Халықтың хан алды *айын,* Дәртлер күн сайын уласып (Бердақ). Неде болса меннен *айы* алынды („Мәспатша“). Шаршады, *айы* алынды, Булдыраң алды көзиниң (Б. Қайыпназаров).

АЙЫҒЫЎ *ат. Дүзелиў, тәўир болыў, жазылыў, келеге келиў, жақсарыў, қәддине келиў.* Көп кешикпей ол усы аўырыўынан *айықты* (Ө. Айжанов). Мүлгип отырған Еримбет шоршып түсип, мәсликтен *айықты* (Қ. Айымбетов). —Ярым турың жайдан, жатқаның қула майдан, *айығың* уйқылап („Мәспатша“).

АЙЫ-КҮНИ *ат. Уақты, мезгили.* Көриплер бул ҳасыл затты, Еситиплер илтифатты, Қадир ақшам толғатты, *Айы-күни* толған екен (Бердақ). Бирақ оған дейин *айы-күни* жақыплап қалған еди, аўылда жас босаныў қолайсыз болғанлықтан Шымбай қаласындағы туўыў үйине кетти (Ө. Айжанов).

АЙЫҚТЫРЫЎ **айығыў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЙЫЛ *ат. Телетиннен исленген, минис көлигин ертлегенде оның белинен шалатуғын (орайтуғын ямаса белинен байлайтуғын), ер аўмас ушын оны беккемлеп көликтиң аркасына таңып қойыў ушын арналған қурал-сайманларының бири.* Атларға ерди салайық, *Айылды* беккем шалайық („Қырқ қыз“). Артқы *айылдың* батканын ийеси билмес ат билер („ҚҚ. Х.“ Н. ◇ **Айылын жыймаў**—*тартынбаў, дәрпенбеў, қорықпаў, сескенбеў уялмаў, жыйналмаў.* Әкемде үн жоқ, айыбын әбден мойнына алған сыяқлы, оның менен апам *айылын жыймады* (К. Смамутов).

АЙЫЛДЫРЫЎ **айыў** фейилиниң өзгешелик дәрежеси.

АЙЫЛЛАЎ *ф. Айыл тартыў, айыл менен, шалыў, беккемлеў.* ...еки жерден *айыллап,* беккем ертлеп алады („Мәспатша“).

АЙЫЛЫЎ **айыў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

АЙЫП *ат. Ерсилик, гүнакарлық, ҳәдден тыс ҳәрекет, келиспейтуғын ис, қәтеси, гүнасы, кемиси, ҳәрекет, жаман ис, жаман қылық, жаман әдет, жазығы, қылмыс.* Ағалар сөзимди көрменлер *айып,* Кисини айтпайман сыртынан сайып,.. (Бердақ). Ҳаў гүбелек, мақтанасаң шалқайып, Билмей турып кемис тапсаң бул-*айып* (И. Юсупов). Адасканның *айыбы* жоқ, қайтып үйирин тапқан соң („ҚҚ. Х. Н“.). Бир *айыбы* базар жайдың жанасы (Т. Сейтжанов). ...*айыбы* ушын кеширимсораған (А. Бекимбетов).

АЙЫПДАР *ат. Айыплы, гүналы, қылмыслы, гүнакар. Айыпдар* адам.

АЙЫПКЕР *ат. Гүналы, айыплы, қылмыслы, айыпдар.* Жоқ мен айыпсыз *айыпкермен* (А. Бекимбетов).

АЙЫПКЕРЛИК *ат. Гүнакарлық, айыбы барлық, қылмыслылық.*

АЙЫПЛАНЫЎ *ф. Гүналы болыў, қылмысланыў, ат тағылыў.* Хан алдында *айыпланып,* Қанлы ларға қайымланған (А.Дабылов). Қылмыс заңының 59-статьясының 8-тармағы менен *айыпланған* азамат Дәўлетбай Пирекс улы менен,.. (Қ. Ирманов).

АЙЫПЛАЎ *ф. Гүналы етиў, жазықлы етиў, қылмыслы деп есаплаў.* Китабы өтпей жатса магазинде, *Айыплап* оқыўшыны күнде сөкти (И. Юсупов). „Ал биз болсақ оның кеўлиндеги қайғы ҳәсиретлерин билип алмастан бурын оны *айыплап* отырмыз“ (Р. Тагор).

АЙЫПЛЫ *кел. Гүналы, жазықлы, қылмыслы.* Молланың ҳүкими орынланып, *айыплы* балалар паллаққа асылып атыр

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

(Ә. Шамуратов). Бирақ өзин ол ушын *айыплымаң* деп есапламайды (А. Бекимбетов).

АЙЫПСЫЗ *кел. Гунасыз, жазықсыз, айыбы жоқ, қылмыссыз.* Алыс жерге сапар тартсаң, жаманларға жолдас болма, *айыпсыз* адам болмас өз айыбыңа жыла („Мәспатша"). Жоқ мен *айыпсыз* айыпкермен (А. Бекимбетов).

АЙЫРАҒАШ *ат. Айыр ағаштан исленген сырық, жер өлшейтуғын ағаш.* Қыстың өзи жети ағайин, *Айырағаш* пенен сегиз („ҚҚ. Х. Н".).

АЙЫРБАҚАН *ат. Еки ағашты айқастырып көмилген белги, ушы айры болып турады. Айырбақанды* курды, Оған бирин асылдырды, Қасына жүўен илдирди, Бир ырымды еткен екен (Бердақ.).

АЙЫРМА *ат. Парқ, өзгешелик, басқалық, белги.* Ал мениң хат деген хатларымның да булардан ҳеш *айырмасы* жоқ (Ә. Шамуратов).

АЙЫРМАШЫЛЫҚ *ат. Өзгешелик, басқашалық, айрықшалық...* Ол үйлеслик пенен үйлесиў арасындағы *айырмашылықты* абайламады (Р. Тагор). Сондай-ақ намаларда *айырмашылық* бар (Н. Дәўқараев).

АЙЫРЫМ *р. Бөлек. өз алдына. базыбир, гәбир, нәкан саяқ.* Қаракалпақ жерине хызметке келген, келип ислеген *айырым* рус адамлары да үлкени үйрениў менен шуғыллана баслады (Б. Исмайлов). Ҳәркимниң хожалығы *айырым*, өзлерине дәрек бөлмеси болады (Т. Қайыпбергенов).

АЙЫРЫЎ *ф. Бөлиў, еки жақка жибериў, сортлаў, жақсы-жаманын, ақ-қарасын, ҳағын-наҳағын билиў, шығының айырыў, басқа бағдар алыў, жыртыў, өзгеше бир тус алыў,* Екеўин *айырып* байлады да, асығып, үйге кирди (Т. Қайыпбергенов). ...қамысты қақ *айырып* таяў басып Айқыз киятыр (Л. Бегимов). Қара түнди қақ *айырған* жулдызым, Суў түбинен шыққан ҳасыл қундызым („Қырқ қыз"). Дәрбийке баласы Хожамберген екеўи кешник толы дәнди ала бүйреги менен ушығынан *айырып* геўзеп отыр (К. Султанов). ◇ Ақ-қарасын айырыў—*анықлаў, ҳақлығына шығыў. Айырып ақ-қарасын* мәселениң, Темирдей принципке тутты рас (И. Юсупов). Бет пердесин айырыў-*маскара етиў. Бет пердесин айырып*, етиў керек маскара (Әд. хрест.). Айра түсиў—*айырылыў, бир нәрседен айырылып қалыў, жуда болыў, зарығыў. көрисе алмаў.* Базы-биреўлер *айра тусти*, Сүйгилиқли сәўер ярдан (Ж. Аймурзаев).

АЙЫЎ *ат.* 1. *Жабайы ҳайўан.* Жалғызлық пенен азлықтың, дәўири кетти келмеске, Бөлинсең бөри айрылған, Адамды *айыў* жемеспе (И. Юсупов). 2. *Дузеў, жазыў, оңлаў, жеңиў.*

АЙЫЎДАЙ *кел. Айыўға усаған, айыў сыяқлы, жыртқыштай, жабайыдай.* Менин атым басқа бир атты көрсе *айыўдай* ақырып киснейтуғын жылқы еди (Әд. жыйн.). Шоңқайған *айыўдай* қара зил қабақты аркалап суў тасып, ақ отаўға қарай қайқаңлап баратырған келиншеклер... (К. Султанов).

АЙ-ЯЙ *т. с. Таңланыў, суйсиниў, қайыл болыў, қайыл қылыў, өкиниш. Ай-яй* сол бир жүз терек, Жиберместен түслик аска (И. Юсупов).

АКАДЕМИК *ат. Илимий атақ, ең жоқары илимий дәреже, Илимлер академиясының ҳақыйқый ағзасы. Академик* Айбек шайыр, Ғафурдай, Ҳәр бир сөзи тобылғының торындай (К. Султанов).

АКАДЕМИЯ *ат. Ең жоқарғы илимий мәкеме.* Илимлер *академиясының* сессиясы.

АКАЦИЯ *ат. Теректиң бир тури, гүллейди, ақ гүлли ҳәм жақсы ийис береди.* Муҳаббаттың урығындай, өсти бир түп *акация* (И. Юсупов). *Акацияя* арасын сайран етип, Үй бетине қайрылдың адым басып (Ж. Аймурзаев).

АКЕЛ *қ. әкел.*

АКЕЛИЎ *қ. әкелиў.*

АКЕ-ШЕШЕ *қ. әке-шеше.*

АККОРДЕОН *ат. Саз әсбабы, баянның бир тури. Аккордеон* шертиў.

АККРЕДИТИВ *ат. Аманат кассасында ақшасы бар адам, сол ақшасынан басқа СССР территориясындағы қалаларда жүргенде пайдалана бериўге болатуғын ақша документи, яғный ақша ийесиниң қолына алып кететуғын праволық қағазы.*

АККУМУЛЯТОР *ат. Электр ямаса ток күшин сақлап, үнемлеп пайдаланатуғын әсбап (курал).* Автомашинаның *аккумуляторы.*

АКРОБАТ *ат. Циркте гимнастика көрсетиўши спортсмен, жеке адамның өз күши арқалы орынлайтуғын усылы.*

АКСИОМА *ат. Ҳеш бир дәлиллеўди керек қылмайтуғын илимий шынлық.*

АКТ *ат.* 1. *Ҳәр қыйлы документлердиң аты, гүўалық ушын дүзилген акт, айыплаў ямаса қабыллаў ушын дүзилген акт.* 2. *Пьесалардағы қойылған ўақыялардың бөлимшелери.*

АКТЁР *ат. Сахнада турли шеберлик пенен унамлы ямаса унамсыз образларды бериўши киси (артист).* Ә. Өтепов талантлы драматург, режиссер ҳәм *актёр* (Ә. Насруллаев). Сен *актёр* адамға ҳеш усамайсаң, *Актёр* жетелейди жана, өмирге (И. Юсупов).

АКТИВ *ат. 1. Исшең, талапшаң, шаққан, қызғын пәт пенен ис жүргизиўши киси, искер.* Ўазыйпалы исти қараўға, кеште жыйналысты колхоз *активи* (Т. Сейтжанов). Колхозласыў дәўиринде Рейпназар жүдә *актив* жумыс ислеген жигит, өзи муғаллим (С. Хожаниязов). 2. *Бас қоспа, басқарыўшы, басшы хызметкер, қызғын, талапшаң, искерлик пенен жақсы жумыс*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

апарыўшы адамлар. Бул жыйналысқа аўыл *активлер* менен бригадирлери ғана шақырылған (К. Султанов). Күн еңкейип көленке үлкейе бергенде, колхоз правлениесиниң кабинетине *активлер*, колхозшылар жыйнала баслады (Ө. Айжанов).

АКТИВЛЕСИУ *ф.* *Қызғынласыў, шаққанласыў, жан ендириў, актив кирисиў, ҳәрекетти күшейтиў.*

АКТИВЛЕСТИРИЎ *ф.* *Қызғынластырыў, шаққанластырыў, пәт ендириў, шаққанлықты күшейтиў.*

АКТИВЛИК *ат.* *Шаққанлық, пәтлилик, жан ендириўшилик, уқыплылық.*

АКТОВЫЙ *ат.* *Үлкен, арнаўлы, жыйналыслар, концертлер өткериўге қолайластырып салынған бөлме, өжире.* Қыз бенен екеўимиз *актовый* залдан шықтық та, бос бир аудиторияға барлық (Г. Изимбетов).

АКТРИСА *ат.* *Театр сахнасында ҳәртүрли пьесаларда ойнаўшы, қосық айтыўшы, түрли рольлерди атқарыўшы ҳаял. „Актрисаның ығбалы“* (И. Юсупов).

АКТУАЛЬ *кел.* *Әҳмийетли, қәжетли, керекли. . . .* ҳәзирги ўақытта да *актуальлығын* жойытпаған (К. Мақсетов).

АКУШЕРКА *ат* *Ҳаял толғатқанда медициналық жәрдем көрсетиўши, орта мағлыўматқа ийе ҳаял.*

АКЦЕНТ *ат.* *Бир тилде сөйлегенде бурынғы өз ана тилиниң тәсири, айырым сөзлерди, ҳәриплерди айтқанда сол сөйлеп тўрған тилиниң кемшиликке ушыраўы, пәттиң надурыс сеслениўи. ...* қысынбан, жақсы болып кет — деди врач қыз жергиликли тилде *акцент* менен сөйлеп (А. Бекимбетов).

АҚ *кел.* 1. *Аппақ, гүриштей, жақсы, таза.* Йошып кеўлиң шадлық артып, *Ақ* қағазға қәлем тартып (Ә. Шамуратов). Дурыс айырыў ушын *ақты*, қараны, Илгир зейин сыншы керек (И. Юсупов). Шығыр айдап, төгин жайып, Исте ҳәмме ақсақ, майып, *Ақ* шығып азық молайып, Шаруалар мәс гезер келсе (С. Мажитов). 2. *Ҳақ, ҳадал, жаманлығы жоқ, кеўлинде гирбиңи жоқ, қыллыссыз, айыпсыз.* 3. *Ағарған, асқатық.* 4. *Дақ, гирбиң, кир.* Көзге *ақ* түсиў, Баҳа бермей *ақ* қарға, Түспей *ақ* қаранғы жыраға (Л. Дабылов). ◇ Ақ ениў — *ақ түсиў, шашы ағарыў, бирең-сара ақ шашлардың пайда болыўы.* Сақалына *ақ ене* баслаған адам кәрўан басшыға қарады (Б. Сейтеков) *Ақ енип* қалыпты сақал мурт, шашқа. Мийнеткеш усы екең яранлар (Бердақ). Ақ түсиў—*дақ түсиў, кир түсиў.* Тек сеннен айра түскенде, Мен боларман ғамға бенде, Шашларыма *ақ түскенде*, „Умытты деп еллер мени, Қыйнамасын желлер мени (И. Юсупов), Ақ патша—*Қазақстан ҳәм Орта Азияда жасаўшы түрк тиллес халықлардың көпшилиги Россия Императорын Ақ патша деп атаған Ақпатшаның* ҳәмирине муўапық мәрдикарға алындың, жақында кетесең (Әд. хрес.). *Ақ патшаны* қулатты, Тажы-тахтын сулатты (Д. Қасымов). Ақ түйе — *бийкарлаў, мойынламаў, көрген-билгенин айтаў жәнисинде жумсалады. Ақ түйени* көрдиң бе? деп сорады жолаўшыдан өликти көмип атырғаң урылар. — Жоқ деп жуўап берип жолаўшы басын аман алып қалыпты („ҚҚ. Х. Б“.) Ақ түйедей — *ақ түйеге усаған, ақ түйеге мегзес.* Қара боран, ашыў аяз, Жерлер мийтин болып қатқан, Тоғайлар да жамылып кар. *Ақ түйедей* шөгип жатқан (Ж. Аймурзаев).

АҚАБА *ат.* *Сырқынды, қалдық, қалғынды суў*

АҚАБАДАЙ *кел.* *Ақаба сыяқлы, ақабаға усаған.* Бир мәҳәлде нама қулақтың қурышын қандырғандай-ақ, қуяр жерине жете алмаған *ақабадай* кем-кемнен пәсейип барып, жиңишкерип сызылып тынды (Ө. Хожаниязов).

АҚАЙЫЎ *ф.* *Ширениў, шери шығыў, қайқайыў, писент етпеў, менсинбеў.*

АҚАТПА *ат.* *Арқаўына ақ жипек атып (ериси жип), қызыл жип пенен араластырып исленген шатыраш түриндеги шыт, таўар. Ақатпа* белбеўди жипек шапанның сыртынан буўып... (А. Дабылов).

АҚ БАС *ат.* *Шөптиң түри, тикенсиз. ушында дөңгелек ақ үпилдириги гүлдей болып тураты ғын өсимлик. Ромашка гүли тәризли.* Қызыл шеңгел, ақ шеңгел, *Ақбас* пенен жантақтан (А. Дабылов). Көзиме *ақбас*, жантақ, қарабарақ, сора шеңгелден басқа ҳеш нәрсе көринбеди (Ж. Аймурзаев).

АҚБАСҚУР *ат.* *Қара үйдиң өзине тийисли заталарының биреўи.* Ал енди буның баў-шуўы, сыртқы жанбаў, ишки-жанбаў, *ақбасқур*, қызыл басқур, бел жип, оны ақтан табыў, кулласы үйге керек-жарақты табыў керек болды (Қ. Айымбетов). Бурынғы қамыс қос пенен алды-артына шыпта жапқан үйлер атаўдың сыйқын қашырса, *ақбасқурлы* ақ отаўлар келген соң атаў жарқ ете қалды (К. Султанов).

АҚБАСЛЫҚ *кел.* *Ақбаслы шөплердиң көп өскен жери.* Адам билмес *ақбаслықта* жатырман, Керек болсам өзин излеп таўып ал („ҚК. Х. Қ“).

АҚ БИЙДАЙ *ат.* *Бийдайдың ақ түри, сорты жақсысы, тазасы. Ақбийдай* турын сулы седкеннен, Таза салы турып шигин екқеннен. Ден саўлықта бир күн шадлық жақсырақ (Бердақ).

АҚБИЛЕК *кел.* *Толық, жумыры, ақ, сулыў формалы билек. Ақбилегиң* болмаса, Алты жерден қас қойып. Билезик салмақ не пайда (Қ. Айымбетов). Дастық қылып *ақбилегин* қыз қасында жатыр еди („ҚҚ. Х. Қ“.).

АҚ БОЗ *кел.* *Түри, түси, ақ сур көбинесе аттың түрин айтады. Ақ боз* аттан түсип атырған достын көрди (К. Досанов). *Ақбоз* бедеўлерге туўрылап баратыр (Н. Бөрекешов)

АҚ БОЗЛАҚ *кел.* *Аппақ, шырайлы, толық келбетли, ақ формалы, жақсы. Ақбозлақ* сулыўшықтан келген, жоталы жигит еди (Ж. Аймурзаев). Ондағы Жийенгүл апай сулыўшык-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тан келген, *ақ бозлақ* ағық манлай керме қастан келген келишек еди (Ж. Аймурзаев).

АҚБӨКЕН *ат. Кийиктиң бир түри. ...* Марал, *ақбөкен* қусаған аңларды ғана қалдырып, саў-саламат елине қайтады („ҚҚ. Х. Е").

АҚ БУЎДАЙ *қ* **ақ бийдай.**

АҚДУР *кел. Ақ, ҳақыйқат, ҳадал, таза, пәк, ҳақ, әсқысы, ең жақсысы.* Талап ислеп тап дүньяны, Сүттен *ақдур* билсең аны (Бердақ).

АҚ ЕГИН *ат. Жазлық, тез писетуғын егинниң түри. ...* олардың жапларының сағасын байлап таслап, *ақ егин*, көк егин дегеннен бос қалдыратуғын еди (А. Бегимов). Ал басқалары *ақегинди* егип, егинин пискеннен кейин орып жыйнап түйеклеп, қырманда қызыллап атырған ўақытта,.. (К. Айымбетов).

АҚ ЖАҒАЛ *кел. Ала, ылақтың, қозының түрине қарай атаў, бас бетинде меңи бар.* Жапырақ мүйиз *ақжағал*, Олда келди суў бетке (И. Юсупов).

АҚЖАРЫЛҚАЎ *ф. Жақсылық, қуўаныш, тилегин бериў. Ақжарылқап* күн туўды (К. Айымбетов). Көрисермиз ақыры, *Ақжарылқап* күн туўса (Жийен жыраў).

АҚИЙ *кел. Жүдә бий, шер. өзин жоқары санайтуғын адам.* Астында бар торы аты, Белинде гәўҳар полаты, Волыстың қуйрық қанаты, Ақсақалын *ақий* екен (Әжинияз).

АҚ КӨЗ *кел. Гөдек, аңқаў, ҳадал, ҳеш нәрсе көрмеген,* Мундай аўыр *ақкөз* батырларды сол замандағы Хийўа ханы Испандияр хан өлтиртken (К. Ирманов).

АҚКРЕЎКЕ *кел. Ақшыл, ақ сур. Аққреўке* саўытым, Ысқатым деп кийгенмен, Үстимдеги ақ көйлек кепиним деп кийгенмен („Коблан").

АҚ КАПШЫҚ *кел. Уллы Октябрь революциясының орнаў алдында Қарақалпақстанда белгили дәрежеде ҳәр қыйлы қыйыншылықлар, ашлық, әптадалық түрмысты кеширген халықтың сол жыллары белгиленген атамасы. Ақкапшық* жылы ашлыққа шыдай алмай Мойнақ бетке көшип кеткен еди (Н. Дәўқараев). Бул манда *ақкапшық* ҳәдийсесин бастан өткердик (А. Бегимов).

АҚ-ҚАРА: **ақ-қарасын айырыў** *р. Дурыс-надурысын билиў, ҳақ-наҳағын айырыў, анықлаў. Айырып ақ-қарасын* мәселениң, темирдей принципке тутты рас (И. Юсупов). ◇ **Көздиң ағы-қарасындай**—*қәдирли ҳүрметли. Көздиң ағы-қарасындай, Ўатан десе куўат енер* (Ә. Шамуратов).

АҚҚАС: **аққас көйлек** *кел. Таўардың бир түри, арнаўлы, қәдирли түри, бурынлары қарақалпақ ҳаял-қызлардың алып қойып кийетуғын белгили кийимлериниң бири есабында саналатуғын, арнап өзгешерек етип тигилген көйлеги болған. ... аққас көйлек* дегенлерим де бар, ... (А. Бегимов).

АҚҚУБА *кел. Жүзи, келбети ақ, ақ ирең.* Саятқан *ақкуба*дан келген, ... сымбатлы ҳаял (А. Бегимов). Тал шыбықтай бойшаң *ақкуба*, пашы бөксесине түскен, жасы жигирма беслер шамасындағы бир ҳаял кирип келди (Н. Бөрекешов).

АҚҚУЛА *ат. Қырмандағы айдалып, тазаланылған дәнниң қыр дөгереклеп қәлбир менен ҳәр жеринен аз мүгдардағы алынған бөлеги. Ақкуласын* былай шетке шығарып қойды (Н. Дәўқараев).

АҚ ҚҮР *ат. Қара үйге дәркар қурал-сайманлардың бири, Қара үйдиң белбеўи, қызылдан жипек салып ортасы ақ етип тоқылған. Ақкурлы* бир үйдиң алдына барып, Хожанияз қайқының Үйин сорағлап, Ҳәрким өз атыны арбаға бағлап үйге таман қәдем урды яраңлар (Әжинияз).

АҚҚУЎАҚ *кел Ақсур, қансыз сур, әжептәўир.* Қосыбай, мына балаң нағыз найсап болар,—деди Есберген ашыўға буўлығып аўыз жағының қат-қат әжимли, *ақкуўақланған* арық беглери жыбырласып (К. Султанов).

АҚЛАЙ *р. Белгисиз ўақта, алдынан, күн бурын, алдын ала, әўел бастан.* Енди қалған өмиримизде екеўимиз *ақлай* қуда болайық, сениң қызың болса, мениң улым болса, екеўимиз шынан қуда болайық жора — деди („Алпамыс").

АҚЛАМАЎ *ф. Еткен мийнет, зийнетлерин өтемеў, көрсеткен жақсылық, ҳүрметлерди басқа жибериў, өтемеў.* Бул исенимди ол *ақламай* қалған емес, планын орынлап, көп көзине айрықша түсип тур (Ө. Айжанов). Сол перзентиң еткен зийнетиңди *ақламаса* қәйтерсең (К. Султанов).

АҚЛАНЫЎ *ф.* 1. *Тазаланыў, гүнадан пәк болыў, айыбы жоғын дәлиллеў.* Әкең *ақланып*, партия қатарына қайтарып алыныпты („Әмиў гүллери"). 2. *Жайды ҳәк пенен ағартыў.* Мектеп тас гербиш пенен салынған, сырты ҳәк пенен ақланған (Ж. Аймурзаев).

АҚЛАР *ат. Ақгвардияшылар, Совет ҳүкиметине қарсы саўашқа қатнасқанлар, контрреволюционерлер, Совет ҳүкиметиниң душпаны. Ақлар* дегеним патшаны, байды қуўатлаўшы, ақгвардияшылар (К. Султанов).

АҚЛАЎ *ф.* 1. *Пәк етиў, гүнадан айырыў, тазартыў.* Жумсалса күшиң-қарыўың, *Ақлайсаң* халықтың ұмитин (Б. Қайыпназаров). 2. *Ағартыў, ҳәклеў.*

АҚЛАЎШЫ *ат. Суд системасының арнаўлы хызметкери, айыпкерди ақлаўшы, жазасын қалай болмасын жеңиллетиўши.*

АҚЛЫ *кел.* 1. *Ағы бар, дақ түскен, көзиниң гүли бар.* Бердақ айтар даглы екенин, Залымларға бағлы екенин, Бир көзиниң *ақлы* екенин, Ғәрип-қәсерге пана бер (Бердақ). 2. *Ақыллы, еси, ҳүўшы, кеўили, қыялы.* Кирпиги ништердур жанға шегилмиш, Көргенлердиң *ақлы* ҳайран көринди („ҚҚ. Х. Қ".).

АҚЛЫҚ *ат. Баласының ямаса қызының баласы.* Бердақ Жийен жыраўдың *ақлығы* Өтеш шайыр менен заманлас

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

дос болған (И. Сағитов). Ақ киймешек киймесе, Аппақ *ақлық* сүймесе (А. Дабылов).

АҚМАҚ *ат. Ақылсыз, ақылы жоқ, бийдәүлет. надан.* Әкем жалт қарап, селк ете қалды.—Маған жеңіл тийіп тур дейсең бе *ақмақ!*—деп қатты бақырып жиберди (К. Смамуто). Көшкев жетер шеккен налан, *Ақмақ* болса туўған балан (Әжинияз).

АҚМАҚЛЫҚ *ат. Ақылсызлық, ойсызлық, тәртипсизлик. Ақмақлығы* болмаса, Ҳешнәрседен Айдос бий, Қайғысы жоқ ер еди (Бердақ).

АҚМАҚШЫЛЫҚ *ат. Ақмақлық, надурыслық, бийпастақлық, жөнсизлик, тәртипсизлик. Ақмақшылық* етип ақылсыз бенде, Нийети кәмбил шерлеринен айрылдың („Қырқ қыз"). ... бул не қылған *ақмақшылық*, ... (А. Бегимов).

АҚ МАМЫҚ *кел. Аппақ, жуп-жумсақ, иллә менен пиллә, ақ пахта, ҳасыл жипек, ҳасыл зат.* Улды туўған ҳаялымды, *Ақ мамыққа* орайын („ҚК. поэз. ант"). *Ақ мамығы* көзге сүрме, Пахта деген бир егин бар (И. Юсупов).

АҚ МАҢЛАЙ *кел. Маңлайы жазық, маңлайы аппақ, минсиз, суп-сулыў, ҳеш жериниң мини жоқ.* Торсық шеке *ақ маңлай*, Кутә қызық сөзлери (Х. Тәжимуратов). Қызлардың ишинде көп отырып калғаны да жап-жас нәўшедейлери де таўыстай суп-сулыў, жүзимниң суўындай қыпша бел, *ақ маңлайында* бар (Ө. Хожаниязов).

АҚ МАРҚА *ат. Балықтың түри. Ақ марқа*, сүўеннің ҳәр бири қойлай, Теңизде ылақа жүзеди қойдай (А. Бегимов). Үлкенлиги табалдырықтай жарқыраған гил *ақ марқа* екен (К. Султанов).

АҚ МАЯ *ат. Ургашы түйе, ақ түрли түйе.* Атқа шыққан *ақ маялы* Айжамал, Ол да сендей емес Бийбигүл (Әжинияз).

АҚ ОРДА *ат. Ускенеси жағынан ҳеш қандай кемшилиги жоқ, киси таң қаларлық етип жаҳазланған, ақ кийиз бенен жабылған 6—8 қанатлы қара үй, бурынлары бийлер ел басқарып отыратуғын арнаўлы үй.* Жылама үкем жылама, Той сеники яр-яр, Тоқсан баслы *ақорда*, Үй сеники яр-яр („ҚК. х.с. ж".).

АҚ ОТАЎ *ат. Ақ ордаға қарағанда кишилеў, ақ кийиз бенен жабылған 4—6 қанатлы қара үй.* Патша қалды мақул көрип, *Ақ отаўдың* артын түрип, Қырқ қыз бенен дәўран сүрип, Ретме-рет күшкан екен (Бердақ).

АҚ ОТАЎЛЫ *кел. Ақ отаўы бар, қудиретли, қурғынлы, өзин-өзи мол тәмийинлейтуғын хожалық.* Дәслепки жыллары „Мерген атаў" оннан кейин „Балықшы атаў" аталған бул жерге гүйзелген шаңыраклар жыйналса, енди пайда қуўған *ақ отаўлы* байлар көшин таслады (К. Султанов).

АҚ ПАХТА *ат. Пахта, ғаўашадан шыққан ақ пахта.* Көз алдында елеслейди *ақ пахта;* Бир канасын қойыпты ол сақлап та (Г. Есемуратов). Усы Павильонның кең есигинен кирип

барсаңыз ашылған *ақ пахталар* сизди биринши болып күтип алады (К. Досанов).

АҚ ПӘТИЯ *ат. Алғыс, тилек, шын жүректен пәтия, рахмет. Ақ пәтия* берин деп. Биз турмыз интизар („Ерзийўар"). Сөйтип неде болса усы ислердиң тәғдирин, өзин шеш балам деп Есенге *ақ пәтия* берип, дүньядан өтипти (Қ. Айымбетов).

АҚ ПЕЙИЛ *кел. Ақ көкирек, кеўли ашық, жаман пикирсиз.* Ол саўдыраған ак көкирек, *ақпейил* кәйўаны ҳаял (Ө. Хожаниязов).

АҚ ПОРЫҚ *ат. Көлде өсетуғын ақ тамыр, қамыстың тереқтиң тамыры сыяқлы.* Алтын күн айдаланы аңлығандай. *Ақ порық* аяқ созып кең көлинен (Г. Есемуратов).

АҚПУШТА *ат. Етиктиң түри, революциядан бурын жақсы етип, қурымнан тигилген түри. Ақпушта* етик кийе алмай. Төсекли жерде жата алмай (Сарыбай шайыр).

АҚПЫШАҚ *ат. Урыўдың аты.* Мүйтен, қоңырат, қытай, қыпшақ, кенегес маңғыт, *ақпышақ.* Бәри алты урыў қарақалпақ сол жерден көшкенде айрылған екен (Бердақ).

АҚРАП *қ.* ахрап.

АҚСАҒЫМ *ат. Таң атар ўақыт, аспан жақтыланып сағым жерге жайыла баслаған ўақыт.* Таң гезинде *ақсағымның*, ойнағанын көрдиң бе сен (И. Юсупов).

АҚСАЗАН *ат. Балықтың аты, түри.* Барып көрсек қазаға, Ақшабақ пенен *ақсазан.* Сыйғанынша толыпты (Әд. хрест.).

АҚ САЙ *ат. Жерди босатыў ҳәм сүриў ушын ат жегип бир адам басқарып жүреди, трактордың плугына уқсас, оннан кишилеў, ғаўаша қарығының бир қапталынан (жалынан) жүрип өтетуғын механизмниң түри, ғаўашалардың түбин босатып ҳәм шөп шарынан да тазалап кетеди.* Ким *ақсайда*, ким кетпенде, Бир-бири менен жарысады, Байраклар алға өткенде (Ә. Шамуратов).

АҚСАҚ *ат. Аяғының кемиси бар, жүргенде ақсақлап басатуғын адам. Ақсақтың* ақырына бақ, Соқырдың соңына бақ („ҚК. Х. П".). Саясын салған пуқараға, Суўлар жеткерген тақырға, *Ақсақ*-майып ҳәм соқырға, Қайыр еткен керек маған (Күнхожа).

АҚ САҚАЛ *ат.* 1. *Жасы үлкен, сақалы ақ, көпти көрген, көп жасаған, кәткуда, төрелик етиўге жетискен киси.* Бақсы шақырыў абыр йлы *ақсақаллар*ға жүкленеди (Н. Дәўқараев). 2. *Әмелдиң түри, белгили бир территорияға басшылық етиў ушын сайланып қойылған адам, киси.* Шүршит, қалмақ жетти пәрең, Әкең сенин Есет герен, Болыс болсаң адам жерең, Абырой *ақсақал* болғаның (Бердақ).

АҚСАҚАЛЛЫ *кел. Ақсақалы бар, жасы үлкен, көпти көрген, көп жасаған, қартайған.* Мүбәрек болсын исиңиз, *Ақса-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қаллы атажан (Ж. Аймурзаев). *Ақсақаллы* аралым, Буйра өркеш толқынын, Түрленген сырлы үниң (К. Султанов).

АҚСАҚ-МАЙЫП *ат, Ақсақ ҳәм майып. мини бар адам.* Шақырғанға бармаған сеники айып, Той болса қалмай барар *ақсақ-майып* (Әжинияз).

АҚСАҢЛАЎ *ф. Аяғын ақсап (сылтып) басыў, сылтыў.* Ол *ақсаңлап* жүрип кетти (Ш. Сейтов). *Ақсаңлап* жүргенимди молланың өзи де биледи ғой (Ә. Шамуратов).

АҚСАР *ат. Шөптиң түри, сексеўилге уқсаған, тикенсиз өсимлик, отқа жағылады.* Дүйсенбай Турсымбетти қапталына алып, шетиректеги бир түп *ақсарды* яғы менен пышырлатып үстине шөкти (Т. Қайыпбергенов).

АҚСАТЫЎ *ф.* 1. *Майырыў, истен шығарыў, зыян келтириў, искейсырмаў, келеге келтирмеў, жүзеге шығармаў, көзге көрсетпеў, зыян бериў.* Мен өтейин өткенлерди ақлатып, Азлығынан елатымды *ақсатып* (Өтеш). Не қылып жүрсең техниканы *ақсатып*, Түсиниксиз болып жүрме гәп саған (Т. Сейтжанов). 2. *Жаламаў, жетиспеў, турарлық болмаў.* Мине бүгинге дейинги очерклер көп жағдайда усы тәрепинен *ақсайды* (Г. Есемуратов).

АҚСАЎЛАҚ *ат. Қамырдан арнаўлы түрде, жүдә жуқа-пәреңи етип писирилген нанның түри, ақсаўлақ-қарақалпақтың миллий аўқатының биреўи, қаўын ақсаўлақ қаўынды әбден қайнатып оған қатық араластырып ишине ақсаўлақты туўрап, үстине сарымай күйдирип күйып желинеди, қаўынсыз тек қатық пенен де исленеди.* Жеңген *ақсаўлақ* писирипти,.. (Б. Исмайлов). Оны ҳаял деп алғаным жоқ, сениң *ақсаўлағың* күйеге былғаның қараймасын деп алдым (К. Султанов).

АҚСАЎЫТ *ат. Батырлардың үстине (бурынғы ўақларда) оқ өтпеў ушын қорған ушын кийип урысқа түсетуғын кийим,қабат-қабат темир сепкадан тоқылының исленген урыста кийетуғын сыртқы, үст кийим. Ақсаўыт* кийген үстине, найза алған дәстине (К. Мақсетов). Қаңрымай оқ өтпесгей, найза. *ақсаўыт*, кескир қылыш, жаў-жарақ („Мәспатша“).

АҚ СӘЛЛЕ *ат. Муллалардың ақ таўардан басына орайтуғын бас кийими. Ақсәллесин* тәсектиң үстине шалқасына қойды (К. Султанов). Басларында қазандай *ақсәлле*, қолларында бамбук таяқ, аяқларын абайлап басады (А. Бекимбетов).

АҚ СИЙНЕ *ат. Кекси, көкирек аўыз, жаланаш дене, төстиң үсти.* Мениң өзим ерке болсам, Қыз жамылған көрпе болсам, Көрпедеги бүрге болсам. *Ақсийнеңде* жатпас па едим (Берлак).

АҚ СОҚПАҚ *ат. Жүре-жүре жолдың шөп-шарынан тазарып аппақ (соқпақ) болыўы, қайта-қайта, тынбастан жүрилип туратуғын аяқ жол. Ақсоқпақ* менен бир-бирине қағылысып жүрип киятырған малға дейин мөнирип, олар ла мазаны бермеди (А. Бегимов).

АҚ СУҢҚАР *ат. Жабайы жыртқыш қуслардың төреси.* Қатарынан артық туўған, Лашын *ақсуңқар* яқлыды (Өтеш).

АҚ СУҢҚАРДАЙ *кел. Ақсуңқарға усаған, ақсуңқар яқлы.* Алдында туўған турғанда, Билим базарын курғанда, Далбай былғап шақырғанда, *Ақсуңқардай* қуў-куўға кел (Мәжит улы).

АҚ СУЎАТ *ат. Белгили бир жердиң, мәканның аты.* Қас қарайды күнде батты, Жағалап сыбай елатты. Соқпақ қылып *ақсуўатты*, Аўылға да жақынладым (Бердақ).

АҚСҮЙЕК *ат. Революцияға шекем халықлар өзлерин еки қатламға бөлип атап жүрген, олардың жоқары қатламын аристократлар, ақсүйеклер деп, ал төменги қатламын (қарапайым халықлар) қара пуқара делинген.* ...көтерилисте бир пара байлар, *ақсүйеклер* қосылып еркинлик аламыз деп, ... (Мәжит улы).

АҚ СҮП *ат. Таўардың түри, ақ таўар, ақ материал, дым ақ, ақ шыт.*

АҚ СҮПТЕЙ *кел. Ақсупке усаған, ақсупке тәризли, ақсүп яқлы. ... ақсүптей* таза кар, әҳәри кетпеген былғарыдай қашырлап сес береди (К. Султанов).

АҚ СҮТ *ат. Ана сути, улыўма сут. Ақсүт* берип өсирдиң сен, Ҳеште жоқ мениң әрманым (Ә. Шамуратов).

АҚ ТАЛ *ат. Теректиң түри, түри ақ, таза тикенсиз, бәҳәрде ҳәмме тереклерден бурын бөртеди.* Бәлент ҳаўалы *ақталлар*, Минәр яқлы Кулен болыс (Бердақ).

АҚ ТАМАҚ *кел. Жуқа, пәреңи, жүзинен күн көринетуғын келиншек.* Шаңы ҳасыл жупка додақ, Бели бир қысым *ақтамақ*, Узын бойлы ҳәм кең қушақ, Перң киби болған екен (Бердақ). Қәлем каслы хош-қылықлы инкарым, *Ақтамақ* қыпша бел сүйикли ярым (Әжинияз).

АҚ ТАМКЕР *кел. Ҳасыл атларға қойылатуғын ат, түртүсине сымбатына да қарай қойылады.* Кейпине қалқан бөктерди, *Ақтемкер* атка жем берди („ҚҚ. поэз. ант“.).

АҚТАҢЛАҚ *кел. Ҳәр жерде ағы бар. Ақтаңлақ* кийик таўда бар, Сәўирлетип айдаўда бар. Бүгин таңда бир саўда бар, Жөнди соған бурып келдим (Қ. Ирманов).

АҚТАРЫСТЫРЫЎ *ф. Карастырыў, излестириў, тинтиў, аўдарып-төңкериў.* Олар әри-бери хаттың бары-жоғын *ақтарыстырып* еди, табылмады, ондай болғанда өзим-ақ беремен ғой (Ө. Хожаниязов).

АҚТАРЫЎ *ф.* 1. *Излеў, излемеген жерди қалдырмаў, қараў, тинтиў.* Полиция таў арасын, *Ақтарып* жүр оны қуўып

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

(И. Юсупов). 2. *Айтыў, сөйлеў.* Душпанлар көп жалғыздурман мен гәрип, Ярыма сыр *ақтармадым* мен барып (Бердақ).

АҚТЕРЕК *ат. Түри ақ, дүп-дүзиў, узын, қурылыс материаллары ушын пайдаланылатуғын ағаш.*

АҚТЕРЕКТЕЙ *кел. Ақтерекке усаған, ақтерек сыяқлы.* Еки бойы жасыл, *ақтеректей* салланған қамыс (К. Султанов). Шыдай алмай барады, Бойын таслап қулады, Дәрманы кетип биразы, *Ақтеректей* кулады (Әд. хрест.).

АҚТИКЕН *ат. Бозда өсетуғын тикенекли шөп.* Қашқын ләм-мим. *Ақтикенликтиң* арасы сылт етпейди. Тып-тыныш. Бир шөп қыймылдамайды (Ө. Хожаниязов).

АҚТОБА-ҚАРАТОБА *ат. Алла-жалла, қоягөр, көрмегеним сол болсын.* Сондай-ақ, *ақтоба-қаратоба,* қызлы болсам өз тенимне берермен дегенмен (Т. Қайыпбергенов).

АҚТОРТА *ат. Балықтың түри.* Бекиире, сүўеп, ақ марқа, Ақ шабақ, сазан, *ақторта,* Балықтың орда кәнисең (К. Султанов).

АҚ ТӨС *ат. Ақ омыраў, ақбаўыр. Ақ төсиңе жел* есиркеп, Сыңқылдар суў жарқыран (Т. Сейтжанов). Ақырында Жәнигүл апайдың ақылы менен *ақ төсине* басып, уўыз сүтин емизген (Ж. Аймурзаев).

АҚТУБА *ат. Жердиң, көлдиң аты, географиялық атама. Ақтубаның* аққан суўы ылайды, Еки дийхан үн салысып жылайды, Қазы ийшанға бизди шатқан кудайды, Дийхан аштан өлер болды Қазы ийшан („Қазы ийшан").

АҚТУЙҒЫН *ат. Қустың аты, ең жақсысы, ақыллы, илгир. қус.* Ақ суңқар, *ақтуйғын* бийик таўларда, Көп ғарға, көгершин жар қабақларда (Г. Есемуратов).

АҚТУЎ *ат. Байрақ, жалаў, ақ жалаў.* Батыр туўған Ҳәсен хан, *Ақтуўды* қолға алады, Атланың жаўдың үстине, деп халыққа жар салады („Ер Зийўар").

АҚУДАЙ *т. с. Яқудай, куўаныў, бирден қуўанғанлық сезим билдириў.* ... азанда турып қараса қасында ҳаялы жоқ, Омар куўанғанынан шешесине жуўырып барып: — *ақудай-ақудай,* келиниң кетип қалыпты, депти (М. Абдраймов).

АҚУН *қ.* ахун.

АҚ УЎЫЗ *ат. Мәйек қабығының ишиндеги ақ түри, жумсақ суйықлық, пәреңи, үлпет.* Мәеклер жарылып *ақ уўызсарыуўызы* топыраққа араласып сыртқа шығады („КК. Х. Е.").

АҚ ҮЗИК *ат. Үзиктиң түри, ең жақсысы; айрықша бай, қудиретли кисилердиң үйлерине тутылады. Ақ үзикли* үлкен отаў, Өз алдына болып атаў, Ерман ахун отыр анаў, Оғандағы жоқлур салық (Бердақ). Оннан арман айланса, оң тәрепте жазғы қапы, кирсең үйжай ишинде *ақ үзикли* тоқсан бас ақ отаў тигиўли тур (С. Хожаниязов).

АҚ ҮЙ *ат. Ақ кийиз, ақ үзик пенен жабылған қара үй.*

... киятырған атлылар аўылдан бөлегирек тигилген *ақ үйге* қарай бурылды („Қыз. кк." г.).

АҚҮЙЛИ *ат. Бөлеклеў, көпшиликтен айырыў, қорқытыў, жазалаў, сиясатқа бағындырыў.* Хан гүнакар қылғанында, Бийлигини алғанында, Ҳәм *ақүйли* қылғанында, Мунамады Ерназар бий (Бердақ). Хийўалыға қарыў етти, Журттың кеўли бушап питти, Корықсын деп *ақүйли* етти, Кайтпақ, уәжи тең келди (Бердақ).

АҚША I *ат.* 1. *Пул, манат, теңге, сом.* Айдос, оның көржынға салып, атына бөктерин қойған *ақшасын* көрип, оны шешип алмай, канжар менен кесип алады („ҚҚ.Х. Е".). 2. *Дүньядағы барлық затлардың қунын, баҳасын белгилеўдеги эквивалент, зат, сол затлардың теңлемеси ретинде пайдаланатуғын атамасы.*

АҚША II *кел. Тап-таза, аппақ, жап-жас, үрип аўызға салғандай, пәреңи, жуқа, биринши, дәслепки.* Кеткен малдың түрин саған айтайын. Изинен кетипти *ақша* инегим („Алпамыс"). Буншама неге капа болдың сорлы атам. *Ақша* жүзиң кемлик пенен саргайып („Алпамыс"). Март айының төбеси көриниўден *ақша* қар жаўды (К. Султанов).

АҚШАБАҚ *ат. Балықтың бир түри, майдарақ болады.* Барып көрсе казага, *Ақшабақ* пенен ақ сазан, Сыйғанынша толыпты (А. Дабылов). Каналда суў астын-үстин лепирип, алдынында *ақшабақлар* секирип,... (И. Юсупов).

АҚШАМ *р. Түн, кеш, түнги ўақыт, кеш қурын.* Бүгин *ақшам* менен жаўын жаўды. Тап усы мәҳәлде „Алға - баска" жаўынның кереги аз ели (Ө. Айтжанов). Булты қалың жанбыры аз, Түсте самал *ақшам* тымық (И. Юсупов).

АҚШАШ *ат. Шаштың ағы, шашы ақ, ағарған шаш.* Ерман кириў менен *ақшаш* ананың қолынан алып столға жақын отырды (С. Хожаниязов).

АҚШЫЙТЫЎ *ф. Ернин түрип, тислерин көрсетиў, ыржайтыў.* Сыйлайман деген соң шириген ағаштың түбиндей мүжиген сийрек тислерин *ақшыйтып* ыржан-ыржан етип күлип,... (А. Бегимов).

АҚШЫЛ *кел. Ақлаў, аққа бейим, ақ сўр, ақлан.* Әжиниздың *ақшыл* жүзиниң алмасы қызғыш, гүрең тартып, жаўдыраған көз жанары қубылып кетти (К. Султанов). Элем жийғинен бәҳәрги топан суўдай *ақшыл* думан көтерилип киятыр (К. Султанов).

АҚЫБЕТ *ат. Из, соң, салдар, ақыр, кейин.* Кеўиллерге қайғы толды, Қайғы тарқағай *ақыбет* (Бердақ). Қолы жеткенлердиң иси *ақыбет,* Еткил беглер азаматқа сен хызмет (Бердақ). Бүгинги жаңбыр, боран менен қуйынның *ақыбетинен* дүзде бир де тири жан көринбейди (С. Айний). Қайып Хийўаға хан болды, Ол Қоразбек султан болды, *Ақыбети* ўайран болды, Мәдемин инах болған екен (Бердақ).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АҚЫЙТЫЎ *ф. Көз алартыў, бежирейтиў, қадала қараў, тигиле қараў.* Мәткурбан жақын келип: — Жыйнап бер, барлық сүйеклерин?—деп көзин *ақыйтты* (К. Султанов).

АҚЫЛ *ат. Даналық, билим, билгенлик, ой-сана.* Исенемен илим менен *ақылға*, Жер жүзинде әжайып ис дөреткен (Ш. Мәмбетмуратов). Тәбиятқа пай бермес, Адамның *ақыл*-ғайраты (К. Султанов). ◇ **Ақыл табыў**—*жол табыў, шығыс табыў, есабын табыў. Ақыл тапқан* қыйын қыстаў ўақытта, Мың данаға санады оның бир өзин (Т. Сейтжанов). Ҳүрзия буған ишинен күйинген менен, сыр алдырмай *ақыл тапты* (М. Дәрибаев). **Ақылы дана**—*ақыллы, дана, билгени, көргени көп.* Сен көлимсең мен бир сона, Күним, *ақлы, данамсаң* сен, Мениң пушты панамсаң сен (И. Юсупов).

АҚЫЛГӨЙ *ат. Ақыл бериўши, ақыл айтқыш, ақыл айтыўшы.* Тилла жығам басымда, *Ақылгөйлерим* қасымда („Ер Әйўар"). Октябрьден күн жетискен жамалы, Компартия *ақылгөйи* мәдары. Көксинде жайнаған алтын-медалы Шын азамат, бир қаҳарман ғаррысаң (Т. Сейтжанов).

АҚЫЛГӨЙЛИК *ат. Ақыл бериўшилик, ақыл айтыўшылық, даналық.* Боларма қасқанын дәни, Дән екен адамның сәни, Өзиңнен басқаның бәри, *Ақылгөйлик* қылды бизге (Бердақ).

АҚЫЛ-ЕС *ат, Ақыл-ой, ақыл-парасат, ақыл-қуўат.* Қайыл болып ҳақ исине, сергыш ендирип түсине, Салдырып *ақыл-есине*, Көп ислер ойлаған екен (Бердақ). Мийри қанып сулыў қызға, Мәснатша, бийҳүш болып, *ақыл-есин* алдырды („Мәспатша"). Ай жүзли пал сөзли *ақыллы-если*, Инкарым дилбарым неге келмеди (Әжинияз).

АҚЫЛЛАНДЫРЫЎ *ф. Ақыл айтыў, есине салыў, нәсият етиў, нәсиятлаў, ақыл бериў.* Өз баласы менен қатар болған соң оған қаттырақ сөз айтпай *ақыллландырғысы* келди (Т. Қайыпбергенов).

АҚЫЛЛАСЫЎ *ф. Ойласыў, кеңесиў, сырласыў, бирлесиў. Ақыллассын*, сырласып, пикирлесип, бирлесип, Үшеў ара кеңесип, хатқа жуўап табайық (Бердақ). Екеўи келешек тәғдирин *ақылласлы*, Басына қәўип дөнсе хабарлайтуғын болды (К. Султанов).

АҚЫЛЛЫ *кел. Ақылы көп, басы ислейтуғын, если, парасатлы, саналы. Ақыллы* арымайды, Алтын ширимейди („ҚК. Х. Н."). Еки қыз қолы байлаўлы, *Ақыллы* сулыў сайлаўлы, Аяққа кисен салыўлы, Көп хорлық көрсеткен екен (Бердақ).

АҚЫЛЛЫЛЫҚ *ат. Еслилик, ақылы барлық, еси путинлилик, парасатлылық,* Бул романдағы ҳаяллар образы өзлериниң *ақыллылығы*, уқыплылығы, батыр мәртлиги, қайтпас жигерлилиги жағынан еркеклерден кем емес, қайта зыят қылып

сүўретлеген (И. Сагитов). Қыздың бундай *ақыллылық* пенен шешкенине үшеўи де ҳайран қалып, қыздың сөзин мақул көриседи (К. Айымбетов).

АҚЫЛ-ОЙ *ат. Ақыл-парасат, ақыл-ес, ақыл-ҳуўыш.* Жетим қалып шарға болған бойлары, Артық ҳәммелерден *ақыл-ойлары*, Жасынан-ақ *ақыл-ойлы*, Гүлим сулыў жүкли болды (Бердақ).

АҚЫЛ-САНА *ат. Ақыл-ой, ақыл-дана.* Партия өмиримиз, *ақыл-санамыз*, Уллы рус ғамқорымыз панамыз (Х. Сейтов).

АҚЫЛСЫЗ *кел. Ақылы жоқ, басы ислемейтуғын, ойсыз, ладан.* Атасынан жаман болса, Оны жақсы деп ким айтар, *Ақылсыз* ҳәм лалан болса, Оны жақсы деп ким айтар (Бердақ).

АҚЫЛСЫЗЛЫҚ *ат. Ақмақлық, ойсызлық, көргенсизлик.* Билгир сөзин тыңламаған, гәп мәнисин аңламаған, Үлкеннен пәсият алмаған, *Ақылсызлық* болған екен (Бердақ).

АҚЫЛЫ-ҚЫЯЛЫ *ат. Еси, ҳүўмшы, ойы, ерки.* Бар нәзерин, ойын кетеди, Ықласында көрсетлер, бийқуўыш етеди, *Ақылы-қыялың* кетеди (Өтеш).

АҚЫЛЫ-ҲҮЎЫШЫ *ат. Ақылы, еси, ойы, ақыл-еси, ақыл-ойы, сана-сезими.* Зербарақ тиллә шашбаўлы, *Ақылы-ҳүўышым* алып кетти бир пәри (Әжинияз). Көрген жанлар келбетине тойғандай, Арсар болып *ақылы-ҳүўышын* алғандай („Қырық қыз"). Жетимди жетелеп жумыс еттирип, Басып,урып *ақылы-ҳүўышын* кетирип (Омар).

АҚЫМ *ат. Окоп. терең шуқыр, қорғаныў илажы, жасырыныў қорғаны, жасырын жүриў жолы.* Ол заманның адамлары жерден *ақым* қазып, арбадан қамал етип бир жерде жасырын жүриў жол уйилип отыратуғын еди („Алпамыс"). Бойын, шелли *ақым* қаз, бойында тасалап жат, көрерсең, қурық тийметен асаўлар булаққа жантаспас, қаранды көрсе биреўинде көре алмай қаларсаң, ертең сәскеде жылқылар булаққа суўға келеди, сол ўақта қәлеген атың болса, өзиң усла да өзиң мин балам,—деп руқсат береди („Алпамыс").

АҚЫН *ат.* Шайыр, жазыўшы. Зыяны жоқ айтыссаң мен жепермен, Қазақта Менеш деген *ақын* қызбан (Әжинияз). Көп *ақынлар* өтти Өзбекстанда, Сөзин топлап атып, қәлемин сермей (А. Дабылов).

АҚЫР *ат.* 1. *Сейисхана ишинен атқа от, жем бериў ушын исленген (ылайдан) арнаўлы мүйеш, шуқыр.* Атлардың *ақырларын* тазалады (Айбек). Қара атыма тастан *ақыр* ойғанман, Намыс пенен арға өзим тойғанман („Алпамыс"). Кеўли өскин болсын деп Жипек арқан мен тақтым, Аўзы ҳасылға тийсин деп, Алтыннан *ақыр* мен соқтым („Қоблан"). 2. *Соң, кейин, аз, тамам, болғаны.* Тоқымын арқалады қарамай өнып ыласына, Өнимсиз жүрис пенен жетти ол *ақыр* шатпасына (К. Ирманов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Әзелде оңбаған *а қ ы р д а* онбас. Сейлесип көрмеген тәнҳа қыз оенен (Әжинияз).

АҚЫРА *ат.* *Қазыўда шығарылған топырақ ҳәм сол топырақтың түскен орыны. А қ ы р а с ы* ылайға толды (А. Бекимбетов).

АҚЫРАБ *қ.* ахрап.

АҚЫРАЙЫЎ *ф.* *Көзди адырайтыў, бирден таңланыў, биреўге ямаса бир нәрсеге қадала қараў.* Қонағының бирден кейин қашқанынан-ақ ҳаял *а қ ы р а й ы ў ы* менен таңланып қалды (Т. Қайыпбергенов).

АҚЫРАҚ *кел.* *Көзиниң кемиси бар, бажырақ, ақлы көз. А қ ы р а қ* көз.

АҚЫРАҢЛАЎ *ф.* *Сығалаў, аш көзлик пенен қараў.* Төрт түлик мал шықса ерип, Қарар еди кабақ түрип, *А қ ы р а ң л а п* соны көрип, Кеўли суўдай тасар еди (Бердақ).

АҚЫР АЯҚ *р.* *Ең соң, ақыр түп. А қ ы р а я ғ ы н д а* келиншек күйеўдиң үйине келеди (Н. Дәўқараев).

АҚЫРҒЫ *р.* *Соңғы, кейинги, тоқтаған жери* Китаптың *а қ ы р ғ ы* бетин оқып болды да басын бир көтерди (С. Хожаниязов).

АҚЫРЕТ *ат.* 1. *Азап, жәбир, зулымлық, қысыўмет, қорлық, зорлық, зомбылық.* Арқаландық арбаңлап, *А қ ы р е т* көрдик өлимнен („Жийен жыраў"). Анам аўыр законның *а қ ы р е т*-азабына қыйналған (Ж. Аймурзаев). 2. дин. *Ол дүнья, адам өлгеннен кейинги дүнья-диний көз қарас бойынша. А қ ы р е т т е* кейинше ерейин, Алла салса не ислерди көрейин („Қырық қыз").

АҚЫРЕТ-АЗАП *ат.* *Қайғы-ҳәсирет, қапалық, азап-ақырет. А қ ы р е т - а з а п* көрмегенлер, Ҳеш уўайым қылған емес (Бердақ).

АҚЫРЕТЛЕЎ *ф.* *Азаплаў, қыйнаў, жәбирлеў, масқаралаў, сөгип-сабаў.* Олар Айдосты қанша *а қ ы р е т л е г е н* менен өтер иш өтип кеткен еди (К. Султанов).

АҚЫРЗАМАН *ат.* дин. 1. *Ески диний аңызларда айтылыўынша дүньяның соңы, изи, аяғы, тамам болыўы, барлық тириликтиң таўысылыўы.* Ақыр бир күн болар *а қ ы р з а м а н ы*, Исрапыл сүргини жығарлар таўлы (Әжинияз). 2 *Азап-ақырет, аўырманшылық.* Түсти баска *а қ ы р з а м а н*, Инан дослар яларға емес (Бердақ). Хасен хан бес ердин қанын алмақшы, Басларына *а қ ы р з а м а н* салмақшы („Ер Зийўар").

АҚЫРСЫНДА *р.* *Ең соңында, ең кейининде, тоқ етеринде. А қ ы р с ы н д а* ол келисим беріўге мәжбүр болды (Қ. Айымбетов).

АҚЫР ТҮП *қ.* ақырсында.

АҚЫРЫ *р.* *Кейин, соңы, себеби.* Азанда ерте турып жумыска барыў керек емес пе? Сол ушын кирпик айқастырғандай дем алыў зәрүр *а қ ы р ы* (Ө. Хожаниязов).

АҚЫРЫН *р.* *Әсте, байқаңқырап. тосаң, жай менен, абайлап.* Жылаўын қыялдай қозғағаннан соң, көк атка еки пияданың кейининен *а қ ы р ы н* адым атты (Ж. Аймурзаев). Айқыз *а қ ы р ы н* ғана мыйығын тартып күлимсиреди (А. Бегимов). ◇ **Ақырын ала**—*кейин ала, соңынан, соңырақ, изин ала, кейинирек.* Бул да соның *а қ ы р ы н а л а* Досбергенге дус келди (А. Бегимов).

АҚЫРЫНДА *р.* *Кейининде, соңында, ақыр соңынан, түп деринде.* Ол өз сөзиниң *а қ ы р ы н д а* Атажанның баласы Садулланы узақ жерде биле-көре адастырып кеткенин, сөйтип соның әкесинен өз өшин алғанын мойынлады (А. Бекимбетов).

АҚЫРЫНЛАЎ *р.* *Әстерек, әстелеў, жай менен, тысырлатпай.* Досберген менен Елмурат *а қ ы р ы н л а п* қасқырдың қасына барса.... (А. Бегимов) *А қ ы р ы н л а п* жер таяныл түрегелди, қалтырақлап күшин жыйнап бойына (Ж. Аймурзаев).

АҚЫРЫЎ *ф.* *Катты бақырыў, ҳәдден тыс ашшы даўыс менен айбат шегиў.* Соның арасында үңгирден бир айдарҳа *а қ ы р ы п* шыға келеди (Қ. Айымбетов). Молланың еси-дәрти бизлерде, көзин тикирейтип: ҳә бәдбақлар деп *а қ ы р д ы* (Ә. Шамуратов).

АЛ I *т. с.* *Кеўил күйин билдиретуғын таңлақ сөз.* *А л*, менің хат деген хатларымның да булардан ҳеш айырмасы жоқ (Ә. Шамуратов).

АЛ II *к. с.* *Салыстырыў, қарсылықлы мәни билдиретуғын көмекши сөз.* Сөзди сыртынан емес, *а л* көзлерине де еситтирип айтып жүрди (К. Султанов). —*А л*, мына да бир гәп бар бала, — деди (К. Султанов).

АЛ III *ф.* *Буйрық мәнисин билдиретуғын феил сөз.* Көлик алсаң түйени *а л*, Қыялай көшсең муқайтпас (Қ. Айымбетов).

АЛА *кел.* *Аламыш, ақ-қара, сары аралас, ҳәр түрли, бир өңкей емес, өзгеше, шубар, ақ ямаса ақ-қызыл.* Анаў жүрген Елмурат, Астында жаман *а л а* ат. Оған не деген салтанат, Киси қаны болды салық („ҚҚ. поэз. ант."). *А л а* жип салып мойнына (Бердақ). Ийттиң аўызы *а л а* болса да бөри келгенде биригели („ҚҚ. Х. Н."). А л а-ғула демеңиз. Атын айтып қойманыз (Қ. Айымбетов). ◇ **Ала зийрек**—*шала шарпы, әйтеўир, кеўилсиз.* Этирапқа *а л а з и й р е к* көз жүгиртти (Айбек). **Ала жипти кесиў**—катнасықты қойыў, байланыс жасамаў.

АЛА-АЎЫЗЛЫЛЫҚ *ат.* *Қарама-қарсылық, аўызбиршилик жоқлық, бири-бирине исенбеўшилик.* Бир аўызлық ҳәр мақсетти болдырар, *А л а - а ў ы з л ы қ* орта жолда қалдырар, Ала болған аўызындағыны алдырар, Жолдас болсаң муннан хабарын болсын (Қ. Ирманов).

АЛАБАЖАҚ *кел.* *Шубар, ҳәр түрли, түрли-түрли бояўы бар, ала шубар, ала пашақ, алабажырақ.* Бул киси үстине

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

алабажақ шапан кийген (Айбек). ... мына менин диземнен келмейтуғын *алабажақ* бир шапанды берди (К. Ирманов).

АЛАБӘҲӘР *р. Ерте бәҳәр, бәҳәр мәўсими.* Елдиң үстине түскен аўырманлық *алабәҳәрден* баслап жазы менен даўам етип атыр (А. Бегимов).

АЛАБУРҚАН *кел. Ала пасыран, қалай болса солай, тасып төгилиў, шеннен тыс бурқасынлаў, күйип-писип тулланыў, шаң, тас аралас уйтқыған даўыл. Алабурқан,* еле теңиз туўылайды, Толқынланып көбикленип ойнайды (Ә. Шамуратов). Ол иште сөгиниш *алабурқаны* шығып атты (Ә. Шамуратов) Гүздиң күнлери бир күн тынық болса да бир күн самал, даўыл *алабурқан* болып турағуғын әдети ғой (Әд. хрест.).

АЛАБҮЙРЕК *кел. Аралас, ҳәр қыйлы, ҳәр түрли, бир өңкей емес, алағат, бирдей емес.* Анлап қарасам аўылымызда ақыл-ойы *алабүйрек* адамларда барлық екен. Олар былайынша көзге түсе бермейди (К. Смамутов),

АЛАГЕЎГИМ *р. Ерте, таң қараңғысы, таң жаңа ағарып киятырған ўақыт.* Өтемурат *алагеўгимде* ылажығынан майланға шықты да дәрья бойына карай аяңлап жүрди (К. Султанов).

АЛАГӨЛЕК *кел. Ақ көңил, ақ пейил, киши пейил, қайтымы тез.* Ол бир *алагөлек* жигит еди (Қ. Айымбетов).

АЛАГӨТ *ат. Қустың түри.* Қусының түри үсар *алагөтке, Алагөт* аң ала алмас қонар шетке (Әжинияз).

АЛАҒАДА *р. Тынышсыз, кеўилсиз, бир нәрсеге ғалаўытланған.* ... Кеўлинде бурынғы орын алып жүрген *алағадалардың* изи қалмады (Р. Тагор). Жаслар оқыў ушын келген бул жерге, *Алағада* салып ғалаўыт берме (И. Юсупов).

АЛАҒАЙЫМ *кел. Турақсыз, жеңилтек.* ... сен гә қарсы боласан, гә жақлайсаң, бул жерде ҳеш қандай *алағайым* болмаўың керек (Р. Тагор).

АЛАҒАН *кел. ф. Алатуғын, алғыш, алымсақ. Алаған* қолым береген, береген қолым *алаған* („ҚК. х. н.")

АЛА ҒАРҒА *ат. Ғарғаның ала түри.* Бул сөзимди тыңла Нурымбет ахун, Орайсан сәллеңиң ҳәррийтип шақын, Алдап мийнеткешти көп жейсең ҳақын, Сеннен қайта *ала ғарға* жақсырақ (Бердақ).

АЛАҒАТ *кел. Сийреклеў, питик емес, тегис емес, тең емес. Алағат* көрмесең ашыў-арықты, Аў салған суўаттың аты айырша (Омар). Аспан *алағат* бултлы еди (Т. Қайыпбергенов).

АЛАҒАЎДАН *р. Исенимсиз, гүдикли, шалағай.* Елдиң сийрексип қалыўы да сендей адамлардың усындай кесапатынан *алағаўдан* болыўы да сонлан, ҳәй оңбаған инсапсыз, көтер өкшенди (Ө. Хожаниязов).

АЛА-ҒУЛА *кел. Әйтеўир, қалай болса солай, кеўилсиз, үстиртин.* Мәўлен жүресине отырып шонтаңлаған оң аяғыма

қарады. Бул аяқ сендей жарамас *ала-ғулалардың* жолында кетти (Ө. Хожаниязов).

АЛАДУМАН *кел. Шаңғыт, думанлық, түтин. Аладуман* әтираптан ыаң ушар, Күндиз түри жаңа атқан таң қусар (Т. Сейтжанов).

АЛАЖАҚ *ф. Алыў нийетинде, алатуғын қыялы болыў.* Мәсләҳәтласып отырғанда қызды кимге *алажағын* билмеди (Қ. Аралбаев).

АЛАЙ-БУЛАЙ *р. Анаў-мынаў, жаман-жақсы, олай-булай.* Заманның түрлери солай, Аға беглер көрдик талай, Деме оны *олай-булай*, Жақсырақ болғай ақыбет (Бердақ).

АЛА КЕЎИЛЛИК *кел. Ҳәммеге бирдей қарамаўшылық, тең көрмеўшилик, ҳәр кимге ҳәр түрли көз қарас.* Өзиниң алған билимин *ала кеўиллик* қылмай шын режеси менен өзинен төмендегилерге бериў муғаллиминиң бас ўазыйпасы („Қыз. муғ." ж.).

АЛА КӨЗ *ат. Көзи алалық, үлкен көз. Ала көзли* Ерназардың, сен деп өлген балаң еди (И. Юсупов). Оның жаўдырап турған *ала көзлери* жигитлердиң жүрегинен өтти (Ж. Аймурзаев). Баян етсем байдың түрин, *ала көзли* қылыш мурын, жарлы көрсе қарар қырын („Мәспатша"). *2. Келиспеўшилик, қырын қараўшылық.* Сол қусаған *ала көзликтиң* себебинен жәнжел ғалма-ғал ҳәр ўақыт шығып турады (Қ. Ирманов).

АЛА КӨЛЕҢКЕ *кел. Алағат көлеңке, саяның алағат түсиўи.* Сонын арасында күн тәўир-ақ сөтерилген ўақларында қамыстың *ала көлеңке* болған сийрек жерине шықты (А. Бегимов).

АЛАҚАЙ *т. с. Куўаныш, сезим. Алақай-алақай,* я кудай, Палман ағам киятыр (Н. Дәўқараев).

АЛАҚАЙЫС *ат. Атқа салып минетуғын қурал-сайманның биреўи, телетиннен арнаўлы исленген қайыс.* Жорғаға салдым ер, *Алақайыс* жүўенлеп, Енди болдым қара жер, Ешек миндим төбелеп (Күнхожа).

АЛАҚАН *ат. Қолдың қуўыслайтуғын жери, шаппат.*

АЛАҚАНАТ *кел. Ҳәр түрли, қыйлы-қыйлы кисилердиң бир нәрседе үймелесиўи, бир нәрсениң айналасында ыбыр-жыбыр болыўы.*

АЛАҚАНДАЙ *кел. Үлкенлиги алақан шелли, кишкентай.* ...екинши күнге қарағанда *алақандай* тақтайдың бетин қаралап қолына услатты (А. Бегимов). Күн жүдә тынық, аспан әлемде *алақандайда* булт жоқ (Қ. Аралбаев).

АЛАҚАНШЫҚ *ат.* 1. *Арқа батыстан, ямаса арқа-шығыстан ескен күшли суўық, боранлы самал.* Самал турып *алақаншық* жағынан, Әсер қалмас яздын, гүздиң ўағынан (С. Мәжитов) 2. *Нашар ийттиң ала түри, қаншық.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АЛА ҚАП *ат.* 1. *Кара жип пенен ақ жиптен ҳәм де ҳәр түрли жиптен аралас тоқылған қап, қалта.* Жуннен тоқылған *ала қапқа* өнменин созып капталында саз ылайдан үшпелек соғып отырған баласына жекиринди (Қ. Султанов). 2. *Байлық, барлық, жуқналылық.* Қатын кимниң қатыны, *ала қаптың* қатыны, *ала қабың* таўсылса, әлле кимниң қатыны („ҚК.х. н“).

АЛАҚ-ЖУЛАҚ *кел. Қалай болса солай, уйпа-жуйпа.* Бирақ усти *алақ-жулақ* бир ийт Перигүлге жақынлап қалды (Ө. Айжанов).

АЛАҚЛАСЫЎ *ф. Не қыларын билмеў, албыраў, алағадаланыў, ҳайран болыў.* Келген жаўды шыдатпады, Аяқ колын байлатпады, Душпаны ҳешбир батпады, *Алақласып* турған екен (Бердақ).

АЛАҚЛАЎ *ф. Албыраў, елеңлеў, ҳайран болыў, гүдикленіў, абыржыў, не қыларын билмеў, асығыслық пенен биреўди күтиў, қорқыў, тынышсызланыў, қәўипсиниў.* Дәўлетбай бидин көзлери *алақлап,* тили тығылды (Т. Қайыпбергенов). ...қашыўға жол табалмаған сур қасқырдай *алақлады* (Қ. Досанов). Базда аяқларын ғаз-ғаз басып, жән-жағына *алақлап* тың-тыңлайды (Т. Қайыпбергенов).

АЛА ҚУЙЫН *р. Шаңғыт, ала топалақ, уйтқыған самал, көликлердиң жөнсиз, тез, қатты қутырынған, ҳәдден тыс ҳәрекети.* Усы ўақытта болажақ даўылдың дәслепки хабаршысындай көмпек самал *ала қуйын* қылын аўылдың үстин сыпырып өтти (К. Султанов). *Ала қуйын* жөнсиз шаўып, Кәткудағы туўды қәўин, Гә дүзелип, гә аўып, Көл аўылға араласты (Бердақ).

АЛА-ҚУЛА *кел. Әйтеўир, қалай болса солай, бир тегис емес, қалақ-қулақ, теңдей емес.* Балалардың жазыўларын тегис көрип шықпады, *ала қула* көрди („жеткиншек“ г.). ...жаратыўшы бир кудай бенделерин ондай *ала-қула* көрмейди (К. Султанов).

АЛАҚШЫН *ат. Әтештанның сырт дөгерегине тазалық ушын (чайнек, кесе, әтөшкир турады т. б.) арнаўлы тахтайдан исленген нәрсе. әтештан, ошақтың (жийегине, ернегине гейде ылайдан, гейде ағаштан исленеди.* Апам уршығын колына ала сала *алақшыннның* қасына отыра қалды (Т. Қайыпбергенов). Бирақ үйдиң *алақшынын* қарағай тахтайдан әшекөйлеп енли етип салды (К. Айымбетов).

АЛА ҚЫЙҚАШ *кел. Ала сапыран, ала шаўқым, қыртақырт, қалай болса солай.* Қырманның басы *ала қыйқаш* таяқ болды („Сәлем Октябрь“ т.“).

АЛАЛЫҚ *ат. Тең емес, бир тегис емес, бирдей емес, алағула.* Куўанды сонда ҳәммеси, Артықша еди дәмеси, Усылай еди көрген түси, Хеш *алалық* болған емес (Бердақ).

АЛАМ к **әлем.**

АЛАМАЙ: аламайы менен *кел. Барлығы, ҳәммеси, түптамыры.* Ол *алламайы менен* көтерди („ҚК.х. е.“).

АЛАМАН *ат. Халық, халайық, журтшылық, бир топар адамның үйири, бир жерге көп адамлардың топланыўы, бир топлам адам.* Айымжамал *аламанның* ишине сүңгип кетти (Ө. Хожаниязов).

АЛАМАТ *ат. Булық, ғаўасат, ғалаўыт, ала-сапыран, ғаўға, жәнжел, сиясий өзгерис, ҳәдийсе.* Даўыл соғып кетти келмеске, Ширик геўде *аламат* заман (Г. Есемуратов). Бердимурат мениң өзим, Ялған емес айтқан сөзим, *Аламатты* көрди көзим, Маған саламат бермеди (Бердақ).

АЛАМАТЛЫҚ *ат. Ғаўасатлық, ғалаўатлық, түсиниксиз ғаўға, жәнжел, ала топалаң, ҳәдийсе, ала сапыранлық.* Бир күн, бир түн урыс болды, тынбастан, Арашаның қой дегенин қылмастан, *Аламатлық* бир-бирине тырмасқан, қарыўлы адамның колы келдилер (Бердақ).

АЛАМОЙНАҚ *кел. Мойны ала, ақ мойын.* Керегениң басында илдириўли *аламойнақ* дуўтарды алды („Әмудәрья“ ж.). Егер ҳәўес етсең мениң сазымды, *Аламойнағымды* қолға алайын (И. Юсупов).

АЛАМЫШ *кел. Ала-ала, ҳәр түрли, ақ-қызыл, көк, алабажақ. Аламыш-аламыш* шапанның сыртынан бир шаршы шалғыш байлап бухараның кесгели тақыясын шекесине қойды (Н. Дәўқараев).

АЛАН-БУРҚАН *р. Ала-топалаң, шаңғытыў, ашыўланыў, бурқасын-алаў, ашыўы келиў.* Бирақ қайықтың ишинде *алан-бурқан* болып, жүрегин қарпыған ызалы толқын, ажарына теўип тур еди (К. Султанов).

АЛАҢ *ат. 1. Майдан, майданша, дала, даланлық, ашықлық.* 2. *Алағадалық, кеўил бөлиў.* Тоғайдан шыға бергенде, арасы елиў-алпыс адымдай *алаңлық* гезлеседи (Х. Сейтов). ◇ Алаң болыў—*алағадалық, кеўил бөлиў, зейин аўдарыў.*

АЛАҢҒАСАР *кел. Аўан, ақ көкирек, алып ушпай, алағайым, гөдек.* Он сегиз мың әскердиң барлығына бас болып, *Алаңғасар* палўанман („Мәспатша“).

АЛАҢЛАЎ *ф. Алағада болыў, тынышсызланыў, жан-жақка қарай бериў.* Мен оларға *алаңлап* қараў менен болдым („Әмиўдәрья“ ж.). Қоныўға қошы, отырып тақаты болмай үй жағына қарап *алаңлайды* (К. Султанов).

АЛАП *ат. 1. Кеңислик, майдан, кең дала, далалық.* Көк теңиз ишли толқыған, Көз жетпес пахта *алабы,* Мийнеткеш жумсап балқыған, Ким сүймес сақый даланы (Б. Қайыпназаров). Не бир шөлдиң *алабын,* Салып шөлге салтанатын („Алпамыс“). 2. *Ушқын аралас жалын, от ушқыны, ҳәўири.* От *алабы* көринсе де, Қаптан тары шашылғандай (Ж. Аймурзаев).

АЛАПА *р. Қурыдан қуры, қуры далаға ат шабыў, мәнис-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

сизлик, тийкарсызлық. Колхозда бар, түсинбей турып, *ала-пағa* ат шапқан (Х. Ахметов).

АЛА-ПАСЫРЛЫ *кел. Ала топалаң, тасыр-тусыр, пасырқы, уллы шаўқым, бақырыс.* Бир мүшениң кемислиги шолақ аяғым шонтаңлап, ерден аўып түстим, ғунан *а л а-п а с ы р л ы д а н* үркип, тапыраклап шаўып кетти (Ө. Хожаниязов).

АЛАРТЫЎ *ф. Көзди шеннен тыс адырайтыў, бир нәрсеге елериў, бежирейиў.* Бул кетистен жигит кетти. Патшаның қасына жетти, Қыз туўғанын баян етти, Патша көз *а л а р т қ а н* екен (Бердақ).

АЛАРЫЎ *ф. Таңлана қараў, едирейиў, ҳайран қалыў.* Сарыгүл қызының бетине *а л а р ы п* қарады (К. Султанов). Жәмийланың қуйқасы жуўлап, кемпирди бәледей көрди, *а л а р ы п* қаралы да шыдай алмай жылап жиберди (К. Султанрв).

АЛАСА *кел. Төмен, пәс, пәкене, пәскелтек, келте.* Балам менин тамаша: Деме бойы *а л а с а* (Г. Есемуратов).

АЛА САЛА *р. Дәрриў, бирден, шәпик, алыў менен, алыў бойына.* Бир ўақта Абыл егерде жатқан айбалтаны *а л а с а л а* маған умтылды (А. Бекимбетов). Апам қолына уршығын *а л а с а л а* алақшынның қасында отыра қалды (Т. Қайыпбергенов).

АЛА САЛЫЎ *ф. Бирден алыў, тез алыў, ойламастан алыў.* Таўназар жерде жатқан көсеўди *а л а с а л ы п* кемпирге қарай ылақтырып жиберди (Н. Бөрекешов).

АЛАСАПЫРАН *кел.* 1. *Патырат, шаўқым, тәртипсизлик.* Ярым ақшам басланғанда *а л а с а п ы р а н* шаўқым ҳәммениң уйқысын бузды („Әмиўдәрья" ж.). 2. *Түсиниксиз ўақыя, ала-пасырлы.*

АЛАСАР *ат. Қустың аты.* Ҳаўадан ушқан *а л а с а р,* Урыдай кириў қалаға, Суртайшаға мнясар („Қырқ қыз"). Ақ сунқар ма қусыңыз *а л а с а р м а?* Жапсарыма қондырсам жарасар ма? Қусыңыз аң қутқармас қыран болса, Бир жеринде қыранлық белги бар ма? (Әжинияз).

АЛАСАТ *ат. Ғаўға, шаўқым, жәнжел, аласапыран, ўақыя, өзгерис.* Ат шаптырды далаға, Жар урдырды қалаға, Қалаға жаў келди деп, *А л а с а т* урды араға („Мәспатша"). Ағам усы күни бир *а л а с а т т ы ң* болатуғынын сезгендей уйқылы ояў жатыр екен (К. Султанов).

АЛА СӘҲӘР *р. Ерте, таң азан, таң қараңғысы, таң атар-атпас ўақыт.* ... Бийбихатша апай *а л а с ә ҳ ә р д е н* гурып соған қарап жол тартты (А. Бегимов).

АЛАС-ҚАПАС *р. Белгисиз, аралық, елеўсиз ўақыт.* Усындай *а л а с-қ а п а с т а* Кәраматдийинге некесин қыйдырып қойғанда да ҳеш гәп болмайды (Ж, Аймурзаев). Ол *а л а с-қ а п а с т а* шырып кеткен (Ө. Айжанов).

АЛАСЛАНЫЎ *ф. гөн. с. Ескише емлениў, бәле мәтерден айырылыў, еплеп-сеплеп қуўып салыў, қутылыў.* Олар бизиң кеңестен жоқ болыў менен бирге, диннің де бирге *а л а с л а н ы ў ы н а* сөз жоқ („Қыз. муғ". ж.). Көпшиликтиң ишинен *а л а с л а н ы п* қуўылды (Ж. Аймурзаев).

АЛАСЛАЎ *ф.* 1. *гөн. с. Ескише емлениўдиң бир түри.* Гүлимди ҳәм *а л а с л а д ы,* Көп ырымды еткен екен (Бердақ). 2. *Жоқ болыў, бир нәрседен қутқарыў, есабын таўып қуўыў, айдап салыў.* Мениңше Митрий төреши арадан *а л а с л а ў* керек,—деди (Т. Қайыпбергенов).

АЛАСЫ *ат. Алатуғын ҳақысы, ҳақы, алыў керек заты.* Оның да кассирде *а л а с ы* ҳақы бар екен (А. Бекимбетов).

АЛА ТОҒАНАҚ *ат.* 1. *Қустың бир түри, түри ала,* Анда-санда сексеўилден сексеўилге ушып баратырған *а л а т о ғ а н а қ л а р* көринеди („Сәлем Октябрь"). 2. *Шийеленискен, өтлескен, шырмалысқан.* 3. *Тоғанақ.*

АЛА ТҮТИН. *ат. Бурқасынланған көп түтин.*—Ал, уста қайда?—деп сорады ҳаялы-мынаны күн деп отырсыз ба, *а л а т ү т и н,* көзиңди ашсаң болды моншақ-моншақ жас төгесең (Ө. Айжанов).

АЛАЎЛАТ *ат. Ғаўға, жәнжел, ғабырыспа, ғаўасат.* Қатынларды қырды, шапты, Толтырды өликке жапты, Салды сондай *а л а ў а т т ы,* Қатты қыйын болған екен (Бердақ).

АЛАШ *ат.* 1. *тар. с. Әйемги қазақ тайпаларының ең дәслеп қаўым болып бириккен аўқамы, „қазақ" деген бурынғы елдиң улыўма аты. А л а ш* қаўымның бириги ўи XIII әсирдиң бас ўағы, Монғол топылысына қарсы шөлкемлескен аўқам екени байқалады (КСЭ). 2. *гөн. с. Қазақ урыўларының ерте замандағы ураны.* 3. *Ел, халық, журт.* Әнес Мәлик еки киси, Пайғамбардың сақабасы, Әнес қазақтың бабасы. соннан *а л а ш* болған екен (Бердақ). ◊ *Алты сан алаш, алты алаш—а) тар. с. алаш қаўымына кирген ири-ири алты тайпаның аты менен байланыслы қәлиплескен атама.* XIII әсирде олар *„а л т ы с а н а л а ш* болып аталса XIV—XVI әсирлерде *„а л т ы а л а ш"* қаўымы, алаш үлеси деп көбирек айтылған (КСЭ). *б) дуйым журт, пүткил ел. А л т ы с а н а л а ш т ы ң* көрки, Ондай қыз болды ма бәлки (Өтеш).

АЛАША *ат. Қолдан тоқылған кишкене төсекше, төсек ушын гейде кийим шапан ушын да исленетуғын материал, жуннен де, пахта, жипектен де қәдимги таўарлардан қалың етип тоқылады, көбинесе төсекке арналады, түрли бояўларға жипти бояп тоқыйды.* Астымызға төседиң, Гилем емес *а л а ш а,* Қудашалар сөйлеңиз, Бир майдан болсын тамаша (Қ. Айымбетов).

АЛБА-ДАЛБА *кел. Жаман, жыртық, пәжмурде кийинген, кийим формасы әжептәўир.* Барсақ, үсти басы *а л б а-д а л б а* болып, Гүлзар апасының кәбириниң басында еңиреп отыр (Х. Сейтов). Мәгер киятырсаң аўыл жағынан. *а л б а-д а л б а* жүзиң солған жездежан („ҚҚ. х. к.").

АЛБА-ДУЛБА қ. **алба-далба.**

АЛБА-ЖУЛБА қ. **жыртық.**

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АЛБАСЛЫ *ат. Ескише жин, шайтан, жаман сөгис, ҳаял-қызларға зыянын тийгизиўге ҳәрекет етеди, сыртқы көриниси, минез-қулқы әжептәўир (әбес), шарбая ҳаял-қыздың теңлемеси-мартыў, келбети келиспеген, оңатайсыз.* Айт дегенде қосықтың *албаслысы*, басатуғын усайды (К. Султанов). Үниң өшкир *албаслы*, жылама сениң обалың жоқ (Х. Сейтов).

АЛБАЎ *кел. Арқайын, уўайымсыз, салақ.* Усы күнлери де жумысқа *албаў*, салақ қарап жүрсе керек (Ө. Хожаниязов).

АЛБАЎЛЫҚ *ат. Арқайынлық, босаңлық, уўайымсызлық, салақлық, қайғысызлық.* Жоллар алыс белес-белес, *Албаўлық* ҳеш дәркар емес, Уллы жолда уллы гүрес, Орнасын халық санасына (И. Юсупов).

АЛБЫРАҚЛАЎ *фл. Жол таба алмаў, сасқалақлаў, қысынныў, қәўетерлениў. Албырақлап* жүрип есикти ашқанда маңлайыма ергенек тийип көз алдым оттай жанды (Ж. Аймурзаев). Бирақ бир мәҳәли шоршып жалма-жан, *Албырақлап* ушып турдым орнымнан (И. Юсупов).

АЛБЫРАМАЎ *фл. Қысынбаў, қәўипленбеў, қәўетерленбеў, асықпаў, саспаў. Қысынбай албырамай* асықпай ойланып айта бериң (А. Бекимбетов).

АЛБЫРАСЫЎ *фл. Ҳәмме бирден қәўетерлениў, күтилмеген жерден қысынып қалыў.* Анаў қайсы атлы?—дегенде ҳәмме *албырасып* қалды (Т. Қайыпбергенов).

АЛБЫРАТЫЎ *фл. Қыстастырыў, қысындырыў, қолайсыз жағдайда қалдырыў.* Ол пақырдың нәрсеси жоқ, Емес тағы қарыны тоқ, Ҳәдалға бир таўығы жоқ, *Албыратты* оны салық (Бердақ).

АЛБЫРАЎ *фл. Қысыныў, қәўетерлениў, кеўилсизлениў, гүдиклениў, қолайсыз жағдайға түсиў, жол таппаў. Албыраған* үйрек алды менен де арты менен де жүзеди („ҚҚ. х. к."). Этемурат үйине ярым ақшамда бийсәўбет келген адамның ұры я жолаўшы екенин айыра алмай, *албырап* тум-тусына сыгалап қарады (К. Султанов).

АЛБЫРАЎШЫЛЫҚ *ат. Жол таппаў, қысыныўшылық, сыр бериўшилик, не истеўин билмеў.* Қызда тағы бир *албыраўшылық* пайда болды (Ө. Айжанов).

АЛБЫРТ *кел. Мәрт, батыр, бир сөзли, ер жүрек.* Усығанкөлын жеткермей, Токтамас *албырт* көкирек, Ўақытты босқа өткермей, Ойлады буны көбирек (Б. Қайыпназаров).

АЛГЕБРА *ат. Санлардың аз-көплигине қарамай олардың улыўма законын үйрететуғын математиканың тараўы.* Дурыс, бир мәртебе *алгебрадан*, бир мәртебе рус тилинен үш алды (Т. Қайыпбергенов).

АЛҒА *р. Илгери, алдыға, озық, алдыңғы қатарға.* Жүзге толған планыңыз мүбәрек, *Алға* басқан қәдемиңиз мүбәрек (К. Султанов). Шалды қосық шарлап *алға*, күш қосады бойына (И. Юсупов).

АЛҒАЛЫ *фл. Алғаннан бери, соннан бери.* Бул дүнья, дүнья болғалы, Патша әдил болған емес, Шайырлар қәлем *алғалы*, Хатқа туўры салған емес (Бердақ).

АЛҒАН *фл. Қабыллаған, таңлаған, сайлаған, қәлеген, билген, сезген, өзине тартқан.* Самолётке билет *алғанлар* минип атыр (С. Хожаниязов). *Алғаныңның* зыя-зуллы таўлаңар, Зулп жараспас қәлем қасы болмаса (Әжинияз).

АЛҒАЎ-ДАЛҒАЎ *кел. Шашыранды, кеўил путин емес, түрли-түрли, ҳәр қыйлы, жыртық-жыртық, енжар.* Әзизим, қыялым *алғаў-далғаў*.

АЛҒӘРЕЗ *м. с. Сөздиң қысқасы, тоқ етери, жуўмағы. Алғәрез* көрмедим буныңдай қызды, Хош ирей, хош кеўил, ашық бир жүзли (А. Бегимов).

АЛҒЫР *кел. Жүйрик, өткир, шотик, қыран, зийрек, шақкан. Алғыр* қустың пәнжеси, Үш қызының генжеси, Сарыша сулыў дер еди (Қ. Аймбетов). Сен деп мақтанады совет адамы, Сен уллы пайтахтсаң, *алғыр* қырағы (Ә. Шамуратов).

АЛҒЫС *ат. Рақмет, тәңир жарылқасын, ырзалық.* Бул сөзлерди жазды қолым, Бүлбүл яңлы сайрап тилим, Бул бәйитти тыңлап елим, Қандай *алғыс* берер екен (Бердақ).

АЛҒЫСЛАЎ *фл. Алғыс айтыў, ҳүрмет билдириў, рақмет айтыў.* Парахат мийнеттиң жемиси шийрин, Адамзат кеўлинин қандырар мийрин. Қырағы ер жүрек талмас билекли, Бизде халық *алғыслар* мийнеттиң ерин (Т. Сейтжанов). Таңға барар путёвканы қолға алып, Қутлықласып бирин-бири *алғыслар* (Т. Сейтжанов).

АЛҒЫШ *кел. Айтқанды тутқыш, қабыллағыш, ала беретуғын.* Оның тил *алғышлығы* сонша-лық, апасының бир ирет жал бойына барма деген сөзинен, қасымыздағы насос салмаға да жақынламас еди (А. Бекимбетов).

АЛДА *р. Озық, ҳәммеден бурын, биринши, алды бет.* Себеби бирасы Атажан көп жыллардан бери колхозда ең *алдыңғы* звено баслық еди (Т. Қайыпбергенов). *Алда* алысыракта бир еки жақты жылтылдаған көринеди (А. Әлиев).

АЛДАҒЫ *кел. Алдыңғы қатардағы, келешектеги, келеси ўақлардағы.* Орынгүл фермадағы ең *алдыңғы* саўыншыларымыздың бири (Ж. Сейтназаров). Маған бул биресе куўаныш берсе, Қорқаман тағыда *алдағы* жолдан (М. Дәрибаев).

АЛДАҚШЫ *ат. Алдаўшы, алдағыш, алдайтуғын, адам алдаўыш.* Соны да сен алмақшысаң, қалай-қалай, *алдақшысаң* („ҚҚ. поэз. ант.").

АЛДАМАҚШЫ *фл. Алдайжақ, алдайтуғын, кеўли бар, қыялы бузық, қыялы жаман.* Айым оны *алдамақшы*:—қосықтың аты емес, қосықтың ишинде сондайлар бар еди деген соң,... (Қ. Ирманов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АЛДАМ-ҚАЛДАМ *кел.* *Бирде олай, бирде булай, аўалақ.* Досмухаммедов өзинин *алдам-қалдам* суйықлық суўдыр минези әшкараланып, хызмет жағынан бираз төменледи (Қ. Айымбетов).

АЛДАН *р.* *Күн бурын, алдын ала, илгери, бурыннан.* Оны татқан адам кешеди палдан, Ҳәм өз келешегин сезеди *алдан* (И. Юсупов).

АЛДАНШЫҚ *ат.* *Ермек, ҳәлек, ҳәлекшилик, кеўил жубатқыш.* Не қылсаңда маған *алданшық* болғандай ўақты-ўақты менен тамақ писирип, чай қайнатып бергендей биреўди түсирип бер (Ө. Хожаниязов). *Алданшығы* ай бала, Сорып атыр емизик (Г. Есемуратов).

АЛДАНЫЎ *ф.* *Пәнт жеў, өтирикке исенип қалыў, өтирикке инанып, қуры далаға ҳәлекленип, исениши жойтылыў.* Сол ўақытта барып Айтымбет *алданғанын* билип жамбасына бир урды (Қ. Айымбетов).

АЛДАНЫШ *ат.* *Ермек, кеўил жубатқыш, ўақыт өткериш.* Шәжим менен Шамурат усы еки үйдиң *алданышында*, куўанышы да (Қ. Досанов).

АЛДАП *ф.* *Кеўлин алып, жубатып, алдастырып, өтирикке инандырып.* ...ол өзи бизди *алдап* жүрген шығар („ Әлем Октябрь" т.).

АЛДАП-АРБАП *р.* *Алдастырып, өтирикке, кеўлин алып, кеўил жубатып.* Қурбанды жаў усылай *алдап-арбады.* Сол себепли қала бетке барғаны (И. Юсупов).

АЛДАП-СУЎЛАЎ *ф.* *Алдарқатыў, жумсартыў, ийкемлестириў.* Пердебай *алдап-суўлап* қатын үстине шопан қызды хийле етип алмақшы еди (Ж. Аймурзаев).

АЛДАР *ф.* *Алдастырыў, алдаў, алдап-суўлаў.* Табельщикти *алдар* қуры тил менен; Жалқаўдың иси жоқ мийнет күн менен (С. Нурымбетов).

АЛДАРҚАТЫЎ *ф.* *Алдастырыў, алдап-суўлаў, кеўлин алыў.* Сиз бизди *алдарқатпай* шынын айт, Нигархан өлген болса да мен қара басым сеннен күн сорамайман (К. Султанов).

АЛДАРЫ *р.* *Илгери, алдыңғы сапта, өрлеген, алға таман.* *Алдары* болса кәдемиң, Бермей бизге әдебин, Қақ маңлайға урайық (Бердақ).

АЛДАРЫРАҚ *р.* *Алға таман, алғабейим, сәл пәл алға, азмаз алға.* Мылтықлардың даўысы биротала тынғаннан кейин ол гүпсәрдың үстине минди де *алдарырақ* барып суўдан шықпақшы болып, суўдың ишине қарай ығыўын даўам етти (С. Айний).

АЛДАСТЫРЫЎ *ф.* *Алдарқатыў, алдап-суўлаў, кеўлин алыў, жумсартыў, жибитиў, алдап-арбаў.* *Алдастырып* шығарып жибергенде болмас па еди (Ж. Аймурзаев).

АЛДАЎ *ф.* *Өтирикке инандырыў, өтирик айтыў, өтирик сөйлеў.* Аўылда бир молла ийшан, Енди алдаўда көрсең

қашан („ҚҚ. поэз. анг."). Надан туўған Айдос бий, *Алдаў* тилге инанып, Бир бәле қылып келер деп, Жолын күтип жүр еди (Бердақ). ◇ Алдаўлық менен—*жол таўып, ҳийлекерлик менен, есабын таўып, қолайға түсирип.* Бир неше түркмен батырларын *алдаўлық менен* хан Хийўаға шақырып алып исин жайлапты (К. Ирманов).

АЛДАЎ-АРБАЎ *р.* *Алдарқатыў, алдастырыў, алдап-суўлаў, өтирикке кеўлин алыў.* Күйеўи әри-бери Зийбагүлди *алдап-арбап* көрип еди, көндире алмады (Ө. Айжанов).

АЛДАЎ ТИЛ *ат.* *Өтирик, мәзи, майлы тил, жоўтаға инандырыў.* Ақылсыз ақмақ Айдос бий, *Алдаў тилге* инанып, Бир бәле қылып келдиң бе? (Бердақ).

АЛДАЎШЫЛЫҚ *ат.* *Өтириқшилик, жалған жол менен, ҳийлекерлик менен.* Сондай *алдаўшылық* жол менен Айдос Бегисти де өлтиреди (Қ. Айымбетов).

АЛДЫ *р.* 1. *Қарсы маңлайы, қарама-қарсы тәрепи, қасы, жағы.* Аўылдың *алды* мектеп (Ж. Аймурзаев). Усы ғазды хан ҳәзиреттиң *алдына* қояман (Қ. Султанов). 2. *Биринши, бурын, әўел, келешек.* *Алды* менен басшысы, Еки ийнин жалмады. ◇ Алдыбурын—*алды менен, ҳәммеден бурын, биринши, дәслеп, әўел бастан, ең биринши.* Сонлықтан, мен де муҳаббат алдында ҳәлсизлик етип, өзимди нақ бийлей алмай Мийирханға *алдыбурын* қолымды узаттым (Ө. Хожаниязов). Алды менен—*биринши, ең әдеп, ең дәслеп, күн бурын.* Әрзыўдың бағдың қалың саясынан суўырыла шығып киятырғанын Шыныбийке *алды менен* көрди (Ж. Аймурзаев).

АЛДЫ-АЛДЫНА *р.* *Өз жөнине, ҳәрким бир жаққа, өз байдалына, қәлеген жағына.* Соннан кейин қыз бенен жигит *алды-алдына* кетип қалды (Қ. Айымбетов).

АЛДЫ-АРТЫ *р* 1. *Оңқ-буңқ, дөгереги, жақын-жуўығы өткен ҳәм келешек, ең биринши ҳәм ең ақырғысы.* Бурынғы камыс қос менен *алды-артына* шыпта жапқан үйлер (Қ. Султанов). 2. *Бары-жоғы, дос-душпаны.* Досларым ким, душпаным ким? Биле алмай, *Алды-артымды* көре алмай. Төге жазлап қалдым мен ҳақ қанынды (И. Юсупов). 3. *Жай-жағдай, истиң рәмәўизи.* Бул истиң *алды-артын* ойланбай ма, Мен жетим соңлыға еттиң қысымды (Омар шайыр). Менің таяққа жығылғанымның *алды-артын* усы ма (Н. Бөрекешов).

АЛДЫМ-БЕРДИМ *ат.* *Алыс-берис, берис-алыс.* Бир-биреўдин *алдым-бердимине де* шерик, былайынша ол тилинен де, қолынан да келетуғын адам (Ө. Хожаниязов).

АЛДЫН *р.* *Биринши, бурын, әўел, дәслеп.* Бәринен *алдын*, очерк эстетикалық қурал болыў жағынан пасазлық етти (Г. Есемуратов). ◇ Алдын *алыў—күн бурын илажын көриў, ерте бастан ойланыў, ғамын жеў, ғамланыў.* Шопан дәрриў буның *алдын алды,...* (ҚҚ. хрест.).

АЛДЫНА *р.* *Ортаға, көпшиликке, ҳәммеге,* Колхоз баслы-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ты Серимбет орнынан турып, жыйналысты ашты ҳәм көпшиликтин *алдына* күн тәртибин койды (Ө. Айжанов).

АЛДЫНАЛА *р. Алдынан, күн бурын, әўел бастан, ерте бастан. ... алдына ала* таярлық көрип алды (К. Айымбетов). алдын ала билген катын ханның жолына келсаңты кояды (З. Насруллаева).

АЛДЫНАН *р. Қарсысынан, қақ маңлайынан, туўра алдынан.* Асығып албырап киятырған адамның *алдынан* сасқалақлап киятырған Саттар шықты (Ж. Аймурзаев).

АЛДЫНА-АРТЫНА *р. Оңқ-буяққа, алдына-кейнине. арманберман, ҳәр тәрепке, ҳәр жаққа, тум-тусқа.* Турдыбай. *алдына-артына* қозғалғанды койды (Т. Қайыпбергенов).

АЛДЫНДА *р. Биринши, илгерилеў, бурынырақ.* Түни менен ағам екеўимиз каўын қорыкта болып, таңның *алдында* үйге келип жаттық (Т. Қайыпбергенов). Ашаў отырған Қулымбет бай, Таяр *алдында* аппақ май (Бердак).

АЛДЫНДАҒЫ *кел. Биринши, маңлайдағы; көринип турған.* Олар алдыңызға түсип жүрмесе есиктиң *алдындағы* еки байтеректиң биреўин түбинен шаўып жоқ етип биреўин гелеклеп шырпып келин депти... (Қ. Айымбетов).

АЛДЫҢҒЫ *кел. Алдындағы, бурынғы, әўелги, дәслепки, озық. Алдыңғы* Арба қайдан жүрсе, соңғы арба да соннан жүреди („ҚҚ. х. н.“).

АЛДЫРЫЎ *ф. Бир нәрсени алыўға буйырыў, зорлаў басқа биреў арқалы жумыстың исленийи.* Өскен шашымды *алдырыў* керек екенин айтты. (Ж. Аймурзаев). Алты аўыз ала болса аўызындағыны *алдырады.* Төрт аўыз түўел болса төбедегини ендиреди („ҚҚ. х. н.“).

АЛЕМ *қ.* әлем.

АЛ ЕНДИ *к. с. Тыңлаўшының дыққатын аўдарыў ушын автордың ўақыяға байланысы жоқ өзинше қолланылатуғын сөзи. Ал енди,* бай аға барлық ўақыяларды өзим деп айтып отырман (Т. Қайыпбергенов).

АЛЖАПҚЫШ *қ.* әлжапқыш.

АЛЖАСЫҚ *ат. Кәтелик, кемшилик.* — Хош, Айсәнемди не қылдың енди? — Не қылатуғын еди ... аламыз, әй бул *алжасық* сөз болыў керек (К. Султанов). Өмиримде усындай *алжасықлар* болады деп ойламаған едим („Әмўдәрья“ ж.).

АЛЖАСЫЎ *ф. Кәтелесиў, кемшилик жибериў, адасыў.* Ийт *алжасып* қай тәрепке жүрерин билмей турды (Қ. Аралбаев).

АЛЖЫҒАН *кел. Кәтелескен, бузылған, айныған, алжасқан, сөзин бузған. ...* оның ҳаялы: „*алжыған,* келинди қайда апарасаң“ деп бақырып еди: ... (Қ. Айымбетов). Сен *алжыған* екенсең, бир кемисин сол еди (Г. Есемуратов).

АЛЖЫЎ *ф. Бузылыў, кәтелесиў, айныў, ўәдеден тайныў, сөзинде турмаў, ақылынан адасыў.* Беў, *алжыған* ғаррыаў. Намазыңды бузып қойдың ғой („Әмўдәрья“ ж.).

АЛИП *қ.* әлип.

АЛҚА *ат. Ҳаял-қызлардың безенетуғын затларының биреўи. алтын гүмистен исленип қызлар, ҳаяллар өңирине тағады. ҳәйкелдиң қасына я ҳәйкелге жармастырып исленийи мүмкин, соның ушын „алқалы ҳәйкәл“ деп аталады.*

АЛҚЫМ *ат. Мойын, гегирдек (ийек пенен ийинниң аралығы).* Гезлескен ҳәр бир түбир оның *алқымынан* алатуғынлап сезиледи /Т. Қайыпбергенов/.

АЛҚЫМЛАЎ *ф.* 1. *Буўындырыў, алқымынан буўыў, алқымынан қысыў.* Егер уры, баспашы жол тосып жатса, *алқымлап* буўғанда билмей қаласаң /К. Султанов/. 2. *Алқымынан, тамағынан қысып, буўындырып өлтириў.*

АЛҚЫНЛЫ *ат. Сабынның қалдығы, жуўылғаннан қалған қалдық сабын.* — Шеше сабынынан калса курттай *алқынды* берсең—о? — Келиншек буйымы питпесин билсе де, баланы аян кемпирдиң ашыўын дәлекек пенен кайтарғысы келди /К. Султанов/.

АЛҚЫНЫЎ *ф. Ентигиў, демы қысыў, дем алмаў, дем алысы тарылыў. жүреги аўзына тығылыў, ҳаплығыў.* Сен бөлеген бахытын көрип халқымның. Талай сапар йошка талпындым, Ўаспына ҳеш ылайық сөз таба алмай, Ой үстине ой туўғызып *алқындым* /Т. Сейтжанов/.

АЛҚЫССА *к. с. Сөз басында авторлар тәрепинен қолланылатуғын кирис сөз. Алқысса,* андан соң. *Алқысса,* бурынғы өтеген заманда Рус шаҳәринде Арысланбай деген бир бай бар еди /„Гөруғлы“/. *Алқысса,* сөзди еситип, Сәекедей қайкыдан /„Кырк кыз“/.

АЛЛА *ат. дин. Кудай, дүньяның пайда болыўында ҳәм оның өмир-сүриўинде бир қудирет бар. оны кисилер алла ямаса кудай деп атап тек сол жарылқаса ғана бендеси жасайды. болмаса иси кәрең болады деп исенийшилик.* Ал, десе хош болар кеўли молланың, бер десе тәрк етер ҳәмирин *алланың* /К. Султанов/.

АЛЛААКБАР *бийтәр. с.* 1. *гөн. с. Арапша алла уллы деген мәнеде.* 2. *Ишип-жеп болғаннан кейинги ямаса ўәдени бир жерге қойып шәртлескеннен соңғы жуўмақлаў тилек, әўмийин: Аўминин-аллаакбар* айтылып пәтия окылды /Ә. Шамуратов/.

АЛЛАБӘРЕКЕЛЛА *т. с. Ўақ, әттегене, пай-пай, өкиниш.* Оның жоқ екенин солкарада билдик те „*Аллабәрекелла*“ деп санға бир урлық /Әд. хрест./.

АЛЛА-ЖАЛЛА *т. с. Өмирде, дым, ҳеш ўақытта, сирә.* Жумак еки қолын теннен сермеп, *алла-жалла* деп кутылды /Ө. Айжанов/.

АЛЛАТАЛА *ат. Алла, яратқан, қудайтала, қудиретли қудайым* Көрсет заңғар наланды, Шакыр *аллаталанды,* Ҳәлдиң болса берман кел, Мен көрейин шаманды /„Мәспатша“/.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АЛЛАЯР *м. с. Хош, яқшы, саў бол, хош бол.* Биз қайтамыз еллерге, Саў-саламат көргенше, Айдос жора *а л л а я р* /Бердақ/.

АЛЛЕН *қ.* **әллен**

АЛЛЕ НЕ *қ.* **әлле не.**

АЛЛЕЯ *ат. Пиядалар ушын жол, қыдырыспа, дем алыспа ушын еки жағына қатар терек тигилген жол, узынша кеткен ашықлық, үлкен машиналар жүретуғын жолдың еки қапталындағы тротуар.* Дәрўазадан киргеннен бағдың ортасы менен төрге қарай созылған *а л л е я* /Н. Дәўқараев/. Оның үш көшелери менен *а л л е я л а р ы* палызлы бағлары нурға шомылған /„Әмиўдәрья“ ж./.

АЛЛО *м. с. Я, аўа, не дейсең: тыңлайман, айта бер, әне кимсең. А л л о !* Квартира, Алмамысаң? қулағыма таныс ҳаялдың даўысы шалынды /Ө. Айжанов/.

АЛМА I *ат. Мийўениң түри.* Анаў турған *а л м а* мекен нар мекен. Саясында жатқан бизиң яр мекен /Н. Дәўқараев/. *А л м а* жедим аралап, Тилимди үйирип кетти /И. Юсупов/

АЛМА II *ф. Қой, алыўға рухсат жоқ, тийме, қозғама.*

АЛМАГЕЗЕК *р. Гезекме-гезек пенен, гезек бойынша, ретименен, ретме-рет.* Қызларгул менен бирге *а л м а г е з е к* бала көтерип есин билетуғынларға ертек айтып отыр еди /Т. Қайыпбергенов/.

АЛМАКШЫ *ф. Алажақ, алғысы келип тур, алайын деп тур, алатуғын кейипте.* Механизатор қыз деген, Ҳүрметли атты *а л м а қ ш ы*. Мийнеттен бахыт излеген, Уқыбын жумсап калмакшы /Б. Қайыпназаров/.

АЛМАС *ат.* 1. *Ҳасыл тас, ғәўҳар, беккем,* 2. *Кескир, қыйғыр, өткир. А л м а с* қанжар ай нурында жарқ етип, Қолдан-қолға өтип түсти қынапқа,... /И. Юсупов/. 3. *Пәреңи етип шаш алыў, қырыў буйымы.*

АЛМАСЛАЎ *ф. өзгертиў, бириниң орнына екиншисин қойыў.* Енди буны *а л м а с л а п*, егиў ўақты жетилипти /Б. Қайыпназаров/.

АЛМАСТЫРЫЎ *ф. Бириниң орнына екиншисин қойыў, орын өзгертиў, бир затты екинши зат пенен алмастырыў.* Олар балықшыларлың дәнге жас балық ҳәм қақпаш *а л м а с т ы р ы п* алады /А. Бегимов/. Күтимсиз салақ болма, Ҳәптеге моншаға түс, Ески кийимлериңди жылдам-жылдам *а л м а с т ы р ы п* тур /„Қыз. муғ“ ж./.

АЛМАСЫЎ *ф. Айырыла баслаў, өзгертиў, аўмасыў, орын өтеў.* Талшы бықтай таўланысқан жанаплар, Бир батпан тарыға кетти *а л м а с ы п* /С. Нурымбетов/. „Ҳәстеси сынған шам“ электр жарығы менен *а л м а с т ы* /Г. Есемуратов/.

АЛМУРТ *ат. Мийўе ағашының бир түри, алма қусаған оннан гөре сопағырақ болады.* Фиалет қалқанлары алма, *а л м у р т*, ерикте жасайды /А. Далжанов/.

АЛП *ат. Дәў, күшли, қудирет, таң қаларлық. А л п* анадан туўады, Ат бийеден туўады („ҚҚ. Х. Н“).

АЛПАҚ-САЛПАҚ *кел. Әйтеўир, қалай болса солай, жаманжақсы, парықсыз.* Менде майға түскен тышқандай *а л п а қ - с а л п а қ* болып жаптан шықтым /Ж. Аймурзаев/.

АЛПАЎЫТ *ат. Зор, ири, бай, күшли, қудиретли.* Сол сиясат пенен пулдың бәри байлардың қолына, жердиң бәри *а л п а ў ы т л а р д ы ң* колына көшти /Мәжит улы/.

АЛПЫС *с. Ақша бирлиги, алты онлық.* Алламурат *а л п ы с* теңге, Елмурат елиў теңге /А. Дабылов/. Жасы *а л п ы с* ушке шыққан мамалар, Бахытым қара дейди шалдан айырылса /Әжинияз/.

АЛПЫС ТҮЎАР *ат. Қызлардың ата-анасына төленетуғын қалың малдың белгили муғдары, шамасы, мөлшери.* Сөз арғы *а л п ы с т ү ў а р* бериўге шекем барды /Қ. Аралбаев/.

АЛ-САЛ *р. Әжептәўир, бир түрли, еси кирели-шығалы, еси кеткен, аңы ушқан.* Урын турған сүйменин қойын, Сапардың да *а л - с а л ы* шығып әкеси бетке жуўырыў менен болды /М. Әбдиреймов/.

АЛТАҚЛАЎ *ф. Көтерилиў, мен-менсиниў, мардыйыў. А л т а қ л а м а*, талтақлама, Биреў урды деп жылама, Аш боламан деп ойлама Жигерли бол жастан балам /Бердақ/.

АЛТАҚТА *ат. Арбаның алды бетинде арбакеш ҳәм басқада бирли ярым адамлар отырыў ушын арналған орын.* Оның *а л т а қ т а с ы н а* қызыл гилем, көкирегине курақ көрпешелер төселиўде /Т. Қайыпбергенов/.

АЛТАЎ *с. Санлықтың жыйнақлаў, түри, саны алтаў. А л т а ў* ала болса аўзындағыны алдырар, Төртеў түўел болса төбедегини болдырар /„ҚҚ. Х. Н.“/.

АЛТЫ *с. Санақ сан, саны алтаў, есабы алтаў. А л т ы* қанат ақ отаўдың оң жағында халықтың гарғысы атып жыққан аюдай теңкейип Шыйықназар сулап жатыр /Н. Бөрекешов/. ◇ **Алты ортақ** — *шериклик, шығыр, өгиз, жер т. б. менен алты адам бирлесип пайдаланыў.*

АЛТЫ АТАР *ат. Алты оқ жайғасатуғын наган.* Бәри де қайыс белбеў буўған, белинде *а л т ы а т а р* /Н. Дәўқараев/.

АЛЎАН *қ.* **әлўан.**

АЛЎАН-АЛЎАН *қ.* **әлўан-әлўан.**

АЛҲАББИЗ *қ.* **әлҳәббиз.**

АЛШАЙЫЎ *ф. Талтайыў, аяқтың арасын кериў, кеңейтиў, тарбыйтыў.*

АЛШАҚ *р. Қайшы, дурыс емес, надурыс, натуўры, алыс, еки басқа, еки тәреп.* Бизлердиң жолымыз бир-биримизден *а л ш а қ* түсти /„Жеткиншек“ г./.

АЛШАҢЛАЎ *ф. Талтақлаў, еки аяқтың арасын әдеттен тыс ашық адымлаў, талтаңлаў, қостаңлаў, мақтаныў.* Бен-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

деген ийбенбестен басын тик услап, айыбы жок адамдай *алшаңдап* келе берди /К. Смамутов/.

АЛШЫ *р.* 1. *Асықтың бақтыбай таслағанда оңына түсіуи, оның кериси тәйіе болады.* Екеуи соларға қайырылды, балалар жатырқап бир қарасты да, *алшы*-тәйіе деп шаўқымласып, ойынның қызығына түсіп кетти /К. Султанов/. 2. *Истің оңына басыўы, талаптың келисиўи.* Көл кәсиби болсын, қыр кәсиби болсын ақ отаўдың асығы *алшы* келе береди /К. Султанов/.

АЛШЫЛАЎ *ф.* 1. *Асықтың алшы турыўы, жерге таслағанда гедир-будырлы жағының жоқары қараўы.* Асығы *алшылап* женди. 2. *Жумыстың оңға басыўы, истің оңғарылыўы.* Оның бәрҳа асығы *алшы.*

АЛЫМ *ат.* *Көп билетуғын киси, билимли адам, дана, маман, билгиш.* Өзи *алым* зан-законға саз болды, Хат жазып, хат оқып, билимпаз болды, Гедейлердің қыс күнлери жаз болды, Туўры келди айтқан сөзи Ленининиң /А. Муўсаев/.

АЛЫМСАҚ *кел.* *Тиленши, алғыш, есабын таўып ала беретуғын, алыўды жақсы көретуғын адам, алымпаз.*

АЛЫНЫЎ *ф.* *Қабыллаў, қабыл етилиў.* Мәрдикарға адам *алынады* дегеннен-ақ ақсақал дизимниң басына Хүрзияны ағасы Айтбайды жаздырыпты /М. Дәрибаев/. *Алынған* хат барларға қарағанда сол штабта оғада көп жасырын керекли документлер бар қусайды /Қ. Досанов/.

АЛЫС *р.* *Узақ, қашық, шалғай, қыя.* Аўыл *алыс* жер шалғай, Жеталмадым жаяўлап /К. Айымбетов/. Қара даўыл ҳәсиз даўысты *алысларға* урлап алып кетти /К. Досанов/.

АЛЫС-БЕРИС *ат.* *Берис-алыс, қарым-қатнас.* *Алыс-берис* жоқ сыйласық, Туўысқанның жатқа мегзер /Әжинияз/.

АЛЫСЛАТЫЎ *ф.* *Узақлатыў, қашықлатыў, көзден тасалаў, шетлетиў.*

АЛЫСЛАЎ *р.* *Узақлаў, қашықлаў, суўысыў, шетлеў.* Бирақ адамның қарасы бир орында турсынба, кем-кем оннан *алыслай* берди /Қ. Досанов/. Қалайда көлден бир мезгиллик жол *алыслады*м-аў деп шамалады /Ш. Сейтов/.

АЛЫСЛЫҚ *ат.* *Узақлық, қашықлық, бир шет, бурыўлық.* Қалалар мыңлаған километр *алыслықта* турады /„Қыз. ҚҚ.“ г.

АЛЫСТЫРЫЎ *ф.* 1. *Жандырыў, тутандырыў, отты жағыў.* 2. *Сезимин оятыў, қозғаў.* Мына сөз Әжинияздың Мақтымқулыға тутанып киятырған муҳаббатын *алыстырып* жиберди /К. Султанов/.

АЛЫСЫҚ *р.* *Алыс-берис, қарым-қатнас.*

АЛЫСЫРАҚ *р.* *Узағырақ, жырақ, әдеўир жер, бир қыйлы бар, қашықлаў, жақын емес, былайырақ.* Қәўесет басылып кеткенше *алысырақта* боламыз /Қ. Аралбаев/.

АЛЫСЫЎ *ф.* 1. *Беллесиў, гүресиў, тутысыў, айқасыў, шайқасыў.* Өйткени бул баслықлардың командасы астында жаў менен *алысқанда* көп кәрамат ислерди көрсетиў жаўға ойқан салғанда есине түседи /Қ. Айымбетов/. 2. *Жаныў, өртениў, тутаныў.* Ушқыннан от дөреп, *алысып* лаўласа, Ол зыян емес пе, Зат күйип қалмаса /Х. Турымбетов/. 3. *Бөлисиў, ҳәрким өзине тийисли пайына ийе болыў.* — Ҳе, *алыса* алмай атырған дүнья жоқ /К. Султанов/. 4. *Айтысыў, даўласыў, шертисиў, ўәжлесиў.* ◇ **Ала топылыў**—*алып умтылыў, бирден топылыў. тап бериў.* Дәслепки ғарры гүртлик минезине салып, *ала топылмақшы* болды /К. Султанов/.

АЛЫЎ *ф.* 1. *Ийелеў, меңгериў, ийкемлеў.* 2. *Бойсындырыў, бийлеў.* 3. *Өзине тартыў. өзине бекитиў. меншиклеў.* Жаңадан тәзалап документ *алып*, Баслаўыш мектепке берди балларын /А. Дабылов/. 4. *Өшлиге өшин, кеклиге кегин жибермеў, жыйнаў, жәмлеў.* Оннан да зиядасы бай менен кўда болып бақталасып, жүрген ала көзлерден кегин *алыў*... /К. Султанов/. ◇ **Ала алыў**—*алыў, алыўға күдирети келиў. алыўға мүмкиншилиги болыў.* Балалар ўақты-ўақтың басларын көтерип бой жазып та *алаалмай* отыр, тек сабақларын оқыған болып ғаўырласады /Ә. Шамуратов/. **Алып болар** — *қалдырмастан алыў.* Кәткўдасы *алып болар*, Ендигине бек бол мүйтен /Бердақ/. **Алып бериў**—*затты алып ҳәм бериў, услатыў. Алып берген* қолыца, Езилген ердиң өз еркин /А. Дабылов/.

АЛЫЎШЫ *ат.* *Алатуғын адам, алажақ киси, алаўман.* Сайлап қызды *алыўшылар*, Жөнсиз зорлық қылыўшылар. Бул атаўға келген екен /Берлақ/.

АЛЬБОМ *ат.* *Сүўрет, қосық жыйнаў ушын арнаўлы түпленген үлкен дәптерше яқаса китапша.*

АМАЛПАРАЗЛЫҚ *қ.* **әмелпаразлық.**

АМАН *ат.* *Саўлық, саламатлық* (*бәри өз жайында*). Оған тоқтаўсыз илаж қолланып, оның өмирин *аман* сақлап қалыў керек /А. Бекимбетов/.

АМАНАТ *ат.* *Бир нәрсени ўақытта пайдаланыўға бериў, ўақытша тапсырып қойылған зат, биреўдің екинши биреўге өтиниши, биротала емес ўақытша берип қойылатуғын нәрсе.* Некемди қыйса да қазы ҳәм молла, Берген *аманатын* алса да алла /Омар/.

АМАНАТ КАССАСЫ *ат.* *Ўақытша ақша сақлап беретуғын мәкеме, ақша салатуғын касса. Аманат сақлаў кассасы.* Ақшасының көбисин жасырын *аманат кассасына* салды /„Әмиўдәрья“ ж./.

АМАНГЕР *қ.* **әменгер.**

АМАНЛАСЫЎ *ф.* *Сәлемлесиў, аман-түўел сорасыў.* Бир шопанға жолықтық, *Аманластық* көристик, Азғана емес бираз ўақ, Отырып бирге сөйлестик /Жийен жыраў/.

АМЕЛДАР *қ.* **ҳәмелдар.**

АМИРҚАНЫ *кел.* *Пахтаның сорты, Америкадан әкелин-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ген түри. Қол ғаўашаның орнына. *а м п р к а н ы* пахта егилди /Қ. Айымбетов/.

АМНИСТИЯ *ат.* *Қылмыс ислеп жазасын алған адамның соңынан жоқарғы мәмлекет органының буйрығы бойынша ғунасының кеширилиўи ямаса жеңиллетилиўи, кеширим.*

АМОРТИЗАЦИЯ *ат.* 1. *Затлардың гөнерип тозыўына қарай төленетуғын тийисли болған баҳаларының кемиўи.* 2. *Силкиниў, соқлығыў ҳәрекетлерин пәсейтиў ушын қойылатуғын зат.*

АМФИТЕАТР *ат.* *Театрдағы партерден кейинги бийиклеў орын ҳәм орынлықлар турған театр залының бөлеги.* Алдымда кең көше жатыр, Әжайып *амфитеатр* /И. Юсупов/.

АНА *ат.* *Ана, туўған шеше.* Мәрт Юрийлер *а н а с ы*, Россия дақ саған /И. Юсупов/. Олар ата-*а н а ғ а* жәрдем бергенде зуўлап комбайндай пахта тергенде /И. Юсупов/.

АНАҒУРЛЫМ *р.* *Әлле қайда, бираз, бир қанша, соншелли, әдеўир.* Өз заманына ылайық басқалардан *а н а ғ у р л ы м* билимли, алдағы қатардағы алам болған /И. Сағитов/.

АНАЛИЗ *ат.* *хим.* 1. *Бир заттың қурылысын анықлаў, айқынлаў нәтийжеси.* Суўды *а н а л и з л е г е н д е* оның кислород пенен водороддан турағының билимпазлар әллекашан-ақ анықлаған 2. *Бир нәрсени илимий түрде ҳәр тәреплеме изертлеў усылы.* Лев Толстойдың дүньяға көз қарасындағы карама-қарсылықларға *а н а л и з* берип, Ленин былай деп жазған еди: /И. Сағитов/.

АНАЛИЗЛЕЎ *ф.* *Талқылаў, баҳалаў, баҳа бериў, додалаў, сын пикир жүритиў, таллаў жүргизиў.* ...цүтини менен усы ўазыйпалар дөгерегинде *а н а л и з л е ў г е* тырысамыз /Қ. Мақсетов/.

АНАЛЫҚ I *ат.* 1. *Төллейтуғын, балалайтуғын, жанлы-жаныўарлар.* Фермадағы маллардың *а н а л ы қ л а р ы н* өз алдына „айырды,... /"Қыз. ҚҚ." г./. 2. *Өсимликлердиң урықланатуғын жыныс мүшеси.*

АНАЛЫҚ II *кел.* *Анаға тән қәсийет, анаға ылайық сыпат, мийирманлық.* *А н а л ы қ* меҳри төгилип баласына қараған Ымысын /Қ. Досанов/.

АНАЛЫҚ *кел.* *Туўғанлық, ана болғанлық.*

АНАР *ат.* *Майўе, жемистиң бир түри, түри қызыл ямаса қызыл сарғыш қатты қабыршақлы, сыртқы формасы домалақ, ишки бир тегис майда, қызыл моншақтай суўлы болады.* Писип жатқан алма, жүзим, *а н а р ы*, Табыстың таўсылмас бийик минәры /Т. Сейтмамутов/.

АНАРХИЗМ *ат.* *Пролетарлық илимий социализмди ҳәм сиясий гүрести бийкарлаўшы, пролетариаттың революциялық диктатурасына қарсы шығыўшы майда буржуазиялық сиясий ағым, өз басына кетиўшилик, мәмлекетлик сиясатқа бағынбаўшылық, бийбастақлық.*

АНАРХИСТ *ат.* *Анархизмди мойынлаўшы, өз басына кетиўши, мәмлекетлик тәртипти мойынламаўшы.*

АНАРХИЯ *ат.* *Бийбастақлық, белгили бир нормаға түспеген, ким қәлегенинше ҳәрекет етиўши, патыратлық, бассызлық, тәртипсизлик, былғаныық.*

АНА ТИЛ *ат.* *Ҳәр миллеттиң, ҳәр халықтың өз тили, өз Ўатанының, өз мәканының тили.* Ҳәрким өз *а н а т и л и н д е* оқып билим алыўға ҳақылы /СССР Конституциясы/.

АНАТОМИЯ *ат.* *Адамның, ҳайўанның, жанлы жәнликтиң, өсимликтиң ишки-сыртқы қурылысын үйренетуғын, тексеретуғын илимниң түри, предмет.* *А н а т о м и я* сабағы мектеплердиң 5-класынан баслап үйретиледи /„Қыз. ҚҚ". г./.

АНАЎ *ал.* *Силтеў, көрсетиў, нускаў.* Жүрициз, *а н а ў* ағарып турған ақ жайға барайық /Ж. Сейтназаров/. — Тап *а н а ў* киятырған сол емес пе /К. Султанов/.

АНАЎ-МЫНАЎ *ал.* *Майда-шүйде, оны-мыны, шамалы, кишигирим, ол жер, бул жер, қалай болса солай, әлле қалай, әйтеўирден-әйтеўир, жеңил-желпи, қурыдан-қуры.* *А н а ў м ы н а ў* хызметке шақырса сирә келмейди /Х. Сейтов/. Ромен ҳеш ўақытта да *а н а ў - м ы н а ў д ы* абайлай бермейтуғын еди /Р. Тагор/.

АНДА *р.* *Анаў жер, ол жер, онда, сонда, сол жерде.* *Сабақтан көп қалып қойдым, А н д а* барып, мында барып /Б. Исмайлов/. Разыласып кеткил *а н д а* ел менен /Өтеш/. Ақ жүзиңди *а н д а* көрдим, кабаға етсек таўап /„ҚК. Х. Қ"./.

АНДА-МЫНДА *р.* *Ояқ-буяқ, оер-бүйер, ҳәр жер, ҳәр жақ, ҳәр тәреп, анаяқ-мынаяқ.* Усылай *а н д а - м ы н д а* жүргенде қатнап, трактордың барлық майы болып сап /Б. Исмайлов/. *А н д а м ы н д а* шабады, Қарастырып аўылды, Жүўен жона табады /Бердақ/.

АНДА-САНДА *р.* *Ҳәр ўақта, сийрек, ара тура, ҳәр ўақта бир.* *А н д а - с а н д а* әкеме муңлы көзлери менен қарап қояды /К. Смамутов/. *А н д а - с а н д а* шабаланып үрген ийтлердиң сести келеди /Ө. Хожаниязов/.

АНДЫЗ *ат.* 1. *Дәри ушын пайдаланатуғын сары шөптиң аты, аўырыўға ем болады.* *бул шөп қырда өседи, түри сары болады.* 2. *Аўыс. Түр-түси иреңсиз, сап-сары, түри қашқан, қансыз, нурсыз, солғын.*

АНДЫЗДАЙ *кел.* *Андызға усаған.* Бул байлардың жүзлери, *А н д ы з д а й* болып сарғайды. Большевикпен дегенди, Оңбастай қылып ғарғайды /А. Дабылов/.

АНЕ *қ.* әне.

АНЕЙИ *р.* *Анаў-мынаў емес, бир қыйлы бар.* Сен оны *а н е й и* деп ойлама /"Жеткиншек" г./.

АНЕКДОТ *ат.* *Қысқа, мәниси терең күлдирги сөз, әңгиме.* Түрк тиллес халықларда Хожа Насраддиннің күлдирги сөзлери деген *а н е к д о т л а р* көп тараған /Қ. Айымбетов/.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АНЕКЕЙ *қ.* **әнекей.**

АНЖАМ *қ.* **әнжам.**

АНЖИМАН *қ.* **әнжижан.**

АННАН *қ.* **оннан.**

АННАН-МЫННАН *р. Хәр жерден, хәр нәрседен, оннан-мыннан, ояқ-буяқтан, хәр тәрептен (мыннан).* Чай үстинде *аннан-мыннан* сөз қозғап әңгиме-дүкәнға кириспик /Қ. Айымбетов/.

АННАН-САННАН *р. Сийрек, хәр жерден, алағат, бир тегис емес.* Өзим есапласам өгиз бенен сыйыр тийеди, кисиге есаплатсам аяғым *аннан-саннан* бир тийеди /Қ. Айымбетов/.

АНСАТ *кел. Жеңил, қыйын емес, оңай, қолай.* Нәмнәған ап-аўыр жигиттиң геўдесин көтерип келиў Надеждаға *ансат* болған жоқ /Ж. Аймурзаев/,

АНСАТЛАСТЫРЫЎ *ф. Жеңиллестириў, мүмкиншилик ерлеў, оңайластырыў.* Олардың мүмкиншилигин *ансатластырды.*

АНСАТЛЫҚ *ат. Жеңиллик, оңайлық, қолайлық. Ансатлық* пенен табыс жоқ, бирақ ойлан /Ө. Хожанов/.

АНТ *ат. Үәде, ықрар, лебиз, серт, шәрт.* Ўатанына *ант* етип, фронтқа батыр жөнелди /Ә. Шамуратов/. Өтирикшиниң болмас *антыы*-ймаңы /Әжинияз/. Мен хеш қашан сени алдамаўға қудайды ортаға салып *ант* етейин /Р. Тагор/. ◊ **Ант етиў**—*сөз бериў, үәде бериў, ант ишиў, серт етиў. Антим* мен сол ўақытта, Халық ушын жан аямаска /Ж. Аймурзаев/. **Ант урыў**—*оңбаған, айныған, алжыған, сөзинде турмайтуғын.* ... мәрт болған ўәдеде турар, Сөзин бузғанды *ант урар.* Төрттиң бирине дийхан жүрер, Тең бөл деди Айдос баба /Бердақ/.

АНТАЛАСЫЎ *ф. Ынтығыў, жеп қойыўға тайын турыў, үстине дөниў.* Неге десеңиз ол жерде өмир менен өмир *анталасып* тур ғой. ... /Ө. Хожаниязов/.

АНТАЛАЎ *ф. Ынтығыў, жутыныў, үстине дөниў, үмитлениў.* Әри-бери үндемей отырып едим, хәр ким хәр жағымнан *анталап* —„бир нәрсе“ айтса екен? дегендей көзлери жеп баратыр /Ө. Хожаниязов/.

АНЫ *ал. Ана нәрсени, оны, соны, сол нәрсени.* Талап ислеп тап дүньяны, Сүттен ақдур билсең *аны* /Бердақ/.

АНЫҒЫ *ат. Дурысы, ырасы, дәл өзинен келгенде, негизи. Анығынан* келгенде әкемди жаманлаған адамды жек көретуғын едим, оны еле жаман атқа таңбайман /К. Смамутов/.

АНЫҒЫНДА *м. с. Дурысында, ырасында, негизинде.* ... *ал анығында* тек 5369 гектар ғана жер таярланылды /„Әмудәрья“ ж./.

АНЫҒЫРАҚ *кел. Дурысырақ, тәўиррек, айқынырақ, белгили.* Даўыс кем-кемнен жақынласып, *анығыраң* еситиле баслады /М. Абдреймов/.

АНЫДАҒЫ *ал. Оны да, сол нәрсени, соны, соны да.* Дарғадан өттик аржаққа, Интизар болдық бер жаққа, Жүресең деди сол жаққа, *аныдағын* умытпаспан /Күнхожа/.

АНЫҚ *кел. Қайнақай, белгили, нақ, гүмансыз.* Қашқын путалықтан сүмирейип шықты, турқы менен түр-түсин *анық* көрдим /Ө. Хожаниязов/. Сол жолбарыс пенен *анық* еки күн, „Бабық қумның“ стегинде айқасқан /Т. Қабулов/.

АНЫҚЛАМА *ат. Қағыйда, баянлама, түсиник. Анықламаға* коса мына нәрселерди белгилеп өтиў керек /Қ. Мақсетов/.

АНЫҚЛАЎ *ф. Анығына жетиў, жете билиў, түсиниў.* Ейли Қосыбай Ержанның аўылынан шыққан сыпсың гәпти *анықлаў* ушын астыртын жансыз жиберди /К. Султанов/.

АҢ *ат.* 1. *Сана, сезим, ес-түс, ақыл-ес.* Азда болса сиясий *аңы* кирген қызыл әскерлер, комсомоллар, батраклар бул хәрекетке қарсы турып оларға жол бермеди /Қ. Ирманов/. *Аңы* ушып Айпара ақай қалып қойды үйде жалғыз /Ж. Аймурзаев/. 2. *Жабайы қуслар, жабайы хайўанлар.* Жартысы жаңған көсеўлер жыртқыш *аңлардан* қорғаныўда қурал болды /Б. Бекниязова/.

АҢГӨДЕК *кел. Ақ көкирек, сумлықсыз, кеўлинде гирбиң жоқ, аңқаў. Аңгөдек* жас қызды жалыңға туншықтырып таслаўлары қалай /А. Оразов/.

АҢҒАЛ *кел. Аңгөдек, геўек, нақолай.* Жоқ хәзир Мәўлен үңгир менен көл ишин мәкан еткен бурынғы азғып *аңғал* емес, сақал-муртын қырып тасласа, бети бөтекедей жас жигит /Ө. Хожаниязов/.

АҢҒАЛАҚ *ат. Ойынның түри, ортаңғы шуқанаққа дөгеректеги шуқанақтағылар таяқ пенен урып түсирип ойнайтуғын ойын,* муздың үстинде хәзирги хоккей ойынына усаған ойын. Мен *аңғалақ* ойнағанда таяқ тийгенликтен тобығым аўырып кәтте жатыр едим, орнымнан турғаным жоқ /К. Смамутов/.

АҢҒАР *ат. Бағдар, ағыс, бахыт, ыңғай.* Қосықтың улыўма руўхий *аңғары* мәлим еди: Бултлар көз жасын төгип,... қуслар сайран, ышқы муҳаббат қәсийетлериниң ушы қыйры болмалы /Р. Тагор/.

АҢҒАРЫЎ *ф. Байқаў, сезиў, абайлаў, түсиниў.* Түн тастай қараңғы болғанлықтан бурын көрип кеткен төбени хәзир *аңғарыў* қыйын еди /Ш. Сейтов/.

АҢГИМЕ *қ.* **әңгиме.**

АҢҚАЎ *кел. Пикирсиз, ақ көкирек, гөдек, ашық, кеўлинде кир жоқ.* Батыр *аңқаў* ер гөдек, Айдос бийликти алып ақыбети не болды /К. Султанов/.

АҢҚАЙЫЎ *ф.* 1. *Аўызы ашылыў, серсиз турыў, абайсыз ту-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

рыў. Дәрўазаның алдында турман *аңқайып*. Мысал топты күткен вратарь„ /И. Юсупов/. 2. *Есиктиң аўзы ашылыў*.

АҢҚЫЙЫЎ *ф*. 1. *Аўызы ашылыў, аңы ушыў, серсиз турыў*. 2. *Капының, есиктиң толық ашылып турыўы*. Балдағым тарсылдап дәлизге кире бергеним, төр беттеги есиги *аңқыйып* ашылған өзиреден баслықтың ашшылаў даўысы шықты /Ө. Хожаниязов/.

АҢҚЫЛДАҚ *кел*. *Ишинде нәрсеси жоқ, қалмаған, ши геўек, кеўип қалған*. Бир *аңқылдақ* шортан және ылака, он күнде алғаным усы Айырша /Омар/. 2. *Геўек, гөбек*.

АҢҚЫЛДАЎ. *ф*. *Пикирсиз, ашылысыў, ақтарылыў, шын көкиреги менен сөйлесиў, кеўиллениў, ықлас тәгиў*. — Саў жүрсең бе бала?, ... қайнаға тәндар отырып па әйтсўир, ... —деп женгей ақ көкиреғин ашып *аңқылдаў* менен болды /Ө. Хожаниязов/.

АҢҚЫРЫЎ *ф*. *Ақырыў, бар даўысын жибериў*. Ешеклер *аңқырды*.

АҢҚЫЎ *ф*. *Ийислениў, ийиси күшейип кетиў, ийисли, ийиси шығыў, ийиси бурқыраў*. Арқадан ескен өлпең желден жуўсан ийиси *аңқыйды* /Сейтов/. ◇ Аңқыған хош ийис — *ийисли, ийиси күшли, ийиси бурқыраған*. Жерлери *аңқыған* хош ийисли гүлдей, Басынан дәўраның тайды Көк өзек /Өтеш/.

АҢЛА *ф*. *Абайла, түсин, бил, пәмле*. Усы жерде айтпайман шебин-оңын, жигит болсаң, *аңла* сен истиң соңын /Әжинияз/.

АҢЛАМАСТАН *ф*. *Абайламастан, байқамастан, сезбестен*. Бир қаўынды буздың билмей Баймурат, *аңламастан* тийип кетип аяғы /ҚҚ. поэз. ант./.

АҢЛАСТЫРЫЎ *ф*. *Байқастырыў, хабардар болыў, сорастырыў*. Қасына келсе бир қабан, Белгили ол өткен душпан, Сондайлардан болғын аман, *Аңластырып* қара балам /Бердақ/.

АҢЛАТЫЎ *ф*. 1. *Ескертиў, ескериў, билдириў*. Бул олардың дослығының беккем өмирлик екенлигин *аңлатады* /Г. Есемуратов/. Өз-өзинен мақтанып, Бары-жоғын *аңлатты*. 2. *Сездириў, белги бериў*.

АҢЛАЎ *ф*. *Байқаў, абайлаў, билиў, сезиниў*. Көрмеген жерди *аңлап* бас, Курып қойған аў болмасын /Мәжит улы/.

АҢЛАЎСЫЗ *р*. *Байқаўсыз, абайсыз, билместен, елеўсиз*. Сыртқа қарай жуўырдым, *аңлаўсызда* басым қапыға сарт етип соғылғанда мийим шайқалып кеткендей болды /К. Смамутов/.

АҢЛЫ *кел*. *Сезимли, байқайтуғын, серли, сезими бар, если, веси дүзиў, сезгир*. Бираз *аңлы* болсаң сенде, Кеўлиң жақсы сезер сениң /С. Мәжитов/.

АҢЛЫСЫЎ *ф*. *Сынасыў, көзден таса қылмаў, кемисин көриў, бақласып жүриў*. Ҳаялынан оның кимде қандай дығы барын, ким менен сөз алысып, көз астынан *аңлысып* жүргенин, душпанның бары жоғын соран көрди /Т. Қайыпбергенов/.

АҢЛЫЎ *ф*. *Бақлаў, көзде тутыў, көрип жүриў, байқап жүриў*. Алыстағы душпаннан *аңлып* жүрген дос жаман /„ҚК. Х. Н“./.

АҢСАР *ат*. *Қыял, кеўил, зейин, дыққат*. ...бир тислем нанға *аңсары* аўып ... /А. Бегимов/.

АҢСАТ *қ*. ансат.

АҢСАТЛАСЫЎ *қ*. ансатласыў.

АҢСАТЛЫҚ *қ*. ансатлық.

АҢСАЎ *ф*. *Күсеў, сағыныў, әрман етиў, үмитлениў*. Мароккода қайғы шегип жабығып, күн нурын *аңсаған* лала сулыў қыз /Ш. Мәмбетмуратов/. Айыбы сол: ығбал *аңсап*, сүйген дослық, тынышлықты /И. Юсупов/.

АҢСЫЗ *кел*. *Абайсыз, серсиз, ойсыз, аңлаўсыз, байқаўсыз*. Ушса парлар қырғаўылдың қанаты, Оннан үркер *аңсыз* жолаўшы аты /Ж. Аймурзаев/. Бир мәҳәлде *аңсыз* турған Айқыздың қасына мылтықтың даўысы гүрп етти /А. Бегимов/.

АҢ-ТАҢ *р*. *Ҳайран, әжептәўир, бир түрли*. Ол сиңлиси менен Атажанды көрип *аң-таң* шығып, есик аўзында не қыларын билмей силейип қатты да қалды /А. Бекимбетов/.

АҢШЫ *ат*. *Мерген, қусшы, аңшылық менен шуғылланыўшы киси*. Дыққат ет, сен ала көзли. Жолларыңа *аңшы* яңлы қарадым /Ш. Мәмбетмуратов/.

АҢШЫЛЫҚ *ат*. *Қус салыўшылық, аң аўлаўшылық, мергеншилик*. Қарақалпақлардың хожалық ислери балықшылық ҳәм *аңшылық* болды /Н. Дәўқараев/.

АҢЫЗ *ат*. 1. *Ертек, өтмишлерден халық аўызында қалған сөзлер*. Бул қала туўралы халық аўызында мынадай *аңыз* бар /К. Айымбетов/. 2. *Атыз, қыятақ, егин жер*. Гәй жерлерде бийдай *аңыз* көринеди /„Әмиўдәрья“ ж./.

АҢЫРАЙЫЎ *ф*. 1. *Аўызы ашылыў, лал болыў, серсиз қалыў*. Қыз әлле бир сумлықты сезгендей лал болып *аңырайды* /Х. Сейтов/. 2. *Есиктиң, капының ашық турыўы*.

АПА *ат*. 1. *Ана, мама*. Әкем неге екени белгисиз, *апама* бир маған бир көз таслап, қып-қызыл болып кетти /К. Смамутов/. 2. *Әжапа, қыз апа*. Ол ҳәзир Хемиолидиң оғада жас шағында қайтыс болған *апасы* ҳаққында ойлады /Р. Тагор/.

АПАЙ *ат*. *Жасы үлкен аналарға өзинен жасы үлкен қызкелиншеклерге айтылады, улыўма сыйласық ретинде де қолланылады*. Жигитлер ҳәм қызлар Ақназар ата менен Бийбигүл *апайға* көз айдын айтты /Т. Нәжимов/.

АПАҚ-ШАПАҚ *р*. *Ўақты хошлық, кеўиллери хош болыў, биргелесип қуўанысыў*. Отырсам болдым опақ, Тургелсем бол-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

дым сопақ, Күнлер қайда *апақ-шапақ*, Өттиң бе бастан әмирим /Бердақ/.

АПАЛАҚЛАЎ *ф. Албыраў, асығыў, ҳаплығыў, не ислерин билмеў, айрықша қуўанғанлықтан ямаса албырағанлықтан адам апалақлайды.* Екеўимизде әдеп *апалақлап* қалдық. Соңынан Мийирхан басын сәл көтериңкиреп питегене мыйық тартты да қойды /Ө. Хожаниязов/.

АПАЛАЎ *ф. Анасын шақырыў, қайта-қайта апа дей бериў, үсти-үстине апа деп тәкирарлаў.* Ең ақырында болмаған соң *апалап* айбарақ салып бақырдым /Ж. Аймурзаев/.

АП-АЛЫС *р. Дым алыс, жүдә алыс, оғада алыс, әдеўир жер, узақ.* Суўы да жүдә там-тарыс, өрис, қалды *ап-алыс* /Т. Жумамуратов/.

АП-АНСАТ *кел. Ансат, жүдә ансат, дым ансат, оп-оңай, жеп-жеңил.* Маған да *ап-ансат* дәлил табылады /Т. Қайыпбергенов/.

АП-АНЫҚ *кел. Жүдә анық, түсиникли, беп-белгили, жақсы белгили, қайнақай.* Жаздың айы, қара үй шийшен, сырттан келген адам *ап-анық* көринеди /Қ. Айымбетов/. Билди қыз жаўды *ап-анық*, Хаққан келгенине қаныҳ, Тағы күшин жыйды анық, Есигин бекитти беккем /Бердақ/.

АПАРЫЎ *ф.* 1. *Алып барыў, өзи менен бир нәрсени алып барыў.* Ала ғарға нанымды алды, *Апарып* салмаға салды /Қ. Айымбетов/. Базарға сатсам *апарып*, Жалғыз қара болмайды, Барлық көрпе төсегим /А. Дабылов/. 2. *Жумысты жүргизиў, ислеў.*

АПАТ *ат. Бахытсызлық, күтилмеген жерден болған аўыр ўақыя, тосыннан келген қәўип.* Жыққын егин ушын *апат* /Қ. Досанов/. Бул жылы халықты еки *апат* қырғынға ушыратты /А. Бегимов/.

АПАТШЫЛЫҚ *ат. Аш-әптадалық, елдиң қорланыўы.* Бул ашлық бир *апатшылық* болды ғой, не илаж?. ...—деп өзинен-өзи сөйледи /Б. Бекниязова/.

АП-АЎЫР *кел. Дым аўыр, тәўирек аўыр, жүдә аўыр, аўырлығы жеңерли.* Азлан соң еңкейип шыға бергени *ап-аўыр* денем еңсесинен баса кетти /Т. Қайыпбергенов/. *Ап-аўыр* сөз айтса ойыңнан кетпес, Сасық ойларына ақылың жетпес /Омар/.

АП-АШПЫ *кел. Дым ашшы, жүдә ашшы, уў зәҳәр.* Оның сөзи *ап-ашшы*.

АП-АШЫҚ *кел. Қалай болса солай ашық, толық ашылып турған, кере ашық.* Түниң аз-маз аязы болмаса, аспан *ап-ашық* /Ш. Сейтов/.

АП-ЛЯН *кел. Белгили, ап-анық, мәлим, түсиникли, аттан-анық, беп-белгили.* Бул мәстанның минези бизге *ап-аян* /„Әмиўдәрья“ ж./.

АПЕЛЬСИН *ат. Мийуениң түри, сырты қызғыш, сары домалақ, алманың үлкенлигиндей суўлы мийўе жемиси.*

АПЕНДИЦИТ *ат. Соқыр ишек, ишектиң туйилиўы, аўырыўы. Апендицит* кесели ўақтынан кешиктирмей операция ислеўди талап етеди, болмаса өмирге қәўип туўады /„Сов. ққ“. г./.

АПҚАЛ *ат. Пейил, минез, қулық, кейип, әдет. Апқалына* карасеш, Туўрайжақ бизди үзбендей /А. Дабылов/.

АПҚАН *ат. Тилек, ният, әрман.* Анасы айтты күймеспен, Өли тиринди билмеспен, Әжел жетпесе өлмеспен, Дейип *апқақ* қылған екен (Бердақ/.

АППАҚ *кел. Дым ақ, жүдә ақ, пәкизе, таза, гирбеңсиз, кирсиз, гүнасыз, кеўлинде пикири жоқ, қансыз.* Айналайын *аппағым*, Қозы жүнли қалпағым, Журт сүймесе сүймесин, Өзим сүйген *аппағым* („ҚҚ. Х. С. Ж“) Әйткени, булар бирин-бири шын сүйген, муҳаббаты таза сүттен *аппақ* /Қ. Досанов/.

АППАРАТ *ат.* 1. *Қандай да бир жумыс процесинде жумыс жүргизиў ушын қолланылатуғын прибор.* Фото *аппарат*. Тұқым себиўши *аппарат* тийген ўақта, ол өзинен өзи ашылып шигит жерге себилип баратыр /К. Султанов/. 2. *Бир шөлкемниң қараўында ислеўши хызметкерлер топары.*

АПРЕЛЬ *ат. Жыл он еки айдың биреўи, бәҳәр айы. Апрель* айының биринши ярымынан баслап, сәўирдиң самалы есип, жер дарайы көйлегин кийип, көк шөплер менен безелди /Ө. Айжанов/.

АП-САП *р. Тамам, кейин, тып-тынышлық.* Той *ап-сап* болғаннан кейин Омардың шешеси баласы менен келинине қара үйдиң оң қапталына төсек салыпты /М. Абдраймов/.

АПТАП *ат. Әптаб, күн, күняш, ашық, тынық, таза, ыссы, қайнаған қуяш.* Мың санлы садаға басқан изинен, мисли *аптап* киби йүзлери бардур /Әжинияз/.

АПТЕКА *ат. Дәри-дармақ сатыў ушын арналған дүкән-дәрихана.* Түстен кейин *аптекадан* ҳаялым дәри әкелди /А. Бекимбетов/.

АПТЕЧКА *ат. Дәри-дармақ салыў ушын арналған қутыша.* Хәр түрли дәрилери бар *аптечканың* бар болыўы шәрт /А. Джальменов/.

АПЫЛ-ТАПЫЛ *р. Жүрер-жүрмес, жығылып-сүринип, шала-шарпы адым атлаў, зордан-зорға, жүриўге енди ғана үйренип киятырған.* Бир жасына шықты *апыл-тапыл* жүрди, баланың қызығын көрди /„Мәспатша“/.

АПЫР-ТАПЫР *р. Баса-бас, қалай болса солай, асығыс, әйпәйине қарамастан, тез-тез.* Айпараны тута алмай, Есабы жоқ көп қалмақ, *Апыр-тапыр* болады /„Мәспатша“/.

АР *ат. Намыс, ҳүжжет, ҳүждан.* Пәнт жедим, *ар* намысым ишиме сыймай жүрегимди жандырып жиберди /А. Бекимбетов/.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АРА *ат.* 1. *Орта, қашықлық, ұақыт, аралық.* Ашықыз енди *араны,* Ҳаялға нәўбет қарады /А. Дабылов/. Мақсым, Әмет қармалаўға тал тапшай, Қашқан еди бир ақшамда *арадан* /И. Юсупов/. *Арадан* неше күн өтеди, бай сол баяғыша түнде кетеди азанда келеди /Қ. Айымбетов/.

АРА-АРАСЫ *р. Ҳәр дайым, гейде, гей ұақлары, иретинде, ... ара-арасында* жәмийетлик жерге де қатнаса баслады, лекцияларда оқып жүрди /К. Айымбетов/.

АРАБ *қ.* арап.

АРА БЕРИЎ *ф. Пардозлаў, өзине қараў, нәкизелеў, сулыўлаў, сыйпаныр тараныў. Ара берип* ақ жүзине, муртына, Атланып бар балам дайы журтына /А. Дабылов/.

АРАБЫ *кел. Арапша, араплардан тухымлық.* Жоқ едим бар болдым кәмалға келдим, *Арабы* атлар минип дәўранлар сурдим, Наныңды көп жедим рәҳәтинди көрдим, Хош аман бол бизден қалдың Бозатаў /Әжинияз/.

АРАЗ *ат. Урыс, өкпе-гийне, кеўил қалыспа.* Мақсетиң араға от салып, *араз* қылмақ ушын сөз таўып жүрсең /„Мәспатша"/.

АРАЗЛАСЫЎ *ф. Урысыў, өкпелесиў, кеўил қалысыў.* Татыў едик, бирге жедик тапқанды, Бай, орташа *аразласқан* жоқ едик /И. Юсупов/.

АРАҚ *ат. Спиртten исленген ишимлик, кеўил көтериў ушын, мәслик ушын арнаўлы ишилетуғын суйықлық, шарап. Арақ* ишип мәс болған, Өз-өзине қас болған /А. Бегимов/.

АРАҚХОР *ат. Арақты көп ишетуғын, мәскүнем.*

АРАЛАС *кел. Ҳәр түрли, қыйлы-қыйлы.* Дәрьяның еки бойы тал *аралас* тораңғыл тоғай болған /К. Султанов/.

АРАЛАСТЫРЫЎ араласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АРАЛАСЫЎ *ф. Қосылыў, жарнақласыў, кириспў, биригиў.* Жигитлер бир-бирине қарасып, мақулласып ымласты. Сөзге тағы Әжиниз *араласпы* /К. Султанов/.

АРАЛАТЫЎ аралаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АРАЛАЎ *ф. Ишинде жүриў, қыдырыў.* Көп жылқыны *аралап,* Әкесиниң малыпдай, Қырқ атты уўлап алады /Бердақ/.

АРАЛЛЫ *ат. Арал бойының адамы, халқы. Араллылар* менен қаракалпақлар жийи-жийи отырған аўыллардың орны, гөне жоллардың қалдықлары бир жерлердиң абад болған, үстинде сығасқан ел отырғанын дәлиллейди /Н. Дәўқараев/.

АРАН *ат.* 1. *Шөп, шөптиң түри, аран жаўын менен қырда өседи. Аран* менен селеўди, Аттың оты дер еди /„Алпамыс"/. 2. *Ҳайўанаттың бир түри. Аран* киби ашылғанда аўызы, Сәл созылып саўмалаған саўрысы /Т. Қабулов/.

АРАП *ат. Арап халқы.* Шаҳ жас бала ерке улы, хун демеклик *арап* тили /Бердақ/.

АРА-ПАРАСЫ *р. Ҳәр дайым, иретинде, басқа жумыслардың арасында.* Мийирхан екеўимиз *ара-парасында* көз жиберисип отыр едик, бир қарағанымда ол маған атқан оттай тиғилди /Ө. Хожаниязов/.

АРАПША *р. Араб тилинде.* Шала саўатлыларды оқытыў жолы булар жоқарғылардан басқарақ, *арапшаға* қолы келмейтуғын ораполақ /„Қыз. муғ". ж./.

АРА-ТУРА *р. Ҳәр дайым, анда-санда, сийрек, нәқан-сақ. Ара-тура* салған жылым абағым, майлағанда үйип келер қабағын /С. Нурымбетов/.

АРАША *ат. Төрелик, кәтқудалық.* Турым *арашаға* түсип „Тоғайлы жер ансыз болмас" деген жасаўыл тақсырлар Бозатаўда бар бала Хийўала жоқ па? /К. Султанов/.

АРАШАЛАЎ *ф. Айырыў, жәнжелди басыў, урысқан еки адамды жайғастырыў, тоқтатыў.* Жигитлер өрре турып, Қудиярды Қәлменниң қолынан зорға *арашалап* алды /К. Султанов/.

АРБА *ат. Адамлар минетуғын, жүк тасыйтуғын, ағаштан арнаўлы соғылған көлик.* Қаладан алғаным алты *арба* асқабақ /Н. Дәўқараев/.

АРБАБ *қ.* әрбап.

АРБА ЖОЛ *ат. Үлкен жол, арба, машина жүретуғын арнаўлы кең жол. Арба жолдың* бойында қалып еди пақырлар, Қызыл қумның ойында /С. Мажитов/.

АРБАКЕШ *ат. Арбашы, арба айдайтуғын адам.* Алтақтаға жанбаслаған *арбакеш,* Артта отырған адамға сөз салмас ҳеш (И. Юсупов).

АРБАЛАЎ *ф. Арба менен тасыў.* Алтын барма, гүмис барма алып *арбалап* қаладан шығара баслады /Қ. Ирманов/.

АРБАЛЫ *кел. Арба менен.* Асықпаған *арбалы* қоянға жолығады /„ҚҚ. Х. Н"./.

АРБАНЛАЎ *ф. Ҳәрекеттиң ебетейсиз қозғалыўы, ебетейсизлениў, әдеттен тыс ҳәрекет.* Арқаландық *арбанлап,* Ақырет көрдик өлимнен /Жийен жыраў/.

АРБАЎ *ф. Көтермелеў, жақсы сөз бенен жубатыў, алдастырыў, кеўлин бағыў.* Соларды алдап, *арбап* соңына ертти /„Қыз. муғ". ж./.

АРБАШЫА *ат. Арбаның кишкенеси, арба сыяқлы көликше.* Чайдаковты кишкентай *арбашаға* жатқарып операция жайына киргизди /А. Бекимбетов/.

АРБАШЫ *ат.* 1. *Арбакеш, арба айдаўшы адам, киси.* 2. *Арбада жақсы жүретуғын көлик.*

АРГУМЕНТ *ат. Дәлил, себеп, тийкар, исенерлик ўәж.*

АРҒЫ *кел. Ана шети, аржағы, түп-дәреги, төркини.* Баян етсем ҳасылзатын, *Арғы* атасы Есенгелди /Бердақ/. *Арғы* қыздың бергиси, берги қыздың *арғысы,* Хийўалысы қайсысы /Қ. Айымбетов/.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АРҒЫМАҚ *ат. Аттың ең ҳасылы, жылқының жақсы туқымы, мықлысы.* Азамат ердің белгиси, азғана сөйлеп көп тынлар, *арғымақ* аттың белгиси, азғана отлап көп жуўсар /„ҚҚ. Х. Н“./.

АРҒЫТ *ат. Үлкен ағаш, мықлы, жуўан ағаш.* Узыны келискен жуўан бир *арғыт*, Саны жүз сапасыз талдан жақсырақ /Бердақ/.

АРДАҚЛАТЫЎ ардақлаў фейлиниң өзгелик дәрежеси.

АРДАҚЛАЎ *ф. Кәдирлеў, ҳүрметлеў, сыйлаў.* Атты бақсан *ардақлап*, жаўға бермес тар жерде /„ҚҚ. Х. Н“./. 2. *Мардыйыў, талтаңлаў, шалқайыў мақтаныў.* Енди тоқталмасын билген соң жигитлер *ардақлап* баратырған батырдың соңына ерди /К. Султанов/.

АРДАҚЛЫ *кел. Кәдирли, қымбатлы, ҳүрметли, керекли, әҳмийетли, қалдырыўға болмайтуғын.* Ақ көкиреклик етип алдаўға инанып, *ардақлы* ислерди таслапта кеткен /Ж. Аймурзаев/.

АРДАНА: ардана болыў *ф.* 1. *Мийрас болыў, тийисли болыў.* 2. *Өзинен аўыспаў, өзине буйырыў.* Масқараназ ҳеш ўақытта илинбес санға. Ол *ардана болсын* Абдираманға /И. Юсупов/.

АРДАП *ат. Жарма, шубат, ең суйық әҳәри жоқ аўқат, күшсиз аўқат, негизинен арықлаған ылақ, бузаўларға берилуўшын арнаўлы қайнатып исленген аўқат.* Ҳәмийше *ардабың* қайнап қойылмай, Суйық болып жарман кетти қостарым /А. Дабылов/.

АРЕНА *ат. Орта, циркти ортасындағы ойын көрсетиўге арналған майданша, ашықлық, кеңислик.* Олар әдебиятымыздың кең *аренаға* шығарыўда шын көўилден хызмет етип атыр /„Әмудәрья“ ж./.

АРЕНДА *ат. Ўақытша пайдаланыў ушын алынатуғын жер.* ...қарақалпақларға жерлерди *арендаға* алып ислеўге туўра келди /И. Дәўқараев/.

АРЖАҚ *р.* 1. *Карама-қарсы жақ, арғы бет, арғы тәреп.* Аламан деп малды төгип *аржақтан*, Келди Досмухаммед саған Бийбайша /Омар/. 2. *Аўыс. Даўамы, жалғасы, изи, соңы.* Ол *аржағын* айтпай гилт иркилли /Ж. Аймурзаев/.

АРЖАҚ-БЕРЖАҚ *р. Арғы тәреп, берги тәреп. Аржақ-бержақ* болып еки сан болған, Бөлим-бөлим жерлер қарақалпақта /Әжинияз/.

АРЗА *ат. Шағым, биреўге өз жәбирлилигин ямаса қандай да бир мүтәжин билдирген жазба ямаса аўызша түсиник, сораныў, өтиниш.* Үш күннен кейин Қаражан Алпамыс достына *арза* қылды /„Алпамыс“/.

АРЗАГӨЙ *ат. Биреўдиң үстинен арза бериш, көбинесе арза жазыў менен шуғылланыўшы киси. Арзагөйди* услап алды, Мойнына қыл аркан салды. Қарқыратып малдай шалды, Халықты жаман қысқан екен /Бердақ/.

АРЗАН *кел. Баҳасы кем, төмен, баҳасыз, қымбат емес.* Бизде бар, *арзан* қосық кеткен сыры, Сыялап бурын кеўип аты сөнген /И. Юсупов/.

АРЗАН-ҚЫМБАТ *кел. Баҳа, жақсы-жаман, қәдир-қымбат.* Ким билсин жарлының *арзан-қымбатын*, Көрдим талай қыздың сулыў-сымбатын /А. Дабылов/.

АРЗАНЛАТТЫРЫЎ арзанлаў фейлиниң өзгелик дәрежеси.

АРЗАНЛАТЫЎ арзанлаў фейлиниң өзгелик дәрежеси.

АРЗАНЛАЎ *ф. Баҳасы кемиў, нырқы кемиў, баҳасы төменлеў.* ...буғын баҳасы *арзанлаў* /Ө. Айжанов/.

АРЗЫ *қ.* арза.

АРЗЫ-АЎҲАЛ *ат. Жай-жағдай, ҳал-жай.* Болды енди *арзы-аўҳалыңды* соң айтарсаң /Р. Тағор/.

АРЗЫМАЎ *ф. Турарлық болмаған, арзымаған, арзымайтуғын.*

АРЗЫЎ *ф. Турарлық.* Бул атты каншаға алса да *арзыйды.*

АРЗЫЎ-ӘРМАН *ат. Мурат-мақсет, әрман, тилек, келешек, үмит.* Елатым Мүйтенди, Өтешдур атым, *Арзыў-әрман* менен қалдың Көк өзек /Өтеш/. Ләблериң пистедек, тислериң маржан, Көрген *арзыў* менен көрмеген *әрман*, Ҳәрбир сөзиң дәртли күнлерге Дәрман, Хабарың қер перийзатым йол болсын /Әжинияз/.

АРЗЫЎЛЫ *кел. Әрманлы, керекли, интизарлы, үмитли, қәдирли, қымбатлы.* Кимсениң қызуғлы, *арзыўлы* яры, Кимниң касы қара, көзи қуңқары, Әсир болып телмирисип ҳәр-сары, Йыглап ат алдына түсти Бозатаў /Әжинияз/.

АРЗЫ-ҲАЛ *ат. Ҳал-жағдай, жай-жағдай, аўҳал. Уллар*ыңыз түсип залым қолына, Кимлер қулақ салар *арзы-ҳалыма* /Әжинияз/. Жигитлер айтайын тыңлап арамды, Мен баян етейин *арзы-ҳалымды* /Бердақ/.

АРИФМЕТИКА *ат. Есап, есап-санақ, есап китап, сабақлық. Әўеле ең қыйынырақ сабақ арифметикадан* мәселе шығарды /Ө. Айжанов/.

АРҚА *ат.* 1. *Адамның арқасы, бир нәрсениң тери жағы.* Ол елде қалған ағаматларға исенип *арқасын* таяға сүйегендей болып кетти /К. Султанов/. 2. *Тәреп, бағдар, географиялық атама.* Оң түсликке қарай *арқа* шығыстан, Көкшил бултлар шығып барады /Ш. Мәмбетмуратов/. ◇ Арқа сүйеў—*тирек, сүйеним, арқа сүйер, жәрдемши, исенимли адам. Арқа сүйер* жалғыз тағы қыз апасы Айсултан еди /Х. Сейтов/. Арқасы козыў—*қызығыў, көўил кетиў, қызық кетиў,* Сөйлесе *арқасы*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қозған, Жүйрик болып кимнен озған /Өтеш шайыр/. Ден саўлықтың арқасы—аўырмай дени саў болыўы, сап денели. Ден *саўлықтың арқасында* жүзге шығыўыңыз ушын, өзлеримизди күти ўйимиз керек /К. Смамутов/.

АРҚАЙЫН *кел. Уўайымсыз, қайғысыз, парўайсыз.* Мени сизлер қайғырман. Бола бериң *арқайын* /Ш. Мәмбетмуратов/.

АРҚАЙЫНЛЫҚ *ат. Тынышлық, жай-парахат. Арқайынлық* адамды, Алластырады жолдан, Ислер қыясын егиске, Таярлық көриң молдан /Б. Қайыпназаров/.

АРҚАЙЫНШЫЛЫҚ *ат. Қайғысызлық, ғамсызлық, ўайымсызлық, парўайсызлық. Арқайыншылыққа* берилмеў керек.

АРҚАЛАМАЙ: **арқаламай отын** *кел. Азғантай, көп емес, бир арқалайтуғын.*

АРҚАЛАНЫЎ *ф. Затты арқасына салып көтериў, көликсиз зат көтериў, жерсиз-мәкансыз затларын бәрҳа ийнине салып жүриў.* Елден елге барғанда, *Арқаланбай* көшпеген /А. Дабылов/.

АРҚАЛАСЫЎ **арқалаў** фейилиниң шерiклик дәрежеси.

АРҚАЛАТЫЎ **арқалаў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АРҚАЛАЎ *ф.* 1. *Көтериў, бир затты ийнине, арқаға салып алып жүриў ямаса бир жерден екинши жерге алып барыў.* Бағдагүл қабағын *арқалаў* менен үйге сөйлей кирди /Т. Қайыпбергенов/. 2. *Қайғы шегиў, ғам-ғүм болыў, кеўли кирлеў.* Әсирлердиң аўыр шерин *арқалап*, туқыл ашып, жаўыр болған тийегим /И. Юсупов/.

АРҚАЛЫ *к. с. Бойынша, усти менен, үстинен, жәрдеми менен, соның арқасынан.* Соннан кейин телефон *арқалы* сөйлесе аламыз /Әд. хрест./. Әжинияз усы Гүлбий *арқалы* қыз бенен тиллесермен бе деп киятыр /К. Султанов/.

АРҚАЛЫҚ *ат.* 1. *Арбаның үскенелериниң бир бөлеги, арбаның тийкарғы аўырлығын аттың /ешектиң/ белине түсирип тўратуғын қам шеримнен, арқан т. б. исленетўғын зат.* Арбаның *арқалығын* экелип қойды /К. Айымбетов/. 2. *Жайларға, шертеклерге ҳәм басқа да нәрселерге салынатуғын үлкен жуўан ағаш.* Еки жағы еки баған, бир ағайты кесе салған. Аман кетпес оған барған, *Арқалықлы* дар бар екен /А. Дабылов/. 3. *Аў ҳәм жылымлардың бир бөлеги.* Айқыз қолға тутқан аўыздың *арқалық* жибиниң ушынан тутып... /А. Бегимов/.

АРҚАН *ат. Жуўан, мықлы етип есилген жип, пахта жиптен, кендирден, жүннен, қылдан есилип исленеди.* Аўмасын деп жолларда, *Арқан* менен берк тартты /„Алпамыс"/. ◇ **Арқан бойлы**—*арқанның бойындай, онша жоқары емес, жаңа тиклеңген, жаңа ғана көтерилип киятырған.* Биз аўылдан шығып далаға жыйпала баслағанымызда күн *арқан бойлы* көтерилип, нурлы сәўлеси менен жер жүзин жайнатып қыздыра баслаған еди /Н. Дәўқараев/. **Арқан салыў**—*мөлшерлеў, өлшеў, салыстырыў.* —Айтқаның өзиңе жән шығар курдас— деди Гүлбий узақ, жақын аўылда деп, *арқан салып* өлшеп отырғанымыз жоқ, молла қайнағаның баласы деп, орынды саған бердик. Әпиў етесиз /К. Султанов/.

АРҚАНЛАЎ *ф.* 1. *Арқанның узынлығының бәрин жиберип жанлы-жаныўарларды оплаў ушын қолай жерге байлаў.* Үлкен балаларға еликлеп, мен де баспағымды узын жипке *арқанлап* кояман /Ө. Айжанов/. 2. *Аўыс. Сүйеп салдыға салып қойыў, жумысын паткермесе де қуры ҳәлек етип қоя бериў, ҳәлеклеп қойыў.* Гүнәкарларды узын *арқанлап*, кең тусап, тек ғана керек адамын қамайтуғынның өзи екенин... /Қ. Ирманов/.

АРҚАНЛАЎЛЫ *р. Арқан менен узын етип байлаўлы.* Үйиниң қасында *арқанлаўлы* турған қара ешек, ишин тартып ақырып жиберди /Ө. Айжанов/.

АРҚАР *ат. Суўын топарына киретўғын жаныўар. ...қалың, ушы-қыйыры жоқ далаларды гезип жүретуғын арқар*, моралдай кеңисликке шығыўды ойлады /Н. Дәўқараев/.

АРҚА ТАСПА *ат. Ҳайўанлардың териси.* Солай етип бала жолбарыстың *арқа таспасын* кесип алып ишинен белине қыстырды да,... (Қ. Айымбетов).

АРҚАЎ *ат.* 1. *Улыўма тоқылатуғын (таўарлардың) затларсың кесе тартылған жиби. ...үстине бөзден арқаўы* ерсисинен гөри сийрегирек тоқылған алашада тигилген гөне күнлик шапан кийилген,... (К. Ирманов.). 2. *Сүйениш, тиреним, бир нәрсениң екинши бир нәрсеге кесент, толықтырыў, биреўиниң кемисин екиншиси толықтырыў мәнисинде.* Биреў *арқаў* биреў ерис, Апа бала усаң арқаў ериске. Сол азалы жылы мынаў қызымды, Атландырған едим бир үлкен иске (И. Юсупов). ◇ **Арқаў-ерисли**-*бир-биреўге мәдет, ес, тирек.* ...солай болған соң *арқаў-ерисли* болып күн көрмесең бола ма? басына түссе баспақшы боларсаң—деген (К. Ирманов).

АРҚАШ *ат. Дүмпешик, қайыр, бәлентлеў жер, төбешик.* Сен тезек териўге шығып *арқашқа*, Гейде қандай жақсы қосықлар айттың (И. Юсупов).

АРҚЫРАТЫЎ **арқыраў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АРҚЫРАЎ *ф. Катты бақырыў, айбат пенен бақырыў.*

АРЛАНЫЎ *ф. Ары келиў, намысланыў, намысы келиў, ызаланыў.*

АРЛАЎ *ф. Арын әперiў, сөзин сөйлеў, ҳақлаў, тәрепин*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шалыў, жырлаў. Бәримизде мийнеткеш халықтың арын *арлаймыз*, жырын жырлаймыз деп гүнакар болып отырмыз (Қ. Ирманов).

АРЛЫ *кел. Намыслы, ары келетуғын, сөз көтермейтуғын.* Жарлы болсаң *арлы* болма („ҚҚ. Х. Н".).

АРЛЫ-БЕРЛИ *р. Арман-берман, артқа-алға, оңққа-буяққа, анда-мында.* Азық, аўқат комиссары тағыда өзиреде *арлы-берли* жүрип, тосаттан Антонның алдына келип тоқтады (А. Макаренко).

АРМАҒАН *қ.* арман.

АРМАН *р. Армаған, кейин, басқа жақ, узақ, аўлақ.* Булар көрген сайың ол *арман* жүргендей болады (А. Бегимов). Гүлайымды айтсаңшы алдыма қойып, *арман* қарайсаң да аға бултыйып (Омар шайыр).

АРМАН-БЕРМАН *р. Ары-бери, оңққа-буяққа, арлы-берли, алға-артқа,* Үйдиң айналасында *арман-берман* жүрди (Х. Сейтов).

АРМАНЫРАҚ *р. Кейинирек, арырақ, былайырақ, узағырақ, басқа жерге.* Себеби ол ҳәммеден де алысқа жолдас болып *арманырақ* узатыў керек (Т. Қайыпбергенов).

АРМИЯ *ат. Мәмлекетлик қураллы күшлердиң жәми, әскерий күшлердиң жыйнағы.* Даңқлы *армияның* оңлысолында, Ғайрат салған социализм жолында (С. Нурымбетов).

АРНА *ат. Үлкен тыннан жарылған жап, суў жолы.* Мәселе айтпаған улама, Суўы жоқ *арнаға* мегзер (Әжинияз). Лўылдың шетине шығып, гөне *арнаның* ултанына түсти (К. Султанов).

АРНАЛЫЎ *ф. Бағышланыў, тиғиў.* Жүректен шыққан *арналып* муҳаббат жырын жырлайды (Б. Қайыпназаров). „Ақ алтынлы атыздың азаматлары," повесть колхоз аўылы турмысына *арналған* (Г. Есемуратов).

АР-НАМЫС *ат. Ҳүждан, адамгершилик, сақлық.* Адам баласында болсын *ар-намыс*, Ең кеми мың болсын көз көрген таныс (Бердақ). Туўған елдиң *ар-намысын* алып кел, Душпанның басына саўда салып кел (С. Нурыбетов).

АР-НАМЫСЛЫ *кел. Ҳүжданлы, адамгершиликли, ҳадал.* Ана ушын таяр ҳәрўақ, *Ар-намыслы* ҳәрбир адам (Ж. Аймурзаев).

АРНАЎ *ф. Бағышлаў, бериў, қойыў, тиғиў, нийетлеў.* Тири болса бийшара, Ырза болар өзине, Мийри қанар пақырдың, Айтқан *арнаў* сөзи („ҚҚ. поэз. ант".).

АРНАЎЛЫ *кел. Бақышлаўлы, тийисли, дәркар.* Бизлер *арнаўлы* кемеге миндик („Әмудәрья" ж.). Ерназарды жасаўыллар *арнаўлы* үйге айдап алып кетти (Т. Қайыпбергенов).

АРПА *ат. Егиннің түри, дән егиннің ең ерте, тез писетуғын қылшықлы түри.* Ертенине азанда үйден шыққанда атқа берермен деп алып шыққан ат дорбадағы *арпа* ядына түсти (М. Абдраймов.).

АРПАЛЫС *ат. Талас-тартыс, узақ даўам еткен гүрес, қым-қыйқаш, түсиниксиз ўақыя.* Басланды қалды *арпалыс*. Ашыўлы арал гүрсинди (К. Султанов).

АРПАЛЫСЫЎ *ф. Гүресиў, тартысыў, урысыў, пәнжелесиў, төбелесиў, айкасыў, өз ойы менен өзи гүресиў.* Ыза ашыўдың *арпалысқан* толқыны жатыр (К. Султанов). Кемпир түпсиз тунғыйық ойдың ҳәсиретине батып, гә куўарып, өкиниш сезим сүргининде *арпалысып* жүр (К. Султанов).

АРПЫЛДАЎ *ф.* 1. *Жөнсиз биреўге бақырыў, қатты сөзлер менен урысыў, аўызын тартып урыў, арсылдаў.* 2. *Иймтиң ызаланып айбат көрсетиўи, даўыслаўы, қатты уриўы.* Турым сабырын услап тура алмады,—Қудияр мына *арпылдаған* төбетлериңди байлайсаң ба, я жоқ па? (К. Султанов). 3. *Аўыс. Ашыўлы түрде бақырыс.* Ашыўланып *арпылдап*, Қолы барды жағаға (А. Дебылов).

АРСАРЫ: арсары шығыў *р. Ҳайран болыў, әжептәўир, бир түрли, үрейлениў.*

АРСЕНАЛ *ат. Урыс қуралларын, улыўма керек-жарақларды сақлатуғын ойлар, склад.* 2. *Аўыс. Қандай болмасын көп мүғдарлы зат, сақлаўлы турған көп зат.*

АРСЫЗ *кел. Ары жоқ, ҳүждансыз.* Ол ҳеш ўақытта бунша *арсыз* болыўға бармайды (Р. Тагор).

АРСЫЗЛЫҚ *ат. Уятсызлық, намыссызлық, ары жоқлық, адамгершиликсиз, кемислик.* Қыз келисим бермесе де *арсызлыққа* салып өзиниң сөзин даўам етти (Қ. Айымбетов).

АРСЫЛДАЎ *ф. Ашыўланыў,* бақырыў, *жөнсиз даўысты көтериў.*

АРСЫНЫЎ *ф. Ары келиў, арланыў, намысы келиў, намысланыў,* Ашыўланып *арсынып*, Еллен шығып кетерсиз („Қырқ қыз").

АРТ *ат. Бир нәрсениң терис жағы, оң жағының қарама-қарсысы, кейин, ақыры.* Адасқанның *артына* бақ. Намыссызбан жүзим, кеўлим қап-қара (И. Юсупов).

АРТЕЛЬ *ат. Шөлкем, жәмлескен, көпшилик пенен биригип ислеў усылы. Артель* болып гүллән исти өндириў, Қыйын исти мийнетине көндирип (Ж. Аймурзаев).

АРТЕЛЬЛЕСИЎ *ф. Шөлкемлесиў, биригип ислесиў, жәбдилесиў, қосылып ислесиў, артельге биригиў, артель болыў.* Жаңа тукым усылайынша себилди, *Артельлесиў*, мине усылай кеўилли (И. Юсупов).

АРТИЛЛЕРИЯ *ат. Снаряд пенен атылатуғын күшли урыс қуралының улыўма аты.* Палаткада отырғанымызда *артиллерия* атыспаларының ҳәм снаряд жарғанның жарылған даўыслары анық еситилип турды (Н. Дәўқарев).

АРТИСТ *ат. Көпшилик алдында көркем өнер шығармасын*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

атқарыўды кәсип етиўши киси, ойыншы, рольди атқарыўшы, өзөзине уста, қәнигели кәсибине шәбеп қатнас жасай алатуғын адам. Мине халық *артистлери* Айымхан, Жанақ бақсы қаракалпақ мәмлекет театрының ески машинасы менен келип жетти (Н. Дәўқараев).

АРТҚА *р. Кейинге, изге, арқасына, соқына.*

АРТҚЫ *кел. Кейинги, изги, ақырғы, соңғы, арқасындағы.* Назлы кемпир қара үйиниң *артқы* шийин түрип таслады (К. Султанов).

АРТТА *р. Изде, кейинде, соңында.* Алтақтаға жанбаслаған арбакеш, *Артта* отырған адамға көз салмас ҳеш /И. Юсупов/.

АРТТАҒЫ *кел. Кейинде қалған, кейиндеги, кейинги, соңындағы.*

АРТТЫРЫЎ *ф. Көбейтиў, үлкейтиў, нобай етиў, молайтыў.* Жаңа күшим жаңа күўат *арттырған*, Елимди шад еткен Съездим болды /С. Нурымбетов/.

АРТЫ *р. Териси, кейни, арҳағы, шеп тәрепи, изи, соқы.* Еки колын *артына* қайырып кишкене бир банканы услап тур (Ө, Аймжанов).

АРТЫҚ *кел. Зыят, көп, аўысық, жеткиликли, мол.* Сәўгидей екен бойлары, Қатардан *артық* ойлары, Келискен сийне сәнлери, Салланған айымды көрдим /Бердақ/.

АРТЫҚМАШ *кел. Айрықша, өзгеше, зийрек, айдан арыў, күннен сулыў, жақсы.* Қарасын үзип кетпесе. *Артықмаш* карыў етпесе, Жүйрик қоянға жетпесе, Қайың тазы неге керек (Бердақ).

АРТЫҚМАШЛЫҚ *ат. Өзгешелик, айрықшалық, өзиншелик.* Соннан кейин дийханлар биротала *артықмашлық* алады (Т. Қайыпбергенов).

АРТЫҚША *кел. Зыят, айрықша, басқаша.* Куўанды сонда ҳәммеси, *артықша* еди дәмеси (Бердақ).

АРТЫЛЫЎ *ф.* 1. *Мингесиў, бирине-бири жабысыў, бириниң үстине екиншисиниң миниўи, қаптырылыў.* Қашар *артылып* ғарры өгизге, Қонырат зорлық қылған екен (Бердақ). 2. *Жүклениў, тийелиў.*

АРТЫНЫЎ *ф. Алды-артына бир нәрселерди көтериў, көтерилиў.*

АРТЫНЫЎ-ТАРТЫНЫЎ *ф. Иўнине, қолына, арқасына жүкти бирден көтериў, көтерилиў.*

АРТЫЎ *ф.* 1. *Көбейиў, молайыў, асып кетиў, тасыў.* Көтерил көкке, Өрлеў бийикке, Сезимиң *артып* /Г. Есемуратов/. 2. *Жүклеў, тийеў.* Жастан солып қызыл гүлим, Гүнлердей байланды тилим, Қайысты қайғыдан белим, Дуз *артқандай* қуба нарға /Бердақ/.

АРТЫЎЛЫ *кел. Тийеўли, жүклеўли.* Ортамызда бир ешек, көрпе-төсек *артыўлы*, Бәри гәне олардың, Жақсысы жоқ жартыўлы („Жийен жыраў").

АРЎАК *қ.* әрўақ.

АРЎАНА *қ.* әрўана.

АРХИВ *ат. Документлер сақланатуғын мәкеме.*

АРХИТЕКТОР *ат. Қалың көшениң, жайлардың басқа да қурылатуғын үскенелериң әўеле планын, сүлдерин түсиретуғын қәнигеликке ийе болған киси, адам.*

АРША *ат* 1. *Кийим-кеншек салып қойыў ушын ағаштан исленген қуты.* —Қәне, енди баламның хатын маған бер, *аршаның* тубинде естеликке сақлап қояман /Ө. Хожаниязов/. 2. *Шақалары буйраланған, бүршикли, қысы-жазы өз түсин өзгертпейтуғын ағаштың бир түри—ёлка. Арша* ағашты қулатты /Коблан).

АРШЫЛ *кел. Сөз көтермейтуғын, қамшы сүймейтуғын, намыслы, кекшил.* Ол оғада кекшил, *аршыл* ҳайўан болды дейди („Әмудәрья" ж.). Ержан артта калыўды сүймейтуғын *аршыл*... (Г. Есемуратов/.

АРШЫН *ат* 1. *0,71 метрге тең узынлық өлшеми* Ол төртбес *аршын* бийикликте дәрўазаның үстине шықты (С. Салиев/. 2. *Аўыс. Биреўге, бир нәреге ямаса ўақыяға өзиниң жеке көзқарасы бойынша баҳа бериў, өлшеў, салыстырыў.* Өз пәрзентине берген ананың бириншi *аршынын* тийкарсыз болмайды (К. Досжанов).

АРШЫНЛАЎ *ф. Метрлеў, өлшеў, мөлшерлеў.*

АРШЫЎ *ф.* 1. *Тазартыў, қыршыў, тазалаў, қабыршағын алыў.* Ымысын шабақларды *аршып* тазалағанша, Шәжим бир кепшик жүўерини қонсысының дигирманына барып майдалап тартып келди /К. Досанов/. 2. *Аўысп. Кеўил кирин кетириў, өкпе гийнени жазыў, кеўил алыў.* Әжинияз әкесиниң бонсасы менен өкпесин *аршыў* ушын жымыйып күлди /К. Султанов/.

АРЫ-БЕРИ *р. Алай-булай, арман-берман, олай-булай, ояққа-буяққа алдына-артына.* Екеўи машинаның жанында азғана турды да, *ары-бери* жүре баслады (Ө. Хожаниязов).

АРЫЗ *қ.* арза.

АРЫЗДАР *ат. Арза бериўши, арза қылыўшы адам.* Намаз руўза қарыздар, Болсын бир адамға атам, Қалайша болдың *арыздар*, Себеп не дур маған атам (Бердақ).

АРЫЗШЫ *ат. Арзагей, биреўдиң үстинен арза бериўши.*

АРЫҚ *кел. Ети жоқ, жүдеў, азғын, тозған, төмен, тесилген. Арықларды* бағыўға, Семизлерди байлаўға, Халқына беккем тапсырды /„Қырк қыз"/. Күйдиреди *арық* жер, Төккен маңлай терини /Б. Қайыпназаров/.

АРЫҚАҚСАҚАЛ *ат. Әмел, елдиң бийи, ақсақалы, басшылық ис алып баратуғын, суўмурап, ҳәзирги гидромелорация ислери бойынша ис алып баратуғын, суўмурап. ...*шегинди болған соң қанша дем алсаң ала бер,—деди *Арықақсақал* /А. Бегимов/.

АРЫҚЛАЎ *кел. Жүдеўлеў, жүдә арық емес, арығырақ, пәс-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

леў, орташа. Ол *арықлаў* узын бойлы, қара шашы кап-қалың келиншек екен /К. Смамутов/.

АРЫҚЛЫҚ *ат. Пәмсизлик, жүдеўлик, болдырғанлық, ҳәли жоқлық, ҳәлсизлик.* Махийтабан емес мәжкүн көринди, Шапқан атым *арықлықтан* сүринди, Қем-кемнен аңланар сөзлерим енди, Бәршеси дүньяның ялған көринди /Бердақ/.

АРЫҚ-ТУРАҚ *кел. Арықлаўдан келген, арықлаў, арықтордан келген, ебиндей, орташа.* Меңлибай Ешниязов сылыңғырдан келген *арық-турақ* бала еди /Ж. Аймурзаев/.

АРЫҚ-ТУРЫҚ *кел. Жаман-жуман, жаман-жәўдик, пәжмүрде* Баспақ, таңа *арық-турыққа* қолдан жылытып суў бермек керек /Мәжит улы/.

АРЫЛМАС *кел. Таўсылмас, изи жоқ, ада болмас.* Бул ис болар *арылмас* дәрт. Белди буўын болайын мәрт /Әтеш/.

АРЫЛМАЎ *ф. Жазылмаў, саўалып кетпеў, тәўир болмаў, қутылмаў.* Қулласы усы бала туўғалы аўырыўдан *арылмайды.* /ҚҚ. Х. Е./.

АРЫЛТЫЎ *ф. Тазартыў, ада етиў, таўысыў, адақлаў, жоқ қылыў* Дағы *арылт* қысыўметтиң, Жолын кес ески әдеттиң, Дәртке аспаған жигиттиң, барынан жоғы жаксы /Мәжит улы/.

АРЫЛЫЎ *ф. Айрылыў, жоқ болыў, тазарыў, жақсарыў, қутылыў, азат болыў, жуда болыў.* Асаў толқынлы Әмудәрья, Қыскы муздан *арылды,* Қызкеткенниң тарнаўында. Сарқырады сарылды /Т. Сейтжанов/.

АРЫМАЎ *ф. Арбаў, тозбаў, жүдемеў, шаршамаў, өтпен түспеў жалықпаў, болдырмаў, сыр бермеў.* „Ақыл *арымайды*" алтын ширимейди /„ҚҚ. Х. Н"./.

АРЫРАҚ *р. Кейинирек, узағырақ, арғарырақ, аўлағырақ, Арырақ* барса, өлип атырған каскыр менен түлкиниң териси жатыпты екен, оны алып өгизге арта береди /„ҚҚ. Х. Е"./.

АРЫС *ат.* 1. *Арбаның еки қапталының узын ағашы, арбаның атқа өгизге т. б. жегиўде ең керекли жақлаў ағашы.* Арбаның қасында келген баспашылар адамларды тегис байлап болған соң, атларды *арыстан* шешип алды /К. Султанов/. Сығасқан көп арба. Арбаға байлаўлы, ертлеўли, өгиз сыйыр, жылқы еки-үштен хәр арбаның *арысына* байланған /К. Султанов/. 2. *Аўыс. Бир қапталы, бир жағы, теңме-тең, аўырлықты тең тартыўшы, қайғыны, қуўанышты тең бөлисетуғын адамның биреўи.* Еки *арыстың* бирисең, арбаны тең тартасаң,—деди Аскар сөзди кесип /„Әмудәрья" ж.. 3. *Тармақ, тийре, тараў, бөлим.* Пәлекенниң туўысқан дайысы қарақалпақтың он төрт урыў, *арысының* қытайының куйып тийресинен еди /А. Бегимов/.

АРЫСЛАН *ат. Ең күшли жабайы, жыртқыш ҳайўан.* Айбатына қарасаң, Адам түўе десарым, *Арыслан да* қорыққандай /„Қырқ қыз"/.

АРЫСЛАНДАЙ *кел. Арыслан сыяқлы, күшли, жүдә күшли, айбатлы, қудиретли.* Жигит болсаң *арысландай* туўылған, Хызмет етсең удайына, халық ушын. Жигит болсаң *арысландай* туўылған, Қашпас ҳәзге қара бастың ғамы ушын /Бердақ/.

АРЫЎ *кел. Сулыў, сымбатлы, айрықша, көркем, оғада жақсы, ақ билек, ақ дене.* Суў ишиўге бир *арыу* марал, Саған мегзеп қалды, Әмиўдиң қызы /И. Юсупов/.

АРЫЎАНА *қ. әрўана.*

АС *ат.* 1. *Аўқам, тамақ, ишип-жем.* Отаўға Муширип келип, *ас* таяр болғанын хабарлады /К. Султанов/. Мийнет пенен от жақпаған, *Ас* наннын қәдирин билмес /А. Дабылов/. 2. *дин. Өлген адамның күнин белгилеў, садақа.*

АСА *кел.* 1. *Айрықша, асып кеткен, өзгеше, басқаша. Аса* билим шайырлық жоқ өзимде. Көп кемислер қалды айтқан сөзимде /Бердақ/. 2. *Аўыс. Же, аўзықды толтыр. Аса* палаўды деп. Тәшанның алдына қойды /„ҚҚ. Х. Е."/.

АСАБАТ *ат. дин. Өлиге тийисли садақа, өлгеннен кейинги берилетуғын қарасы, жетиси, қырқы, жылы, жылы.* Малын сойды ет болды. *Асабаты* көп болды, үш-төрт күнниң ишинде тарқатып бәрин жеп болды /А. Дабылов/.

АСАЛЫЎ *ф.* 1. *Улғайыў, асқыныў, жаман болыў, үлкейиў, жараның, күйиктиң, кеселдиң қозып, айнып, кетиўи.* 2 *Аўыс Озыў, асып өтиў, жетиў.* Айрылдым жалғыз көстарым. Маңлайы дөңес қошқардан, *Асалмай* қалдым асықтан. Не болғанымды билмедим /Бердақ/. 3. *Желиниў, ишиліў.*

АСАМ; **био асам** *кел. Аўыздың бир толысы* „Таўдан тастап қайтпаған жүрегим бар *асам* майдан қайтама деп ойлады" Сапар ишинен /М. Абдиреймов/.

АСАТЫЎ **асаў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АСАЎ *кел.* 1. *Үйретилмеген, минилмеген, күш бермей еркси кететуғын, ишке қосылмаған көлик.* Әри дайымдикине бараман, әри *асаў* тайыма бас үйретемен /„ҚҚ. Х. Е."/. 2. *Аўызын толтырыў, аўызына аўқатты сыйғанынша тығыў.* Есабын таўып еки *асап,* Ислемей күн көрип жасап, Суў жуқтырмас пухта қусап, Етек-жеңин түргенлер бар /Мәжит улы/.

АС-АЎҚАТ *ат. Тамақ, ас, нан, ишим-жем, азық-аўқат.* Күн етти, шабысқан аттай, Тек жүрдим жүрекке *ас-аўқат* батпай /М. Дерибев/.

АСАЎЛАНЫЎ *ф. Күш бермеў, туўлаў, жөнсиз кетиў, турпайыланыў. Асаўланып* жигитине таслачап... Еки жаста тоймас сыбыр-сыбыр дан /Т. Сейтжанов/.

АСАЎЛЫҚ *ат. Үйретилмегенлик, көнликпеўшилик, жатырқаўшылық, мойынсынбаўшылық, ысылмағанлық.*

АСИЙЛИҚ *қ. әсилик,*

АСКЕР *қ. әскер.*

АСҚАБАҚ *ат. Палыз егинлериниң бир түри.* Гүлдей жайна-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ған жүзін суық ұрған *асқабақтың* пәлегиндей солдырды /А. Бегимов/.

АСҚАЗАН *ат. Ишкен жеген аўқаттың сақланатуғын ҳәм ислеп шығаратуғын адам организминиң биреўи, адамның ишқурылысы.* Бул үйдегилер Ромештин өкпесине суўық тийер деп соншелли қорықса да *асқазан* бузылар-аў деп ойламайтуғын /Р. Тағор/.

АСҚАН *фв. Озған, айрықша, артықмаш, өзинше.* Көпке гүрес тутпақ итибар емес, Журттан *асқан* артық күши болмаса /Әжинияз/.

АСҚАР *ат.* 1. *Бийик, дөң, бәлентлик, таў.* Қарамындай *асқар* таўдың, Әрман зилп белге түсти /И. Юсупов/. 2. *Аўыс. Қыйыншылық, аўырманшылық, салмақ, аўыр жүк, қайғы-қапес.* Асып өтип талай гүрес *асқарын*, Изинде көп жаңа әўлад жасларын /И. Юсупов/. 3. *Адамның аты, меншикли аты, исми.* *Асқар* қоңырға уя дүзетти /„Жетиншек" г./

АСҚАТЫҚ *ат. Алыс, аўқат, жармаға қатнатуғын айрым, қатық, сүт, ағарған.* Сыйырын саўып, гүбисин иисин, *асқатықлық* айран алып киятырман /А. Бегимов/.

АСҚЫНЛАЎ *фв.* 1. *Толып-тасыў, кеўилди ҳәдден тыс көтериў, анаў-мынаўды писент етпеў.* Сен *асқынладың*, көтелестиң, бир күнлери өкинерсең... 2. *Аўыс. Улғайыў, күшейиў, айныў.* Аўырыўы *асқынлады* ем көрмей, Жаным қатты шаңышып атыр, шеңгелдей /Т. Жумамуратов/.

АСҚЫНЫЎ *фв. Улғайыў, өзгерип кетиў, күш бериў, айныў.* Халық ағылды тезден ески қорғанға, Гөзеп оты көкиректе *асқынды* /И. Юсупов/.

АСЛА *қ.* ҳасла.

АСЛАМ *кел. Артық, көп, зыят, артығырақ.* Бәри жабылып жүзден *аслам* саўын сыйыр саўады /К. Султанов/. Операция басланғалы арадан төрт саатган *аслам* ўақыт өтти /А. Бекимбетов/.

АСЛАМЫРАҚ *кел. Артығырақ, көбирек, молырақ, бираз, тәўирек.* Ҳәзир менин сеннен хат алмағаныма он айдан *аслалмырақ*, ўақыт болды /Г. Изимбетов/.

АСЛАЎ *ат. Ағаштан исленген үлкен ыдыс.* *Аслаўға* дуздан сүр болып шыққан балықларды салып адамлар тазалап жуўып атыр /К. Султанов/. *Аслаўыңа* дән салдым кел тезирек көре гой /Х. Тәжимуратов/.

АСЛЫ *қ.* ҳасыл.

АСЛЫ-ПАСЛЫ *ат. Негизги, түп дереги туқымы, шыққан жери, шығысы, ата теги.* Есенгелдиниң *аслы-паслын* билип сөйлесиўге кумар етеди /Қ. Ирманов/.

АСМАН *қ.* аспан.

АСПАНИЙ-ЗӘМИЙИН *ат. Жердиң асты-үсти, дүнья жүзи.* *Аспаний-зәмийиннің* асты қапылып, Мәтен жыртық шайыр болған емеспе (А. Муўсаев).

АСПА: аспа шыра *ат. Асып қойылған, илинип турған, асылып турған.* Миймханананың дәл ортасына *аспа шыра* орнатылған (Т. Сейтмуратов).

АСПАЗ *ат. Аўқат, тамақ таярлайтуғын, писиретуғын атақлы адам.* *Аспазлар* қасық-табағын жап-жақсы етип жуўады (Жайен). *Аспаз* пуўға („ҚҚ. Х. Е".).

АСПАЗЛЫҚ *ат. Аўқат писириўшилик, аўқат писиретуғын кәнигелик, кәсиплик.*

АСПАЗШЫ *ат. Аўқат писириўши, аспазлық кәсиби менен шуғылланыўшы.* Куўырдақшы, кәбапшы, Ас писирип *аспазшы* („Ер Зийўар").

АСПАЙ-САСПАЙ *фв. Албырамай, сасқалақламай кәсиби менен сыр алдырмай, жай менен.* Дәрья кең пейил мәрт дәрья ғана *аспай-саспай* созылып ағып тур (К. Султанов.).

АСПАН *ат. Көк, дүньяның жоқарғы үстимизде қаплап турған қатламы, жоқарғы қатлам, төбемиздеги кеңислик.* Есирген даўылдың төбеси *аспандағы* дизилисин көпкен булытка тийди (Қ. Досымов). ◊ Аспанды шарықлаў-жоқарыда, *бийик-кеңисликте үшыў, ҳаўалаў.* Кеўлин сергеклеткиси келсе де жазылысып кетсе де *аспанда* шарықлап ушқан шағалалар,... (К. Султанов).

АСПАП *қ.* әсбап

АСПЕКТ *ат. План, жол-жоба, жөн-жосық, қурылыс фактлерин түсиндириўши көз қарас.* Бул мәселени басқаша *аспектте* баян етти. („Сов ҚҚ". г.).

АСПИРАНТ *ат. Жоқары оқыў орынларында илимий дәрежеге ийе болыў ушын, илимий мәкемелерде илим изертлеў жумысын жүргизиўши, илимий жумыс менен шуғылланыўшы кеси.*

АСПИРАНТУРА *ат. Илимий хызметкерлер ҳәм илимий дәрежеге ийе болыўға таярлайтуғын Илимлер академиясының системасы.*

АС-САДАКА *ат. дин. Өлгән адамларға арналып берилетуғын ас-суў, өлиниң жолына берилетуғын қудай жолы, садақа.* Шанаш түбинде мардан куўысында қалған азы-кем напақа менен кемпир *ас-садақа* бергиси келмеди (К. Аралбаев).

АССАЛАЎМА-ӘЛЕЙКҮМ *қ. с. Саламатлықты тилеў мәнисинде.* *Ассалаўма-әлейкүм*—деп даўыслап сәлем бердим (Ә. Шамуратов). Балалар дүркиресип ҳәр қайсысы екі қолын қаўсырып, ... *ассалаўма-әлейкүм* деп арты менен шығып кетип атыр (Ә. Шамуратов).

АС-СУЎ *ат. Азық, азық-аўқат, ишимлик-жегилик.* ...адамлардың *ас-суўына* қарап бир кисиниң жумысын қылып үйдегиниң барған-бармағанын билдирмес едим (Қ. Ирманов).

АСТАҚТА *ат. Камыр жайыў ушын ағаштан арнап согылған тахта, тахтай.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АСТАН-КЕСТЕН *р. Ала топалаң, асты-үстине шығыў, патырат, түсиниксиз, тәртипсиз, бирден болған қыян-кести уақыя, жердиң асты-үстине шығып бузылыўы.* Гранаттың түскен жери жасыл түскендей болып *астан-кестен* болды („Қыз. ҚҚ". г.).

АСТАПЫРАЛЛА *қ. әстапыралла.*

АСТАР *ат.* 1. *Кийимниң иштен салынатуғын қабаты, қыс кийимлерге, көйлектиң сыртынан кийилетуғын кийимлерге ислениледи.* Еки қолы менен шапанының ишки *астарынан* услап, қаўсырыныў алды (Ж. Аймурзаев). 2. *Аўыс. Сөздиң басқаша, екинши мәниси.* Бул сөзлердиң *астары* бар ғойдеди Базаргүл (А. Бегимов).

АСТАРЛЫ *кел.* 1. *Астары бар, астар салынған.* 2. *Басқаша мәнили, екинши мәнидеги, лийкинли.* Мақалалардың гейпаралары *астарлы* идиомалық мәниске ийе болып отырады (Қ. Айымбетов).

АСТРА *ат. Гүлдиң түри.* Күлип жатыр Ялта менен Гагара, *Астра* ҳәм Питруска көмилип (Ш. Мәмбетмуратов).

АСТЫ *р. Төмен, асты бети, төмен тәрепи.* Үсти тийек, *асты* тийек, еки тарға артып ийек, Қакпақ пенен сап мойнына, табан тиреп турды жайлап (И. Юсупов). Машина келип электр лампасының *астында* тоқтады да гудок берди (С. Хожаниязов). Қарақшылар байды тутып алып *астындағы* атын, үстиндеги кийимлерин тонап алмақшы болды (Қ. Айымбетов). Себеби Гүлим менен Әмет екеўиниң ара-тура көз *астынан* бир-бирине пәзерлесиўи Қуўанышбай ағаны гуманландырайын деди (Т. Қайыпбергенов).

АСТЫНҒЫ *кел. Астындағы, төмендеги, пәстеги, төменги.* „Ўақ" қатып қалыйып турды да қалды. *Астынғы* ерин еўқара тислеп, өкинип, басын шайқап тур... (К. Султанов).

АСТЫН-ҮСТИН *р. Асты-үстине шығыў, ала-топалаң. Астын-үстин* жердиң бети, суўсыз қамыр қарығандай (Ә. Шамуратов).

АСТЫРТЫН *р. Билдирместен, жасырын, сырттан, қупыя.* Әбден кешиккен соң, *астыртын* Турымды жиберип еди (К. Султанов).

АСТЫРЫЎ асыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АСТЫ-ҮСТИ *р. Ояқ-буяқ, жағымлы жағына шығыў, ҳәр түрли ҳәрекет ислеў. Астыүстине* түсип жалынады („ҚҚ. Х. Е".).

АСФАЛЬТ *ат. Жолларға, көшелерге, тратуарларға төселетуғын смолалы қара май. Асфальт* жол менен кубла күп батысқа қарай жүрип, үлкен каналды кесип өткеннен кейин бизиң аўыл көринеди (Т. Нәжимов).

АСФАЛЬТЛЫ *кел. Асфальт төселген, дүзетилген, тегисленген.*

АСХАНА *ат. Аўқат писиретуғын орын, аўқат писиреўге арналған өжире.* Сөйтип, өзи *асханада* үкеси менен бирге аўқатланыўға кетти (Ө. Хожанов).

АСЫҒЫС *р. Қыстаў, жылдам, шаққан, ғапыр-ғупыр, тез-тез. дәрриў.* Келдик деди Хүрзия *асығыс* түрде (М. Дәрибаев).

АСЫҒЫСЛЫҚ *ат. Шыдамсызлық, тезлик, жылдамлық шаққанлық.* Самолёт төменлеген сайын оның қоныўын *асығыслық* пенен күтти (М. Абдреймов).

АСЫҒЫСТА *р. Асығыс ўақытта, асыққан ўақта.* Хатты алып Гүлайым *асығыста* оқыды („Қырқ қыз").

АСЫҒЫЎ *ф. Тез ислеў, жылдамлатыў, тезлетиў, шаққанлатыў.* Маман Кузьма Бородиннен *асығыў* керек тигин өтинеди /Т. Қайыпбергенов/. ◇ **Асығып-үсигиў**—*қалай болса солай, тез-тез, шаққан, ғапыр-ғупыр.* Йолшыға итибар берместен *асығып-үсигип* сөйлей баслады /Айбек/. **Асыққанда ләббай табылмаў**—*асыққанда яқшы деўши болмаў. Асыққанда ләббай табылмас* /„ҚҚ. Х. Н"/. **Асыққанда күн өтпеў**—*қ ўақыт өтпеў. Асыққанда күн өтеме.* үш күннен кейин келди /Ө. Айжанов/.

АСЫЙЛЫ *қ. әсийлик.*

АСЫҚ *ат* 1. *Қойдың, ешкиниң ҳәмде усы сыяқлы майда жанлы-жаныўарлардың артқы еки аяғында болатуғын дизедеги сүйек, буның менен балалар ойнайды.* Түски бос ўақтымызда *асық* ойнаў менен-ақ өткеремиз /Ә. Шамуратов/. ◇ **Асығы алшы**—*иси жүрген, бахытлы, жақсы, кемиссиз. Асығы алшылап* жеңди ығбалы /„Қыз. муғ". ж./. **Ағысы алшылаў**—*иси жүриў, бахты кесиў, жеңиў, үстине шығыў, дегени орынланыў.* Азап берип залым Хийўаның ханы, *Асығы алшылап* жеңди ығбалы /„Қыз. муғ". ж./.

АСЫҚҚЫШ *кел. Асығатуғын, асыға беретуғын, мудам асығатуғын. Асыққышпан-ақ* мен оғада, Питсе деймен бәри бирден /И. Юсупов/.

АСЫҚТЫРЫЎ асығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АСЫЛДЫРЫЎ асылыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АСЫЛЫСЫЎ *ф. Жармасыў, қолын услаў, иркиниш жасаў, тырмасыў.* Олар селт етпестен ийттиң орнына келип бир-бирине *асылыса* отырды /Т. Қайыпбергенов/.

АСЫЛЫЎ *ф.* 1. *Илиниў, салбыраў, асылып турыў, жармасыў, услап қалыў, еки қолы менен услап турыў, услаў, сүйениў.* Қара үйдиң керегесине *асылып* сүйенип ақырын адым атты /Ж. Аймурзаев/. 2. *Қазаланыў, өлиў.* 3. *Аўыс. Қазан көтериў, писираў.*

АСЫМ: **бир асым** *ат. Азырақ, бир салым (қазанға), бир тамақлық.* ...ше болады! сойыў алысқанда жигитлерге *бир асым* жетеме деп оны да азсынды (К. Ирманов).

АСЫМЛЫҚ *ат. Қазанға бир салғырлық, бир тамақлық, бир*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

писиргендей, шамалы, болармық. Көлге Пирман аў салайық, *Асымлық* балық алайық (Өтеш шайыр).

АСЫНЫЎ *ф. Тағыныў, белине, ийнине жарақ ямаса мылтық қыстырыў.* Бүгин атасының базарлап кеткенин тақыйық билип, Ерназар анасының тилин алмай, мылтығын *асынып*, тазысын ертип, шикарға шығып кеткен еди (К. Султанов).

АСЫРАНДЫ *кел.* 1 *Асырап алынған, асырап сақлаған, келеге келтирген, екинши биреўдиң сақлағаны.* Ҳинд қолына түскен *асыранды* пилдей, Үнсиз жетегиңе ере бердим мен, Мениң жигит ўақтым сениң қыз ўақтың (И. Юсупов). 2. *Қолда өскен, қолға үйретилген.*

АСЫРАЎ *ф. Сақлаў, тәрбиялаў, күтиў, бағыў, тәмийинлеў, әмеңгерлик етиў* Арық малды *асырасаң* аўзы-мурнынды май етер, Арық адамды *асырасаң* аўзы мурнынды қан етер („ҚҚ. Х. Е". . Бул сапар мен есимде билгели үйде сыйыр болып мени сүти менен *асыраған* келатқан еди (Ә. Шамуратов).

АСЫРАЎСЫЗ *кел. Қарыўсыз, қараўы жоқ, кеўил бөлинбеген, тәрбиясыз, әдеп көрмеген, тәртип көрмеген.* Бир дегенде не жаман, *Асыраўсыз* өскен ул жаман („ҚҚ. Х.К".).

АСЫРЫЛЫЎ *ф. Бир нәрседен өтиў, асырылып түсиў, ысырылыў, алға илгерилеў.* Жән-жағыма қарасам биреўи дийўалдан *асырылып* ишке түсейин деп атыр екен (Н. Даўқараев).

АСЫРЫМ: **жети асырым** *ат* 1. *Қарақалпақ халық намаларынан биринің аты.* Сазла баққы луўтарынды, *Жети асырым* намасына (И. Юсупов). 2. *Белгили бир өлшемлик жол, мөлшер.*

АСЫРЫЎ *ф. Арттырыў, өткериў, бийиклетиў, жоқарылатыў, раўажландырыў, көбейтиў, ысырып салыў.* Бала-қала деген жерден өтип Хазар-абатқа шекем *асырып* селған (К.-Ирманов). Мениң тап тас төбемнен *асырып* атты (Айбек).

АСЫЎ *ф.* 1. *Илдириў, байлап қойыў, салбыратыў.* Жоқ-жоқ *аспаң* дарға, ол ушын дар аз. Ол бирден өлмесин, зинданға таслан (И. Юсупов). 2. *Писирип қайнатыў, қазанға салыў, қазан көтериў.* Бир өзи *асып*, бир ишип жарманы (Т. Сейтжанов). 3. *Артыў, артық, мөлшери көп, асып-тасыў.* 4. *Узақлаў; екинши тәрепке өтип кетиў, көп жерге жүриў.* Әтирик, Гүрген, Ҳажар *асты* Бозатаў (Әжинияз).

АСЫЎ-АСЫЎ *кел. Көп-көп, бираз, талай-талай. Асыў-асыў* жолдан өтип, Ойға алған жерге жетти, Таярлықты ҳәм үдетип, Төрткүлге де барсаң нетер (К. Ирманов).

АСЫЎЛЫ *кел.* 1. *Илиўли, илдириўли.* Оның көзи *асыўлы* себетке түсти (С. Айний). 2. *Қайнатыўлы, қазан көтерилиў. Асыўлы* қазан, писиўли ас („ҚҚ. Х Н".).

АТ. *ат.* 1. *Жылқы, жылқының еркеги. Атының* жылаўын

сол қолы менен услады (Ж. Аймурзаев). 2. *Адамлардың аты, исми.* Жақында туўылған үкеме Айгүл деп *ат* қойды („Жәткиншек" г.). 3. *Лақап, атақ.* Жигитлик *атың* болмаса, Көнериң затың болмаса, Қуры шырай танылар ма (Мәжит улы). 4. *қ. атыў.* ◇ **Ат байрақ** —а) *ат шабыстың, жарыстан, озып келген атқа берилетуғын зат, байрақ.* б) *ат шабыстырыў, жарысқа қосыў.* Тап *ат байрақка* жиберер ўақта Айдос менен Аймурза бай да барады („ҚҚ. Х. Е".). **Ат басындай**—*анаўмынаў емес. айрықша, жақсы, ортаң қолдай, мәне дегендей, үлкен. Ат басындай* ул туўды, Ақ жарылқап күн туўды („ҚҚ. Х. Н".). Йүреклери *ат башындек* батырлар, Қатынша йоқ ат-ярағы болмаса (Әжинияз). **Ат жиберіў**—а) *хабарлаў, хабар айтыў, ат жоллаў).* Тум-гуска *ат жиберип* ат жетер жердеги жерлерге хабар етти (А. Бегимов). б) *шабысқа, жарысқа* қосыў. **Ат қашырыў** —*атты байраққа жиберіў, байраққа ат қосыў. Ат қашырар* жерлери, Он күншилик жер еди („Қырк қыз"/. **Ат койыў**—*бала туўылғанда ат бериў.* Үш күн, үш түн өткен соң көпшилик жыйылып келип, балага Дәўлет деп *ат қойды* (Ә. Айжанов). **Ат көтериў**—*атағын алыў, ийе болыў, ат тағылыў* Патша деген *ат көтердим* („Мәспатша"). **Ат көтермес**—*ат көтермейтуғын, сөз сүймес, аршыл, назлы, салтанатлы.* Посып кетти *ат көтермес* беглер, Хош аман бол бизден қалдың Жаца суў (Омар). **Ат қалыў**—*өзи өлсе де, излеген иси, даңқы қалыў.* Тоймады халықтың сулыўына. Кейининде *ат қалыўына*, Тағы қызды алыўына, Патша талап еткен екен (Бердақ). **Атка шығарыў**—*жақсысын асырыў елге танытыў, мақтаў абыройын көтериў, атық шығарыў.* Ер жигиттиң ҳаял *атын шығарар* жаманға гез болса жигит не қылар (Бердақ). **Аты шығыў**—*атағы шығыў, даңқы жайылыў лақап ийелеў, елге танылыў.* Гүлистанда мийнет етип шыныққан, Пахтакешсең *аты шыққан* аўылда, Қайсар едиң қыйынлыққа, аўырға, Суңқар едиң өрлеп ушқан даўылға (Т. Сейтжанов/. **Атка шыққан** — *даңқы жайылған, тәрийпи елге түскен, атақлы абыройлы.* **Атка миниў**—*қатарға қосылыў, теңликке ерисиў, қатарда жүриў.* **Ат салыў**—*ғайратланыў, жигерлениў, күшке миниў, ҳәмме ғалаба қарыў салыў, жеделлениў.* Баҳадырлар алла дийеп *ат салар,* Нәмәрт жемин тапшай жайында қалар (Әжинияз). **Ат ойнатыў**—*тәртипсизлик. булғыншылық, үстемлик, ҳүким сүриў, ғазабатлық көрсетиў. Ат* ойнатпай қаламда, Түсе бергил жолына („Қырк қыз"). **Ат шабыў**—*ат жиберіў, ең тезлигине салыў.* Узынқуйын жалғыз өзи *ат шаўып* киятырған адамды көрип турған Иран әскерлери ҳайран қалып қарап турды („ҚҚ Х. Е".). **Ат, үсти**—*жеңил-желпи, әйтеўир, қалай болса солай, кеўилсиз үстиртин, арнаўлы түрде емес.* Ол жумысты тек *ат үсти* ислейди. **Ат шабар**—*хабаршы, буйрыққа таяр турағын адам, хызметкер, атты байраққа қосыў ушын сейисленгеннен кейин оны минип шабатуғын бала.* Ҳасаны қолына алып *ат ша-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бар балалай сазланды („Мәспатша“). Ат шаптырыў—*ат жиеў, биў, хабар жеткизиў, асығыў, Ат шаптырып* далаға, жар салдырып далаға, гүреспе палўан болсаң, ат шабар болсаң бақсы-жыраў болсаң келе бересең деп дағаза қылды („Қоблан“).

АТА *ат.* *Әке, әкесиниң әкеси, Атамыз* Қутым жарлы қол ушынан талап еткен болса керек (Ж. Аймурзаев). ◇ Ата-журт—*бурыннан соңғы ата-бабасының отырған, қоныс басқан жери, ата мәканы.* Өзиниң атақлы „Поскан ел“ поэмасында қарақалпақ халқының *ата журты* Түркстанды таслап кетиўине ел ишиндеги байлары менен бийлердиң, молла ийшанлардың себепши болғанлығы әшкараланған /Б. Исмайлов/. Ата жолы—*бурыннан кетип ятырған ата-бабасының кәрин тутыў, солардың кәсибин илеў.* Ҳүким қылып көп халыққа, *Ата жолын* қуўған екен (Бердақ). Ата душпан—*бурыннан соңғы душпан, әзелден дос емес.* Қулласы хан үжипли дәлил таба алмай үш баланы өзиниң *ата душпаны* халмақ ханына жумсайды („ҚК. х. е“). Ата қораз—*ең үлкен, қартайған, көп жасаған қораз.* Аўылдың арқа шетинде еки адамның *ата қоразының* урысын атырғанын көрип қалды /Т. Қайыпбергенов/. Аталар сөзи—*жасы үлкенлердиң, тәжирийбели кисилердиң нәсиятлы, кеңеси, Аталар сөзи,* ақылдың көзи (ҚК. Х. Н.).

АТА-АНА *ат.* *Әке-шеше, ата-ене. Ата-анам* ядкә түсти нәйлейин (Омар шайыр).

АТА-БАБА *ат.* *Әке-шеше, ата-тек. Ата-бабам* малды жыйнап, Шыбын жанын бәрҳа қыйнап (Бердақ).

АТА ЖАН *қ. с.* *Ата жаным, жаным атам.* Мәхшәримде болдаш болсын ийманым, Ғамхорым. *ата жан* қолын бер инди (Әжинияз).

АТАЙЫ *кел.* *Нағыз, ҳақыйқат, бурыннан соңғы, әзелги. Атайы /әзелги/* душпан ел болмас („ҚК. Х. Н“.).

АТАҚА *ат.* *Атыс, ҳүжим, оқ жаўдырыў.*

АТАҚ *ат.* *Даңқ, дәреже, абырой, ҳүрметли ат.* Мине қандай! Арал теңизи уллы *атаққа* ийе! (Э. Шамуратов).

АТАҚЛЫ *кел.* *Аты шыққан, атақ алған, атаққа ерискен, даңқы жайылған, танымалы, даңқлы, дәрежели, абыройлы, белгили. Атақлы* пахтакеш Айым Камалованың шақырығына ол қосылған еди („Әмиўдәрья“ ж.).

АТАЛАС *кел.* *Әкелери туўысқан, ағайин, тухымлас.* Ақшахан минген көк аттың, Хаслы затын сорасаң, Қоблан минген торы ат пенен, *Аталас* ели жәниўар („Қоблан“). *Аталастың* аты озғанша, аўыллластың тайы озсын („ҚК. Х. Н.“).

АТАЛЫҚ *ат.* 1. *Революцияға шекемги пухара халықтың үстинен ҳүкимлик етиўши, ел басқарыўшы, әмелдар киси.* Дийханшылыққа қолайлы жерлер *аталық* байлардың қолында болды (Н. Дәўқараев). 2. *Аўыс. Ғамхорлық, қайырхомлық.* Пүткил жүрегинен шыққан *аталық* сөзин айтыў менен бирге мени қайта-қайта қушақлайды, аймалайды (Ж. Аймурзаев).

АТАЛЫЎ *ф.* *Атын атап бериў, инам етилиў.*

АТАМАН *ат.* *Басшы, өз басына кеткен, өзинше ис баслаўшы, тәртипсизлик етиўши, группаның басшысы.*

АТА МӘКАН *ат.* *Туўып өскен жер, ата-бабаларынан берли жасап отырған орны.* Туўған елге, *ата мәканға,* совет топырағына аяқ бастық (Қ. Айымбетов). Ел айрылды *ата мәкан* жеринен, Ақ қуў ушты туўып өскен көли ен („Әд. альм.“).

АТАМ ЗАМАН *кел.* *Әййем заман, өткен заман, ертедеги.* Өзиниң *атам заманынан* киятырған жеринің байлықларын пайдаланыў, тоғайларды ҳәм тың жатырған далаларды күлпырған егислик жерлерге айландырыў қарақалпақлардың көптен берли ойлап киятырған әрманы еди („Әмиўдәрья“ ж.).

АТАМТАЙ қ. ҳатамтай.

АТАН *ат.* *Пиштирилген түйе.* Сәҳәр турып *атанға* жүк арттырдың, Аўмасын деп арқан менен тарттырдың („Алпамыс“). Алты ай *атан* болғанша, алты күн буйра бол („ҚК. Х. Н.“).

АТАНАҚ *ат.* *Төрт мүйешликтиң ортадағы ашықлығын төртке бөлгендеги сызықлардың дәл ортасындағы кесискен жери, узынына бир, кесесине бир тартылған сызық.*

АТАНАҚЛАЎ *ф.* *узынына, кесесине айқастырыў.* Төрде сегиз қызыл күр, маңлайша үстинде төрт ақ күр, *атанақлап* айқастырып байланған (К. Султанов).

АТАНЫЎ *ф.* *Аты шығыў, аты жайылыў, қәнигелиги, өнери, искерлиги менен танылыў.* Бизиң аўылда оң бармағынан өнер тамған уста *атанып* кеткен әкемниң қолы үйди тақтуйнақтай етип дүзеген екен (К. Смамутов).

АТАНА НӘЛЕТ *қ.* Нәлет.

АТАСТЫРЫЎ *ф.* *Жаслайынан қызды я баланы әке-шешеси тәрепинен күйеўге ямаса келин алыў ушын және биреўдиң қызына я баласына басын байлаў, ўәделесип қойыў.* Қыз бесикте жатқанда белгили биреўге *атастырады* (Н. Дәўқараев).

АТАСЫДУР *ф.* *Атасы еди, оның атасы. Атасыдур* Бекмурза ийшан, өзи халықтан шыққан душпан. Ҳасла ҳүкүкын берегөрмен (А. Муўсаев).

АТАТЕК *ат.* *Туқым-теберик, шығысы, аты-жөни.* Мен оны *ататегинен* бери биламен (К. Айымбетов).

АТАЎ I *ат.* *Көлдиң ортасындағы суў шықпаған ашықлық жер. Атаў* ишиндеги ағайин туўғанларға кетемиз (К. Аралбаев).

АТАЎ II. *ф.* *Атын айтыў, атап өтиў, белгилеп кетиў, айта кетиў, сызып өтиў, еслеп кетиў.* Неге сизлердин бәриниз мени Сушила деп *атайсыз* — деп соралы қыз бирден (Р. Тагор). Атымды *атап* сыбағамды ийтке сал („ҚК. Н. Х.“). ◇ Атап өтиў—*белгилеп кетиў, айта кетиў, сызып өтиў.* Бунда

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

мына нәрсени *атап өткен* дурыс болар еди (Қ. Мақсетов).

АТАЎЛЫ *кел. Атындағы, сол ат менен аталған, барлығы, бәри, түүел, ҳәммеси.* ...жәрдемлесиў балықшы *атаўлыға* дәстүр („Сәлем Октябрь" т.).

АТАЎЫЗ *ат. Қысқаш, тистеўиш.* Ағам кобдыйдан шөккиш менен *атаўызын* алып, созаның сабақлай сала, гөўишин жамаўға киристи (Т. Қайыпбергенов).

АТАШТАН *қ.* этештан.

АТ ДОРБА *ат. Атқа жем бериў ушын материалдан исленген қалта.* Ертеңине азанда үйден шыққанда атқа беремен деп алып шыққан *ат дорбадағы* арпа ядына түсти (М. Әбдиреймов).

АТЕИСТ *ат. Ҳешқандай динге исенбейтуғын адам.* Бердақтың қосықларына қарағанда ол диннен биротала безген—*атеист* болған адам емес (И. Сағитов).

АТЕШКИР *қ.* әтешкир.

АТЖАҚЛЫ *кел. Узын жақлы, бети жумалақ емес узынша, бети сопақ жақлы.* Ағам сары сақаллы, *атжақлы*, узын бойлы адам еди (Т. Қайыпбергенов).

АТ ЖЕМ *ат. Атқа берилетуғын жем, от-шөп, дән, т. б.*

АТ ЖОЛЛАЎ *ф. Хабарлаў, хабар жибериў, ат жибериў.* Дәрбент жолдың аўызына, Сархабын бәлент ойдырып, Узағына ҳәр жоллап, Жақынына *ат жоллап*, Ели журтын жыйдырып (Н. Дәўқараев).

АТ-ЖӨН *ат. Жөн-жосақ, бағдар.* ...олар менен *ат-жөн* сорасып турмады (Т. Қайыпбергенов).

АТИРАП *қ.* әтирап.

АТКӨНШЕК *қ.* әткөншек.

АТҚАМИНЕР *ат. Ийге тартар, үлкен, ҳәмелдар, ири баслы.* Бирақ өзиң сақ болып жүр, *атқа минерлер* изиңе жаман түсе қалды (Қ. Ирманов).

АТҚАРАЗ *ат. Ат қосатуғын қараз, үлкен қараз, дигирман.*

АТҚАРЫЛЫЎ *ф. Ислениў, орынланыў, апарылыў, бежерилиў.* Биринширден дәстанның дәрегилиў, екиншиден, *атқарылыў* жағы... (Қ. Мақсетов).

АТҚАРЫЎ *ф. Орынлаў, ислеў, жумыс апарыў, жумысты жүргизиў.* Нөкис қалалық *атқарыў* комитети („Сов. ҚҚ." г.).

АТ ҚОСШЫ *ат. Жәрдемши, көмекши, жүрген жерде атын байлап от салатуғын, басқа да оны мүнисын ислеп жүретуғын адамы, не айтса соны орынлаўшы.* Айт қәне, жас бий, жасаўыл-*атқосшыға* қайсы бийдиң баласын қәлейсең? (Т. Қайыпбергенов).

АТҚУЛАҚ *ат. Жабайы өсимлик, аттың қулағындай ири жасыл жапырақлы өсимлик. Атқулақтың* жапырағын жулдым.

АТҚУЛАҚТАЙ *кел. Атқулаққа усаған.* Ҳақыйқатында Аллаярдың дәл өзи жалпақ мурын, қысық көзли, басы тандырдай, қулақлары *атқулақтай*,... (Т. Қайыпбергенов).

АТҚЫШ *кел. Жақсы ата алатуғын, ҳақыйқат мерген.* ...бизиң батальонның орнына *атқышлар* дивизиясы келди (Ө. Хожаниязов).

АТЛАНДЫРЫЎ *ф. Атқа миндириў, жолға салыў, баслап бериў, узатыў.* Бир топар қыз-жигитлер оны узақ сапарға *атландырыўға* келген (Ж. Сапаров).

АТЛАН-ШАП *р. Қыстаўлы хабарды жеткериўши адам, қыстаныў, асығыў, қуўанышта, қыстаўлы ўақта, қайғыда, анда-мунда жуўырысыў, шыр-ныры шығыў, аяқларына қоз басылғандай тез ҳәрекет етиў.* Маманларға хабар жетип жән-жаққа, *атлан-шап* атлылар кетти (Т. Қайыпбергенов).

АТЛАНЫС *ат. Топлыс, жайлаўға шығыў, урысқа атланыў.* Сол мәҳәллери Хорезмниң елине монгол басқыншылары *атланыс* жасайды („ҚҚ. Х. Е".).

АТЛАНЫЎ *ф. Атқа миниў, жолға түсиў, сапарға шығыў, жол алыў.* Узақ сапарға *атланар* алдындағы муҳаббат күниниң тамашасы өз алдына ғой (К. Султанов).

АТЛАС I *ат.* 1. *Гезлеме, матершалдың бир түри, жүзи жылтырақ, жүзлеме жипек.* Қазының алдына *атлас* дәстүрхан жайылды (К. Султанов). 2. *Географиялық атама, карта.*

АТЛАС II *кел. Адам атларының бир болыўы, аты бир.*

АТЛАСТАЙ *кел. Атлас сыяқлы, дөңик, жылтырақ.* Бәҳәрги ўақыт жер бети *атластай* дөңип, адамның көзин, ойын өзине ериксиз тартады (М. Дәрибаев).

АТЛАСЫЎ *ф. Өтлесиў, бириғиў.* Мен апамның не дегенин есите алмадым, кирпиклерим *атласып* қалғып кетгим (К. Смамутов).

АТЛАТЫЎ атлаў фейлиниң өзгелик дәрежеси.

АТЛАЎ I *ат.* 1. *Айран атлайтуғын, ағаштан арнап соғылған зат, предмет. Атлаўды* ала жуўырып еди, ана ҳаял шақалақлап күлип жиберди (К. Султанов).

АТЛАЎ II *ф. Өтиў, секириў, ырғыў.* Зордан *атлап* өттим, түсте салманды, Дийхан аштан өлер болды қазы ийшан („ҚҚ. Х. К".).

АТЛЕТИКА *ат. Гимнастикалық шынығыўлардың жыйындысы.* Жеңил *атлетика*.

АТЛЫ *кел* 1. *Атқа минген киси, атта отырған адам, атлы жүрип киятырған адам.* Олар *атлы*, Өгеш жаяў. Хан алдына алып барды (Л. Қасымов). Басы жоқ *атлы* (Маин Рид). 2. *Аты бар, сондай атлы.* Ғаррының Абдулла *атлы* жалғыз баласы да есапқа алынады (Қ. Айымбетов).

АТЛЫ ӘСКЕР *ат. Ат менен тәмийинленген әскерлер.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Балаңыз батыр шақырық комиссиясының пүткил қараўынан жарамлы болып өтип, *атлы әскер* қатарына саналды (Ә. Шамуратов).

АТЛЫҒЫЎ *ф.* 1. *Тасыў, тасып кетиў, сыймаў, ыдыстан шығып кетиў.* Сондай сулыў жер бар таў арқасында, Мың көзден булақлар *атлығар* онда (И. Юсупов). 2. *Зыўлаў, зытыў, зыңғыў.*

АТЛЫ-ПИЯДА *р. Әсте-ақырын, атлы ҳәм пияда.*

АТМА-АТ *р. Ҳәр кимди ҳәр басқа, өз алдына атын атаў, ҳәр кимди өз аты менен.* Сизде солардың дизими бар. Мына биреўлерге *атма-ат* оқып, көширип бар (К. Султанов).

АТОМ *ат. Химиялық элементтиң ядро электронлардан қуралған ең майда бөлеги.* Таўлы тасты, теңизди де, Ҳасыл байлық кәни қылдың, Кудиретли *атом* күшин, Шын өмирдиң сәни қылдың (Т. Сейтжанов).

АТ ОТЫ *ат. Ат жем, от шөп, беде, жоңышқа.* Бозатаў дегениң әжеп жай екен. Қамыслары *ат отыға* сай екен, Қызлары саллаған ели бай екен, Хош аман бол бизден қалдың Бозатаў (Әжинияз).

АТПА-АТ *қ.* атма-ат.

АТ СЕЙИС *қ.* сейис.

АТТАЙ *кел.* 1. *Ат сыяқлы, мықлы, қайнақай, анық.* Алмастан қайтқан полаттай, Порсаң аяқ жаман *аттай*, Жарықтағы жарқанаттай: Болған жигит неге дәркар (С. Нуоымбетов). 2. *Нақ, ҳақыйқат.* Қәллибек Турдының қолында *аттай* бес жыл жүрди (А. Бегимов).

АТТЕСТАТ *ат. Гүўалық, гүўакама, орта мектепти питиргенде берилетуғын гүўалық.* Енди үш-төрт күннен кейин ержеткенлик *аттестатымды* алып, жоқары оқыў орынларына кетпектемен (Б. Қалбаева).

АТТЫРЫЎ атыў феилиниң өзгелик дәрежеси.

АТХАНА *ат. Ат байлайтуғын, бағатуғын, сақлайтуғын жер, орын, там. Атхананың* аржағындағы намбардан алып, тартпа бойындағы жүўериниң үстин төге бер (Л. Бекимбетов).

АТ ШАПТЫРЫМ *кел. Әдеўир, бираз, көп жер, аралық, бир талай.* ...қалаға *ат шаптырым* жерде бир таў бар („ҚҚ. Х. Е".).

АТ ШОҚАЙ *ат. Ашлықта адамлардың жеген заты, жерден көгерип шығатуғын өсимликтиң тамыры. Атшоқайды* бир табақ етип, *Атшоқай* қыяметин ашлықта көрдик (Әжинияз).

АТШӨК *қ.* әтшәк.

АТЫ *қ.* атақ.

АТЫ-ЖӨНИ *ат. Түп-дәреги, ким екени, жөн-жосағы, ата-теги, шығысы.* Болажақ күйеўдиң *аты-жөнин* биле алмады (К. Аралбаев).

АТЫ-ЖУРТЫ *ат. Арғы түби, шығысын, теги, жөн-жосағы.*

АТЫЗ *ат. Егин егилетуғын улыўма жердиң бир бөлиги, кишкене бөлеги.* Ол өзиниң еки қыйтақ *атызында* кешке шекем жүриўди жақсы көрди (Қ. Досанов). ◇ **Атыз көти**—*суўғарылатуғын, егилетуғын жерлерде суўды тиккелей алмай басқа бир атыз арқалы алыў, суўғарыў.* **Атыз көти мирәт**—*әйтеўир, мәзи, қуры, өтирик.* Сениң *атыз көти мирәтиңе* ким барады („Қыз. ҚҚ". г.).

АТЫЗ-АРЫҚ *ат. Егилетуғын жерлер, жап-шеллер.* Тап усындай бир күнде менде *атыз-арықты* көрейин деп шыққан едим. Шайқалған пахта атызларына бараман дегеншс қара суў, қара терге шомылдым (Ө. Хожаниязов).

АТЫ-ЗАТЫ *ат. Түп-дәреги, негизи, дәреги.* Енди қайтып кет көрген қайғы мун ҳешкимниң басына түспесин, *аты-затың* көкке күл болып ушсын, биротала мәңгиге өшсин!... (Ө. Хожаниязов).

АТЫЗЛЫҚ *ат. Барлығы атыз иши, өне бойы егислик жерлер.* Мен апамның зорына ушырап, бузаўға қала сыртындағы *атызлықлардан* пәшек, суўшигин әкелип салыў ушын кетип баратырман (Ә. Шамуратов).

АТЫЗ-ШЕЛ *ат. Атыз, атыздың жийеги, шети, ана атыз бенен мына атыздың шегарасы, атызлардың шет-шебири.* Шамурат *атыз-шелдиң* арасы менен аўылдың арқасындағы қумға туўрылап жүрди (Қ. Досанов).

АТЫЛЫЎ *ф.* 1. *Атылып кетиў.* 2. *қ.* атыў.

АТЫМ: бир атым *кел. Аз муғдар, аз мөлшер, азғантай, көп емес.* Адамның кеўили *бир атым* насыбайдан қалады („ҚҚ. Х. Н".).

АТЫРАП *қ.* әтирап.

АТЫСПА *ат. Атысыў, оқ жиберисиў.* Үйренискен жаў *атыспаға* жақсы („ҚҚ. Х. Н".).

АТЫСПАҚ *қ.* атысқа.

АТЫСЫЎ *ф. Атыспақ, бир-бирине оқ дөндириў.* Жол бойына *атысыў* менен ғалға илгерилей берди (А. Бегимов).

АТЫЎ *ф.* 1. *Жығыў, өлтириў, нәгерлеп түсириў, оқға тутыў, гөзлеп оқ тийдириў, қулатыў.* Жапалақ көрсең *атып* ал, Жаманнан бойың сатып ал! (ҚҚ. Х. Н.). 2. *Тазалаў, айырыў.*

АЎ *ат.* 1. *Балық тутатуғын үлкен тор.* Ол күнде Қәлли өзектиң жағасында *аў* салатуғын еди (Қ. Айымбетов). 2. *Жаманлық, дуғақ, дүшпанлық, ҳийле.* Көрмеген жерде аңлап бас, Құрып қойған *аў* болмасын (Мәжит улы). 3. *Табыс, ашып-жем, керекли азық-аўқат.* Аптын *аўы* жүрмейди („ҚҚ. Х. Н".). Бир түлки өзиниң күндеги әдети бойынша бир аўылға келип *аў* қыдырып жүр еди („ҚҚ. Х. Е".).

АЎА *м. с.* 1. *Және, тағы. Аўа*, шырағым, тағы не сорайсыз—деди ғарры, Қәлек артына қайырылып (Қ. Ирманов).—*Аўа,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

оны қайдан билемиз? (Ж. Аймурзаев). — *Аўа*, — *аўа* айта гөр қәне? Айтбашақ, оны келипти деп еситип едик ғой (Ө. Хожаниязов). 2. *Солай, яқшы, мақул, дурыс.* Сонда аўылымыз қалалай бола ма? *Аўа*, ол сөзсиз (Ә. Тәжимуратов). 3. *Өзгериў, солыў, қыйсайыў, аўысыў.* Кеўлиң *аўа* берсе көрген қызға, Қандай адам болса да болар қызба, Еситкен ерсилерге елеренлеў, Айтыңызшы уқсамайма ақылсызға (Әжинияз). Түн ортасы *аўа* үйине келип, азанда таң қарағысында излеп жүрмейин деп кийимлерин бас ушына қойды да төсекке бойын таслады (К. Султанов).

АЎАН *кел.* *Еси жоқ, әўмелек, ақылсыз, еси кеткен, бир турли, аўыш, ар-сар.* Халықтың арын арламаса, Бары жоқты барламаса, Ащ ҳәм тоққа қарамаса, *Аўан* басшы неге керек (Күнхожа).

АЎАНЛЫҚ *ат.* *Бассызлық, ақылсызлық, аўышлық.* *Аўанлығың* толып еди, Гоя гүлиң солып еди, Кеўил қаның қашып еди (Мәжит улы).

АЎАРА I *қ.* әўере.

АЎАРА II *кел.* *Саны, муғдары.* Үш *аўара* табақ тартылды.

АЎАРА-САРСАҢ *р.* *Калай ислеўди билмей ҳайран болыў, не қыларын билмеў, ойланыў.* Муптилла *аўара-сарсаң*, өзи ортаға түсип зорға нан сындырысқан қурдасына ойқан салыў тағы қыйын (Н. Бөрекешов).

АЎ-ӘСБАП *ат.* *Аў салыў ушын керекли қурал-сайманлар.* Бул бизиң *аў-әсбапларды* тоқыў-сеплеў бригадамыздың жумысы (Ә. Шамуратов).

АЎҒАН *ат.* 1. *Ыссы аңызақ самал, ҳәўирли самал (бул аўған сөзи түркменлердиң айырым тайпаларында айтылады).* — Және де бар „*Аўған*" деген жыртқыш қызғын. Уясынан ушса, олар, от қаплайды қойның дүзди,.. (И. Юсупов). 2. *қ.* аўыў.

АЎДАҢЛАЎ *ф.* *Оңқ-буяғына теңселиў, аяғын ҳәр жаққа бир тастап басыў.* — Хеш халқым — деп жуўап қайтарды да, қыстастырып турған жасаўыллардың алдында *аўдаңлап* жүрип кетти (К. Султанов).

АЎДАРМА *ат.* *Сөзлердиң екинши бир тилдеги мәниси.* Оригинал шығарма емес, ал *аўдарма* („ҚҚ. Р. С").

АЎДАР-ТЕҢКЕР *р.* *Астын-үстин, ала топалаң, қалай болса солай, тәртипсиз.* Сонда машина *аўдар-теңкер* болып кетти де нениң не екенин билмей қалдым (К, Рахманов).

АЎДАРТЫЎ аўдарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЎДАРЫЛЫЎ *ф.* *Төгилиў, астын-үстине шығыў, бир жағынан екинши тәрепине өзгерилиў.* Ал жылым салғанда жылымлары *аўдарылып*, жылым аўдың табаны шыйратылып бос шыға берди (А. Бегимов).

АЎДАРЫСПАҚ *ат.* *Төңкерисшек, революция, бир тәртиптиң орнына екинши бир тәртиптиң орнаўы, көтерилис.* „Қарақалпақстанда уллы Октябрь *аўдарыспағына* шекем тек еки мектеп болып, онда 45 оқыўшы оқыған" (К. Ирманов).

АЎДАРЫСТЫРЫЎ *ф.* *Араластырыў, былғастырыў, аўдартөңкер өтиў, астын-үстине шығарыў* Оны әтештанның ерегине қойып кесеў менен ошақтағы күлди *аўдарыстырып* еди, пештеги қоздың арасына таслаған жас тезек шала жана келген екен (К. Султанов).

АЎДАРЫЎ *ф.* 1. *Төңкериў, қопарыў, көз аўдарыў.* Гейде боран үйди *аўдарып* кетеме деп артына қарайды („Әмиўдәрья" ж.). 2. *Жер сүриў, бел ҳәм кетпең менен жерди аўдарыў.* 3. *Кеўил бөлиў, дыққат аўдарыў.* Мине ҳәзир ол мениң әнсарымды *аўдарып* тур (Ө. Хожаниязов). 4. *Көз аўдарыў, алартыў.* ◇ Дықкат аўдарыў. — *кеўил бөлиў, көзге түсиў, көзге илиниў, ой бөлиў.* Ислеген хызметлериңизге көзге илерлик ҳәм *дыққат аўдарарлық* (Л. Бекимбетов).

АУДИТОРИЯ *ат.* 1. *Студентлер лекция тыңлайтуғын арнаўлы өжире, жай, класс, бөлме.* ...*Аудиторияның* бағытына қарай дәстанларды гейде созып, гейде қысқартып айтыў жәрдайлары болған (К. Максетов). 2. *Халайық, тыңлаўшылар.*

АЎ-ДУЗАҚ *ат.* *Балықшылыққа тийисли қурал сайманлар.* Қазы салып *аў-дузағын*, Алды көлдиң ақ шабағын (Бердақ).

АЎДЫРЫЎ *ф.* *Қыйсайтыў, бир жағына бейимлестириў.* Тек көз ушында қара торы ғунан ерин *аўдырып* тур (Т. Қайыпбергенов).

АЎЕРЕ *қ.* әўере.

АЎ-ЖАЙ *ат.* *Қусларды аўлайтуғын жер, орын,* ...әстен аяғын ғаз-ғаз басып *аў-жай* тәрепке қарай жүрди (А. Бегимов).

АЎ-ҚАЙЫҚ *ат.* *Балық аўлаўға тийисли заттар, қурал сайманлар.*

АЎҚАМ *ат.* *Шөлкем, бирикпе, қурама, қуралпа, бас қоспа.*

АЎҚАМЛАС *кел.* *Бириккен, шөлкемлескен, бирликли.*

АЎҚАМЛАСТЫРЫЎ *ф.* *Шөлкемлестириў, бириктириў, аўқам дүздириў.*

АЎҚАМЛАСЫЎ *ф.* *Биригиў, бирлесиў, шөлкемлесиў, жәмлесиў, аўыз бирлестириў.*

АЎҚАТ *ат.* *Тамақ, тағам, ишим-жем, ас-аўқат, азықтүлик.* Өзлери менен әкелген *аўқатлар* таўысылды (А. Бегимов) *Аўқат* желинип болғаннан соң отаўға чай келди (К. Султанов).

АЎҚАТЛАНДЫРЫЎ *ф.* *Тамақландырыў, аўқат жегизиў,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тойдырыў, ҳәллендириў. Буннан кейин саўыншы малды ўақтында *аўқатландырып*, мезгилинде суўғарып турыўдың үлкен әҳмийетке ийе екенин айтты /Ж. Сейтназаров/.

АЎҚАТЛАНЫЎ *ф.* *Тамақ жеў, тойыныў, аўқат жеў, ҳәлленіў.* Ал енди бизлер қай жерден *аўқатланамыз*, соны ойласын алайық /Р. Тағор/.

АЎҚАТЛАСЫЎ *ф.* *Аўқатты биргелесип жеў, бирге тамақ жеў.* Кеште конағымыз *аўқатласып* болып үйине қайтты /Қ. Айымбетов/.

АЎҚАТЛЫ *кел.* *Курғын, жағдайы жақсы.* Қәндекліниң ишиндеги *аўқатлысында*, инабатлысы да Сейдулла /Н. Дәўқараев/.

АЎ-КУС *ат.* *Аң аўлаўда пайдаланатуғын қус, қус пенен аң аўлаў.* Кел, Аманбай сорасалы. Не *аў-қусдур* жибергенин, Ақ қызыл сары жипек бе? Аяқ баўына өргенің /Бердақ/.

АЎЛА *кел.* *Артық, зыят, ағла, зыяда.* Сан мың қулдан *аўла* болды, Қырк жигиттиң айбаты, Тайынбай урыс қылыпты, Мына мөҳмин зуряды /„Қоблан“/.

АЎЛАКБЕР *қ.* **аллаакбар.**

АЎЛАҚ *кел.* **1.** *Узақ, алыс, бөлек, қашық, сақ.* Ҳәр бәҳәрде биреўге ашық болатуғын жеңил минезден аўлақпан /К. Смамутов/. **2.** *Адам жоқта, жекке.* Жан бар жерде капалығын билдирмей, *Аўлағында* өксип-өксип алады /Т. Жумамуратов/.

АЎЛАҚҚА *р.* *Узаққа, алысқа, жырақ жерге.* *Аўлаққа* биз шығып ҳәўирди жазып, Қысқыда биз жүрдик налыдық азып /Өтеш/.

АЎЛАҚЛАСТЫРЫЎ *ф.* *Узақластырыў, алысқа жибериў, өзинен бет бурғызыў, жақынлатпаў.* Оны өзинен *аўлақластырыўға* умтылды /„ҚҚ. Х. Е“./

АЎЛАҚТА *р.* *Узақ жерде, адамсыз, тынышлықта, қупыяда.* Дем алғың келсе *аўлақта*, Саяманлы тал болайын /И. Юсупов/.

АЎЛАҚШЫЛЫҚ *ат.* *Адамсыз, жан жоқ, тынышлық, қупыя, жеке, өз-өзи.* Ҳәзир бул мәжилисте әнгиме қылып отырмайық, *аўлақшылықта* тағы бир ойласып көремиз /К. Ирманов/.

АЎЛАНЫЎ *ф.* *Тутылыў, усланыў, топлаў, жыйнаў.* Балық *аўланыў* мәселеси қаралды /„Сов. ҚҚ“. г./.

АЎЛАТ *қ.* *әўлад.*

АЎЛАЎ *ф* **1.** *Қолайын табыў, ыңғайын гөзлеў, бақлаў, аңлыў, есабын табыў, қолға түсириў, шанышқыға илдириў, услаў.* Гүз болып мийзам түссе қайтар кийик, Мергенлер кийик *аўлар* шоқай кийип /Әжинияз/. **2.** *Кеўил бағыў, кеўлине қараў.* Ғәрип анам мунлы кеўлим *аўланды*, Өзи ишпей-жеме-мени сайлайды /А. Бегимов/.

АЎЛИЙЕ *қ.* *әўлийе.*

АЎМА *кел.* *Ессиз, еси жоқ, аўмесер, есаўан, әўмелек.*

АЎМАҚАЙ *кел.* *Табансыз, турақсыз, ерме.* *Аўмақай* шығып жүре берме, тез келерсең. .../Ө. Айжанов/.

АЎМАСТЫРЫЎ *ф.* *Өзгертиў, орнын өзгертиў, алмастырыў.* Сонан бери кейлек-дизгийим де *аўмастырып* киймеге /Н. Бәрекешов/. Айдың жарық нуры өз орнын *аўмастырып*. /А. Бегимов/.

АЎМАСЫЎ *ф.* *Өзгертиў, алмасыў, гезеклесиў, орнын бериў.* Гүз бенен орын *аўмасып*, Қутлы болсын—деди жаз /Ж. Аймурзаев/.

АЎМЕСЕР *қ.* *әўмесер.*

АЎМИЙИН *м. с.* **дин.** *Пәтияның жуўмақлаўы.* Халық *аўмийин* деп қол көтерди дуўаға, Жаман сөз айтқанлар қалды табаға, Уллы кишиң жылап қәдир қудаға, Хан әдил болған деп дуўа қылдылар /Бердақ/.

АЎМЫЛТЫҚ *ат.* *Аң атыўға арналған мылтық.*

АЎНАТЫЎ аўнаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЎНАЎ *ф.* *Жерге жатыў, жерде домаланыў, жерге суйкениў.* Қармақ салып саратанда сабылып, Қайырында батпаққа *аўнап* жатқанман /К. Султанов/.

АЎРЫҚ *қ.* аўырық.

АЎРЫЎ *қ.* аўырыў.

АЎРЫЎХАНА *қ.* емлеўхана.

АЎСАР *кел.* *Еси жоқ, еси жарым, аңқаў, гөдек.* Олжа қыздур маман нашар, Оннан туўған түбин қулшар, Қул тұқымы қулға усар, Досым *аўсар* бабан сенин /Бердақ/.

АЎСЫЛ *ат.* *Малларда болатуғын аўырыўдың түри.* Аўсыл болған бир-еки баспақты басқа малларға қоспай бөлек жайда сақлатты /Ө. Айжанов/.

АЎҲАЛ *ат.* *Жай, жағдай, ҳал, ҳал-жай.* Ескерти бузар сермеди, Даўыл жаман күш бермеди, *Аўҳал* қыйын болды жаман, Адам, адамды көрмеди /Өтеш/.

АЎШЫ *ат.* *Қус салатуғын, аң аўлайтуғын киси.* Таўларда гезген таўшыман, Қусларды салған *аўшыман* /„Алпамыс“/.

АЎЫЗ *ат.* **1.** *Адам, жан-жанўарлардың тамақ жейтуғын ағзасы, бир мүшеси.* Бет *аўызын* лаўдан кейлегиниң жеңи менен көлегейлеп, көзиниң қыйығын салды /К. Султанов/, Жарлының *аўызына* ас тийсе мурны қанайды

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

/„ҚҚ. Х. Н*./. 2. *Бир нерсенің аўызы, тесиги.* ◇ Аўыз салыў — *а/ аўыз қойыў, тесик ислеў.* Қой қораға *а ў ы з с а л ы п* болдым /М. Дәрибаев/. *б/ тислеў, умтылыў, жулып алып, екинши биреўге орынсыз урысыў.* Жолдан нәдәўир жер қашықлаған ўақытта тамадай бир ҳайўан кесе белден шыға келип, зәнгиликке *а ў ы з с а л д ы* /К. Султанов/. Аўыз тийиў—*аўқаттың, нанның ўлыўма тайын турған тамақтың шетинен шымтып аўызға салыў, дәмин татыў.* Тандыр жапқан жеңгейлерден бар мирәт, Рухсат жоқ *а ў ы з т и й м е й* өтиўге /И. Юсупов/.

АЎЫЗДА *р. Аўыз бет, есик жақ.* Буннан соң ол *а ў ы з д а ғ ы* жайға шықпақшы болып қапыны тартты, есик ашылмады, ол сырттан қулыпланған еди /С. Айний/.

АЎЫЗДАҒЫ *кел.* 1. *Аўызға түсип, айтылып жүрген, аўызға салыўлы.* Алтаў ала болса *а ў ы з д а ғ ы* кетер, төртеў түўел болса төбедеги келер /„ҚҚ. х. н*./. 2. *Есик аўызындағы, есик жақтағы, аўызға таман.*

АЎЫЗДАН-АЎЫЗҒА *р. Биреўден-екиншиге, екиншиден-үшиншиге өтип жүрген.* ...олар неше жүз жыллардан бери атадан балаға, *а ў ы з д а н - а ў ы з ғ а* өтип, умытылмай сақланып киятыр /И. Сагитов/.

АЎЫЗЕКИ *кел. Аўызша, аўыз бенен сөйлеп бериў арқалы. А ў ы з е к и* әдебияттың арнаўлы атқарыўшылары болады /Н. Дәўқараев/.

АЎЫЗ ЖАЛАСЫЎ *ф. Биригиў, аўыз бириктириў, қосылып пайдаланыў.* Қарақалпақ бийлери Хийўа ханы менен *а ў ы з ж а л а с ы п,* сатылып кетти /Әд. хрест./.

АЎЫЗ ҚАБАҚ *ат. Мал саўыўға арналған суў қабақтан исленген ыдыс.* Ҳаял ылашықтан гүриш салынған шанашты, май салынған қарынды, сүт салынған *а ў ы з қ а б а қ т ы* майданға алып шығып сүт бурыш писирди /Қ. Айымбетов/.

АЎЫЗЛЫ *кел.* 1. *Қайтпай сөйлейтуғын, қаймықпай айтатуғын адам.* Ерназар ала көз өз заманыпдағы *а ў ы з л ы* адамлардың бири болған /Қ. Айымбетов/. 2. *Аўызы бар, аўыз қойылған, есикли.* Маған арнап үлкен етип меруерт тастан бир *а ў ы з л ы* гүмбез дүзеттир /Қ. Айымбетов/.

АЎЫЗЛЫҚ *ат.* 1. *Аттың аўызына салынатуғын жүўеннің темирден исленген бөлеги.* Ат басына күн туўса, *а ў ы з л ы ғ ы* менен суў ишер, Ер басына күн туўса, етиги менен суў кешер /„ҚҚ. Х. Н*./. 2. *Аўыздың еки қапталы, шети, езиўи.*

АЎЫЗША *р. Аўыз бенен ғана айтылатуғын, тек сөз жүзинде.* Коллектив тәрепинен дөретилген *а ў ы з ш а* атқарылатуғын дәстанлар /Қ. Мақсетов/. Бул ҳәдийселерди Кәмал мәған *а ў ы з ш а а д а,* хат пенен де билдирген еди /Ә. Шамуратов/.

АЎЫҚ *кел. Қыйсық, дүзиў емес, бир жағына мейил берген, тең емес, бир жағы басым, бир жағына бейим.* Болмасын деп үсти ашық я жабыўы *а ў ы қ,* Сени тыныштатып болып, жатар едим басым маўық /К. Ирманов/.

АЎЫЛ *ат. Жабан, елат.* Жап-жасыл бағлар сарғайып, *А ў ы л ғ а* келди алтын гүз, Ашылды пахта ағарып, Мол өним берсе жарқын гүз /Б. Қайыпназаров/.

АЎЫЛ-АЙМАҚ *ат. Қыр-дөгерек, алыс-жақын, бәри, қоңсы-қоба.* Достым сәлем дегил ата-анаға, Қызды өсирген *а ў ы л - а й м а қ* қалаға /Ә. Шамуратов/.

АЎЫЛ-АРАСЫ *р. Елдиң, аўылдың, отырған жердиң ши, қоңсы-қоба.* Машина узақ жолды куўсырып, *а ў ы л - а р а с ы н а* кирип келди /Ө. Айжанов/.

АЎЫЛ-ЕЛ *ат. Ата, мәкан, туўылып өскен жер.* Аманба екен менин *а ў ы л - е л л е р и м,* Бул дүньяға шыққан менен не пайда /Күнхожа/.

АЎЫЛЖЫЎ *ф. Бир түрли болыў, жүректиң әжеп-тәўир болыўы, майдың айланыўы.* „Ўақ" дегенимде мийим *а ў ы л ж ы п* кеткендей болды /Ж. Аймурзаев/.

АЎЫЛЛАС *ат. Бир аўылда туратуғын, бирге бир мәканда жасайтуғын адамлар, аўылы бир, қоңсы, бир-бирине жақын туратуғын адам. А ў ы л л а с ы ң* ким болса, аталасың сол болады /„ҚҚ. Х. Н*./.

АЎЫЛЛЫҚ *ат. Аўыллық жердеги, аўылдағы, аўыл ишиндеги, аўылдан, аўыллық жер.* Әжинияз дәслеп ески *а ў ы л л ы қ* мектеплерде оқып саўат ашқан, кейин, өз илимин Хийўадағы медреседе тереңлестирген /Б. Исмайлов/.

АЎЫЛМА-АЎЫЛ *р. Ҳәр аўылды аралаў, аўылларды гезиў, аўылдан-аўылға өтиў.* Әдетте баслық күн шықпасган бурын турып, *а ў ы л м а - а ў ы л* пахта аралап кенсеге 10-11 лерде келетуғын еди /Ө. Хожаниязов/.

АЎЫЛ СОВЕТ *ат. Аўыл кеңес, аўыллық ақсақал.* Бердақтың аклығы Айекениң баласы Сейтназар, ҳәзир Шымбай районының Калинин *а ў ы л с о в е т и н д е г и* Каганович атындағы колхозда турады /Қ. Айымбетов/.

АЎЫР *кел.* 1. *Салмақлы, зилдей, салмағы басым.* Тереңлиги бес метрге жақын бул фронтқа *а ў ы р* жүги бар ири сулюлар тоқтайды /„Қыз. ҚҚ". г./ 2. *Аўыс. Қыйыншылық, шыдамаслық қайғылы.* Өмир оны *а ў ы р* сынаққа түсирди /З. Насруллаева/.

АЎЫР-ЖЕҢИЛ *р. Жақсы-жаман, парықсыз, парықламай.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ғұламастан. Сонда ла олардың балалығыма, кисилик жарыс-тырғанымa, әйтеүир сәзининң *а ў ы р - ж е ң и л и н е* сер салмай кеўлине келгенин ислегиси келеди /Қ. Айымбетов/.

АЎЫРЛАНЫЎ *ф.* 1. *Салмақлы болыў, салмақ басыў, қыйналыў. А ў ы р л а н ып* адым басты, Өмирбайдың изи менен /Ж. Аймурзаев/. 2. *Қыйланыў, жәбирлениў.*

АЎЫРЛАСЫЎ *ф.* 1. *Аўыр болыў, бурынғыдан аўырлап кетиў, қыйынласыў, жүк миниў.* 2. *Кайғы басыў, уўайымланыў.* 3. *Кесели күшейиў, зорайыў.* Арыўханның аўҳалы кем-кемнен *а ў ы р л а с ып* тула бойы от болып жанды /А. Бекимбетов/.

АЎЫРЛАТЫЎ *ф.* *Жүкти көбейтиў, жүклеў,* Оған буны айтбай кетиў гүнасын *а ў ы р л а т а т у ғ ы н д а й* болып сезилди /Ө. Айжанов/.

АЎЫРЛАЎ *р.* *Аўырырақ, жәбирлеў, салмақлы, салмағы басымырақ, кеўилдегиден зыятлаў.* Жетимниң еңсесине минген жүк жасы артқан сайын усылай *а ў ы р л а п* барды /Н. Бөрекешов/.

АЎЫРЛЫҚ *ат.* 1. *Салмақлылық, аўыр жүклилик.* Онсери *а ў ы р л ы қ* өлшеўи—батпанның төрттен бири /К. Айымбетов/. 2. *Қыйынлылық, қапалылық, ҳәсирет басыў, жәбирлилик.*

АЎЫРМАНЛЫҚ *ат.* *Қыйынлық, қыйыншылық, жуўапкерлик, жәбирлилик.* Наданлықлар енин жайып, *А ў ы р м а н л ы қ* түсти басқа /Ә. Шамуратов/.

АЎЫРМАНШЫЛЫҚ *ат.* *Жуўапкершилик, қайырқомлық, миннетдарлық.* -жоқ,шәртимиздиң ҳешбир *а ў ы р м а н ш ы л ы ғ ы* жоқ /А. Бекимбетов/.

АЎЫРСЫНЫЎ *ф.* 1. *Қыйналыў, азапланыў, шыдамаў.* Аяғын қозғалта алмай *а ў ы р с ы н ып,* көзине жас алды /Ш. Сейтов/. 2. *Қайыл болмаў, жәбирлениў.*

АЎЫРТЫЎ аўырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АЎЫРЫҚ *ат.* *Ший тоқыў ушын ылайдан ямаса кесектен сопақлаў /белинен жип байлаў ушын/ етип арнаўлы исленген зат, қурал.*

АЎЫРЫҚТАЙ *кел.* *Аўырыққа усаған.* Мәткурбан жан-жағына қарап турды да баланың қолынан *а ў ы р ы қ т а й* қорғасынлы, сары сақаны жулып алды /К. Султанов/.

АЎЫРЫЎ *ф.* *Наўқасланыў, бийпапланыў, кеселлениў. сырқасланыў.* „*А ў ы р ы ў* қалса да әдет қалмайды" деп Төлепберген талай жерде дәккы жесе де бул әдетин қоя алмады /Қ. Айымбетов/. ◊ Бас аўырыў—*бастан тутатуғын кесел. Б а с а ў ы р ы ў ы* геўдесинен кетпеген. Доктор келсе қашар бугып

шет пенен /С. Нурымбетов/. **Ас қазан**ы аўырыў—*иши, қарыны аўыратуғын наўқас.* Ол жердиң суўы *а с қ а з а н а ў ы р ы у ы н а* ем болады /Р. Тагор/.

АЎЫРЫЎХАНА *қ.* емлеўхана.

АЎЫСҚАН *қ.* аўысық.

АЎЫСТЫРЫЎ *ф.* 1. *Қалдырыў, гизнеў, сақлаў, суўистириў.* Тамақтан *а ў ы с т ы р ы п* тұқымға деп сақлаған азырақ арпа жазлық бар еди—деди Турымбет /Н. Дәўқараев/. 2. *Алмасыў, өзгертиў, бир жерден екинши жерге көшириў, басқа жумысқа өткериў, алмастырыў.* Қадирди меним усынысым бойынша басқа цехка *а ў ы с т ы р ы ў* керек /Оразов/.

АЎЫСЫҚ *кел.* *Қалған зат, суўысық, артықмаш, зыят.* Есабын тапсаңыз, *а ў ы с ы қ* пулыңызға сатып алыңлар /Т. Қайыпбергенов/.

АЎЫТ-АЎЫТ *р.* *Иретинде, анда-санда, ара-тура.* Гунанның *а ў ы т - а ў ы т* жорғасы да бар, бирақ жолым өнбегендей және жүриўкиресе екен деп күлшынаман /Ө. Хожаниязов/.

АЎЫТҚЫЎ *ф.* *Мең-зең болыў, мий айланыў, жүрек уйытқыў, әжептәўир болыў.* Мең-зен болып *аўытқып* мийим, жатырман бийтаныс жайда /И. Юсупов/.

АЎЫЎ *т.* 1. *Айыў, өзгериў, бузылыў, бурылыў, бир жағына басымланыў, екинши тәрепке бейимлениў.* Ҳәмменің кеўли Айымжамалға *а ў д ы* /Ө. Хожаниязов/. Апамды дарға асқан жаўыз жәллатлар, Адамзаттан *а ў ғ а н* фашист әўладлар /Ә. Шамуратов/. 2. *Бир жаққа қарай жылысыўы, жылжыўы, суўысыўы.* Бүгин жәпеде түнниң жарысы *а ў ғ а н ш а* китап оқып отырысын мынаў /А. Бегимов/.

АЎЫШ *кел.* *Аўан, еси жоқ.* Бир *а ў ы ш қ а* теңгердиң, Тоқтаполат өзиңди /„Ер Зийўар"/.

АФҒАН *ат.* *Зар, өкиниш, қайғы-ғам, ҳеспрет.* Ишип шарап, шегип *а ф г а н,* Ақыл-ҳуўшым лал болды /Әжинияз/.

АФИЎ *қ.* әпиў.

АФИША *ат.* *Лекция, концерт, спектакльлер туўралы жазылып, көшелерге, белгили орынларға илдирилип қойылатуғын кўлақландырыў, дағаза.*

АФОРИЗМ *ат.* *Өткир, менили, ушырма сөз, мазмуны күшли, баянлаўы аз, нақыл есабындағы сөз.* Әжинияздың көпши ик косықларында *а ф о р и з м л и к* қатарлар ушырасады /Б. Исмайлов/.

АФГАП *ат.* *Күннің нуры, ыссы ығы, қуяш деми, леби,* Мың сан қыз садақа, басқан изиңнен, Мисли *а ф т а п* киби жүзлери бардур /Әжинияз/.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

АФФИКС *ат, лингв. Жалғау, қосымта.*

АХРАП *ат. Күн календары бойынша Октябрь айына туўра келетуғын ай аты. Ахрапта* суўық урмаса, ақыретте де суўық урмайды /„ҚҚ. Х. Н".

АХУН *ат.* 1. *тар. с. гөн. с. Дин хызметкери. Арнаўлы диний мектеплерде оқып билим алған ҳәм диний мектеплерде оқытыўшылық ететуғын ямаса мешитлерде ийамлық қылатуғын молла.* 2. *Уйғырларда улыўма қабыл еткен лақап.* Ақ үзикли үлкен отаў, Өз алдына болып атаў, Ерман *ахун* отыр анаў. Оғандағы жоқлур салық /Бердақ/. Бул сөзимди тыңла Нурмурат *ахун*, орайсаң сәллеңниң ҳаррыйтып шақын /Бердақ/.

АҲ *т. с. Гүрсиниў, таңланыў, әжеплениў.* Ол әўелги күнлери, *аҳ-уҳ* деп аўыр гүрсинип жүрди /Ж. Аймурзаев/. Скамьяға барсам жақын, Еситтим ашықлардың „*аҳын*" /И. Юсупов/. *Аҳ*-дүнья-ай қалай-қалай заман болды /Б. Бекниязова/. ◇ **Аҳ урыў**—*ғам шегиў, қайғы жеў, гүрсиниў, зарлаў.* Тек сен үшин *аҳ урадым* жүрегим. Сен дегенде қан қақсайды сүйегим /Ә. Шамуратов/. *Аҳ урса* жегеме бенденің дады. Бул дүньяға шыққанымнан не пайда /Омар/. **Аҳ шегиў**—*қайғыланыў, қайғы шегиў, азап көриў, қыйналыў, жапа шегиў. Аҳ шегип* бағрын сөкмәген, көзинен яшын төкмәген /Әжинияз/. **Аҳыў-зар**—*ынтық, зар, қайғы, ҳәсирет, интизар, зар-гирян.* Қәдирланым менің шын-*аҳыў-зарым*, Екеўимизди қосар күнлер бармекен /„ҚҚ Х. Қ."/.

АҲЛАЎ *ф. Зарлаў гүрсиниў, зар шегиў, аҳ урыў.* Алла көрсе алла дийип *аҳлаған*, Пинҳайын ислерден өзин сақлаған /Өтеш/.

АҲМИЙЕТ *қ.* әҳмийет.

АҲМИЙЕТЛИ *қ.* әҳмийетли.

АҲЫЎ-АФҒАН *ат. Зар-гирян, уўайым, қайғы, жапа, қапа.* Балалар менен оқып қуран, Биле алмасам бағрым гирян. *Аҳыў-афған* күнлерим /Бердақ/.

АЦЕТОН *ат. Органикалық бирикпе, реңсиз жанатуғын суйықлық, техникада, медицинада ҳәм араластырып еритиў ушын да қолланылады.*

АШ *кел.* 1. *Аўқат ишпеген. тамақ жемеген, жарымаған, тоймаған. Аш* бала тоқ бала менен ойнамайды, Тоқ бала *аш* баланы ойламайды /„ҚҚ. Х. Н."/. 2. *Жарлы, гедей, кембағал. з. қ.* **ашыў.**

АША *ат. Айры, ағаштың екі айрылған жери.* Дәстурханды зорға дегенде, ағаштың ашасына таңды /„ҚҚ. Х. Е"./.

АШАЛАҚ-ЖУМАЛАҚ *р. Дәрриў, тез, уйқыдан оянар-оянбас, көзди ашар-ашпас, есин жыйнар-жыйнамас.* Егер уйықлап қалса апасына „неге оятпадың деп өкпелеп қай биреўлери жылап, жыламсырап, тамаққа, жуўыныўға қарамай *аш алақ-жумалақ* мектепке қарап жуўырады /Мәжит улы/.

АШАМАЙЛЫ *ат. Урыўдың аты.* Тәрдиў кимлердики себеп қоңыраттан, Бийбираҳым Сейилхан деген елаттан, Айра түсти *ашамайлы* қыяттан, Елатсыз жайлаўсыз қалдың Бозатаў /Әжинияз/.

АШАР *ат. Ашқыш, бурап ашатуғын темирден исленген, ағаштан сабы бар қурал.*

АШ-АРЫҚ *ат. Жарлы-жақыбай, тоны көтине жетпеген, аш-жалаңаш, кембағал.* Суўға жерге ийе болып, Оңалып қалды *аш-арық* /Х. Тәжимуратов/. Қыйын болды бизлердей *аш-арық қа*,. Қәдирли шийрин жан сеннен не пайда /Омар/.

АШАРШЫЛЫҚ *ат. Жоқшылық, аслық, кемтаршылық, кембағаллық, ишип-жейтуғын аўқаттың жоқлығынан болған гүзелис.* Ас қәдирин билмесең *ашаршылық* берер жазаны /"ҚҚ. Х. Н"./. Ел *ашаршылық*, халық теңселиўде /Н. Дәўқараев/.

АША ТУЯҚ *ат. Айры туяқ, екиге туяқ.*

АШ-ӘПТАДА *кел. Жарлы, еш нәрсеси жоқ, кийерге кийими, ишерге тамағы жоқ.* Ҳақ кеширсин жазығымны, Қыямет күн ғазабыны, Ада қылмас азығыны, *Аш-әптада* болған екен /Бердақ/.

АШ-ӘПТАДАЛЫҚ *ат. Жоқшылық, жарлышылық, қорланыўлық, гедейлик.* Халық адам шыдамаслық жағдайда аўыр мийнет етти, *аш-әптадалық* турмыс кеширди /Б. Исмайлов/.

АШ БЕЛ *ат. Адамның белиниң ең жиңишке жери, нағыз ортасы. Аш белине* түскен шашы әрилип, Ер жетипти басарыпа ерниин /Т. Сейтжанов/. Қарамады жайына, *Аш белинен* майырды /„Қырк қыз"/.

АШ БУЙИР *ат. Адамның иши, бир қаптал буйири, жан жери, қабырғаның дәл ортасы, асты.* Мурат жығылды, оқ аяққа емес, Муратың *аш буйирине* тийген еди /С. Айний/. „Гейбиреўди *аш буйирден*" /Б. Исмайлов/.

АШ-ЖАЛАҢАШ *кел. Жарлы-жақыбай, кембағал, турмысы төмен, төмен ҳаллы, ишип-жеп жарымаған.* Буған тағы бир себеп, Нуржамалдың төркини бир тапқанына жетпеген *аш-жалаңаш* болды /К. Султанов/.

АШКАРА *қ.* әшкара.

АШКАРАЛАЎ *қ.* әшкаралаў.

АШ КӨЗ *кел. Қызғаныш, көрмедик, қанаатсыз, көзи тоймайтуғын.* Той болса бай баласы қамқа киер, Карама *аш көз* неме көзин тийер /Әжинияз/.

АШКӨЗЛИ *кел. Аш көзге усаған. Аш көзли* аңшыдай даўыл масайрап, Атты найзағайын жасыл садақтан /И. Юсупов/.

АШҚЫЛТЫМ *кел. Ашшылаў, қышқылт, ашшырақ, дузы өткинирек, дузы басым.* Жалғас пискен қаўын менен дузланған

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қырдың *ашықлықтың* ийиси аңқыған үлкен үй жайда ала пышақтың көзине айна менен сәўле түсирип ойнап отыр екен /К. Султанов/.

АШҚЫШ *қ.* ашар.

АШЛЫҚ *ат. Жоқшылық, қыткершилик, кийерге кийим, ишерге тамақ жоқ уақыт.* Дүзде *ашлық* машақатын көрмеген, Үйде ыссы наннын қәдирин не билсин /Әжинияз/. Ағалар сорасаң кеўлимде әрман, *Ашлықтан* кетип тур дизеден дәрман /Әжинияз/.

АШЛЫҚ-ЖАЛАҢАШЛЫҚ *ат. Жоқшылық, елдиң азып-тозыўы, гедейлик.* Қарақалпақлар өзлериниң отырған жерлерин таслап *ашлық-жалаңашлыққа* ушыраң бүлинген /Әд. хрест/.

АШЛЫ-ТОҚЛЫ *кел. Жарып-жалшымаған, тамағы кийими жарымаған, оңлы емес, тойып тамақ ишпеген, жарып кийим кимеген, бирде аш, бирде тоқ.*

АШНА *ат. Тамыр-таныс, яр-дос, кеўил жақын адам, жақынлығы бар адам. Ашна* болыў ансат, айырылысыў қыйын /„ҚҚ. Х. Н"./. Кеўлим айтар ана *ашна* болсам деп, Жолына жанымды пида қылсам деп, Мубәрек жамалын және көрсем деп, Ҳеш тақатым қалмас көргеннен бери /Әжинияз/.

АШНА-ЯР-ДОС *ат. Қатар-қурбы, дос-яран, кеўил татыў, көз көрген таныс, тамыр, ағайин туўған,* Үйде өзиң жоқ болғанда, *Ашна-яр-досың* толғанда, Өзи билип жәўлан урсын, Кеўлиндегин айтпай билсин /Әжинияз/.

АШӨЗЕК *ат. Аш, дым жемеген, аш қарын, аўқат жемеген, аштан-аш.* Көз жиберип қарасам, Еки бирдей жолдасым, *Ашөзекке* түсипти /Мәжит улы/.

АШӘЛЕҢ *кел. Жуқа жуўал, арықтан келген.* Мурат шайықтың есиги алдына келип, хызметкерлердиң шығыўын күтип, торысының жүўенин тартқан *ашәлең* узын қара жигит зәңгиге ширенип турып, таў басында жанлы еки ноқат көрди /Т. Қайыпбергенов/.

АШТАН *р. Аўқатсыз, тамақсыз, аўқат жеместен.* Тамақ бермей суў бермей, Базын *аштан* өлтирди /„Қырқ қыз"/.

АШТАН-АШ *р. Тамақсыз, аўқат жеместен, аўқатсыз.* Атасы ақыр *аштан-аш*, манлайына түсней қуяш, Қула дүзде жайын қулап, Өлерменлер болған екен /Бердақ/.

АШУ-АРЫҚ *қ.* ашыў-арық.

АШЫҚ I *ат. Екі жақтың бир-бирин суйиўи, жақсы көриўи, бир-бирине шын ыразылық берилиўи.*

АШЫҚ II *кел.* 1. *Қағанақсыз, есиксиз, беклеўсиз.* 2 *Анық, қыйсырмастан, жасырмай, тиккелей,* Шаңқай түсте атасына барып болған ҳәдийсеңи буйығақламастан *ашық* баянлады /Қ. Айымбетов/.

АШЫҚТАН-АШЫҚ *р.* 1. *Жасырмастан, тиккелей, тайсалмастан, түўрыдан-түўры, иркилместен,*... бирақ ол езилген жарлы халықты эксплуататорларға қарсы *ашықтан-ашық* көтерилиске шақырған (И. Сагитов). 2. *Жаўыўсыз, беклеўсиз, қаўсырыўсыз.*

АШТЫРЫЎ ашыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

АШШЫ *кел.* 1. *Лузланған, зәҳәрдей, уўдай, бурышлы, өткир.* 2. *Жаман, жағымсыз.* Билгенинди еттиң маған, Не айтайын енди саған, Өзиң жәллатқа усаған, Тилин *аш*ы уў екенсең (Бердақ). ◇ Ашшырақ салыў — *көбирек, басымырақ.* Сандыраклама чайды *ашшырақ сал*—ол алдындағы чайнегиниң қақпағын ашып ҳаялына қайырып берди (Т. Қайыпбергенов).

АШШЫ-ДУШШЫ *кел. Жақсы-жаман, түрли жағдай, ҳәр қыйлы қыйыншылық.* Неше жыл рус жерлеринде жүрип, *аш-шы-душшыны* татқан (К. Аралбаев.)

АШШЫЛАСЫЎ *Ф. Мәселлесиў, урысыў, жәнжеллесиў, кеўил қалысыў, бақлысыў, сөгисиў, өкпелесиў.* Апамның да мен ес билгели биреў-миреў менен *ашшыласқанын* көрген емеснен (К. Смамутов).

АШШЫЛАЎ I *қел.* 1. *Азырақ ашшы, жүдә ашшы емес, өткирлеў. ашшырақ.* 2. *Каттырақ, күшлирек.* Балдағым тарсылап дәлизге кире бергеним, төр беттеги есиги аңқыйып ашылған өжиреден баслықтың *ашшылаў* даўысы шықты (Ө. Хожаниязов).

АШШЫЛАЎ II *Ф. Бир ашшы затты жегиси келиў, ашшылағысы келиў.*

АШШЫЛЫҚ *ат.* 1. *Улыўма ашшы зат, өткир нәрсе, қышқылт, дузланған нәрселер.* 2, *Қыйыншылық, аўырманшылық.* Елли титиркетип залымлық уўы. Уўдың көтерилип *ашшылық* пуўы (Ж. Аймуразев).

АШЫҚЫРАҚ *кел.* 1. *Анығырақ, түсиниклирек.* Ҳәзир бизге бул ҳаққында кеннен *ашығырақ* түсиндириўди Қылышевтан талап етемиз (А. Бекимбетов). 2. *Кеңирек, далақырақ.* — *Ашығырақ* жерге барайық деди Курбаниязов жыйналғанларға /Т. Қайыпбергенов/. 3. *Ақ тәризли, аққа бейимирек, ақ түсли.*

АШЫҚЫЎ *Ф. Аш қалыў, ашлықтың жәбирин шегиў. Ашығып* келген бес қасқыр, қыласынды қылыпты („Қырқ қыз").

АШЫҚЫЎ-ШАЙДА *ат. Ашық болыў, ашықлық есин алыў.* Қыз *ашығыў-шайда* болды, Кеўли күнде айда болды. Соннан ҳәмле пайда болды, Күннен бәҳәр алған екен /Бердақ/.

АШЫҚ I *кел.* 1. *Гирбиксиз, таза, тынық, кирсиз.* Аспан *ашық* асықтай булт жоқ / Н. Дәўқараев/. 2. *Анық, ҳақыйқат, нақма-нақ.* Сул мәжилисин *ашық* деп жәриялады /Ө. Айжанов/. Келемен десең ылашық, келмеймен десең жол *ашық* („ҚҚ. Х. Н".) ◇ **Ашық жүзли**—*жүзи адамға ысық, түри-түси жағымлы, жарқын.* Столдың аржағында *ашық жүзли* кен

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

маңлайлы, шашын оң жағына қаратып тараған узын бойлы ҳәм арықтан келген Бир адам отыр (Сейтеков). **Ашық кеўил**— *кеўил ашық, минези ашық, жақсы, кеулинде кир жоқ. А ш ы қ к е ў и л* атқан тандай, Рус қызы—мәрт келиншек (И. Юсупов).

АШЫҚ II *ат. Жақсы көриў, сүйиў, биреўге ықласы кетиў, сүйиўшилик.* Ҳәр бәҳәрде биреўге *а ш ы қ* болатуғын жеңил минезден аўлақпан ҳәзир (К. Смамутов).

АШЫҚ III *кел. Панасыз, үстинде жабыўы жоқ, қақпақсыз, бастырылмыған.* Үстимде жаман ылашық, Ошында бәр жери *а ш ы қ*. Не боларымды билмедим (Бердақ). ◇ **Ашық болыў**—*биреўге кеўил берип қалыў, жигиттиң қызды жақсы көрип қалыўы, ессиз, түссиз кеўил бериўи.* Не жапалар *а ш ы қ* болып, Көп интизар болған. жигит, Мерекеден тасып толып, Орын алған аллаи жигит /Т. Сейтжанов/.

АШЫҚ-ЖАРЫҚ *кел. Күннің жүзи ашық, даланың кебиў ҳәм қулшылы болыўы.* Адамлар күнниң *а ш ы қ - ж а р ы ғ ы н а н* пайдаланып от-шөбин қыйыстырып алады („Қыз. ҚҚ". г.).

АШЫҚЛЫҚ *ат.* 1. *Бир-биреўди сүйип қалыў, бир-биреўине ұнатыў, бирин-бири жақсы көриў, бир-биреўине ықласы кетиў.* Күнде саған қарап кумар етипти, *а ш ы қ л ы ғ ы н* жазып баян етипти (Т. Сейтжанов). 2. *Майданша, тазаланған бир бөлек көлемли жер, қыя майдан, даланлық. А ш ы қ л ы қ т ы* зейни илди, сер салды қыйыр қыяға („Мәспатша"). Арғы басы жақын еди, демде-ақ *а ш ы қ л ы қ қ а* шықты (Т. Қайыпбергенов).

АШЫЛЫСЫЎ Ф. *Кеўилди ашыў, ишн кеўлин билдириў, бары-жоғын ортаға төгиў, жарқылдаў.* Бираз әҳгимеден кейин кеўилден қылаў усламай *а ш ы л ы с ы п* сөйлестик /Ө. Айжанов/. *А ш ы л ы с қ а н* ай жүзлери, Мәўиж урар кумар көзлери (Ә. Шамуратов).

АШЫЛЫЎ ашыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

АШЫМ-АЙРЫҚ: **ашым айрық болыў** Ф. *Биротала қол үзиў, бир жағына шығыў, үзил-кесил араны үзиў, анығына шығыў.* Енди қызды бир көрип тиллессем, бәри *а ш ы м - а й р ы қ б о л а д ы* (Ө. Хожаниязов).

АШЫНАРЛЫ *кел. Жан ашыйтуғын, жан ашыўға турарлық, қыйналғандай, қызғанышлы, аянышлы.* „Қырқ қыз" бизиң ата-баба қонысы, Басқа жатыр *а ш ы н а р л ы* сонысы. /Т. Сейтжанов/.

АШЫНАРЛЫҚ қ. **ашынарлы**.

АШЫРҚАЎ Ф. *Аш болыў, тамағы тоймаў, жоқ-жуқалаңыў, жоқ болыў, жарып-жалшымаў.* Ҳәрким өзи көмешине күл тартқан, Баспана жоқ *а ш ы р қ а д ы* кеўип ел (С. Нурымбетов).

АШЫРЫМ *ат.* 1. *Усыл, гүрестеги еки кисиниң бир-бирине салатуғын тәсиллериниң бири.* Атаңа нәлет Бөке ләў, Моңынан *а ш ы р ы м* алады, Иштен шалып кәпир дәў, Белли ғәрәт салады („Қоблан") 2. *Жүкти арқалағанда айқастырып атанақша тартылған жип, арқан.*

АШЫТҚЫ. *ат. Қамыртырыс, нанға, баўырсаққа я басқа да қамырдан исленетуғын нәрселерди пиширгенде оны көмпейтиў, көтерилдириў, порсылдатыў ушын салынатуғын ашытылып қойылған нәрсе.* Оған *а ш ы т қ ы* салып, үстин бастырып қойғаннан кейин де, қайта-қайта жақсы қызғанын, қызбағанын биліў ушын тандырдан хабар алып жүрди (Чимбергенов).

АШЫТЫЎ Ф. 1. *Аўыртыў, қыйнаў, күйдириў.* Бир жерине тийип кетсе, ҳәрре шаққандай *а ш ы т а д ы* („Әмудәрья" ж.). 2. *Ашыў болып кетиў, бырыў, аңқыў, ашыў.*

АШЫЎ I *ат. Қәҳәр, гәзеп. А ш ы ў* алдынан, ақыл кейнинде келер, Батыр аңқаў ер гөдек („ҚҚ. Х. Н".).

АШЫЎ II Ф. 1. *Бир нәрсениң қақпағын ашыў, пердени ашыў, аўызын ашыў, бетин ашыў, жүзин ашыў.* Неше жылғы көмиўли, *А ш ы м* оның урасын („Қырқ қыз") — Айша — деди көзин *а ш ы п* үш жасар Орынбек, ... (Т. Қайыпбергенов). 2. *Жибериў, ағызыў, айдаў.* Жигит истин көзин танып, қандай жерге суў *а ш ы ў* кереклигин биледи (Г. Есемуратов). 3. *Гижиниў, өшигиў, қарсыласыў, қарсы шығыў.* Бизиң аўқамласларымыз екинши фронтты *а ш а д ы* екен ямаса ўәдесин умытып кетти ме (К. Ирманов). 4. *Кашықлаў, узақласыў, аралласыў.* Араны тәўир-ақ *а ш т ы м* дегенде ғана артыма бир қарап едим, қуўғыншым жерди еле сабылап тур екен (Ә. Айтжанов). *А ш ы қ ы з* енди араны; Ҳаялға нәўбет қарады (А. Дабылов). 5. *Көз ашыў, кеўлин оятыў, сергеклениў, дүньяны таныў, үйрениў, табыў, оянып, өнер шығарыў.* Бахыт берип *а ш қ а н* менің көзимди, Мәңгиликке нурландырған жүзимди (Х. Сейтов). Қарағыдан атырып ең танымды, *А ш ы п* едиң қуўсырылған жағымды (А. Дабылов). 6. *Бахытлы болыў, жолы болыў, ығбалы жүриў, иси келисиў, табысқа ерисиў, жаңалық табыў.* Перделенген қанатыңды паршалап, түбинде *а ш а р м а н* нурлы күнимди (К. Султанов). Күўанып дүньа қарасын. Қарапайым устаның, Қарапайым баласы, Жулдызға жол *а ш қ а н ы н* (И. Юсупов). 7. *Быршыў, ашшыланыў.* 8. *Сыр ашыў, әшкаралаў.* ◇ **Ашыў араз**—*ашыўдың жаман нәрсеге алып барыўы, апарыўы, соғыўы, А ш ы ў - а р а з*, ақыл дос („ҚҚ. х. н".).

АШЫЎ-АРЫҚ *ат. Аш-жалаңаш, жарлы жақыбай, пақыр-пуқара, жарлы халық, жоқ-жуқа, гедей.* Алағат көресең *а ш ы ў а р ы қ т ы*, Аў салған суўатымның аты Айырша (Омар шайыр).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

линбейди *а ш ы ў - к е к* („Әмудәрья" ж.).

АШЫЎЛАНДЫРЫЎ ашыўланыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

АШЫЎЛАНЫСЫЎ ашыўланыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

АШЫЎЛАНЫЎ Ф. *Ашыўы келиў, қаҳәрлениў, жаныгыў, гижиниў, қатты қаҳәри келиў.* Балалыққа аўзы күйип, Еңкейгенде мурны тийип, *А ш ы ў л а н ы п* қабақ үйип, Бир ойқанды салған екен (Күнхожа).

АШЫЎЛЫ *кел. Қаҳәрли, жиниккен, жинленген, гижинген, кеги қайнаған.* Даладан *а ш ы ў л ы* түрде Елмурат кирди („Әмудәрья" ж.). Туўысқан солдатлардың көбири басында, Бултқа шаншылып тур *а ш ы ў л ы* минәр (И. Юсупов).

АШЫЎШАҚ *кел. Тез-тез ашыўланатуғын, ешейин нәрселерге ашыўлана беретуғын, тез пейил.* Сағынсаң да, излесең де бәрҳама, *А ш ы ў ш а қ* қыз қоркытасаң соншама (И. Юсупов). Пәтийәсиз ҳәм умытшақ, Суў көтермес ол *а ш ы ў ш а қ*, Еллерде болар мақтаншақ (Әжинияз).

АШЫЎ-ЫЗА *ат. Ашыў ҳәм ызға, хорлық, қаҳәр, ашыў-кек.* Гүлайшаның *а ш ы ў - ы з а с ы* қайнап кетти, бақырып жибере жазлады (И. Құрбанбаев). Апамның жүрегинде *а ш ы ў - ы з а* тағы қайнады (Х. Сейтов).

АЭРОВОКЗАЛ *ат. Самолетлер ушатуғын, келип қонатуғын вокзал.* Олар маған ҳақ жол тилеп *а э р о в о к з а л д а* қалды (К. Қалбаева). Узатыўшылар, *а э р о в о к з а л* жанына жыйналғанша самолет шарқ урып лашындай сырқты да көкке ушып кетти /С. Хожаниязов/.

АЭРОДРОМ *ат. Самолетлердиң қоныўы, көтерилиўи ямаса олардың турыўы ушын керекли нәрселери менен үскенеленген арнаўлы майданша.* Әне *а э р о д р о м д а* көринди (Н. Дәўқараев).

АЭРОПЛАН *ат. Адамлар ушын ҳәм жүк тасыў ушын ҳаўа менен қатнас жасайтуғын ҳаўа кеме, машина, самолет.* Қызыл әскерлер ҳаўа *а э р о п л а н ы* менен ҳәммесин көрди (К. Ирманов).

АЭРОПОРТ *ат. Үлкен аэродром. самолетлер ушатуғын ҳәм қонатуғын жер-порт.* Бир неше ирет қаланы айланып ушып *а э р о п о р т қ а* түсти (Ж. Аймурзаев).

АЯ *ат. Алақан, қол, уўыс, маңлай, несийбе, ығбал, азырақ, қурттай, кишкене ғана.* Маңлайда болса көрермен, *Аямда* болса жалармән („ҚҚ. Х. Н").

АЯДАЙ *кел. Алақандай, кишкене, азғантай, тап-тар, ғырттай, қурттай.* Енди басқа жағым қапылып, *а я д а й* бе-

тимниң жыртық болайын дегени ме? (Ө. Хожаниязов). Ашлықтың азабын көрдилер елим. Жер бети *а я д а й* маған көринди (Бердақ).

АЯЗ *ат. Суўық, боран, шымыры суўық.* Қар жаўды деп күўанба, *а я з ы* болар соңынан („ҚҚ. Х. Н".) Жоллар узақ куўраған күм, Даўыл күшли дым *а я з* күн (Әбдираман).

АЯЗ АТА *қ.* аяз баба.

АЯЗ БАБА *ат. Аяз ата, қар баба.* Ақ жиңек шапан жамылып, Ҳасыл зат қоймай тағынып, *А я з б а б а* келипти, узақтан, Бизлерди күтә сағынып („Жеткиншек" г.)

АЯЗДАЙ *кел. Суўықтай, жаман, өткир, қатты, дым әдеўир.* Ағамның узақ сапарлап иренжип келгени *а я з д а й* батып, сыртқа шықты (К. Султанов).

АЯЗ ҚАЛА *ат. Жердиң аты, ески қаланың орны, турған жери.* Кәт, Қырқ қыз, *А я з қ а л а*, Топырақ қалалар жер менен жексен болып, сенин күшағыңа кирди (Н. Дәўқараев).

АЯЗЛАТЫЎ Ф. *Суўық тийдириў, тумаўлаттырыў, суўық тартыў, суўықлатыў.* Күн қысқарып *а я з л а т ы п*, Болды ма екен гүзек айы, жылықыда көп отламайды., Ойнақласып күлыстайы (Мәжит улы.)

АЯЗЛАЎ I Ф. *Суўық тийиў, суўық урыў, тумаўлаўы.* Түнги караўылда турып *а я з л а д ы м*, соннан кейин ығырақ жер излеп жүрип сабаның үстинен шығып калдым (Ө. Айжанов).

АЯЗЛАЎ II *кел. суўықлаў, шымырылаў.*

АЯЗЛЫ *кел. Суўық, бир қыйлы суўық, тәўирек аязы бар.* Сайрайды ҳаўаз қосып, етип сайран, Ойына кирип шықпай *а я з л ы* қыс.

АЯҚ *ат.* 1. *Адамның, малдың, улыўма жанлы-жанıўарлардың аяғы, он еки мүшениң биреўи.* *А я қ қ а* алмалың бир пушта етик, Бул дүньяға шыққан менен не пайда (Омар). Қорыққанымнан *а я ғ ы м н а н* дәрман кашты (Ж. Аймурзаев). 2. *Кейин, изи, ақыры, төмен.* Мудамы *а я қ т а* бараллай өрге, Есикте орны бар шығалмай тәрге (А. Дабылов). Усы орташа ҳалдан *а я қ қ а* шығып кетемен бе деген гүлликте жүрди /К. Султанов/. Ол жумыстың *а я ғ ы н* жыйнаса, басы шубалысып дағдарысқа түсти (К. Султанов). ◇ **Аяқ алыс**—*жай-жағдай, истиң бағдары, рәмәўизи, түр-түси, жағдайы, биреўдиң ис-ҳәрекети, жүрис-турыс,* Жетим жолға түсти, бирақ *а я қ а л ы с ы н а н* аяғының аўырғаны сезилип туратуғын еди (С. Айний). Ана енди тыныш бол, келини-қыздың ҳәзирги *а я қ а л ы с ы* жақсы көринеди (К. Ирманов), **Аяқ асты**—*қаер болса сол жер, әйтеўир орын, жаман орынлар, арзымайтуғын нәрсе, парықсыз жер, турған жер, қалеген жер.* Ол көкирегин беккем бүрди де *а я қ а с т ы н д а* динамит жарылғанлай, орнынан ырғып түсип жығылды (С. Айний). Әлле қайдан ушып кеп, Басылды *а я қ*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

астына (Т. Сейтжанов). **Аяқ суўытыў**—*аяққа дем бериў, дем алыў, тынығыў.* ... Егер ара-тура *аяқ суўыта* қойса, шомды астына қойып отырыўға керек, қыйсайып жата қойса жамбасына төсек етип салыўға керек (Абдраймов). **Аяқ ушына қойылыў**—*аяқтың уш бети, аяқ бети.* Егер қыз тәўир болса, бас ушындағы шыра *аяқ ушына* қойылсын, ал жүзи бермен қарап тәўир болмаса шыра өз орынында қалады деген жигит пенен кемпирдиң алдын ала ойласқан сөзи бар еди (Қ. Айымбетов).

АЯҚЛАНЫЎ **Ф. 1.** *Аяғы шығыў, жүриў, аяғы жерге тийиў.* Мойыны *аяқланбаған* баланың мойнындай бураңлап қәдим тиклеп өтер (К. Султанов). **2.** *Тамамланыў, из, кейин, соң, ақыбет,* Митинг *аяқланды,* бир-биреўди қолтықлаўлар, жолдаслық сыйлық кешелер басланды (Қ. Айымбетов). Истиң *аяқланыўы* маған қараңғы (Сафиев). **3.** *Қустың аяқланыўы, аң алыўы, тутыўы.*

АЯҚЛАСПА *ат. Биригип бөлискен гөш, шығарыспақ пенен исленген деңгене.* Атам зорға дегенде көнди, ол *аяқласпа* излеўге кетти (Ә. Шамуратов).

АЯҚЛАЎ **Ф. 1.** *Аяқ пенен, аяғы менен.* Неге сен қалдың деп урған соң мықлап. Қос *аяқлап* шапты және сур ешек (К. Ирманов). **2.** *Тамамлаў, ада етиў, таўысыў.* Старшина сөзин *аяқламады.* Ол отырыспаның изине шекем *аяқлады* (К. Досанов).

АЯҚСЫЗ *кел.* **1.** *Изи жоқ, даўамсыз, әйтеўир, қалай болса солай, питкермей.* Автор да бундай жағдайды *аяқсыз* қалдырмайды (Г. Есемуратов). **2.** *Аяғы жоқ, жүре алмайтуғын, муки, аяғынан айрылған.* Уллы Ўатан урысында неше бир жигитлер қолсыз, *аяқсыз* қалмады дейсиз („Қ ыз. кк". г.)

АЯЛАЎ **Ф.** *Еркелетиў, әлпешлеў, ардақлаў, ҳүрметлеў алақанына салып отырыў. Аялап* өсирген әкесине, ақ сүт берген анасына сәлем, өзинен кишн инисине сәлем, қарындасына сәлем (Ө. Хожаниязов).

АЯМАЎ **Ф. 1.** *Қайғырмаў, мийрими түспеў, рәҳими келиўў, қәдирлемеў.* Ата-анасын *аямаған* қандай ул-о (К. Султанов). Буларды енди *аямаў* керек деген ойға келдим (Ә. Айымбетов). **2.** *Сақланып қалмастан, аянбастан, бары жоғыңды жумсаў, бар күшиңди сарп етиў.* Ислеген *аямай* жанын, Көриў миййет қаҳарманын (Д. Қасымов). ... оның қолға түсирермен деген сөзине ишанған Сайым қолда барын *аямай* төкти (А. Бегимов).

АЯМӘЎИЗ *ат. Қыстағы ең бир суўық бол атуғын 5-6 күн. Аямәўиз* алты күн, алтай қыстан қатты күн („ҚҚ. Х. Н".) Саратанның иши болса да *аямәўизде* зирдек қаққан адамдай қалшылдап отыр (Ө. Хожаниязов).

АЯН *р. Анық, дәлме-дәл, нағыз өзи, бел-белгили, нап-нақ*

Деген менен көкиректиие бир сырлы әндийше сақланып қалғаны екеўине де *аян* болды, сорай алмады (Т. Қайыпбергенов). Айтып бермесең де сен өз аўызыңнан өткен өмириң маған *аян* Арухан (И. Юсупов).

АЯНБАЎ **Ф. 1.** *Хызмет ислеў, бар ықласы менен ислеў, бар күшин жумсаў.* Жаңадан қазылған орайлық канал, Шайырлар *аянбас* болса тилинде (С. Нурымбетов). **2.** *Барын бериў, төгиў, жумсаў.*

АЯНЫЎ **Ф. 1.** *Қызғаныў, сақланыў, өзин сақлаў.* Мен сеннен *аянып* отырғаным жоқ /Ө. Хожаниязов/. Енди ол *аянып* қалыўға тилемеди (Ө. Айжанов). Өзиндей жигитлер шалғайымызға асылса, бәрин келе қылыў ушын *аянбаў* жоқ (Т. Қайыпбергенов). **2.** *Ислемеў, қылмаў.*

АЯНЫШ *ат. Мийрим, рәҳим, жан ашыў, мийрим-шәпәәт.* Оның жүзинен *аяныш па,* мийримлилик пе усы еқеўиниң қайқайсысы да сезилмейтуғын еди (Ө. Айжанов).

АЯНЫШЛЫ *кел. Қайғылы, ҳәсиретли, әжептәўир, ызалы, кекли. Аяныш лы* муң түседи ядына, Еслетесең сол бир қара күнлерди (И. Юсупов). *Аяныш лы - Аяныш лы* — деп қонақлар ренжиген кеўилин билдирди (А. Бекимбетов).

АЯҢЛАЎ **Ф.** *Қыймылдаў, ербеңлеў, илгерилеў, қыбырлаў, қара көрсетиў, жүдә әсте, ақырын жүриў, гибиртиклеў, гидириў.* Аўылдың ортасындағы гүзар жол менен атлар әсте *аяңлап* киятыр (К. Султанов). Мийирхан азғантай *аяңлап* жүрди де артына бир қарап тоқтады, бәлки оған бир нәрсе деўге тилим бармады (Ө. Хожаниязов).

АЯРЛЫҚ *кел. Айтуғын, аяр жери, енди аяғандай.* Болмас ислер енди болды, Қызыл гүлим ерте солды, Зулым хан билгенин қылды, *Аярлық* нем қалды мениң (Бердақ).

АЯСЫ *қ.* **ая.**

АЯТ *ат. Қураннның бир сүўреси, бир бөлеги, бөлекшеси, бөлими.* Қайта-қайта бул пақыр, *Аят* қоймай оқыды („Қырқ қыз").

АЯЎ **Ф. 1.** *Жаны ашыў, қыймаў, рәҳими келиў, рәҳим қылыў, еркелетиў.* **2.** *Қызғаныў, үнемлеў, бийсирап етпеў.*

АЯЎЛЫ *кел. Қәдирли, қымбатлы, баҳалы, ардақлы. Аяўлы* көзге шөп тийер („ҚҚ. Х. Н".).

АЯЎСЫЗ *кел. Керексиз, қәдирсиз, баҳасыз, кереги жоқ, мол, көп.* Үмитсиз ышқы *аяўсыз,* Өртеди оны қул етти (И. Юсупов). Гүлайымдай перийзат, *Аяўсыз* дүнья береди („Қырқ қыз"). Оларды *аяўсыз* езип отырды (З. Насуўуллаева).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ә

Ә I *Қарақалпақ алфавитиниң екинши ҳәрби.*

Ә II *Адамның кеўил күйин, ишки сезимин аңлатады.* Жоқ-ә, олай емес.

ӘБДЕН *р. Дым, жудә, оғада, оғыры, қалыўсыз, қағыз, тап.* *Әбден* шыдамы таўысылған соң, үй ийеси жол болсын соғады (К. Султанов). Беллери *әбден* бүгилип, Басалмайды аяғын (Жийен жыраў). Езген көкнарын сапыйнасынан өткерип, суўын кесеге ағызып, *әбден* сыққытып болғаннан соң кеседеги көкнар суўының бетин үлеп-үлеп жиберип қылқылдатып симирди (К. Ирманов).

ӘБЕС *кел. Ерси, әжептәўир, әбеший, қорқынышлы, уят, қолайсыз, келиспейтуғын.* Билди атасы бул исти,—Қызым олыға не түсти, көрдиң бе жаман *әбести*, Неге гурдың орнынан (Бердақ). Жарлы болсаң жөнге түс деп, Тараў жүргениң *әбес* деп, Бермесеңиз жапакеш деп, Сүрен салған үниң ысық (Мәжит улы).

ӘБЕШИЙ *кел. Әжептәўир, оңатайсыз, қолайсыз, келиссиз.* *Әбеший* болды замана, Басында елдиң думана (Бердақ). — Мынаған қарашы, өзиниң түрине қарағанда жудә ғайа *әбеший* (А. Бегимов).

ӘБЖИЛ *кел. Жағымлы, жаранатуғын, жарарғыш, кеўил тапқыш, жәдигөй, жағымпаз, кишипейил, қайымшыл, мийзамкеш жылмаңлаған.* Әдеп сақлап, *әбжил* болып, жигитлерге кеўил толып, Айырылмасқа аўқам қылып, Кеўил жәмлеп толып келдик (К. Ирманов).

ӘБЖИЛЛИК *ат. Мийзамкешлик, кишипейиллик, жағымпазлық, жәдигөйлик.* Қайып *әбжиллик* пенен мырс етип күлди (Ө. Хожаниязов).

ӘБЗЕЛ *р. Негизи, шыны, дурысы, тийкары, жақсысы, тоқетери, жуўмағы.* *Әбзели* жақсыны жатқа жибермең: усы қызды сен ала қойсаң қалай болады балам (А. Әлийев).

ӘБИГЕР *кел. Жупыны, әптада, көренши, сыртқы көриниси төмен, жарлы, кемтар, тосаң, ҳәлсиз,* Адамлар менен сөйлесиўи де *әбигер* еди (К. Султанов). ◇ **Әбигер болыў**—*жоқшылыққа ушыраў, қорлыққа ушыраў.* Биймезгил келген қонаққа аўқат таппай, үй-иши *әбигер* болды (Н. Бөрекешов).

ӘБИГЕРЛЕНИЎ *ф.* 1. *Қорланыў, әптадаланыў, жоқшылыққа тап болыў.* Үсти-басы малпақ-салпақ болып *әбигерленип* қалыпты (Ш. Сейтов). 2 *Аўыс. Асыл-сасыў, әўере сарсаң болыў, сасқалақлаў.* Патша дийханлардың көпшилигин *әбигерликке*, дийўанашылыққа түсириў ниетинде еди (Қ. Ирманов).

ӘБИЗӘМЗӘМ *қ.* **абызәмзәм.**

ӘБИРЕЙ *ат.* 1. *Атақ, даңқ, жақсы ат, жақсылық, дәреже, дабара.* Оның қорлығы саған да *әбирей* болағоймас (Қ. Аралбаев). 2. *Еледе болса. Әбирей* ақсақал болғаның, Болыс болсаң адам жереп! („ҚҚ. х. и".).

ӘГЕРКИ *қ.* **егер де.**

ӘДАЛАТ *ат. Теңлик, бостанлық, еркинлик, жақсылық.* Күнлер жүзли бағ-деўлеттиң, қарағаның бизлер көрдик, Еркинликтиң, *әдалаттың* дарығанын бизлер көрдик (Мәжит улы).

ӘДАЛАТСЫЗ *кел. Теңликсиз, еріксиз, еркинен айрылған.* — Әй балам, бул *әдалатсыз* заман көзиниң бары-жоғына қарамайды (К. Айымбетов).

ӘДАЎАТ *кел. Жаман, пасырат, пассық.* Ақылы болса сөз мәнисин аңлайды, Жаман адам *әдаўат* сөз тыңлайды (Өтеш).

ӘДЕБИЙ *кел. Көркем, көркем әдебиятқа тийисли.* Қарақалпақ халқының арасына кеңнен таралған усындай *әдебий* мийраслардың бири „Мәспатша" дәстаны (А. Каримов).

ӘДЕБИЯТ *ат.* 1. *Улыўма жазба шығармалардың жыйнағы, илимий, сиясий китаплар, мийнетлер, журналлар ҳәм т. б.* 2. *Проза ямаса поэзия түриндеги көркем шығармалар.*

ӘДЕБИЯТШЫ *ат. Әдебият хызметкери, журналист, публицист, әдебият пенен шуғылланыўшы.*

ӘДЕМИ *кел. Сулыў, шырайлы, жақсы, көркем, пәкизе, сымбатлы.* Нар қамыслы Тахтакөпир, Мәдели, Салланысқан еки бойы *әдеми* (К. Султанов).

ӘДЕП I *ат. Тәртип, ийбе, кишипейиллик, уят, иззет.* Қулқы *әдеп* оның мысалын айтсам, Қулқы әдетлери пери яңлыды („Қ. Х. Қ."). ◇ **Әдеп-икрамлы сөз**—*әдепли, сыпайы, ийбели, ҳүрметли, нәсият сөзлер.* Оның ҳәр бир айтқан *әдеп-икрамлы сөзи* менен мени қызықтырар еди (Ж. Аймурзаев).

ӘДЕП II *р. Деслеп, әўелде.* *Әдеп* ойла, кейин исле („ҚҚ. Х. Н".). *Әдеби* ойын болса да, кейин ала шын болар. Бул ақылды үйрегкен, Қатын саған ким болар? (Бердақ). ◇ **Әдептен-ақ**—*бурыннан ақ, дәслептен-ақ, озал бастан ақ, әзел бастан-ақ.* Озал бастан ақ оқып билим алыўды мен *әдептен-ақ* нан, ҳаўа адамға қандай керекли болса, оны да сондай керекли деп билдим (А. Бекимбетов).

ӘДЕП-ИКРАМ *ат. Тәртип, ийбе, көргенлилик, уят, иззет.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Кеўлим толды адамгершилик исице, *Әдеп-икрам* менен бергенде селәм (С. Нурымбетов).

ӘДЕП-ИКРАМСЫЗ *қ* әдепсиз.

ӘДЕПКИ *кел-* *Дәслепки, бурынғы, баяғы, биринши. Әдепки* жыллары Төрткүлде қыз рольлерин жигитлер ойнайтуғын еди (Т. Қайыпбергенов).

ӘДЕПЛИ *кел.* *Тәртипли, әдеп-икрамлы, ийбели, көргенли, уяты бар.* Мереке тойлары сондай *әдеплй*, Пашшайы көйлеги тилла сәдепли („ҚҚ. Х. К“.).

ӘДЕПЛИЛИК *ат.* *Тәртиплилик, үлгилилик, өрнеклилик, киши пейиллик. Әдеплилигине* ырза болған Раўшан менен қайта-қайта қарап қойды /Ж. Аймурзаев/.

ӘДЕПСИЗ *кел.* *Тәртипсиз, уятсыз, ийбесыз, көргенсиз, тәрбиясыз, жөнсиз, биятәреп, бийәдеп, пәмсиз. Әдепсиз* икрамсыз бийпәм қыздан, Хош ҳүрей болмақ билан жанан болурми (Әжинияз).

ӘДЕПСИЗЛИК *ат.* *Тәртипсизлик, көргенсизлик, пәмсизлик, уятсызлық.* Оқыған ўақытта ойнаған жүдә *әдепсизлик, уятсызлық.* Оқыған ўақытта ойнаған жүдә *әдепсизлик*, „бул әдетинди қоймасаң кәлщеге айтамыз,“—деди Тилеген (Мәжит улы). Сөзиңди жақсы тыңлайды, *әдепсизлик* қылмайды („Ер Зийўар“).

ӘДЕТ *ат.* *Манез-қулық, пейил, үйренщикли ис.* Үйренген *әдет* қалама, көтеребер мушыцды („ҚҚ. Х. Н“.).

ӘДЕТИНШЕ *р.* *Әдети бойынша, үйренгени бойынша, қәдимги қылығы бойынша.* Түс ўақты болды, күндеги *әдетинше* молла балаларға:—барың жуўап, деди (Э. Шамуратов). Күндеги *әдетинше* чай-пайын ишип болғаннан кейин бир басып дуўтар шертпесе, Аскардың кеўли кеншимейди (Ө. Хожаниязов).

ӘДЕТЛЕНДИРИЎ *Ф.* *Үйретиў, шыныктырыў, мойынсындырыў, бойсындырыў, көнликтириў.* Балаларды қәнигеликти үйренийўге *әдетлендириў* (Г. Есемуратов).

ӘДЕТЛЕНИЎ *Ф.* *Үйрениў, мойынсыныў, шынығыў*, Енди ерте кетип кеш қайтыўға *әдетленди* (Р. Дүйсемуратова).

ӘДЕТТЕ *р.* *Үйренщикли әдет бойынша, үйренискен тәртипке сәйкес. Әдетте* алды менен чай ишиў дәстүр. Бирақ мен чайға қумар емеспен, ал Мийирханға қуштарман (Ө. Хожаниязов).

ӘДЕТТЕГИ *р.* *Үйренщикли иси бойынша, күнделикли, қәдимги, белгили, бурынғы.* Жетим хожайынның *әдеттегиге* қарағанда ерте келиўине қарап, бир пуллы қашқынды таптыма екен,—деп ойлады (С. Айний).

ӘДЕТТЕГИДЕЙ *кел.* *Қедимгидей, бурынғыдай, бурынғыша, күндегидей. Әдеттегидей* ол қайыққа жигирма адам жумсаўы керек болды,... (А. Бегимов).

ӘДЕТТЕГИШЕ *р.* *Қәдимгише, күндегише, бурынғыша.* Биринши мәселе *әдеттегише* комсомолға жаңа ағза қабыл етиў екен (Т. Қайыпбергенов).

ӘДЕТ-ҮРП *ат.* *Дәстүр, үйренщикли ис, жол-жоба, салтсана.* Мәканымыз, тиришилигимиз өзгеше, соған сәйкес *әдет-үрпимизде* өзгеше (Н. Бөрекешов).

ӘДЕЎИР *р.* *Бираз, бир қанша, бир неше. бир талай, тәўирақ, айта қалғандай.* Саўашқа баратырған жаўынгерлерди ол *әдеўир* жерге шекем шығарып салды (К. Досанов). Бул мениң жабыққан кеўлимди *әдеўир* көтерип таслады (Ө. Хожаниязов).

ӘДИЛ *кел.* *Ҳадал, ҳәммеге бирдей, дурыслы, шынлық, истик ҳағын айтатуғын, турақлы.* Халыққа *әдил* болмаса, жылағанды жубатпаса, Халық татқанды татпаса, Тахт ийеси неге керек /Күнхожа/. Бул шүнья дүнья болғалы, Патша *әдил* болған емәс, Шайырлар қәлем алғалы, Хатқа туўры салған емес (Бердақ).

ӘДИЛЛИК *ат.* *Теңлик, дурыслық, шынлық, ҳақыйқатлық, ҳадаллық, ҳақлық.* Өтти дөҳмет үстем болған заманлар, Ҳәзир халық жаратқан *әдиллик* заң бар (И. Юсупов). Еки жақты тең көрмесе, туўры *әдиллик* бермесе, Халық менен ойнап күлмесе, Кәтқудалар неге керек (Күнхожа).

ӘДИЛСИЗ *кел.* *Әдил емес, дурыслы емес. турақсыз, ҳарамы, ғәррем, жаўыз, жермен.* Бузық болды ийшаны. *Әдилсиз* болды қазысы, Гүнасыздан биразды, Гүналы деп қыйнады (Жийен жыраў).

ӘДИЛСИЗЛИК *ат.* *Теңсизлик, зорлық-зомбылық, зулымлық, залымлық, инсапсызлық. Әдилсизликке,* инсапсызлыққа, зорлыққа нәлет айтып жазған шайырдың муңлы қосықларын ыңылдап оқып отыр (К. Султанов).

ӘДИП *ат.* *Астар, кийимниң етегине, жағасының қыр дөгерегине ишки бетине қойылатуғын материал.*

ӘДИПЛЕЎ *ф.* *Астарлаў, жийеклеў,* Жаға, жеңлери ушыға менен *әдипленген* (К. Султанов).

ӘДИРА: әдира қалғыр *р.* *Жарымайтуғын, жарамас, жартыўсыз, қарық емес, жарамсыз, турарлық емес зат, нәрсе.* Бул да болса *әдира қалғыр*, Ызғар жерге шыққан соң, қатып қалған тас болып, Алыпбайды жуўықта (Жийен жыраў). *Әдира қалғыр* туўған жер, Болмаған соң абадан (Жийен жыраў).

ӘДИРАСПАН *ат.* *Шөптиң түри, буны көбинесе ем ушын пайдаланылады.* Бозлық, қумлық жерлерде өсетуғын *әдираспанлар* түйнек салып, сары моншақлар дизген (Ө. Хожаниязов).

ӘДИС *ат.* *Усыл, тәсил, әмел, ҳийле.* Бул *әдис* пенен тағыда бир-еки дем алды (А. Бегимов).

ӘДИЎЛЕЎ *ф.* *Сыйлаў, ҳүрметлеў, әлпешлеў, еркелетиў. Әдиўлеп*, сыйлап, ҳәммесин ақ отаўға киргизди („Қырқ қыз“).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ӘДИЎЛИ *кел. Хүрметли, сыйлы, қымбатлы, қәдирли, керекли, әҳмийетли.* Көтерилди ғалаба халық. Ўатан қорғаў *әдиўли* даңқ (Э. Шамуратов). О, *әдиўли* муғаллим устазым, Балалық өмиримниң болдың бағманы (И. Юсупов). Мийнеткеш халықлардың даңқлы көсеми, Устазы, атасы *әдиўли* Ленин (С. Нурымбетов).

ӘЖАҒА *ат. Аға, жигит ағасы, өзинен үлкен ағасы, әкесиниң инниси.* Ол апасының алдынан ушып турып, *әжағасының* жанына келди (А. Бекимбетов). Ондай болса бизиң *әжағам*, сеған сөз салмақшы-қусайды (К. Аралбаев).

ӘЖАЙЫП *кел. Қызық, көркем, таң қаларлық, жақсы, жүдә жақсы, дым жақсы, оғада қызық.* Арадан он бес күн өткенде Айпарша жатып бир *әжайып* түс көрди („Мәспатша"). Алдымда кең көше жатыр, *Әжайып* амфитеатр (И. Юсупов).

ӘЖАПА *ат. Өзинен үлкен қыз туўысқан, шеше ямаса ене тәрепинен үлкенирек қыз туўысқанлары, қыз апа.*

ӘЖДАД *ат. Туқым-теберик, урпақ, ҳаслы-заты, ататек, ата-баба.* Үйленсең үйленгил сорап ҳәм затын, Исмин, нәелин жети пушты, *әждадын* (Әжинияз).

ӘЖДАР *ат. Бәдайбат мақлуқ, жыртқыш ҳәм қәўипли ҳайўан.* Женишкенде бөлҳасыл *әждардың* басын. Тепкиден қырылған гейбиреўлери. Шөптиң арасынан жылжыды бери (И. Юсупов).

ӘЖДАРҲА к. айдарҳа.

ӘЖЕ *ат. Апа, қыз апа, кемпир апа.* Гүнниң тилин *әжеси* биледи („ҚҚ. Х. Н".).

ӘЖЕЛ *ат. Өлим, мугаллақ, өлетуғын ўақты, деми тауысылған күн, қазасы жеткен ўақыт.* Бийпараның өмири узақ болмады, *Әжел* әждарҳасы жутты жалмады (Л. Дабылов).

ӘЖЕП I *м. с. Аўа, болады, мейли, мақул, жақсы, Әжеп* болар балам деп, кемпир казанды асты („Алпамыс").

ӘЖЕП II *кел. Жақсы, көрнекли.* Бозатаў дегенин *әжеп* жай екен, Қамыслары ат отыға сай екен, Қызлары салланған ели бай екен. Хош аман бол бизден қалдың Бозатаў (Әжинияз).

ӘЖЕПЛЕНИЎ *ф. Урейлениў, ҳайран қалыў, ҳайран болыў, бир турли болыў.*

ӘЖЕПТӘЎИР *кел. Бир турли, өресги, ерси, қәдимгише емес, тынышсыз.* Мени бир минут көрмесе кеўли *әжептәўир* болып туратуғын қусайды (Ж. Аймурзаев). Жекке жарым гүдилер узактан үймелесип турған нөкердей *әжептәўир* (К. Султанов).

ӘЖЖЕ *ат. Ақ, ҳәк, пор, аппақ. Әжже* менен ақланды, айна есиклер қойылды (Ж. Аймурзаев).

ӘЖИЗ *қ. әззи.*

ӘЖИЙНЕ *ат. ескише. Жин, шайтан, әжептәўир сықыл, жаман, бәле, көринис. Әжийне* дегенди көзим менен көрген емеспен (Р. Атаев).

ӘЖИК-ГҮЖИК *кел. Татыўшылық, мәмлешилик, балық суўға киргендей уйпаласыў.* Екеўимиз бурынғыдан да бетер *әжик-гүжик* сәйлесе басладық (Г. Изимбетов).

ӘЖИМ *ат. Адамның маңлайына, бетине түсетуғын (терисиндеги) сызықлар, жыйрықлар.* Узын бойлы толықтан келген жаңағы ҳаялдың бийдай иреңи қара торыша кейип берген жүзине *әжим* ене баслапты (Қ. Әбдиреймов).

ӘЖИЎА *ат. Ермек, дәлкек, ойын-күлки.* Шыдадым өлгенше мен *әжиўалар* турсада алда (Әжинияз).

ӘЖИЎАЛАЎ *ф. Ермеклеў, күлки етиў, ойнаў, мәскаралаў, сықақлаў.* Бизлерди Сарыгүл *әжиўалап* бир басып күлисип алды (К. Султанов).

ӘЗАЗИЛ *ат. Душпан, шайтан, жуўҳа, алдаўшы, адамларға тек душпанлықтан басқа иси жоқ, ҳийлекерлик пенен шуғылланыўшы адам.* Мен айтпақшы емеспен *әзазилдиң* әдисин (И. Қурбанбаев).

ӘЗЕЛГИ *р. Бурынғы, баяғы, қәдимги, ертедеги, бурыннан киятырған, әўелги, әўел бастағы, бурыннанғы. Әзелги* душпан ел болмас, Етекти кесип жең болмас („ҚҚ. Х. Н".).

ӘЗЕЛДЕ *р. Бурын, дәслеп, әўел, ерте, бириниш, баста.* Келиптур мынаў сүйгениң, *Әзелде* кеўил бергениң, Көз ашып ҳәм де көргениң, Соның ушын ҳеш ойланба (Бердақ).

ӘЗЕЛДЕН *р. Бурыннан, әўел бастан, баяғыдан.* Жоқ жерлерден жармасып, Ҳәр бәле табылар, *Әзелден* бахты қараға (Бердақ).

ӘЗЗИ *кел.* 1. *Әжиз, әлжуўаз, ҳәлсиз, күшсиз.* Омардың усы *әззи* жеринен Айтбай өзиниң мақсетлери ушын пайдаланады (Г. Есемуратов). 2. *Аўыс. Жуқа, нәзик.*

ӘЗЗИЛЕЎ *кел. Ҳәлсизлеў, жуқалаў, нәзиклеў, әлжуўазлаў.* Оның жалынышлы даўысына *әззилеў* жүрек еригендей де еди (Т. Қайыпбергенов).

ӘЗЗИЛИК *ат.* 1. *Әзизлик, күшсизлик, ҳәлсизлик, ебин таппаў, төзимсизлик. Әззилик* етип торы тай, Жары жолда болдырды, Қоблан ҳаққа жылады, Таўдан төмен түскенде, Аттан Қоблан қулады („Қоблан"). 2. *Ебин таппаўшылық, жуқалық.* Бирақ жас болғанлықтан бул мақсетин әмелге асырыўдың жолын табыўға *әззилик* ететуғын еди (С. Айний). 3. *Шыдамсызлық, төзимсизлик.*

ӘЗИЗ *кел.* 1. *Хүрметли, қәдирли, әдиўли. Әзиз* Украйина топырағында, Ўатан ушын өлген батыр ағалар (И. Юсупов). 2. *Нәренжан, әззи, әжиз.* Усы атаўды тәбият *әзиз* шанарақларға сыйға берип кеткендей (К. Султанов). 3. *Шыдамсыз, төзимсиз.*

ӘЗИЗЛИК *ат. Хүрметлилик, қәдирлилик, әдиўлилик.*

ӘЗИЛ *қ. ҳәзил.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ӘЗИЛ-ДӘЛКЕК *қ.* **ҳәзил-дәлкек.**

ӘЗИЛКЕШ *қ.* **ҳәзилкеш.**

ӘЗИЛЛЕСИЎ *қ.* **ҳәзиллесиў.**

ӘЗИЛЛЕЎ *қ.* **ҳәзиллеў.**

ӘЗИР *қ.* **таяр.**

ӘЗИРЕЙИЛ *қ.* **әзирейли.**

ӘЗИРЕЙЛИ *ат. Ескише, диний түсиник бойынша жан алыўшы, жан алғыш. Әзирейли* жанынды алар, Алқымыңды кеспей кояр (Күнхожа). Ишинен *әзирейлини* көргендей болса да сыр бермеўге тырысты (Ш. Сейтов).

ӘЗИРЛЕЎ *қ.* **таярлаў.**

ӘЗИРШЕ *қ.* **ҳәзирше.**

ӘЙ *қ. с. Адамның ишки дүньясын, кеўил күйин билдиреди. Әй*, жигитлер-жигитлер, Заманымыз тар екен (Жийен жыраў).

ӘЙДАРҲА *қ.* **айдарҳа.**

ӘЙЖАЙ *қ.* **айжай.**

ӘЙЙЕМ *р. Қашшан, илгери ўақларда, бурынлары, өткен ўақларда.* Олар Индияның *әййем* заманнан берли отырықшы халқы (М. Сейтниязов).

ӘЙЙЕМГИ *кел. Ең бурынғы, ең ески.* Ең *әййемги* заман тарийхының очерки.., (Қ. Айымбетов).

ӘЙЛЕ *ф. Жарылқа, мийриң түссин, солай ет, болдыр, жарат, тилегимди бер.* Мен де болдым бир дийдарға шын ашық, Мурадымды ҳасыл *әйле*, дилбарым (Бердақ). ◇Халық әйлеў—*халықтың жәрдемлесиўи, жарылқаўы, мийримли түсиўи, жақсылық етиўи. Халық әйлеген* берийинде жоқ мининг, Алдымда ағам жоқ, кейнимде иним („Мәспатша"). **Зинданға әйлеў**—*гуналаў, жазалаў,* Шеттен келген душпанға бас қостың деп, Тайшы патша бизди *зинданға әйледи* („Алпамыс"). **Рәҳим әйлеў**—*жарылқаў, жақсылық етиў. Рәҳим әйлейгөр* жаббар, Дилдара көзим түсти, Ашықлық гейи менен, Бир яра көзим түшти („ҚҚ. Х. Қ."). **Баян әйлеў**—*түсиндириў, айтып бериў, баян етиў.* Сулыўлығын сизге *баян әйлейин*. Көзиң түссе ҳәр бир жериң мой берер („Алпамыс"). **Жанын қурбан әйлеў**—*өмирин бағышлаў, басын тигиў.* Биз Ўатанға патриотпыз, *Жанын қурбан әйлеген* (Ә. Шамуратов).

ӘЙЛЕ-ПӘЙЛЕ *р. Алай-булай, олай-пулай, анаў-мынаў, дәрриў, демде, бир майданда, ҳәп замат.* Атқа қамшы басады, *Әйле-пәйле* дегенше, Мәртлердиң минген атлары, Нешше таўдан асады („Ер Зийўар").

ӘЙНЕ *р. Тап усы ўақта, нағыз, ҳақыйқат, тап сол мезгилде, сол замантта,* Шунки ярым жеткен екен, *Әйне* он төрт яшына (Әжинияз).

ӘЙНЕК *ат.* 1. *Терезе, айна.* Қыс өзинен қалдырмақшы болып естелик, *Әйнеклерге* кесте сала баслады (Ш. Мәмбетмуратов). 2. *Көз илдирик, айна.* ...директор көз *әйнегин* көтерип киреп қойып, енди мектебимиздиң бүгинги вўҳалына келейик деди (Т. Қайыпбергенов).

ӘЙТЕЎИР *р. Қалай болса солай, соның ушын да, соннықтан, соннықтан да, қалай болса да, ешейин зат, болар-болмас.* Аўыр дәрт жүрегин кернеп, өкпесин исирдиме, *әйтеўир* тынысы тартылғандай сийрек ҳәм терең демин алады (К. Султанов). *Әйтеўир* жети күн дегенде казалы жаққа шығыпты (К. Султанов).

ӘЙЎАН *қ.* **айўан.**

ӘЙЎАН-ЖАЙЎАН *қ.* **айўан-жайўан.**

ӘЙЯМ *ат. Ўақыт, мезгил, мәўсим.* Қанатында келер бәҳәр *әййамы*, Бәҳәрде бас косса қуслардың жәми (И. Юсупов).

ӘКЕ *ат. Ата, ата.* Сәўленің *әкеси* Өтеш усы колхоз қурылғалы ислеп киятыр (С. Хожаниязов). Өз *әкемниң* есиги жупар есик ҳәўжар, Кирсем шықсам шашымды сыйпар есик ҳәўжар („ҚҚ. Х. С. Ж".).

ӘКЕЛ *қ.* **әкелиў.**

ӘКЕЛДИРИЎ әкелиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ӘКЕЛИНИЎ әкелиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ӘКЕЛИЎ *ф. Алып келиў, жеткизиў.* Суў *әкелиў* ушын бос шелеклерди қолына алды (Т. Нәжимов). *Әкелди* алдыма түйе, Жағылды бетиме күйе. Өлимтикке болдым ийе, Буны ҳеш бир умытпаспан (Күнхожа). Хақ да болсаң келсапты *әкел* („ҚҚ. Х. Ә".).

ӘКЕСИЗ *кел. Атасыз, жетим, атасы жоқ, әкеси өлип қалған.* Бираздарды тири жетим қалдырып, бираздың *әкесиз* дүньяға келиўин бина еткен сен урыс. Пәлетий саған нәлет!... (Ө. Хожаниязов).

ӘКЕТ *қ.* **әкетиў.**

ӘКЕТИЎ *ф. Алып кетиў, бир нәрсени екинши бир жерге өзи менен бирге апарыў.* Ол меки *әкетиўге* тийисли еди, алдап кетти (Ө. Айжанов). ...тоқта мени де қосып *әкет* (А. Бекимбетов).

ӘКЕ-ШЕШЕ *ат. Ата-ана.* Оның *әке-шешеси* барма?—Жоқ жалғыз басы турады (А. Бекимбетов).

ӘЛАСПАН *ат. Бийик, жүдә бийик, әл ҳаўа, кеўил көтериңки.* Аяғандай болып пошша шырлайды, Қанат қағып *әласпанда* пырлайды („ҚҚ. поэз. ант".). Өзим пасманда болсамда, кеўлим *әласпанда* (А. Бегимов).

ӘЛБЕТТЕ *м. с. Сөзсиз, сөз жоқ, қайнақай, даў жоқ.*—*Әлбетте*, бирақ кешкурын, шайырлар жыйналғансоң тыңлаймыз (Л. Бать).

ӘЛЕЙ *кел. Оң, жайлы. жақсы, дурыс. Әлей* болсын,—

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

деп анық жуўап қайтарды тикке турған Турдыгул (Ж. Аймурзаев).

ӘЛЕМ *ат.* 1. *Дүнья жүзи, жер жүзи, жаҳан.* Бул минәрдан нәзер салсаң *әмелге,* Қәўипсиз сезерсең өзиңди (И. Юсупов). 2. *Ел, халық, журт.* Бир парша пәтир *әлемге* татыр („ҚҚ. Х. С. Ж".).

ӘЛЕМЖИЎА *кел. Әйтеўир, жаман, күлкили, әжептәўир, бир түрли, қулласы.* Ырыскул бийдиң кеўли *елемәжиўа* болып қалды (Т. Қайыпбергенов).

ӘЛЕП-ЖӘЛЕП *кел. Бир түрли, әжептәўир, әдеттегише емес, жаман. Әлеп-жәлеп* болып кеўлим хабарды (Күнхожа).

ӘЛЕЎМЕТ *ат. Барлық халық, журтшылық, ел, елат, халайық, ел-журт.* Йупқа додақ, балам қабақ, *Әлеўметлер* салыў қулақ (Өтеш ҳәм Омар). *Әлеўмет* бул сөздиң паркын анласаң, Хәдийсе, мағана бардур тынласаң (Омар шайыр).

ӘЛЖИЎАЗ *кел. Әжиз, пәреңи, илаҳәзик, ҳәлсиз, күшқуўатсыз.* Оның ийни онша кең емес, жүдә *әлжиўаз,* билеклери жиңишке, бармақлары ишектей сылынып қалған биреў (Т. Қайыпбергенов).

ӘЛИ-ӘЎЛАД *ат. Барлық туқым-теберик.* ...атайы бабасы киятырған бай, *Әли-әўлады* патша болған (Қ. Айымбетов).

ӘЛИК *р. Куп, қабыл.* Ассалаўма әлейкум деп, ҳақ сәлемин береди, Сары хожа Кәмбил пир, Сәлемин *әлик* алады („Қоблан").

ӘЛИМСАҚ *р. Бурын, ерте заман, әййем, дүнья пайда болғалы.* Арбаныз болса *әлимсақтан* қалған,... (Айбек).

ӘЛИП *ат.* 1. *Араб алфавитиниң биринши ҳәриби.* Мен өзим бардым сал болып, Сал емес уллы хал болып, *Әлип,* мийим, ре, дал болып, Теңиз ҳәм балық бермеди (Бердақ). 2. *Дүзиў, тик, минсиз, сыйдам, узын бойлы.*

ӘЛИПБЕ *ат. Хат-саўат таныў ушын арналған биринши китап.* Тилеген Тахтайдың *әлипбесин* шығаман дегенше еки жыл өтти (Қ. Айымбетов).

ӘЛИПТЕЙ *кел. Дүзиў, қәдди, тик, минсиз, сыйдам, узын бойлы. Әлиптек* қәддини ай киби бүкип, Бойының бурып Хүрзадажан ғам ийеме (Әжинияз). ◇ **Ай әлип**—*ай менен әлип (арабша жазыўдың, алфавиттиң биринши ҳәриби)*—*яғный бойы, келбети әлиптей дүзиў, айдай сулыў, формалы, минсиз деген мәнисинде. Ай әлиптей* назлы дилбар, Қасыны қаққан бери кел (Әжинияз).

ӘЛЛЕ *ал. Қандай да бир нәрсе. Әлле* неден сәтем алып қояды (К. Султанов).

ӘЛЛЕБИР *ал. Қандай да, қандай да бир, әжептәўир.* Бир

ўақытта *әллебир* күшли қоллар мойнынан қатты қысып услап Жалғастың үстинен жылып алды (К. Смағутов).

ӘЛЛЕ БИРЕЎ *ал. Қандай да биреў, кимде болса.* Көпшиликтиң арасынан *әлле биреўдиң* даўысы айрықша шықты (Ө. Айжанов).

ӘЛПАЙЫМ *кел. Кишипейил, биймәлел, жақсы, әдепли, ийбели, мийзамкеш, тәртипли, уятлы, көргенли.* Жетим көрсең қолынды бер. Аға болса кейнине ер, Өзиң бултыйып болма шер, *Әлпайым* болғыл балам (Бердақ). Барыңды жоқ деп жасырма, Қуўлықты қәлеп асырма, *Әлпайым* болғыл балам (Бердақ). Көзи түскен көркине бенде болғандай, *Әлпайым* келген минези қандай (И. Юсупов).

ӘЛПЕШЛЕЎ *ф. Ҳүрметлеў, жақсы көриў, кеўлин бағыў.* Баланы әдеўир жасына шекем *әлпешлеп,* еки бирдей ата-ана маңлайынан сыйпап өсирди (Хожаниязов).

ӘЛПИ: **әлпи алысыў** *ф. Уйпаласыў, келисиў.* Қонақлар жүдә кеўилли, бири менен бириниң *әлпи алысып* сөйлесип отыр (Т. Нәжимов).

ӘЛТЕК-ТӘЛТЕК *р. Қалай болса солай, әйтеўир, апыр-тапыр, бас сала, әйле-пәйлесине қарамай, ойланбастан, ерикли-ериксиз.* Аяғын *әлтек-тәлтек* басып, бағды серлесе, жүзимниң белгилеп қойған орнынан басқа жеринен тағыда омсырайтып жеп кеткенин көреди („ҚҚ. Х. Е.").

ӘЛЎАН *кел. Неше, бираз, биналай, бир қанша, ҳәр түрли, ҳәр қыйлы.* Тил жетпес айтыўға бәрин, *Әлўан* байлық жыр қыларым (И. Юсупов).

ӘЛЎАН-ӘЛЎАН *кел. Түрли-түрли, тараў-тараў, неше түрли, ҳәр қыйлы.* Қыз жигитке ойын керек саз керек. Арыўларға *әлўан-әлўан* наз керек („ҚҚ. Х. Қ.").

ӘЛҲАСЫЛ *кел. Жақсы, ҳасыл, неше түрли ҳасыл.* Ҳәр тутылған наўқан *әлҳасыл* шайы, Хәр туўылған хамар-өмир шырайы (И. Юсупов).

ӘЛҲАЎА *кел. Бийик, жүдә бийик, диң аспан, жоқары, аспанға тийген. Әлҳаўада* дәрежениз, Тал жипектей режеңиз, Қырқ сегиз қабат өжиреңиз, Бул не деген Күлен болыс (Бердақ).

ӘЛҲӘББИЗ *т. с. Сәддақ, астапырылла, япырмай.* Бәрекелла буның табыўына, *әлҳәббиз* буның ойына, ақылына койдық сөзди,... (Қ. Айымбетов).

ӘЛҲӘМ *ат. Куран сүрелериниң бири.* Қәбириниң басында, *Әлҳәм* оқып үстине, Бир қысым топырақ саллым (Бердақ).

ӘМЕКИ *ат. Урыўлас, ағайын.*—Жақсы бундай нәрселерге түсинетуғын мениң бир *әмеки* ағам бар (А. Бекимбетов).

ӘМЕЛ *ат.* 1. *Илаж, ҳийле, шара, еп, исла, усыл.*—Мен буның *әмелин* таптым (А. Бекимбетов). Бул хожаға жоқдур *әмел* (Бердақ). 2. *Күш, қудирет, қуўат, дәрман, ҳал.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Әмелге арқа сүйеп жарапып, Бес-алты күн күлгенше қуўанба (Т. Идаев).

ӘМЕЛДАР *қ.* **ҳәмелдар.**

ӘМЕЛЛЕЎ *ф. Илажлаў, илажын табыў, еплеў, есабын табыў.* ...түсип қалмасын, *әмеллеп* жегип турайын деп қамысты женшин шийратып тоғынды ораған еди (Мәжитов).

ӘМЕНГЕР *ат. Баспана, қәўендер, туўған-туўысқан, қорғаныш, арқа сүйер,— Әменгерлерине* хабар жиберилди ме?—деп сорады Жийемурат (Т. Қайыпбергенов).

ӘМИЙИН *қ.* **әўмийин.**

ӘМИР *ат. Буйрық, ҳүким, приказ.* Қыз бийшара турды жатты. Намазшам болды таң атты, Сандықты дәрьяға атты. Патша *әмир* еткен екен (Бердақ).

ӘМИРҚАНЫ *қ.* **амирқаны.**

ӘММЕ *ат. Әкеси менен туўысқан қызлар.* Кимсәниң анасы кимниң *әммеси*, Кимсәниң ағасы кимниң иниси, Кимсәниң қыз-уғлы кимниң синлиси, Әтирек, Гүргин, Хажар асты Бозатаў (Әжинияз).

ӘН *ат. Саз, кама, қосық.* Намакештиң салған *әни*, Усылардан шығар мәни. Бийик таўдың сендуў сәни. Қабағын үйген қаратас (Күнхожа).

ӘНАР *қ.* **анар.**

ӘНДАМЛЫ *кел. Пәкизе, көўилдегидей, жақсы, қанаатланарлық.* Мен сиз келгенше жайда *әндамлы* болып отырман дейди елтиси („ҚҚ. Х. Е.“).

ӘНДИЙШЕ *ат. Мәни, мазмун, ой, ойлар, қыял, сыр, лайкин.* Деген менен көкирегине бир сырлы *әндийше* сақланып қалғаны екеўине де аян болды, сорай алмады (Т. Қайыпбергенов).

ӘНЕ *ал. Анаў, мине, мынадай, әнекей.* Колхозым *әне* тур гүлдиң ишинде, Дизбеклесип ақ алтыны өсиўде (Ә. Шамуратов). Жақсы ният етип отыр санамыз, *Әне* клуб, *әне*, китапханамыз (И. Юсупов). Қызық турмыс, жаңа қоныс, *әне* жай. Қатар дүзеп бағлар еккен сайма-сай (С. Нурымбетов). ◇ **Әне-мине дегенше**—*демде, бир майданша. Әне-мине дегенше*, неше қырлардан асады („Мәспатша“).

ӘНЕЙДЕЙ *кел. Жақсы, пәкизе, пән-пәкизе.*

ӘНЕКЕЙ *ал. Әне, анаў, көрсетиў, қаратыў, силтеў, мине көрдиңбе. Әнекей*, түби қушақ жеткисиз нәҳән сыў қабақты аркалаған Бийби киятыр (Т. Қайыпбергенов). Әне, *Әнекей*, Арыўхан түсти арбадан, Балалар шуўласып жуўырды оған (И. Юсупов).

ӘНЕҚАЛАС *м. с. Болғаны, ис тамам, болған жери, тоқетери.. Әнеқалас*, тап ханның елтисине жаңа усады (Қ. Аралбаев).

ӘНЕНДЕЙ *кел. Жап-жақсы, пәкизе, дурыслы, дым жақсы, көўилдегидей.* Көшедеги бир саллақының шалғайына жабысып, гүлдей баласы менен *әнендай* зайыбынан безген еркектиң енсеси үзилер, ол онбас (К. Смамутов).

ӘНЖАМ *р. Түўел, пүтин, тайын, басы аяғы жәм, таярлық.* Қыстың *әнжамын* ерте көрмесек малды қырып аламыз (К. Султанов). Кеўлин *әнжамлаған* Гүлим төсеклерин қағып силкип жая баслады (Т. Қайыпбергенов). Байлық десе дүньяхорда жан барма, *Әнжам* етти ҳасыл жүнди бояўды (И. Юсупов).

ӘНЖИР *ат. Мийўениң бир түри, иши майда дәнли, дөңгелек, жумалақ.* Көргенинде мийрин қанар, Писте, алма. *әнжир* анар, Үш жүз шийе, бес жүз шынар, Бағында бар Күлен болыс (Бердақ).

ӘНИЙЕР-МИНИЙЕР *р. Ҳәр жер, өйер-бүйер, қуўыс-қолтық.* Адамлар *әнийер-минийерлерди* көрип тур (Т. Қайыпбергенов).

ӘНТЕК *р. Қолайсыз, болмаған, ерси, жарамас, уят, келиспейтуғын.* Қайта балан аман келген ўақта қуўаныўдың орнына, оны сары уўайымға салыўын, бул жарамас *әнтек ис* (Ө. Хожаниязов). ◇ **Әнтек-тәнтегин шығарыў**—*қалай болса солай, ерикси, ықтыярсыз түрде жулқылаў, түйгишлеў, албыратыў.* ...қызды *әнтек-тәнтегин шығарып* сүйреди („Сәлем Октябрь“ т.).

ӘНТЕКЛИК *ат. Колайсызлық, орынсызлық, әдепсизлик, ерси, келиспейтуғын.* Мабыр тақаты, ныдамы таўсылып, енди турыўды *әнтеклик* көрген жигит илажсыз атқа минди (К. Султанов).

ӘНШИ *қ.* **қосықшы.**

ӘҢГИМЕ *ат. Гүррең, белгили бир ўақыя туўралы сөз.* Узын жол усындай *әңгимелер* менен қысқартылды (Ө. Айжанов).

ӘҢГИМЕЛЕСИЎ *ф. Сөйлесиў, гүрреңлесиў, пикир алысыў.* Ал шынында ол муҳаббат туўралы *әңгимелесиўди* жақсы көрстуғын еди (Ө. Хожаниязов).

ӘП-ӘНЕЙДЕЙ *кел. Жап-жақсы, дым жақсы, пәкизе, ойдағыдай, ойлаған.* ... намаз оқыймыз деп *әп-әнейдей* мүлкимен жуда болдым деп пайгамбардың жағасынан ала кетеди (Қ. Айымбетов).

ӘПЕНДЕ *ат. Аш, әптада, дийўана, әбигер, ишип жейтуғыны жоқ, қайыршы, кийетуғыны жоқ адам.* Қолын жайған *әпенде*, Не қып жүр мынаў қалада („Қырқ қыз“). Бул ошақ басындағы *әпенделердиң* көптен үйреншикли әдети (Н. Дәўқараев).

ӘПЕР *қ.* **әпериў.**

ӘПЕРИЎ *ф. Алып бериў, қолына бериў, әкелиў.* Қәне шелекклерди *әпер* суўға барайын (Т. Қайыпбергенов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ӘПИЎ: **әпиў етиў** *ф. Өтиниў, кешириў, сораныў. Әпи етиң* жолдаслар болса қәтеси, Дуньяға бир келди өзи Ленинниң (А. Муўсаев). Қызым *әпиў ет* қартайғанман (Т. Қайыпбергенов). Яқшы, тек сениң ушын *әпиў еттим* (К. Султанов).

ӘПИЎАЙЫЛЫҚ *ат. Елеспесизлик, жай ҳәрекет, әлпайымлылық, кишипейиллик,...* дәстанда өзиниң қаншама *әпиўайылығына* қарамастан,... (Қ. Мақсетов).

ӘПКЕЛИЎ *ф. Алып келиў, көтерип келиў, әкелиў.* Апамызды тәрийплейин деп келдим, Устазларға мқласымды *әкелдим* (К. Султанов).

ӘПСАНА *ат. Уақыя, өтмишти баянлайтуғын гурриң, аңыз, дәстан, тарийх.* Есенгелди күлимсиреп дуўтарды алып, әдеп бир *әпсана* сөйлеп, кейининен бир-еки аўыз қосық айтады (К. Ирманов).

ӘПТАБ *қ. әптап.*

ӘПТАДА *кел. Аш, жалаңаш, келиспеўшилик, көренеш, пақыр-пуқара.* Жаз жыйғанын қыс басыпан жеп болды, халық *әптада* болған жылы (Қ. Айымбетов).

ӘПТАП *ат. жалын, ҳәўир*

ӘПТЕН *қ. әбден.*

ӘПТҮЙЕК *ат. Ескише кишкене китапшаның аты, қураннық (бөлип алынған) қысқа-қысқа сүрелери, қураннық басламасы.* Сөйтип жүрип тахтайды шықты, *әптүйектиң* әлҳәмында бир жыл жүрди (Қ. Айымбетов).

ӘПШЕР *ат. Түр-түс, бет көриниз, сықыл-сыпат.* Биз оның бет *әпшеринен*-ақ молланың кеткенлигин билдик (Ә. Шамуратов).

ЭР: **әрин қайтарыў** *ф. Босастырыў, таўын қайтарыў.* Бердақ шайыр мен билемен кәриндж, Жел сөз бенен *қайтардым ба әриңди* (Өтеш). ◇ **Эри қайтпаў**—*босасбаў, таўы қайтпаў.*—Аксүптей таза қар *әри қайтпаған* былғарыдай қышырлап сес береди (К. Султанов).

ӘРЕБЕК *ат. Бурынлары ҳаял-қызлардың безениў ушын мурынға тағатуғын заты, алтыннан, гүмистен исленеди.* Қобаға мурының болмаса, *Әребек* салмақ не пайда (Қ. Айымбетов).

ӘРЕБИ *кел. Арабиядан әкелинген туқымлық ат.* Жоқ едим бар болдым кәмалға келдим, Минип *әреби* атлар дәрўанлар сүрдим. Наныңды көп жедим рәҳәтин көрдим, Хош аман бол бизден қалдың Бозатаў (Әжинияз).

ӘРЕСТЕ *кел. Тазалықлы, таза, дуўпыяз, пәзенде. Әресте* сымбатлы жети қат жайың, Биреўдиң болмасын ешек төлеси („ҚҚ. Х. Қ.“).

ӘРИ *к. с. Жене, тағы, ҳәм, менен, биресе.*—Барарман,—деди жетим *әри* қуўанып, *әри* ҳайран қалып (С. Айний).

ӘРИ-БЕРИ *р. Алай-булай, олай-булай, арман-берман, артқа-алға, илгери-кейин, тәўир-аң, қалай болмасын т. б. Әри-бери* жүзим бағының әтирапын айланып көз салады, бирақ ҳеш нәрсе таба алмай үйине қайтады (Қ. Айымбетов). Күйеўи *әри-бери* Зийбагүлди алдап-арбап көрип еди, көндире алмады (Ө. Айжанов).

ӘРЛИ-БЕРЛИ *р. Тез-тез, жылдам, асығыс, олай-булай, әйтеўир, бираз, тәўирек.* Бираздан соң арнаға келип, *әрли-берли* шешинип өзимизди суўға атыў менен болдық (Ә. Шамуратов).

ӘРМАН *ат.* 1. *Мақсет, келешек, ният, адам кеўлиндеги ислейжақ иси.* Тәрийпинди сорап өткен кеткеннен, Сени бир көриўге *әрман* еткенмен (И. Юсупов). 2 *Қайғы, ҳәсирет, бахытсызлық, кемтарлық.* Терис қарап алла-талам, Өлди менин еки балам, Бузылды усләйтин қанам, Ялғаншыда *әрман* менен (Өтеш). ◇ Әрманда, қалыў—*өкиниў, қайғыда, уўайым а қалыў.* „Терген сайын көп терсем деп, Тергенлерде налып турғанда, „Жәўлан урып бир көрмедим“ деп, Термегенлер *қалар әрманда* (Т. Сейтжанов).

ӘРМАНЛЫ *кел. Қайғылы, ҳәсиретли, кеўли ғамлы, қапалы.* Тезирек жуўап бермесең, Мен *әрманлы* кетемен (Ж. Аймурзаев).

ӘРМАНЛЫҚ *ат. Қайғы-қапалық, кеўилсизлик.* Қудық белинен көмилип, Түскен кесек басып белим, *Әрманлықта* қызлар елип, Сол күйида қалған екен (Бердақ).

ӘРМАНСЫЗ *кел. Қайғысыз, ҳәсиретсиз, ғарыны, қайғысы, ҳәсирети, қапашылығы жоқ. ...Ўатан анам тек билгенім сен жаным, Әрмансызбан* төксем сен ушын қанын (Ә. Шамуратов).

ӘРРЕ-ТӘРРЕ *р. Әйтеўир, қалай болса солай, тәртипсиз, оңатайсыз, ербекей-сербекей, ҳәр ким өз пайдасына.* Аўылға жақынлаған сайын *әрре-тәрреси* шықты (Т. Қайыпбергенов).

ӘРЎАҚ *ат. Диний түсиниктеги өлген кисилердиң рухы.* Қудайы айтпай малыңнан, *Әрўақларды* қурыттың („Қырқ қыз“).

ӘРЎАНА *ат.* 1. *Түйениң сүтти молдан беретуғын туқым түри.* 2. *Молшылық, ағыл-тегил, тәбийғый байлық, сақыйлық.* Жазын болып баҳәрінде бөртейин, Сазың болып, асырымнан шертейин, Ырғалыма ийип турған *әрўанам*, Топырағыңды көзлеримe сүртейин (Г. Есемуратов).

ӘРЎАНАДАЙ *кел. Әрўанаға усаған, әрўана сыяқлы.* Тоғызай ўақыт болып, толғақ тутқан апам бозасынан айрылған *әрўанадай* бозлаған (Ж. Аймурзаев).

ӘСБАП *ат. Курал-сайман, қурал-жарақ.* Бул айтқанға ҳәмме қумар, Жете алмас болмаса өнер, Ҳәр исгиң өз *әсбабы* бар, Соған қатты серлик дәркар (Мәжит улы).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ӘСЕР *ат. Тәсир, салдар.* Жигитлик *әсери* урып, ийни келген жерлеринде ақылынан адасты („Алпамыс").

ӘСИЛИК *ат. Меңменлик, өзимшилик, нарийзалық, қаттыға кеткенлик, аса кетиўшилик.* Кеўлим ойлан *әсилик* етпе, Меңменлик әйлесең наҳаққа кетпе (Бердақ).

ӘСИР *ат. 1. Тутқын, тюрьма, еркиз, бенде. Әсир* болып телмирисип әрсары, йығлап ат алдына түсти Бозатаў (Әжинияз). 2. *100 жыл, дәўир, ўақыт.* Жол-жөнекей сәлем берип өтсем деп, Қағып кирдим ярым *әсир* қапысын (Т. Жумамуратов).

ӘСИРЕСЕ *м. с. Дым, жүдә, оғада, сонлықтанда, айрықша, ҳәдден тыс.* Халықтың, *әсиресе* шығыс ҳаял-қызларының аўҳалы жүдә аўыр болды (З. Насруллаева). *Әсиресе* ол гүлал тандырды әжайып етип дүзетер еди (М. Чимбергенов).

ӘСИРЛИК *кел. Көп жыллық, мәңгилик, удайына, 100 жыллық.* Таў басына тигилген болып мысал ақ шатыр. Бирине бири көмилген, *Әсирлик* аппақ қар жатыр (Т. Сейтжанов).

ӘСКЕР *ат. Армия, ел қорғаўшы, қызыл әрмия, нөкер, ләшкер.* Оларды патшаның *әскерлерин* сол елдиң шегарасына дейин шығарып салалы (Қ. Айымбетов).

ӘСКЕРБАСЫ *ат. Командир, әскерлердиң басшысы, сәркардасы, баслаўшы.* Оқып өнер үйрендик, мен де ол да *әскер басы* болдық (Әд. хрест.).

ӘСКЕРИЙ *кел. Әскерлерше, әскерше мазмунлы, әскерлик тәртип.* Ол *әскерий* ўазыйпасын питкерип аўылға келгеннен кейин, бизиң үйдиң қасында отырды (К. Айымбетов).

ӘСКЕРЛИК *ат. Әскерлерше, әскерий, әскерлер қатары.* Сапардан *әскерлик* өнерди үйренип атырмыз — деген хат үзилмей келип турды (К. Султанов).

ӘСПЕК *ат. Қәҳәт, қәдирли, кемтарыс, тартыңқы, таптырмайтуғын зат.* Ақ дәрья неге атандың, Суўың *әспек* болдыма. Шығыры болмай атаның, Жағаңа зарлап барды ма? (К. Султанов).

ӘССАЛАМ *ат. Саў-саламат, аман-тўўел мәнисинде. Әссалам* қазақтың астанасы, Келдим мен қуўанышым бастан асып... Қаракалпақ Әмў бойын жайлаған, Малы мынлап жылымларын майлаған (И. Юсупов). Арқаның Әўезовы, Муханы ма, Қазақша китап түссе дүканыма, Еледе баяғыша бас саламыз... Алма-Ата, аға журтым, *Әссалам* ал (И. Юсупов)

ӘСТАПЫРАЛЛА *т. с. Таңланыў, үрейлениў, шоршыныў. Әстапыралла,* аманлық болғайда (К. Султанов).— *Әстапыралла,* шайырлар да бәле екен, тәрийплерин қоя бер сирә (К. Султанов).

ӘСТЕ *р. Ақырын, жай менен, бирден емес, әстен, жайпарахат.* Есикти *әстен* ашып ишке кирдим (К. Султанов). Атам *әстә* ынғылдап артымызда киятыр (С. Салиев).

ӘСТЕ-АҚЫРЫН *р. Әстелик пенен, жай менен, әстен-әстен. Әсте-ақырын* бәри бола береди (Т. Қайыпбергенов).

ӘСТЕ-ӘСТЕ *р. Еплеп, абайлап, байқаслап, әстен-әстен, әсте-әстелеп.* Ол усы ўақытқа шекем ашылысып сырласпаған күйеўи менен *әсте-әсте* сыр шертисти (Ш. Сейтов).

ӘСТЕН *қ.* **әсте.**

ӘСТЕНИРЕК *р. Жайырақ, тыныщырақ, тасырлата бермей, әстерек. Әстенирек* бийкеш, қайнағалар еситип қояр (Изимбетов).

ӘСТЕРЕК *қ.* **әстенирек.**

ӘТЕШТАН *ат. Ошақтан қоз (тартыў) шығарыў ушын, ошақтың аўзына тиркеп ылайдан қоршалап қоятуғын айрықша орын.* Оны *әтештанның* ернегине қойып, кесеў менен ошақтағы күлди аўдарыстырып еди, кешеги қоздың арасына тасланған жас тезек шала жана келген екен (К. Султанов).

ӘТИР *ат.* 1. *Хош ийисли суў, духи, одеколон.* Ол жағада *әтир* шашып, Өсер „жуўсан" деген терек (И. Юсупов). 2. *Сән, форма.* Үй ишиниң барлық жағынан *әтири* келисип қалыпты.... (Б. Кербабаев). ◇ **Әтирине келтириў**—*тәртиплеў, жыйнаў, сәнин келтириў, ҳәмме нәрсени өз орнына қойыў.* Пайтонды әбден *әтирине келтирип* сайбағыслады (Айбек).

ӘТИРАП *ат. Дөгерек, төрт тәреп, айлана, жән-жақ. Әтирап* тып-тыныш (Ж. Аймурзаев). Олар бар дыққатларын салып *әтирапта* сес барма екен деп тыңлайды, қулақ түреди (К. Досанов).

ӘТИЯЖ *р. Муқым, пәкизе, қолайлы, жақсы, пуқта, тәртипли.* Яғный иске салды билген өнерин, „Мине дым *әтияж* болды бул жериң (И. Юсупов).

ӘТКӨНШЕК *ат.* 1. *Арқанды еки жаққа тарттырып, оның орта белине гезлеме материал салынып оны еки жағынан ағаш керилип ортасына (ишине) балаларды жатқарыўға қолайластырып исленген қурал.* 2. *Үлкен бийик ағашларға ямаса төрт ағашты еки-екиден жерге көмип басын айқастырып, жоқарғы бетине кесесине ағаш таслап, оған арқан тағылып қыз-жигитлердиң, адамлардың тебиўи ушын қурылған зат.* 3. *Тербетиў, шайқаў қуралы.*

ӘТКӨНШЕКТЕЙ *кел. Әткөншекке усаған, әткөншек сыяқлы.* Ортаңызға келген сон, беккем байлап беллерди, Сайратып қызыл тиллерди, *әткөншектей* тербейин (Бердақ).

ӘТӨШКИР *ат. Темирден исленген от көсеў, қоз қысып алатуғын, түби бир ушы еки айры етип исленген зат.* От басында жатқан *әтөшкир*, Күниме жарады сол жерде бир,... (И. Юсупов).

ӘТТЕГЕНЕ *т. с. Ўақ-ўақ, пай-пай, өкинишли. Әттегене* азырақ тоқтағанымда мен де алады екенмен ғой, деди (Қ. Айымбетов).

ӘТТЕҢ *т. с. Ўақ, әттегене, әрманлы, өкинишли, пәнт жеў, пуш болыў, ғапылда қалыў, аяныш сезимлерин билдириў*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Маған хеш гәп ешегим бар, Сатып берермен бир базар, *Әттең* жарлы аш Ерназар, Оған қыйын болды салық (Бердақ).

ӘТШӨК *ат. Бәҳәрде келетуғын басында тажысы бар, сырт көриниси жүдә сулыў қус.* Суў келмеди көк шыққанда, *Әтшөк* куслар шақырғанда, Я бағ деп шығыр қурғанда, Жаңлар кеўип қалды быйыл (Бердақ). Мен келемен бурқасынлап *әтшөк* ғайындай (И. Юсупов).

ӘЎДИЙИЎ *ф. Ербекейлениў, тулғасы ири көриниў, оңатайсызланыў.* Ол *әўдийген* тулғасын сыйғызарға жер таппай аўданлады (Н. Бөрекешов).

ӘЎЕЛ *р. Ерте, бурын, дәслеп, әдеп, ең әдеп, биринши. Әўел* баслап ай жүрер, Ай соңынан күн жүрер (Қ. Айымбетов).

ӘЎЕЛҲА *р. Дәслеп, биринши гезек, ең әдеп.* Хәр тәрептен келген мийман күтпеге, *Әўелҳа* жигитке, ҳиммет, ҳал керек (Әжинияз).

ӘЎЕРЕ *р. Масқара, сарсаң-кесек, қолайсыз, жаман, бийжағдай, тынышсыз, ҳәлек.* Көп жасаған түйе олжа, Мақтымқулыдай алдың болжа, *Әўере* болған Күнхожа, Заманында түйе екенсең (Күнхожа).

ӘЎЕС *қ.* ҳәўес.

ӘЎЕСЕК *ат, Тансық, қәҳәт, жақсы көретуғын нәрсе.* Ол алмастырып алған жас балық пенен қақпашаларын көбине-көп *әўесекке* жейтуғын еди (А. Бегимов).

ӘЎИЛДЕЎ *ф. Жас баланың адамларға қарап биринши хабарласыўы, күлиўи, шақырғанды аңлап жуўап бериўи. Әўилдейди* күлели қыз, Ерингендей қыстағы жаз, Болғандай бәри әрмансыз, Ўақыты хош болған екен (Бердақ).

ӘЎИП *е. с. Иштен сеслеп дем шығарыў, кекириў.* Хәр ўақытта „*әўип*“ деп кекирипте қояды,... („Сәлем Октябрь“ т.).

ӘЎИТТЕЙ *кел. Үлкен, ербекей, кесмедарсыз, келисиксиз, сыйдам емес, оғатайсыз, жайсыз, нәҳән, дым үлкен. Әўиттей* үлкен жайдың иши демниң арасында шылымның қара түтини менен ала бурқан болып пысқырып кетипти („Сәлем Октябрь“ т.).

ӘЎКИЙИЎ *ф. Оңатайсыз, турпайы.* Мешитке кирип барған ўақытта көлдиң ғаўық қусындай *әўкийип* отырған моллаға көзи түсип,... (А. Бегимов).

ӘЎЛАД *ат, Туқым-теберик, изде қалатуғын жаслар, келешек перзентлер, урпақлар.* Биз Ленинниң *әўлады.* Хәр ўақытта таярмыз (Ә. Шамуратов).

ӘЎЛИЙЕ *ат.* 1. *Өлилерди жерлейтуғын, көметуғын жер, күндиретли мәкан, орын, мазар, қәбир.* Көп қыйналып атаңды, *Әўлийеге* қойдырдың („Қырқ қыз“). 2. *Билгиш, дана, көзи ашық-*

ӘЎЛИЙЕЛЕЙ *кел. Ҳүрметли, изетли, көпти көрген, жасы үлкен.* — *Әўлийелей* қайнағамның атын айтып салыпдан ғой, аңқаў басым... (К. Султанов).

ӘЎЛИЙЕШИЛИК *ат. Қойылмышылық, мазаршылық, өлилерди көметуғын жер, қәбирстан.*

ӘЎМЕСЕР *ат. Ақылсыз, ақмақ, еси кирели-шығалы, еси жүдә дурыслы емес, аўмақай, әўмелек.* Бул қызды Жолбарыс ханның *әўмесер* баласына сатамыз (Т. Қайыпбергенов).

ӘЎМЕТИ *ат. Ирет, пайыт, гезек, бир ирет, сийрек, бир ўақыт.* Тағы бир күўанатуғын жерим бурын Мийирхан менен *әўметинде* гезлесетуғын едик (Ө. Хожаниязов).

ӘЎПИЛДЕЎ *ф.* 1. *Бийҳаяланыў, көтерилип сөйлеў, ҳәўлириў, милләтсинип бақырыў, урысыў.* 2. *Иттиң үриўи, шабаланыўы.* Жайдың артына қарай бурылғанымда сол еди. Жамал дегенниң қара көпеги *әўпилдеп* үрип изимнен қуўды (Ж. Аймурзаев).

ӘЎСЕЛЕ *ат. Ўақыя, күтилмеген жерден шыққан жәнжел, урыс-керис, қайғы-ҳәсирет, өлим-жетим, ала-топалаң, тәбиятттың әдеттен тыс көриниси.* Ол бул *әўселени* көрип, жаны түршигип, қостарына қабырғасы қайысып, көзиниң жасы парлап кетти (К. Ирманов).

ӘҲӘР *ат. Мәре, ий, өр, күш.* Жасыл дөнип, гия өнер, Жерге жыллы *әҳәр* келсе (Мәжит улы).

ӘҲЛИ *ат. Тухым-теберик, барлығы, жәми, ҳәмме, халқы, бир жерде жасаўшы.* Бир әдет бар жәҳәнда, Өнер *әҳлин* пәс тутар, Ақылы жетпес аўанлар, Оның менен бәс тутар (Мәжит улы).

ӘҲМИЙЕТ *ат. Керек, дәркар, зәрүр, тәсир, қәжет, мүтәж.*

ӘҲМИЙЕТЛИ *кел. Керекли, зәрүрли, қәжетли, мүтәжли.* Ол ҳақыйқатынан да *әҳмийетли* ҳәм қыстаўлы жумыс (Р. Тагор).

ӘШЕКЕЙ *ат.* 1. *Нағыс* 2. *Сүтлимектиң гүли.*

ӘШЕКЕЙЛЕЎ *ф. Нағыслаў, сулыўлаў, көркемлеў, безеў.*

ӘШЕКЕЙЛИ *кел. Нағысланған, безелген, сулыўланған, тамылжыған, көркемленген.* Қарағым менің жасында, Жасыл қалпақ басында. *Әшекейли* ақ отаў, Ағасының қасында („ҚК. Х. Қ.“).

ӘШКАРА: **әшкара етиў** *ф. Масқара етиў, күлки қылыў, мысқыл етиў.*

ӘШКАРАЛАЎ *ф. Масқара етиў, жаман атын шығарыў, бет пердесин жыртыў.* Усындай унамсыз қубылыслар *әшкараланды* (Г. Есемуратов). Ҳарам қоллы ҳарамының нешшесиң, *Әшкаралап,* жулды қара пердесин (И. Юсупов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Б

Б 1. *Қарақалпақ алфавитиниң үшинши ҳәриби ҳәм сол ҳәриптиң жазылыў (графикалық) таңбасы.* **2.** *Еки еринниң бир-бирине сәл жақынласыўының нәтийжесинде пайда болатуғын еринлик даўыссыз сес, фонема.*

БА *к. с. Сораў мәнисиндеги көмекши сөздиң фонетикалық вариантларының бир түри.* Ўәлийким әссалам, аман жатып турдың *ба*, иним? (А. Бекимбетов). Растан *ба* кәне әкел, балам, жүгир-жүгир (А. Бекимбетов).

БАБА *ат.* **1.** *Ата-баба, әкениң әкеси, тупқи, тийкарғы ата.* Егерде сизлер ондай естеликти орнатсаңыз, *бабаларымыз* сизлерге ырза болады (А. Бекимбетов). Ол ўақыттың келинлери атасын *баба* дер еди, анасын мама дер еди („Коблан"). **2.** *Көпти көрген жасы барған, үлкейген, қартайған, ғарры.* Көп жасаған *бабамсаң*, көпти көрген адамсаң, Алдыңызда жырлайын, Жалғызының тилин ал („Алпамыс"). Сондай сықмар мүжик еди-аў, Бир гезде менің байғус *бабам* (И. Юсупов). Ҳа, *баба*, сен бир тырнақтың дағынан халық еткенге көп жыслап өттиң („Мәспатша") **3.** *Ең қәдирли, жүдә ҳүрметли.* Баслап кең бахытқа жеткерген елин, Уллы рус перзенти *бабамыз* Ленин (Т. Сейтмамутов). *Бабам* сөйтип беккем услап қуралды, Святославтың алтын сөзин тыңлаған (И. Юсупов). Ленин *бабам* азатлыққа жол баслап, Еркинликтиң қызыл туўын қолға услап (Ж. Аймурзаев). ◇ **Дийхан баба**—*егин егиўге шебер, дийханшылықтың маманы.* Олар менен де турмай қырдың аш қасқырындай тимискенип, тисин қайрап, мийнеткеш халыққа Совет ҳүкиметине ҳәр қыйлы жол менен жасырын ҳәм ашықтан-ашық қыянетшилик, зыянкеслик ислерин етип, елде ашаршылықты, жетиспеўшиликти, тынышсызлықты туўдырып, *дийхан бабаларды*ң, аўыл хожалық артелине бирлесиўине қарсы наразылығын күшейтириўге үзликсиз урынды (А. Бекимбетов). **Зәнги баба**—*қара малдың пири.* **Пахтакеш баба** — *пахташылықтың маманы.* Звеновод *пахтакеш баба*, Аппақ болып, мурты, сақалы (Т. Сейтжанов). **Түп бабаең тийкарғы шығысы.** *Түп бабаңыз* Нағадайды, Надан не билсин бундайды (Бердақ). Қусхананың алды бөлек тасқырман, Мәгер *түп бабаңыз* салған Есетсең (С. Нурымбетов).

БАБАЙ *ат. Жасы барған ақсақал кисини ҳүрметлегенде, қәдирлегенде, сыйлағанда айтылып, ғарры деген мәнисинде қолланылады.* ... үйге бир *бабай* келди, деп жуўырды бала („Сов. ҚҚ". г.).

БАБЫ *р. Күтим, жақсы, пәкизе, кеўлиндегидей.* Жақсы *бабы* менен егилген жерден 150 пут, күтимсиз егилген жерден 50 ақ пут пахтаны алыў тәжирийбе жүзинде көрилип жүр („Қыз. муғ". ж.). „Еле отқа қыздырылып *бабына* келтирилмеген"...(М. Чимбергенов). ◇ **Бабын табыў**—*күтимин табыў, жақсылап күтыў, қараў.* Бурын хожалығындағы жалғыз сыйырымыздың *бабын табыў* күшмийтек еди (К. Султанов). **Бабын таппаў**—*күтимин таба алмаў, күтимин жақсылап бере алмаў, жарай алмаў, қарамаў, жақсылап кеўилдегидей күте алмаў.* Бул өмирим ишинде қанша жарамсақлансам да сениң *бабыңды таппадым*, ...(„ҚҚ. Х. Е.") Салақ шеше бүлер мудам. Баласының *бабын таппай* (И. Юсупов).

БАБЫНДА *р. Жақсылап, пәкиззелеп.* Салқын менен суў берилди *бабында*, Жадырасып кетти мәкке жапырағы (Т. Сейтжанов). ◇ **Хызмет, жумыс бабында**—*ис үстинде, ис ўақтында.* Муратбаевтың *хызмет бабында* минетуғын машинасы бола турса да түрли жоллар менен бир атты алмастырып атақлы жүрмелин алдырып... (Қ. Айымбетов). Мен сған *жумыс, бабында* хат-хабар бере алмадым („Әмудәрья„ ж.).

БАГАЖ *ат. Ҳәр қыйлы транспорт арқалы жиберилетуғын, алып келинетуғын жүк ямаса жолға шыққан адамның алып жүретуғын кишигирим жүги, үәжи, заты.* ...жигит қолындағы *багаждыда* алып ишке кирди (Қ. Айымбетов).

БАГАЖНИК *ат. Ҳаўада, жерде, суўда жүретуғын моторлы транспорттың артындағы зат (багаж) қойтуғын рамасы ямаса яшиги, орны. Багажникте ги* затларды алың,—деди жигит („Жас Ленинши" г.).

БАГОР *ат. Үкиден балықты илип алыўға қолайластырылған узын саплы темир қармақ.* Әстен *багор* менен қайыққа салған ўағында бир туўлап қуйрығы менен ескекши баланы урған ўағында бала ушып кетермекен деп едим (А. Бегимов).

БАҒ I *ат. Ҳәр түрли мийўе ағашлардың топары, мийўе ағашларының өсип турған жери.* Бәриде таныс өзине. Шенгелн *бағы*, тереги, Көринесең ысық көзиме. Өз жерин сүйген жүреги (Б. Қайыпназаров), *Бағда* пискен мийўе, жайлаў толы мал, Сары сазан ойнап шалқыған Арал (И. Юсупов). ◇ **Баҳ дөретиў, баҳ егиў**—*белгили бир жерге көшеге баҳ отырғызыў, пайда етиў.* Шегиндирип шөлистанды, Канал қазып, *баҳ дөреттик*, Халқымыздың келгенинше *баҳ егип*, Жоңышқаны, көк егисти тағы егип (Т. Сейтжанов).

БАҒ II: **бағын байлаў** *ф. Бахытына иркиниш жасаў.* Елшибек болмаса, тағы биреў, кете қал, ата-ананың қолында *бағыңды байлағанша* („Қыз. муғ." ж.). *Байлама мениң бағымды.* Ол айтқаның керек емес (Омар).

БАҒАН *қ.* бакан.

БАҒАНА I *р. Ҳәзирги ўақыттан сәл бурын, тап жаңа ғана өткен жақын ўақыт. Бағана* не деди ол? (Ө. Хо-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жаниязов). *Бағанағыдан* берли уәйим толқынының бәрқынды, бәри басыллы (К. Султанов).

БАҒАНА II *ат. Бир нерсени көтерип турыўшы ямаса басқа да нәрселерге қолланылатуғын жуўан ағаш,* Гүрилдеген трактор. Телеграфтың *бағаналары* (Н. Дәўқараев).

БАҒАТ *ат. Жайлаў, меншиклеп алынған жер, өрис жер, биреўдиң қараўындағы, бақлаўлы жер, мал жайлаў ушын қолайлы бир бөлек жер, бул бурынғы ески адамлардың аўызеки сөйлеў тилинде қолланылып, ол ҳәзир гөнерип, тек дәстанларда ғана қолланылады.* Жазлаўға үйим қондырсам, Қорықка малым жайдырсам, Өзимниң койған *бағатым*, Жети атадан бермаған, Суў жиберген көлатым, Бунда ханның неси бар („Қоблан").

БАҒ-БАҒША *ат. Ҳәр түрли мийўе ағашлары менен ҳәр қыйлы гүллер өсирилетуғын жер, орын.* Ол бәркулла үйимиздиң алдындағы кишкентай *бағ-бағшалардың* ишине кирип, гүллерге, мийўе ағашларына қонып ушып, жүрген, ҳәр түрли гүбелеклердиң қызықлы ҳәрекетине қарап жүлә мәс болып, кеўлин көтерип оларға ҳеш қандай азар бермей ойнайтуғын еди (А. Бекимбетов). Органы баласы *бағ-бағшаны* кәлеп алыпты („ҚҚ. Х. Е.").

БАҒ-БАҒШАЛЫ *кел.* 1. *Бағ-бағшасы мол жер, бағлы, бағшалы.* Бурынғы өткен заманда ҳәўли-ҳәрем. *бағ-бағшалы*, төрт түлиги сай бир бай болыпты („ҚҚ. Х. Е."). 2. *Бағ-бағшаға* ийе болған, Жақында Иранға барып, *бағ-бағшалы* болатуғынын айтып мақтанды (Ш. Сейтов).

БАҒДАР *ат.* 1. *Бир тәрепке қарай бағыт алыўы ҳәм де жүретуғын жолдың бағдары, тәреп, тус.* Артық аға менен Атамурат көлден шығыўдан-ақ „Жиллиниң тоғайына" туўры *бағдар* алды (Т. Қайыпбергенов). „ГАЗ—69" маркалы женил машина зуўлап қаладан тикке күн—батыс тәрепке қарай *бағдар* алған үлкен жолға шықты (А. Бекимбетов). Қозы патшадан мәўлет алып, қасқыр менен бирге белгисиз қыздың елине қарай көрингеннен жолдың *бағдарын* сорап кете береди („ҚҚ Х. Е."). 2. *Жумыстың, ис-ҳәрекеттиң жөн-жосағын, ҳәр қыйлы ислердиң бағдары.* Сен заманның *бағдарын* байқайсаң ғой (К. Султанов). Усы *бағдарда* драматург, пьесаның ҳәзирги аўҳалында тек басланғыш адым атлай алған (Г. Есемуратов). Нағыз азамат, патриот адам бизге үлкен жәрдем көрсетип ўақыяның түп-тамырынан анықлаўға белгисиз қупия сырларды жазып *бағдар* көрсеткен (А. Бекимбетов).

БАҒДАРЛАНЫЎ *ф. Бет алыў, жол-жоба алыў.* Жоқарыдан *бағдарланған* төменги мийнеткешлер массасы тәрепинен қуўатланған,... (Г. Есемуратов). Жүдә жақсы дурыс *бағдарланғансыз* (А. Бекимбетов).

БАҒДАРЛАТЫЎ бағдарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАҒДАРЛАЎ *ф. Жағдайды абайлаў, ис-ҳәрекеттиң шама-*

сын билиў, ... Қажымда банкердиң мәнинин гитлер менен бир екенлигин ашып таслаўға *бағдарлайды* (Г. Есемуратов). Сөйтип немецлердиң *бағдарлап* киятырған жерине бизлер бурыў жийле жасап, өзлерин бапладық (Ө. Хожаниязов).

БАҒДАРЛАЎШЫ *ат. Ис-ҳәретти, қандайда бир жумысты бағдарлап басқарыўшы адам.* Бул жағдай барлық нәрселердиң жағдайларын билиўши, *бағдарлаўшы* еди (Қ. Айымбетов).

БАҒДАРСЫЗ *кел. Бағдарды билмеў, өзинше кетиўшилик, ислеўшилик.*

БАҒ-ДӘЎЛЕТ *ат. Бахыт, байлық, дәўлет, несийбе, материаллық ийгилик.* Қуданың берген *бағ-дәўлети* бар, пүткил дүньяны жанына сарп етемен,... („ҚҚ. Х. Е."). Ол жаңа туўылған баланың илиўине көйлек әкелип, бала узақ өмир ҳәм *бағ-дәўлет*, Сараға саў-саламат тилеп шығып кетти (С. Айний) Дәўкемпир мәрт кемпир жесир тул еди, *Бағ-дәўлети* алдындағы улы еди (К. Султанов).

БАҒЗЫ *қ.* базы.

БАҒЛАЎ *қ.* байлаў.

БАҒЛЫ *кел.* 1. *Ҳәр түрли мийўе ағашлары менен гүллери көп.* Шофер онға бур, анаў көрингән *бағлы* жай,—деди Султан (Л. Бекимбетов). Көз алдында Днепрдиң бойлары, Көз алдында Украйна қаласы, Ҳеш ўақытта шығар емес ядымнан, гүли *бағлы* сулыў Киев қаласы (Ж. Аймурзаев). 2. *Биреўге бағынышлы, тәреллы, ғараслы.* Бердақ айтар дағлы екенин, Залымларға *бағлы* екенин, Бир көзиниң ақлы екенин, Ғәрип-кәсерге пана бер (Бердақ). ◇ Бағлы гүлзар, бағлы мийўе-түрли-түрли гүллер менен түрли мийўелерге бай, көп жемисли. Әмиў бойындағы *бағлы гүлзарын*, Данклы қыял жүрегиме йош салдың, Бахты бәлент екен сен сүйген ярың, Мәңги нур жайнасын бахыт шырағың (Т. Сейтжанов). Дәратың кесилди *бағлы мийўели* бир, Шер өлген соң жетер қаяққа халы (Өтеп). 3. *Бағы бар.* Бул жерде байдың *бағы бар* еди („ҚҚ. Х. Е.")

БАҒМАН *ат.* 1. Бағда тәрбиялаўшы, мийўа ағашларының өсиўине, *писиўине қарайтуғын адам.* Бурын кәсип дегендей кәсип болдыма, ҳәзир колхозда *бағманман* (Н. Дәўқараев). Жазлар болса *бағман* терер мийўени, Тәўип табар бул дәртине даўаны („Қырқ қыз"). 2. *Өмирге тиришилликке байланыслы болып та келеди.* О әдиўли муғаллим, устазым, Балалық өмиримниң болдың *бағманы* (И. Юсупов). Алдында отырған мына адам оған жаңа өмир есигиниң *бағманы* сыяқлы болып сезилди, ези бир бағқа кирип, ал өтағасы сол бағдың тәрбияшысы сыпатында сезилип тур (Ө. Айжанов).

БАҒМАНЛЫҚ *ат.* 1. *Ҳәр түрли мийўе ағашларының өсип турған жери, орны.* Усы жол менен кете берсеңиз *бағманлыққа* барасыз („Жеткиншек" г.). 2. *Бағман ҳаққында қәсип,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қәниге, маманлық. Аўыл хожалық техникумының *бағманлық* бөлимин питкерген (Ж. Аймурзаев).

БАҒМАНШЫ *қ.* бағман.

БАҒМАНШЫЛЫҚ *ат. Мийўе ағашларын ҳәм гүллерди тәрбиялаўға маман, белгили бир кәсип.* Мениң кәрим дийханшылық ҳәм *бағманшылық* (А. Бекимбетов).

БАҒ-ШАРБАҚ *ат. Ҳәр қыйлы гүл, жемис, мийўе ағашлары өсетуғын орын.* Үйиниң дөгереги *бағ-шарбақ* болып жетисти... („Жас ленинши" г.).

БАҒ-ШАРБАҚЛЫ *кел. Бағ-шарбағы көп...* колхоз курғынласын *бағ-шарбақлы* болып кетти („Қыз. муғ." ж." г.).

БАҒШЫЛЫҚ *кел.* 1. *Ҳәр түрли гүллер, мийўе ағашлары өсип турған орын.* Анаў көринген *бағшылық* колхоздың кенсеси („Қыз. муғ". ж.). 2. *Кәсип, кәниге, маман.* 3. *қ.* бағманлық.

БАҒЫ-БОСТАН *ат.* 1. *Бағ егилген ҳәм де егилмей жатырған кеңислик жерлер.* Бир *бағы-бостанның* үстине шыкты („Мәспатша"). Жолаўшы кәрўан ол журттан. бул журтан киятырып түсип, конып өтетуғын мәканлы жери *бағы-бостан* сарҳаўыз бар еди („Алпамыс"). 2. *Өмирдиң, тириликтиң, турмыстың жақсылыўы, гүллениўи.* Күн-күнге айланды *бағы-бостанға,* Толық жасам сыймас еди дастанға (Д. Қасымов). *Бағы-бостан* нур куяшта. Жеңис таңғы Ўатан халкы, Дәўлетли бағымның *бағы-бостаны,* Аламың билгири данамыз Ленин (С. Нурымбетов).

БАҒЫЛЫЎ *ф. Жанлы-жаныўарлардың тәрбияланыўы, қаралыўы, күтилиўи, күтими.* Қайып көлде *бағылып* жүрген көп маллардың пахта атызларына түспеўин қадағаладық (А. Бекимбетов). Сыйыр жаксы *бағылып* жаксы күтилгенликтен тез күнниң ишинде-ак ойдағыдай болып оңалып кетти (Ж. Сейтназаров). „Қыста от-шөп болмаса. сондай-ақ,—деп Зийбагүл блокнатына, еристе жаман *бағылса,* отсыз жерге жайылса, сыйырдан сүт алыўдың продукциясы кемийди (Ө. Айжанов).

БАҒЫН бағыныў фейилиниң өзлик дәрежеси.

БАҒЫНБАУ *ф. Бойсынбаў, бас ийиўден қаралы болмаў, мойынсынбаў.* Бирақ қўўанышын усы сапары да жасырғысы келип еди, ҳәрекети өзине *бағынбай* калды (Т. Қайыпбергенов). Мен сениң балаң емеспен мен бул патшалықтың карауына *бағынбайман* („ҚҚ. Х. Е.").

БАҒЫНДЫРЫЛЫЎ бағыныў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАҒЫНДЫРЫЎ *ф. Бас ийдириў, қаралы етиў, қорқытыў, бойсындырыў.* Әжинияз өз заманындағы ҳаял-қызлар теңсизлигин каралай да алмайды. қайта ҳаялды ерине тилсиз *бағындырыў* керек дейди (К. Султанов).

БАҒЫНДЫРЫЎШЫ *ат. Бас ийдириўши, қаралы етиўши, қорқытып алыўшы, бойсындырыўшы.* Тын жерлерди *бағындырыўшылардың* алдында тәжим етип турғандай, салы

басын көтере алмай ийилип қалды („Сов. ҚҚ." г.). ...адамның тәбиятты *бағындырыўшы* күши өседи (Г. Есемуратов).

БАҒЫНЫҢҚЫ *кел.* 1. *Қараслы, гәрезли, бағынышлы.* 2 *грам. Сөз бенен сөздиң, гәп пенен гәптиң бир-бирине мәнили жақтан бағыныўы. Бағыныңқы* гәп, *бағыныңқы* қоспа гәп.

БАҒЫНЫЎ *ф. Биреўдиң қараўында болыў, қараслы болыў. ыңғайына көшиў, бойсыныў.* ..клуб театр әнекей барлық нәрсе адамға *бағынып* күлимлеп карайды (Г. Есемуратов). Демек, Алма да ушар гилем де илимге *бағынады* екен („ҚҚ. Х. Е.").

БАҒЫНЫЎШЫ *ат. Бас ийиўши, қараслы болыўшы.* ...күллық етип *бағыныўшылар* ғой, — деп түсинди (Т. Нәжимов).

БАҒЫНЫШЛЫ *кел. Гәрезли, қараслы.*

БАҒЫНЫШЛЫЛЫҚ *ат. Бағыныўшылық, гәрезлилик, қараслы болыўшылық.*

БАҒЫП-ҚАРАЎ *қ.* бағыў.

БАҒЫР *қ.* баўыр.

БАҒЫС бағысыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БАҒЫСЫЎ *ф.* 1. *Аңлысыў, бақлаў, сынаў.* Үйдегилер бирин-бири *бағысып,* бираз тымсырайып отырды (К. Султанов). 2. *Жәрдемлесиў, көмеклесиў, қарасыў.* ...менде малларды *бағыстым* оған (К. Айымбетов).

БАҒЫТ *ат.* 1. *Бағдар, бет алыс, бет алған жақ.* Шериплер де жүриш киятырған *бағытына* карай жол алды (К. Султанов). Шамал өзгерген сайын, әлбетте музда өз *бағытын* өзгертип шамалдың ығына қарай ыға берди (М. Абдиреймов). 2. *Алған бағдар, услаған жол, усыл.* Ширкинлердиң *бағыты* бар ма, ким биледи, бирақ тезирек бир илажын қылын деди қыстанып жүрген Ҳүрзия (Әд. хрес.). ... сюжетлик *бағытында* көп ғана айырмашылықлар бар („Мәспатша"). Қаралаўшының *бағыты* қандай көринеди (К. Әўезов). 3. *Ағым, бағдар, идеялық ағым.* Филологиялық *бағыты* менен тығыз байланыслы (С. Камалов)

БАҒЫТЛАЎ *ф.* 1. *Бир жаққа бет алыў, бағдар алыў.* Атлылардың бет алды тоғайға қарай *бағытлап* жүре берди (К. Аралбаев). 2. *Бағыт көрсетиў, жол көрсетиў, бир жолға силтеў, бағыт бериў, жолға салыў.* Адасқан жолаўшыларды дүзиў жолға *бағытлап* силтеп жиберди (К. Ирманов).

БАҒЫТЛАЎШЫ *ат. Бағыт бериўши, бир жаққа бет алдырыўшы.*

БАҒЫЎ *ф.* 1. *Жанлы-жаныўарларды күтиў, қараў.* Қойшылық қандай кеўилли, жаныўарларды *бағаман* (Д. Қасымов). Күни менен байдың ылақларын, қозысын *бағып,* кеште ығарып айдап, аўыр мийнет етип жүрип, оқыдым (А. Бегимов). Мамыттың әкеси Дәўлет-оны Қуўанышжарманың бойындағы халықтай қой-ешкисин мийнет ҳақы алып *бағыўға* берди (Т. Нәжий-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

мов). 2. *Тәрбиялап өсириў, асыраў, сақлаў.* Кемпир балаңды мәрдикарлыққа жиберетуғын болдым, ҳеш капа болма, сизлерди өзим *бағаман!* деп маған 4—5 тенгени узатты (Ә. Шамуратов). Шаккан, шаккан, шаккан қыз, Наўқан куртын *баққан* қыз (И. Юсупов). 3. *Талап-ланып көриў, тырысыў, бақлаў.* Тўви менен уйқысының шала болғанына қарамай жуўмақланбаған пикирин ҳәзир ғана бир жерге түйдеклегиси келип *бақты* (Т. Қайыпбергенов). Отаўдың ошағының күлин ләгенге қосыўысып салып атырған қарсы алдындағы жумалақ жүзли, орта бойлы ҳаялға шаншылып қарап, басқан адымын *бағып* отыр (К. Султанов). „Ала тайды отлатып, Жақсы күтип *бақ*" деди (И. Юсупов). 4. *Байқаў, абайлаў, қараў.* Оларға жыр емес күнниң батқаны, Балық тасыў күни-түни *бақ қаны* (К. Султанов). Ой жиберсек кең дүньяға, *Бақсам* қайырылып қыяғы (Ә. Шамуратов). Ақсақтың ақырына *бақ*, Сокырдың соңына *бақ* („ҚҚ. Х. Н."). 5. *Иши күтиў, соңына караў, қараўыллаў.* Адасқанның артына *бақ* не шара?! Намыссызбан жүзим, кеўилим қанның қара (И. Юсупов). Көрсеңиз бир пери наз менен *бағар*, Наз етсе ашықтың жанына жағар (Әжинияз). Лақабы оның Хийўалы қыз, Таң жулдызы таңға *бағар* (Әжинияз). ◇ **Аўызын бақты-сөйлеўин күтиў, сөзин байқаў, аңлып турыў.** Арғы тарийхын айтып қояма дегендей, бир-биринің *аўызын бағады* (К. Султанов). Қаранғыда не қылып жүрсең, биреў қуўды ма?—деп бетинен еки кезимди айырмай *аўызына бақтым* (Әд. хрест.). Қыздың сөзи оған жақты, Тағы айтсын деп *аўызын бақты* (Ш. Артық). **Бағып-күтиў** — *күтиў, қараў, сылап-сыйпаў*, ...малды *бағып-күтиў*, сүт саўыў жөнинде көп ғана тәжирийбе үйренип алдым (Ж. Сейитназаров). **Бағыў үйи**—*асырайтуғын, сақлайтуғын, қарайтуғын, күтетуғын, тәрбиялайтуғын орын.* Мен жана Самарқанд қаласындағы қәўендерсиз, қараўсыз қалған балаларды *бағыў үйиниң* тәрбияшысынан Садулла жөнинде жақсы хат алдым,—деп лейтенант Бекниязов асығып, албыраклап, тез-тез айтты да қолындағы хатты капитанға усынды (А. Бекимбетов). **Мийзамын бағыў**—*кеўлине қараў, райына қараў.* Басындағы казына макпал тақыяның пөпеги поррыктай аппақ жүзине куйылып жарасып, еки бетиниң солкымланған алмасына сәўкеледей төгилип, бәйбетше таклетте отырған баласына Нуржамал жалт-жалт қарап, *мийзамын бағып* отыр (К. Султанов). **Ҳәддине бағыў**—*халын билиў, шамасын билиў.* Билемеп сенің ҳаслың қаракалпақ. Қолына таяқ алда малынды бақ, Өлтирип еки бирдей инилериңди, Хийўаға хан болмаға *ҳәддиңе бақ* (Бердақ). **Унсиз бағыў**—*сөйлемеў, индемеў.* Асфальяның нурсыз тартқан нәзери, илаж таппай, залға *унсиз бағады* (И. Юсупов).

БАҒЫЎ-БОСТАН *қ.* **бағы-бостан.**

БАҒЫЎСЫЗ *кел. Тәрбиясыз, қараўсыз, күтимсиз, қарайтуғын адамы жоқ.*

БАҒЫЎСЫЗЛЫҚ *ат. Қараўсызлық, күтимсизлик, тәрбиясызлық, күтиўсизде қалыўшылық.*

БАҒЫЎ-ҚӨРЕМ *қ.* **бағ-шарбақ.**

БАҒЫЎШЫ *ат. Тәрбиялаўшы, асыраўшы, қараўшы, хызметкер болыўшы. ... бағыўшы* тек қадағалаў исин ғана алып барады /Ж. Сейитназаров/.

БАҒЫЎШЫЛЫҚ *ат. Бир нәрсеге қараўдағы маманлық, кәсип, өнер, ҳөнер.*

БАҒЫШ: **бағыш етиў** *ф.* 1. *Пидә болыў, сарп етиў, бир нәрсениң жолына басын арнаў, тигиў.* Бадам қабақ жүзинде қал, Жолыңа *бағыш* дүнья-мал /Әжинияз/. Ата-беглер тартса жат журтка несин, Душпанлар куўанар көкейин кесип, жүрер күллер бар ма кеўлим өсип, Барлық өмирим *бағыш* менің халық ушын /„ҚҚ. поэз. ант"./. 2. *Арнаў, нийетлеў.* Усы үскенелердің ҳәммеси саған *бағыш* /„ҚҚ. Х. Е"./. ◇ **Бағыш етпеў**—*бир нәрсениң жолына басын тикпеў, арнамаў, бағышламаў.* Ата-анам өлгеннен соң, Қызыл гүлим солғаннан соң, Жалғыз өзим қалғаннан соң, Денемди *бағыш етпедим* /Бердақ/. Мен тийкарлы өлтирсең де, Ертең дарға илдирсең де, Қандай бир азап берсең де, *Етпейменденемди бағыш* /Бердақ/.

БАҒЫШЛАНЫЎ *ф. Нийетлениў, арналыў, бейимлениў.* Бизиң колға киргизген табысларымызда, алда турған ўазыйпаларымыз да халқымыздың ийгилигине *бағышланған...* /Ж. Сейтниязов/. Бирақ бул пәтияның не хаққында кимге *бағышланғаны* бизлерге белгисиз жумбақ болды /Ә. Шамуратов/. Олар аўыл ҳәм аўыл адамларына *бағышланған* шығармалардың айырым мәселелери жөнинде түсиник туўдырды... /Г. Есемуратов/.

БАҒЫШЛАЎ *ф. Бир нәрсениң жолына арнаў, нийетлеў.* Оған *бағышлап* мынандай қосық та шығарды /А. Бегимов/. Бердик саған *бағышлап*, Гүлайым атлы сулыўды /„Қырық қыз"/. Ай нурына мүлгип айдың түрлери, Заўық *бағышлап*, түрли қусның үнлери /И. Юсупов/.

БАД: **бад урыў** *ф. Өзинен басқаны абам есабына алмаў, аўзына не келсе соны айтыў, менсикбеў.* Мактанын сенде талай қыз, Баўырман деп *бадурып* /„Ер Зийўар"/.

БАДАБАТ *р. Шаўқым, шарбан, шатақ.* ◇ **Бадабат урыў**—*шаўқым шығарыў. Бадабат урған* сеслер басыла баслады (Н. Дәўқараев). **Бадабат салыў**—*шатақ етиў.* Бирақ билмеген киси қусап *бадабат салып* жүреди /Г. Есемуратов/. **Бадабат қылыў**—*шатақ излеў.* Өз сөзимди жүйлеп *қылдым бадабат*, Мен мақтансам ол колланды меламат /К. Ирманов/.

БАДАЛҒЫ *ат. Басшы, басқарыўшы, тирек.* Жарлы халықты мәмлекеттиң *бадалғысы* етип, езилген ҳаялларға ықтыяр берип, олардың ҳуқықын еркеклер менен теңлестирди /С. Мәжитов/. Сенинше патшаның *бадалғы* етип қойған әмелдар адамларына қарсы көтерилис қалай дәреди?—деди тергеўши

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

/К. Ирманов/. Сен тартыпсаң бизиң елге *бадалғы*, Сен өзиңнен мендей мәртеи кем деме /„Қырқ қыз“/.

БАДАЛҒЫР .ф *Турмыста сийрек ушырасатуғын ғарғыс сөз, бул урысқанда, кейискенде, күйингенде, налыш еткенде айтылады, жоқ болғыр мәнисин билдирип келеди.* Қайда кетти *бадалғыр*, — деп кемпир Жәбақларды излей баслады(Б. Кербебаев).

БАДАЛЫЎ ф. *Көринбеў, көзге көринбей кетип қалыў, қайтып келмеў.* Булар азаттан бери *бадалды*,—деди кемпир („ҚҚ. Х. Е“/.

БАДАМ *ат Формасы сүйир, қызғылт гүлли, түсликте өсиўши мийўе ағашы.* Арттырғаны *бадам* ағаш ортасы, Бадам излеген Байберинин баласы („Алпамыс“). Әнжир, алма, әнар, *бадам.* Бағда сайратып дембе-дем /„ҚҚ. поэз. ант“./. Бағда питкен *бадам.* Бағда сайратып дембе-дем /„ҚҚ. поэз. ант“./. Бағда питкен *бадам* бар, Керилип атқан адам бар /К. Ирманов/. ◇ **Бадам қабақ**—*бадам ағашының мийўасына теңеп, сулыўлықты көрсетеди, бул әсиресе ҳаял-қызларға көп қолланылады. Бадам қабақ* жүзинде қал, Жолына бағып дүнья-мал /Әжинияз/. Аралда қызлар бар *бадам қабақлы*, Еллерине қыз Сат мақсет-мурады /Ш. Мәмбетмуратов/. Көзин түссе кеўлі урады ҳаллас, *Бадам қабақ*, оймақ аўыз қыя қас /„Алпамыс“/. Писте мурын, *бадам қабақ* кең кушақлы ақ таңа /„Қырқ қыз“/.

БАДАН I *қ.* беден.

БАДАН II *ат. Оқ өтпейтуғын тон, батырлар кийетуғын сауыт.* ◇ **Бадана көз**-*көз сыяқлы дөңгелек-дөңгелек етип ислеңген зат. Бадан көзли* ақ сауыт. Бөктериўге таңа /“Алпамыс“/. Айпаршаны пашар деп ким айтар. *Бадана к* ақ саўытты кийеди /„Мәспатша“/.

БАДАНАДАЙ *кел. Бирден көзге түсетуғын, үлкен болып ринетуғын.* Бадырайып көринетуғын *баданадай* көзле адамға жаман тәсир етеди /Айбек/.

БАДИЯ *ат. Ылайдан исленип, қумбызда писирилген, тағ қуйып ишетуғын ыдыс, тастабақ.* Қолға суў қуйылды, екеў а үшеў ара *бадиялар* менен палаўлар келди, оған қосыла мой қылтыйған шийшелер де аз болған жоқ /Қ. Айымбетов/. Қара қ қызыл зербарақ табақ-қасықлар, жез периўза сырша менен с ланған гүзелер, *бадиялар* /Қ. Аралбаев/. Капитан издин типе төнкерилген *бадияны* көтерип шетке койды да, м усы из жибер ийтинди?—деп сержантқа буйырды /А. Бе бетов./.

БАДРАҚ *қ.* батрақ.

БАДРАЧКОМ *ат. Батраклар комитети. Бадрачком* ағзалары ҳүкимет жолға түсип кеткенше күндиз жәрдем жа нан, ақшам сакшы болды /К. Султанов/. *Бадрачком* б сын Төреш белсенди, Аўлатком, сал бийиктен кеңсенди Юсупов/.

БАДШАҚЛЫ *кел. Сүзеген өгиздей, дүңгейген.* Қолында қанлы камшысы, *Бадшақлы* патшам келди /„ҚҚ. Х. К“./.

БАДЫРАЙТЫЎ **бадырайыў** фейилиниң ериксиз дәрежеси.

БАДЫРАЙЫЎ ф. I. *Көзди үлкейтип, ағын алартып қараў, тиклеп қараў, бажырайыў, бақырайыў.* Әметке көз әйнек ар тындағы көзин *бадырайта* отырды /Т. Қайыпбергенов/. Ағасынан бет аўдарып айыбымызды неге айтасаң легендей Айшагул Орынбекке *бадырайды* (Т. Қайыпбергенов). Қәлменнің түси өнип көзи *бадырайып* қалды /К. Султанов/. 2. *Анық, айқын, көрнекли, белгили болып көриниў.* Қасларың шегиртканың сыйрағындай *бадырайып* тур /Қ. Айымбетов/.

БАДЫРАҚ I *қ.* **батрақ.**

БАДЫРАҚ II *ат. Мәкке, жүўери, арпа, буўдай ҳәм тағы басқа сыбықлылардың дәнлеринен қуўырылған жемис, аўқат, тағам.* Бизлер баллар болып, ҳәммеміз *бадырақ* куўырып жедик /„Қыз. муғ“. ж./.

БАДЫРАҚ III: **бадырақ көз кел.** Бадырайған үлкен көз, бадырақ сыяқлы көз. Талдырмашлаў узын бойлы, қыр мурынлы, *бадырақ көз* бала көшеден өтип баратырған арбаны керип, қасындағы отырған балаларға ым қақты (Н. Дәўқараев).

БАЖ I *ат. Бир мәмлекеттиң территориясынан екинши мәмлекет территориясына өткизетуғын товар, зат, мүлик сыяқлы нәрселерден ақшалай алынатуғын мәмлекет салығы.* Бул екі мәмлекет өз-ара *баж* төлеўди мақул көрди („Сов. Қ. Қ.“г.). 2. Алынатуғын салықтың муғлары, баҳасы. 1903-жылы Россия ҳүкимети көшпели, ярым көшпели қыйын турмыста жүрген түркменлер тәрепинен киретуғын нахтаның ҳәр пудына 4 манатдан *баж* койды /К. Ирманов/. ◇ **Бажы пул**—*бир мүлик сыяқлы нәрселерден алынатуғын ямаса төленетуғын ақша. ...баж пул* берип кетиң деп жолаўшыны кесеклеп жолдан өткермейди, айырым бир сықмарларын услап алып урады /К. Айымбетов/.

БАЖ II: **баж етиў ф.** *Бирден сөйлеў, бетинен алыў, жаман сөз менен сөгиў, сөйлеў, бийҳаялық етиў.* Жаббақларды көриўден кемпир *баж етип* сөйледи,... /Б. Кербабаев/.

БАЖА *ат. Ипалы-сиқлили туўысқан қызлардың күйеўлери, сондай-ақ бир урыўдың қызларына үйленген жигитлер бир-бирине бажа болады.* Алламурат деген *бажасының* үйине қыдырып кетти /Ж. Аймурзаев/. Убайдулла менен Дәўлетбай бий екеўиниң *бажалығы* бар еди /Т. Қайыпбергенов/. Бай қызы Казақтың көп жеген ҳақын, *Бажасы* Жумабай болыска жақын /Бердақ/. ◇ **Ышқыр бажа**—*еки жигиттиң бир қыз я келиншек менен жақынлық етип жүриўи.* Маманның *ышқыр бажасы* еди ол /Т. Қайыпбергенов/.

БАЖАЛАҚЛАЎ ф. I. *Шаўқым шығарыў, өзин ямаса биреўди қорғаў мақсети менен өжетленип, қатты-қатты даўыс шығарып сөйлеў.* Оларды көриўден *бажалақлады* келип-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шек (Қ. Айымбетов). 2. *Урысыў, кейиў.* Кемпир жигитлерге *бажалақлады* (Б. Кербабаев).

БАЖ-БАЖ: **баж-баж етиў** ф. *Күйип писиў, шаў-шаў етиў, даўысын қатты-қатты шығарып сөйлеў.* Кимди көрсең соған *баж-баж етесеңде* жүресең (Ө. Айжанов).

БАЖБАН *ат. Қорықшы (бир үлкен участканы қараўыллап жүриўши), тоғайшы, тоғай қорықшысы, сақсышы.* Сонша тоғайда, *бажбанлар* бул буйрықты орынлады (Қ. Айымбетов). *Бажбан* жақында ғана түтинпул өндирип кетип еди (Т. Қайыпбергенов). Қорық болды бийкар тоғай, *Бажбанлары* болды биҳожай (Қ. Айымбетов). Ығбалына балық-шабақ шықпады, Тағы *бажбан* қондырмайды бул қалай (С. Нурымбетов).

БАЖБАНЛЫҚ *ат. Сақшының, қорықшының, тоғайшының шуғылланатуғын кәсиби, қәнигелиги, маманлығы.* Еки айлық *бажбанлық* оқыўға бараман деп алдадым (К. Смамутов).

БАЖЫ *қ.* баж I.

БАЖЫ-ҚАРЫЖ бажы-қарыз *қ.* баж I.

БАЖЫЛДАҚ *кел. Жаман сөзлерди айтыўшы.* Өмирим туўып сендей *бажылдақты* көрмедим (Қ. Айымбетов).

БАЖЫЛДАСЫЎ ф. I. *Өз-ара жаман, турпайы сөзлер менен айтысып кейисйў, урысыў.* Булар екеўи *бажылдасыўы* менен ишкериге кирип кетти (А. Бегимов). 2. *Иттердиң үриўлери, бир-бири менен ашшы даўыс шығарыўы, шабаланып үриўи. Бажылдасып* үре баслаған иттердиң шаўқымынан сескенип қайтадан ишке кирди де, кийиз үстинде дүс төменине жатып жер тыңлады (А. Бекимбетов).

БАЖЫЛДАТЫЎ бажылдаў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЖЫЛДАЎ ф. *Бақырыў, жаман даўыс шығарып сөйлеў, ашыўланыў, күйип-писиў.* ...дизесин сарт-сарт урып, *бажылдап* сөйлеп кетти (Айбек).

БАЖЫРАЙТЫЎ бажырайыў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЖЫРАЙЫЎ ф. *Көзди бежирейтип қараў, көзди алартып қараў. Бажырайып* қарап турды да, әллен ўақтан соң қойсан-ә деп бақырып жиберди /Сейтов/. „Кәтенли мойынла, былай исле“,—деп, Бетине *бажырайып* олар тек (И. Юсупов).

БАЗ I *ат.* I. *Бир нәрсениң көп турыўынан бузылып, үстин пилис байлап, тури көғис түрге енип, көгерип бузылыўы.* Гөреклердиң шириўи ҳәм *баз* басып көгериўи (А. Джалменов, П. П. Карпов). 2. *Кир болыўы, тот басыўы.*

БАЗ II: **баз бериў** *ал. Гейбериў, айырым. Баз биреўлер* айра түсти, Туўып өскен гуўысқаннан (Ж. Аймурзаев). *Баз биреўдиң* қолында, Кундақлаўлы баласы, Анасынан сүт шықпай, Тамшылайды көз жасы (Жийен жыраў). Шыбынның сонша көп болғанынан *баз биреўлер* күйип-писип гижинип киятыр (Т. Қайыпбергенов).

БАЗА *ат.* I. *Байлық, ғазна. Базамызды* душпанның авиациясы билип қоймасын деп, бизлер аэродромнан жарықсыз қараңғы түнде ушып кеттик (Н. Дәўқараев). Кеўлимде шикас жок бо-злар жаза. Бермейин душпанға жабриў жаза, Келерме бизлердей бендеге *база*, Кеўлим шад болады курғақ сөз ушын (Бердақ). ...олардың раўажланыўына өзинен *база* таярлады /Г. Есемуратов/. 2. *Түрли товарларды, керекли нәрселерди сақлайтуғын, қоятуғын орын, жай, склад.* Төрт реттен оңлап торай туўа бер, Сенин ушын үлкен *база* курайық /Ж. Аймурзаев). Әмудәрьяның төменги жағында салы тапсырыў бойынша күш *база* дүзиў ҳаққындағы қарарларды оқығанда шексиз куўанышқа бөленемиз („Сов. ҚҚ“. г.). 3. *Тийкар, негиз.* Мал шарўашылығына бекким от-жем *базасы* дүзилди,... (А. Джалменов, П. П. Карпов/. Елимиздиң келешектеги салыгершилик *базасы* мине усы жерлерде дүзилди /„Сов. ҚҚ.“ г./. Өйткени, жаңа экономика *базасы да* жаңа мораль, жаңа формалар, жаңа жәмийетлик байланыслар жүзеге аса баслады,... (Г. Есемуратов). 4. *Айырым ислери бойынша керекли материаллары бар орын, пункт, жай....* бизин оқыўшыларымызға керекли затлар туристлик *базамыздан* көплеп табылады /„Жеткиншек“ г./. Бул жер мектеп оқыўшылары ушын экскурсиялық *база* болып есапланады /„Жеткиншек“ г.).

БАЗАР *ат.* I. *Кеңислик үлкен майданшаға орналасқан сауда-сатлық исленетуғын орын, жай.* Қаракалпақ *базарға* барар, бир шайыға шабақ алар („ҚҚ. х. н“.). Ахмақ саўда етер, *базар* өткен соң, бийдәўлет нан жейди ҳалдан кеткен соң /„ҚҚ. х. н“./. Егер ертең *базарға* мына қозақтағы бөзди токып болсам, сатып нобайырақ етип берермиз (Ә. Шамуратов). 2. *Басын даўға, жәнжелге, қыйыншылыққа, аўырпаншылыққа араластырыў.* Ол ўақытта күнликши, дийқанлар өзин *базарға* салады екен (К. Айымбетов). Басымды *базарға* салсам, Жалғыз баспақ боларма екен /А. Дабылов/. 3. а) *Унамсыз. Қырсық, ҳәкис, өжет.* „Бийдәўлет *базарға* барса, сум хабар табар“ („Алпамыс“). б) *Аўыс. Шаўқымласыў, дуў-дуўласыў, өз-ара сөйлесиў.* ...кызып кетти сөзлиң *базарлы* /Б. Исмайлов/. Төрге төсек салып, әңгемениң *базарын* қыздырды (К. Султанов/. Аңнан-мыңнан толып қалды, Балық *базар* болып қалды (К. Айымбетов/. 4. а/ *Аўыс. Қуўаныш, бахыт, қызық, ўақты хошлық, өмирдиң жақсы ўағы.* Қыз-келиншек келсе бир өзиң *базар*, Қатар жигитлерге салмадың нәзер (Омар). Қайтармағыл достың көрсең нәзерин, Қолдан келсе қурғыл шадлық *базарын* /Бердақ/. б/ *Аўыс. Өмирдиң қуўанышы.* Балалы үй *базар*, баласыз үй мазар /„ҚҚ. Х. Н“./. в/ *Аўыс, Унамсыз. Келиспеў, үйлеспеў, жөнлеспеў.* Үйдеги есапты *базардағы* ырық бузады (К. Айымбетов). ...жалғыз тикенектен байлық қуралмайды, Қымбат *базары* бир манаттың заты (М. Шымбергенов). ◇ **Колхоз базар, шар базар**—*саўда-сатлық ететуғын жер, жай, орын.* Ленин көшесин бойлап жүрип *колхоз*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

базарының алдына келіп тоқтады (Ж. Сапаров). Ұсап алып *шар базарға* сатарман, Ийшалла байларман сені,... (К. Аймбетов). **Қайтыў базар**-*адамлардың сауда етип-болып қайтатуғын ўағының кейинги ўақты, соңы, ақыры. Қайтыў базардан* алып қалың, дегендей ортаға женге салып, Зийнепке қыйсаңлайды („Қыз. муг." ж.). **Билим базары**-*билиўге умтылғанлардың орайы.* Алдында туўған турғанда, *Билим базарын* курғанда (С. Мәжитов). **Қус базары**—а) *қуслардан сауда сатлық иелейтуғын орын*, б) *қуслардың жыйылысып турратуғын орны, жайы.* Отлы өрис, жасыл қыры малға жай, Мақпал көли *қус базары* жырға бай (К. Султанов). **Ышқы базары**—*муҳаббаттың, сүйиўшиликтиң, ашықлықтың жолы.* Арқадан самал турған, *Ышқы базарын* курған („Алпамыс"). **Уйқы базары**—*қатты уйқыға кетиў, ҳәз етип уйықлаў.* Көкнар менен көк чайға өзи қайттыға қанын алғаннан кейин ол *уйқы базарына* аўып кеткен еди (К. Досанов). **Базарға сатыў**—*малды ҳәм басқа да заттарды тусириў, шығарыў. Базарға сатсам* апарып, Жалғыз қара болмайды, Барлық көрне төсегим (А. Дабылов). **Базарға шығарыў**—*салыў, апарыў.* Мол, затларын *базарларға шығарып*, Алғанына қалдырмастан сатыңлар (Ж. Аймурзаев). **Қант көпир базары**—*қыз-жигитлердиң отырыспасындағы бир-биреўине жиберетуғын түйиншиги, шаршысы, қанттың көп болып үйилиўи, нобай болыўы, молшылық.* Қызып өтти *қант көпирден базарың.* Қыз болып жетилген ўақтың Тиллахан (С. Нурымбетов).

БАЗАРЖАЙ *қ.* базар.

БАЗАРЛАТЫЎ базарлаў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЗАРЛАЎ ф. *Базарға барып сауда-сатлық илеў, базарға барыў, базарға шығыў, базарды аралаў.* Соның қуўанышы менен Шамурат Шымбайға *базарлап* кеткен еди (К. Досанов). Мен өткен базар күни қалаға *базарлап* кеттим (А. Бекимбетов).

БАЗАРЛЫ *кел. Көз тартатуғын, көрнекли, қызықлы, өтимли.* Қалаға апарса болады, буның бәри де өтимли, *базарлы* ғой (Ө. Айжанов).

БАЗАРЛЫҚ *ат. Базарлап келиўшилердиң үйине алып келген затлары, үйлериндеги адамларға әкелетуғын сыйлығы.* Бир күни Бердақ шайыр балаларына *базарлыққа* Шымбай қаласынан тақыялар алып қайтады (К. Аймбетов). Қалай, алған *базарлығыңыз* аз болған жоқ па? (Ө. Айжанов). Ҳәзир үшеўиниз де пәлен базарға барып, ҳасыл затлардан *базарлық* алып келиңлер, қайсысыңыздың *базарлығыңыз* баҳалы болса мен соған тийемен („ҚҚ. х. е."). *Базарлық* берип атыр бәрине бирден, Неге собырайып турман бунда мен (И. Юсупов).

БАЗАРШЫ. *ат. Базарға барып керек затларын сатыўшы ҳәм алыўшы, базарға көп баратуғын адам.* Бул мәҳәлде үсти басларын шаң басқан жүзлеринен көзлери зорға ғана қылпылықлап көринген *базаршылар* қалаға келип атыр (Ә. Шамуратов). Жап бойындағы арба жолдан қалаға ерте шыққан *базаршылар* жийи-жийи өте баслады (А. Бекимбетов). *Базаршыда*, шопан да усылар ҳаққында сорайтуғын болды (Ж. Аймурзаев).

БАЗБАЯҒЫ *кел. Бәри бир, бурынғысынша, өзгериссиз, қәддинде, түринде.* Адам *базбаяғы* гүбирленип атыр (Т. Қайыпбергенов). Мен болсам *базбаяғы* еңиреп турман (Ж. Аймурзаев).

БАЗДА *р.* 1. *Айырым ўақытлары, гейде, нагада, набада, сийрек, базы бир ўақытларда.* Аўызына суў тамызса гейде тилге келеди де, *базда* үндемей қалады (Т. Қайыпбергенов). *Базда* үшеўи бирден суўдан шығып, каналдың рашындағы май топыраққа аўнайды (Ж. Аймурзаев). 2. *Күндеги, әдеттеги, барлық ўақыттағы, мудамы.* Олардың оқыўдан келгеннен соң *баздағы* талабы балық аўлаў (Ж. Аймурзаев).

БАЗДА-БАЗДА *қ.* базда.

БАЗЗАЗ *қ.* бәззаз.

БАЗИС *ат. Жәмийеттиң белгили бир раўажланыў дәўириндеги экономикалық құрылысы.*

БАЗЛАНЫЎ ф. *Баз басыў, кир басыў, тат басыў.*

БАЗНА *ат. Жора-жолдаслардың құрбы-құрдаслардың, бир қатарлас, дайылы-жийенли, заманлас адамлардың бир-бирине батырсыныўы, еркинсиниўи. Базналық* етип Қаражан, мойнының шыққан жерине, Бир камшыны урғанда („Алпамыс").

БАЗНАСЫНЫЎ ф. *Батырсыныў, еркинсиниў.*

БАЗНАШЫЛЫҚ *ат. Еркинсиниў шилик, арқа сүйеўшилик.*

БАЗЫ *ал. Айырым, гейпара, базда, базыбир.* Қызлар заңрғатады әнейдей етип, Мен *базын* тапсам да *базын* таппайман (А. Бегимов). Солай болғаннан соң өзимизге мәлим *базыларымыздың* бир шекесин көре қалған өзимиздиң арамыздағы жаслардың аўҳалы менен таныссақ,... (С. Мәжитов). Суўықтан бурын шара көр! Пахтаңды да ертерек тер! *Базылар* териўсиз тур. Ғөрек қалды ма? нетти ме? (С. Мәжитов).

БАЗЫБИР *қ.* базы.

БАЗЫБИРЕЎ *ал. Гейпара адам, айырым киси, базыбиреўлер.* Арзыўдың *базыбиреўлердей* одағай емеслигин Лиза унататуғын еди (Ж. Аймурзаев). *Базыбиреўлери* зыян тапқан базаршыдай сылбырасады (Т. Қайыпбергенов).

БАЗЫЎАҚ *қ.* базда.

БАЙ I *ат.* 1. *Қолында көп мал-мүлки бар, үстем класс ўәкили, феодал.* Бурынлары бир *бай* болыпты, оның қойы оғада көп екен (К. Аймбетов). Сатарына мал болмаса. *Байдың* малын қарыз алма (А. Өтеш). Жайылған *байлардың* сансыз қойлары, Көзине тотыя жүрген жайлаўым (Күнхожа). 2. *Есап-саны жоқ, көп, мол.* Төрт түлигим қаплап өрген, Ойпатым

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бай ҳасыл жерге (И. Юсупов), Қулпы лөнген көк пенең, Өнимге *бай* жер сулыў (Ж. Аймурзаев). Бул жердиң *байлығы* көзден-көзге түсип, тилден-тилге алынып, елден-елге ең жайды (К. Ирманов). Бизиң жердиң теңизи менен дәрьялары балыққа *бай* (К. Досанов). 3. *Жетискен, аўқатлы, қурғынлы.* Үйиңе зор *бай* болып бар, артың да, Керегеңниң барлығын айт, тартынба (Т. Жумамуратов)...белдеўге бедеў байланып, *бай* болып мақсетлерине жетипти („ҚҚ. х. е“.). *Байман* деген кеўлиңниң тоғына, туўрыдан сөйлей бер сөздиң ҳағына (Омар). 4. *Ер, күйеў жубай, жолдас, жуплы.* Сол ўақта ҳаял патшаны өлтириў ушын ислеген ҳийлесин *байына* айтады (Қ. Айымбетов). Мен бир *бай* таңлап отырман ба, биреўди жарлы дейсиз, биреўди бай дейсиз, қайсысына берсеңиз де берең, енди мен де ержеттим, ғой,—дейди де... (Қ. Айымбетов). Тәртипли болсаң *байыңа* неге бийлигиң жетпей жүр (К. Смамутов). Өзиң жатып *байыңа*, тур-турлама келиншек (Қ. Айымбетов). Улмекенниң *байы ше!* деди ҳаял Жийемурат усы аўылдың тап усақ-түсигине шекем билетуғындай (Т. Қайыпбергенов).

БАЙ II: **бай-бай** *т. с. Ренжиген ликти, өкингенликти, күйингенликти, ҳайран қалғанлықты, қуўанғанлықты билдиреди.* Тастай түнек қараңғы ай, Қатын даўысы шықты „*бай-бай*“ (Ш. Артық). Ҳаял *бай-бай* соғайнаған басым, кеширегөр хан аға, мен сизиң хан екениңизди билмедим,... („ҚҚ. х. е“.).

БАЙБАЙЛАНЫЎ **байбайлаў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БАЙБАЙЛАСЫЎ **байбайлаў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БАЙБАЙЛАТЫЎ **байбайлаў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БАЙБАЙЛАЎ *ф. Шаўқым шығарыў, шарбаяшылық етиў, ўай-ўай салыў, даўыс шығарыў.* Егинлерин көриўден кемпир *байбайлап* жиберди (Б. Кербабаев).

БАЙБӘТШЕ *ат. Байдың баласы, байдың улы, бай баласы. Байбәтше* тақылетте отырған баласына Нуржамал жалт-жалт қарады (К. Султанов). ...бир *байбәтше* арбасын токтатып жоқарыда турған Зийбаға көз тигип, сол жерден талтайып қарап токтап қалды („ҚҚ. х. е“.). Ҳәзир баяғы *байбәтшелердиң* заманы емес ғой (Т. Қайыпбергенов). Қайыл болып күнликке, *Байбәтше* бир от жаққан („Ер Зийўар“).

БАЙБЕЛДАР *ат. Қазыўшы, байлардың жарлыларды жалмап қазыўға жиберетуғын адам.* Жийемурат:—ана, мен союзлардың жыйналысына барайын, оўғин қазыў ҳәм *байбелдарларды* тексериў жөнинде мәселе болатуғын еди (Қ. Ирманов). Және бир жыйналыста *байбелдарларды* тексериў мәселесинде, аўыл хызметкерлери жыйналыста аз салынғанлардың,... (Қ. Ирманов).

БАЙБИЙКЕ *қ.* **бәйбише.**

БАЙ-БОЙ *т. с.* 1. *Таңланыў, ҳайран қалыў, ренжиў, күйиниў, өкиниўди билдиреди.* „*Бай-бой*, бул не деген пул,

барлығы жүзликтен ғой,“... деп олар шуўласып, ҳайран қалып, қызарып кеткен Шүкиржанға қарады (А. Бекимбетов). 2. *Куўанышыў, мақтанышыў билдиреди.*

БАЙҒУС *кел. Мүсәпир, ғәрип, бийшара, бахытсыз.* Деп кемпир қамығып бирден, Еңкилледи *байғус* анам (И. Юсупов). Сол күннен баслап ол *байғус*, Умытты басқа өмирди (И. Юсупов). Жыламай *байғус* не қылсын, Қалмақтың ханы өлтирди, Алты бирдей баласын („Қырқ қыз“).

БАЙДАҚ *ат. Топар, дүркин, шоқ, көп, сансыз.* Қазақта туў *байдақ-байдақ*, Атам түйе минип жайдақ, Қытайға уран болған екен (Бердақ).

БАЙДАҚЛЫ *кел. Шубатылған, көтерилген.* Бийиктиң басында қарап турса, Қалмақлардың ел бетинен узағырақта бир тозаң көринди, *байдақлы* шаң көринди („Алпамыс“).

БАЙДАРКА *ат. Ескектиң жәрдеми менен айдалыўшы, еки ямаса төрт адамлық, палубасы жабық жеңил қайық.* Балық промыселларында кеннен жүритип жиберди, *байдарка* қайықларды соқтырды (Қ. Ирманов).

БАЙКЕМ *ат. Тумсығы, ушы шашақланған, жез өкшели, қызыл тукли шеримнен тигилген етик, аяқ кийим.* Ең ғайратлы жигитлердиң алты ай жазы мененги жүргени еки батпан буўдай, үш батпан жүўери, төрт батпан ғары, бир көйлек, ыштан, бир *байкеми* етик, бир гөне шапаннан артпайды (Н. Дәўқараев).

БАЙҚА *қ.* **байқаў.**

БАЙҚАҒЫШ *кел. Сезгиш, абайлағыш, билгиш.* Бирақ куўанғанлықтан ба, әлле сүйиўшилигиниң сағасы ашылып кеўли елжиреп кетти ме, оның денесиниң *байқағыш* екенлиги сезилди (Ө. Хожаниязов). С. Нурымбетовта да сатираның мәнисине түсиниўғынлығы, *байқағышлығы* жақсы сезиледи (Г. Есемуратов).

БАЙҚАЛЫЎ **байқаў** фейлиниң өзгелик дәрежеси.

БАЙҚАМАЎ *ф. Серлемеў, абайламаў.* Сөйтип сизиң келип қалған қызығыңызды *байқамай* қалыпсаң, кеширесиз! (А. Бекимбетов). Бийбираба отаўдың тасасы менен зымп етип келе қалған Меңлимурат мәрегин *байқамапты* (Н. Бөрекешов).

БАЙҚАМАЎШЫЛЫҚ *ат. Сезбей қалыўшылық, аңламай қалыўшылық.* Буны дурыс көрсетпегени бул *байқамаўшылық* болады („Сов. ҚҚ“. г.)

БАЙҚАС: **байкас етиў** *қ.* **байқаў.**

БАЙҚАСЛАЎ *қ.* **байкастырыў.**

БАЙҚАСТЫРЫЎ *ф. Сер салыў, көз салыў, болжаў.* Солай болса тапқан кисиниң алдын-артын *байқастырып* көре-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

йик,... (А. Бекимбетов). Кулак салып тыңласаң, *Байқастырып* қарасаң („Алпамыс“).

БАЙҚАСЫЎ *ф.* *Бирин-бири сынаў, байқаў, сынасыў.* Бул айқасыў үстинде, Күшлерин әбден *байқасты* („Қырқ қыз“).

БАЙҚАЎ *ф.* 1. *Болжаў, барлаў, аңлаў, абайлаў, бақлаў, сезиў, билиў.* Жигитлер оның киятырғанын *байқап*, шылымларын өширип таслаған еди (Ә. Тәжимуратов). Оның сөйлеўге тартынып турғанын *байқадым*, өйткени, ол кутә жас еди (Ө. Айжанов). Кеўлиң менен *байқап* сез де, Өз ярыңды танып ал (И. Юсупов). 2. *Сақ болыў, бек болыў, сақланыў, абайлаў, сер салыў.* Бул әкең менен туўысқан жоқ. *Байқа!* (Т. Қайыпбергенов). 25 саўлық желин қозғады, *байқа*, өристе туўып қалмасын (Ө. Айжанов). Ол қайтадан Сабыржанның бас ушына ийилицкирип, оған сер салып, *байқап* қарады (А. Бекимбетов).

БАЙҚАЎСЫЗДА *р.* *Бирден, тосыннан, абайсызда.* *Байқаўсызда* қап-қара бир нәрсеме деп ҳүррем ушып кетти ғой (Г. Есемуратова). Палўан бир шетте турып, өксигин басалмаған—Гүна менде, *байқаўсыздан* жол бойында айтып қойдым, билмеппен деп гүбирленди (Ө. Айжанов).

БАЙҚАЎШЫ *ат.* *Сынап қараўшы, абайлаўшы, бақлаўшы.* Кемпир ҳәмме ўақыт барлық нәрсени *байқаўшы* еди (Б. Кербабаев).

БАЙҚАЎЫМША *р.* *Билиўимше, сезиўимше, абайлаўымша.*— Рас айтаман, мениң *байқаўымша* сениң бар ғой, көзлеринде аўыр сыр бар, айтыўын зәрүр (Т. Қайыпбергенов). Бирақ, бир де пискени аўызына түспеди, мениң *байқаўымша* мийўешиң ең әўели уша басы писеди екен,... (Ө. Айжанов).

БАЙҚУС *қ.* байғус.

БАЙЛАМ *ат.* 1. *Жуўмақ, тоқтам, шешим, сөздиң түйини.* Бул мәселе бойынша бригадир колхозшылар менен бир *байламға* келди („Қыз. ҚҚ“. г.). 2. *Басқа салынатуғын жаўлықтың (шаршының) ең кишкене өлшеми.* Бир *байлам* шаршыны белине байлап ғарры сыртқа шығып кетти („ҚҚ. х. е“.). 3. *Бир топ түйин, бир буўма, түйиншик.* Ҳәммесин бир *байлам* етип буўды (Ө. Айжанов). 4. *Қап ямаса қапшықтың ҳәм де ыдыслардың аўызын байлайтуғын ең кишкене жип ямаса шыжымның өлшеми, бөлеги.* ...карыстай *байлам* жип табылмады,... („ҚҚ. х. е“.).

БАЙЛАМАЎ *ф.* *Таңыўсыз, шандыўсыз, буўыўсыз, бос, байлаўсыз.*—Ҳа қыз, ҳа Айнагүл, сен не питирдиң бузаўды айырып *байламай?!* (Т. Қайыпбергенов). Ер жолында жан қыймай, Мойнына зулпын *байламай* (Л. Дабылов).

БАЙЛАНБАЎ *ф.* *Түйилмеў, бәнт болмаў, бос, байланбаған.* Улым болса қолым *байланбас* еди, Енди мениң қызыл гүлим солады („Ер Зийўар“).

БАЙЛАНЫС *ат.* 1. *Адамлардың, коллективтиң ортасындағы келисим, еки жақтың арасындағы бекkем қарым-қатнас.* Сенин... Гриша менен *байланыс* жасап кеткенлигин бир түрли етпей қоя ма (Ә. Шамуратов). ...бул халықлардың мәдений *байланыс* партасы бундай болжаў жүргизиўге мүмкиншилик береди (Қ. Мақсетов). Рети менен оның үстине Абылдың „қарындасы“ киргенде, капитан ол қыз менен көбирек сөйлесип, Сабыржан менен болған *байланысы* ҳаққында сорады (А. Бекимбетов). 2. *Сөйлесик, келисик.* Соннан берли булардың дослығы бир-бири менен *байланысы* үзилген емес (Қ. Досанов). Санар менен Оралдың арасындағы *байланыстан* оның хабары жоқ (М. Әбдиреймов). 3. *Тийисли, шартли, сыбайлас.* ...жаңа нормалар, жаңа жәмийетлик *байланыслар*, көз караслар қәлиплеседи (Г. Есемуратов). Соңлықтан деңедеги анаў я мынаў мүшениң функциясының бузылыўы, усы орайлық нерв системасы менен бас мийинин *байланысы* ҳәкислениўинен келип шығатуғын бизге жүдә анық (А. Бекимбетов). 4. *Узақта турғатуғын адамлардың бир-бири менен хабарластырыўшы, сөйлестириўши мәкемелердиң конторасы, кеңсеси, телефон-телеграф, хат ямаса биреў арқалы жасалатуғын қатнас.* Мәселен, *байланыс* бөлими, *Байланыс* конторасы. — Әўеле *байланысын* үзиў керек, мениң аяғымның астында телефон сымлары жатыр,—деди ол сыбырлап (Ө. Айжанов).

БАЙЛАНЫСЛЫ *кел.* *Қатнасығы бар, себепли, тийкарлы.* Бәри де өзине *байланыслы* (А. Әлийев). Эпитет сыяқлы көркемлеў қураллары халық турмысына *байланыслы* алынған („Мәспатша“). Лекин бунын ҳәммеси Мийирханға *байланыслы* (Ө. Хожаниязов).

БАЙЛАНЫССЫЗ *кел.* *Уйқаспайтуғын, үйлеспейтуғын, қатнаспайтуғын, араласпайтуғын.* Бир-бирине *байланыссыз* сораўларды қайталап орнымнан ушып турдым (К. Смамутов). Бизде дерлик аўыл өмири менен *байланыссыз* бир де шығарма жоқ (Г. Есемуратов).

БАЙЛАНЫСТЫРЫЛЫЎ **байланысыў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БАЙЛАНЫСТЫРЫЎ **байланысыў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БАЙЛАНЫСТЫРЫЎШЫ *ат.* *Сөйлестириўши, қарым-қатнас жасастырыўшы, мәмлелестириўши, келистириўши, сыбайластырыўшы.* Олар МТС менен колхозды *байланыстырыўшы* күшти қызғын мийнет маршын түсиниўге баслайды (Г. Есемуратов).

БАЙЛАНЫСЫЎ *ф.* *Араласыў, қатнасыў, қарым-қатнасық жасаў, сөйлесиў, келисимге келиў.* Мийнеткеш массасы менен *байланысыў* керек болды (С. Мәжитов). ...автор тарийхый

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ўақыялардың шебер *байланысыўына* ериседи (Г. Есемаратов). Агитация ҳәм пропаганда жумысларын практикалық жумыслар менен *байланыстырыў* керек (Т. Нәжимов). ...бурынғы әдебият пенен ҳәзирги әдебиятлық саны тығыз *байланысқаны* айқын (А. Бекимбетов). Ленинниң революцион исшеңлиги турмыста қаншелли тығыз *байланысқан* болса, қарақалпақ шайырларының қосықларында сондай етип берилген (Н. Жапақов).

БАЙЛАНЫЎ **байлаў** фейлиниң өзгелик дәрежеси.

БАЙЛАР *қ.* **бай I.**

БАЙЛАСТЫРЫЎ **байлаў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БАЙЛАСЫЎ **байлаў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БАЙЛАТПАЎ **ф.** *Услатпаў, ерк бермеў, байлаўға мүмкиншилик бермеў, бир нәрсени бир-бирине жалғастырмаў, түйистирмеў.* Келген жаўды шыдатпай, Аяқ-қолын *байлатпады*, Душпаны ҳеш бир батпады, Алақласып барған екен (Бердақ). Жаман атқа жал питсе, Жанына торсық *байлатпас*, Жаман ерге мал питсе, Жанына қоңсы қондырмас, Қондырса да тындырмас („ҚҚ. х. н".).

БАЙЛАТТЫРЫЎ **байлаў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БАЙЛАТЫЎ **байлаў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БАЙЛАЎ *ф.* **1.** *Арқанды, жипти, шыжымды ямаса басқа бир нәрсени бир-бирине жалғастырыў, түйистириў, бәнт етиў.* Қабақтағы жипке узын арқан *байлап* ыраўда жүрип, ели бала еки жақтан тартамыз (А. Бекимбетов). Жарылған басын сийле менен *байлады* (Л. Бекимбетов). Сонан төртеўин үзип әкелип, еки екиден мойнын қосып жип пенен шатып *байлаймақ* (А. Бекимбетов). **2.** *Қандай да бир нәрсесин басқа биреўге сыйлаўға бериў, ҳүрмет еў ретинде сыйға усыныў, арнаў.* Енди байлаўлы каршығамызды баласының қанжығасына *байладық* (К. Султанов). Бир тыйынсыз Сапардың қанжығасына *байлап* жибергенимди умыттың ба қатын! (К. Султанов).—Ал, жүдә енди?—деп Қудияр жасаўылды ертип, туўра шаўып баратыр еди, тоғайдың ишинен бир атлы шықты да тазыға булардан бурын жетип, қоянды қанжығасына *байлады* (К. Султанов). Билерсең ышқы дәртин өзиң ойлан. Жүреги жаралыға дым қыйын ҳал, Унатсаң ақ марлыға таң да *байлап*, Жүректи өзиң емлеп, тек өзиң ал (Т. Сейитжанов). **3.** *Белгили бир шешим, жуўмақ.* Ерназарды алдаўлықта *байладық*, Айып билмес ҳаслың натық қолдаўлы (Бердақ). *Байлап* өлер сениң жүрер жолыңды, *Байлады* уры деп еки қолыңды (А. Өтеш). Деп ғарры күтә абайлап, Шаршысына қойған *байлап*, Градусникти шешип алып, Қайтып берди жүзи жайнап (И. Юсупов). ◇ **Тил байланыў**—*сөйлей алмай қалыў, унсиз қалыў.* Үндемейсиз неше айлап, Қоя беринг *тилди байлап* (Т. Жумамуратов). **Бел байлады**—*тәўекел етти,*

тақ турды, умтылды, жигерленди, ғайратланды, ғурыжға минди. Ол мениң менен танысып, екеўмиз жүдә татыў болдық, комсомоллық сөз бергеннен кейин оның менен турмыс қурыўға *бел байладым* (А. Бекимбетов). Арадан еки күн өткен соң Әметтиң өзегин өртеген ой бир жағына шығып, ол Жумагүлдиң үйине барыўға *белин байлады* (Ө. Айжанов). Шофер болдым машин айдап, Сол таланқа *белди байлап* (Ш. Артық). Уатанымыз гүл жайнаған, Халқы ушын *бел байлаған*, Намыс ушын жан қыйнаған, Досларға даўыс берейик (Д. Қасымов). **Жипсиз байлады**—*Аўыс, рухсат етпеди, өз еркине жибермеди.* Түсим бе, оңым ба, япырмай бала, деп ишten ойланып, *жипсиз байлаўда* (Ш. Артық). Кимниң маңлайындағы жалғыз ешкисин, кимниң сыйырын апарып, ийирип *жипсиз байлап* қойыпты (К. Султанов). **Көзбайлады**—*алдады, арбады, бекемледи.* Соны барып ал ла ушын ис етип жоның, Испандиярдың еки *көзинен байлап* сары жайға салып атсаң,... („ҚҚ. х. е".). **Қанат байлады**—*талпыныў, умпылыў.* Сен сүйип жырым *қанат байлаған*, Қыялыңды алып ушып барады (Т. Сейтжанов). Шадлығыма шадлық қосқан. Жазған сайын кеўлим йошқан, *Қанат байлап* өрге ушқан. Бул жаслық жырларым саған (Т. Сейтжанов). **Бахтын байлады**—*кесент, аркыныш, зыян.* Ендиги жағында сол бийдәўлетти күтип *бахтыңды байлама*, өзиңниң онарында ойла, балам? (К. Смамутов). Сен жүрипсең сайран етип той-тойлап, Пайдасыз қызларға *бахтыңды байлап* (А. Дабылов). *Байлама мениң бағымды*, Ол айтқанын керек емес (Омар). **Суў байлады**—*бөгет басыў, сағасын тыйыў, ағызбаў, тоқтатыў.* Жуўырды Гүлжан бөгетке, Пәтан *суў байлаў* бермеди (Б. Қайыпназаров). **Сағa байлаў**—*шыққан жерин ыркыў, тоқтатыў.* Мине ол он қарықтың *сағасын байлаўға* киристи,... (Ө. Хожаниязов). ...олардың жапларының *сағасын байлап* таслап, ақ егин, көк егин дегеннен бос қалдыратуғын еди (А. Бегимов). **Бас байлады**—*өлимге басын тикти, қәўипке, қыйын ҳәдийсеге көниў, қайыл болыў.* Бирақ олардың биразы *бас байлаўда* болды (К. Султанов). *Бас байлаўда* ябыға усап, Ойладым: „енди ҳал нешик болады" (Ш. Артық). **Туў байлады**—*байрақты байлады, тикледи, көтерди.* „Жеңис *туўын байлады*. („Қыз. ҚҚ". г.). **Басы байланды**—*ҳаял қызлардың биреўге атастырылып қойылыўы, қараслы болыўы, тийисли болыўы.* **Көзи байланды**—*көрмей қалыў, қараңғы түсиў, ымырт жабылыў.* Ислеген исти көрмей *көзи байланды ма?* оның,—деди Жаббақ (Б. Кербабаев). **Нерви байланды**—*нерв системасындағы қан тамырларының тоқтаўы, ислемей қалыўы. Байланып қалған нерв* жол тапты, ашылды (А. Бекимбетов).

БАЙЛАЎЛЫ *кел.* **1.** *Түйилген, байланған, таңылы, бүўыў-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лы, шаңдыўлы, түйиўлы. Басындағы *байлаўлы* бинтти алып тасламақшы болды (А. Бекимбетов). Асангелди уйқысынан оянып қараса, қасындағы ҳаялы менен баласы жоқ, атларда жоқ, қолы *байлаўлы* („ҚҚ. х. е“.). Тамның қубласға қаралған дәрўазасының алдында еки-үш мал *байлаўлы* тур (С. Хожаниязов). 2. *Сезимли, мықлы, ақыл-ойы, көкреги берк.* Ертең күндиз журт алдында *байлаўлы* турғанша усы бүгин түнде билегин кесип бериўге қайыл,... (К. Султанов). Шайырдың *байлаўлы* бахты ашылды. Жүйриктиң шидери бирден шешилди, Қанат жазып, әтирапқа көсилди. Шайырдың булағы тасты Аббаздың (Д. Қасымов).

БАЙЛАЎЛЫДУР *қ.* байлаўлы.

БАЙЛАЎСЫЗ *кел. Байланбаған, байламай қойған, бос,* бөгетсиз *байлаўсыз* жүрген ылақларды айдап келди („Қыз. ҚҚ“. г.).

БАЙЛЫЦУР *қ.* байлаўлы.

БАЙЛЫҚ *ат.* 1. *Материаллық кәнлердиң жыйынтығы.* Таўдан алған халық *байлығын*, Әлле кимлер алар тартып (И. Юсупов). Туўған жерим Акса-Дәрбент деген жай, Жеримиздиң *байлығы* мол қарағай („Мәспатша“). Тарийхта Жайхун деген атақ бар, *Байлықтың* кәнигей түрли затық бар (С. Нурымбетов). 2. *Материаллық мүликлердиң, малдың, дәўлет, ақшаның, дүньяның молшылығы.—Байлық* пенен дүньяны салма араға (К. Сулганов). Қанша *байлық*, қанша алтын, жер, суў ҳәм есапсыз малдың (И. Юсупов). Доллар жанлы ҳүкимети, *Байлық* излеп болған себил (И. Юсупов). 3. *Бахыт, денсаўлық, қуўаныш.* Адамға бәринен тирилик қымбат, Асқан *байлық* — жасап дүньяда турмақ (Т. Әбдираман). Күн-күн өскен, көкке тийген лек-лек *байлық* таскын өмир (Т. Әбдираман), Қол-аяғы матаўда, Уллы *байлық* деп саўда (Бердақ). Тил жетпес айтыўға бәрин, Әлўан *байлық* жыр қыларым (И. Юсупов).

БАЙПАҚ *ат. Қой жүнинен исленген аяқ кийим.* Бираздан кейин Айдананың *байпағын*, үст кийимлерин ҳәм Несибелиге етик алып келди (Ө. Хожаниязов).

БАЙПАҢЛАЎ *ф. Өсте, ақырын, жай, шайқалып, теңселип, ырғалып жүриў, жай басып жүриў, аяғы ақсаңлаңқырап, сылтып жүриў. Байпаңлап* шықты ортаға, Сол ўақлары Аллаяр („Қырқ қыз“).

БАЙРАҚ I. *ат. Жарысқа тигилген сыйлық.*—Ҳә бәрекелла бүгинги *байрақ* сеники (Н. Дәўқараев). Басып озып гүл беремен *байраққа*, Ал мен уштым сен изимнен қуўала! (И. Юсупов). Илгериде *байраққа* үш метр ақсуп таўар алдым, бул да соннан, тарықпа, табылар еле де деп Мийирхан кестели орамалды балдағымның үстине жайып мени түргелтип отырғызды (Ө. Хожаниязов). ◇ **Бәйги байрақ**—*жарысқа қойылған зат, үәж.* Ол тек усы атты шаўып биринши *бәйги байрақты* алыўына ғана қызығатуғын еди (Ж. Аймурзаев). Жети жылға ат жиберип Мойнағым, Қутлы болсын *бәйги алған байрағың* (К. Султанов). **Бақсы байрақ**—*бақсыларға берилетуғын сыйлық. Бақсыларға байрақ* берди, Жақсыларды жаман көрди (Күнхожа) **Мүше байрақ**—*ылақ ойынында озып келгенлерге берилетуғын мал. Мүше байрақ* бермеди, Еки айналып келди, Мунда да мүше бермеди, үш айланып келеди („Алпамыс“). **Жары байрақ**—*берилетуғын сыйлықтың ярымы, жартысы.* Абыройы сизики *жары байрақ* бизики, Пошҳа-пош деп заңғар кәл, Ат жетеклей береди („Қоблан“). **Байраққа тигиў**—*арнаў, жоллаў, бағышлаў.* Мен басымды Нигарханның жолына *байраққа тиккенмен*,... (К. Султанов).

БАЙРАҚ II *ат. Туў, жалаў.* ...поэзия өзиниң салмағы ҳәм сапасы менен совет адамы Ўатан *байрағын* тиккен космос бийиклигине көтерилиўи керек (Г. Есемуратов). Көшпели *байрақ* көз житирим жерден жалындай лаўлап көзге түседи (И. Юсупов). Коммунизм *байрағын* күндей жайнатамыз (Ө. Хожаниязов), Жаўды жексен етип унтап ҳәм Берлинге тикти *байрақ* (Ж. Аймурзаев). Жер жүзинде көтерилсин желбиреп, Қанат жайып уллы Ленин *байрағы* (Д. Қасымов). ◇ **Жеңилмес байрақ**—*күшли, карыўлы.* Өзлерин көрсеткен ғайраткерлер бар, *Жеңилмес байрағын* көтерген алға (С. Нурымбетов). **Қызыл байрақ**—*қызыл гезлемеден исленген байрақ, жалаў, туў.* Мектеп үстинде *қызыл байрақ* жарқырап жайнап тур (Ж. Аймурзаев).

БАЙРАҚЛАНЫЎ *ф. Алдағы қатарда болып сыйлықланыў, байрақ алыў, байрақ алыўға миясар болыў.* Егер бурын адамлар мени „Ергаш“ деп атап келген болса, әне усы *„байрақланыўдан“* соң „Ергаш кетик“ деп атайтуғын болып қалды (С. Айний).

БАЙРАҚЛАЎ *ф. Жақсы ислеўши адамларды сыйлықлаў, алдыңғы қатардағыларға жақсы затлар менен ямаса ақшалай сыйлық бериў, саўға бериў.* Колхозшыларды ҳәр түрли затлар менен *байрақлады* („Қыз. ҚҚ“. г.).

БАЙРАҚСЫЗ *кел. Сыйлықсыз, саўғасыз, қуры, босқа.* Қыя шөлде үшеўи *байрақсыз* атлар шабысты („Қырқ қыз“).

БАЙРАМ *ат. Белгили бир тарийхый ўақыяға байланыслы белгиленген мереке күни, той-тамаша болатуғын мерекениң күнлери.* Сол күни қалмақтың *байрам* күни екен („Мәспатша“). Уллы *байрам* той қылып, Халықты қылды абадан („Қырқ қыз“). Салтанатлы *байрамларда* емес тек, Бизлер лоспыз, дослық уллы бизлерде (Б. Қайыпназаров). Жыраў тойларда, *байрамларда* көп адамлық жыйынларда ғана айтады (Н. Дәўқараев).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БАЙРАМЛАЎ *ф. Белгили бир уллы күнлерди салтанатлы түрде өткерилеў, ойнаў, ўақлы хошлық етип сайранлап жүриў. Байрамлайды* Уллы Аўған, Хиндистан. Социаллық еллер болды гүлистан (Д. Қасымов). Колонианың басында шалқып, Берер ислер ғарры пахтакеш, Табыс таўып ҳәммеден артық, *Байрамлар* ол усылай ҳәр сапар (Т. Сейтжанов).

БАЙСЫЗ *кел. Күйеўсиз, ерсиз, жуптысыз, ери жоқ, басы ашық, жесип, тул, байы жоқ, басы бос, күйеўи жоқ.* Отызға жана келген келиншектиң бир жылдан берли *байсыз* жүре бериўи қулақ еситпеген гүна екенин айта келип, тезирек тенин табыўлы апама нәсият етти (К. Смамутов). Күйеўи болмаған соң *байсыз* баланы туўып қайтсин, шөктирип таслатыпты (Ө. Айжанов). Себеби мениң аўылымда бир де жас ҳәлдин *байсыз* жасап, басқа жаслардың ла ҳарам жүриўине себепши болыўын қәлемеймен (С. Айний).

БАЙСЫМАҚ *кел. Сәл дүньялы болып жаңа байыңқыраған, байға жақын, бай тақлетиндеги адамлар.* Қалада турған *байсымақ* аламларға көшпели түркменлер қарсы болды (К. Ирманов).

БАЙСЫНЫЎ *ф. Барсыныў, молсыныў, көпсиниў.* Кемпир ананы-мынаны айтып Жаббақларға *байсынды* (Б. Кербабаев).

БАЙСЫРАЎ *ф. Турмысқа шығыўды қәлеў, ерге шығыўды арман етиў, байға тийиўди қәлеў, күсеў.* —Егер *байсырасам* „Қабасан ашамайлы"-дан да адам табылар (К. Султанов). Шыйықназарлың мәс қатынлары да *байсыран*, санларына шаппатлап отыр (Н. Бөрекешов).—Шаңарағымды жоғалтпайман, *байсыран* отырғаным жоқ, жалғыз қызымды асырай аламан,— деди Гүлзийра кәнбеди (Н. Дәўқараев). Қурты аққан Журынды алып келгенше, *Байсырасаң* маған тийсең болмай ма („Қырқ қыз").

БАЙТАЛ *ат. Еки-үш жастағы урғашы жас жылқы.* Минип келгеним кисиниң *байталы* еди,... (К. Ирманов). Айтсаңыз жаман сөзди аңлаўсыздан, Айтыңыз *байтал* бар ма аттан озған (Әжинияз). Ҳәр қайсыңыз минип апсыз бир *байтал*, Ҳаўлығын, ҳаплықпа күшинди қайтар (Бердақ).

БАЙТАЛДАЙ *кел. Байталға усаған, қусаған, мегзес, ұқсас, тақлатлы, сыяқлы, ири, өзиндей, тап өзи.* Қатын алсаң нардай, бала туўар жардай, Қатын *байталдай*, бала туўар шайтандай, Бир жерге жумсасаң, қайтып келер, айтар сөзин айталмай („ҚК. х. н".). Торы атқа қарасаң, зәлел еткен ҳәттершинин *байталындай* болып турады („Коблан").

БАЙТЕРЕК *ат. Турпаты үлкен, узын бойлы, жапырағы қалың, қойыў көлеңкели терек.* Саялы нәрўан *байтерек*, Аўылдан қублала ерек („Мәспатша"). Олар алдымызға түсип жүрмесе есиктиң алдындағы еки *байтеректиң* биреўин түбинен шаўып жоқ етип, биреўин геллеклеп шырпып келиң,..—деп апсырады,... („ҚК. х. е".). Ол *байтерек* үстинен ескен желпен самал менен желбиреп тур (А. Бекимбетов).

БАЙШЫЛ *кел. Байды жақлаўшы, байдың тәрепдары, байлы қорғаўшы.* Байдың сөзин сөйлеўши, жырын жырлаўшы *байшыл* адам еди (С. Айний).

БАЙШЫНАР *ат. Қалың жапырақлы, қойыў саялы, көлеңкели, таўлы жерде өсетуғын узын аң терек.* Байшубарлы *байшынарға* байлап, төрге төрт қатлап төсекти салып,... („Алпамыс").

БАЙЫР *ат. Орын, мәкан, жай, қоныс.* Көл бойына *байыр* етип турақлы, Мен кетермен әрман менен жырақлы, Қамыс орып, алтаў-жетеў ораклы, Терис төбе, Узын қайыр жайлаўым (Күнхожа). Өзиниң *байыр* малындай, Қолда доғмыт қулындай қылып жүз миллионнан көп жарлыны бир неше гәне мыңнан қуралған байлар бөлисип алыпты,... (С. Мәжитов).

БАЙЫРАҚ *кел. Жарлыларға қарағанда мал-мүлки, дүньялы көбирек, байға жетерлибарақ, байға шамалас адам, шамарақ бай.* ... бай дегенде мен аўылдың *байырағы* шығармаң, журтқан бай емеспен,... (Қ. Ирманов).

БАЙЫТТЫРЫЎ байыў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЙЫТЫЎ байыў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЙЫЎ *ф.* 1. *Мүлки, дүньясы көбейиў, молайыў, қатланыў, қурғынланыў.* Усылай етип кемпир кем-кем *байыйды* („ҚК. х. е".). Шийдиң түбин қайыған, Есап пенен *байыған* (ҚҚ. х. к.). Мийнет етип, күшимизди басқа биреўлердиң *байыўы* ушын жумсаймыз (Қ. Ирманов). 2. *Көп егисликтиң егилип болыўы, егистиң тамамланыўы, егистиң бир түриниң егилип болыўы.* Быйылғы егисте *байыды* (Ж. Аймурзаев). 3. *Билимниң, илимниң раўажланыўы, өсиўи, өрлеўи.* Дослық, бирлик арқалы мәденияты менен әдебияты көркейип *байып* отырады (Қ. Айымбетов). ... сын көтерерлик 10 поэма, 10 драмалық шығарма, прозаларды жазып әдебиятымызды *байытты* (Г. Есемуратов). Ҳәр бир миллет өз спецификациясына ийе; бул өзгешеликлер ҳәр бир халықтың жер жүзилик мәдениятқа үлесин қосатуғын, оны толықтыратуғын ҳәм *байытатуғын* үлес болып есапланады (Б. Исмайлов). ◇ Шала байыў—*пайдалы зат алыў, бир олжаға гезлесиў, бир пайда түсириў, тысқарыдан кирис болыў, пайда көриў.* „Жарлының бир тойғаны *шала байығаны*"-деген, ... („Мәспатша"). Егер бунық бәри телекке түссе, онда *шала байып* қалармыз (Ө. Хожаниязов). —Ал бала, енди сен *шала байытуғын* болдың аў,—деп таңланды (Ө. Хожаниязов).

БАЙЫЎЛЫ *ат. Көбинесе гәне таңға үйир болып уялайтуғын кишкене қуслардың бир түри, бир нәрседен сезикленсе ямаса биреўди көрсе шықылықлап көтерилип-басылып отыратуғын жабайы қус.* Ҳәр жер-ҳәр жерден шырылдаған бузаўбастың,

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жылқышы менен *байыўлының*, анда-санда мөнирегән ма даўыслары еситиледи (Ө. Хожаниязов). Қашан көрсең усы табы тың үстинде *байыўлы* отырғанын көремен (Қ. Досанов). ... адам толған тамларды *байыўлы* уялаған мәканларға айнал дырмалы ма,—деди (А. Бегимов).

БАЙЫЎЛЫДАЙ *кел. Байыўлыға мегзес, усас, уқсас, тап өзи, дәл, дәл өзи.—Байыўлыдай* шықылықлай берме, ҳәзир беремен (А. Бекимбетов). *Байыўлыдай* муддасыл гөне там да отырып билмейтуғын бәлең жоқ (А. Бекимбетов).

БАЙЫЎШЫЛЫҚ *ат. Байыўдың жолына түсиўшилик, қызығыўшылық, умтылыўшылық.* Булда *байыўшылықтың* изине түсти,... (Б. Кербабаев).

БАҚ *ат. Суў, май ямаса басқа да суйық затлар қуятуғын темир ыдыс.* Қәне, анаў шелекти алып, жоқарыдағы *баққе* шық (С. Салиев).

БАҚАЛЕЯ *ат. Қант, кофе, ун, чай, гүриш, қақланған ҳәр түрли ишип-жеўге тамақ, азық және усы азық-аўқатлар менен сауда қылыўшы дүкан (магазин). Бакалея* затларын көбейтиў керек екенлигин көрсетип өтти,... („Сов. қ қ." г.).

БАҚЛАЖАН *ат. Үлкенлиги қыярдай болып келетуғын көкшил қоңыр түсли бағша овощларының бир түри. Бақлажаннан* таярланылған аўқатты әкелип қойды (Ө. Айжанов).

БАКТЕРИОЛОГ *ат. Бактериология бойынша ғалым.* Ҳәзир бизде *бактериологлар* жоқ (Қыз. ҚҚ. г.).

БАКТЕРИОЛОГИЯ *ат. Бактериялар туўралы илим. Бактериология* тараўы кем раўажланған („Қыз. ҚҚ." г.).

БАКТЕРИЯ *ат. Көзге көринбейтуғын, тек ғана микроскоп арқалы ғана көринетуғын жүдә майда организм, микроб.* Олардың талқысын гриб ҳәм *бактерия* кеселликлери менен зыянланыўдан аман сақлайды (А. ДЖальменов, П. Т. Карпов).

БАҚ I *қ.* баг.

БАҚ II *қ.* бахыт.

БАҚА *қ.* қурбақа.

БАҚАДАЙ *қ.* курбакадай

БАҚАЙ *ат. Аяқтың бир бөлеги, тобық пенен дизениң аралығы, бақай жилик.* Қара талдай майысып, *Бақайы да* қайысып, Басы жерге тийгенде, Зордан өзин алады („Қоблан"). Белдеўликке миндирди,-Аўырлығы соншелли, Алпамыстай батырды *Бақайдан* жерге көмдирди („Алпамыс".—Бул жолларға бирге келген қақайым, Аўырып тур таслар қаққан *бақайым* („Қырқ қыз").

БАҚАЙШЫҚ *ат. Бақай бөлекшелериниң саўсақларының буўынға бөлинген кишкене сүйеклери.* Қазанда көп *бақайшық* бүлкилдеп қайнаўлы тур (К. Аралбаев).

БАҚАЛАҚ *ат. Дигирманның үстиңги бөлегин көтерип түриў ушын ортасындағы тесикке орналастырылатуғын қатты ерманы қурғақ жыңғылдан исленген зат.* Ал дигирман тартқанда *бақалағын* түсиремен (Ж. Аймурзаев). *Бақалағы* майысты, Ат шапқан дағдың пәстине („Алпамыс"). Қабырғасы қайысып, *Бақалағы* майысып, жарылып тек те өлмеди („Қырқ қыз"). Өмиринде таслаған *бақалақ* маңлайына тиймеген жарлыға ол жорға ылайық емес (К. Ирманов).

БАҚАЛАҚЛАНЫЎ *ф. Қара үйдиң үзигиниң төменги ишки бетине ҳәр жерге кийиздиң үстине қызыл шыттан нағыслап тигилип жабыстырылатуғын кийиз. ...* алты қанат *бақалақланған* ақ орда (К. Султанов).

БАҚАН *ат.* 1. *Қара үй менен ақ отаўдың тўнлигин, үзигин, жабыўын ашып жабатуғын ҳәм де көтерип салыў ушын қолланыўшы ушы аша узын жиңишке ағаш. Бақан* курды ақ отаўға, Етпеди ҳәм артық ғаўға, Салды жүўен асылыўға, Ҳәммесин таңлаған екен (Бердақ). Балалар-*бақан* керер қәдемизди бер (Н. Дәўқараев). *Бақанды* олар көмеди, *Бақанға* жүўен кереди (Бердақ). 2. *Бир нәрсени көтериў ушын ямаса тиреп қойыў ушын қолланылатуғын ушы ашалы жуўан ағаш.* Ортадағы тамның пәтигине беккемленген *бақанның* ушы жуўаздың кең шукырында гүнжини езип, майын шығарып (Б. Бекниязова).

БАҚАНДАЙ *кел.* 1. *Үлкенликти, ириликти, гөўделикти, нәҳәнликти билдиреди.* Ол биринши жыл тал шыбықтай, екинши жыл таяқтай, үшинши жылы *бақандай* болып жетисти (Қ. Досанов). 2. *Бақанға усас, мегзес, сыяқлы, сондай, өзи, тап өзи дегенди де билдиреди.* Есик алдында *бақандай* қатып турған еки часовой кирген менен шыққаннан көзин айырмайды (Қ. Досанов).

БАҚАНЛАЎ *ф.* 1. *Бақан ағаш менен урыў, сабаў, қуўыў.* Үй артынан мал келсе *бақанлама* келиншек („ҚҚ. х. қ".). 2. *Бир нәрсени бақан менен көтериў, тиреў.* Шертектеги ағашлардың қайысқан жерлерин *бақанлап* қойды (С. Мәжитов).

БАҚАНША *ат. Бақанның кишкене түри. ...* Айқастырылып қойылған қайық *бақаншасы* менен қоршалған (Қ. Досанов).

БАҚАНШАҚ *ат. Суўда жасайтуғын жанлы-жаныўардың, суў өгиз деп аталатуғын жанлықтың үстиндеги, арқасындағы дөңгелек, ши қуўыс сүйеги, сыртқы кеби, бул бурын көл болып, соң кумлыққа айналған жерде қумның арасында, теңиздиң, көлдиң дөгерегинде, ернегинде, таўлы жерлерде де көп ушырасады.* Сизлерди ойлап жүрдим мен де, *„Бақаншақ"* алып қайттым таўдан (И. Юсупов). Бул теңиздиң *бақаншақлары*, Бәри жақсы көзге рәўшан (Ш. Мәмбетмуратов).

БАҚАНШАҚТАЙ *кел. Бақаншаққа усаған, бақаншақ сыяқлы, бақаншақ тәризли.* Көзи *бақаншақтай*, онбир, онеки жастағы қара бала алыста қатар етип турған генейлерди қолындағы сақа менен баўдай түсирип тур еди (К. Султанов). Маманға, оның өзине сай ат қосшысына, қызғаныш көзлери менен қа-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

рап турған бийлерди көрип хан *бақаншақтай* алақанын шот маңлайына сая қылып, қасындағы Полат жасаўылдан сорады (Т. Қайыпбергенов).

БАҚАТОСҚЫН *ат. Көллерде, қалдық суўларда, изей суўларда майда жиңишке тамыр сыяқлы шоқ болып өсетуғын жасыл реңли өсимлик.* Усындай шамал ескен күни *бақатосқынлар* көллиң жийегине толып жататуғын еди (Ө. Айжанов). Жасыл *бақатосқын* торлады үстин, Сайызлап, тынысы тарыла түсти (И. Юсупов).

БАҚАТҮЙМЕ *ат. Үстиндеги бетинде қаслары бар, формасы қурбақаға усап келетуғын түймениң бир түри, бул ҳәзир қызлардың көйлегиниң көкирек бөлимине тағылады.* Көйлегиниң көкирегинде *бақатүйме* тағылып тур, . . . (Қ. Аралбаев).

БАҚ-ДӘЎЛЕТ *қ.* **бағ-дәўлет.**

БАҚҚАЛ *ат. Майда-шүйде сатыўшы.* Жигиттиң көрки сақалды, Қаланың көрки *бақ қалды* („ҚҚ. х. қ".). Жигит азанда турып қаладағы бир *бақ қалға* барып мақтанады („ҚҚ. х. е". Чай, кант сатқан *бақ қаллар*, Қырмызы шалы үйирген (Ер Зийўар).

БАҚҚАН *ф.* **бағыў.**

БАҚҚУМАР *кел. Ҳәмелпараз, атақкумар.* Ол әўелден-ақ *бақ қумар* болыўға ҳәўес еди, . . . (Қ. Аралбаев).

БАҚҚУМАРЛЫҚ *ат. Ҳәмелпаразлық, атақкумарлық, . . .* тозып, шубырып, бўлиниш келген елин миллетшилик, *бақ қумарлық* нәзери менен болсада өз миллетин талаттырмайық деген қарақалпақ батырлары болған (Қ. Ирманов).

БАҚҚЫ *кел. Белгили орынға байланған, от-жем берип тәрбияланған, бағылған, қараўыл ланған, бул көбинесе жылқыларға тән нәрсе. Бақ қы* көрген бедеўлер, Жеңип шықты жыйынды („Қырқ қыз"). *Бақ қыда* турған еки ат жатырқағандай қайшы қулағын тикирейтти (К. Султанов). *Бақ қыдан* шығарып, Үйшинлерин сайлап, Полаттан суўлық шайнатып, Өр қояндай ойнатып. Достын алдына салып, Алпамыс қалмақтың тойына келди („Алпамыс").

БАҚҚЫЗЫЎ **бағыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАҚҚЫШ *кел.* **1.** *Қараўға, қараўыллаўға шебер, уста, қайым, маман, билгиш.* **2.** *Бир нәрсеге қарайтуғын, қараўылайтуғын.* Сол күннен баслап бурынғы патшаны падашы етип, патшаның ўәзирлерин шопан етип қой *бақ қышы* етеди („ҚҚ. х. е".).

БАҚЛАНЫЎ *қ.* **баклаў.**

БАҚЛАСТЫРЫЎ *қ.* **баклаў.**

БАҚЛАЎ *ф. Барлаў, сынаў, тексериў, барып көриў, сынап көриў, тексерип көриў, қарағалаў, қадағалап барыў, көриў.* Оның барлық ҳәрекетин сыртта *бақлап*, аңлап жүрген бала әстен артынан билдирмей барып қусты бас салып ұслап алады

(„ҚҚ. х. е".). Ҳаўа райын *бақлап*, шаманы аңлап отырады,... (Г. Есемуратов). Сөзлеримди отыр *бақлап*, Душпанлар жүр үйди жақлап, Қонақларын аштан қақлап. Жеўге ас таппаған екен (Бердақ).

БАҚЛАЎШЫ *ат. Барлаўшы, сынаўшы, тексериўши, қадағалаўшы, барластырыўшы.* Оразалы патша журтына барып, қаласына Айпаршаны айдап жиберип, соңынан *бақлаўшы* қойды („Мәспатша").

БАҚНА: **бақна етиў** *ф. Караслы етиў, айтқанын жүргизиў, изине ертиў, айтқанын иследиў, болдыртыў.* Ол елдиң ишинен базыбиреўлерин өзине *бақна етип*, елге үгит жүритеди (К. Ирманов).

БАҚПАЎ *ф. Қарамаў, күтпеў, тәрбияламаў, қараўыллламаў.* Қорқақ жигит жигитпе, Елин жаўдан *бақпағай* („Ер сийўар"). Ата кәсибинде мал *бақпай*, Я елден бир ағатаппай (А. Дабылов).

БАҚСЫ *ат. Кишкене отырыспаларда, үлкен тойларда, халық арасында көп жыйынларда, радиода ҳәм телевидениеде дуўтар менен қосық айтыўшы.* Халық ишинде қосық айтыўшылардың екинши түри *бақсылар* (Қ. Айымбетов). Сазлы *бақсы* луўтарынды, Жети асырым намасына (И. Юсупов). Ол жамбастан қонды *бақсы*. Өңгерилди дуўтар алға, Қос шархана тилге келип, Бир бийлигин берди қолға (И. Юсупов).

БАҚСЫ-ЖЫРАЎ *ат. Үлкен тойларда дуўтар менен қосық айтатуғын адамды бақсы ҳәм қобыз бенен жырлайтуғын адамды жыраў деп атайды, булар екеўи бир тойда да айтып береди.* Қыр дөгерек айналып отырған хордың ортасына *бақсы жыраўларда* келди („Қыз. ҚҚ". г.).

БАҚСЫЛЫҚ *қ.* **баксышылык.**

БАҚСЫШЫЛЫҚ *ат. Той-мерекелерде дуўтар менен қосық айтыўшылық, кәсипшилик.* Соплықтан *бақсышылық* уларына емес, қызларына көшеди дейли (Бердақ).

БАҚ-ТАЛАЙ *қ.* **бахыт ҳәм талай.**

БАҚ-ТАЛАС *кел. Күншиллик, бирин-бири көре алмаўшылық, күншил, қызғаншақ.* Байдың қатынлары бир-бирине *бақ талас* болып өмир сүре берди („ҚҚ. Х. Е".).

БАҚТАЛАСТЫРЫЎ *қ.* **бакталасыў.**

БАҚТАЛАСЫЎ *ф.* **1.** *Басқа биреў менен жарысыў, сол адамдай боламан деп талапланыў, тырысыў, ҳәрекет етиў.* Мына дәскени мына муликти маған көп көрип, *бақталасып* жүрген мына гедейдиң қызының артықмашылығы не? (К. Султанов). **2.** *Көре алмаў, қызғаныў.* Усы менен бирге помещиклер арасында ала-аўызлық, *бақталасыў*, бирин-бири күнлеўшилик туўды („Қыз. муғ." ж.).

БАҚТАШЫ *ат. Бир нәрсени ямаса затқа қарайтуғын, бағатуғын, күтетуғын киси.* Қатыны балығын қақлайды дузға,

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Тапсырып үйлерин *бақташы* қызға, Қорықпастан мінедй бір ели музға, Сонындай жігітлер Мүйтенде барды (Бердақ).

БАҚТИЯР *ат.* 1. *Біреуге қойылған меншікли ат.* Сапарбай жаңа туўылған улының атын *Бақтияр* қойды (Сов. ҚҚ. г.). 2. *к.* бахытлы.

БАҚТЫ *қ.* бахыт.

БАҚТЫҚАРА *қ.* бахытсыз,

БАҚТЫРЫЎ **бағыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАҚША I *ат.* 1. *Хәр қыйлы овощлар егилген жер, майданша хәм үй алдындағы түрли овощьлар егилген орындағы егинлер.* Кишкентай *бақшаның* ши түрли мийўе ағашлары менен толған (Л. Бекимбетов). Көктиң аңқыған жупар ийиси гүл *бақшадақ* асқандай қонақтың танаўына тәсир етти (Л. Бекимбетов). Жорға жүрмел, тулпар киби жүйриклер, Адамзатқа шад болғанла кереклер, Бағы-хәрем, *бақша* хәм де тереклер. Көзлериме шенгел шелли көринди (Бердақ). 2. **Аўыс.** *Өмир тиришиликтиң қуўанышы, ўақты хошы, салтанаты.* Рахмет саған шырағым, *Бақшадан* гүллер тергейсең (Қырық қыз). Ақырын аралайық деди Айжамал, әне *бақша*, бизлерден емес қалыпық (Ж. Аймурзаев). Бүлбүлим сайра-сайра; *Бақшада* саз жаңласын (И. Юсупов).

БАҚША II *ат.* *Уш жастан жети жас арасындағы балаларды тәрбиялайтуғын орын, жай.* —Апа,—деди Атамурат Орынбекти кийиндирип болып,—Орынбекти *бақшаға* жөнекей өзим алып барайын (Т. Қайыпбергенов). . . . *бақшаның* жумысын жөнге салды (Г. Есемуратов). Бала *бақша* мектеп, клуб орайы. Болды аўылда мәденият орайы (И. Юсупов).

БАҚШЫЙЫЎ *ф.* *Көзи уясынан шығып аларып кетиў.*

БАҚШЫЛЫҚ *ат.* *Егилип турған жер, орын, майдан, бағдың өсип турған жери.*

БАҚЫЛ *кел.* *Сықмар, қызғаншақ, сүтхор, қытымыр, ашкөз, сараң, қатты, бүрис.* Қай жерде қытымыр ашкөз, сүтхор ишпей-жемей дүнья-мал жыйнайтуғын *бақыл* байлардың, . . . (А. Бекимбетов). Мен кимлерге едим *бақыл*, Ақыллының жетер ақылы (Бердақ). Жақсылардан ақыл алсаң, Ол ақыллы *бақыл* алсаң (Өтеш).

БАҚЫЛДАСЫЎ **бақылдаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БАҚЫЛДАЎ *ф.* *Курбақалардың өз-ара даўыс шығарып бақырысыўы, ўарқылдасыўы.* Бир тәрептен курбақалар *бақылдайды*, екиниси жақтан қызыл аяқлардың ықыңқылдаған даўысы еситилди (Ө. Айжанов). Мазамды жүдә алдың ғой, Курбақадай *бақылдап*, Мийимди де қатырдың, Әкемдей болып шаңқылдап (Бердақ).

БАҚЫР I *ат.* 1. *Мыс. жез.* Барлық жерден *бақыр* шыға бермейди (К. Оразов). 2. *гөн, с.* *Жай металлдан исленген (бир тийиннан бес тийинға дейин) монета, ақша.* . . . бир қосыўыс *бақырды* узатты (ҚҚ. Х. Е.). 3. *диал.* *Қаңылтыў темирден исленген шелек.* Шөллегени соншелли, келиўден бақырдағы суўды заңқ қойды (Қыз. муғ. ж.).

БАҚЫР II *ф.* 1. *Қатты қышқырыў, даўыслаў.* Бир гезде Сералы Жәдигер ағалап *бақырып* киятыр (Г. Изимбетов). Николай Найданов А! де, *бақыр* (А. Бекимбетов) 2. *Урысыў, кейиў, бақырыў.* Балаларыңның ислеген бул ислерине кейи, урыс, *бақыр*, тәртип бер,—деди ол кемпирге (Ө. Айжанов).

БАҚЫРАЙҒАН *кел.* *Бежирейген, патлыйған, бадырайған.* Басым таз, көзим *бақырайған* қара бала едим (Ж. Аймурзаев).

БАҚЫРАЙТЫЎ **бақырайыў** фейилиниң ериксиз дәрежеси.

БАҚЫРАЙЫСЫЎ **бақырайыў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БАҚЫРАЙЫЎ *ф.* *Бежирейиў, тесирейиў, көзди үлкен етип ашып қараў.* Кемпирдиң көзи *бақырайып*, қолындағы көншигин торс еткизип, жерге таслады (К. Султанов). Қақпанға түскен қояндай қара көзим *бақырайып*, ишимнен шыр-пырым шықса да сыртымған сыр алдырмай отыра беремен (Ж. Аймурзаев).

БАҚЫРАЎЫҚ *кел.* 1. *Көп бақыратуғын адам, биймаза, тектек.* Хожайын жүдә *бақыраўық* адам (Айбек). 2. *Тынбастан көп бақыратуғын хайўанат, мал көбинесе түйе.* Ғарры түйс *бақыраўық* болады (ҚҚ. Х. Н.).

БАҚЫРАШ *ат.* *Металлдан исленген қара қуманның қақпағы.* Өзимәм орынсыз конғанбыз ба, таў бизге самал жибермей, *бақырашқа* салғандай қуяшқа тутады (Т. Қайыпбергенов).

БАҚЫРМАЎ *ф.* 1. *Қышқырмаў, қыйғырмаў.* Мениң изимнен *бақырмақлар*!—деп кетип қалады (С. Салийев). 2. *Кейимеў, урыспаў, жәнжел етпеў.* Сизиң кийеўиниз күтә тыныш адам, ол *бақырмас* (А. Бекимбетов). Кеселге *бақырман* деп!—деди Тишин (А. Бекимбетов).

БАҚЫРТЫЎ **бақырыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАҚЫРЫС *ат.* *Шаўқым, жәнжел, кейис, урыс.* Залдың ишинде ғаўырлы, *бақырыслар* басланды (Н. Островский). Ал сабақларын билмейтуғынлар *бақырысқа* даўыс қосып тек ыңылдап отыр (Ә. Шамуратов).

БАҚЫРЫСЫЎ *ф.* 1. *Жәнжеллесиў, урысыў, мәселлесиў, кейисиў.* Буны қолға түсириўге екеўи хийле ойласып, тап сол үйдиң есигиниң алдында. *бақырысып*, боқласып жүрип қыран кески болып екеўи төбелеседи (С. Мәжитов). 2. *Шаўқымласыў, қатты даўыс шығарыў.* Бизлер молланың тезирек кеткенин тилеп, өтирикке көз абай етип қатты *бақырысып* оқыдық (Ә. Шамуратов).—Ата, бизлерге газета, хат әкелиң тур!—деп изинен *бақырысып* қалды (Т. Қайыпбергенов).

БАҚЫРЫЎ *ф.* *Қатты қыйғырыў, даўыс шығарыў.* Бекман *бақырыўы* менен оларға барып жетти (Б. Бекниязова).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ланың шыр-пыры шығып *бақырып* жылады (А. Бекимбетов). Молла ерксиз *бақырып* жиберди (Ж. Аймурзаев). Дәрўаза-ның алдында саз даўыс пенен *бақырды* (Қырық қыз). Гейбир шайыр қолға қәлем алғанда, „Сулыўлық“ деп *бақырады* салғаннан (И. Юсупов).

БАҚЫТ *қ.* **бахыт.**

БАҚЫТЛЫ *қ.* **бахытлы.**

БАҚЫТСЫЗ *қ.* **бахытсыз.**

БАҚЫТСЫЗЛЫҚ *қ.* **бақытсызлық.**

БАҚЫШ *қ.* **қараў.**

БАҚЫЯ *ф.* *Қараў, қараўыллаў, бақлаў, көз салыў, нәзер салыў, бир нәрсеге кеўил жиберип бақлап жүриў, нәзерин аўдарыў*, Бәйит, бәйит *бақыя*, Басында мақпал тақыя, Бизлер бәйит айтқанда, Қызлар қасын қақыя (ҚҚ. Х. Қ.).

БАЛ I *қ.* **пал.**

БАЛ II *ат.* *Белгили бир байрам күнлеринде уйымластырылатуғын ямаса айырым адамлардың салтанатлы түрде шелейтуғын үлкен ойын заўық кешеси, тойы. ...* бизлер ҳәр күни кеште *балға* катнасатуғын едик,... (М. Ю. Лермонтов).

БАЛА *ат.* 1. *Үлкейип ержетпеген, бойжетпеген, нәрестеден бөпе, жас бөбек, ул қыз (ул бала, ер бала, қыз бала).* Қолындағы емизиўли *баласын* каптalына жатқызды (Н. Дәўқараев). Суў әкелиў, от жағыў, *бала* жубатыў (Н. Бөрекешов).—Бирден оянып, жас *бала* нәрсе, мени көрди де, ҳаялығып кетти (Т. Қайыпбергенов). 2. *Әўлад, туқым, урпақ.* Атадан *балаға* бахыт мийрас болып қалатуғын баяғы заман емес (К. Султанов). ... соңынан аз-азлап оқыў китаплары шығарылып, мийнеткеш қарақалпақ *балалары* өз ана тилинде оқыўға еристи (К. Ирманов). ...олар неше жүз жыллардан бери атадан *балаға*, аўыздан аўызға өтип, умытылмай сақланып киятыр (Бердақ). 3. *Ҳайўанатлардың, қанатлы қуслардың, жанлы-жанıўарлардың жаслары, жас төллери.* ... өлепектиң *баласында* тап өзине усайды екен аға,—деди Мурат ағасына (Жетқиншек т.). Жеткининше шамасы, Ойы тек еки *баласын* (Т. Жумамуратов). Қой сүйеди *баласын*, Қозым-аў деп яр-яр (ҚҚ. Х. Қ.). ...Разгүл Атамураттың ешегин сейисханаға айдап жиберели де, *баласын* ишке алып кирди (Т. Қайыпбергенов). 4. *Үлкен жастағылардың өзлерінен кишкенелерге айтатуғын қарата сөзи.* ... ол ўақларда ее ҳәдийселер болмады *балам*,.. (С. Хожаниязов).—Дурыс *балам*, ала бәҳәрден көшейик, Нуржан шыраны қайта жағып берди (С. Хожаниязов).—Ҳаў *балам*, неге күлесең? (С. Хожаниязов). 5 *Аўыс. Шағылмаған, тоқтаспаған, шынықпаған, жас.* Сен еле *баласаң*, ал мениң жасым болса, әдеўирге келди (Ж. Аймурзаев). Жәмийла, өйтип *бала* болма! (К. Султанов). Түркпенлер: Ханда айып жоқ, ол да бир, *бала да* бир деп коя берди (Қ. Ирманов).

◇ **Кой көзли бала**—*қой көзине усаған, көк көзли.* Атамураттың соңғы сөзине жаўырынлыдан келген *қой көзли бала* тағы

да қарсыласты (Т. Қайыпбергенов). **Аўзының сарысы кетпеген бала**—*ержетпеген, жасы жетпеген, бой жетпеген, жас қыз ҳәм ер бала.* Ол бир *аўзының сарысы кетпеген бала* ғой (Ж. Аймурзаев). **Аш бала, тоқ бала**—*тамағы аш жарлылардың балалары ҳәм тамағы тоқ байдың балалары. Аш бала тоқ бала* менен ойнамайды, *тоқ бала* ҳеш нәрсени ойламайды (ҚҚ. Х. Н.). **Бай баласы**—*турмысы жақсы, мол дүньялы адамлардың балалары. Бай баласы* байға усар, Байланбаған тайға усар (ҚҚ. Х. Н.). *Бай баласы* келсе де, Оңлы жуўап бермеди (Қырық қыз). **Бала-шаға**—*ҳаял менен балаларға байланыслы, бир адамның ҳаялы менен ер ҳәм қыз балалары.* Дәсгүр бойынша ҳал-жағдай сорасып, *бала шағаның* аманлығын билиўден-ақ Жийемурат қарап отыра алмады (Т. Қайыпбергенов). Қарағысыз елге, *бала-шағаға*, Адам етип жеўетин ҳайўан болдың ба? (И. Юсупов). **Жалғыз бала**—*биреў, жеке, тақ бала. Жалғыз бала* болған соң Әметти еркелетип өсирди (Т. Қайыпбергенов). **Топар бала**—*көп топ болып жүрген, бир дүркин, есапсыз.* Сәлем!—Сәлем! Сәлем милициялер ағай!—деп кешеден өтип баратырған *топар-топар балалар* менен қызлар шуўласып лейтенантқа сәлем берди (А. Бекимбетов). **Үлкен бала**—*бойжеткен, ержеткен, үлкейип жетискен. Үлкен балаларға* ериклеп, мен де баспағымды узын жипке арқанлап қойман (Ө. Аймжанов). **Шаққан бала**—*тез ҳәрекет ететуғын, зәбердес, шалт.* Өзи *шаққан бала* екен (Жас ленинши г.). Қара көзли жумалақ жүзлиден келген *шаққан бала* шатқаяқлады (А. Бекимбетов). **Писик бала**—*өз исине пухта, шебер, уқыплы.* Өзи де жасына қарағанда *писик бала* еди (Ш. Сейтов). **Хошы бала**—*жас үлкенлерге ерип жүриўши жас киши, жәрдемши, көмекши.* Екеўи де машинадан түсип еди, *хошы бала* кеседен шықты (С. Хожаниязов). Шала бала—*күши толмай ўақтынан бурын туўылған.* Бурынлары *шала баланы* дорбаға салып, керегете илдирип сақлайтуғын еди,—деди кемпир (Қыз. муж.). **Баслық бала**—*колхозға көбирек баслық болған жигитти көбинесе ҳаяллар атын айта алмағанлықтан усылай* атайды. *Баслық бала да* бизлердиң муңайып отырғанымызды көрди (К. Султанов). *Баслық баланың* өзлери усы жаққа киятыр (К. Султанов). **Жас бала**—*үлкейип ер жетпеген, бой жетпеген қыз ҳәм ер бала.* Ол бул күнде тили жаңа шыққан *жас бала* тәрізли (К. Султанов). Куда бала—*турмыс қурған ерли-зайыплылардың екеўиниң де ағасы ямаса иниси болса, булар бир-бирине куда бала болып табылады.*—„Қызы бардың назы бар“ деген емес пе *куда бала*, сезин даўам еттирип Ҳүрниязбийке,—....(К. Ирманов). **Шофер бала**—*машина айдайтуғын адамға айтылады.* Үйде үш-төрт адам отыр, оның биреўи есикке жақын отырған *шофер бала*, оның қасында завсклад отыр,... (С. Хожаниязов). **Почта бала**—*газета, журнал ҳәм хат тасыўшы адам.* Сәўлежан, жаңағы *почта бала*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

усыкәрадан кетип еди, неге тағы қайтып киятыр (С. Хожаниязов). **Бала үстинен қайтыс болыў**—*туўа алмай өлиў, көз жарамаў, қайтыс болыў, қазаланыў*. Ол пақыр болса, *бала үстинен қайтыс болды* (Ө. Айжанов). **Бала түсириў, бала таслаў**—*туўатуғын ўақты жетпей түсик түсириў, таслаў, төл бермеў*. Бул келиншек күни жетпей *бала түсирип*, ҳәзир наўқасланып жүр,... (Ө. Айжанов). Нәзийра *бала таслап*, үйинде жатыр (Қыз. муғ. ж.). **Ерке бала**—*тентек қылып тәрбиялаў, биймаза, қықыр*. Бул жүдә *ерке бала* еди,... (К. Аралбаев). **Бала кетериў**—*жүкли болыў, еки қабат болыў*. Жәмийла болса көп узамай *бала көтерди*,... (К. Султанов). **Адам баласы**-*барлық адамлар, адамзаттың нәсили*. Хәр бир *адам баласының* ўазыйпасы адамгершиликли болыў, ... (Жас Ленинши г.). **Кәйин бала**—*Ҳаяллардың күйеўиниң туўысқан иниси менен урыўлас инилери ҳәм де ҳаялдың иниси күйеўине кәйин болады, булардан басқа жаен киши ер адамларға айтылады. Кәйин бала* менен бирге келдим,—деди Айзада (Қыз. муғ. ж.). Жумабай *кәйин баласы* менен бирге кетти (Қыз. муғ. ж.). **Жап-жас ғана балалар**—*нәрестелер, сағыйралар. Жап-жас ғана балалар-ды*, жанған отқа таслайды (Қырқ қыз).

БАЛАЭТ *ат. Жаслардың ержетиўи, жыныслық безлериниң оянығыўы, рәўажланыўы, жыныслық қатнасқа жетисиўи*. Сизлерде ҳаял-қызлар ашық жүреди екен—Биз өзбеклер, қызды *балаэткe* жеткеннен соң ең ишкери бөлмеде сақлаймыз (К. Султанов). Ҳәзир сол қыз *балаэткe* жетти (Т. Қайыпбергенов).

БАЛА-БАҚША *қ.* **бақша II.**

БАЛАДАЙ *кел. Үлкен, ержеткен адамлардың жас бала сыяқлы болыўы, уқсаўы, минезлес болыўы, бала тәризли болыў*. ...ҳасаны қолына алып, атшабар *баладай* сазланды (Мәспатша). Оның қасында бойы қырық гез, ени қырық гез Рустем *баладай* болып көринди (Қ. Айымбетов). Ҳәрдайым бир-биреўин көргенде *баладай* куўанысып қалатуғын еди (Ө. Айжанов).

БАЛАЖАН *кел. Биреўди жақсы көриў сөйлеўши адам, адамлар көбинесе ҳаял-қызлар бир-бири менен қатар-қурбысын еркелетип сөйлеўши киси*. Дурыс айтасаң *„балажан“*,... (А. Бегимов). Ойнап-күлип, зейин ашып, Гөззал жанан, *„балажан“* кәл (Ж. Аймурзаев).

БАЛАЖАНЛЫ *кел. Баланы жақсы көриўши киси, балаға мийирман*. Сиз жүдә *балажанлысыз*,... (Жеткиншек г.).

БАЛАҚ *ат.* **1.** *Дамбалдың, дизгийимниң, ыштанның, шалбардың дизеден төменги бөлеги. Балақларын* шыйырып, Жантаққа қойын ийирип (Қырқ қыз). ...бөз ыштанының *балағы* ҳәм балаңың кесеўдей жылтыраған аяғы да ылай еди (К. Султанов). *Балағын* балтырына шекем түрди (Ж. Аймурзаев). **2.** *Қуслардың дизесинен төменги тобығына шекемги жери. Балақ* жүни батпақ менен үзилип, Аспанда жүреди бизип ала қус (Әжинияз).

БАЛАЛАЙКА *ат. Орыстың үш тарлы музыкалық әспабы, инструменти*. Стол үстиндеги *балалайканы* қолына алды да сыртқа шығып кетти (Жас Ленинши г.).

БАЛАЛАЙКАШЫ *ат. Балалайканы шертиўши, ойнаўшы киси, адам. Балалайкашы* келиўден балалар куўанысты,... (Жеткиншек г.).

БАЛАЛАР *ат. Ержетип үлкеймеген жас ул ҳәм қызлар*. Жап-жас ғана *балаларды*, Жанған отқа таслайды („Қырқ қыз“).

БАЛАЛАРДАЙ *кел. Сондай, усас, мегзес, сыяқлы*. Егер мынаў *балалардай*, болып жумыс ислесеңиз, қасыңызға бундай ызғырық түўе оның әкеси боран да жоламайды (Т. Қайыпбергенов).

БАЛАЛАР ҮЙИ *ат. Ата-анасы жоқ жетим, панасыз балаларды тәрбиялайтуғын орын жай*. ...фельдшер пунктлери, *балалар үйи*, балалар бесиги дүзилди (Қ. Ирманов). —Неге, *балалар үйинде* оқытады дейтуғын еди ғой деди жетим (С. Айний).

БАЛАЛАТЫЎ балалаў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЛАЛАЎ I *ф.* **I.** *Төллеў, бала туўыў*. Таўдан тары жумалайды, оны ғаз қуўалайды, ол еки айда бир *балалайды* (ҚҚ. Х. Н.). Мәўсим ишинде 18 рет *балалайды* (А. ДЖалменов. Н. Т. Карпов) **2.** *Көбейиў, өрбиў, өсиў*. Бирақ анамның иси бурынғыдан гөре *балалағандай* болды (Жеткиншек г.).

БАЛАЛАЎ II *кел. Еле өсип жетилиспеген, ержетпеген, есейиңкиремеген бойжетпеген, жаслаў*. Отырғанлар мени *балалаў* көрип, мениң гәплеримди дәлкекке алды (Қ. Айымбетов).

БАЛАЛЫ *кел. Баласы бар, көп балалы, баласы көп*. Молла киятырған *балалы* ҳаялды көрип жалбырақлай баслады (Ә. Шамуратов). *Балалы үй* базар, баласыз үй мазар („ҚҚ. Х. Н.“).

БАЛАЛЫҚ *кел.* **I.** *Жаслық, балалық ўақыт, ең жас ўақыт, есеймеген ўақыт*. Оның аржағында ол жас еди ҳәм *балалық* қыялы менен турмыстың ишки мәнисине түсинбей келди (Ө. Айжанов). Мениң *балалық* кеўлим елжирейди (Ж. Аймурзаев). **2.** *Байқамаўшылық, надanлық, тис қақпағанлық, шалағайлық, жеңил минезлилик*. Қасың үлкейип бойың өссе де *балалығың* қалмаған екен (М. Әбдирейимов). Таслаң енди *балалықты*. Асан бабаң он алтысында бийлик айтыпты (К. Султанов). Усы бир әңгиме түсти есиме. Өкинемен *балалықтың* исине (К. Султанов).

БАЛАМАН *ат.* **I.** *Ағаштан исленген, той-мерекелерде,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ойын-заўық кешелерде, отырысларда шерпетуғын музыкалық әсбап, инструмент. Мийин там басына сырнайшы ырас,— Урса *баламанды* томпайтып уртын (И. Юсупов). Арбада дәп қағып шертип *баламан*, Келди жуўдырласып кеўилли кәрўан (И. Юсупов). Гезек той қылды дийканлар, Қақтырып дәп-*баламанлар*, Қатарлықтағы адамлар, Баўдан сабап дәп сатты ма? (С. Мәжитов). 2. *Жас өспирим, еле ержетпеген, үйкеймеген ул хәм қыз.* Шадлы өскен бул өмирде, Мен бахытлы *баламан* (Д. Назбергенов).

БАЛАМАНШЫ *ат. Баламанды шертиўши (ойнаўшы) адам.* Тойда гүрес, ойын, масқараваз, сазенделер, гөйенделер, *баламаншы*—түрли ойын қурылып атыр (Мәспатша). *Баламаншы*, найшы қусаған бир группаны басқарған (Н. Дәўкараев).

БАЛАНС *ат. Кеңседеги (бухгалтериядағы) белгили кирис және шығысын көрсетип турыўға арналып исленген цифр көрсеткиш, жуўмақланған баланс, ведомость.* Барлық нәрселерди *баланс* ислеў керек,—деди бас бухгалтер (Қыз.ҚҚ. г.).

БАЛАНСЛАЎ *ф. Кирис пенен шығысты салыстырыў, баланс шығарыў теңлестириў.* Колхоздың кирис-шығысын хәм барлық затларды *балансла*п болды (Қыз. ҚҚ. г.).

БАЛАСЫЗ *кел.* 1. *Баласы жоқ, перзентсиз.* Балалы үй базар, *баласыз* үй мазар „(ҚҚ. Х.Н.). Асангенже қалаға барып „*баласызға* бала, қызсызға қыз боламан" леп шәҳәрди бираз аралайды (ҚҚ. Х Е.). 2. *Лўыс. Жассаң, надансаң, шалағайсаң, ...мени билесиз, еле сизлер баласыз ғой* (Жеткиншек г.).

БАЛАСЫЗЛЫҚ *ат. Перзент болмағанлық, баласы жоқлық, баласы болмағанлық, бала көрмегенлик, бийперзентлик.* Ол *баласызлықтан* кемкеўилли еди,... („Қ.Қ.Х.Е".).

БАЛАСЫНДАЙ *кел. Перзентиндей, сол сыяқлы, усаған, тәкләтли.* Үшеўи де бир үйдиң *баласындай* татыў ғана сөйлеседи (Ж. Аймурзаев).

БАЛАСЫНЫЎ *ф. Жассыныў, кишисиниў, бала қатарында көриў, бала деп қараў, биреўди жассыныў, бала сыяқлы мәмле қылыў, менсинбеў.* Қәлмен Әжинязды *баласынып*, еле де кеўили ярый бермей, жалт-жалт қарады (К. Султанов). Ол сиз кеткен соң мени *баласынып*, ҳәр түрли нәрселер айтып, мени жулмақшы болды (ҚҚ. Х. Е.).

БАЛАСЫРАЎ *ф. Балалы болыўды күсеў, аңсаў, баланы сүйиў, жақсы көриў, перзентли болыўды қәлеў, әрман етиў.* Келиншек тәўир-ақ жасқа барса да *баласырайды*,.. (Қ Қ. Х. Е.).

БАЛАША *р. Балаға тән екенлигин көрсетиў, бала сыяқлы минезлерин көрсетиўде қолланылады, еркелетип, киширейтип айтыў.* Деген екен, патша шалқып *балаша* Улын сүйип көрди қызық тамаша (Т.Жумамуратов).

БАЛА-ШАҒА *ат. Бир хожалықтағы (семьядағы) жас балалар менен ҳаялы ҳәм үй ишиниң басқа да ағзалары.* Белдаршылар ҳәм оның *бала-шағалары* изли-изинен келип, азық-түликлерин арбаға салып атыр (К. Султанов). Уста *бала-шағалары* менен басқа бөлмеде отырған еди (Ө. Айжанов). *Баладан шағаға* шекем барлық адам той липасын кийип Нурбайдың үйине келди (А. Бекимбетов).

БАЛБЫРАЎ *қ.* **былбыраў.**

БАЛҒА *қ.* **шөккиш.**

БАЛДАҚ *ат.* 1. *Аўырыў ямаса аяғы ақсақ адамлардың қолтығына тиреп жүретуғын арнаўлы таяқ.* Қолтығына *балдақ* алып, бир-еки адым атлайтуғын болды (А. Бекимбетов). Мен *балдағымды* есик беттеги керегеге сүйедим де тесектиң үстине шықтым (Ө. Хожаниязов). Жартас қалқан болды, ағашлар *балдақ*, Алға жылжый берди жаралы шайыр (И. Юсупов). 2. *Қылыштың, мылтықтың ямаса қанжардың сабының услайтуғын жери.* Ақ суңқарды қанатынан қайырдың, Кескир қылышты *балдағынан* майырдың (Алпамыс). 3. *Өсимликлердиң түп бети, түбинен жапыраққа шекемги аралығы.* Үлкен жапырақлардың *балдақларына* ҳәм жас шақаларға да зыян келтиреди (А. ДЖалъменов, П. Т. Карпов). 4. *Қусшылар бүркитти қолына қондырғанда қолының астынан тиреймуғын тиреўиш ағаш.* Қусшы да *балдағын* қолтығына тирен, тоғай арасына кирип кетти,... (Қыз. муғ. ж.).

БАЛДУР *қ.* **пал.**

БАЛДЫЗ *ат. Ер адамның ҳаялының туўысқан ҳәм де урыўлас сиңлиси.* Ески дәстүр бойынша *балдызы* жездесине турмысқа шығыўы керек (Ж. Аймурзаев). Қатты шаўып қаша бермең алдымда, Азын-аўлақ токтап турың *балдызым* (Қырық қыз). Көрмеге сулыў қызлар қарақалпақта, *балдызым* ҳәддине бақ ондай болмақ (Әжинияз).

БАЛЕРИНА *ат. Балет артисткасы, бийши.* Сахна алдындағы *балеринаға* ҳәммениң көзи түсти (Қыз. ҚҚ. г).

БАЛЕТ *ат.* 1. *Мазмуны музыканың қосылыўы менен болған бий және дене ҳәрекетлери арқалы қойылған спектакль—театр ойыны.* Ҳәзирги ўақытта *балет* ойыны театрымызда кем ислетиледи („Сов. ҚҚ."г). 2. *Театр бийиниң искусствосы.* Усы күнге шекем *балет* искусствосы театрымыздан орын алмай киятыр (Қыз. ҚҚ. г.).

БАЛЕТМЕЙСТР *ат. Балетлик бийлерди балет постановкасын қойыўшы искусство хызметкери.* Бизде *балетмейстрлерди* таярлаў жумысы төмен (Қыз. муғ. ж.).

БАЛКОН *ат. Жайдың жоқарғы қабатларының этажларының қапталына сыртқа қарай шығарылып салынған, бети ашық, тахта ағашы менен қоршалған орын.* Айлы түнди жамылып әсте, Сен шығасаң бийик *балконға* (Т. Сейингжанов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БАЛ-ҚАЙМАҚ *қ.* **пал-қаймақ.**

БАЛҚЫТЫЎ **балқыў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАЛҚЫЎ *ф.* 1. *Дененің, бойдың, кеўилдің, ойдың босаўы.* Неге ғана қорықпайын, *Балқыйды* мениң сүйегим (Қырық қыз). Олардың бетлери борлаттай *балқып,* шоқтай жанады (Л. Бекимбетов). Әне монша түссең денең *балқыйды,* Әне қайық, —Арзыкөлде қалқыйлы (И. Юсупов). 2. *Жердің былқылдап босаўы, жибиўи.* Мийнеттен жумсап *балқыған,* Кимсүймес сақый даланы (Б. Қайыпназаров). ◇ **Қорғасындай балқыў,** *мумыядай балқыў-адым күшли ыссылықтан қатты затлардың, металлардың, шийшелердің ҳәм тағы басқа затлардың суйықлыққа айланыўы. ериўи.* б) *Аўыс. жибисиў, босасыў.* Анда бул сөзди Тайшахан патша еситип *мумдайерип, қорғасындай балқып,* ләбин тислеп, геллесин шайқап, мыс пушайман етти („Алпамыс"). Жолбарыстың денеси *қорғасындай балқыйды* (Мәспатша).

БАЛЛ *ат.* 1. *Метеор. Ҳәр қандай да бир қубылыстың күшин шамалдың, жер силкиниўдиң өлшеўши бирлик.* 2. *Пед. Оқыўшылардың билимине, мийез-қулқына, тәртибине қойылатуғын баҳалаў нормасы, белгиси.*

БАЛЛАДА *ат.* *Әд. Көбинесе тарийхый, әдетте аңызға айналып кеткен темаға жазылған қосықтың айрықша бир түри.* Әдебиятымыздың *баллада* жанры раўажлана баслады, ... (Сов. кк. г.).

БАЛЛАДАЛЫҚ *кел.* *Баллададағы тән, баллададағы ылайық.* ...соңғы жыллары *балладалық* шығармалар көзге көрине баслады (Сов. кк. г.).

БАЛЛАСТ *ат.* 1. *Теңизде кеменің жүрисин жақсылаў ушын салынатуғын жүк.* Кеменің иши де *баллаштанды,* ... (Қыз. ҚҚ. г.). 2. *Темир жол астына ылапды бекитиў ушын салынған шеге қум ямаса тоғырақ.* Темир жолға үйилген тоғырақтың үсти *баллаштланды* (Сов. ҚҚ. г.). 3. *Самолёттиң көтерилип ушыў бийиклигин жөнге салынатуғын жүк.* Самолёт те *балласт* етилди,... (Мийнеткеш, ҚҚ. г.).

БАЛЛИСТИКА *ат.* *әск. Теоретикалық механиканың бөлими. Баллистика* тараўларының жаңа теориялық бәлимлери исленди (Сов. ҚҚ. г.).

БАЛЛОН *ат.* 1. *Суўықлық және де газ сыяқлы нәрселерге ылайықланған, металдан исленген ыдыс* (бак). Ҳәзир қаламыз *баллонлы* газ бенен тәмийин етилди (Сов. ҚҚ. г.). 2. *Аэростаттың газды өткермеўши оболочкасы —қабы.* Нәкис аэромына *баллон* әкелинди,... (Сов. ҚҚ. г.). 3. *Домалақ шар сыяқлы шийше ыдыс.* ... көп узамай *баллон* менен пиво да әкелинди,... (Қ. Айымбетов). 4. *Ишине ҳаўа толтырып салынған автомашина дөңгелеги.* ...жолда автомашинаның *баллоны* жарылып қалды,... (Сов. ҚҚ. г.).

БАЛМАСҚАРАД *ат.* *Ҳәр түрли кийимлерди кийип, ойын-заўық өткеретуғын кеше, отырыспақ, қызықлы ойынлар өткериў. Балмаскарад* қызған гезде нықабыңды кий, гөззал (И. Юсупов).

БАЛПАҚ *кел.* *Семиз, дуғыжым, денеси жайылған, былшыйған.*

БАЛПАҚТАЙ *кел.* *Балпаққа усаған, балпақ сыяқлы.* Таўдан қашқан *балпақтай,* Сақалы баўлаған жантақтай, Айдым деген қайнаған, Оған бериң бир сәлем (ҚҚ. х. қ.).

БАЛПАҢ *кел.* *Менмең, тәкаббир, паң.* Бай баласы *балпаң* келеди, Жарлы баласы жалтаң келеди („ҚҚ. х. н.").

◇ **Балпан-балпаң етиў** *—шайқалып басыў, ырғалып басыў, лампыс. Балпаң-балпаң етсең,* Балпаңлап қашан жетесең (ҚҚ. х. қ.).

БАЛПАҢЛАТЫЎ **балпаңлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЛПАҢЛАЎ *ф.* *Аяғын шайқалып, ырғалып басыў салмақ пенен гәрдийип жүриў.* Басқа атлар *балпаңлап,* Кейнине бурын ере аймай (Қырық қыз). Аталық отыр арланлап, Бийлери отыр *балпаңлап* (Өтеш). Аяқлары *балпаңлап,* дирдир етип сәл қоңпаңлаңқырап және бир көргенимди айтайын деп қолтығының астына узын тумсығы менен түртип-түртип қойыпты (ҚҚ. х. е.).

БАЛТА *ат,* 1. *Жүзи жалпақ, уңғысына сап өткизип ағаштың кесиў, жарыў және де сондай затларға қолланыўшы темир қурал, әсбап.* Бул көрингең қойдың жилик сүйегиниң *балта* менен сынған қыяғы еди (Қ. Айымбетов). Өзиниң айтыўынша, ол темир геўлеп атырғанда абайсызда аяқларын *балта* менен шаўып алыпты (Ә. Шамуратов). *Балта* тийгенде басына, Қарамай ол жолдасына (Бердақ). 2. *Карта (соқта) ойынындағы киши (генже) фигура, түйениң, гарғаның, атанақтың ҳәм қыйықтың балтасы.* Жердеги картаны қыйықтың *балтасы* менен кести,... (Жас ленинши г.). 3. *Аўыс. Батыр, өткир, ғайратлы, қайтпас қара, қайсар.* Оларды шаўып, тамырына *балта* шабамыз, олар душпан, олар мудамы халыққа қастыянлық етеди (Қыз. ҚҚ, г.). *Балта* менен қағарман, Еки азыў тисинли („ҚҚ. х. к"). ◇ **Балта кеспеў** *—албырамаў, қысынбаў, тарықпаў, мықлы болыў.*—Быйыл муртымызды *балта кеспейди,* Хүкиметтиң сиясатына мын-мың алғыс деп жүрипти (Т. Қайыпбергенов). **Ай балта** *—бурынғы жаўгершилик жыллларда урыста қолланылған ярым ай формасындағы темир қурал.* Таў қыснағындағы *ай балталы* қос қараўыл турған тас капыға барып жоғалады (Т. Қайыпбергенов). Минди бала алтын тахқа, Көп қуўанды келген бахқа, *Ай балтаны* услап қолға, Ата жолын қуўған екен (Бердақ). Барып едим ханыңызға, *Ай балталы* шаҳыңызға, Жәллад қойды қасымызға, Шыдап сонда туралмадым („ҚҚ. Х. Қ.").

БАЛТАЛАСЫЎ **балталаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БАЛТАЛАТЫЎ балталаў фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БАЛТАЛАЎ *ф. Балта менен бир нәрсени шаўып кесиў, майдалаў, шабыў, жарыў, шапқылаў.* Дәрўазаны *балтала* бузып далаға шығып, қыздың жайына келсе, қыздың кетип қалғанын көреди („ҚҚ. Х. Е.). ...таң алдында, Жийемуратты *балталап*, ашық жерин қоймады биреў урып өлтирип, гөне жапқа таслап кетипти деп еситтик (Қ. Ирманов). Аўыл ишинде ҳәр кимде бир талап, Биреўлер жүр отын шаўып *балталап* (Ж. Аймурзаев).

БАЛТАМТАП *р. Өз-ара бир-бири менен болар-болмаска тарысыў, жәнжеллесиў, тартысыў.* Жәмийла менен Сәлийма өз-ара *балтамтап* айтысты да отырды, ...(К. Султанов).

БАЛТАШЫ *ат. Балта устасы, шойыннан, полаттан ҳәм басқа да металлдан балта қуятуғын, ислейтуғын адам, киси.*

БАЛТАШЫЛЫҚ *ат. Балта устасының ислейтуғын кәсиби.* Оның бурыннанғы киятырған кәсиби *балташылық* еди,... (Қыз. муғ. ж.).

БАЛТЫР *ат. Тобық пенен дизениң аралығы, булшық ети. Балтырларын* шаң басқан, Аяқларын маң басқан (Қырқ қыз). Формалары ылайықтай, Билеклери арыстай. Мурынлары қарыстай, *Балтырлары* талыстай (Алпамыс). Ал атыздың ортасына келип, жуўан *балтырға* қапқан пахталарға нәзер салғанымда, үст кийимлерим суўдан сығып алғанлай болды (Ө. Хожаниязов). ◇Балтыр сызлаў—*машақатқа түсиў, қыйыншылыққа ушыраў, аўырпаллық түсиў.* Қыста, жаздың ыссысы, Табанына басылған ғыжлап, Ата-бабам өзгертти қоныс. Басы аўырып, *балтыры сызлап* (Г. Есемуратов),

БАЛТЫРЛЫ *кел. Балтыры жуўан, балтыры үлкен, гөшли, етли.* Киятырған жигит ири денели *балтырлы* екен... (Ө. Айжанов).

БАЛШЫҚ *ат. Топыраққа суўдың араласыўы менен пайда болған ылай, батпақ (ылайдың үстинде суўдың көп жатыўы, суўда, араласып турыўы).* Хожамурат үйинде жатсын, бармаса *балшыққа* батсын (Қыз. муғ. ж.). Қарсы қазған боз топырақты қарсы жаўын менен ийленип, *балшыққа* айналды (Н. Дәўқараев). Жердеги *балшық* желимдей, аяғынды жерден төрт ели көтертпейди (Н. Дәўқараев).

БАЛШЫҚЛЫ *кел. Балшығы көп, мол, ылайлы жер.* Соңша ўақыт қуўып келген сол излер, бетлерине жапты *балшықлы* суўды (Ж. Аймурзаев).

БАЛШЫҚТАЙ *кел. Балшық сыяқлы, балшыққа усаған, пақлетли, усас, мегзес.* Туўры тийген туяғы, Кесе-кесе таслар-лы, Саз *балшықтай* ийледи (Алпамыс).

БАЛЫҚ *ат. Суўда жасаўшы, суўда жүзиў ушын қалақ ҳәм қуйрықлары бар, сағақлары менен дем алыўшы омыртқалы суў жаныўары. Балықтың* өмири суўда өтер (ҚҚ. Х.Н.).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лерй *балықшылық* ҳәм аўшылық болды (Н. Дәўқараев). ...дәрьяның төмен жақлары, жақадан суў барған жер болғанлықтан солманларда азмаз*лап балықшылық* етип отырған (Ирманов). Сәлийма ҳүрейи сүймейтуғын *балықшылық* кәсибине Сапардан дәмели болып араласқан еди (К. Султанов).

БАЛЬЗАМ *ат.* мед. *Мумия түриндеги дәри.* Ақмақларда берген *бальзам* суўынан, Ақыллының берген зәҳәри зы (И. Юсупов).

БАМБУК *ат. Иши қуўыс ҳәм де беккем болып келетуғын тропикалық, субтропикалық жақларда, қамыс сыяқлы буўын буўын бийик болып өсетуғын өсимлик.* Басларында қазандай сәлле, қолларында *бамбук* таяқ, аяқларын абайлап басып (А. Бекимбетов). Бир ғарры *бамбук* арыслы арбаны ийтер баратыр (А. Бекимбетов).

БАНАН *ат. Ыссы жақларда бийик болып өсетуғын, үзи жапырақлы, субтропикалық өсимлик ҳәм де усы өсимликтиң мазалы, унтақлы, жемиси.* Чай менен бирге *банан* әкелинди,... (Қыз, муғ. ж.).

БАНДА *ат. Елди талап, үлкен қылмысты ҳәрекетлер жасайтуғын, бирлескен, шөлкемлескен, уйымласқан урылар менен талаўшылар.* Изинде мылтығын тиреп киятырған Жөнеўиттиң *бандаларының* қылығы оларға да бат ма.... (А. Бегимов). „Бегжап" қанлы ўақыяның бас себепши Турдықылыш ҳәм Қасымның *бандалары* қолға түскели ар арасы суў сепкендей тынышланып еди (Т. Қайыпбергенов). *Бандасы* менен бизиң адамларымыздың арасында еки са саўаш болған (Н. Островский).

БАНДЕРОЛЬ *ат. Сыртқы тысын қағаз ямаса бөтен нәрсе менен орап болмаса үлкен конвертке салып, почта арқалы жиберилетуғын буйым, зат.* Мениң менен бирге бо атырған жигитке *бандёроль* келди (Ж. Тәшенов).

БАНДИТ *ат. Бандаға қатнасқан қуралды қарақшы, адам өлтириўши топарға араласқан жарақланған талаўшы, қуралды түрде тонаўшы.* Кубла жағымызда *бандит* Жөнеўиттиң, Балабийдың, Темирланның адамлары жасырын қашып жүрген қалың тоғайлық бар,... (А. Бегимов). ЧОН жүрген гезде-ақ журт оны билди, оның тартыўынан үш *бандит* өлди (И. Юсупов). Мылтық гезеп жан-жақтан *бандалар* тур. Аш қасқырлар азығыны топлағанда (Ж. Аймурзаев).

БАНДИТИЗМ *ат. Талаўшылық, тонаўшылық және адам өлтириўшилик ислерин жүргизиўши бандитлердиң иси, күнлери бандитизм* күшейип кетти,... (Қыз. муғ. ж.).

БАНДУРА *ат. Украин халқының музыкалық әспабы, струнный инструменти. Бандура* сеслери еле мениң есимде жаңлап ... (Т. Г. Шевченко).

БАНДЫ *қ.* банда.

БАНК *ат.* 1. *Ири кредитлик мәкеме, кеңсе, контора.* ...шаларымызды суў алған жоқ, мәмлекет *банкасында* (Ж. Аймурзаев). Бул әскерлердиң үлкен қайғысы Ургенчтеги *банк* еди, онан қалса Хийўа ханының дүньясы еди (Қ Ирманов). ...оның үйинен табылған қырық еки манаты қолымдағы қағаз бойынша *банкаға* тапсырдым (А. Бегимов). 2. *Карта ойынындағы гезекли карта, соқта таслап отырған адамның қараўына жыйналған ақша.* 3. *Кумар ойынының бир түри.*

БАНКА *ат.* 1. *Шийше ямаса қалайыдан исленген цилиндр формасындағы ыдыс.* Еки қолын артына қайырып, кишкене бир *банканы* услап тур (Ө Айжанов). 2. *мед. Суўық тийип ауырғанда, ет пенен терини арасындағы ҳаўаны шығарыў ушын кишкене шийше қойыў арқалы емлеў.* Бийтаптың жаўырына *банка* қойын, үстин жаўып болып, медсестра сыртқа шығып кетти (Қыз. муғ. ж.).

БАНКЕТ *ат. Биреўдиң ямаса бир нәрсениң ҳүрметине арналып таярланылған отырыспа,...* жақын күнлерде *банкет* шөлкемлестириледи,... (Сов. ҚҚ .г.).

БАНКИР *ат. Капиталист елклердеги ири банктиң ийеси ямаса банктиң ири акционери, банкти ийелеген ири капиталист, ең көп ақшалы адам.* Бурынлары айырым ири *банкирлер* болды,... (Қыз. ҚҚ. г.)

БАНКИРЛИК *ат. Банкирге қызығыўшылық, банкирди өзине тартыўшылық.* капиталистлик еллерде *банкирликти* жақсы көриўшилер көп,... (Қыз. ҚҚ. г.).

БАНКРОТ *ат Карызын төлеўге шамасы келмеген адам, үлкен зыянға ушыраған киси, қарыздыхор.* Соңғы ўақытлары капиталистлик еллерде де *банкротлардың* саны азая баслады (Сов. ҚҚ. г.).

БАНТ *ат. Илмеклеп сулыў етип байланған лента.* Класстағы қызлардың ҳәммеси де *бант* байлап келипти,... (Жеткиншек г.).

БАНТИК *ат. Банттың кишкенеси, банттың кширейтилген түри.* Нәзийра *бантиктиң* ушын алып, мектепке қарай жуўырып кетти.... (Жеткиншек г.).

БАП I *ат.* 1. *Алды болатуғын жағдай, рет, жай.* Аға беглер нур жайнаған ол жүзи, Журт алдында мақул сөйлеген сөзи, Урыс майданында мынға бир өзи, Батырлық *бабында* тәнҳа Әзберген (Бердақ). 2. *Бир нәрсени ыңғайы менен, рети менен ислеў.* Қәлпеңиң де маманы бар, *Бабын* таўып қус сала алмас (Н. Дәўқараев). ◇ **Жумыс бабы, хызмет бабы**—*белгили бир жағдай менен, жай менен, ҳәдийсе менен, аўҳал менен.* — Аўа, *жумыс бабында* барып қайтыўым керек (Ө. Хожанийазов). Себеби, бул аўылға *хызмет бабында* ямаса биреўге хат я газета алып бараман (Ө. Хожанийазов). **Саўаш бабы**-*урысқа керекли қарыў-жарақларды таярлаў, ҳәзирлеў, тайын етип қойыў, тақ турыў.* Мәрт жүрегин тербендирер уранлар, Ҳәзирлецлер *саўаш бабы* затларды (И. Юсупов). **Бабына келтириў**-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Мийман күтсе басқа иси болмаса, (ҚҚ. х. к.). **Бар шығар**-*мүмкин, ихтимал, керек, тийис, мәгәр*. Ҳақыйқат мүмкин билетуғынлар да *бар шығар*, бирақ олар ҳеш жерде әңгиме де етпейди (Т. Қайыпбергенов). Халық аўызынан жыйылған сөз болғанлықтан күтә нәсқа-нәқ болмаған жерлер де *бар шығар* (К. Ирманов).

БАРАБАН *ат.* I. *Еки жағы жарғақ терә менен қапланған иши қуўыс цилиндир формасындағы қағып (урып) ойнайтуғын музыкалық инструменти, әсбабы.* Жақынлап келе бергенде мектеп балаларының *барабан* урған, сигнал шерткен оқыў жылының басланғандағы шадлы намалары Тилегеннің қулағына келди (Қ. Айымбетов). Оқыўшылар мектеп беттен, Дүсирлетип *барбанды* (И. Юсупов). 2. *Цилиндр формасындағы ҳәр түрли машиналардың және механизмлердің деталы.* Машинаның *барабаны* сынып, жолда иркилди (К. Смамутов).

БАРАБАНШЫ *ат.* *Барабанды қағып (урып) ойнаўшы адам.* Бизлердің изимизше *барабаншыда* келди,... (Жеткиншек г.).

БАРАБАР *кел.* I. *Бир нәрсениң екинши бир нәрсе менен бирдей, теқ, қатар, теңлес, қатарлас, жубайлас, дәлме-дәл.* Жүрген жериң таўлар менен *барабар*, Жалғызларға шад ел болар енди шад (Қырқ қыз). Бәрин туттық, тәрт баспашы жаралар, Бизиң менен келе алмады *барабар* И. Юсупов). Ал мынаны душпан билсе, бул қуныя сырды ашыў, өлим менен *барабар* (Ө. Айжанов). 2. *Аўыс. Әсте, ақырын, секин, жай, әсте-секин.* Тәғдирге сирә шара жоқ, Жүк көтерер қара нар, Ҳаўлықпа достым *барабар* (Бердақ).

БАРАБАРЛЫҚ *ат.* I. *Бирдейлик, теңлик.* Қандай да бир жумыс болмасын, *бара-барлық* пенен алып барыў керек.... (Қыз. ҚҚ.г.). 2. *мат. Өз-ара тең болған еки бөлектен қуралатуғын алгебралық формула.* Бул екеўиниң *барабарлығын* салыстырып көриў керек,—деди муғаллим (Жеткиншек г.).

БАРАКЕЛЛА *қ.* бәрекелла I-II.

БАРАҚ *ат. Ўақытша турыў ушын салынған үй, жай, қос, орын.*

БАРБАРИС *ат. бот. Майда қышқылтым қызыл жийделери бар тикенекли аға менен усы өсимликтиң жемис мийўеси.*

БАРБОЗЛАЎ *ф. Көтермелеў, хошеметлеў.* Директордың соншама *барбозлап* жибергенине Сержан аўызын ашып қалды (Т. Қайыпбергенов).

БАРГА *ат. Ханның отыратуғын ордасы.* Хан өзиниң күндеги әдети бойынша *баргасына* келип отырды (ҚҚ. Х. Е.)

БАРҒЫЗЫЎ *барыў* фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАРДАҚЛАЎ *ф. Талтаңлаў, ғоддаслаў, шалжаңлаў.* Тасладың гүллән кийимди, Мардан алып *бардақлап*, Әсте басып ардақлап, Жеттик қаза басына (ҚҚ. поэз. ант.).

БАРДАМЛЫ *кел. Күрғынлы, қуўатлы, бай, турмысы жақсы, турмысы қотлы.* Бирақ *бардамлы* жер деген бул

аўылдағы усы үйдиң турмыс талқысына түсиўи, үй ишиниң әдеўир қалжырап қалыўы айға қалғандай көринди (Ө. Хожаниязов).

БАРДАС *ат. Сымбат, тулға, турпат, гөўде.* Мәрт жигиттиң *бардасы* бар, Көңилинде бир зәрдеси бар, Биреўиниң балтасы бар, Мен пышағын берип келдим (Қ. Ирманов). Ақыл керек кошламаға, *Бардас* керек усламаға, Ойланбай ис баслама ға, Жигит желли есер дәркар (С. Мәжитов). Демлеў палаў ҳәм кәнтли чай, Бердиң неше ат, тон сарпай, Дәўлетиң зыят Әмет бай, Көрсеттиң *бардасты* бүгин (Бердақ).

БАРДУР *қ.* бар I.

БАРЕЛЬЕФ *ат. Жалпақ нәрсениң бетине түсирилген пәс рельфи, скульптуралық сүўрет.* Келгенлердиң ҳәммеси ислен ген *барельефке* карап турды,... (Қызл. муғ. ж.)

БАРЖА *ат. Үлкен жүк түйелиўши кеме, суў ишинде параход менен катерге тиркелиўши ямаса өзиниз жүре алатуғын үлкен кеме.* Қайыпназар айдаған катерге ҳәм *баржаға* минип жайласып алдық (Т. Нәжимов). *Баржаға* жүклер салынды, Көшкилерин жыйнап алды (Ш. Артық). Уллы құрылыстың жүклерин тасып, *Баржалардан* зор кәрўаллар лүзеди (А. Бегимов).

БАРЖАЙ *қ.* бәржай.

БАРЖУҒЫ *қ.* бәрлық.

БАРЖЫ *қ.* баржа.

БАРКАС *ат. Көп адам ҳәм жүклерди тийеўши үлкен кеме.* Әне үлкен *баркастың* машты көринди (К. Султанов). Асаў толкын үстинде, Алып ушар *баркасын* (Ш. Мәмбетмуратов). Ҳәм *баркасың* таўсылмастай йош берген, Мениң лира булағымның кәпине (Ш. Мәмбетмуратов).

БАРҚ; **барқ урыў, барқ етиў** *ф.* I. *Ҳәўижленіў, доланыў, ғайратланыў, ҳүжданланыў, талўас етиў.* Сық-сық күлип гүмис киби аққан суў, Памирден *барқ урып* Аралға куяр (Ж. Аймурзаев). Кушағында *барқ урған* мәниги сүйип калғанман (Т. Сейитжанов). 2. *Жағымсыз даўыс пенен бақырыў, қатты даўыс шығарыў, қышқырыў, гүңк етиў, турпайы сөйлеў, қатты сөйлеў.* Жаббақларға *барқ етип*, даўысының барынша бақырды кемпир (Б. Кербабаев).

БАРКАС *қ.* баркас.

БАРҚУЛЛА *қ.* бәркулла.

БАРҚЫЛДАТЫЎ **баркылдаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАРҚЫЛДАЎ *ф. Қандай сөз болса да оны орынлы, орынсыз айта бериў, былшылдап сөйлей бериў. ...* сен де *барқылдап* мийимди жедиң ғой (А. Бегимов).

БАРҚЫРАТЫЎ **баркыраў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАРҚЫРАЎ *ф. Катты ири даўыс пенен сөйлеў, жағымсыз, жуўан даўыс пенен бақырыў.* Шийрак келсе де, мәккар жасаўылдың *барқырағанын* айбатынан тайсалақлай берди (К. Сул-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бор. Мектеп лабораториясына *барометр* әкелинди (Жет. кичиев т.).

БАРОН *ат. Феодаллық және буржуазиялық жәмийеттеги дәрежеси графтан төменги ҳүрметли атақ.* Бундай *баронға* жетисиўге болады,... (Қыз. муғ. ж.).

БАРПАЗ *қ.* сулыў.

БАРРИКАДА *ат. Көшелердеги урысларға қарсылық етиў, тосқынлық жасаў, гүресиў.* Буларға қарсы *баррикада* шөлкемлестирилди,... (Д. Назбергенов).

БАРХЫТ *ат. Жумсақ түкли етип исленген таўар, ткань, түги үстиңги бет жағына шығарылып, жипектен тоқылған, жүзи тығыз қырқылған материал.* Столға жабылған қып-қызыл *бархыт* скатерлер райкомның секретары отырған кабинеттеги тахта полға жақынлап турды (Т. Нәжимов).

БАРХЫТТАЙ *кел. Бархытқа усаған, мегсес, яңлы. Бархыттай* күбылған қара топыраққа жас баладай аўнап-аўнап алсаң да (ҚҚ. поэз. ант.).

БАРША *қ.* барлық.

БАРШАСЫ *қ.* барлығы.

БАРШИНА *ат. Крепостнойлық право ўақтында дийханлардың помещик жеринде ерксиз, ҳақысыз, босқа ислеген мийнети.* Помещик жерлеринде дийханлар *баршинаға* ислейтуғын еди,.. (Қ. Ирманов).

БАРШЫЛЫҚ *ат. Молшылық, көпшилик, көплик, барымта, ҳәмме нәрсени өзине жеткиликли, бай турмыс.* Алып қарасаң, аўылымызда ақыл-ойы ала бүйрек адамлар да *баршылық* екен (К. Смамутов).

БАРЫЛДАЎ *ф. Жағымсыз жуўан даўыс шығарыў, баркыраў,...* бала *барылдап* жылады (А. Бегимов).

БАРЫЛЫЎ *қ.* барыў.

БАРЫМТА *ат.* 1. *Өшпенликтиң салдарынан еки урыўлы елдиң бир-биринен мал айдап әкетиўи, урыс, жәнжел.* Басқа салған *барымта,* Алланың бундай жарлығын (Қырқ қыз). 2. *Турмысы бай, қургын. „Барымта* қырқ жылда қайта тез қайтады"—деген (А. Бегимов).

БАРЫНША *р. Бар ықласы менен, барлық күш-қуўаты менен, жигери менен болғанынша, мүмкиншилигинше, қәлегенинше.* Ҳәр ким *барынша* ҳәр ким өзинше орын тапты (Ж. Аймурзаев). Ержан Айтымның үйинен шығыўы менен *барынша* адымын атып киятыр (С. Хожаниязов). *Барынша* жумсап ерликти, Өкпесинен шаншыўға (Қырқ қыз).

БАРЫҢҚЫРАЎ *ф. Жақынласыў, қапталласыў, жанына таман барыў.* Оның бет алдына *барыңқырады,...* (А. Бегимов). ◇**Барып көриў**—*көзбенен көриў.* Өзиңиздики болса дейсең, Ана беглер *барып көрсең* (Өтеш ҳәм Омар). **Барып келиў, барып қайтыў**—*бир жерге барып айналып келиў, қайтыў.* Бизлер семьямыз менен курортқа *барып келемиз* (К. Аймбетов).—Аўа жумыс бабында *барып қайтыўым* керек (Ө. Хожаниязов). **Барып турған**—*жоқарғы шыңына жеткен, барынша.* Гиглер ҳеш кимниң дайысы ямаса жийени емес, ал ол *барып турған* адамхор фашист (Ө. Хожаниязов).

БАРЫС I *ат. гән. с. Ҳайўан, жыл есабын қайтарыўдағы жылдың аты* „Быйыл *барыс* жылы ғой шырағым,—деди ғарры (Қыз. муғ. ж.).

БАРЫС II *ф.* 1. *Бет алыс, бағыт бағдар.* Барысым аман да, келисим гүман. Хош қалыңыз меннен Саркол қаласы (Қырқ қыз.). 2. *Ис ҳәрекеттиң жағдайы, аўҳалы.* ...ҳәрекеттиң *барысын* суйылтып алатуғын жағдайлар бар (Г. Есемуратов). Председательден аў-дузақ таярлаўдың *барысын* сорады (К. Султанов). ◇**Барыс-келис**—а) *қатнас жасаў.* Оған мына шешең қарсы болып, ара суўысты, *барыс-келис те* туўарылды (Г. Изимбетов). б) *бир жерге барыў ҳәм қайтыў.* ...сениқи қурыдан-қуры *барыс-келис* болды ғой!—буннан не шығады (Ө. Айжанов).

БАРЫСЫЎ *ф.* 1. *Еки адамның келиспеўшилиги, герилдесиўи, мәселлесиўи, тарысыўы, сөгисиўи, сөз алысыўы, айтысыў.* Егерде келисим бермейтуғын болсаңлар я сизлер шының да ямаса мен шығаман дегенге шекем *барысқан* (Ж. Аймурзаев). Бул күнлерде даўласқан, көп қағазлар жазысқан, көп сөзлерге *барысқан* квартирасының үстинен Әмудәрья ағып тур (Қ. Айымбетов). 2. *Қатнасыў, байланыс жасаў.* 3. *Бирге барыў, жүриў, жолдас болыў.* Қалаға шекем бирге *барыстық* (Қ. Айымбетов). ◇**Барысып-келисиў**—*қатнасық жасаў, байланыс жасап отырыў.* ... мына мәрдикар алыў сапласқаннан соң өзлериниң *барысып-келисип,* биреў-биреўинде болса алыса берерсиз,... (М. Дәрибаев).

БАРЫЎ *ф.* 1. *Белгили бир жерге дейин келип жетиў.* Хорезмниң елине *Барған* патша сенбисең (Ер Зийўар). Саеке менен *барыўға,* Бул да белин байлады (Қырқ қыз). *Барып көрсе* ол бир дәўдиң қорғаны екен (ҚҚ Х. Е.). 2. *Бир нәрсениң ямаса ҳәрекеттиң барысы.* Бул сабақлық олардың системалы ис алып *барыўына* анағурлым жәрдем етти (Г. Есемуратов). Оның ислеп атырған жумысларының *барысы* менен таныстық (Ө. Хожаниязов). Ҳәзирги турмысын тәрепке алсақ, Табысы дәрьядай тасып *барады* (К. Султанов). ◇**Бардым-келдим**—*бир жерге барып ҳәм қайтып келиў, нәтийжесиз, жуўмақсыз, мәзи, қуры, кеўилсиз, босқа.* Ойымда Мурат аға менен жеңгейдиң сөзлери бөлип жиберди, мен серсиз, *бардым-келдим* кеўилсиз тыңлап отырман (Ө. Хожаниязов). **Барып-келиў**—*белгиленген жерге барып, қайтып келиў, айналып қайтыў.* ...мал басына *барып-келип* жүрген, ...(А. Бекимбетов). Қарым-қатнастың *барыў-келиў* адамлар арасындағы өз-ара байланыстың шәрти (Ө. Хожаниязов). **Барған сайын — улғайыў,** *күшейиў, зорайыў, ҳәўиж алыў, даўам етиў, созыў.* Мырзабектиң даўысы *барған сайын* бәлентирек шыға берди (Ө. Айжанов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Әмударьяның *басы* Памир таўдан басланады (Н. Дәўқараев). ◇ **Жаланбас**—*басында кийим жоқ, басына ҳеш нәрсе киймеген, бас кийимсиз.* Шерин жалан аяқ, *жалаңбас* булардың үстине кирип келди (Қ. Ирманов). **Жалғыз бас**—*қара басы, жеке басы, жалғыз өзи, өзинен басқа ҳеш кими жоқ, қуры өзи. Жалғыз басым* қалдым (К. Әўезов). Жумабай *жалғыз баслы* болды (К. Султанов). **Басын сүйеў**—*жығылған адамға жәрдемши болыў, басын жоқары көтерип отырыў, демеў, жәрдемлесиў, көмеклесиў.* Әри-бери Әўезовтың *басын сүйеп*, „шырағым, шырағым" деп атыр (Т. Қайыпбергенов). **Басынан кешириў**—*өзиниң өмиринде бир қанша қыйыншылықларды басынан кешириў, үшыратыў.* ... усыншама қыйыншылықты *басынан кеширип* жүр (Т. Қайыпбергенов). **Бас қәде**—*басқа биреўлерге берилетуғын саўға, сыйлық, сарпай.* Ҳәзирги *бас қәде* Айтбайды мәрдикарлықтан алып қалыў болсын,—деди жаўшының биреўи уры күшиктей жылмыңлап (М. Дәрибаев). **Бас бармақ**—*биринши үлкен бармағы, саўсағы. Бас бармағын* жағына таянып отырған кемпир бир қарап қойды (К. Султанов). **Бас қосыў**—*катарға қосылыў, бириғиў, уйымласыў, кеңесиў, мәмлесиў, биргелесиў, шөлкемлесиў. Басымды қоссам* қатарға, Жигитликтен миним жоқ (А. Дабылов). *Бас қосқан* жеримиз мақпал төсеп қойғандай көк-көмбек (Ө. Хожаниязов). **Бас кетиў**—*өлиў, қурбан болыў.* Усти-үстине есикти аш, Ашпасаң *кетер сизден бас!* (Бердақ). **Бас кийим**—*басқа кийетуғын кийим. Басыңдағы кийимиңдей,* Ығбалық шым қара сди (И. Юсупов). **Басқа түсиў** — *қыйыншылыққа ушыраў, түрли қыйын-қыстаў жағдайға ушыраў, гезлесиў, дуўшар болыў. Басыма түсип* тур қайғы қуяшы. Соны бузық биперзентгин уясы (Мәспатша). **Бас сүйек**—*адамзаттың ямаса ҳайўанаттың басының сүйеги.* Бирақ *бас сүйегинен* өтпеди де кулакка қағап тайып кетти (С. Хожаниязов). **Бас орамал**—*басқа тартылатуғын, орайтуғын кишкенелеў шаршы, орамал. Басында орамал* желбиреп ярым, Сен кетсең көзлерим келмирер ярым (ҚК. Х. К.). **Басына көтериў**—*шаўқым шығарып бүлдириў, бир орында шуўласыў, әўян-жайўан етиў, улы-шуў, поз-тозын шығарыў, уў-шуў болыў.* Олардың шүйкилдиси, аттардың кисиескени әтирапты *басына көтерди* (Жас ленинши г). **Бас тартыў**—*көнбеў, көнликпеў, биреўдиң усынысына басынбаў, мойынсынбаў, қайыл болмаў, қарсы болыў.* Бирақ гөне әдебий мийрасқа барқулла *бас тартыўға*, оннан дым паналанбасқа да болмайды (Қ. Ирманов). **Бастан аяқ**—*бәрин, барлығын, түўели менен, басынан аяғына дейин, ҳәммеси, жәми.* Өткен тоғай, дәў мәкан. *Бастан аяқ* болды қан (Х. Алимжан). **Басына келиў**—*биреўдиң басындағы ўақыяның екинши биреўге өтиўи, келиўи.* Күлме досыңа *келер басына* (ҚК. Х. Ч.). **Бас-аяғы**—*истиң басы ҳәм аяғы, бары-барынша. Ўәдесиниң жоқ аяғы я басы,* „Бир ҳәптеде жети рет жумысы" (Б. Исмайылов). **Бас болыў**—*бир нәрсеге сбашылық етиў, басқарыў, меңгериў.* Аўылда *болған бас* жигит, Сизиң аўыл қайда болар (ҚК. Х.Н.). **Басын баслаў**—*еркинликке жибериў, дарқан етиў, азат етиў. Басыңды сениң бослайын.* Керегинди айта бер (А. Дабылов). Гаррым енди куўанышта, Азатлық *басдап басына* (Д. Назбергенов). **Басын ораў**—*шаршы ямаса орамал менен ораў, тартыў, жамылыў....* оларды шыйырып *басыма орадым.* ... (Ж. Аймурзаев). **Басына бүркениў**—*жамылыў, ораныў.* ... Гүлим *басына бүркенген* кийимин ийнине түсирди (Т. Қайыпбергенов). **Бас қайғы**—*Өз басының уўайымы, муңы, қайғысы.* Бул қалған баспашылардың да саўлары өз *бас ларының қайғыларын* ойлап қашыў менен болды (Жас ленинши г). **Бас тигиў**—*жолында лидә болыў, қайыл болыў, жолына қараў, қараслы болыў. Бас тигип пен* Хан-Саяттың жолына, Көзи яшлы Сәрби ярым қал енди (ҚК. х. к.). **Басына жетиў**—*опат болыў, қурбан болыў, қаза табыў, өлиў.* Усы Кәмекбай өзиниң де, гаррының да *басына жетеди* (Ж. Аймурзаев). Қызға алған малы *жетти басына* (С. Хожаниязов). **Бастан кешириў**—*ўыйманшылықты, қыйыншылықты, түрли ҳәдийселерди басынан кешириў, өткериў, көраў.* Қандай ҳәдийселер *басымыздан кешеди* дейсең (Ж. Аймурзаев). Талай тартыслардың *бастан кеширип*, Маназында турмыз уллы сынақтың (Ш. Мәмбетмуратов). **Бас себепши**—*бир нәрсеге тийкарғы себепши болыў,* „Бегжан" каплы ўақыясының *бас себепшиси* Турдықылыш ҳәм Қасым,... (Т. Қайыпбергенов). **Бас көтериў**—а) *жаўға қарсы шығыў, көтерилис баслаў.* Шыдамай хорлық азапқа. *Бас көтерди* мийнеткеш (Х. Сейитов). б) *басшы болыў, басшылық етиў, бас болыў.* Усы аўылдың *бас көтерген* жигитлериниң бири ҳәм абыройлы батрачком ғой (Т. Қайыпбергенов). **Бас катырыў**—*бир нәрсе ҳаққында ойланыў, машқул болыў.* Жыллар бойы уйқысыз *бас қатырдым.* Талай таңды ой үстинде атырдым (Т. Сейитжанов). **Бас ўазыйпа**—*тийкарғы, негизги жумыс, миннетли хызмети.* Халыққа хызмет етиў-бул дәстанның геройларының *бас ўазыйпасы* (Қ. Мақсетов). **Бас герой**—*ҳәдийсениң баслы қаҳарманы.* Гүрриниң *баслы героий*-Сәтулла көпшиликти иси менен сүйсиндиреди (Г. Есемуратов). **Басқа бәле болыў**—*дөҳет болыў, қайғы болыў, мушкил болыў, қыйыншылық болыў.* Қәдимги артықмаш күш базда *басыңа бәле болады* (Сейитов). **Басын алып кетиў**—*өз басын алып кетиў, қақпайлап кетиў, шығып кетиў.* Ол базда жақсы-жаманды анламай, өз *басына кетип* калады (Ж. Аймурзаев). **Бас сыйпаў**—*биреўдиң я өзиниң басынан сыйпаў.* Бирақ сыр билдиргиси келмей, Олардың *басынсыйпады* (М. Абдраймов). **Басы көкке жетиў**,—*мурат-мақсетине жетиў, бахытлы болыў, ойлағанына жетиў. Басы көкке жетеди* (Х. Алимжан). **Жаманлық жаўдың басына**—*қандай жаманлық болса да жаўға болыў, душпанға болыў. Жа-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тов). **Бас елши**—*бир елге жиберилген басшы адам, еки аўылдағы ҳәдийсени, ўақыяны келистириўши адам, басшы киси, басқарыўшы, елши.* ... *бас елши* өзге болып ара жеңгесиниң рийзалығын алып келди (К. Султанов). **Бас былғаў**—*басын шайқаў, қозғаў, шайқалыў.* Тоғай шақырып *бас былғаған*, Жер бетине салып сая (И. Юсупов). **Бас жип**—*ҳайўанаттың басына байланатуғын жип, арқан.* ... сыйырдың *бас жибине* асылып Қулымбет бийдиң аўылына шубырып киятыр (К. Султанов). **Бас айналыў**—*мийи меңзеў болыў, мийи айналыў,* ... я мениң *басым айналып,* есимнен кетип турман ба деп, ... үним шықпай қалыппан (А. Бекимбетов). **Бас кала**—*ең үлкени, орайы.* Шығыста гүлленген бир *бас қаласа*ң, Гүлленген үстине гүллеп барасаң (Т. Сейитжанов). **Бас көзи**—*басына. көзине қарамай, бас салып урыў, сабаў, дуўсыйына қарамаў.* Хожайынлар *бас қа-көзге* қарамай, Қамшы үстине қамшы урып (Өтеш). **Бас конақ**—*қонақлардың ишиндеги ең жасы үлкени, қәдирли, сыйлы адамы, тийкарғы қонақ адам.* Ол бираздан бери көбинше чайдың ўақтында үйиниң *бас қоңағы* еди (Р. Тагор). **Бас қоспа**—жыйналыс, *жыйнақ, мәжилис, бирлесиў, шөлкемлесиў, уйымласыў. Бас қоспада* сөзге сынақ беремен, Бас көтерип сөйлемейди бир адам (А. Дабылов). **Бас қосыў**—*биригиў, жәмлесиў, аўқамласыў.* Еки жақсы *бас қосса,* Қыл өтпейди арадан (ҚҚ. х. н.). **Бас қосысыў**—*қ.* **бас қосыў.**

БАСАЛАЙ *ат. Тарыны ҳәм шигинди кептирип, кепегин айырмастан тартып писирилген суйық быламық, жарма, бунан нан да ислейди. Басалай* ишип ашыды куўық. Жаман ашлық болды быйыл (Бердақ). Ишкениң *басалай* быламық, Бул исиң қалай шерменде (Өтеш).

БАСКЕТБОЛ *ат. Топты жоқарыдағы орнатылған дөңгелек торға ҳәр бир команда бир-бирине қарсы тәрепине қол менен ылақтырып салатуғын спортлық ойын. ...баскетбол* ойыны да басланды (Жеткиншек г.).

БАСКЕТБОЛШЫ *ат. Баскетбол ойынының қатнасыўшысы,* ...Барлық *баскетболшыларды* бир жерге жыйнады ,... (Жас ленинши г.).

БАСҚА *р.* 1. *Екинши биреў, басқа бир адам, бөтен, өзге. Басқа* қурып токаллыққа кеткеннен, Өлсеңши буннан да арыў Бийбайша (Омар). 2. *Басқа бир нәрсе, бөтен.* Бий *басқа* табаққа қолайласы,... (К. Султанов). 3. *Бөтен бир жақ, басқа жақ, тәреп, бағдар.* Мийирхан, ... мениң не дейтуғынымды тез аңғарып, *басқа* жаққа бурды (Ө. Хожаниязов). ◇ **Өлимнен басқа** *басқа нәрсениң ҳәммеси, барлығы, жәми. Өлимнен басқаның* ертеси жақсы (ҚҚ. Х. Н.).

БАСҚАЛАНЫЎ *ф. Өз алдына бөлек шығыў, бөлеклесиў, бөлиниў, айрылып кетиў, бөлек шығарып жибериў.* Оның ата-анасынан *басқаланып,* кеткенине көп ўақытлар болды (Қ. Айымбетов).

БАСҚАЛАСТЫРЫЎ *қ.* **баскаланыў.**

БАСҚАЛАЎ *ф.* 1. *Бөтенлеў, усамаў.* Киятырған адам сиз айтқаннан *басқалаў* көринеди (Жас ленинши г.). 2. *Бөлек шығарып жиберіў, айырып жиберіў, басқа шығарыў.* Азат үйленгеннен кейин, ата-анасы оны *басқалап* жиберди (Сов. ҚҚ. г.).

БАСҚАЛДАҚ *ат. Кишкене дәрьяға, каналға, жапқа адамлардың жүрип өтиўи ушын исленген өткел, паяпыл.* ...өлтирилген дәўиниң геўдесин айырылған қос жилиги шор дәрьясына *басқалдақ* болып гурған усайды (ҚҚ. Х. Е). Борис *басқалдақтан* өткен кисидей қалтаңлады (Ж. Аймурзаев). Не бир қыйын жерлерде, *Басқалдақсыз* өтеди (Қырқ қыз).

БАСҚАЛЫҚ *ат. Жатлық, бөтенлик, өзгелик, бөтен биреўлик.*

БАСҚАН *қ.* **басыў.**

БАСҚАНДАЙ *қ.* **басыў.**

БАСҚАР *қ.* **басқарыў.**

БАСҚАРАҚ *қ.* **баска.**

БАСҚАРМА *ат.* 1. *Мәкеменің, шөлкемниң басқарыўшы ағзалары, бөлимди, колхозды басқаратуғын адам.* Сениң бул жерде *басқармаға* асылыўың жөнсиз,... (Қыз. муғ. ж.). ... колхоз *басқармасы* маған белгили баслы жумыс ислеў жөнинде кулақ-қағыс етип еди, ...(Ө Хожаниязов) 2. *Басшылық ететуғын шөлкем, мәкеме, басқаратуғын орын.* ... курылыс-монтаж *басқармалары* егин басланғанға шекем бул кемшиликлерди сапластырыўы тийис (Сов. ҚҚ. г.).

БАСҚАРТЫЎ **басқарыў,** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАСҚАРЫЛЫЎ **басқарыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАСҚАРЫЎ *ф.* 1. *Басшылық етиў, ел биллеў, жетекши болыў, силтеў бериў.* Билимли болып журт *басқарады* (Ө. Хожаниязов). Ел *басқарған* адамның жаны таза, иси минсиз болыўға тийисли, ...(Ө. Айжанов). Төремурат туў услап, нөкерди *басқарса,* Есенгелди елден карыў-жарақ жыйнады (К. Султанов). 2. *Бир нәрсени жолға салыў, уйымластырыў, биріктириў, шөлкемлестириў.* Оркестрди *басқарып* турған адам бул сөзге кеўил бөлмеди (Н. Островский). 3. *жансыз нерселерди, техникаларды басқарып ҳәрекетке келтириў, меңгериў.* Сөйтип олар байдарка қайықларын шебер *басқарды* ўақыт пенен санаспады (Қ. Ирманов). Пахтаның тәғдири бизлердиң қолымызда, ҳәр ким өз трактерын шебер *басқарыўы* керек (К. Султанов). 4. *Бир нәрсениң өзин-өзи басқарыўы, қараслы болыўы, жетекши болыўы.* Адамда куўаныш пенен қайғыны, ренжиўди орайлық нерв системасы-бас мий *басқарады* (А. Бекимбетов).

БАСҚАРЫЎШЫ *ат. Басшылық етиўши, шөлкемлестириў-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лердің бас шығармауы, басламағаны. Басламаған майса көк қамыс жапырақлары сытырласып сығасып тур (Т. Қайыпбергенов).

БАСЛАН баслаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

БАСЛАНҒЫШ *кел. Дәслепки, баслапқы, әўелги.* ... балалар *басланғыш* мектепте билим алады (Қыз. муғ. ж.).

БАСЛАНДЫРТЫЎ баслаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАСЛАНДЫРЫЎ баслаў фейилиниң еркси дәрежеси.

БАСЛАНЫЎ баслаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАСЛАСЫЎ баслаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БАСЛАТТЫРЫЎ баслаў фейилиниң өзгелилик дәрежеси.

БАСЛАТЫЎ баслаў фейилиниң еркси дәрежеси.

БАСЛАЎ *ф.* 1. *Кирисйў, баслап жиберіў.* ... сабақ жана ғана *басланып* еди, олар да кирип келди (Жеткиншек г.). 2. *Изине ертиў, алда жүриў, басшылық етиў, жетекши болыў.* Сәден ғарры балаларға жолды *баслап*, жабайы жигилдикке алып келди (Жеткиншек г.).

БАСЛАЎШЫ *ат.* 1. *Кирисйўши, баслап жиберіўши.* Сабақты *баслаўшы* муғаллим де асығып-албырап класска кирип келди, хәмме орынларынан турып сәлем берди,... (Қыз. муғ. ж.) 2. *Изине ертиўши, алда жүриўши, басшылық етиўши, жетекши болыўшы.* Тилеген қыз менен жигитке жолды *баслаўшы* болып, аўылдан тоғайға қарай жүрип кетти (Жеткиншек г.).

БАСЛАЎЫШ *ат. грам. Грамматикадағы гәптиң бас ағзасы.* ... гәптеги *баслаўыш* сөзлердиң астын бир сызып шығыўды муғаллим оқыўшыларға ескертти (Қыз. муғ. ж.).

БАСЛЫ *кел. Шешиўши, маңызлы, негизги, тийкарғы.* Сәден ғарры ағы да насыбай атты да жигит менен қызға бизлердиң *баслы* ўазыйпамыз күн барында тоғайдан аўылға араласыўымыз керек деп ескертти (Жеткиншек г.).

БАСЛЫҚ I *ат.* 1. *Белгили бир хызмет атқаратуғын, басқарыўшы рәсмий адам, басшылық етиўши киси.* Пахта атызын аралап колхоз *баслығында* келип, суўшылар менен бираз сөйлесип турды (Қыз. ҚҚ. г.).

БАСЛЫҚ II *ат.* *Етиктиң қонышынан төменги жағындағы аяқ кийимниң усти бети.* Солдаттың етигиниң *баслығында* суў болып қалыпты, ... (Қыз. ҚҚ. г.).

БАСЛЫСЫ *қ.* баслы.

БАСМА-БАС *қ.* баспа-бас.

БАСМАШЫ *қ.* баспашы.

БАС МИЙ *қ.* мий.

БАС МҮШЕ *қ.* мүше.

БАСПА *ат. Китап, газета, журналларды басып шығаратуғын жер, мәкеме.* Быйылғы жылы *баспадан* мектеп оқыўшылары ушын оқыў сабақлықлары шығарылды (Сов. ҚҚ. г.).

БАСПА-БАС *р. Бир затты екинши бир затқа ҳеш нәрсесиз, үстемесиз, зыят нәрсе берместен аўмастырыў.* ... Мәтеке өз меншигиндеги атын колхоздың жылқы фермасына барып, *баспа-бас* аўмастырып алды (Қыз. муғ. ж.).

БАСПАЙ *ат. Тораңғылдың (жөнеўит ағаштың) ямаса жыңғылдың жиңишке шыбықларынан дөңгелетип, еки басын ашық етип тоқылынған зат.* Балықшылар ҳәзир *баспай* менен балық аўлаўды баслады (Қыз. ҚҚ. г.).

БАСПАЙШЫ *ат. Баспай тоқыйтуғын, ислейтуғын адам, киси.* ... баспай тоқып отырған *баспайшыда* бизлер менен чай ишиўге келди (Қыз. ҚҚ. г.).

БАСПАҚ *ат. Сыйырдың кишкене баласы, бузаў.* Мурат-бай оқыўдан келиўден *баспағына* от әкелип салды (Жеткиншек г.).

БАСПАҚШЫ *ат. Баспаққа қараўшы, бағыўшы, тәрбиялаўшы. Баспақшыда* шопандай үйме-үй конып, ўақысын өз ўақтында алатуғын болды (Қыз. муғ. ж.).

БАСПАЛАНЫЎ баспалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАСПАЛАСЫЎ баспалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БАСПАЛАТТЫРЫЎ баспалаў фейилиниң еркси дәрежеси.

БАСПАЛАТЫЎ баспалаў фейилиниң еркси дәрежеси.

БАСПАЛАЎ *ф.* 1. *Аўырлаў, басымлаў.* Арбадағы жүклер сәл *баспалаў* болып тур, ... (С. Мәжитов). 2. *Зор келиў, басым келиў, пәтлирек келиў.* ...сөзге келгенде Жумагүл Айжаннан *баспалаў* келди.... (Қыз. муғ. ж.).

БАСПАНА *ат. Тиришилик ететуғын жер, жасайтуғын үй, жай.* ... көлдеги балықшылар да ўақытша турағын болса да өзлерине жатып турағын бир камыстан *баспана* ислеп алыпты (Қыз. ҚҚ. г.).

БАСПАНАЛАЎ *ф. Қәўип-қәтерден сақланыў, жаның қорғаў.* Командир солдатларға *баспаналайтуғын* жерди артиллерияның оғынан аман алып қалыўымыз керек,—деди (Қыз. ҚҚ. г.).

БАСПАНАЛЫ *кел. Үй-жайлы, жасайтуғын, тиришилик ететуғын орын, жай.* Жазы менен әйтеўир бир *баспаналы* болды ғой,... (А. Бегимов).

БАСПАНАСЫЗ *кел. Басында ылашығы жоқ, үйсиз, жайсыз.* Бул жигит *баспанасыз*, қара басы жүрген бир зайыл ,... (Қ. Айымбетов).

БАСПА СӨЗ *ат. Ўақты-ўақты басылып шығарылатуғын газета-журналлардың улыўма жыйынтығы.* Бул жөнинде *баспа сөзде* ўақты-ўақты жәрияланып барылды,... (Ө. Айжанов).

БАСПАХАНА *ат. Китап, журнал, газетаны машина менен басып шығаратуғын өндирис орны, мәкеме.* Екеўи бир

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бастырып шығарды (И. Юсупов). 3. *Материалды машинкадан шығарыў.* Капитан машинистка қызды қасына келип мынадай мазмунлы приказды айтып турып *бастырды* (А. Бекимбетов). ◇ **Атқа бастырыў** —*аттың алдына салып айдаў, қуўыў, сабаў, урыў.* Айратын қатап тастырды, Өкшесин *атқа бастырды*, Суўпы-ийшанды айдады (Мәспатша). ... *атқа бастырып* желке шашынды жулғысы келеди. ... (Ө. Хожаниязов). **Шаңға бастырыў** --*шаңды бурқыратып өтиў, шаңда қалдырыў, озып кетиў.* Усы Аршан өзектиң жағасында той-мерекелер болғанда бай балалары үстимиздеи жорға сүрип өтип, *шаңға бастырып* өтетугын еди (С. Хожаниязов). **Мөрин бастырыў**—*белгили бир документти тастыйықлаў ушын мөрин қойдырыў, бастырыў.* Бийге жиберип, *мөрин бастырып*, пүткиллей қатым етип алды (А. Бегимов). **Аяғын бастырыў**—*кишкене балаларды, жаныў-жанывярларды көтерип аяғын бастырыў, аўырыў адамның, жығылған адамның қолтығынан көтерип аяғын бастырыў, сүйеў.* Жас бузаў тентиреклеп кетсе оны тикейтги де *аяғын бастырып* сүйеди (Ө. Айжанов) **Мала бастырыў**—*айдалған жердиң ири кесеклерин майдалап тегислеў, егинниң үстин уайранлап таслаў, жапырыў.* Сөйтип доңызға *мала бастырып*, Дәўеке писеийн деп турған жүўерисинен айырылды (К. Айымбетов).

БАСТЫРЫЎШЫ *ат. Кандай да бир жумысты ислеўши, орынлаўшы, питкериўши адам.* Музларды ойып, ойылған музлардың орнына балықларды текшелеп жыйнаўыны, *бастырыўшыларды* тайын етти (А. Бегимов).

БАСШЫ *ат.* 1. *Дана, данышпан, көсем.* Қорған турған батыр қыран еллерим, *Басшысы* данышпан Ворошилов бар (С. Нурымбетов). 2. *Белгили бир орынға, жерге, мәкемеге басшылық етиўши, баслық, басқарыўшы, меңгериўши.* Митинг басланды, *басшылар* сөз сөйледи (К. Айымбетов). ... ферма *басшысының* сөзин еситкен көпшилик силтидей бир тынып алды да, ... (Ж. Сейтназаров). 3. *Бир нәрсени баслаўшы, жол салтеуши, кеңес бериўши.* Жол *басшы* партия әдиўли Ленин, Қуллықтан қутқарған езилген елин (С. Нурымбетов).

БАСШЫЛЫҚ *ат. Жумыс алып барыўшылық, меңгериўшилик.* Есенгелди сол күни ақшамы менен той жеп, күндизги қызығын баслаў ушын мерекеге *басшылық* етпеге шығып кетеди (Қ. Айымбетов). Фермаға жаңлы *басшылық* керек (Ө. Айжанов). Сапар шықсам *басшылыққа*, Елге қайтсам қосшылыкка (А. Дабылов).

БАСЫБАЙЛЫ *кел. Өзиниң жеке басының ерки жоқ, биреўге ғәрезли, биреўге меншикленген, қарасты.* Болыс өзиниң қарамағындағы мийнеткеш халықты өзиниң *басыбайлы* құлларындай етип жумсады ҳәм қысты (Қ. Ирманов).

БАСЫЛДЫРЫЎ *ф. Жеңиў, айыў, басым болыў, күшлирек келиў. Басылдырып* барлық Саркоп жигитин, Байрақлар-

ды жат ел алып кетипти (Қырк қыз). Кимсини дүпеңлеп, кимсини шаншып, Көп ләшкерди *басылдырған* Әзберген (Бердақ).

БАСЫЛЫЎ I *басыў* фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАСЫЛЫЎ II *ф.* 1. *Пәсеңлеў, пәсине түсиў, күши қайтыў, ҳәрекети қайтыў.* Ол бираз демин алып, суў ишкеннен кейин жүреги *басылып* орнынан турды (А. Бекимбетов). Басында орамал қызыл-жасылды, Жүрегиме оттай лаўлап *басылды* (ҚҚ. Х.Е.). 2. *Кеўли қайтыў, тыншыў.* Жүрегине шықы оты *басылады* (Ж. Аймурзаев). Күлди Әмет Гүлжанға көп асылды, Қыз бир урды—суў сепкендей *басылды* (И. Юсупов). 3. *Тынышланыў, тыныў, жағдайласыў.* Айдос бийдиң көтерилиси *басылып* қаракалпақлардың Хийўа ханына мойынсынып отырғанына үақты (К. Султанов). Менин ҳаўлықпаным *басылып*, куўаныш денемди жайлай баслады (Ә. Шамуратов). 4. *Тоқтаў, тыйылыў, иркилиў.* Ҳәр сапар жаңа оқыў жылының басында биталай даў-жәнжеллер болып *басылып* жүрди (К. Айымбетов). Даў *басылған* соң, кусбеги Әлмуратқа;—Көрдиң ғой? Бул халықтың еле шашы жибаген жоқ (К. Султанов). 5. *Тамам болмаў, таўсылмаў, қурымаў, пишпеў, ирикпеў.* Бир қызыл шыбық аркана тийсе ашыўы өмирде *басылмас* еди (Т. Қайыпбергенов). ...арқа жақтан көтерилген тентек даўыл кешке шекем *басылмады* (К. Досанов). ◇ **Тасқа басылыў**—*баспаға басылыў, жазылыў, жәрияланыў, дағазаланыў.* Себеби, конверттеги *тасқа басылған* бир жапырақ қағазды алып келди (Ө. Хожаниязов). Ҳәтте, олардың айырымларының кишкене группа болып түскен сүўретлери де *тасқа басылып* шықты (Т. Нәжимов). **Пәтиўаға басылмаў**—*есапқа алынбаў, есапланбаў.* ...*пәтиўаға басылмаған* деп кемитетуғыны да усыннан—аў деп гүбирлеген ишинен (К. Султанов). **Печать басылыў**—*белгили бир рәсмий документти бекитиў, тастыйықлаў.* Бекниязов қойын қалтасынан дөңгелек *печать басылған*, документти шығарып майорға көрсетти (А. Бекимбетов). ...ақырына дөңгелек *печать басылған* жуўмақ қағазды капитанға усынып (А. Бекимбетов). **Ашыўы басылыў**—*ҳәҳәринен қайтыў, пәсине түсиў, жуўасыў.* Оған шекем *ашыўы басылар* (К. Султанов). **Маўқы басылыў**—*қумары қанығыў, қумары тарқаў.* ...кешке дейин ойнап *маўқымыз басылып* қалыпты (С. Мәжитов). **Көзге оттай басылыў**—*Көзге ысық көриниў, қумартыў, жақсы көриў.* ...қәдимги йирек-йирек етип майдалап қыйсық жазыўлары *көзиме оттай басылды* (Ө. Хожаниязов). **Қайнаўыты басылыў**—*ирикпеў, тоқтаў, тыныў.* Тымық күни *қайнаўыты басылып*, еки кенарын жонып, жалап сынаптай сызылып ағады (К. Султанов). **Жерги басылыў**—*ҳаяллардың курсақ көтериндеги жүкли болар алдында бир аўқатқа ямаса бир нәрсеге қумартыўы, соны жеп қумардан шығыўы, тойыныўы.* Қассаптан алдырған буғаның басын деп *жерги басылып* ана бала-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

алған (Ж. Аймурзаев). Барымызды *басып* алды (Қ. Ирманов). **13.** *Қадирлеў, сақлаў, еслеў, ойлаў.* Сапардың туўылған елатын көзиме тотиядай *басаман* (К. Султанов). ◇ **Капалық басыў**—*қайғыланыў, уўайымланыў.* Бир күни қарацғы түскеннен кейин, кеўлимди *капалық басып* қысынып мен Кәримовтың үйине бардым (А. Бекимбетов). **Бетине басыў**—*кемшилигин өзине, жүзиңе айтыў, уялтыў, қызартыў.* Азаматлардың жарлылығын *бетине басып*, болыс булардың ашыўын келтирди (Қ. Ирманов). **Сақал басыў**—*бетиниң жүни өсип кетиў, ғаўлап кетиўи.* Бет аўызын ғаўлап *сақал басты*, Бирақ, тып-тыйпыл, Көсе болды қосықлары (И. Юсупов). **Жас басыў**—*үлкейиў, мәплик болыў, ғарры болыў, қартайыў, кексе болыў.* Жүрин келе алмай жырақтан, Кем болғаным Қулбарақтан, Астығой дизе қулақтан, *Басты жас* енди күнлерим (Бердақ). **Өксигин басыў**—*жылағаннан кейинги иштен шыққан сестиң күшлирек етип ҳәўириниң шығыўы. Бастың өксигинди* өзинди күшли, тири жанға муңын шықпады хәтте (И. Юсупов) **Солығын басыў**—*жылағаннан кейин иштен шыққан сести жеткилеў етип ҳәўириниң шығыўы.* Соның арасында көкирегы тыншығап бала *солығын басып*, әкесине бойын таслады (Т. Қайыпбергенов). **Ғаплет басыў**—*қайғы басыў, уўайымшылыққа түсиў.* Көзим көрмес мени *ғаплетлер басты*, Өткердим азапта жетпис бир жасты (Бердақ). **Ҳаплыққанын басыў**—*ҳәўлирген дебдиўин тоқтотыў, өзин услаў.* Мен де *ҳаплықканымды бастым* (Ж. Аймурзаев). **Аўызын басыў**—*ише баслады, шиниў, жеў.* Жаңағы киси... келе сала *аўызын басты* (Т. Қайыпбергенов). **Шәлин басыў**—*мийри қанаў, тойыныў.* Суў ишип *шәлин басты да*, Жол жүрип кетти алдына (Б. Қайыпназаров). **Дәрт басыў**—*қайғыға, уўайымға дуўшакер болыў, ушыраў.* Жүзлерин қапалық *дәрт басып*, төмен қарап отырған Ҳүржанға көзи түсти (А. Бекимбетов). **Шаң басыў**—*билинбей қалыў, изсиз қалыў, шешилмеў.* Болмаса бундай уақыяның жаңа өзи *шаң басып*, ашылмай, анықланбай қалыўы мүмкин (А. Бекимбетов). **Маўқын басыў**—*мийри қанаў, қумары тарқаў, тойыныў.* Әкеси менен шешесинің мойнынан алма гезек қушақлап, узақ ийискелеп *маўқын басты* (К. Султанов). **Кир басыў**—*батыл болып қалыў, ҳәрекетсиз қалыў, қозғалысқа түспеў.* Адамзат ай болмаса адасады, сөйлеспесе кеўилди *кир басады* (ҚК. Х. Н.). **Баўыр басыў**—*үйреніў, көнлигиў.* Олар менен мен бирден *баўыр басып* кеттим (Ж. Аймурзаев). **Баўырына басыў**—*Аўыс. барлық нәрсени өзине қалдырыў, сақлаў, ҳеш кимге бермей өзи алып қалыў.* Сержан барлық затын *баўырына басып* қалды (Т. Қайыпбергенов). **Баўырына басыў, баўырыма басыў**—*бир нәрсени күшақлаў өзине тартыў.* Есиктен кире бергенім, усы еди, әкем күшақлап *баўырына басты* (Ө. Хожаниязов). Қуўанышымды мен де баламды *баўырыма басып*, суйе-суйе таркатайыншы деп оған умтылсам, ...(Ә. Шамуратов). **Қоныс басыў, мәкан**

басыў—*бир жерге көшип келиў, қонысланыў, орналасыў, мәканласыў, бекинисиў, жайласыў.* Ата журты Түркистаннан келгели, Ата-бабам *қоныс басқан* жайлаўым (Күнхожа). Жаңа жерден қала салып, *Мәкан басты* қалың еллер (Ж. Аймурзаев). **Ышқымды басыў**—*қумарымды тарқатыў.* Мен *ышқымды басайын* көнип, мейли, берме ықтыярынды (Т. Сейтжанов). **Курық басыў**—а) *үйир болыў, әдетлениў, үйреніў, бир жерде қозғалмай жатыў.* Тыныштық, дослық еки сөз, Сағынышлы бәҳәр қусындай. Кеўилге *курық басып*, Ақылға уя салмақта (И. Юсупов). б) *таўықтың шөже шығарыў ушын мәйекти басып жатыўы, таўықтың қурқылдаўы.* **Курым басыў**—*түтин менен ыс болып пиликлесиўи. Курым басқан* мешит емес бул, Басқа ушар баллар сабақтан кеш қалмасқа (И. Юсупов). **Ашыўды басыў**—*қаҳәри қайтыў, ашыўы тарқаў, жуўасыў.* Тағы да түркмен елине барып қырғын қылайын деп еди, араға ақша, алтын түсип *ашыўды басты* (Қ. Ирманов). **Қәдем басыў**—*алға қарай жүриў, адымлаў, жылысыў, қозғалыў.* Абылла көзи мөлерип, еки бети қызарып, зорға дегенде моллаға қарай *қәдем басты* (Ә. Шамуратов). **Гүрең басыў**—*сарғыш реңниң қаралтымға өтиўи.* Бул самал аппақ бетин *гүрең басқан* қыздың келбетин елеслетти (Ө. Хожаниязов). **Әжим басыў**—*адам бетиниң жыйрықланыўы, гөнере баслаўы, тоза баслаўы.* Бәйбише *әжим басқан* қабағын көтерип, отаўдың ишин бир шолып шықты да тула бойы әлле қандай қызғаныш бийледи (К. Султанов). **Жеделин басыў**—*ҳәрекетин қайтарыў, көтерилисин басыў, аркиниш жасаў, кеўлин аркиў.* Патша ҳүкимети жумысшылардың *жеделлерин басыў* ушын өзине зәлел келетуғынлықтан, бир неше жумысшыларды истен босатып, көшеге айдап жиберди (Қыз. муғ. ж.). **Бәнтин басыў**—*сөйлеўшиниң пикирин толықтырыў, анығырақ етиў.*—Ырас аға,—деп Әжинияз гәптиң *бәнтин басып* алдыңғы пикирин енди дәлиллеўге киристи,... (К. Султанов). **Сусы басыў**—*бир адамнан екинши адамның басымырақ келиўи, сөйлей алмай албырап қалыўы.* Жийемураттың жүреги дүрсилден, қорқыныштын *сусы басып* кетти (А. Бекимбетов). **Таңба басыў**—*белги салыў, жылқыларға, малларға салынатуғын белги.* Жылға, сайға ақты қандар, Қыйылды гунасыз жанлар, Отқа қарылды мың санлар, Темир *таңба басқан* екен (Бердақ). **Мөр басыў**—*белгили бир исенимлиликти билдириў ушын берилген қағазды бекитиў, тастыйықлаў ушын басылатуғын белги, расмий документлерди бекитиў, тастыйықлаў ушын басылатуғын зат.* Тойда бир лаўлы исти шешип болып бийлик қағызына *мөр басыў* ушын шәҳәрге кетти. ...(ҚҚ. Х. Е.). **Қанға бояп басыў**—*урыў, сабаў, өлимши қылып сабаў, өлгенше урыў.* Аллақул хан оны аяўсыз *қанға бояп басты* (С. Камалов).

БАСЫЎ II *ф. Дәрьяның еки қаптalын суў алып кетиў,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

батпақлыққа ушырапты (ҚҚ. Х. Е.). Айырым жағдайларда көк куўалап жүрген маллар *батпақлыққа* батып, дүзде қалып қойыўы да мүмкин (Ж. Сейитназаров).

БАТПАК-САТПАК *ат. Ылай болған, патас болған, ылайға былғанған. Батпақ-сатпағы* менен бир нәрселерди сүйреп үйине жақынлаганда қаладан ГПУ дин адамлары келип қалды (Т. Қайыпбергенов).

БАТПАН *ат. гөн. с.* 1. *Аўырлық салмақ, жерине қарай жигирма, жигирма еки, жигирма төрт килограммнан қырық килограммға шекем болады.* Сенің ешеген соңша ўақыттан бери канша *батпан* жем бердим (К. Айымбетов).—Мен сизге бир *батпан* сөк берейин, соны ал да тез жолға түс,—лейди қыз (ҚҚ. Х. Е.). 2 *Аўыс. Жүк, салмақ, аўырманлық, көп, зор, үлкен.*—*Батпан* уўайымнан мысқал пайда тапқан жерин болды ма? (Т. Қайыпбергенов). Өз тасына *батпан* келип, Жаман тоңнан жийренген бар (С. Мәжитов). От басында ҳәмме батыр, ҳәмме ер, Өз тасына *батпан*, ез көнлине шер (К. Ирманов). Жүгим аўыр еди қырық *батпан* тастан, Сол бүгин айнимнен түсип турыпты (А. Дабылов). ◇ Батпан тас—*аўырлықты билдирип келеди; салмақты, гейде зил қара тас деп те айтылады.* Аяқларым *батпан тас* байлап қойғанлай орнынан зорға көзғалады (Т. Қайыпбергенов). Батпан ирин—*көзде ирин болыў, ирин басыў, ириңлеўў.* Гейбиреўлери көзинде *батпан ирин*, мурынларын корқ-корқ сткизип тартып, даўысын бөлип-бөлип шығарып ыңқылдайды (Ә. Шамуратов). Жүлә десең, барып көрің, Хәр көзинде *батпан ирин* (А. Өтеш). Батпан самал—*өзин басқалардан жоқары санап гәрдийиў, менменсиниў, тәкаббирленіў, үлкенсиниў.* Сүриўли койын жоқ, жапада малын, Сонда да мурнында *батпан самалық* (Әжинияз). Жигитлик ҳәсерй урган мурынын, Кеминде бир *батпан самалы* болар (И. Юсупов).

БАТПАНДАЙ *кел. Салмақлы, сондай, жүдә аўыр.*—Хеш болмаса кисимди салатуғын табыты ушын салма бойындағы оның өзи еккен агашларыныздан еки ағаш, кепинлигине он аршындай бөз, жаназасын берийге бир *батпандай* жүўери, онлаган мысқал чай менен еки-үш қадақ май берің (А. Бекимбетов).

БАТПАНЛАЎ *ф. Үйип-төгиў, усти-устине үйиў, өлшеў, көплеў, көп муғдарлаў. Батпанлап* кирген аўырыў, мысқаллап шығады (ҚҚ. Х. Н.).

БАТПАНЛЫҚ *кел. Өлшем муғдары, аўырлық, салмақ.* Көзин көрсең жүз *батпанлық* урадай, Зәрре киши лаў перидей бар екен (Омар).

БАТРАК *ат. Байларға жалланып ислеўши, революцияға дейин устем класс ўәкиллериниң қараўында болып келген дийқан, малай.*—Ҳэ *батрак* неге жылап отырсыз? (А. Бекимбетов). Ол *батраклар* союзына кирип еркин мийнетке ийе болды (Ж. Аймурзаев).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БАТРАЧКОМ *ат. Жарлы дийқанлардың, малайлардың ярный батраклар шөлкеминиң басқарыўшы адамның алып баратуғын ўазыйпасы.* Усы аўылдың бас көтерген жигитлериниң бири ҳәм абыройлы *батрочком* ғой (Т. Қайыпбергенов). Усылайынша, бос ўақыттың көп болғаны ушын ба, ТОЗ шылар *батрачком* ҳаққындағы мәселени қайғадан қоздырып жиберди (Т. Қайыпбергенов).

БАТЫЛ I *кел. Қайтпайтуғын, тайсалмайтуғын, тайынбайтуғын, ғайрат, қайсар, ер жүрекли, күшли.* ... толқындай туўылайды, *батыл* жүрекли жигит әне неден қыпсынып-камығады (К. Султанов). Қайтпады қайсар Суртайша, Бундай *батыл* талаптан (Қырк қыз). ◇ **Батылы барыў**—*жүрексиниў, батырсыныў.* Бас тартпас барар *батылы.* Қай кәсип күтип турсаң да (Б. Қайыпназаров). Сениң жүрегиңе жерик болыпты, Мийримсиздиң калай барды *батылы* (К. Султанов). Түў, бул қандай жүрек десеңши, қыз бенен сөйлесиўге де *батылымма* жетер еди (Ө. Айжанов). **Батылы бармаў**—*жасқаншақлық етиў, батырсынбаў, жүрексинбеў.* Даўысымды шығарайын, оятайын десем *батылым бармады* (Ж. Аймурзаев). Аты-жөнин сорауға бетинен уят қылаўы түспеген жаслардың *батылы бармады* (К. Султанов). Бирақ та сүйген қызын бирден қушақлап баўырына қысыўға *батылы бармай,* Айсәнемге әбден жақынлаганда тоқтап қалды (А. Бекимбетов).

БАТЫЛ II *кел. Пайдаланыўдан қалған, иске аспаў, жарамсыз, ҳәжетке жарамайтуғын.* Ол да он күннен кейин *батыл* болып қалды (Ж. Аймурзаев). Айымжамал *батыл* болып қалған қулақты аша баслады (Ө. Хожаниязов). Салмаларды шөп басып *батыл* болып қалған (Қ. Досанов). Дәртинди сөйлетпе маған, *Батыл* еди барлық сағаң (И. Юсупов). ◇ **Батыл қылыў**—*жарамсыз қылыў, иске астырмаў, болдырмаў, қарсы шығыў.* Қаҳәрленип белин буўды, *Батыл қылды* ақкан суўды (Бердақ).

БАТЫЛЛАНДЫРЫЎ **батылланыў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БАТЫЛЛАНЫЎ *ф. Ғайратланыў, тайынбаў, бурылмаў, жүреклениў, бағытынан қайтпаў.* Жәмийла ескек есиўге *батыллаңын* киристи (К. Султанов).

БАТЫЛЛЫҚ *ат. Қайтпаўшылық, тайынбаўшылық, бурылмаўшылық, жүреклилик, айбатлылық.* Пьеса Жумагүлге ұнады, бирақ, ерксиз қыздың бираз ерлиги, *батыллығы* керек етиледи (Т. Қайыпбергенов). Жумагүл калай да *батыллық* ете алмай, касындағыларға да жалтақлай берды (Т. Қайыпбергенов). ...*батыллық* пенен динди әшкаралайды,... (Қ. Максетов).

БАТЫЛЛЫРАҚ *кел. Иркилмей тикке барыў, айбынбаў, тартылмаў, қайтпаў.* Суд кеширимли болса, айыпкер *батыллырақ* болады (С. Салийев).

БАТЫЛСЫЗЛЫҚ *ат. Жүрексизлик, батылы бармаўшылық, батылы жетпеўшилик.* ... *батылсызлықтан* пайда жоқ, алға жүриў керек,... (К. Султанов).

БАТЫЛСЫНЫЎ *ф. Жүрексиниў, ғайратсыныў, батыл көриниў.* Кудалар кудағайына *батылсынып* гәп баслады (К. Султанов).

БАТЫНЫЎ *ф. Тартынбай тикке барыў, ислеў, айбынбаў, жүрексиниў.* ... келгенлерге тек Сәлийма ғана *батынып,* өз пикирин айта алды (К. Султанов). ◇ **Батына алмаў**—*жүрексинбеў, қарсы бара алмаў, батылы бармаў.* Сорауға *батына алмай* ишпеп қысылып-қымырылып отырған кәткудалар өзлеринше ҳәр кимди бир дүсмалап жорыйды (К. Султанов). Бирақ әлле неден тартынғандай *батынып таяқ ура алмады* (К. Султанов).

БАТЫҢҚЫ *кел. Бурынғы жағдайынан төмен түсиў, қайтыңқы, семиңки.* ... аяғының исиғы күндегиге қарағанда бүгин *батыңқы* екен (Жеткиншек г.).

БАТЫҢҚЫРАЎ *кел.* 1. *Сөздиң тәсир етиўи, қатты тийиўи, өтиўи.* Ол Сержанға қатты ашыўы келгенде *батыңқырасың* деген қыял менен „бай" деген сөзди нықлап айта салатуғын еди (Т. Қайыпбергенов). 2. *Бир нәрсениң адамның ямаса жанлы-жаныўарлардың етине батыўы.* Кебир жердиң кесеклери аяғыма *батыңқырап* баратыр (Жас. лениншi г.). 3. *қ.* **бағыў**.

БАТЫП-ШЫМИЎ *ф.* 1. *Қандай да бир заттың суўға биресе батып, биресе шүмиўи, батып шығыўы, қалқыўы.* Көп шәллепсең суў ишинде, *Батып-шүмип* турсаң да, Қалтырайсаң жел песинде, Соңша тамыр урсаң да (Күнхожа). 2. *Бир нәрсе ҳаққында ойланыў, ойға бериниў.* Назлы кемпир қудаларының сөзлерине көп өйланып, ҳәр қыялға *батып-шүмип* отырды (К. Султанов). 3. *Жумысқа гә орналасып, гә шығып жүриў, жыраққа ислемеў, хызметке кирип-шығып жүриў.* Ҳеш жерге басы батпай Бекберген *батып-шүмип* жүр,... (К. Смамутов).

БАТЫР *ат.* 1. *Ер жүрекли, күшли, қайсар, батыл, қорықпайтуғын, қаҳарман.* Арыўхан жеңгейдиң айтыўына қарағанда жүдә *батыр,* сымбаты сулыў жигит екен (А. Бекимбетов). ... өзинен кеши жасларға атлы дон казак корпусының әжайып *батыр* ислериниң ертедегисин сөйлеп бермекте (К. Аймбетов). 2. *Елдиң жаўына, душпанға қарсы гүрескен, дәстанлардың, эпослардың героўы, қаҳарманы.* Саўаштан келгендей *батыр* Алпамыс (Г. Есемуратов). Саўыт кийип сайланып, *Батыр* жолға жөнелди (К. Аймбетов). Женилместен еки *батыр.* Музлы шайнап кашыр-қашыр (Бердақ). О, Гүлайым, қарақалпақ *батырлы,* Арқыраған Арыслының сырласы (Т. Сейитжанов). 3. *Ўатаны ушын жанын аямаўшы, ўатанын сүйиўши. Батыр* шығар халқынан, Халқын жаўдан қорғайды (Ер Зийўар). Күйди ышқы отында, Гегонын ышқысында. О, бирақ та

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жас *батыр*, Өлди қанлы саўашта (И. Юсупов). 4. *Душпанды ҳәм жаўды жеңип, халықты, елди алға карай умтылдырып, изине ертип жүриўши, басшы, ақыллы адам.* Енди тоқталмасын билген соң жигитлер ардақлап баратырған *батырдың* соңына ерди (К. Султанов). Бердақтың өз дәўиринен бурын XVIII әсирдиң ортасында қарақалпақлардың Бухара ханына қарсы көтерилисин баслаған қарақалпақ *батыры* (Қ. Айымбетов). 5. *Жумыстағы қаҳарманлығы, жигери, гайраты, күши.* Ылғаллы мийнет *батыры*, Бирлескен күшке қуўанып, Жумыс қылып жайнап жүр (Ж. Аймурзаев). Бәри де колхоздың *батыр* ерлери, Өзлерин көрсеткен мийнетте палўан (Г. Есемуратов). Жерге уста, иске *батыр*. Келсе саҳрағ үллеп атыр (К. Султанов). ◊ *Атақлы, даңқлы.*—Мазлум елдиң азатлығын гезлеген, Гәўҳар жүрек. *батыр* Ильяның улы (С. Мәжитов). Қәҳәрлевин Клим *батыр* атланса, Ўатан, халықтың қарыўына не сөз бар С. Нурымбетов). Олар-*батыр* большевиклер, Ленинниң мәрт партиясы (И. Юсупов).

БАТЫРАҚ *қ.* **батрак.**

БАТЫРДАЙ *кел. Батырға усаў, мегзес, тақлетли, сыяқлы, өзиндей, дәл өзи.* Шойыншылар пайза урған *батырдай*, Узын кесеў менен кесеп қашады (И. Юсупов). Ҳәр бири Берлинди алған *батырдай*, Қайтпайтуғын, қорықпайтуғын қаҳарман (Ж. Аймурзаев).

БАТЫРЛАНЫЎ *фб. Гайратланыў, жигерлениў.* Қарақалпақлар *батырланып* барып, қайсысын болса да, „көтерилмес көтерилсе көтерги менен бир урар" дегендей ететуғын еди,... (Қ. Ирманов). Тек *батырланып* барғанда ғана алады екен (Ө. Хожаниязов).

БАТЫРЛАРДАЙ *кел. Батырлар сыяқлы, қаҳарманлардай.* Таўмурат пенен Әжинияз ийт әкелген бөректи олжа қылып, урыдан малын арашалаған *батырлардай* маңқыйып аўылға киятыр (К. Султанов).

БАТЫРЛАТЫЎ *қ.* **батырлаў.**

БАТЫРЛАЎ *кел. Жигерлилеў, гайратлылаў, күшлилеў. ерлеў, батырға усаған, күшли, ержүрекли.* Патшаның нанын, көп жеген *батырлаў* адамлары не болар екен деп иркилип қалады (ҚҚ. Х. Е.).

БАТЫРЛЫҚ *ат.* 1. *Жаўдан ҳәм душпаннан елди қорғаўшылық, елин, журтын, Ўатанын сүйиў, ерлик.* Гагарин, Титовтай көрсет *батырлық*, Әне ерлик бир әсирге татырлық (К. Султанов). Гүжисин, қайнасын гүрес даласы, Берк қолласын *батырлықтың* сарасы (Ж. Аймурзаев). Қылыш берип қолына, *Батырлыққа* үйретти (Қырқ қыз). 2. *Гайратлылық, жүреклилик.* Оның зулымлығын бетине *батырлық* пенен айтты (К. Ирманов). Не болса ол болсын,—деп тула бойымдағы барлық *батырлықты*, мәртликти жыйнадым (Ж. Аймурзаев). Ҳәр нәрсеге тәўекел *батырлық* керек, болғаны сол (М. Абдраймов).

БАТЫРСЫНЫЎ *фб. Батырлық пенен араласыў, кирисиў, жигерлениў, сыр бермей батылсыныў, батырланыў.* Сөйтип Оразымбет *батырсынып*, енди дәўиң болса маған жиберинлер деп аспазларға дәпинеди (ҚҚ. Х. Е.). Қолына мылтық тийген соң *батырсынып* кетти (Т. Қайыпбергенов).

БАТЫРСЫЎ *фб. Ер болып көриниў, батыл балып көриниў, қайтпай турыў, қайтпаў.* ...қолынан келетуғын кисидей *батырсып* ойды, ... (Қыз. муғ. ж.).

БАТЫРШЫЛЫҚ *қ.* **батырлық.**

БАТЫРЫЎ *фб.* 1. *Бир затты жерге киргизиў, сиңириў, сиңдириў.* ... ушы шығарылған қазықты жерге *батырды ўа* төбесинен балта менен урды (Ө. Айжанов). 2. *Суў ямаса суйық затқа бир нәрсени малыў, суғыў, салыў, басыў.* Қабақты суўға *батырып* отырса да, еки көзи ләрьяның өрине тигиледи (К. Султанов). ...тумсықларын суўға *батырып*, күнди шоқығандай болды (А. Бегимов). ◊ **Күлкиге батырыў**—*кеўлин көтериў, кеўиллениў, уақты хошлық етиў, шадланыў.* Ойын?... ҳа-ҳа-ҳа-ҳа!... ўай, Арыўхан-ай *күлкиге батырып* тасладыңау,пай! Анаң пақыр сени көп еркелетти (И. Юсупов). **қарызға батырыў**—*басқа адамнан ақшалай ямаса затлай ҳәр түрли нәрселерди көп алыў, көп бериў.* Орыс байлары Түркистан дийханларына пахта егиў ушын әдептен пул берип, еркиз *қарызға батырып* турған (Қ. Ирманов). **Ойға батырыў**—*бир нәрсеге ойландырыў, ойланыў.* Бундай аўыр „ойынға" тосыннан араласқан баланың жүреги шоршынып, әлле қандай бир аяныш сезими кеўилин кобалжытты ҳәм *ойға батырды*,... (К. Султанов). Карасын, **батырыў**—*көринбей кетиў, жоқ етиў, басқа жаққа жибериў, көрсетпеў.* Қолайын тапса, Қылышбайдын да *қарасын батырыў* (К. Аралбаев). Сөзди **батырыў**—*қатты сөйлеў, кеўилге тийиў, қаҳа қылыў, кейиў.* Шамурат Григорийға *сөздибатырып-батырып* айтты (К. Досанов). **Күнди, айды, жулдызды батырыў**—*күнниң түнге айланыўы, түнниң күндизге айланыўы, узақ күтип отырыў, күнди я түнди күтиў.* Усы аўылда таң атарда гүл жарып, *батырғанмаған талай үркер, шолпанды* (К. Султанов). **Тырнағын батырыў**—*зорлық етиў, устемлик етиў.* Душпан *тырнағын қатты батырды*,... (Ә. Шамуратов). **Тумсығын батырыў**—*жаўдың кириўи, қарсы келиўи.* Ўатанымыздың жан-тени мәнен жаўлардан сақлағысы, *тумсығын батырайын* деген душпанды аямаса ол сөзсиз қуўанады деп ойлайман (Ә. Шамуратов). **Рәҳәтке батырыў**—*жаны жай табыў, рәҳәтлениў, ҳәзлениў, ҳәзлесиў.* Терек астында дем алып, бираз *рәҳәтке батып* қалдым,... (Қ. Айымбетов). **жанына батырыў**—*жанына тийгизиў, жулынына тийиў,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шоршындырыў. Кемпир *жанына батырып* бир гәп айтты оларға (ҚҚ. Х. Е.). Терең батырыў—*катты тийиў, батыў* ... „Көп қорқытар, *терең батырар*“ деген көптин айдыны на бата алмай,.. (Мәспатша).

БАТЫС *ат. Күнниң бататуғын тәрепи, күн шығыстың қарама-қарсысы.* Аспанлағы қара көкшыл бултлар *батыс тан* шығысқа қарай жылжып бармақта (Ө. Айжанов). „Жез бақшаның ишин бир қатар айналып шығып, есикген шыға сазсалма бойын жағалап, бақшаның *батыс* бетинен арқаға қарай бағдар алды (А. Бекимбетов). Оннан кейин бойын тиклеў менен туўра *батысқа* бет алды (Т. Қайыпбергенов).

БАТЫСТЫРЫЎ *ф. Суў ямаса суйықтың үстиндеги бир затты төменге қарай басыў, батырыў, қарыстырыў.* Жәмийла қабынан турған гөштти *батыстырып*, және отын салды (К. Султанов).

БАТЫСЫРАҚ *кел. Туўры батыс емес, батысқа бейимирек, батысқа тамаырақ.* Отаў Айғарабийдиң өз отаўынан он-оңбес адым *батысырақ* тигилипти (Т. Қайыпбергенов).

БАТЫЎ *ф.* 1. *Күнниң, айдың, жулдыздың батыўы, көринбей кетиўи.* ... таңның атыўы менен *батыўына* дейин оқыў болады,... (Қ. Айымбетов). Әлле қашан ай *батты* (И. Юсупов). Қуяш қызарып *батып* баратырғанда, Бекман тоғайдан әдеўир узаклап төбешикке келди (Б. Бекниязова). Аҳ досларым, досларым! Шолпан жулдыз *батқанда* (Жийен жыраў). 2. *Ойға берилиў, кириў, шумиў.* Капитан ықласлы, терең ойға *батты* (А. Бекимбетов). Төксан түрли ойдың толқынына *батып*, ...Ержан қысынды (К. Султанов). 3. *Суў ямаса суйық заттың түбине шөгиў.* Гейбир бала аркалаған қатыплар баласы менен суўға *батып* кетти (Қ. Ирманов). 4. *Қақты тийиў, жағдайсыз болыў.* Бул теңсизлик жалланып жүрген жас балықшыларға қатты *батты* (К. Ирманов). Олар бул сөздиң аўыр тасының астына *батқандай* көп ўақытқа шекем тыртым болды (Ж. Аймурзаев). Саған кирсе тикен, маған да *батар*, Түн-күнимиз бирге, бирге гөз атар (Ә. Шамуратов). 5. *Жойылыў, қурыў.* Билер енди олар өз күнинің *батқанын*. Излер енди кек алыўдың колайын (И. Юсупов). Песинлеги қуяштай өмири *батыўға* жақынлағанда есине енген ели (ҚҚ. х. е.). Бар қарындас *батыўда* болмасын, Жоқ қарындас жолында болмасын (ҚҚ. Х. К.). 6. *Сиңиў, денеге тараў, бойға тараў...* денесиндеги көринген қызыл бәртиклердиң ҳәммеси *батыпты*,... (Сов. ҚҚ. г.). ◇ **Дүньяға, байлыққа батыў**—*дүньяға, мүликке, малға ийе болыў.* Харамнан жыйнаған *дүньяға батып*, жүрген залымларға азап берермен (Омар). Аркасы комбинат *байлыққа батқан*, балықшы уллары баўырына тартқан (К. Султанов). **Уўайымға, мүңге, қыялға батыў**—*қайғыға, уўайымға түсиў, қапаланыў. Уўайымдәрьясына батып* атырғанын Сарыгүл де иштен аялы (К. Султанов). Көрилерия жатар онда. *Мүңге батып*, деми сууып (И. Юсупов). Ийегин қолына тиреп, муңлы-шерли көзинге *қыялға батты* (К. Султанов). **Қуўанышқа батыў**—*уақты хошлық етиў, қуўаныў, шадланыў, Ойын-зауық қурыў. Батып Таня қуўанышқа*, Бақырды ырғып:—Курбан-Коля! (И. Юсупов). Оның *қуўанышына батып*, кумарын таркатты (А. Бекимбетов). **Жанға-батыў**—*денеси аўырыў, басына ис түсиў, жаны ашыў.* Урыстың зарлабы оның да *жанына аяздай батқан* (К. Султанов). Уй жумысы *жанына батқаны* сондай, күнде бир мезгил жылап-сықлап алады (Ө. Айжанов). Ишки дағы *жанға батты*, ҳәсиреттен қанлар жутты („Мәспатша“). **Уйқыға батыў**—*ҳәз етип уйқылаў, рәҳәтленип жатыў, қатты уйқыға кетиў.* Қатты *уйқыға батыпсан*. Ҳәйиў-ҳәйиў жезде жан (ҚК. Х. К.). **Қанға батыў**—*дененің жараланып қан балыўы, қанға былғанып қалыўы.* Усы суў ушын қызыл *қанға батып* жатырман ғой,... (К. Досанов). **Батпаққа батыў**—а) *ылайға балшыққа батыў, усти-басы патас болыў, ылайға былғаныў.* Сыймбет колына белди алып, *батпаққа батып*, сүринип жығылып турып, тентиреклеп жүрип кетти (К. Айымбегов). *Батпаққа батып*, я жаптан өте алмай, я ийттен қорқып жары жолдан қайтып келип те жүрдим (Ж. Аймурзаев). Қасында жаткан қызы жок, *батпаққа батқан* мурнынан (А. Бегимов). б) *Ауыс. ҳәдийсеге ушыраў, бир нәрсеге шатылыў, былғасыў, ... буның батпағына өзиң бат, өзиң қой!* (Ж. Аймурзаев). **Гүнаға батыў**—*айып ис ислеў, жаман қылықлар менен шуғылланыў, жиман нәрселерге жол қойыў*. Биреўди мукатып, биреўди күлдирип, шайтандай *гүнаға батқаннан* өзге не саўабы бар (К. Султанов). —Шеше, өйтип *гүнаға батпаң* (М. Шымбергенов). **Денеге батыў**—*бир нәрсениң жанлы мақлуқлардың организмине батыў.* Конгода урған бир танк. *Батар мениңденеме* (И. Юсупов). Ақ баслы ер шоқлығына, *денесине батыпты*. Канжар суғып қабақларын катыпты (ҚҚ. х. к.) **Сөздин, гәптан батыўы** —*аўыр сөз бенен айтыў, кейиў, урысыў, қатты айтыў.* Маған бул *гәптиң бататуғыны* олардың көнген-көнбегени емес, жаңағы жаманның сөзи,... (Ө. Айжанов). **Ҳәсиретке батыў**—*муңланыў, қайғыуўайымға түсиў. Ҳәсиретке батып* жас жанлар Кула дүзде калғанын (Жийен жыраў). **Патаслыққа батыў**—*ылас, патас болыўы.* Жоллар жатыр *патаслыққа батып*, Сийрек жайлар арасында (И. Юсупов). Сага әбден *патаслыққа батып* калған екен (Ө. Хожанизов). **Терге батыў**—*ҳәз етиў, терлеў, көп терлеў.* Ҳаял бул ҳүкимге жүдә ырза болғандай ундеместен тула бойы қара *терге батып* кабинеттен шықты (А. Бекимбетов). **Күнниң батыўы**—*геўгимниң түсиўи, кештиң болыўы. Күн батып* қаранғы түседи (ҚҚ. Х. Е.). Қас қарайып *күн батқанда*, Жапалақ қанат қаққанда (Бердақ). **Ойға батыў**—*көп ойға, терең пикирге түсиў, ойланыў.* Маши-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

нанын ишинде шофёрдың оң қапталында отырған капитан терең *ойға батып*, хеш жаққа сер салып карамиды (А. Бекимбетов). ...Гүлим бираз *ойға батты* (Т. Қайыпбергенов). **Шамбайына батыў**—*жағына батыў, қатты тийиў*. Бизге ақыл берген жөнинди дүзе, *Шамбайыңа батыпбеди* жыл-ағанмыз (ҚҚ. Х. К.). **Шығынға батыў**—*көп қарызға батыў, шығынға ушыраў, зыянға қалыў*. ...нәтийжеде олар көп *шығынға батып* қалды (ҚҚ. Х. Е.).

БАЎ I *ат.* 1. *Бир нәрсени бекитетуғын, байлайтуғын, бәнт етиўши жип ямаса басқа бир зат.* Ғапыллықта *баўы* үзилип түсип кетти (Мәспатша). Оның көзиндеги жипген *баўы* бар көз әйнеги еле есимде (Қ. Айымбетов). Бәри де малақайларының *қулағын* түсирип, *баўларын* байлап алған (Т. Қайыпбергенов). 2. *Кийиз бенен жабылған үйдиң кийизлериниң хәр бир муйеши бир-бири менен тутастырыў ушын үйдиң сыртынан хәм ишинен тартылып байланатуғын жип.* Гүмбирлеген ак отаўға тағылған түймели төрт *баў* салбырап жарасып тур (С. Хожаниязов). Жигит орнынан түргелип кабақтың мойнынан түнликтиң *баўын*, байлап, кабақты шанырақтан ишке қарап жиберип жиптиң ушын услап,... (ҚҚ. х е.). ◇ **Баўы берк болыў**—*саў болыў, аман болыў, көбинесе жас бала туўылғанда қутлы болсын, өмири узақ болсын деп тилекти билдиргенде айтылатуғын сөз.* Әй шырақларым мынаў баламның *баўы берк болсын*,—деди Назлы кемпир (К. Султанов). ... ақлық балаңның *баўы берк болсын* шешежан деп Сәлийма суўқылдап сөйлей берди (К. Султанов).

БАЎ II *ат. Бир буўат, бир байлам зат.* Оның түсиниги баяғы бир *баў* шыбықта екен (Қ. Айымбетов). Тан хәзир бир-еки *баў* көк шөпти орып, қушағыма қысып зорға киятырман (Ж. Аймурзаев). Орақ тийген сайын қамыслар жапырылып артында *баў-баў* болып қала берди (А. Бегимов).

БАЎОР *р. Көниў, қайыл болыў.* Бул сөзимди *баўар* қылып, Ендигисин өзиң билиң, Он жети түп тораңғылдың, Минәр яңды Қулен болыс (Бердақ). Ақыл *баўар* етпес деген хәр сөзге, Билсең сөздиң калпалы бар, шыны бар (Қ. Ирманов).

БАЎ-БАҚША *ат. Палыз егинлер, хәр турли гүллер менен мийўе ағашлары өсетуғын орын, егетуғын жер.* Шешек аткан *баў-бақша*, мийўе танқан, Үлги болған өмирге өрнеги бар (Ж. Аймурзаев). *Баў-бақшалар*, жасыл жапырақ жамылған пахталар „Гүләсен, қайда барасан...“ дегендей болып көринди (Ж. Аймурзаев). *Баў-бақшалардың* өртенип атырғаны ушын жаны ашыды (Қ. Айымбетов).

БАЎ-БАҚШАЛЫ *кел. Палызлар, гүллер және мийўе жемислери, ағашлары егилген жери, баў-бақшасы бар.*

БАЎДАЙ *кел. Бир баў шамасында, баў сыяқлы, баўға усаған, баў тақлетли.* Түстен кейин балалар бир *баўдай* шыбық алып келди (Қ. Айымбетов). ◇ **Баўдай түсиў**—а) *бир нәрсени ис-леп жапырып таслаў.* Көзи бакаяшактай, он бир—он еки жастағы қара бала алыстағы катарласып турған генейлерди қолындағы сака менен *баўдай түсирип* тур еди (К. Султанов). б) *қырыў, өлтириў, тоз-тозетиў.* Коныратың аўыллары үстиндеги болған катаң урыста олардың талайы *баўдай-баўдай түсти* (Т. Қайыпбергенов). Суртайшаны өлтирип *Баўдай басын түсирди* (Қырк қыз).

БАЎЛАНЫЎ баўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАЎЛАСЫЎ баўлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БАЎЛАТЫЎ баўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАЎЛАЎ *ф.* 1. *Орылған егинди, от-шөпти хәм де тағы басқа сол сыяқлыларды баў-баў етип байлаў.* Жоқ мәске де пишендей етип *баўлап* алынады (Ә. Тәжимуратов) 2. *Бир нәрсени ислеп, жапырып таслаў.* 3. *Қырыў, өлтириў, тоз-тоз етиў, өзине қаратыў, бағындырыў.* ...мине соның менен Саятхан бир неше қызларды да *баўлап* өз қушағына алды (А. Бегимов). Айдос атлы атамды, Бегим, Мыржық ағамды, Қызыл гүлдей *баўладым* (Бердақ). Бекмураттың хәм оның мырлаған жолласларының оғы менен пишендей *баўланды* (Ж. Аймурзаев).

БАЎЛЫҚ *ат. Орылған егин, от-шөпти хәм де тағы басқа сол сыяқлыларды баўлаў ушын исленген зат (баўлаў ушын керекли нәрсе).* Пәт пенен соққан пишенниң *баўлығы* шашырады (К. Султанов).

БАЎРАЙ *қ.* баўыр.

БАЎ-ШАРБАҚ *ат. Терек егилген жер, ағашлы жер.* Бизлер де булардың изинен жүрип *баў-шарбақтың* ишинен өттик (Сов. ҚҚ. г.).

БАЎ-ШУЎ *ат. Кара үйдиң, ақ үйдиң керекли барлық аркалары, жиллери хәм баўлары тағы басқа керекли заттары.* Ал енди буның *баў-шуўы* сыртқы жанбаў, ишки жанбаў,... кулласы үйге керек-жаракты табыў керек болды (К. Айымбетов). Мүртлаш жасаўыл ақ отаўдың хәр *баў-шуўына* қарағанайын өзин шеберлердиң нағыс базарында жүргендей сезди (К. Султанов). Үйи сыртынан көриўге көревишлеў болса да Сәнем оны өзиниң токыған *баў-шуўы* менен пардозлаған (Қ. Аралбаев).

БАЎЫРЫЎ *ф. Қызыў, қызып кетиў, сарғыш тартып ениў, көгиске айланыў.* ...қапшықтағы салы да жас болғанлықтан *баўырып* кетипти (Ә. Шамуратов). ...*баўырып* кеткен бийдайды күнге жайып алыў керек,—деди складшы (Ө. Айжанов).

БАЎЫЗЛАНЫЎ баўызлаў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЎЫЗЛАСЫЎ баўызлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БАЎЫЗЛАТТЫРЫЎ баўызлаў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БАЎЫЗЛАТЫЎ баўызлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БАЎЫЗЛАЎ *сб.* *Көбинесе жанлы-жаныўарлардың майнынан, тамағынан, алқымынан, гегирдегиниң түбинен сойыў, кесиў, шалыў.* ... жанағы текеден басқасының ҳәммесин де *бауызлайды* (ҚҚ. х. е.). Қырғаўылды *бауызлап* көтерип турғанын көрген Мурап уялып қалды (Ж. Аймурзаев). Алқымынан *бауызлап*, Ишейин бе қанынды (Бердақ). 2. *Сойылған малдан бир асымдай етип гөштен қолызлық алыў.* Басқа бирев келип қалмастан бурын барын сойып, *бауызлаў* алғаны өзине пайда (Т. Қайыпбергенов). ◇ **Пахта менен баўызлаў**—*астарлы сөз бенен жеңиў.* Кемпир бул Жаббақларды жуўҳалық пенен ҳәр түрли нәрсе айтып *пахта менен бауызлады* (Б. Кербабаев).

БАЎЫР 1 *ат.* *Барлық адамзатлар менен жанлы-жаныўарларда болатуғын, өтти бөлип шығарыўшы ишки организдеги ең үлкен без, муше.* Шылбыр емес буйдақ аўыр, Қуртлар жеген катпа *баўыр* Өзин арық, аркаң жаўыр, Туўғанынды билесең бе (Күнхожа). Излей-излей өзиңди, Қалжырап тур *баўырым* (Қырк қыз). ◇ **Тас баўыр**—*қатты, сықмар, беккем адам, шыдамлы адам.* Ой ақылсыз Палўан-ай, сен Жәмийладан емес, баладан да бездиң ғой, мынаўың журттан асқан *тас баўырлық* емес пе (Ө. Айжанов).

БАЎЫР II *ат.* 1. *Бир нәрсениң капталы, етек бети.* Олар таўдың *баўырына* барып, бир жақсы жерге орналасып, кос дүзетип отыра береди („ҚҚ. х. е."). Мойынын созып караса, Белент таўдың *баўырында*, Қайнап аққан бир булақ, Алдынан пайда болады (Мәспатша). Түн ишинде сызып аспан *баўырын*, Ағып жүрген жуллыздайын соргалар (И. Юсупов). 2. *Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың қоллары менен аяқларының аралық бети, алды бети, капталы.* Кәтке *баўырымды* берип „ағалап" өкире бердим (К. Сламутов). Саўын алсаң бийени ал, Арқасы күш, *баўыры* сүт („ҚҚ. х. к.). Мәспатшаның сургининен, Ат *баўырынан* қанлар ақты (Мәспатша). Шынжырлы ҳарлатып кос өгиз менен бозды аўдарған шанарақлардың егини ат *баўырына* тиселди (К. Султанов),

БАЎЫР III *ат.* 1. *Каналас, туўысқан адамлар, туўысқанлығы жақын кисилер, жасы үлкен кисилер өзлеринен кишилерди жақсы көриўшиликтен бирин-бири баўыр деп атайды.*... еки бирдей *баўырың* Бегис, Мыржық мудамы сыртыннан жаманлап, менің қулағымды тындырмайды (ҚҚ. х. е.). Тоққыз түлик малыңның, мен айланып келгенше, қаналасым *баўырым*, Хабардар бол ҳалынан (Алпамыс). Жигербентим *баўырым*. Шадлық болғай дәўиримде (Алпамыс). 2. *Совет мәмлекетиндеги миллетлерди бир-бирине жақын, каналас туўысқан есабында деп айтыў.* Уллы рус халқы бизиң, *баўырымыз*, туўысқанымыз (К. Айымбетов). ◇ **Баўырына тартыў, баўырына қысыў**-*қушағына алыў, өзине тартыў, ийкемледи, өзине қаратты, қәўендерлик етиў.* Аркасы комбинат байлыққа батқан

Балықшы улларын *баўырына тартқан* (К. Султанов). Атамураттан бурылып уйқыдан оянып атырған кишкене улын *баўырына қысты* (Т. Қайыпбергенов). Шүкиржан сиңлисин күшақлай алып *баўырына қысты* (А. Бекимбетов). Тас баўыр—*Аўыс. ҳешкимге жаны ашымайтуғын, рәҳимсиз, зулым.* Ҳеш ким оған унамас, *Баўыры суўық мысал тас* (Х. Алымжан). Маған тарлық қылды туўған аўылым, Ораз десең *тас-тай катар баўырым* (И. Юсупов). Ғаррысы менен қас болар, *Баўыры қара тас болар* (Әжиниязҳ. Баўыры ийиў—*берилиў, ынтық етиў, қумарланыў.* Ингалаған сесгине, Ана *баўыры ийеди* (Г. Есемуратов). Тәни қызып, *баўыры ийеди*, Дели алайын ба сүйип (Ш. Артық). Баўыры балқыў—*жибисиў, ерисиў, елжиреў.* Қойыў қара қаслы жуқа жүзли нәрестеге қарағанда оның *баўыры балқып* елжиреп кетти (К. Доспанов). Буўырыл шашлы шайыр көрип елатын, Еминеди, егиледи *баўыры балқып* (К. Султанов). Сен жыласаң менің кеўлим бузылар *Баўырым балқып* аш жүрегим созылар (К. Ирманов). **Жер баўыры**—*жердиң үстиңги қатламларының жибисиўи, ерийи, босасыўы.* Күндизине күн нурынан бойы қызып *баўыры жибискен жер* қыялыға ҳәзир ғана ҳәсетип шын уйқыға киргендей қыр әтирапқа жайған тынышлық шөккен (А. Бекимбетов). Қызыл мийнет *жер баўырын* солқылдап, Ҳасыл жапырақ аўдарылып буркылдап (И. Юсупов). Баўырын тиліў *зулымлық етиў, қастыяқлық қылыў, қапашылыққа салыў.* Өтирик айтсаң үш ағашқа илдирип, Пышақ пенен *баўырыңды тилдирип* (Қырк қыз). Қарсыласса ҳәмирине кендирген, Өзине бейимлерди күлдирген. Бирәзлардың *баўырыны тилдирген*, Үргенш елинде залым ҳәм барды (Әжиниязҳ. Жүрек-баўыр, өкпе баўыр—*адамлардың ҳәм де жанлы-жаныўарлардың организминдеги ишки органлары.* Әне Лабақбай, Мәспатша шыны менен кеўил берип, *жүрек-баўыры* ерип, Қызына жүлә миңәсип кәрип,... (Мәспатша). Ызың-ызың суўық самал еседи, Ызылдысы *өкпе-баўырың* теседи (Г. Есемуратов). Баўыр басыў— *көнлиги, үйрениў, өзимсиниў.* Киндик қаны тамған *баўыр басқан* аўылды таслап кетиў маған қыйын болды (К. Айымбетов) Бул бурын үйренисип жүрген екен, епли *баўыр басын*, кеўил қосқаны шығар деп ойлады (Ж. Аймурзаев). Баўырын жазды—*а) еркинликке, азатлыққа шығыў.* Совет ҳүкимети орнағаннан кейин ғана қарақалпақтың ҳаял-қызлары *баўырын жазды* (Сов. ҚҚ. г.). *б) өсиў, раўажланыў, күшейиў, өрленлеў.* Қарақалпақстанның өсиўи соңғы жыллары *баўырын жазды* ҳәм көзге көринди („Қыз. ҚҚ". г.). *в) жылқының еркин шабыўы.* Оң айланыўға жиберилген атлар *баўырын жазды* .... (Сов. ҚҚ. г.).

БАЎЫРДАЙ *кел.* *Баўырға уқсас, жеңсе, тақлетли, беким,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

сыяқлы, сондай. Бауырдай булт көшин көк теңизде, Керіккен келіншектің күлгендей күн (Г. Есемуратов).

БАЎЫРДАҚ: **жез баўырдақ** *ат. Қамшының сабына өримге тутастыратуғын жеринде жезден астын-үстин нағыслап исленген қамшы.* Азат қыздың кеўли суўдай шалқыды, Тартып атқа *жез баўырдақ* қамшыны (И. Юсупов).

БАЎЫРҚУРТ *ат.* 1. *Аўырыўдың бир түри, адамлардың ҳәм де жанлы-жаныўарлардың баўырларында болатуғын аўырыў, бул узын жалпақ қурт арқалы пайда болып отырады, тўғын аўырыў.* Әкем болса *баўырқурт* болған қойдай тек дүс төменине жатады да қояды (Ө. Хожаниязов). 2. *Баўырда болатуғын узын жалпақ қурт. Баўыр қуртларды* айырыў қыйын (Қыз. кк. г.).

БАЎЫРЛАС *кел.* 1. *Каналас, туўысқан, жақын ағайын.* Ҳәзир бол дегендей дүньядан етти, Туўысқан *баўырлас* жақын жан аға (Омар). Ага, үке, әке, биреўлер жолдас, *Баўырлас, каналас* көреди ҳәмме (Ә. Шамуратов). 2. *Туўысқан республикалардың, миллетлердиң ҳәм де мәмлекетлердиң ислесиниң бирлиги, дослығы, татыўлығы.* Мен қашаннан мехрибанман *баўырлас,* Жүрегим-жүрегиң менен тамырлас (А. Дабылов). *Баўырлассаң* қос емшектен сүт емген, Келбетиңди Ташкентиме теңдесең (К. Султанов).

БАЎЫРЛАСЫЎ *фў. Биргелесиў, доссласыў, жақынласыў, бирлесиў, уйпаласыў.* Мынаў отырған ақсақаллар бурыннан бизлер менен *баўырласып* кеткен сыйласықлы жасы үлкенлер еди (К. Смамутов). Көрген сөз таслайтуғын, билген *баўырласыўға* қайыл болды (Ж. Аймурзаев). Баллар менен сырласып сыр бөлисти, Ата, бала *баўырласып* енисти (А. Дабылов).

БАЎЫРЛАЎ *фў.* 1. *Адамның ҳәмме жанлы-жаныўарлардың баўырын жерге берип жатыўы, жуўыў.* Бизлер *баўырлап* барсақ баспаныдан қашқан өзимиздиң Полат екен (Н. Дәўкараев). ...ол *баўырлап* жата қалды (А. Бегимов). 2. *Биреўди-биреў баўырына алыў, қысыў, сүйиў.* Ярымды *баўырлап* қушып жатпаға, Бизден ҳәм бес бетер сәўер яр етти (А. Дабылов). Назлы кемпир еки бүкленип ақлығы Әскербайды *баўырлап* үйге киреди (К. Султанов). ◇ **Жер баўырлаў** – *баўырын жерге берип, ет бетинен жатыў.* Қорыққаным соңша, дәррў аңғына жығылып, *жер баўырлап* „елтирме“ деп жалынды (А. Бекимбетов). ...мийним айналып, аўыр қайғыда белим мертиккендей *жер баўырлап* жығылдым (А. Бекимбетов).

БАЎЫРМАН *кел.* 1. *Жақсы көриўшилик, сүйиўшилик, татыўлық.*—Ағалар, курдаслар, *баўырманларым,*—деп баслады Жумағул (Т. Кайыпбергенов). Еки-үш жигиттиң мийнетин егеди, сондай тил алғыш, *баўырман,* адамгершиликли (А. Бекимбетов). 2. *Туўысқанлық, қаналаслық.* Әлле қандай бир *баўырман* сезим менен өзине тәбия тартып, кеўили мақтанып

бийледи (К. Султанов). 3. *Совет мәмлекетиндеги миллетлердиң жақын, туўысқан есабында айтыў. Баўырман* туўысқан уллы рус ағам, Қарақалпақ халқы миннетдар саған (Х. Сейитов). Мәканымсаң шын *баўырман,* Саянда сайранлап турман (И. Юсупов.) *Баўырманым* мектеп пенен интернат, Жетимлерди жетимликтен айырған (Т. Жумамуратов).

БАЎЫРМАНЛАСЫЎ *фў. Туўысқанласыў, жақынласыў, уйпаласыў.* ...булар бир-бирин көргенде *баўырманласып,* бираз ўақыт сөйлесип отырды (Сов. ҚҚ. г.).

БАЎЫРМАНЛЫҚ *ат. Туўысқанлық, кишипейиллик.* Керип тартылған сымға отырып, палапанларына қарай жүрегинен шыққан *баўырманлық* сезимин сайрады (А. Бекимбетов). ...усы ўақыттан баслап әкем менен жүде *баўырманлық* пенен сейлесип, сырласып, күлисип отырды (А. Бекимбетов).

БАЎЫРМАНСЫЎ *ат. Туўысқансыў, қыйналғансыў, жаны ашыўға усаў.* Қарақалпақ халқым-бағым бостаным, Бунда *баўырмансыў* ақылы ланалық (А. Дабылов).

БАЎЫРСАҚ *ат. Қамырдан исленип, майға писиретуғын нанның бир түри.* Ол ҳаялы менен бир табақ *баўырсақты* көтерип келип, шиллехананан қуры шығыўға болмайды,... (К. Айымбетов).

БАЎЫРСЫРАЎ *кел.* 1. *Баўыр жеўди күсеў, сағыныў, қәлеў, ынтық болыў, жерик болыў,* ...*баўырсыраған* адамдай ортаға туўралғанды ҳә демей-ақ қағып салды (А. Бекимбетов). 2. *Туўысқансыраў, жақынсыраў, сағыныў.* Булар бир-бирин көргенде *баўырсыраған* адамдай айырылыспады (Қыз. муг. ж.).

БАХ *қ.* бақыт.

БАХАНШАҚ *қ.* **баканшақ.**

БАХ ДӘЎЛЕТ *қ.* **бағ дәўлет.**

БАХСЫ *қ.* **бақсы.**

БАХСЫЛЫҚ *қ.* **бақсылық.**

БАХША *қ.* **бақша.**

БАХЫТ *ат. Шадлы турмыс, өмирдеги қуўаныш, уўайымсыз, қайғысыз, тиришилик, талай.* Еркин сайра уллы *бахыт* бағында, Қорқпа, жолың саррас аға Пиримбет (Ж. Аймурзаев). Каншелли төгин шашса да, Таўсылмас *бахыт* удайы (Қырқ қыз). Партия гүрәсте күш ҳәм қуўатым, *Бахытым,* шадлығым, дәнқым саўлатым (Х. Сейитов). ◇ **Бахыт қоныў, бахыт қус қоныў** —*қуўаныш шадлық орнаў, жақсы турмыс болыў, ўақты хошлықта жасаў.*—Ҳәй баба, он жети жасымда атамның тағы маған қалып еди, басыма *бахыт қонды* (Мәспатша). Әрман менен өлдим-таллым легенде, Умыт болар дәўлет, *бахыт қонғанда* (Омар). *Бахыт қусы қонып* енди басына, Шығып қалды жетпис алты жасына (Т. Сейитжанов). Ел сүйсе, менің жайым төр меди? Бийик *бахыт қыранқустай қонады.* (Т. Жумамуратов). **Бахыт нуры**—*шадлы турмыс*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

орнаў. Әлемде исленип иси көсемниң, *Бахыттың нурларын* себеди халыққа (Д. Назбергенов). Сонбайғуғын *бахыт нуры*, Шайырлардың айтар жыры (С. Нурымбетов).

БАХЫТЛЫ *кел. Турмысы жақсы, шадлы турмыста жасаў, мал-мулки көп, дәўлетли, бахыты бар.* Олар бала-шағалы болып *бахытлы* жасамақта (Ж. Аймурзаев), Елине, өзине рахмет, сизиң елиңизге келип *бахытлы* болдым („ҚҚ. Х. Е“). Биз *бахытлы*, бизлер шадлы, Баз Ленинниң улымыз (Ж. Аймурзаев). ◇Бахытлы өмир—*жақсы турмыс, шадлы турмыс, өмир бойы турмысы жақсы болыў. Бахытлы өмир* турмыс гилти, *Бахытлы өмир*—халық муҳаббаты (Ж. Аймурзаев). Дийханлардың агрономдай, Шарўан малдың шын маманы, Шайырың жан инженери, *Бахытлы өмир* жырлаганы (И. Юсупов).

БАХЫТЛЫЛЫҚ *қ.* бахытлы.

БАХЫТСЫЗ *кел. Талайы жоқ, бахыты жоқ, бийшара, ғәрип, мүсәпир.* Әжайып *бахытсыз*, бахты караман, Бул заманда онда калай қыламан (Күнхожа). Ол *бахытсыз* ўакыяның ендиги жағын еситкиси келмеди (А. Бекимбетов). Бердақ шайыр өзинен бурынғы ҳәм өзине заманлас Күнхожа, Әжинияз сыяқлы шайырлардың да *бахытсыз* қайғылы өмирде өткенлигин көрсетеди (Б. Исмайлов).

БАХЫТСЫЗЛЫҚ *ат. Басынан қайғы уўайымнан, қайғы ҳәсиреттен айырылмағанлық, бахты жоқлық. Бахытсызлық* биринен соң-бири келе берди гой (Ж. Аймурзаев). Бул *бахытсызлыққа* қайдан тап болғанына түсине алмады (Ә. Айжанов). Кәрўан басы *бахытсызлықтың* қайдан келип шыққанын аңлап, шопанның қосқан аманатын айтады („ҚҚ. Х. Е“.).

БАҲА *ат.* 1. *Бир нәрсениң заттық (товардың) куны, және де ақша менен ямаса бир затқа теңлестириў арқалы көрсетилген қаржы.* Ҳәр қайсысы өз бетинше базардан *баҳалы* зат излеўге кириседи („ҚҚ. Х. Е“.). ...бәлки, сатып алған *баҳасынан* артық сатып пайда да қылармаң,—деди ол (Қ. Айымбетов). Олай болса, айна барлық базарлықтан да *баҳалы* („ҚҚ. Х. Е“.). 2. *Биреўдиң ямаса бир нәрсениң сапасын белгилеў ушын берилген мәни.* Муҳаббат нәзик өжетлик сыпайы жигиттиң *баҳасын* арзанлатады (К. Султанов.). Бул иске агрономлар келип жақсы *баҳасын* берди (Н. Дәўқараев). Дуньяға сынаўлы көзим менен *баҳа* беремен (Ж. Аймурзаев.). 3. *Оқыўшылардың билим дәрежесиниң көрсеткиши етип, оның үлгериўине қойылатуғын бал, белги.* Солай етип күнделик дәптерине жаңа-жаңа *баҳалар* түсти (Т. Қайыпбергенов). Үлгериўим жүдә жақсы, барлық сабақтан „4“, „5“ *баҳа* менен оқыймаң (А. Бекимбетов). Барлығынан бес *баҳасын* аламан Қосықтан да сени ҳайран қыламан (И. Юсупов). ◇Баҳа жетпеў—*жүдә қәдирли, қымбатлы, жоқары, қунлы.* ...ертекшилерге *баҳаның жетпеўи* соннан ибарат, олар өзлерин халықтың ылайық-

перзенти етип көрсетти (Н. Дәўқараев). Мойынында алтын тумары, Өзи *жеткен баҳалы* қыз (Әжинияз). Техник күшейип абадан болдық, Уллы орден алған болдың бийик баҳаң бар (Қ. Қасымов). *Жетерли баҳа* аларсыз, Жетисер даңқ та, әлбетте (Г. Есемуратов). Баҳасы жоқ—*баҳасы жоқары, қунлы.* Әкеси балаларына *баҳасы жоқ* бир нәсият берипти („ҚҚ. Х. Е“.).

БАҲА БЕРИЎ *қ.* баҳалаў.

БАҲАДЫР I *кел. Батыр, палўан, герой (қаҳарман).* Қырқ жигит:—бизлер *баҳадыр* палўанбыз,—деди (Коблан). ...Мәспатша деген *баҳадыр* Айпаршаны алып кетеди деген сөзлерди айтады (Мәпатша). Гүресер болсаң биз менен, *Баҳадыр* қыз кел шаққан (Ер Зийўар).

БАҲАДЫР II *ат. Меншикли ат, биреўдиң меншикли аты. Баҳадырова* бир қатар жақсы жазылған очерклери менен соңғы жылларда әдебиятымызға кирген ҳаял-қызларымызлың бири (Сов. ҚҚ. г.). Төрле кишкене Нуржан деген баласы ата-анасына Аббаздың *„Баҳадыр“* дәстанынан қосық оқып берип атыр (С.Хожаниязов). *„Баҳадыр“* дай шийрин дәстан дәреткен, Аббаз ага алғысымыз көп саған (К. Султанов).

БАҲАЛАНЫЎ баҳалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БАҲАЛАЎ *ф.* 1. *Тийисли қунын, нырқын, баҳасын қойыў.* ...ҳәр бир бекирени үш теңгеге *баҳалап* аламан (К. Ирманов). Қырқ манатқа *баҳалап* аў қайық бердим (К. Ирманов). Бул қубылысты „далалықта да коммунизм курылысының басланғаны“ деп *баҳалайды* колхозшылар (Г. Есемуратов). 2. *Хүрметлеў, кәстерлеў, қәдирлеў.* Бизиң елимизде мийнет еткен адамды қәдирлеў, *баҳалаў* деген дәстүрге айналған (Ә. Айжанов). Ол кәселлердиң қымбатлы уйқысын кәдирли *баҳалайды* (А. Хекимбетов). Мийнеттиң кәдирин билген адам ғана дуньяны *баҳалай* алады (Ж. Аймурзаев).

БАҲАЛАЎШЫ *ат. Тийисли қунын, нырқын, баҳасын бериўши, сыншы, критик адам.* ... усы черкти *баҳалаўшылардың* бири Н. Худайбергенов (Г. Есемуратов).

БАҲАЛЫ *кел. Қымбатлы, қунлы, баҳасы жоқары, қәдирли.* Түбитли жүн *баҳалы* болады (К. Айымбетов). ...өткен дәўирдеги турмыс шынлығының айнасы ретинде *баҳалы*, ...(Мәспатша). Ҳәр қайсысы өз бетинше базардан *баҳалы* зат излеўге кеведи (ҚҚ. Х. Е.).

БАҲАЛЫҚ *қ.* баҳалы.

БАҲАЛЫЛЫҚ *ат. Баҳалаўға тураслық, қунлылық, қәдирлилик.* ...ондай мийраслар өзлериниң *баҳалылығын* сақлайды, ...(Мәспатша). „Ақмақ патша“ романы өзиниң көлеми жағынан ҳәм көркемлик *баҳалылығы* жағынан Бердақ шығармаларының ең әҳмийетлиси болып саналады (Бердақ).

БАҲАНА *қ.* бане.

БАҲАР *қ.* бәҳәр.

БАҲАРЛЫ: **яғлы баҳарлы** *р. Қосық пенен гезекпе-гезек ай-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тысыў. Жыйылған жыйынның ортасында булар бир-бирин менен *яғлыбаҳарлы* қосықлар айтысты (Мәспатша).

БАҲАСЫЗ *кел.* 1. *Куны төмен, қунсыз, қәдирсиз.* Ҳәзирги ўақытта булар *баҳасыз* болып қалды (К. Айымбетов). 2. *Аўыс. Куплы, қымбатлы, қәдирли, баҳасы жоқ, баҳа жетпес.* Несин сорайсыз, буның табылмайтуғын *баҳасыз* ғой шығарығым, ...(Сов. ҚҚ. г.).

БАШНЯ *қ.* **мунәр.**

БАШПАЙ *ат. Ҳайўанлардың аяғындағы екиге айырылған туяқтың туяғы, екі ашасы (гейбир жерлерде адамлардың аяғының бармақларының да ашаларына айтылады).* Баспақтың жиби оратылып, *башпайының* арасына түсипти (ҚҚ. ҚҚ. г.).

БАШШЫ *қ.* басшы.

БАЮЛЫ *ат. Куслардың бир түри, бул көбинесе гөне таңларға үйир болады, шықылықлайды, шықылықлап күледи, адамларға түрпайы көринетуғын, үки қусқа уқсас болатуғын қус.*

БАЯҒЫ *р. Бурынғы, өткендеги, ертедеги, әййем замандағы. ...ешекти жетелеп, баяғы* саўда досының үйине жөнеди (К. Айымбетов). Оқыса тап сол *баяғы* әкесиниң өз қолы менен жазған хаты (ҚҚ. Х. Е.). *Баяғы* сын-сымбатын жоғалтты (Ө. Айжанов).

БАЯҒЫДА *р. Бурынғы заманда, әййемги ўақытларда, ертеде. Баяғыда* Шыныбийке менен екеўин бәркулла ойнап жүрер едиңиз (Ж. Аймурзаев).—Мен *баяғыда* еситкенмен (Т. Қайыпбергенов). *Баяғыда* бизин аўылда Омар деген бир жигит болды (М. Абдраймов). ◇ **Баяғы ўақта**—*бурында, ертеде.* Жаралы жейрандай қарақалпаққа сен баспана болдың *баяғы ўақта* (И. Юсупов).

БАЯҒЫДАЙ *р. Бурынғыдай, ертедегидей, баз баяғы.* Қалайынша, ол өзин қорлап жүрген адамды *баяғыдай* сүйе кояр ма (Ө. Айжанов). *Баяғыдай* әтирапың жал емес, Жекке жарым емес енди жолаўшың (И. Юсупов). ◇ **Баяғыдан бери**—*бирақтан бери, соннан бери, көп ўақыттан бери.* Мен жатқанлы, *баяғыдан бери* оған хат келмеген екен (Ө. Хожаниязов).

БАЯҒЫША *р. Сол күйинде, бурынғы ҳалында, сол қәлпинде.* Папасына, мамасына, апаларына, ҳәттеки үйине келген қонақларға да қарап *баяғыша* күле береди (Ө. Айжанов). Оқып жасты-анласын, *Баяғыша* қалмасын (И. Юсупов).

БАЯЛЫШ *ат. Кумлы жерде өсетуғын келте бойлы өсимлик. Баялыштың* арасына барып тышқан да жоқ болды (А. Бекимбетов).

БАЯН 1 *ат. Гармонь сыяқлы, үлкен музыкалық әсбап.* Бир өзи төрги жайда *баян* шертип отыр (Жас ленинши г.).

БАЯН II *ат. Жазба жумыстың бир түри.* 5—класстың оқыўшыларына *баян* жазыпты (Жеткиншек г.).

БАЯН III: баян етиў *ф.* 1. *Айтыў, түсиндириў, хабарлаў.* Ағалары әлле не ўақытта таўып алып, ўақыяны *баян етеди* (ҚҚ. Х. Е.). Айдостың Хийўадағы досты медресеге барып, Ырза менен Төреге болған ўақыяны *баян етти* (К. Султанов). Қалек кемпирге қысқаша етип, өзлериниң сапарының жөн-жосарын *баян етти.* (Қ. Ирманов). 2. *Ўақыяның баяны, тарийхын тәрийплеў.* Сораған балалардың ҳәммеси де Ўгыл кемпирдиң жийени болған Садулланы жақсы билетуғын овың түрткүсин, минез-қулқын айлып *баян етип* айтып берди (А. Бекимбетов). Басқан *баян етсек* қысқа; Кетти жигит қурылыска (И. Юсупов). *Баян етсем* дәрьяның он жағасын, Шексиз жаткан Қызыл кумның саласын (Ә. Шамуратов). 3. *Ҳәр бир жеке адамның турмысы, өмир баяны.* Бизлерге басынан өткен барлық ўақыясын бирме-бир *баян етти*, ...(ҚҚ. Х. Е.). 4. *Мектеп оқыўшыларының әдебий оқыў сабағынан өтилген темалары бойынша ямаса белгили бир текстти оқытыўшы оқып берип түсиндиргеннен кейинги өз түсиниклерин бойынша жазылатуғын жазба жумыс, баян жумысы.* Класста *баян* жумысын жүргизиў жийи-жийи болыўы керек (Жас ленинши г.). Бүгин мугаллим *баян алды* (Жас ленинши г.). ◇ Баян қылыў—*тәрийплеў, айтып бериў.* Буннан соң бул сырдың не екенин түсинбей қайтып, келип, қатынына болған аўҳалды *баян қылады.* (ҚҚ. Х. Е.). Айтып—*қылдым баянын,* Көртенди ерксиз қаратты (Алпамыс). Ҳийўа ханның сумлығын, Бирбир *баян қылады* (Бердақ). **Баян әйлеў**—*түсиндирип айтып бериў, тәрийпин айтыў, жай-жағдайын түсиндириў.* Қула дүзде ылайықлы қосыллық *Баян әйле,* ҳаслың ким болсаң (Мәспатша). Сулыўлығын сизге *баян әйлейин,* Көзин түссе ҳәр бир жериң мой берер (Алпамыс).

БАЯНЛАМА *ат. Бир мәселе жөнинде шығып сөйлеў, ўаз айтыў, хабарлама билдириў, түсиндириў, көпшилик алдында баян ететуғын сөз, доклад.* Ҳәзир белдар мәселеси жөнинде *баянлама* қылыў ушын сөз жолдас Қулбайға бериледи деди (К. Ирманов).—Суд хатының *баянламасын* тыңлағаннан кейин ҳәм еки жақтың пикирин еситкеннен кейин гүўаларды тыңлады (К. Ирманов). 30-жылдың егис жойбарын өткериў жайында *баянлама* болды (ҚҚ. ксм. атл.).

БАЯНЛАМАШЫ *ат. Хабар ямаса бир мәселе жөнинде түсиндириўши, ўаз айтыўшы, доклад исленўши адам,*—Ҳәзир енди *баянламашыға* саўалларың болса берилер,—деди колхоз басшығы (К. Ирманов).

БАЯНЛАНЫЎ баянлаў фейлиниң өзгелик дәрежеси.

БАЯНЛАТЫЎ баянлаў фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БАЯНЛАЎ *ф. Түсиндириў, айтыў, хабар қылыў, билдириў, хабарлаў, мәлимлеў.* ...оны өзиниң көзи менен көргенин патшаға *баянлап* айтып береди (ҚҚ. Х. Е.). Шаңқай түсте атасына барып болған ҳәдийсени буйынтықламастан ашық *баянлайды.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

(ҚҚ. Х. Е.). Истин жөнин ҳаялына *баянлап* отырған-да „Победа“ жетип көлип, Үсенди алып кетеди (Г. Есемуратов).

БАЯНЛАЎШЫ *қ.* баянламашы.

БАЯНЛАЎЫШ *ат. Грамматикадағы гәптиң бас аҳласы, баслаўлықтың ис-ҳәрекетин билдиреди.* Муғаллим оқыўшыларға гәптиң *баянлаўышын* таўып келиўди тапсырды (Жеткиншек г.).

БАЯНШЫ I *ат. Баян шертиўши адам. Баяншыда* келин қатарға қосылып отыра кетти (Жас ленинши г.).

БАЯНШЫ II *қ.* баянламашы.

БАЯР *ат. г. с. Бай, хожейин, есигинде дийхан тутыўшы бай адам, дийқанларға хожейинлик етиўши адам, жоқары хурметке ийе болған адам. Баярың* мийнетке ҳақы бермесе, Ҳақ алалмай әрман менен өтерсең (Әжинияз). ...аўлаған балығының ең сайландыларын *баярына* тапсырды, ...(А. Бегимов).—*Баярым*, сол саўалына маған жуўап бериўге рухсат етиниз,—дейди (ҚҚ. Х. Е.).

БАЯЎ *р. Әсте, жай, ақырын, әсте-секин.* Үш боз бала аяғын *баяў* басып, Өтемураттың ылашығына қарай қыятыр (К. Султанов).

БӘДӘР *қ.* бәдер.

БӘДБАҚ I *ат. Мәлүн, ғарғыс тийген, иси қайтқан, ата бийзар, ене бийзар.* Көп ўақ болды сен *бәдбақ*, Қәдиримди билмедиң (Қырқ қыз). Ақырында ол *бәдбақ*, Қызыл гүлдей солады (Қырқ қыз).—Әй *бәдбақ*, мениң менен олай сөйлеспе, тилим тийеди, ғарғысыма ушырарсаң (Ж. Аймурзаев).

БӘДБАҚ II *кел. Антурған, бузақы, жаўыз. Бәдбақ* жигит бий болса, аўызы айырылмас парадан (Қ. Айымбетов).

БӘДЛИЎА *ат. Ғарғыс алған, ғарғысқа ушыраған.* Рустемдей болған сенин айбатың, Бүлбиллей болғайлар минген торы атың. Кәмбил пирден алма балам *бәддиўа*, Бир күн қонақ болып кеткил зуриятым (Қоблан). Әўелҳа жайылған келди, Наҳақтан қаны төгилди, Хорезм *бәддиўа* болды, Пирдиң кәлирин билген емес (Бердақ)—*Бәддиўаға* ушырайсаң, ҳәй жел өкпе! (Қ. Айымбетов).

БӘДЕН *қ.* беден.

БӘДЕР: **бәдер кетиў** *ф. Жүрип кетиў, кейнине айналмаў, изине бурылмаў, биротала кетиў, қол үздириў, умытсизлендириў.* Ол ерте турып атланып, *бәдер кетеди* (Қоблан). Сол қашыўлан *бәдер кетеди* (ҚҚ. Х. Е.). Ол да үйлина тырған бөрилерди көрип, *бәдер кетеди* (ҚҚ. Х. Е.).

БӘДИГӨЙ *ат. Тықшы, жәдигөй.* Жиберген *бәдигөйлер* бабаны айналдырып сабап азап береди екен (Алпамыс).

БӘДИК *ат. Аўырыўларды емлеўдеги жырлардың бир түри, фольклорлық шығармаларда ямаса халықтың аўыз еки творчестволық әдебиятындағы жырлардың бир түри, буны таўып-*

лер, порҳанлар қолланған. Буған *бәдик*, гүлапсан, кампылаў, жин-әрўақ шақырыў, аўырыўларды емлеў жырлары киреди (К. Айымбетов). Әрўақ шақырыўдың бир түри *„бәдик“* ямаса „гүлапсан“ болып табылады (Н. Дәўқараев). Ҳаў *бәдик*, көшер болсаң жүзгенге көш, Қасын керип қабағын сүзгенге көш (ҚҚ. Х. К.).

БӘДИРЕК *ат. Кул, ата шығысы пәс, туўылыўы, шығысы жағынан төмен.* Буниа неге лап урасаң, Анлап сөйле *бәдирек* (Алпамыс). Ҳәр нәрсени айтасаң, Билмей *бәдирек* шаманды (Ер Зийўар). Қара аттың үстинде, Адам көрмеген *бәдирек* қыз). Әдепки айткан сөз қайда? Тарт қолынды *бәдирек* (Мәспатша).

БӘДҚЫРНАҚ *ат. Байдың үйинде жүриўши хызметкер ҳаял, шоры куқ.* Сол қыздың сәўкеле липасын кийип, *Бәдқырнақ* ғырнақтың келисин көриң (Әжинияз).

БӘДҲАСЫЛ *кел. Туқымы, шығысы төмен.* Женишкенде *бәдҳасыл* Әжлардың басын, Төпкиден қырылған гейбиреўлери, Шөптиң арасынан жылжыды бери (И. Юсупов).

БӘДИНАҒАР *қ.* бәтинағар.

БӘЖАЙ *р. Пәкизе, әдемлы.* Ал енди усы жасаған жойбар ҳәзирги маҳәлде облась ҳәм район бойынша мына тәризде *бәжай* болып отырыпты (ҚҚ. кем. атл.).

БӘЗЗАЗ *ат. Гезлеме сатыўшы, сатармаклар.* Биреўлер бақкал, дүкәншы *бәззазларының* усақ-түсек хызметлерин етеди (Ә Шамуратов). Кассап, *бәззаз*, базар курып, Хызмет қылдылар тақ турып (Бердақ. Дүкән ашқан *бәззазлар*, Мал сойып сатқан кассаплар (Ер Зийўар).

БӘЗИМ *ат. Мәслик, уақты хошлық, кеўилхошлық, кеўил көтериўшилик.* Жасы 90 ға келин сақал-шашы аппақ қуўболған еки балысының аўлаған балықларын үнем қылып, кемпири менен *бәзим* курып жата береди екен (ҚҚ. Х. Е.). Бул жолда парк емес, Ески дәсларындай курарсаң *бәзим* (И. Юсупов). Бул күни *бәзим* етип, Қонырапқа барып (Әжинияз). Бул әсирде *бәзим* болды, Хийўақий шәҳәр *бәзим* болды (Күнхожа).

БӘЗИРГЕН *ат. гөн.* с. 1. *Саўда менен шуғылланыўшы адам, көрўанлы саўдагер.* Я бир масақшы ма, бир жоқ жойытқан жоқшы ма, я болмаса *бәзиргенбе*, ким де болса қасына барып жол болсын сорап өлтирейин де, ...(Алпамыс). *Бәзирген* өтти дүньядан, Гөруғлы кеткен жутып қан (Бердақ). Мениң жолым ҳақ *безиргенң* жолыдур, Мәдет бергей бир қудайым яраплар (Күнхожа). 2. *Меншикли ат.*

БӘЙБӘТШЕ *қ.* байбәтше.

БӘЙБИШЕ *ат. гөн.* с. 1 *Күнбес еки ҳаялдың үлкени.* Кеш болған соң *бәйбише* қонақларға қазан аспақшы болыпты (ҚҚ. Х. Е.). Байбөри байдың ҳаялын Жантөлек *бәйбише* дейтуғын еди (Алпамыс). Байдың үлкен *бәйбише* ҳаялынан

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Туўған Асан, Үсен, соңғы тоқаллыққа алған ҳаялынан Есен деген үш улы болыпты (ҚҚ. Х. Е.). Биреўи *бәйбише*, биреўи тоқал бола алмайды (Ж. Аймурзаев).

БӘЙГИ *ат.* 1. *Жарыс, ат жарыс.* Ол тек усы атты *бәйгиге* шаўып биринши байрақты алыўына ғана қызығатуғын еди (Ж. Аймурзаев). Ўа дарыйқа, бул дүньяда қызық жоқ, Ғәриплерде әзизлик бар, бузық жоқ, *Бәйгиден* өтсең белли сызық жоқ, Аламан, баламан болды яранлар (Күнхожа). Сенің исиң алға кетти, Қатарың *бәйгиден* өтти (Омар). 2. *Сый, сыўға, байрақ, сарпай.* Жети жылға ат жиберип Мойнағым, Қутлы болсын *бәйги* алған байрағың (К. Султанов). Жарыстан *бәйги* алған жүйрик болсаң, Суўдан шығып, айтысайық, болсаң шешен (Әжинияз). ◇ **Бәйги тигиў**—*байрақ тигиў, сарыпай бериў, сый етиў, сыўға қылыў, басын тигиў.* Дус болдым сизлей досларға, *Бәйгини* тик тигим басларға (Бердақ). Яр ушын басынды *бәйгиге* тигип, Орамал, шаршыға барынды төгип, Хайт болса қыз ушын арбанды жегип, Қулпырып жүресең жигирма бесте (Күнхожа).

БӘЙИТ *ат. гөн. с. дин. с. Қосық, жыр. Бәйит* пенен гәззел жазылмаған китап бар ма? (К. Султанов). Бул *бәйитти* тыңлап едим, Қандай алғыс берер екен (Бердақ). ...молла ҳәм елти ҳаққындағы көп қызық *бәйитлерди* айтысып ишек силемиз қатып отыр едик (Ә. Шамуратов).

БӘЛАМАТ *ат. Аўыр жағдай, басына бәле салыў, зулымлық етиў, жәбир-жапа.* Алашлар орысқа кетти, Әламат-*бәламатны* көрдим (Өтеш). Басыма бул перийзат, Салды үлкен *бәламат* (Х. Алимжан).

БӘЛӘӘТ *ат.* 1. *Қатты сөз, аўыр сөз, урыс, кейис.* Кемлер Жаббақларды *бәләәт* пенен аўызын аштырмады (Б. Кербаев). 2. *Қызлардың ержетиўи, бәләәтке жетиўи.* ...бул қыз *бәләәтке* жетип қалыпты, —деп таңланды жигит (Қыз муғ. ж.).

БӘЛӘӘТЛЕЎ *ф.* 1. *Жаман сөзлер менен урысыў, қатты кейиў, сөгиў.* Сырымбет соңын ала ҳәр кимди *бәләәтлеп* сөге баслады (Қ. Айымбетов). *Бәләәтлеп* айтпағайсаң жаман сөз, Сабыр еткил кейнине кетсе де (Қырқ қыз). Сара есин жыйып караса, бай оны *бәләәтлеп* атыр (С. Айний). 2. *Қызлардың намысына тийиў, зорлық қылыў.* Булар бирлесип қызды *бәләәтлеп* жыныс органына зыян еткен (Қыз ҚҚ. г.).

БӘЛЕ I *ат. Қырсық, кесапат, өжет, кесел, қайғы, бахытсызлық.* Сени бир *бәлеге* шатқан сол (Т. Қайыпбергенов). Илим ҳәр қыйлы *бәлени* ҳәм бахытсызлықты жеңеди (А. Бекимбетов). Қырқ жигит бир *бәленің* барынан хабардар еди (Коблан). ◇ **Бәлеге қалыў**—*урыс, кейис, қағыс, шатасық, жәнжел, машақатлыққа ушыраў.* Жаман болса алғанын Бир *бәлеге қалғаның* (Қ. Айымбетов). Қайта мениң тағы

бир бәледен аман қалғаныма шүкирлик етип, еки қолын жағасынан жибермейди (Ө. Хожаниязов). **Бәледен қутылыў, қашыў**—*айырылыў, аман болыў, аўлақ болыў, жырақ болыў.*—Ол *бәледен қутылыўдың* илажы қалай?—деп шарынды (К. Султанов). Ол *бәледен қашып*, өлерменлик ете берме (Ө. Айжанов). ...*бәледен қашып*, алыстан дүзетпегенде не бар (М. Чимбергенов). **Бәлени ал**—*алмасаң қой, ҳеш нәрсени алма.* Алмасаң *бәлени ал* деп ол ла ешкилерин айдап жөнине кетеди (ҚҚ. Х. Е.). **Басына бәле**—*жаман сөгистиң бир түри, гейде өлим дегенниң орнына да қолланылады. Басыңа бәле* сенин! (Қыз. муғ. ж.). **Бир бәле**—*жаман ўақыя, ҳәдийсе, база унамлы түрде де келе береди.* Жас болсам да *бир бәленің*, барлығын сездим (Ж. Аймурзаев). **Бәле салыў**—*жаманлық, зулымлық, даў, жәнжел, шатақ, жала жабыў.* Даўласканға *бәле салды*, Сөйтип көшпей қалған екен (Бердақ). **бәле қада**—*жаман ислеге ушыраў, жаман ҳәдийсеге дуўшар болыў, бахытсызлыққа дуўшакерлесиў.* Тәўекел қыл барлық *бәле қадаға* (Әжинияз).

БӘЛЕ II *кел. Пуқта, пысық, шебер.* Ғулайша да *бәле*, ғой (Т. Қайыпбергенов). Көрдиң бе, сөзге де шеберсең *бәле*, Ҳәр сөзин дәл тийер мирдиң оғындай (И. Юсупов). Сынап едим *бәле* екенсең сен бирақ, Мени сөзден қалдырдың гой ҳәзирақ (И. Юсупов).

БӘЛЕ-БЕТЕРДЕЙ *кел.* **Аўыс.** *Жаманлық, өлим-житим, апатшылық, қайғы-ҳәсирет, уўайым.* Мунарланған таў изде қалған *бәле-бетердей* қараўытады (Ш. Сейитов).

БӘЛЕДЕЙ *кел.* 1. *Жаман көриў, жек көриў.* Мешитке келгеннен соң көп узамай-ақ зеригтим, молланы *бәледей* жек көретуғын болдым (Ә. Шамуратов). Истен қашқанлардың бири, *„Бәледей"* көринген түри (Ш. Артық). 2. **Аўыс.** *Өлим, апат, әжел, қудирет.* Мурынлары жуп теңгелик қазандай, Тәңирден келген *бәледей* (К. Айымбетов). Айбатына карасаң, Сапар айлын ишинде, Туўры келген *бәледей* (Мәспатша). ◇ **Бәледей көриў**—*жүдә жаман көриў, турпайы көриў, жек көриў.* Жәмийланың қуйқасы жуўлап, кемпирди *бәледей көриў көрип*, аларып карады да, шыдай алмай жылап жиберди (К. Султанов).

БӘЛЕ-МӘТЕР *кел.* 1. *жала жабыў, ғәремет етиў, жаманлық излеў.* Қолда барды тартып алды, *Бәле-мәтер* артын алды (Бердақ). Сарнай берди тартып алды, *Бәле-мәтер* артын алды (Бердақ). 2. *Өлим-житимнен, қәўип-қәтерден, апаттан аман болыў.* Сизлер менен биздерди *бәле-мәтерден* аман сақлап қалар еди (К. Аралбаев). *Бәле-мәтерден* аман болса, быйыл бир неме болар, деп Улбосын екеўи қуўанысатуғын еди (Н. Дәўқараев).

БӘЛЕМЕТ *ат. Аўырманлық, қайғы, уўайым, ҳәр қыйлы жаман ислер, ғәремет.* Неше жыллар иши толы жаракат, Пәлек салды басларына *бәлемет* (Мәспатша). Сорқайнаған басыма, Болады-аў бир күн *бәлемет* (А. Дабылов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БӘЛЕНТ *кел.* 1. *Бийик, жоқары, дөң.* Атаўдың *бәлент* жерлерин қос әкелип сүргизди (Қырк қыз). ...елес-елес көринди. Тайшахандай патшаның, *бәленттен* қорған қаласы (Алпамыс). Ат суўғардым *бәленттаўдың* қағынан, Қырқ жыл дәўран сүрдим ығбал-бағымнан (Мәспатша). Неше *бәленттаўларды*, Асты майдан ишинде (Ер Зийўар). 2. *Жақсы турмыс, мәртебе, абырайлы, бахытлы турмыс, жоқары, зыят, артық.* Қандай жақсы қыз-әй! Сабырдан анағурлым *бәленттаўлардың* (Г. Изимбетов). Темир таўларында шарқ урған суңқар, *Бәленттабырайыннан* бергендей хабар (И. Юсупов). Қара таўдай *бәленттаўлардың* бахыт басымда, Кел досларым, көриң бизиң Нөкисти (И. Курбанбаев). ◇ **Бәлент-пәс**—*бийик ҳәм пәслик жерлерди билдиреди, бир нәрсениң бийик ямаса пәс екенлиги ойлы-қырлы жерлер, тегис емес жер.* Таўларымның көпти *бәленти-пәсти*, Бизде бардур нешше жаўлардың қасты (Мәспатша). Ақылған баўда лалады, *Бәленти-пәс*, ой салады (Алпамыс). *Бәлент көгис, пәскөше*, Шахмақ көше, тәс көше (Бердақ). **Бәлент-бийик**—*бийиклик жерлер, бийик бир нәрсе, жүдә жоқары.* ...*бәленттаўлардың-бийик* Дағыстанда дәрьядай йошып кетип баратырған екен (Мәспатша). **Бәлент даўыс**-*даўыстың күшли, көтериңки, қаттың шығыўы, пәтленип сөйлеў.* ...Қумары басылғандай кем-кемнен *даўысын бәленткө көтереди* (К. Султанов). Ал екиншисине қарағанда биринщисиниң *даўысы бәлент* (А. Бегимов). **Колы бәлент**—*жағдайы ҳәр тәреплеме жақсы, зыят, артық, кеўили толық.* ...урасы толы адамлардың *қолы бәлент* (Т. Қайыпбергенов). Қысқасы, еки нәрестеңди биреўлен кем, биреўден илгери аш етпей асырасаң *қолың бәлент* (Ө. Хожаниязов).

БӘЛЕНТИРЕК *р.* 1. *Күшлирек, көтериңкирек, жоқарырақ.* Мырзабектиң даўысы барған сайын *бәленти рек* шыға берди (Ө. Айжанов). Бүгин балалардың сабақ оқыўы, ғаўырлысы *бәленти рек* (Ә. Шамуратов). 2. *Бийиклирек, дөнирек.* Оқыўшылар ғаўашаның *бәленти рек* жерине барып отырды (Жеткиншек г.).

БӘЛЕНТЛЕЎ *кел.* 1. *Бийиклеў, жоқарылаў.* Бул жердиң мына төренлери *бәленти леў* көринеди (К. Султанов). 2. *Жақсылаў, қотылаў, мүмкиншиликтиң болыўы, турмыстың жақсыланыўы.* Усы жылы қолым *бәленти леў* (Н. Дәўқараев).

БӘЛЕНТЛИК *ат.* 1. *Турмыстың жақсыланыўы.* Олар биринши күннен баслап-ақ келешекке бүгинги турмысымыздың *бәленти ликлеринен* барыўды мәксет етти (Г. Есемуратов). 2. *Бийиклик, төбелик, дөңлик.* Ерган оқ жетпейтуғын бир *бәленти ликке* шығып, атын тоқтатты да кейинге қарады:... (С. Айний).

БӘЛЕЎ *қ.* баҳалаў.

БӘЛИ *т. с.* *Қуўатлаў, мақуллаў, қошлаў, хош көриў, биреўдиң сөзин қуўатлап, мақуллап оңырыў.* Сыйлаған тыңлаўшылар буның әдебин тутып, ҳәр сөзине *„бәли“* деп турадыкән болды (ҚҚ. Х. Е.).

БӘЛИГӨЙ *ат.* *Жағымпазлық етиўши, жәдигөй адам, жуўҳа киси.* ...оннан кейин Дәўлетназар Қалмураттың малтабар *бәлигөйи* болды (К. Ирманов).

БӘЛКИ *қ.* бәлким.

БӘЛКИМ *м. с.* *Мүмкин, итимал, ким билсин, бәлки.*—Телефонда неге айтпадың, *бәлким*, күтип алар ма едик,—деп өз өкпесин айта баслады (Ө. Айжанов). *Бәлким*, ол өз шериги нің изинен кеткен шығар (А. Бекимбетов). Қызыл қаннан дәрья болар қара жер, Оннан жаман болар *бәлким* салсам сер (Қырқ қыз).

БӘНДЕ *қ.* бенде.

БӘНДЕЛИК *қ.* бенделик.

БӘНДИРГИ *ат.* 1. *Жолдың дүгискен, кесискен жери.* Таяр болды Алпамыс, Жары жолға келгенде, Бир *бәндирги* ақ төбе, Ақ шәшме деген жерлерге (Алпамыс). ... еки жолдың *бәндиргисинде* сарсап болып қалғанымды сезип терең ойға батып,... (А. Бекимбетов). 2. *Жуўмағында, ара-арасында, тоқтамында.* Бай кусбегиниң ҳәр гәпиниң *бәндиргисинде*—тыныспасында қубылып, қыпылықлап, бет-аўызы түрли муқамда қубылып, шыбынлаған жылқыдай бөксеси тыныспасыз былғаңлап турды (К. Султанов).

БӘНДИЎАН: **бәндиўан** қылыў *ф.* *Тутқынға алыныў, қамалып қалыў, байланып қалыў.* Ўақытлы ҳүкимет ағзаларын қолға алып *бәндиўан* қылды, қайсы бириси қашып кетти (С. Мәжитов). Ақылымды алар перийзаттың назлары, *Бәндиўан қылды* қысқ-жазлары (Алпамыс).

БӘНЕ *ат.* *Себеп, сылтаў, мүмкин, набада, егерде.* „Себепсиз *бәне* болмайды, *бәнесиз* пәйыз болмайды“ (А. Бегимов). Оның үстине *бәнеде* үлкен:... (Б. Исмайлов). *Бәнеге* шейт болсам болың разы, Нағметулла жыламайын қал енди (Әжинияз).

БӘНЕЛЕЎ *ф.* *Сылтаў етиў, себеп қылыў.* Биреўлери атының болдырғанын *бәнелеп*, жүўенин тартты, екиншилери озды (Т. Қайыпбергенов).

БӘНТ *р.* 1. *Бир нәрсе менен машқул болыў, шуғылланыў, ҳеш қайда кете алмаўшылық.* Қуўыста баркулла урпық ийириў менен *бәнт* болатуғын кемпир апасы жоқ (Г. Есемуратов). Жарлы аўыл аламының қыдырыў, иниў менен *бәнт*, (Б. Исмайлов).—Бизлер мине, ис менен *бәнтпиз* (Б. Исмайлов). 2. *Тас қылып байлаў, байлаўда, қамаўда қалыў.* Ер токымын аркалады етип *бәнт*, Енекти мингенге айтты көп нәлет (К. Ирманов). 3. *Бир нәрсениң түйини, шешими, мәниси, тәкәлеси.* Шойын менен ойылған, Тағы сондай *бәнти* бар (Қырк қыз). ◇ **Бәнт болыў**—*бир нәрселер менен шуғылланыў, машқул болыў.* Ол да өз жумысы менен *бәнт болып* жүр (Т. Қайыпбергенов). Кәрим өз ойы менен *бәнт болып* киятыр (А. Әлийев). **Бәнт етиў**— *ыклас етиў, ынты*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қылыў, кеўлин аўдарыў. Хәр назына *бәнтетип,* Жанымды отқа жағасаң (Т. Сейтжанов). Гүл пәпегин тағып жибек шәлиша, *Бәнтеттиң* сен мени зор ықласыңа (Т. Сейтжанов). **Бәнт қылыў**— а) *хеш қайда шыға алмаўшылық.* Суўын ише алмадық казған қазыўдың, Қолында *бәнт қылып* қалыпазыўдың (Д. Қасымов). б) *тас қамал қылыў, мүмкиншилик туўғызбаў.* Дизеден көмип жолыңды, *Бәнт қылып,* онлы-колыңды (Бердақ). **Бәнтлеп байлаў**—*бир нәрсени беккемлеп байлаў.* Мәнжүн арық қасынса келип, атты орынан тургызып, жарағын бөктергиге *бәнтлеп байлап,* атты қосарға алып, ...(Мәспатша). **Бәнтте болыў**—*байлаўда болыў, қамаўда қалыў.* Бар еди бурын *бәнтте болған,* Жеменске ишлық толған Жер астынан ойып салған, Ҳаяллардың кең сарайы (Бердақ). **Бәнтке түсиў, бәнтте турыў**—*босана алмайтуғын жерге түсиў, турыў; қамаўда қалыў.* Халқы ушын *бәнтке түскен,* Жас бүркитке жеткер мени (Қ. Ирманов).—*Бәнтте турып* бенде болып семиз болғаннан, өз аңғыма арқайын жүрип, арық болғаным абзал,... („ҚҚ. Х. Е."). **Бәнтин басыў**—*бир нәрсениң ямаса бир сөздиң, гәптиң мәнисиниң өз орынларында келиўи, дәлиллеў, жүйесине келтириў.*—Ырас апа, —леп Әжинияз гәптин *бәнтин басып,* алдыңғы пикирин енди дәлиллеўге киристи (К. Султанов). Айымжамал наз бенен әсте ғана күлкиойды, бәлки, буннан кейин сөздиң *бәнтин баспай-аў* аўылға келдик (Ө. Хожаниязов). **Бәнтин шешиў**—*дәлиллеп мәнисин аймрыў.* Бийхабар сиз ятыпсыз, Алтын түрме *бәнтин шешип* (Әжинияз). **Бәнтин ашыў**—*мәнисин шешиў, дәлиллеў. Бәнтин ашқан* толы суўлы сағаның, Ким екенин баян әйле сен дәрҳал (И. Юсупов). **Бәнти жоқ**—*исленетуғын истиң белгисиз болыўы, аты жоқ.* Дурысында бул жумыс күнге мектеп балаларының ислейтуғын исиниң белгили *бәнти жоқ* (Э. Шамуратов).

БӘНТЛЕНИЎ *ф. Байланыў, бекемлениў, тас етилиў.* Айнаршаның қолларын *бәнтленип.* Сандал атты, Мәжнүн атты қуралы менен олжа етип, патша бас болып қаласына айдап қайтты (Мәспатша).

БӘНТЛЕЎ *ф. Байлаў, беккемлеў, тас етиў, табжылтпаў.* ...қайтадан есикти *бәнтлепти,* Испандиярды сыртқа шығармастан, сол қәлпинде өртеп жиберди („ҚҚ. Х. Е.").

БӘҢ *ат. Кендир майына, кендирдиң тақанына ийлеп домалақлап жасалған темекиге араластырылып шегилетуғын бас айландырғыш, нәше.* Бизлер келиўден *бәң* таярлаўға киристи,... (Қыз. муғ. ж.).

БӘҢГИ *ат. Бәң шегетуғын адам, бәң шегиўши, нәшепаз.* Сен меннен алдың теңге, Өкпелеп жүр үлкен женге, Көрип пе едиң мени *бәңги,* Еле кейнинде көрермен (Бердақ).

БӘРБАТ *р. Кәреп болыў, жоқ болыў, опат болыў.* Қудайым әйлейин аслыны *бәрбат,* Хор болып тур бул заманда ҳасыл заг (Күнхожа).

БӘРГА *ат. Патшаның барлық әмелдарларының салтанат пенен жыйналысып отыратуғын жери, орны.* Сейнесинде лалалы илгек, бойларына жарасып, патшаның *баргасына* келди (Мәспатша).

БӘРЕКЕЛЛА I *м. с. Мақтаўда, қуўатлаўда айтылады.* Қәне кәлесең-Баржай болып тилегин, *Бәрекелла* балаларымдеп един (К. Султанов).—О *бәрекелла* —деди директор қызлардың исине сүйсинип (Ө. Хожанов).

БӘРЕКЕЛЛА II *т. с.* 1. *Таңланғанда, ҳайран қалғанда айтылатуғын хошамет.* — *Бәрекелла, бәрекелла,*—деди Серимбетке хошаметлеп,—сени бул жерге бир күш алып келген ғой улым (Ө. Айжанов).—*Бәрекелла,* шайыр болсаң сондай бол,—деп таплайын қағып киятыр (К. Султанов). 2. *Ызаланғанда, күйингенде, ренжигенде айтылады.*—„Ҳәй *бәрекелла,* қылайын дегениң усы ғой!" (С. Мәжитов). 3. *Кек етип мысқыллағанда, мазақлағанда айтылады. Бәрекелла,* ылам болып қалыпты пақыр! (Ө. Хожаниязов).

БӘРЕКЕТ *қ.* берекет.

БӘРЕКЕТЛИ *қ.* берекетли.

БӘРЖАЙ *р. Ҳәммеси исленилип болынған, толық, кемсиз, пүтин, ҳәммеси өз жайында, орынлаў, тамамлаў, питкериў, мүлтиксиз питкен.* Кеўил тасқын болса, ҳәммеси де *бәржай* (Ө. Хожаниязов). Буның менен колхозда жумыс үзликсиз қалып отырған жоқ, қайта бәри *бәржай* (Ө. Хожаниязов). ◇ **баржай етиў**—*орынлаў, питкериў, жағдайластырыў.* Бел баласы Ленинниң, *Бәржай еттиң* арманын (К. Султанов). Ендигени *бәржай етти* колға алып, Жолда айтты ели болып шайқалып (Өтеш). **Бәржай болыў**—*питиў, орынланыў, бежерилиў.* Сиз баслаған жеңислердиң планы, *Бәржай болды,* таркап елдиң арманы (Ә. Шамуратов). Барлық ис *бәржай болды* (Ж. Аймурзаев). **Бәржай табыў**—*мақсетине жетиў, кеўили жәмлениў, нийети болыў.* Ҳасла сырды душпанына билдирме. Сонда исиң *бәржай табар,* ел ушын (С. Мәжитов). **Бәржай келтириў**—*барлық нәрсени кеўилдегидей питкериў, орынлаў.* Союз батрактың буйрығын жумысларын *бәржай келтиремен* деп үйде турмайды,... (К. Ирманов). Дослықты *бәржай келтирип,* Ақыл берип өтейик (Бердақ).

БӘРЖАЙЛАЎ *ф. Питкериў, орынлаў, ислеў, бежериў, ...* жумысын *бәржайлап,* Әбдикерим бай үйине барды (Мәспатша).

БӘРЗИЯЛ *р. Түжырыў, бирәтала, түкәл кешиў, анық шешиў, шәрт кесиў.* Малды жақсы күтиў ушын не керек? Мине, буны шешиў, керек *бәрзиял* (Т. Сейтжанов). Ой түйининң

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

түйип алып *бәрзиял*, Бир мақсетке уйлығысты хәр қыял (Т. Сейтжанов).

БӘРИ *ал. Ҳәммеси, барлығы, гүлләни, тегис, түйел, барлығы.* Бул өмирде *бәри* табылады, бирақ кеўил табылмайды дейди журт (Ө. Хожаниязов). Бирақ буның *бәриненде* нәтийже шықпады (К. Айымбетов). Отыр *бәри* столда, Жарқын жүзи күлимлеп (Б. Қайыпназаров). ◇ **Бәрибир**-*базбаяғы, айырмасы жоқ, өзгериссиз, сонда да, Бәри бир* хештене айтпады (Ө. Хожаниязов). Оған *бәрибир*, онын өзин азат етип, кутқарып жибермейтуғыныи сезип тур (Қ. Ирманов). Тириликке хеш нәрсе жетпес, ал *бәрибир* жатқан менен де боска қырыламыз (ҚҚ. Х. Е.).

БӘРКАМАЛ *р. Ержетиў, бойжетиў, камалына жетиў, камалға келиў.* Жигирмада болдым өзим *бәркамал*, Өзимизден ҳасыл туўдым анадан (Қаншайым).

БӘРҚУЛЛА *р. Ҳәмме ўақыт, барлық ўақыт, мудамы, бирдейи, удайы.* Кемпир менен ғаррыға аўқатты *бәрқулла* өзим таярладым (Ж. Аймурзаев). Капталдан сени қалдырмай, *Бәрқулла* ертип жүремиз (Қырқ қыз). Жаслықты *бәрқулла* сүрдим, Қартайдым мен шокка күйдим (Бердақ).

БӘРНА *кел. Сулыў, көркем, шырайлы.* Бул қыз оның көзине басқалардан гөри *бәрна* көринди (ҚҚ. Х. Е.).

БӘС I *әв. Шегиниў, кейин шегиниў.* Көк ғунан сәл кейинге *бәсти* (Ө. Хожаниязов).

БӘС II: **бәс-күш** *р. Адамларды, ҳайўанатларды, жаныўарларды ийтке тислетиў ямаса күўдырыўда қолланылады, бир нәрсени ийтке бәс-күш деп күўдырады.* Ийтлерге *бәс-күш* берип Дәўеке ле үйден шықты (К. Айымбетов). Адамлар хабар тапты ийтлерге *„бәс күш“* берди күўлы (С. Мәжитов).

БӘС III *қ.* **бәсеке.**

БӘСЕ *м. с. Мақуллаў. солай болыўға тийис, солай болса керек. Бәсе* ол сақлаўлысын шығарсын! ... (Ө. Хожаниязов). *Бәсе* маған не пайда бар, Тыным көрмей ол гезиўден? (И. Юсупов).

БӘСЕКЕ *ат. Жарыс, талас, ерегис, қызғаныш, күншил, тартыс.* Мынаў ерлер менен *бәсекеде* жүрген еди (К. Султанов). Бул журты орыс патшасы менен Инқышыл деген елдиң патшасы „мен бурын коластыма аламан“ деп *„бәсеке* тартыста екен“ /К. Султанов/. ◇ **Бәс тигиў**—*бетлесиў, шәртлесиў, бир нәрсе ҳаққында таласыў.* Ақылы жетпес аўанлар, Оның менен *бәстигер* /С. Мәжитов/. Қыз-жигитлер көп термеге *бәс тикти*, Пахта тергиш машинада ис етти /Ә. Шамуратов/.

БӘСЕКЕЛЕСИЎ *әв. Биргў менен жарысыў, бирдей дережеде болыўға тырысыў.* Казаклар усы сапарға кимниң аты шыдамлы деп *бәсекелести* /Қ. Айымбетов/. ◇ **Бәсекиге түсиў**—*жарысқа түсиў, дәрежесин көтериў, бахыт сынасыў.* Қосыбай ғәптиң бәтин бастым ба дегендей Таўмуратқа қоқыраңлап қарап

еди, Әжиниз топ көрген шабандоздай елирип, *бәсекеге түсти* /К. Султанов/.

БӘСИЎ *қ.* **бәс I.**

БӘТ *кел.* 1. *Қайтпаў, қарсы сөйлеў, жағымсыз. Ой-бей!...* деген кемпирдиң аўзы *бәт* даўысы шықты /К. Султанов/. Елим жырақ жолым алыс, Мен алдыңа келдим қалыс, Буўша неге *бәт* урасаң, Ҳәддиң болса кел алыс /Мәснатша/. 2. *Бузық, жаўыз.* Үсти катпар-сатпар кирлерге батқан, Иси *бәт*, арақтан силеси қатқан /Ш. Артық/. Әне тентек қошқар саяқ, Әне жаман *бәт* сияқ, Жаман Коқырат болған екен /Бердақ/. Бул заманның ғәрти пәлек пе *бәт пе*, Яки иштен кетпес таўсылмас дәрт пе /Күнхожа/. 3. *Ири, сықылы келиспеген, түри әдеўий адам. ...* түр-түси *бәт* бир киси шеп билегинен жыландай жабысты /А. Бекимбетов/. ...аға бийге *бәт* түри менен көзин алартып қарады /А. Бекимбетов/. ◇ **Бәт бешер** — а/ *жаман, сасық ийис.* Бул қаланың орта жери еди, саллақхананың *бәтбешер* ийслери мурнынды жарады /Ә. Шамуратов/. б/ *түр-түси келиспеген, әдеўий, турпайы, сықылсыз.* **Бәт-айбат**—*өжет, қайсар, қарыўлы, күшли, батыр, қайтпас-қара, көк-өжет.* Бул өгизде айтыс кимниң ҳақы бар, Бул күн де кимлердиң сынбас сақы бар, Маңлайында еки үлкен шақы бар, Соныңдай *бәтайбат* менің өгизим /Бердақ/. **Бәт әдетли**—*өтирик, жалған, қуяқышылық менен шуғылланыў.* Өтирик қып халыққа жайып аныкты, *Бәтәдетли* ислер беглерде болар /Өтеш/. **Бәт урыў**—*айбат шегиў, айбатланыў, әпиниў, уятлыўы, аларып қараў.* Коркар бала бул жолларға келмейди, Буўша неге *бәт урасаң* геллегер /Алпамыс/. Өнип-өскен Сарқонтан, Әзелги жолдас қылышым, Суўырып алып қынаптан, Алартып көзин *бәт урып* /Қырқ қыз/. **Бәт сөз**—*жаман, турпайы сөзлер менен айтысыў.* Қул деп жүрегимди буўша кайтардың. *Бәт сөзлерди* бизге айттың бийҳая (Алпамыс) **Бәт** аўыз—*турпайы сөзлерди айтыўшы. урысқақ, жанжелпаз, бийҳая.* Мәрт жигитлер бирин-бири қыймайды, *Бәт аўызлар* айтпай сөзин тыймайды /Алпамыс/. **Бәт әдеп** — *турпайылық ҳәм сыпайысызлық.* Сөгиске ары келмесе, *бәтәдеп* иси сонда көрдим /Өтеш/. **Бәтҳайбат**—*денеси ири, түр-түси әжептәўир, әдеўий, сықылсыз.* Аўызы анқайған, мурны тоққайған, аркалан көмир тасыған, ала көзли, үсти-басы сасыған, түнек түсли, жасы 50 ден аскан, бет-аўызын жүн баскан, түрин көрген аўлағырақ қашкан бир *бәтҳайбат* қара кулақы куўып келди /Алпамыс/.

БӘТБАҚ *қ.* бәдбақ I, II.

БӘТШАҒАР *ат. Бийнеке туўылған бала, ойнастан туўылған.* Қоблан туўе *Бәтшағар*, Бизлерге де жақпайсаң /Қоблан/. Дүньяға шыққанда уйқы ушын, тамақ ушын шыққан *бәтшағар* екен-аў. .../Алпамыс/. Лабақбай деген *бәтша-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ғар алып кеткен жүдә қыйрыр /Мәспатша/. Көмип таслапты *бәтшағар* /Ө. Хожаниязов/.

БӘТШЕ *ат. Уғлан бала.* Сол досларың мен *бәтшесин* ураман /Алпамыс/. Өле гойса шөллерде, Мен *бәтшесин* ураман /Коблан/.

БӘҲА *қ.* баҳа.

БӘҲАНА *қ.* бәне.

БӘҲӘНЕ *қ.* бәне.

БӘҲӘНЕЛЕЎ *қ.* бәнелеў.

БӘҲӘР *ат. Жыл мәўсиминиң бир бөлими, март, апрель, май айлары, көклем. Бәҳәр* айы болды /Қ. Айымбетов/. Сол жыллың *бәҳәри* катты суўық болып, халық егин еге алмапты /Қ. Айымбетов/. Ерте *бәҳәр* айының жақтылы түни /А. Бекимбетов/. ◇**Бәҳәрге салым**-*бәҳәрдиң басланып киятырған ўақлары, бәҳәр ўақытлары.* Бул шаланлы ултаннан адамлар *бәҳәрге салым* калийма балықты қырып алған еди /А. Бегимов/. **Бәҳәр леби**—*бәҳәр айындағы жағымлы самал.* Есер, есер *бәҳәр леби*, Сағынды ма екен мени /Ш. Мәмбетмуратов/. Еритип *леби бәҳәрдиң*, Қыс курсағы босанды /К. Сўлтанов/. **Бахыт бәҳәри**— *қуўаныш, шадлы турмыс, жайнап-жаснап жасаў.* Туўысқан өзбектиң данқлы шәҳәри, Қойнында нўр шашқан *бахыт бәҳәри* /Т. Сейитжанов/. **Бәҳәр паслы**—*жадырап-жаснап, ҳәўжирип кетиўи, бәҳәрдиң болыўы.* ... суўық қыстың кәҳәри толық кетип, *бәҳәр паслы* болып кете қойған жоқ /Ә. Шамуратов/. *Бәҳәрдиң паслында* ис кызса қайнап, Таўдан қырман ел абадан гүз /Ж. Аймурзаев/. **Бәҳәр яглы** *жарқыраған, ашық, гөззаллы, бәҳәрге усаған, яқлы.* Ҳүр киби жүзлери Гүлайба қыз *бәҳәр яқлыды* /Өтеш/.

БӘҲӘРИН *ат. Кеўил, зейин.* Зиҳин қылып сөз мәнине түспеге, Кеўил қусы пәрўаз етип ушпаға, Ғам, қайғы қәпесте *бәҳәрин* ашпаға, Күтә дәркар шийрин сөздиң ләззети /К. Ирманов/.

БӘШӘРТИ *к. с. Егер, егерде, солай болғанда, солай болса да, деген менен, сөйтсе де.*

БӘШПЕНТ *ат. Көйлектиң сыртынан кийетуғын жеңи бир, астарлы кийим.* Анам гүртик ийлеп, қолы тиймей атырғанда *бәшпентин* шешип менің үстиме ылақтырып жиберди де, даладан тараша кушақлап әкелди /К. Смамутов/.

БЕ *к. с.* „ба" *ның жиңишке варианты.*—Оны ким айтқан?: Сен *бе*, я мен *бе?* /Ө. Хожаниязов/. Жаўды сениң бир өзин жеңесең *бе?* /К. Сўлтанов/.

БЕГ *қ.* бек.

БЕГЗАДА *ат. Ески феодал, ақсүйек, беклердиң туқымы. Бегзада* тақлетте жасаның баратырған баласына көзи түсти /К. Сўлтанов/. Ханның алған азадасы, Күн көрмеген Шахзадасы, Жер баспаған *бегзадасы* /Коблан/.

БЕГИШТИРИЎ. *қ.* бекиштириў.

БЕГЛЕРБЕГИ *ат. Барлық беклердиң үстинен қараўшы, басшысы, беклерге басшылық етиўши адам.* ... қарақалпақ халқын хан, аталық, *беглербеги*, жүз басы, елиўлик, найып, бийлер сорап, үстемлик жүргизсе /Сов ҚҚ. г./. ...бай бар ма, бий, оар ма, *беглербеги* бар ма, басқа да әмелдарлар бәр ма, бәри менен ойласаман /ҚҚ. Х. Е./.

БЕГЛИК *қ.* беклик.

БЕДБАҚ *қ.* бәдбақ 1, II.

БЕДЕ *ат. Жоңышқаның орылып кептирилген түри.* Кешқурын ол атының ерин алып, алдына *беде* таслап, өзи тамға сүйенип тур еди /Т. Қайыпбергенов/. Туқымы, *бедеси*-колхоз байлығы, Жерди ҳасыл етер жазда ҳәм қыста /Ә. Шамуратов/.

БЕДЕГЕ *ат. Атты шыбыннан қорғаў ушын баўырының астына жаўып қоятуғын, ҳәр түрли материалдан исленген зат.* ... еки көзин уўқалап, жаўырынларын сыйпалап, *бедегеден* белликлеп, ушығадан терликлеп, саўаш ерин салады,... /Алпамыс/. ...те здеи атларын қуўып келип, булаққа барып, *бедегеден* белликлеп, ушығадан терликлеп, саўаш ерин салады,... /Мәспатша/.

БЕДЕИ *кел. Гедей, ҳеш нәрсеси жоқ, қуры қол.* Тапқаны жегпей атамның. *Бедейсиз* гедей атамның /К. Сўлтанов/.

БЕДЕЛ *ат.* 1. *Көпшиликтиң, жәмийетшиликтиң мойынлаған қәсийети, абырайы,* ...бетте *беделі*, жүзде сән қалмады, ойласайын деп киятырман саған, есигиңди аш /Ө. Айжанов/. Партия асқан тирегим, Көктен бийик *беделим* /К. Сўлтанов/. 2. *Жигер, ғайрат.* Алтын *бедел* тарынған, Дуўлығаларын жамылған, Токқыз атлы жаўшы сайлады, Тайшахан патша айбындырып *беделі* /Алпамыс/.

БЕДЕЛЛЕНИЎ *ф. Жигерленіў, ғайратланып умтылыў, кирисип кетиў. Беделленип* тоғайдың қалың жерине барды да, жуўан нәзик ағашларды жыйнап, еки ғырбат ағаштың арасына қыстырып баса берди /ҚҚ. Х. Е./.

БЕДЕЛЛИ *кел. Көпшиликке қәдирли, абырайлы адам.* Алтын *беделли* еки жасаўыл қаладан далаға шығып, саҳра гезип жүрсе, топ-топ, шоқ-шоқ мәсләҳәт курып атырған шопанларды көреди /Алпамыс/.

БЕДЕН *ат. Дене, тула бойы, адамның барлық денеси, түртуси, сықылы.* Сулги менен *беденің* сүртти /Ж. Аймурзаев/. Ерте жатып ерте тур, *Беденің* болсын саламат /ҚҚ. Х. Н. М./. ◆**Ақ беден**—*тула бойы ақ, ақ дене.* Юпқа додақ. *Беденің ақ*, Әлеўметлер салың қулақ /Өтеш/. Көрсецизлер-*беденің ақ*, Пери киби жупқа додақ /Бердақ/. **Беденге қолар салыў**—а/ *денени услаў, сыйпалаў.* б/ *денеге қол көтериў, тийгизиў.* Азап-ақырет бергенге, *Қоллар салып беденге* /Коблан/. **Беденинен динке кетиў**—*денесинен қуш кетиў, тийгизиў.* Азап-ақырет бергенге, *Қоллар салып беденге* /Коблан/. **Беденинен динке кетиў**—*денесинен қуш кетиў*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тиў, диңкеси қурыў. Беденинен диңке кетип, ҳазары мийине өтип /Бердақ/.

БЕДЕЎ *ат.* 1. *Жүйрик ат, жылқы.* Усталарды жыйдырып, *Бедеўлердиң* ер-токымын сайлады /Мәспатша/. —Минген *бедеў* желер деп, Мәртлик дәўран сүрер деп /Қоблан/. Бағда *бедеў* кисней ди, Ат болдым деп яр-яр /Алпамыс/. 2. *Сын-сымбаты жақсы келиншеклерге айтылады, бул қыз келиншеклерге тән.* Ол ерик тубиндей беккем, жаны шықса да, сыры сыртқа шықпайтуғын *бедеў* келиншек еди /Ө. Хожаниязов/. Қатар-қатар наз *бедеўлер* ойнаса, Қазанларым толы майға қайнаса /Мәспатша/. ◈ Бедеў ат—*жылқының, аттың жүйриги, шапқышы.* Өлген соң сени ким ядлар, Себил қалар *бедеў атлар* /И. Юсупов/. Фашистлерди жок қылыўға, Минди ҳәммеси *бедеўатың* /Ж. Аймурзаев/. Алдың барлап аңланбаға, *Бедеў аттай* танланбаға /С. Мәжитов/.

БЕДЕЎДЕЙ *кел.* *Бедеў сыяқлы, мегзес, усас, тәризли, яқлы. Бедеўдей* қурықтан қашқан, Омыраўдан көбик шашқан /И. Юсупов/.

БЕЖЕРИЛИЎ *ф.* *Бир истиң исленип питиўи, тамам болыўы.* Сол күнги министлеме түскө дейин-ақ *бежерилди* /Т. Қайыпбергенов/. Бул жокарыла аты аталған ислер өз ўақтында *бежерилип* баратырған болса да, бай буларға қанаатланбады /А. Бегимов/.

БЕЖЕРИЎ *ф.* *Бир исти ямаса бир жумысты ислеп таслаў, питкериў, орынлаў,* ...сол тапсырмаларымды *бежерсең* алтын қусымды аласаң. .../ҚҚ. Х. Е./. Олар партия менен ҳүкиметимиздиң жаўынгер қарарларын минсиз *бежерген* /А. Бекимбетов/. Бабаларымызға естелик орнатамыз, оның ҳәмме исин де өзлеримиз *бежеремиз* дейди /А. Бекимбетов/. ◈ Бежере алмаў—*белгиленген исти ямаса жумысты питкере алмаў, орынламаў, ислей алмаў.* ... илгери кәдемин қәдирлеў функциясын тийисинше *бежере алмаған* /Г. Есемуратов/. Жазыўшы үш жыллан кейин де „геройдың звеносында" бул ўазыйпаны *бежереалмады* /Г. Есемуратов/.

БЕЖИРЕЙИСИЎ бежирейиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЕЖИРЕЙИТИЎ бежирейиў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЕЖИРЕЙИЎ *ф.* *Биреўдиң бетине турин өзгертип қарап, тикленип, тикирейип қарап, көзин адырайтыў.* Гүлайша менен Атамурат завучқа *бежирейип* қарап жуўап күтиўде (Т. Қайыпбергенов). Жигит патшаны алдамақ болып, елиниздиң шетине жаў келди, оннан да соған күшиниздиң салың деп патшаның бетине *бежирейип* қарайды (ҚҚ. х. е.). Көмекбай Шыныбийкеге *бежирейип* көзин айырмастан, көп ўақытка шекем қарап отырды (Ж. Аймурзаев).

БЕЖИТ *р.* *Тез, шақпан, жылдам.* Билимлендириў хызметкерлери ғалаба оқыў, оқытыў исине *бежит* кириси ўи лазым (Билимлендириў илажлары). Уфық мәхрем *бежит* жүрин, Жолың жуўық па, жырақ па? Миниңсең жылдырым оқты, Ат па, ешек пе, пырақ па? (Бердақ).

БЕЗ I *ат.* *Организмге керекли заттарды ислеп шығарыўшы ямаса керексизлерди бөлип шығарыўшы бөлим, мүше. Оның* тамағындағы *безги* үлкейип кетти,... (Жеткиншек г.).

БЕЗ II *қ* безиў.

БЕЗБЕН *ат.* *Рычаглы ямаса серппели өлшеўиш, тәреzи.* Атыз басына *безбен* әкелинди,... (Қыз. КҚ. г.).

БЕЗГЕК *ат.* Денени катты қызырып, дириллдетип, тондырып *аўыртатуғын аўырыўдың бир түри, ысытпа, қалтыратпа деп тәрийплейди. Безгек* болған адамдай тислери сақ-сақ етеди (Ө. Айжанов). Бәҳәрде *безгек* болғандай өне бойы қызады (Қырқ қыз). *Безгек* болған сидей, Қалшылдайды ийегим (Қырқ қыз).

БЕЗГЕКТЕЙ *кел.* *Безгек сыяқлы болыў, усаў, сондай болыў.* Бүгинги ҳәлийсенің ақыбети не менен питетуғынлығын билмей, *безгектей* қалтырай басладым (Т. Қайыпбергенов). *Безгектей* дирилледи (Т. Қайыпбергенов). *Безгектей* қалшылдады (К. Сұлтанов).

БЕЗДИРИЎ безиў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЕЗЕЛИЎ безеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БЕЗЕНДИРИЛИЎ безениў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЕЗЕНДИРИЎ безениў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЕЗЕНИЛИЎ безениў фейилиниң өзлик дәрежеси.

БЕЗЕНИЎ *ф.* *Жасаныў, сәнлениў, турлениў.* Кийинген, *безенген* жигит-қыз, жаўан, Таңда ойнар, қосық айтар жүз әлўан (Ә. Шамуратов). Кисиниң көзине көринбек ониа, Жолына мал берсең *безенбес* каниа (Мәспатша). Атлары *безенген* жүйрик кийиктен, Булар да саўашқа түсти яраплар (Бердақ).

БЕЗЕРГЕН *ат.* *Жолаўшы, жолшы.* Адамзат емес шубҳалы, Ҳақ *безерген* янлыды (Омар ҳәм Өтеш).

БЕЗЕРИЎ *ф.* *Түси қашыў, бозарыў.* Ғаррының көриўден баланың бети *безерип* кетти (ҚҚ. х. е.).

БЕЗЕЎ I *ат.* *Қан айналысының бузылыўынан пайда болатуғын адамның терисиндеги, денесиндеги қызыл бөртпеш.* Бәҳәрдиң арықшылығы менен бетинди *безеў* басып кетипти ғой,... (Қыз. муг. ж.).

БЕЗЕЎ II *ф.* 1. *Көркемлеў, нағышлаў, сулыўлаў, пормасын келистириў.* Бунда ҳәмме гилем менен *безеген.* Жайларының дийўалын да, полын да (И. Юсупов), Гүлнағыслы обой менен, *Безеп* шыққан екен жайды (И. Юсупов). Таў-тоғайға салдым туйғын, Аяқ баўын *безеп* жезден (Бердақ). 2. *Гүл ҳәм тағы басқа өсимликлердиң сән бериўи, қулпы дөниўи.* ...бағлардан, бақшалардан ҳәр түрли гүллер көширип әкелип, мәдений шертектиң қыр айналасына отырғызып *безедик* (А. Бекимбетов). Қарсы алдында мөлдиреген Арзы көл, Гүлге *безеп*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

орнатылған айнадай (И. Юсупов). Бәҳәр-бәҳәр, жаным бәҳәр мийманым, Гүлге *безеп* келсең Әму бойларын (И. Юсупов). **3.** *Тәбият құбылысларын сүўретлеў.* Емески самал ести де көлдиң жийеклерин ақ көбиклерге *безеди* (Ө. Айжанов). Ҳәм *безеп* өмир бәҳәрин, Ушалы бул қос қарлығаш (Б. Қайыпназаров). ...ең жақсы сыпатлар менен *безеген* (К. Мақсетов). Тойдан шығып канал бойын сайранлап, Колхоз түнин *безеп* шадлы жыр менен (И. Юсупов).

БЕЗИГИЎ *ф. Қашыў, қуўыў, тойдырыў.* Мал алғысы келген залым „өзи *безикеин*" деп ура береди, көп мал бермесе айырмайды (С. Мажитов).

БЕЗИЛДЕСИЎ *ф. Жеркенишли түрде қашыў, зирилдесиў.* Олардың үстинде әлле нәрселерден сәтем алған қызыл аяқлылар бурынғыдан да бетер шырылдасып, *безилдесип* тур (Ө. Айжанов).

БЕЗИЛДЕТИЎ **безилдеў** фейлинин ерксиз дәрежеси.

БЕЗИЛДЕЎ *ф.* **1.** *Зирилдеп бақырыў, қышқырыў, бақырыў, еңиреў.* —Мә-ә-ә,-деп ғаррыны жылатып алған, сары жал ешки *безилден* бақырар ма (К. Султанов). *Безилдеди* жолға салған зарлы қыз. Биринен соң бири келди избе-из (ҚҚ. поэз. ант.). **2.** *Ирициескен жараның солқылдап ауырыў, сырқырап, қақсатыў.* ...жарам *безилден* тыдатар емес,... (Қ. Айымбетов).

БЕЗИЎ *ф. Қашыў, үмит үзиў, тойдырыў, шығып кетиў, қапа болыў, жалығыў.* Бала бул жерден де *безип*, басқа бир қалаға барса, адамлар жыйналып ўаз айтысып дәўир кус ушырып отыр екен (ҚҚ. х. е.). ... сеннен кеўлимди бурып, өз үйимнен, жақынымнан, аўылымнан *безип*, жасырынып жүриўиме колхоз баслығы себепши болды (А. Бекимбетов). Ой ақылсыз Палўан-ай, сен Жамийладан емес, баланнан да *безиң* гой, мынаўын жүрттан асқан тас баўырлық емес пе? (Ө. Айжанов). ◇ **Биротала безиў**—*кейнине айналмаў, қол үзип кетиў.* Мен енди көкнар дегеннен пүткил *безгеним* болсын (С. Хожаниязов). **Уйқыдан безиў**—*уйқысы келмеў, уйқыға берилмеў, уйқыдан қашыў.* Тек ғана жалғыз Гүлайша *уйқыдан безип* отыр (Т. Қайыпбергенов). **Дүньядан безиў**—*өмиринен, тириликтен үмит үзип кетиў.* ...сорлы муҳаббат ушын *дүньядан безип* кетиўге таяр (Р. Тагор). **Безип кетиў**—*түңилип кетиў, қашыў, үмит үзип кешиў.* Ел қыдырып, ел гезгенмен, Бираз адамнан *безгенмен* (Бердақ). **Елинен-журтынан безиў**—*отырған елин, халқын таслаў, қол үзип кетиў.* *Елден безип*, таўды гезип қанлы аўыз. Васпашы болып жүрген екен сол жаўыз (И. Юсупов). **Жанынан безиў**—*өмиринен, тириликтен, дүньядан үмит үзген, жанын аямаған, жаннан кешкен.* Ислеп қатарда жүре алмай, Истин жемисин тере алмай, Дүньяда рәҳәт көре алмай, Өз *жанынан безген* екен (С. Мажитов). *Жаннан безип*, мәнсен басқа бул түнде, Жүрген екен кайсы „еси кирели"! (К. Султанов).

БЕЗЛЕСИЎ *ф. Организмниң ямаса организмдеги жараның белгилериниң көбейиўи, раўажланыўы, асқынлап кетиўи.* Дедим: болмас па екен ўақыт дүзелесер, Деди: булар турса жарап *безлесер* (К. Ирманов). Дедим: алда ҳәмме рәҳәт-ҳәзлесер, Деди: қайта бершимеклер *безлесер* (К. Ирманов).

БЕЙИМ *кел.* Жақын, *оңайлы, ыңғайлы, ийкем, ийкемлы.* Иўирге тартарлық және жоқ кийим. Ҳәм де ағайиним жоқ, қәўендер *бейим* (Күнхожа). Қарсы турып хан менен, Қанға *бейим* хан менен, Айқасып урыс салайық (Бердақ). ◆ **Бейим бериў-шамаласыў, жақынласыў, қолайласыў ийкемлесиў, қәлиплесиў.** Аўыз кемсеңлеп жылаўға *бейим берди де*, азмаз ойға шүмди (Ж. Аймурзаев).

БЕЙИМИРЕК *кел. Қолайырақ, ыңғайырақ, ийкемирек, ыңшамлырақ.* Он жақта көпке *бейимирек*, суд, сол жақта қорғаўшы, он жақта прокурор (К. Ирманов).

БЕЙИМЛЕНДИРИЎ **бейимлеў** фейлинин ерксиз дәрежеси.

БЕЙИМЛЕНИЎ **бейимлеў** фейлинин өзлик дәрежеси.

БЕЙИМЛЕСИЎ *ф. Ийкемлесиў, қолайласыў, ыңғайласыў, оңайласыў.* ...отырыўға *бейимлескен* ҳаялда қайта тұрғызып жиберди (К. Султанов). Мүширип қашыўға *бейимлесип*, артына қарап еди (К. Султанов).

БЕЙИМЛЕЎ *ф. Ийкемлеў, ыңғайлаў, оңайлаў, қолайлаў, бир жөнге келтириў.* Қандай мәмлекет болса да өз жағдайына қарап *бейимлеп*, тутқан жолына дийдилеп дүзилген бир нызамға сүйенип ис жүргизеди (К. Ирманов).

БЕЙИМЛИ *кел. Оңайлы, ийкемли, ыңғайлы, қолайлы.* Сапар қандай жумыстың түри болса да *бейимли* етип исленди (К. Султанов).

БЕЙИМЛИЛИК *ат. Ийкемлилик, оңайлылық.* Сәлийманың бундай жуўҳалық ислерге *бейимлилиги* маған бурынан мәлим (К. Султанов).

БЕЙИШ *ат. Жәннет, рәҳәт, ҳәзлик.* *Бейиштиң* бағынан туўры келгендей, Кеўлиң табар майдай жипек минезли (Мәспатша). Сонда ғана Аллаяр, *Бейиштен* орын беремиз (Қырық қыз). Бул дүньяда сүйген ярдан айырдың, Ақыретте артың баргыр *бейишке* (Алпамыс).

БЕЙНЕ *ат.* **1.** *Түр-түси, жағдайы, порымы, көриниси, белги, түр, тулға, турпат, сол қәлпинде.* „Апа, солар қиятырған" деп *бейнедиздим* ақсақ соң, шыдамай, сыртқа шыққанын еди (К. Султанов). *Бейнесин* көп сорап, Гүлбий әллен уақытта қызды танып алды (К. Султанов). **2.** *Ҳақыйқат, тың, дәл, өзи, тап өзи, сыяқлы, қусаған.* Сол *бейнеде* қыз екен

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

(Мәспатша). Айпаршаның отаўын, Сол *бейнеде* сайлады (Мәспатша).

БЕК I *ат.* 1. *Ел бийлеўши байларға, майда феодалларға ҳәм де олардың хызмет етиўши адамларына берилиўши атақ, ат. ...бек*, беглербеги қусаған әмелдарлар қойып, солар арқалы ҳәзлик көрген (К. Ирманов). Шахзадалар, бегиў-*беклер*, Адалатлы ҳеш болмады (Бердақ). Инақу *бектиң* баллары, Баркулла жетти қоллары (Бердақ). 2. *Аўыс. Абыройлы, қәдирли.* Жәмий басқалардан өзин *бек* санайтуғын еди,... (Қыз. муғ. ж.).

БЕК II *кәл.* 1. *Мықлы, катты, берк.* Сүйген ярым беллерин-ли, *бек* байла, Сүйгениң кеткеннен келерлиги гүманды (Алпамыс). Бир күни есин ол жыйнар, Есин жыйнап жеңе түрип, Белин тағы *бек* буўын (Қырк қыз). Жеты нарға жүк артып, аўмасын деп *бек* тартып, қасына жети қосшы берип (Мәспатша). 2. *Дым, жүдә, күтә, оғада.* 3. *Аўыс. Тайын турыў, тақ турыў қайыл болыў, бел байлаў, тәўекел етиў.* ◆**Бесик баўы бек болсын**—*бала жаңа дүньяға келгенде, туўылғанда, ата-анасына жас нәрестениң аман болыўына тилек етип айтылған сөз* **Белиң бек болсын**—*саўлықтың, турмыс аўҳалдың жақсы болыўы ушын тилек етип айтылған алғыс сөз.* Балам кете бер, жолың болсын, *белиң бек болсын*,—деди кемпир (Сов. ҚҚ.г.). **Бек болыў**—*бир нәрсеге ықшамлы нәзер салыў, сақ болыў, пуқталық етиў.* Ендиги жағында-ақ *бек болың* дегеннен басқа Оразгүл жеңгей ҳеш қайсысына кейнген де жоқ (Т. Қайыпбергенов). Парахатшылық ишки ойымның саған керегі жоқ, тилиңе *бек бол*,—деп ол жигит асығыслы түрде, өзөзинен ҳаўлығып далаға шығып кетти (А. Бекимбетов). Еки ели аўызыма *бек болдым* (Г. Изимбетов). **Бек байлаў**—*катты етип байлаў, тастай етип бекитиў.*

БЕКЕНЕ *ат. Мурын тесигиниң сыртқы еки қапталы, мурынды суңгиргенде услап қысатуғын жери, қанаты. Бекенеси* пырылдап, Көкиреги сырылдап, Жорталмай мама болдырды (Алпамыс).

БЕКИЛИЎ **бекиў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЕКИНИС *ат. Жаўлардан қорғаныў ушын салынған қорған* Мен *бекинислери* асты-үстине шыққан шығар деп ойладым (Н. Даўқараев). Сығалады, көрди, қарады, таллап жаў *бекинисин* анықлайды, болжайды (Э. Шамуратов).

БЕКИНИСИЎЛЫ КИРЕЎ **бекиў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЕКИНИСИЎ *ф. Орналасыў, беркинисиў, нығайысыў.* Биз де *бекинискен* жеримизди билдирмей өзгертип, автоматтан қардай оқ жаўдырдық (Ж. Аймурзаев). Сөйтип, ол сол түнде Буково хуторына келип *бекинистик те*, буйрық күте басладық (Ө. Хожаниязов).

БЕКИНИЎ **бекиў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БЕКИРЕ *ат. Балықтың бир түри. аўызы алқымында, туқсықлы, тикенексиз балық.* Ҳәр бир *бекирени* үш теңгеге баҳалап аламан (К. Ирманов). Ал енди сениң маған беретуғын балығың *бекире* Ҳәм сүўен болсын (А. Бегимов). *Бекире*, сазан ушын аўлары бар, Қаст еткен кисиге даўлары бар (Бердақ).

БЕКИСИЎ *ф. Беккемлениў, орынласыў, биригиў, табысыў, татыўласыў.* Қызыл армия *бекисип* турып ҳәрекет етип атырған жер бизиң участка еди (Ж. Аймурзаев). Назлы Қалийланың сөзинен жигер алып буўыны *бекисти* (Қ. Султанов). Сонда кем-кем шынлығып, Бөгет қатып *бекисер* (Б. Қайыпназаров).

БЕКИСТИРИЎ **бекиў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЕКИТИЛИЎ **бекиў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БЕКИТИЎ *ф.* 1. *Тастыйықлаў, тайынлаў.* Алламурат совхозлың директоры болып *бекитилди* (Сов. ҚҚ. г.) 2. *Жабыў, бөгеў, байлаў, нығайтыў, қатайтыў, беккемлеў, жаўыў.* Орталары бөлмениң есигин жаўып, шегелер менен шегелеп, беккем *бекитип* таслады (К. Аймбетов). Усыманка келгенде усы қудыққа таслап аўызын тас етип *бекитип* кетти (ҚҚ. х. е.). Егер келе қойса бир звенога *бекитемиз* (Т. Қайыпбергенов).

БЕКИТТИРИЎ **бекиў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БЕКИЎ *ф. Орналасыў, орныўлы, нығайыў, қатайыў, куўатланыў.* Бирден еки-екиден үш жыллан-жылға тәсири *бекип*, елге қәдирли мықлы (Қыз. муғ. ж.).

БЕКИШТИРИЎ *ф. Сөзден утыў, аўызын аштырмаў, қатты кейиў, сөгиў, қатты урыў, сабаў.* Мен әбден қар болған дәрмансыз адамдай дир-дир ете қалдым. Қорадан жуўырып шығып Бекбердини *бекиштирип* сөкким келди (К. Смамутов).

БЕККЕМ *кел. Катты, берк, нық. мықлы, турақлы, пысық, күшли.* Топылған жаўларды неше саўашта, *Беккем* бирлик пенен етти тасталқан (Т. Сейтжамутов). Алдыңызда бәлди буўайын *беккем* (И. Юсупов). Ленин жолында дослықты күшейтип *беккем* (С. Нурымбетов). ◆**Беккем дос, беккем болыў**—*шелик етиў, жаздырмаў, катты услаў.*—Кәне, дегдиге *беккем болбахтымызға ийримли жасап жатқан барлық семиз балықлар бирден дегдимизге жылымға түсе қойса ғой,*—деди,... (А. Бекимбетов). Балаға *беккем болсын*, оның ҳәркыйлы сандыраклап сөйлеген сөзлерине итибар бермесин,... (А. Бекимбетов). Озал бастан *беккем болып*, атына, Нама шалып жүрегиниң тарына (Т. Сейитжанов). **Беккем буўыў**—*катты етип буўыў, жақсы етип байлаў, тақ турыў, белин байлап шығыў, жеңе түриў.* Ол белин *беккем буўып*, пухарашылық жумысына айналмақшы болды (Қ. Ирманов). **Беккем дослық, беккем бирлик**—*аўыз биршилик.* Сизди шын муҳаббат пенен сүйген жигит қағаз-документти тексермейди, ол бар керегин жүрегиңизден, се-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

зимициздеп, *беккем дослығыңыздан*, ақыл-ойыңыздан табады (А. Бекимбетов) Дослық-дослыққа уласып, *Беккем бирлик* өткен екеп (Бердақ).

БЕККЕМИРЕК *кел.* *Қаттырақ, мықымырақ.* ... лизгинди *беккемирек* услап, ғунанға қамшы басып, устине ат қойдым (Ө. Хожаниязов).

БЕККЕМЛЕНИЎ **беккемлеў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БЕККЕМЛЕСИЎ **беккемлеў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЕККЕМЛЕТИЎ **беккемлеў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БЕККЕМЛЕЎ *ф.* *Байлаў, нығайтыў, бекинистириў, тас етиў, қатайтыў, толықтырыў, бәнт етиў, мықлаў.* Босағасын *беккемлеп*, Қоргасын полат куйлырды (Қырк қыз). Ол да болса мойын дузақтың бир жағын неге *беккемлеў* керек (К. Аймбетов). Соң ҳақымды бер!—деп есигине *беккемлеп* оларды қул етпекши (Б. Бекниязова).

БЕККЕМЛИК *ат.* *Турақлылық, қаттылық, қаттылылық, писиклик, беклик, пуқталық, пуқталылық, шыдамлық, шыдамлылық.* Оның *беккемлиги* ҳәм суўдың ҳәр қандай күшине шыдай бере алатуғынлығына исенди (С. Айний).

БЕКЛЕНИЎ **беклеў** фе*илиниң өзлик дәрежеси.

БЕКЛЕСИЎ **беклеў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЕКЛЕТИЎ **беклеў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БЕКЛЕЎ *ф.* *Байлаў, бөгеў, тас етип таслаў.* Барлық жолын *беклеп* әстен оятты. Ушып турды қорқып көзин жайнатты (И. Юсупов).

БЕКЛЕЎЛИ *кел.* *Жабыўлы, илиўли, қаўсырыўлы, бәнтли, қулплы.* Тек *беклеўли* турған есикти барып ашқанда зорлан турған Рустам майданға тура қашады да,... (Қ.К. Х. Е.). *Беклеўли* турған есикти, бирим-бирим ашады (Қырк қыз). Қолым байлаўлы, Жолым *беклеўли* болып көринди (Ж. Аймурзаев).

БЕКТАС *ат.* *Ойынның бир түри, тасты майда домалақ етип, қолда қақшып ойнайтуғын ойын.* *Бектас* ойнап отырған қызлар тарқасты (Жеткиншек г.).

БЕЛ I *ат.* *Қазыў ҳәм жерди ислеў ушын полаттан ямаса темирден исленген қурал.* Айсыз қараңғы түнде далаға шығып баратырғанда қолына бир *бел* илинди (Қ. Айымбетов). Темирпилер *бел*, кетпен соғады (Қ. Аралбаев). Дийханлар *бел* менен қазады арна, Шайыр қәлем менен жазар шығарма (И. Юсупов).

БЕЛ II *ат.* 1. *Арқа жаўырын менен қуйымшақтың аралығындағы жиңишке дене, организм бөлеги.* *Белинде* үлкен тоғалы былғары қайыс (К. Султанов). Қамшысын *белине* қыстырды (Ж. Аймурзаев). 2. *Кийимниң белге туўры келген бөлеги, жери.* *Белден* күнлик шапан кийип, Қос айдадың жаның күйип (С. Мәжитов). 3. *Бир нәрсениң, ҳәдийсениң орта бөлеги, жери.* Хаттың орта *белине* келгенде оның өңи ағарып кетти,... (К. Султанов). 4. *Таўдың қайқырақ жери, онша биик жери емес қапталы.* Таўдың *бели* кайкылаў екен,... (Жеткиншек г.). 5 *Аўыс.* *Елге сүйикли, таяныш, исеним, тирек.* Талап етсем туўған елге, Қуўат күшлер толып *белге* (Бердақ). Астында бар торы, *Белинде* гәўҳар полаты (Әжинияз). ◇**Бел бала**—а) *өзинен дөреген, туўылған бала.* Жумабай шопанның нағыз *бел баласы* еди,... (Қ.К. Х. Е.). б) *елдиң, халықтың ғамын ойлаған, елдиң ҳадал, ҳақыйқат перзенти, улы.* *Бел баласы* Ленинниң; Бәржай еттиң әрманын (К. Султанов). „Маған ашық бәри данқлы жолдың дер, Белинскийдин *бел баласы* болдым“ дер (И. Юсупов). **Бел байлаў, бел буўыў**—*бир нәрсени ислеўге баслаўға киришиў, тәўекел етиў, баслап жибериў, тақ турыў.* Олар өз азатлығын қорғаўға *бел байлады* (Қ. Ирманов). Мен оның менен турмыс курыўға *бел байладым* (А. Бекимбетов). Саўаш болса *белин буўып*, Атланғанлар өткен екен (Бердақ). *Бел буўып*, билек сыбанып, Келди аўдың басына (К. Султанов). **Белге түйиў, белге түсиў**—*барлық қайғы уўайым, аўырлық ҳәм тақы усы сыяқлылардың белге түсиўи.* Мен ҳәзир бир адаскан ийт мысалы, Беттин отын *белге туйген* бийшара (И. Юсупов). Қарамындай аскар таўдың, Әрман зили *белге туспи* (И. Юсупов). **Бели бүгилиў, бели буратылыў**—*қартайғанлықтан бели бүгилиў, қайғырыўшылық, қамығыўшылық, уўайымшылық, басына аўырманшылық түсиў.* Жасы кайтқан ғарры-лар, *Бүгилген бели* аналар (Бердақ). Түргелип ертеден жумысқа шығып, Қолында қабартып *белинди бүгип* (Бердақ). Гүўилди жерге қызыл туўлар тигилди, Душпанлардың бир жақ *бели бүгилди* (К. Ирманов). Сымдай *бураған беллери*, Шийриннен шекер тиллери (Өтеш ҳәм Омар). **Бел жазыў**—*шаршағаннан кейин дем алып алыў.* Соннан кешке шекем *белин жазып* алыў жоқ (Т. Қайыпбергенов). **Бели мертилиў**—*жумыстың аўырлығынан, аўыр затты көтериўден майырылып қалыў.* „аўыр кайғыда *белим мертилгендей* жер баўырлап жығылдым (А. Бекимбетов). Қыпша бел—*жиңишке нәзик беллер, бул көбинесе ҳаял-қызларға тән.* *Қыпша беллери*, салбыраған тулымшағы бозарған түси он төрт, он бес жаста екенин аңғартып турғандай (Б. Бекниязова). Қушағынан шыға алмай, қыстым *қыпша белинен* (Қырк қыз). *Қыпша бели* сым менен тартқандай, Көзлери гәўҳар жаққандай, Мыйнан таңлап баққандай (Мәспатша). **Жорғаның бели**—*жақсы жорғалайтуғын аттың бели.* Сәмен *жорғаның белине* минип, жорғасын сүрип, Булынғырды жағалап (Мәспатша). *Жорға белине* минеди, Тал курыған өңгерип, Көлге қарай жөнеди (Алпамыс). **Табыс бели**—*жыйналған байлықтың көплиги, мықлылығы, кәни.* Қоллардан гүл көгерди, Беркийди *табыс бели* (Г. Есемуратов). **Бел дәрманы, бел қуўаты**—*күштиң, қуўаттың, дәрманның, турмыс жағдайларының аўҳалы.* Ҳарма деген ҳәлға қуўат, бар бол деген *белге*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қуўат (Қыз. муг. ж.). Уўайым менен қайғыдан, *Куўат кетти белинен* (Жийен). Көше-көше көштен әрман қалмады. Көрпе арқалап *белдедәрман* қалмады (ҚК. Х. Қ.). **Бел** бермеў—*күшке, қыйыншылыққа, бекемлик, қарыўлық, шыдамлылық.* Мейли кутлы коммунизм сапарым, Ҳеш душпанға *бел бермейди* Ўатаным (К. Султанов).

БЕЛАҒАШ *ат. Жайға, айўанға ямаса шартекке кесе тасланатуғын ағаш, арқалық ағаш, өрмек ҳәм қозақ әсбапларынағы кесесине қойылатуғын ағаш.* Өжирениң белағашы қайысып кетипти,—деди ғарры келгенлерге (Қыз. муг. ж.).

БЕЛБЕЎ *ат.* 1. *Былғарыдан, териден, таўардан, ямаса басқа заттан бел буўыў ушын исленген зат.* Тынық суўда көрингең майда шабақларды услап *белбеўге* байлады (Б. Бекниязова). Убайдулла менен Сейдуллаға еки қолымды *бежбеў* менен байлатты (Ж. Аймурзаев). Беллеринде шашақлы қырмызы *белбеў* (К. Султанов). *2. Қара үйдиң керегесиниң сыртынан айналдырып орап байлайтуғын арқан.* Белеў-лерди тап *белбеўге* байладық (Қырк қыз). 3. *Аттың ҳәм ешектиң белинен тартатуғын, ерин қосып байлайтуғын айыл, қайыс, белбеў.* Белегеден *белликлеп*, Ушығалай терликлеп. Сайаш ерин салады (Мәспатша).

БЕЛБЕЎЛИК *ат.* 1. Белбеўге арналған материал. Апам қалаға барып *белбеўлик* материал алды (Жас ленинши г.). *2. Адам денесиниң айқтан киндикке шекемги жери, аралығы.* Жаптың суўы *белбеўликке* келди (Жеткиншек г.).

БЕЛБУЎАР *ат. Белдиң белбеў буўатуғын жери, денениң орта бели. Белбуўардан* жаўған қар (Ж. Аймурзаев). *... белбуўарынан* шөкпе қарға аяғымды баскан сайын кирип кетип отырдым (Ө. Айжанов) Бир атыз жер айдап таптым, *Белбуўардан* шелин шаптым (Бердақ).

БЕЛГИ *ат.* 1. *Шәртли белги, таңба.* Конверттин сыртында почтаның дөңгелек штампасында „(Ферғана қаласы, УзССР" деген *белги* бар (А. Бекимбетов). Редсовет ҳәм союздың қарары бар, Не деген үндеў *белги* көп сызықша (И. Юсупов). 2. *Бир нәрсениң басына қойылған ескерткиш, белги.* Жоўық мастай мәңгиге, тастан *белги* оңғызды (Қырк қыз). Жаның тәслим етеди, Жылап-жылап баллары, Басына *белги* салады (Жийен жыраў). 3. *Адам денесиндеги сыртқы көринис, кимекенлигин, қандай екенлигин көрсетиўши қәсийетлер.* Бул азаматтың ким екенин кимлер таныйды, қандай сырткы денесиндеги *белгилерин* билесиз?—деп капитан дөгерегин қоршап алған көплеген адамлардан сорады (А. Бекимбетов). Бундай сырткы *белгилер* нерв кеселлеринде ғана болады (А. Бекимбетов). ... кең маңлайында қапалықтан түнерген айырым *белгилери* сезилди,... (А. Бекимбетов). 4. *Түсиник, хабар, ишарат, ым.* Абдулла тандырдан әсте ақырын шығып, қызлың бағы жигитке кел деген жерине барып, қызға *белги* береди

(ҚК. х. е.). Екеўимиздиң *белгимиз* мурт қағыўымыз болсын (Коблан). Өзинди өзиң еттиң күлки, Ҳәммелерге бердиң *белги* (Өтеш). 5. *Түскен из, қалдық, орын, нышан.* Молла кулагымыздың сыртына жазып, *белги* сызып жиберетуғын болғанлықтан, суўға шомылыўў ҳеш мүмкин емес (Ә. Шамуратов). Ана пускасын кайта тириліткен, Шебер қолдан туўылған *белги* (Г. Есемуратов). ◆**Белги бериў**—*ымлаў, ишарат етиў, ым қағыў, сәтем етиў.*—Жолды тосың? Өзим *белги беремен*, ... (К. Султанов). **Белги көмиў, белги етиў**—*белгиленген жер, орын, белгилеп домбық үйиў.* Жүр екенсең таза жармың бойында, Аралбайдың *белгиковген* жеринде (Қыз. муг. ж.).

БЕЛГИЛЕНИЎ **белгилеў** фейлиниң өзгелик дәрежеси.

БЕЛГИЛЕЎ *фл.* 1. *Шәртли белги қойыў, бир ўақыятты белгилеп қойыў.* Пахта ушын *белгилеп*, Берген жери кеўилге, Унамайды тазадан, жер таппасаң егиўге (Б. Қайыпназаров). 1929-жылдың сентябринде экспедицияның *белгилеген* маршрутын аякладық (К. Айымбетов). 2. *Қадағалаў, бақлаў, сер салыў* Келген жерин *белгиледи-де*, келип тағы атына минди (Т. Кайыпбергенов). *Белгилепти* Қазақстан жерлерин, Тастырыўға ақ бийдайдың кәнлерин (Т. Сейитжанов). 3. *Уйғарыў, шөкелеў, бейимлеў.* Досжанды әскер басы қылып *белгилейди* (ҚК. х. е.). Өзиниң сүйген адамларынан ўәзир *белгилейди*, ...(ҚК. х. е.). Бий-аксақаллардың *белгилеген* жигитлери ата-анасын таслап кеткиси келмеди (К. Ирманов). 4. *Белги қылыў, таңба салыў.* Солай етип бала *белгилеў* ушын жолбарыстың арқа тапсасын кесип алып, ишген белине қыстырады, ...(ҚК. х. е.).

БЕЛГИЛИ *кел. Билинген, мәлим, анық, айқын, атақлы, ашылған, тийисли.* Бердақ-әри бақсы, әри суўырып салмай шайыр, әри композитор, әри *белгили* сазенде (Қ. Айымбетов). Бердақ қарақалпақ әдебиятының тарийхынан *белгили* орын алады (К. Айымбетов). *Белгили* тураклы мәнзил хаңамсаң, Сыйынарға пирим, жигер санамсаң (Мәспатша). ◆**Белгили болыў**—*ҳәммелерге айқын, анық, мәлим болыў.* Бул ўақыя көпке *белгили болып* қалды (К. Айымбетов). Ал бул патшаның елине *белгили болсын*, белгисиз болсын, басқа жақтан адам келиўге болмайтуғын еди (ҚК. х. е.). **Белгили орай**—*бир жер, мәкан, орын, жай.* Мине оның усы минези аўылдан *белгили орай*—коммунистлердің уйымы дүзилген ўақытта ғана пайдаға асырыў мүмкин (Т. Қайыпбергенов). **Белгили баслы**—*ири, көлемли, көзге көринерлик, ҳақыйқат нәрселер.* Типәў күни колхоз басқармасы маған *белгили баслы* жумыс ислеў жөнинде кулақ-қағыс салып еди,... (Ө. Хожаниязов). *Белгили баслы* кәсип-кәрим болмаса да, соңғы ўақытлары атыздағы адамлар арасына жийи-жийи барып турдым (Ө. Хожаниязов). ... аўылдың *белгили баслы* жигитлери отырыспа шөлкемлестиреди (Н. Дәўқараев). **Белгили мәкан**—*анық, шын,*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

хақыйқат, дурыслы орын. Қоныс басқан жеримиз, Муқайтпас деген бул атаў, *Белгили мәкан* етик биз (Жийен жыраў).

БЕЛГИСИЗ *кел. Хабарсыз, дәрексиз, мәлимсиз, тайынсыз, белгиси жоқ, анық емес.* Неге екени *белгисиз* бүгин ол көлдиң стегине көбирек карайды (Ө. Айжанов). ... кимге бағышланғаны бизлерге *белгисиз* жумбақ болды (Ә. Шамуратов). Атажанның қашан келетуғынды *белгисиз* (Т. Қайыпбергенов).

БЕЛГИСИЗЛИК *ат. Хабарсызлық, мәлимсизлик, тайынсызлық, тайын емеслик, белгиси жоқлық, бийхабарсызлық.* Бундай жағдайда жоқты тәўа алыўшылық, *белгисизлик* бизлерге жақсы емес,... (А. Бекимбетов).

БЕЛДАР *қ.* казыўшы.

БЕЛДАРШЫ *қ.* казыўшы.

БЕЛДЕМЕ *ат. Белбеў буўылатуғын жер.* Шалбар ямаса ыштанның қайыс ямаса ышқыр байлайтуғын жери, ышқырлық. Төреш... еки көзи алақлап бир қолы менен *белдемесин* көтерип, апасына жетип келди (Н. Дәўқараев). Көйлегинин етегин көтерип, *белдемесине* қыстырған (Н. Дәўқараев).

БЕЛДЕЎ *ат. Кара үйдиң, кийиз үйдиң керегесиниң сыртынан оралып тартылатуғын арқан. Белдеў* арканларды байласан-о ... деп буйырып сөйлеп еди, иштен ҳаял даўысы шықты (К. Султанов). ... *белдеўи* солқылдақ байланған үйлер қанбақтай калпыллап, көшпедей теңселди (К. Султанов).

БЕЛДЕЎЛИК *қ.* белдеме.

БЕЛЕС *ат. Бийик, дөң, қыр, дөңес.* Бизге ле Алма айтқан бахытқа жетиў ушын буллдыр *белеслерден* асыўға туўра келди (Ө. Айжанов). Суўсыз ҳәптелик жол басқан сары нар. Бир *белестен* аса алмай шөгер ме? (И. Юсупов). „Бул далада пахтакешгиң баласын, Белине бир миндирмеген белес көп" (Т. Сейитжанов). ◈ **Белес-белес** *—бийик-бийик, дөңес-дөңес, қыр-қыр, дөң-дөң.* Жоллар алыс, *белес-белес*, Албаўлық ҳеш дәркар емес, Уллы жолда уллы гүрес, Орласын халық санасына (И. Юсупов).

БЕЛЕСТЕЙ *кел. Дөңдей, қырдай, бийиктей, дөңестей.* Алыстан көрингеи *белестей* елеслейди (Қыз. муғ. ж.).

БЕЛЖИП *қ.* белбеў.

БЕЛИЛА *ат. Сүўрет салыў ушын (живопись) және сырлаў ушын қолланылыўшы минераль ақ бояў.* Айналарымды *белила* менен бояп шықтым (Жеткиншек г.).

БЕЛЛЕНИЎ *қ.* белгилеў.

БЕЛЛЕСИЎ *ф. спорт.* **1.** *Гүрестиң бир түри.* Гүресип, *беллесин* дүшпан жықпасаң, Қара жерге қазық қылып қақпасаң (Өтеш). Мықлы менен *беллес*, әзизге асылмақ (К. Султанов). **2.** *Айқасыў, шайқасыў, ҳәллесиў. Беллескенде*

дүшпанды. Жығармыз деген шырағым, Қуры ғана ой екен (Қырк қыз).

БЕЛЛЕЎ *қ.* белгилеў.

БЕЛЛИ I *қ.* белгили.

БЕЛЛИ II *қ.* бел II.

БЕЛЛИК *қ.* белбеў.

БЕЛОК *ат. Жанлы-жаныўарлар менен өсимликлердиң клеткаларының составындағы органикалық бирикпе, зат. Белок* от-жем ретинде көбирек пайдаланатуғын магериал болып саналады (О. Бердимуратов).

БЕЛСЕНДИ *кел. Искерли, жигерли, епкилли, турмыста алдыңғы қатарда болыўшылар.* Ол байларды коңпискалаў басланған ўақытта ең искер *белсендилерди*ң бири еди (Т. Кутлымуратов). Кишкене *белсенди* бизлерди де шақырды (К. Султанов). Батрачком болсын Төреш *белсенди*, Аўлатком сал бийиктен кеңсенди (И. Юсупов).

БЕЛСЕНДИЛИК *ат. Искерлик, жигерлилик, епкиллилик.* Турдымурат *белсендилик* етип жүр деп жайып шығыўы мүмкин (Т. Қайыпбергенов).

БЕЛСЕНДИШИЛИК *қ.* белсендилик.

БЕЛСЕЧИЎ *ф. Жигерлениў, бел байлаў, тайын турыў, тик туриў; күш менен кириссиў, ғайратлы түрде умтылыў, ғайратланыў.* Әсен: —Ата биринши гезекти маған бер?—деп *белсенип* турады (ҚҚ. х. е.). Сизлерди тыңлаған соң жаўапқа *белсенип* қәлем турыўға мәдерим болмағач соң шақыртып отырман (К. Султанов). Қыйын ис түссе жеңеди, *Белсене* турып алысқан (Б. Қайыпназаров).

БЕЛШЕ *ат.* **1.** *Белдиң кишкене түри, кишкене бел.* Бала жуўырыўы менен үйиндеги *белшени* алып келип, қулақты байлады (К. Айымбетов). **2.** *Белбеў буўатуғын жер, белбеўдиң* Ауыр екен сонлелги, Қара тасты қақ жарып, *Белшесинен* батады (Ер Зийўар). ◇ **Белшесинен бағыў** — а) *патас болыў, кирге батыў. ... белшесинен қанға батып*, дизесинен суў кешип жүргенде де усыны әрман етеди екен (Ә. Айжанов). *б) гәп сөзге қалыў, мазақ ға түсиў, жумыстан бары ала алмаў, жумысы көп болыў.* Түн ишинде ер тәғин, бүлинип *белшесинен батып* киятырғанының себеби бар (Ж. Аймурзаев). *в) қарызлы болыў, қарыздыхор болыў,* Қарызға алала *белшеримизден батты*қ (Ж. Аймурзаев).

БЕНДЕ *ат.* **1.** *Адам баласы, адамзат.* Алғыс алған ҳарымас, Бийсабыр *бенде* мәдымыс (Мәспатша). Ақмақшылық етип ақылсыз *бенде*, Жерге көмбил пирлеринен айрылдың (Қырк қыз). Қайдан жүрсең, турсан деген ҳеш *бенде* болмады (Алпамыс). **2.** *Қараслы, бағыныслы, жалыныслы, биреўдиң қолында, қарамағында, жалаўшы адам.* ... үш күннен бери усыманда *бенде* болып жатырмыз (Б. Бекниязова). Өз елимде қайнап тасып толыплан, Ойласам ерким жоқ *бенде*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

болыппан (Алпамыс). Сәҳәр ўақта кырлы дүпәт атылды, *Бенд* болып түстим қолым шатылды (Әжинияз). ◆ Бенде етиў —*қул қылыў, қарасы қылыў, зорлап қол астында жумсаў.* ... қызларды *бенде етип тимиш* (Ж. Аймурзаев). ... баспашылар қолына илинген халықты *бенде етип* өз елине айдайды (Б. Исмайлов).

БЕНДЕЛИК *ат. Қуллық, тутқынлық, еркинсизлик, қулшылық. Бенделиктен* ақылым болды меним лал. Қапалықта таркат қапман дүнья мал (Мәспатша). Дийўан беги Мәмбетмурат, *Бенделиктен* болған азат (Бердақ).

БЕНДЕШИЛИК *ат. Адамлық, инсанлық.* Бирақ баяғы *бендешилик* сол кем жеринди екемис көресең де турасаң (Ө. Хожаниязов).

БЕНЕН *к. с. Гәп пенен гәпти, сөз бенен сөзди байланыстырып турағуғын көмекши сөз, фонетикалық вариантлары: менен, пенен.* Мәтнияз *бенен* Бемураяны шақырдым (Ж. Аймурзаев). „Өзим ес-пласам өгиз *бенен* сыйыр тийеди". ...(Қ. Айымбетов). Жигит Дәстегүлге конақ болады, үш-төрт күн қыз *бенен* бирге болып заўық қурады (ҚҚ. х. е.).

БЕНЗИН *ат. Нефтиден исленип алынатуғын түссиз жаныўшы суйықлық.* Органикалық еритиўшилер де керосин, *бензин.* май т. б. жақсы ерийди (А. Ж.Жалменов, П. Т. Карпов). *Машинасын жанындай қып, Бензинлерин* қанындай қып (Ш. Артық).

БЕР *қ.* бериў.

БЕРГЕНЕК *ат. Арбаның дөңгелегиндеги көшерди кийгизетуғын гүпшектиң ортасындағы тесикке орналастыратуғын доғал формасындағы шәйнекнен қуйылған дөңгелек темир.* Шықты булар қаланын, *Бергенекти* майлатып, Аўыр ләшкер айдатып (Қырк қыз). *Бергенегиниң* беркинбеген, Дегершигин диркилдеген, Өгиз жексе зорға жүрген, Арбасында жаман арба (Күнхожа).

БЕРГИ *кел. Арғының антоними, арғының бергиси. Берги* жайдың ишинде, Қақлаған қойдың ети бар (Қырк қыз). ◆ Берги жақ, берги бет—*бир нәрсениң берги жағы, таманы, бети.* ... сол жердеги бир кемеши гаррыға гезлестим де *берги жағаға* өттим (К. Смамутов). ... қара бала жантың ортасынан *берги бетине* жүзип келип суўға шийлген қара талдың шақасынан услады (А. Бекимбетов). Арғы жағаға асаў дәрья, *Берги жағы* кең гүзар жол (И. Юсупов). Ол төрт урыў суў өтпеди. *Берги жақта* қалған екен (Бердақ).

БЕРГИЗИЎ бериў фейилиниң ерксиз дәгежеси.

БЕРГИЛ *қ.* бериў.

БЕРГИСИЗ *кел. Бир нәрсениң қунына турарлық, қәдирли, жақсы.* Турмысымда не бир күнлер гезлести. Өмиримнан ярымына *бергисиз* (Т. Жумамуратов). Ҳәзир бир қулаш төр алтынға *бергисиз* болып тур (К. Султанов).

БЕРДЕНКЕ *ат. Жалғыз оқ пенен атылатуғын мылтық.* Қызкеткенниң жағасында турып есатар, *берденке* менен қырып тасладық (Ж. Аймурзаев). Еркебай кегипти ҳәдинен асып, Халықтың гүнасыз кәз жасын шашып, Қолындағы *берденкеге* оқ басып, Көпер дел Әўезге пәрман қылдылар (Бердақ).

БЕРЕГЕН *кел. Қолы ашық, жазық, кеўилшек. Береген* қолым алағаң, алаған қолым *береген* (ҚҚ. х. н.).

БЕРЕКЕТ *ат.* 1. *Бахыт, молшылық, ырғал, баршылық.* ... ел-журтқа *берекет* енди, ... (Ә. Шамуратов). Жыйналған көптен ҳәрекет, Көбейди сондай *берекет* (Л. Дабылов). Бизде сөз бар: мийман-ырыс *берекет.* Қонақ күтиў-зийнети ҳәр адамның (И. Юсупов). 2. *Алғыс, тилек, қанаат.* Нур *берекет* жаўсын шеберге, Бәнт етти тек кеўлим ояў (Г. Ессмуратов). Молла Измурат солай болар, Сондайлардан *берекет* алар (Өтеш). ◆ Берекет табыў—*алғыс алыў, тилек етиў қанаатланыў. Берекет табың,* бар жәрдемиңизди бизден аяман, ағай (А. Бекимбетов).—*Берекет тап",*—деп қуўанды Сәрсенбай—ойымның үстинен түстиң, жан ағa (Ө. Айжанов). Айтатуғыны: „Илайым *берекет тапсын!*" (Ө. Хожаниязов). Берекет қашыў — *бахты тайыў, бахты болмаў, бир нәрсениң бахытсыз болыўы.* Қәҳәрли, қарыўлы қыстың *берекети қашты* (К. Султанов). Берекет таппаў—*ырғалы келиспеў, асып-тасыў.* Бул адам емес, бәле екен, буның менен урысып *берекет таппасбыз,* ... (ҚҚ. х. е.). Берекети болмаў—*мәниси болмаў, әбигер болыў.* Шынын айтқанда үйде отырып *берекетим болмады* (Ө. Хожаниязов).

БЕРЕКЕТЛЕНИЎ *ф. Молайыў, молшылыққа ушыраў, жақсы турмыс қурыў, бахытлы болыў, бахыт кириў, бахыт келиў.* Совет ҳүкимети орнағаннан кейин халықтың турмысы *берекетленди,* ... (Қыз. ҚҚ. г.).

БЕРЕКЕТЛИ *кел. Молшылық, өнимли, үнемли.* Шәлкемлесип ислеген жумысың *берекетли* екенин көрсетти (Қыз.муғ. ж.).

БЕРЕКЕТЛИЛИК *қ.* берекетли.

БЕРЕКЕТЛИРЕК *кел. Молырақ, ықшамлырақ, көбирек, көринерлик. көп, өнимлирек.* ... кешки аўқаты ушын бир зағара берип, тағы да *берекетлирек* ислеўге кеңес етип, аўылына кететуғын еди (С. Айний).

БЕРЕКЕТСИЗ *кел. Пайдасыз, ислеген жумыстың тийкары жоқ, сапасыз, тәмнасыз, өнимсиз.* Сапасыз, *берекетсиз* егинлердиң өними менен бала-шағаны тойдырыў, хожалықты жүргизиў онай емес еди (Қ. Ирманов). Юмор ҳәм сатирамыз *берекетсиз* болмаўы керек (И. Юсупов).

БЕРЕКЕТСИЗЛЕНИЎ *ф. Қорығыў, бахытсызланыў, әбигерлениў, бахты қашыў, ускиси қуйылыў, әпшери қашыў.* Усы күнлери Сәлийма *берекетсизленип,* турмысы төменлеп кетти (К. Султанов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БЕРЕКЕТСИЗЛИК *к.* берекетсиз.
БЕРЕКЕТШИЛ *қ.* берекетли.
БЕРЕКЕТЦИЛИК *қ.* берекет.
БЕРЕН-ЗЕРЕН *р. Былғасық, тәртипсизлик, тәртипи жоқ әйуан-жәйуаны шығыу.* Үй-ши*н берең-зерең* (Ә. Айжанов). Әйуан-жайуан болған *берең-зерең*, Дуўшар болдым, қызық шеңгел ҳәремге (А Дабылов).

БЕРЕСИ *ат. Биреўге бериўге тийисли нәрсе, қарыз.* Оннан тысқары арағa сиңген кәп *береси* нәрселерди қайтарысыў деп ҳәмир етипти (К. Султанов).

БЕРЕСИЛИ *кел. Қарыздар, биреўге бериўге тийисли нәрсе.* Дәўлет Жумабайға *бересили* болып қалды... (Жас Ленинши г.).

БЕРЖАҚ *кел. Арҗақтың антонимы, арғы тәрептиң берги жағы, берги тәреп.* Хийўа ханының „Майлы шеңгел" деген жерине *бержағын* өз қол астында сорайды (ҚҚ. х. е.). Жаға қойса кеўлиңе, Арнаға түўе дәрьяның, *Бержағында* беремен (Бердақ).

БЕРЖАҚЛЫ *кел. Мәкан, тураў жер, бир тәрептен, бир тәрепке тийисли.* Бирақ *бержақлы* елат бийликтен түссе де, оны еле „аға бий" деп атайды (К. Султанов).

БЕРИ *к. с. і. Белгили бир ўақыттан соң, кейин, изинен.* Мен оны атақ тегинен *бери* билемен (ҚҚ. х. е.). Азаннан *бери* аядан мына жағын айладым деп, қолын силкип көрсетипти (ҚҚ. х. е.). 2. *Жақынласыў, қапталына келиў.* Айтыссан кел *бери*, қандай күшин бар (К. Айымбетов).

БЕРИКЛИК *ат. Күшлилик, мықлылық, қарыўлылық, табанлылық, шыдамлылық, беккемлик, турақлылық.* Ақшолпанның Палманды күткени муҳаббатқа *берикли*гин дәлиллейди (Г. Есемуратов). Өз сөзиме *берикли*гимди ҳәр нәрсе менен дәлиллеймен! (А. Бекимбетов).

БЕРИЛИЎ *ф.* 1. *Бир нәрсеге кеўил қойыў, ынтығып қарaў, сер салыў, қалаба кириў.* —Зыяны жоқ, ... тәсирли бир қыялға *берилип* кеткен шығарсыз (А. Бекимбетов). ... балалық қыялға *берилип* шеберлигимди, укыплы екенимди бир көрсетип таслағым келди, ... (Ө. Айжанов) Қандай ис болмасын оған шын *берилип* ислеў керек (Жас ленинши г.). 2. *Бир нәрсеге берилиў, шуғылланыў, машқул болыў.* Хызметте жүргенде ишиўшиликке *берилип*, кәп жерде сыры ашылып, халықка күлки болған жерлери де болды (Қ. Айымбетов). Адамлардың өзлерине келгенде натурализмге *берилиў*, ...(Г. Есемуратов). 3. *Биреўге бир нәрсениң берилиўи, тапсырылыўы, баҳа берилиўи.* Мине, Пе игүл бүгин мектептен қайтып келип, муғалим тәрепинен үйге *берилген* тапсырманы орынлаўға киристи (Ә. Айжанов). Биринши сөз Орынгүл Сабуровага *берилди* (Ж. Сейитназаров). ...аз да болса мийнет еллериниң образы *берилди* (Г. Есемуратов). ... сөз басында түсиник *берилген* (Қ. Айымбетов). ◇ **Мәўлет берилиў**—*белгили бир нәрсеге ўақыттың берилиўи.* Байға еки келте базар, бир узақ базар—үш базар *мәўлет берилди* (К. Султанов) **Дәккн берилиў**—*тыйымсалыў, ескертиў, қайтарып таслаў.* Олардың *дәккиси берилиўи* керек (С. Нурымбетов).

БЕРИС: алыс-берис *ат. Арадағы бир-биреўден алысып берисетуғын затлары.* Екеўимиздиң арамызда бурыннан *алыс-берис* бар (Б. Бекниязова).

БЕРИЎ *ф. Қандай да болмасын бир нәрсени ямаса бир затты екинши биреўге бериў, тапсырыў, қутылыў, өткериў.* *Берсең* аларсаң, ексең орарсаң (ҚҚ. х. н.). Қырқ қатын бу ған аямай, *Береди* күнде аппақ май, Болып пақырдың кеўли жай, Көп жыл өмир сүрген екен (Берлақ). ◆ **Хабар бериў**—*а) бир нәрсе ҳақкындағы ҳәдийсени ямаса ўақыяны екинши биреўге жеткериў, хабар етиў.* Памир таўларында шарк урған сўңқар, Бәлент абырайыңнан *бергендей хабар* (И Юсупов). Гүзесин сындырған келин, *Хабар бергил* еллериңнен (ҚҚ. х. к.). *б) бир мәселени жеткермеў, хабар бермеў, хабар етпеў, хабарландырмаў.* Кеше Айтжанның әменгерлерине ле *хабар береалмадық*,—деп үй ийеси баслаған соң оны сораў менен толықтырыўды ғана ойлады (Т. Қайыпбергенов). Сес бериў, **гудок бериў**—*а) бир нәрсениң даўыс шығарып хабар бериўи.* ... ақ сүптей таза қар әри кеппеген былғарыдай қышырлап *сес береди* (К. Султанов). Машина келип электр лампасының астынла токтады да *гудок берди* (С. Хожаниязов). *б) даўыс шығармаў, даўыс бермеў.* ... бирақ Садулла ҳеш жақтан *сес бермеген* (А. Бекимбетов). **Даўыс бериў**—*а) үн шығарыў, сес шығарыў.* Сырттан келген адамға Жәмийла үйде отырып *даўыс берди* (К. Султанов). *б) дизимге алынған депутатларды сайлаўдан өткериў ушын даўыс бериў, сайлаўдан өтиў.* Турымбет *даўыс бериўге* екинши күни азанда қатнасты (Т. Қайыпбергенов). **Жуўап бериў** —*а) биреўдиң сораўын қанаатландырыў.* Ушып турып шапшаң *жуўап берди* (К. Султанов). Хәр қайсысы өзине тийисли сораўлар бойынша *жуўап берип* кеўилли отыр (Т. Қайыпбергенов). *б) жуўапкер болыў, миннетленген жумысты баржай етиў, мойынға жүклеў.* ...сулыўлық жөниндеги көз қарасларға *жуўап берди* (Г. Есемуратов). ...ҳәзирги күнниң талабына тез *жуўап бериўи* арқалы көзге түсти (Г. Есемуратов). ... шақырықты тек илимий хызметкерлер ғана емес, республиканың барлық интеллигенциясы қызғынлы қутлықлап, ис менен *жуўап береди* (Б. Исмайлов). *в) сораған сораўына жуўап бермеў, жуўап қайтармаў.* Оған Дәўлет *жуўап бермеди де*, көзиниң қыйығы менен қарап қойды (С. Хожаниязов). **Ўәде бериў, сөз бериў**—*а) бир нәрсеге ўәде етиў, ўәде қылыў, рийзалығын билдириў, рийзашылығын бериў, билдириў.* Айырым ўақытта *ўәде берип* турып кейиннен тая кетеди (Т. Қайыпбергенов). ... олар атланар ўақытта Жәлмен ҳәммениң көзинше *ўәде берип* қалды (Т. Қайыпбергенов). *б) биреўдиң шығып сөйлеўине рух-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

сат етпеў, сөйлетпеў. Сөз бериў керек еди, буздыңледи бийлердиң биреўи (Т. Қайыпбергенов). *в) хеш аўамға сөз бермеслеп бир адамның сөйлей бериўи, бижық адам, сөйлемшек.* Салийма Жәмийлаға *сөз берместен* сөйлей берди, ... (К. Султанов). *г) араға иритки салыў, ғыжақ бериў, биреўди-биреўге жаманлаў, айныты ў.* Салийма болса Жәмийлаға *сөз берип* айныпақшы болды (К. Султанов). *д) екинши биреўдиң сөйлесиўине гезек бериў, рухсат етиў.* Сөзин таўысып отырып өзи *сөз берди* қызға (Т. Жумамуратов). **Сәлем бериў**—*сәлемлесиў, аманласыў, ҳүрметлеў.* ... топар-топар балалар менен қызлар шуўласып лейтенантқа *сәлем береди* (А. Бекимбетов) Үйге биринің изинен бири *сәлем берип* үй ғарры кирип келди (К. Султанов). **Той бериў**—*белгили бир қуўаныққа байланыслы мерекe өткериў.* Себеби бундай жыйынды *той бергенниң* ямаса елиниң аманғерлери ғана сырттан келгенлерге қайырқомлық етеди (Т. Қайыпбергенов) *Той бериўиң* керек (Қ. Ирмонов) **Бахыт бериў** —*жақсы турмыста жасаў.* Уллы Октябрь *берген бахыт* (Б. Исмайлов). Жайлаўым жай еди мәлим ҳәммеге, Қуда *бахыт бермеди ме* бизлерге (Күнхожа). **Баҳа бериў** —*бир нәрсеге сын көз менен қарап, жоқарғы баҳалаў.* ... бул эпоска күтә жақсы *баҳа берген*лигин айтыўдың өзи-ақ жеткиликли (Б. Исмайлов). Халық ядлап ҳәм оларды терең мухаббат пенен, оларға көтерынкилик пенен *баҳа берди* (Б. Исмайлов). **Есап бериў**—*исленген ҳәм ислениўге тийисли жумыс туўралы түсиник бериў. есаллассыў.* Уатан ушын ислеген ҳәр бир қаҳарманлық исленнен *есап бергиң* келеди (С. Хожаниязов). **Тәжим бериў**—*иймилип сәлем бериў, ҳүрметлеў, иззетлеў, қәдирлеў.* Өзимниң *тәжим берип* еңкейип түскен елатым (К. Султанов). ...катты жүрген адамға *тәжим бергендей* көринеди (С. Хожаниязов). Ҳасыл кийим кийиндим, *Тәжим берип* иймилдим (КК. х. к.). **Келисим бермеў** —*бир нәрсе ҳаққында белгили бир шешимге келмеў, жуўмақ шығармаў, рухсат етпеў, мәмлеге келмеў.* Мине усы себепли ол районнан бир адам барып аўыл менен таныстырсын деген пикирге де *келисим бермеди* (Т. Қайыпбергенов). **Сәлем бермеў**—*аманласпаў, көрисиўге, сәлемлеспеў.* ... *сәлем бермей* сөйлесе басладым (Ж. Аймурзаев). Жол жөнекей *сәлем бермей* өтсем деп, Қағып кирдим ярым эсир капысын (Т. Жумамуратов). **Сораў береди**—*а) бир нәрсени билгиси келиў.* Қыялына *саўалберип* тургандай көринеди (С. Хожаниязов). Ержанның әкесине *берген саўалының* мәниси усы еди (С. Хожаниязов). *б) бир нәрсени билиў ушын сораў бермеў, билгиси келмеў.* Сол ойласықта исенимли оқыўшысына алды менен ҳеш *сораў бермес* (Т. Қайыпбергенов). **Азап бериў**—*зулымын өткериў, азап етиў, қыйнаў, зорлаў.* Оған қатты *азап бериўди* көзле тутты (Г. Қайыпбергенов). Бийшара, ол ҳеш кимге *азап берип те*

сөйлеген жоқ (Т. Қайыпбергенов). **Сыбағасын бериў**—*жазасын бериў, сазайын бериў, кегин алыў, есесин қайтарыў.* Басын уўқалап турмастан ол да Сержанның *сыбағасын берди* (Г. Қайыпбергенов). **Сыр бериў**—*а) пикирин, қыялын билдирип қойыў, сырын алыў, қыялын, пикирин билиў.* Тисинен шығарып, көпшиликке *сыр берсең* меннен туўып, экеңнен болмағаның, ... (Т. Қайыпбергенов). *б) сездирмей қалыў, жасырып қалыў, билдирмеў, сыр бермеў.* ... *„сыр бермейин“* дейдей, жумыстан шаршады (Т. Қайыпбергенов). **Бережак**—*бир нәрсени ямаға миннетли қарызын бериўге таярлық, бериў алдындағы ўақыт.* Айсулыў қолындағы китабын маған *бережак* болып умтылды,... (Жеткиншек г.). **Жаза бермеў**— *ислеген жынаяты, қылмысы ушын тийисли жазасын бермеў, шара қолланбаў.* ... бир мәртебе жыңаятлы *жаза берместен* административлик түрде елиў манат штраф пенен шекленемиз (А. Бекимбетов). **Мақтай бермеў** —*бир нәрсени денеден тысқары мақтамаў, хошаметлемеў.* Сизлер келген жериңизди көп *мақтай бермең* (А. Бекимбетов). **Бой бермеў**—*дәрьяның, көлдиң, каналдың адамға бой бермейтуғын ең шуңгыл жери, терең жери.* Терең, терең!? Үлкен адамларға да *бой бермейди* (А. Бекимбетов). **Ашып бермеў**—*бир ҳәдийсениң сырын ашып бермеў.* ... тәбиятың *ашып бермей*, көбиесе справкалық характерде тоқталып өтеди (Г. Есемуратов). **Дәмелене бериў**—*умтыленыў, дәме етиў, дәмелениў, умтылыў.* Усыны айтаман да бир нәрсе айтар деп *дәмелене бердим* (Ө. Айжанов). **Жей бериў, жалмай бериў**—*шайнаў, жута бериў, жутыныў, жоқ етиў.* —Ҳәй улым, халыққа ким жаманлық етсе өз басын өзи *жалмай береди* (С. Хожаниязов). Оннан да магазиндеги тайын тамақ консервани *жей берсем*, ... (К. Айымбетов). **Қуўат бериў**—*дәрман болыў, күш болыў, күшке ениў, қарыўланыў, қуўатланыў. Қуўат берип* турлы өмирдиң ағымы, Толы жеңис басқан ҳәр бир адымы (К. Султанов). Жазларда жайнап қулашын, Атызға арнап *қуўат берген* (Ж. Аймурзаев). Денеге *қуўат бергендей* ҳәз етеди (Ж. Аймурзаев). **Шалжаңлай бериў** —*годдасланыў, гәрдийиў, қайқыланыў.* ... Қыдыр аяғын баса алмай тек *шалжаңлай берди* (С. Хожаниязов). **Ас бериў** —*а) қайтыс болған адамның асларын бериў.* ... оның да жыл *асын бериўге* таярланып атыр (К. Султанов). *б) көп адамларды шақырып тамақ, аўқат бериў. Бererge асың* болмаса, Елде қалай жүре аласан (А. Дабылов). Аты шыққан ерли жыйып, Аш-арыққа *ас берип* (Мәспатша). **Көринис бериў**—*сулыўланыў, түр бериў, өң бериў.* Қызыл гүлдиң ғумшасындай ашылып, Шырайланып *көринис берди* жамалы (А. Дабылов). **Писирип бериў** —*аўқатты, тамақты, асты таярлап бериў, писирип тайын етиў.* Сақый адам сыранды ҳәр түрли тамақлар *писирип берип* сыйлап жибереди (Қ. Айымбетов). **Жан бериў** —*қаза болыў, жан тапсырыў, өлиў, қурбан болыў.* Сен тиле-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

сең мең *берейин жанымды*, Яр қара көзлериң не тилер меннен? (Қ. Қ. х. қ.). Сенсең жүрегимниң гамқор жанажан, Саған керек болса биз *беремиз жан* (Ж. Аймурзаев). **Рухсат бериў**—*бостанлыққа шығарыў, босатып жибериў, дарқанлық етиў. Рухсат беремен* деп жүр едим (К. Султанов). **Концерт бериў** —*көп адамларды жыйнап қосық айтыўлары, ойын көрсетиў, тамаша бериў. ... концерт берип* атыр еди отырды да қалды (С. Хожаниязов). **Женислик бериў**—*теңкелиў, сай келиў*. Жигитлер нарыз жағдайпаз ҳәм сырттан келген адамларға *женислик бергендей* емес екен (Т. Қайыпбергенов). **Жемис бериў**—*мийўе бериў, мийўелеў. өним бериў, зүрәәт бериў*. Усы бағарде ҳәммеси де гүллеп *жемис беріўи* керек (С. Хожаниязов). **Мейил бериў** —*шамаласыў, жақынласыў, қолайласыў*. Қойыў қарацғы перде тан *мейил берген* сайын көбиктей тарқатылып жоқ болып баратыр (Т. Қайыпбергенов). **Сөгине бериў** —*боқланыў, сөгиниў, жаманласөзлер айтыў*. ... ғарры аяғын тапылдатып, мушын түйип, тек *сөгине береди* (К. Султанов). **Тырмалай бериў**—*тырнаў, қасыў, ағыў*. ...сол жар тасты *тырмалай берди* (Т. Қайыпбергенов). **Материал бериў** —*а) ҳәрекет бериў, қурал бериў, затлай бир нәрсе бериў, имканият туўғызыў*. Халық ертеклери ҳәзирги әдебий тилимизди көркейтиўге толып ағыған *материаллар береди* (Қ. Қ. х. е.). *б) белгили бир жазылған нусқаны машинкаға ямаса баспаға таярлап бериў*. Машинкаға бастырыў ушын онлаған бет *материалды берди* (Ө. Айжанов). **Жәрдем бериў** —*көмеклесиў, жәрдемлесиў, қолғабысын биреў*. ... студентлер актив қатнасып, өз *жәрдемлерин берди (Қ. Айымбетов)*. **Мазмун бериў** —*нәпийже, жуўмақ*. ... повесьтке анағурлым салмақлы идеялық *мазмун беріўде* шешкен, ... (Г. Есемуратов). **Жүз бериў** —*көриниў, көрине баслаў*. ... медицина хызметкерлериниң исинде *жүз берген* (Г. Есемуратов). **Жүзлеме бериў**—*бир нәрсениң жүзине жағыў, сүйкеў, салыў, жүзин жылтыратыў*. Шеге сыбаў менен де *жүзлеме берилген* (Т. Қайыпбергенов). **Түсиник бериў**, —*анықлама бериў, кириспе бериў, түсиндириў, анықлаў*. ... био тутас *түсиник беріўге* пүткиллей укыпсыз еди (Б. Исмайлов). **Мол бериў** —*көп, кән, бир талай, бир қанша, молшылық, көпшилик*. Шайыр деген өз халқының елиси, Шад өмирден *мол берилген* енисин (И. Юсупов). **Жылай бериў**—*даўысын шығарып жылаў, өкириў, өксиў, сықсыў*. Сонда турып булғалар, *жылай берди* зарзар (Қ. Қ. х. қ.). Неге адамның *жылағысы келе береди* (К. Султанов). **Ҳақы бериў** —*мийнет ҳақы бериў, пул, ақша ямаса затлай ҳақы төлеў*. Еткен исиң халыққа жақпас, *Ҳақы беріўге* қосжақпас (Өтеш). **Жол бермеў** —*жүриўге жол бермеў, бир ҳәдийсеге мүмкиншилик бермеў*. Ҳеш бир кемшиликке *жол бермеў* керек (Б. Исмайлов) **Күш бермеў** —*бир нерсениң мәйнсынбаўын, зорлық етиўи*. Ескекти булар

сермеди. Даўыл жаман *күш бермеди* (Өтеш). **Енши бериў** —*дүнья малдан бөлип бериў. баласын үйлендирип, хожалықкерек затларын берип бөлек шығарыў, кишкене балаларға тамыр жерден затлай ҳәм малдан енши бериўи, мәселе: ылақ, қозы, баспақ ҳәм тағы басқа нәрселер беріўи, бул көбинесе дайылы-жийенли адамларға тән нәрсе*. Шайыр деген өз халқының елиси. Шад өмирден мол *берилген ен шиси* (И. Юсупов). **Қол бериў** —*а) көрисиў, сәлемлесиў, қол алысыў*. Мурат Әмийпаға *қолын берип* Сәлемлести, ... (Кеткеншек г.). *б) көмеклесиў, жәрдемлесиў қайырқомшылық етиў, камалға келтириў*. Ленин бабам мен жетимге *қол бергеп* (Х. Турымбетов). *в) дин. с. ийшанға шәкирт болыў, суўпы болыў, изине ериў, қараслы болыў*. ... бурынлары айырым адамлар ийшанға суўпы болыў ушын *қол берет-уғын* еди ... (Қ. Айымбетов). *г) жәрдемлеспеў, қол бермеў, көмек бермеў*. Қысыңғанда *қол бермеген*, тарықғанда жәрдем етпеген азғын төлди пахтадай түтсе қәйгеди (К. Султанов). *д) биреўдиң екинши биреў менен сәлемлесиўдеги би-биреўге қолын бермеўи*. Әмет болса сәлем де *қолда бермейди* (Т. Қайыпбергенов). **Ырысқы бериў**—*напақа, қәрежет, ишип-жеў ушын аўқат, ас бериў*. Хожалық болдым кеп елген, *ырысқы бергенким* екен? (К. Султанов). **Азатлық бериў**—*бостанлық етиў, сақланлық етиў, азатлыққа шығарыў*. Уллы Октябрь революциясы алып *берген азатлық*, ... (Б. Исмайлов). **Топлай бериў**—*ақшаны ямаса басқа затларды жыйнаў*. Оның қыялын өз әтирапына *топлай берди* (Т. Қайыпбергенов). **Емлей бериў**—*наўқасты дәри-дәрмақлар менен даўалаў*. Телекке тез төсек салып, жасырдық та *емлей бердик* (И. Юсупов). **Көмек бериў** —*жәрдемлесиў, көмеклесиў, көмек бериў. жәрдем бериў. Көмек берип* оған бәрҳа, Жүрген мен едим бир жас (Д. Назбергенов). **Жаңара бериў** —*тазара бериў, өзгере бериў, даўажлана бериў*. Ел жаңарған сайын сөз де, лөстүр де *жаңара береди* екен (С. Хожаниязов). **Берип жибериў** —*урып жибериў, салып жибериў, алдырып жибериў*. ...жолбарысты ергына бурыла берип, қылыш менен *берип жиберди* (Қ. Қ. х. е.). *Берип жиберди* командир, Екеўи бирден жығылды (Т. Әбдираман). **Тәп бериў** —*адамның ямаса ҳайўанаттың умтылыўы, дәпиниўи*. Ким жазлырар жетпис тилли қармақты, Ейлери *тәп берсе* байлар аллапты (К. Султанов). **Тап бериў**—*жас жигитлерге сақал ямаса мурттың жаңа шыға баслаўы, көриниўи, шығыўы*. Сақал-мурты жаңа *тап берип* киятырған сулыўшық еки жигит зиңирейип тур еди (Т. Қайыпбергенов). **Билим бериў**—*саўатландырыў, тәрбиялаў*. **Рапорт бериў** —*бир нәрсениң орынланғанлығы ҳаққында есап бериў*. Таңы мектеп бир сборда, *Рапорт берер* Роза (Т. Сейитжанов). Октябрь тойына мәрдана келдиң, Мол дастурқан жайып *рапорт бердиң* (К. Султанов). **Буйрық бериў** —*бир истиң, нәрсениң орынланыўын ҳәм орынлаў ушын бери-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

летуғын тапсырма, хәмир етиў, буйрығы. Тезлик пенен ол адамларды бунда алып келиң!—деп *буйрық береди*, патша (К. К. х. е.). Олардың бул хийлеликлерин зийрек командиримиз алдын сезип *буйрық берген* екен (Жас ленинши г.). **Жәрдем бериў**—*биреўге көмеклесиў, қолғабыс етиў, жәрдемлесиў.* Олтөле к ф іп атырғанларға *жәрдем береди* (Ж. Аймурзаев). Жора-жолдаслары *жәрдем берип* турды (К. Ирманов). **Имканият бериў**—*мүмкиншилик туўғызыў, жағдай туўғызыў.* ... колхозлардың өз-ара социалистлик жарыска түсиўи, пахта планын орынлаўға *имканият береди* (К. К. С. М, атл.). **Тежестире бериў**—*сорастыра бериў, қыстастыра бериў, асықтыра бериў. Тежестире бериўдиң* есабын таппады (Т. Қайыпбергенов). **Характеристика бериў**—*минезлеме бериў, бир адамға ямаса бир нәрсеге унамлы ямсыз етип анализ жасаў.* Әўезге *берилген автордың характеристикасын-ақ* алайық (Г. Есемуратов). **Мәни бериў**—*баҳалаў, анализлеў, түсиник бериў, мәни бериўге* болады (Г. Есемуратов) **Шырай бериў**—*шыжа-пыжасы шығыў, күйип-писиў, күйип-жаныў.* Ғажаған саўаш болып атырғанда *шырлай бериўге* кимниң ҳүжданы жетеди. (К. Султанов.) **Қолдан бермеў**—*адамгершиликти, абыройды қолдан бермеў, шықпаў.* Нәзийра абырайдың *қолдан бермеўге* тырысты, өз пикиринде қалды (Жас ленинши г.). **Төрелик бериў, кеңес бериў**—*нәсиятлаў, төрелик етиў.* Ал сиз үйленип болғаннан кейин маған *кеңес бериң* (Ж. Аймурзаев). Сонлықтан ол *төрелик бериўге* тырысты (К. Султанов). **Шырай бериў**—*көрик бериў, көркемлениў, шырайланыў, формаланыў.* Жарасықлы *шырай берип* турғандай көринди (Қ. Досанов). Жайнатып *шырай берип* жаңа жыл келди (Д. Касымов). **Тәрбия бериў**—*тәртип-леп өсириў, қутыў, тәрбиялаў, асыраў, сақлаў.* Сол күнлери менің саўатымды ашып, билим ҳәм *тәрбия берген* қәдирли муғаллимимди баспашылар қыйнап өлтирди (А. Бекимбетов). **Тәселле бериў**—*ақылландырыў, ақыл бериў.* —Сен журтка ақыл, *тәселле бериўге* жарайсаң (Т. Қайыпбергенов). Қаналаның жүрме деп көнсылары *тәселле берип те* атыр (Т. Қайыпбергенов). **Хошамет бериў**—*көтермелеў, мақтаў, қутлықлаў.* Габысларын қутлықлап *хошаметлер берди* (Ө Хожанов). **Тапсырма бериў**—*биреўге жумыс талсырыў, жүклеў, мойнына таңыў.* Темирхан атаға келеси күн ушын *тапсырма берди* (Т. Қайыпбергенов). **Соққы бериў**—*қарсылық етиў, дәкки бериў, күш көрсетиў.* Буған *соққы бериўге* таяр, халықтың арнамысы иске түседи (Г. Есемуратов). **Бел бериў**—*а) қачысыў, майысыў, иймейиў.* Шәртектин ағашлары да *бел берипти*, ... (Ж. Сейитназаров). *б) әззилик етпеў, мықлы болыў, қарыўлы болыў, бел бермеў, нәзиклик етпеў.* Ҳеш душпанға *бел бермейди* Ўа-

таным (К. Султанов). **Қарсыласа бермеў**—*қарсы турмаў, өжетлеспеў, қарсылық етпеў.* Бирақ оның менен көп *қарсыласа берместен*, индемей қалсаң болғаны, кем-кемнен пәсине қайтып, ... кеширимсорайды (Т. Қайыпбергенов). **Дәм бермеў**—*маза бермеў, нәтийже бермеў.* ... қолымның жеткен жердегиси аўызыма *дәм бермейди* (Ө. Айжанов). **Пурса бермеў**—*ўақыт бермеў, қыстастыў бериў, асықтырыў, жағдай туўғызбаў.* Оразгүл жылаўға да *пурса бермеди* (Ж. Аймурзаев). **Азар бермеў**—*қыйнамаў, зорлық етпеў, жәбирлемеў.* ... кеўлин көтерип, оларға ҳеш қандай *азар бермей*, өзиниш ойнайтуғын еди (А. Бекимбетов). **Уйқы бермеў**—*уйықлатпаў, мазасын алыў, тыныш қоймаў.* Оған *уйқы бермеген* ҳәдийсе биринши келген күнги бахытсызлық ўақыясы еди (Т. Қайыпбергенов). **Нарға бермеў, атқа бермеў**—*бир нәрсени екинши биреўге бермеў, беккем болыў, рухсат етпеў. Нарға бермес* мал бар, *Атқа бермес* гунан бар (К. Айымбетов). **Ырқ бермеў**—*жетегине ермеў, айтқанына көнбеў, көнликпеў.* Гүзлик қоңыр самалына *ырқ бериеў* көтерилген ақшыл түтин иирегилген ийиктей созылды (Т. Қайыпбергенов). **Мойын бермеў**—*әззилемеў, қорықпаў, қарасы болмаў, тақ турыў.* Бул жақтағы қалған елат *мойын бермейик* (К. Султанов). **Селтең бермеў**—*сездирмеў, билдирмеў, қопаллық етпеў.* Жийсмурат ағам *селтең бермейди* (Т. Қайыпбергенов). *Селтең бермейик* деп айрымды ғаз-ғаз басып келдим (К. Султанов). **Әҳмийет бермеў**—*көзге илмеў, кеўил бөлмеў, нәзер салмаў.* Бул сәзимди баслық еситсе де *әҳмийет бере қоймады* (С. Хожаниязов). **Пәтия бериў**—дин. с. *а) биреўге унамлы етип тилек етиў, алғыс билдириў.* Жас баланың бахтын байламай, биймәлел *пәтиясын бер* (К. Султанов). *б) биреўге унамсыз етип қарғыс етиў, жаман тилек билдириў.* Енди алдасаң терис *пәтия беремен* (К. Султанов). **Ақ сүт бериў**—*нәрбиялап өсириў, емизиў.* ... қайда менің перзентим, жан баўырым, қанатым, *ақ сүт берген* арысланым —Сидулла !!! (А. Бекимбетов). Ата сыйлаў, ана сыйлаў—нарызын, Төле заңғар *ақ сүт берген* парызын (Т. Жумамуратов). **Даңқ алып бериў**—*биреўге атақ алып бериў, атаққа жеткериў.* Оған жаңа өмир берди, оған кең *даңқ алып берди* (Б. Исмайлов). **Ғыжақ бериў**—*биреўге жаман сөз үйретип ҳәл бериў, урыстырыў.* ... Пиримбеттиң Атамуратқа *ғыжақ сөз берип*, оны оқыўға жибергизбей коймын дегени де талқыланса керек (Ө. Айжанов).

БЕРК *кел.* *Мықлы, турақлы, табанлы, беккем, күшли, шыдамлы, қарыўлы.* Аўмасын деп жолларда, аркан менен *берк* тартты (Алмамыс). Полаттай *берк* қырағы көзли пионерлерге көп рахмет, ...(А. Бекимбетов). ◇ **Берк байлаў**—*қатты етип байлаў, мықлы етиў, беккемлеў.* Неше палўанлар жүр бәлки *берк байлап*, Неше шайырлар жүр көргенин сайрап (Бердақ). **Берк тартыў**—*қатты етиў, беккем байлаў.* Саўаш ерин

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

салады, Айылды шалып *берк тартты* (Мәспатша). Беру болыў—*беккем болыў, сақланыў*. Қаншелли сезимге *берк болып*, өзимди Мийирханның алдында тутқан менен бәрибир ... (Ө. Хожаниязов). Бирақ ҳәр ким өзине *берк болғай*лы (Қ. Аралбаев). **Берк услаў**—*беккем етип услаў, қатты услаў, мықлы етип услаў*. Ҳүржан көкиректиниң қызғын ҳәўирин бираз басып, өзин *берк услады* (А. Бекимбетов).

БЕРКИНИС *қ.* **бекинис.**

БЕРКИНИЎ *қ.* **бекиў.**

БЕРКИСИЎ *қ.* **бекиў.**

БЕРЛИ *қ.* **бери.**

БЕРЛИКЛЕЎ *ф. Атқа жабылатуғын сийнементтиң үстинен тартылатуғын айылға усаған нағыслы зат.* Жаўырынларын сыйпалап, Бедегеден *берликлеп*, Ушыгыдан терликлеп, Саўаш ерин салады (Алпамыс). Сылап, сыйпап Мәжнүн атты, Бедегеден *берликлеп*, Ушыгадан терлик жапты (Мәспатша).

БЕРМАН: **арман-берман** *р. Бери жақын, бери қарай.* Аскар жаным *берман қара?* (К. Смамутов), Соннан бери бул иштиң бирнәўйие бетин *берман* қарайтуғын ўақты болды (Ө. Хожаниязов). ◇ **Арман-берман жүриў**—*бир нәрсени ары әкелип, бери әкелип жүриў сүйреў, теңселиў, гезиў, барып-келиў*. Муғалим класста *арман-берман жүрип* сөйлей берди (Жеткиншек г.). **Берман караў**—*а) бурылып қараў, қарсы жүриў, өзине қарай келиў*. Жаңағы үшеўи, тап *берман қарап* маған қарсы киятыр (Ә. Шамуратов). *б) наўқастың бери қараўы, тәўир бола баслаўы, аўыр мәселениң жеңиллесиўи, берман қараўы, аўырға соқпаўы*. ...ал жүзи *берман қарап* тәўир болмаса, шыра өз орнында қалады деген жигит пенен кемпирдиң алдын ала ойласқан сөзи бар еди (ҚҚ. Х. Е.).

БЕРМЕГИ *ат. Бересиси, қарызы. Бермеги* бар халқының, Оны өндирип бересең (Қырқ қыз). Соңда, „шайырман" дегенин жалғандай, Көп екен халқыма *бермегим* дерсең (И. Юсупов).

БЕРМЕКШИ *ф. Биреўге бир нәрсени бериўге қолайласыў, ойланыў, қыялланыў, характеристика, образ, сын бериўге ҳәм де тағы басқа нәрселерди бериўге ойланыў, қыялланыў*. ...автор усыны *бермекши* болғанда сәл қызынқырап кетип, жол шалып алған деп қабыллаў мүмкин (Г. Есемуратов). ...үйине қонақ шақырып той *бермекши* (Ө. Айжанов).

БЕРРЕГИРЕК *қ.* **берман.**

БЕРСЕШИ *қ.* **бериў.**

БЕРШИМЕК *ат. Адамзаттың ҳәм жәнўарлы-жанлыўлардың, қайўанатлардың денесиндеги қатып қалған қатты жер.* Дем алғанда ҳәмме рәҳәт-ҳәзлесер, Деди кайта *бершимек*лер безлесер (Қ. Ирманов).

БЕС *с. Муғдарды, санды билдиретуғын арифметикалық сан, санақ сан.* Ат қуйрығын *бес тен* таллап өрисең, Өз журтыңда қайғысыз ләўран сүрипсең (Алпамыс). Жылына сени *бес* шабар, *Бес* шапқанда нең қалар (ҚҚ. Х. Қ.). ◇ **Бес саўсақ, бес бармақ**—*а) адамның бир қолының ямаса бир аяғының бармағы, саўсағы*. ...ҳүрмет менен оң қолының *бес бармағын* қатап услап, фуражкасының козырегине апарып қатыра гурып, иззет етти (А. Бекимбетов). *б) бир нәрсени жүдә анық етип дурыс билаў*. Кимнин баласының я инисиниң болмаса сүйиклисиниң қай жерде не кәр ислеп атырғанын *бес бармағымдай* билип алдым (Ө. Хожаниязов). Балықшылық колхозының ҳал-жайы оған *бес саўсағымдай* аян еди (Ө. Айжанов), **Бес ханат**—*қара үйдиң бир түри, бес қанатлы қара үй*.—Аттан түс те тез бар!—деп Айымжамал Фатиманың *бес қанат* үйине урып кетти (Ө. Хожаниязов). **Бес күн**—*азғана ўақыт, ўақытша, тез арада, жақын күнде*. Өз басын паналап *бес күн* оғырса да, өткен күнлерин есине түсиреди, ...(Қ. Ирманов). Бу не қайғы, бу не думан, Өтер *бес күн* жақсы-жаман (Әжинияз). **Бес жыллық план**—*мәмлекетлик план, алдағы ўақытты бес жылға мөлшерлеп алынған план. Бес жыллық планды* тек төрт жылда, Орынлаймыз ис пенен (Ж. Аймурзаев). **Бес жулдыз**—*мәмлекетлик знак, белги, солдатлардың малақайының, фуражкасының маңлайына қыстырылады*. Алтын пагон, қынамалы шинель, маңлайында *бес жулдыз* өзиме жарасып, үлкен исте екенимди дәлиллеп турған соң, қыз қаша ма? (Ө. Айжанов). **Бес баўырсақ бир гүлше**—*бир қолдың бес бармағы менен бир урыў, бир шапалақ бериў. Бес баўырсақ бир гүлше* (К. Айымбетов). **Бес бетер**—*онда, жүдә, дым, оннан да бетер, артығырақ, күшлирек, бетеррек, жаманырақ, артығырақ*. Бизлерден де *бес бетер*, Аш-жалаңаш елаты (Қырқ қыз), Мен оннан да *бес бетерреклер* (Ө. Хожаниязов).

БЕСАТАР *ат. Мылтықтың бир түри, ишине бирден бес патронды (бес оқты) салып ататуғын мылтық*. Тақымда *бесатар*, жүриси пәтли, Биз айқастық маған оқ тайди қолдан (И. Юсупов). Ал енди саған ҳәзир *бесатар* мылтықты қалай беремен (А. Бекимбетов).

БЕСЕНЕ: **бесенеден белгили** *қ.* **белгили.**

БЕСЕЎ *с. „Аў", „Еў" жанапайлары арқалы жасалатуғын жыйнақлаў сан, санлық*. Томай ели болды дарқан, Бес ул дәреди патшадан *Бесеўиде* көсе болған, Бес кемпир соннан болған екен (Бердақ). Барлық күшин байлап белге, *Бесеў* болып барды көлге, Балық аўлаў ушын булар (Өтеш).

БЕСИК *ат.* 1. *Жас баланы бөлеп ўақлатыў ушын қол-аяғын байлап жатқарыўға қолайластырылып, төрт туяқлы етип ағаштан исленген зат*. Арнап маған ағажан, Алғыннан *бесик* соқтырдың (Қырқ қыз). Салып бул қызды *бесикке*, Қоймайық санлақ тесик те, Тураман өзим есикте, Деп өзи бас

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

болған екен (Бердақ). 2. Аўыс. *а) Ўатан, өсип-өниў, раўажланыў. раўажланған жер.* Ашаман ғәзийне есигин, Шашаман дүнья *бесигин* (Алпамыс). б) Әлпешлеў, қәдирлеў. Әй мийримли ана! Ержеткеннен кейин де өз *бесигинде* тербетип киятырсан (Қ. Жуманиязов). ◇ **Бесик жыры**—*жас баланы бесикке бөлегеннен кейин уйқлатыў ушын шайқап отырып айтылатуғын қосық, фольклорлық шығарма, салт жырларының бир тараўы, түри. Бесик жырын* тыңладың уйып, Толқынсақтай шайналған гезде (Г. Есемуратов).

БЕСИНШИ *с. Төртиншиден кейинги келетуғын математикалық бирлик, реплик сан.* Қалада *бесинши* классты питерген соң колхозда ислеп еди (Ө. Хожаниязов). *Бесинши* қызы Раўшан, Ол да арбаға минген екен (Бердақ).

БЕС ҚОНАҚ *ат. Гүзде болатуғын бес күнлик суўық, гүзде егин писер писпес болып турған ўақытта егинге түсетуғын қәўиплп қыраў, бес күн болатуғын қыраўлы суўық, аяз. ...бес қонақтың* аязы да басланды (Қыз. муғ. ж.).

БЕСЛИК *ат. Бес сомлық ақша, пул.* Кассир гилец *беслик* ақшаларды өз алдына бөлек тақлап қойды (А. Бегимов).

БЕС НАМАЗ *ат. гөн. с. Бир күнде бес рет оқылатуғын намаз, бес ўақ намаз.* Есет *бес намазын* қалдырмай оқыйтуғын киси еди, ...(Қыз. муғ. ж.). ...молланың айтыўынша *бес ўақ намазды* тасламаў керек лейди (Ө. Айжанов).

БЕС ПАРЫЗ *ат. гөн. с. Диний түсиник бойынша қудайдың қулы тәрепинен буллжытлай орынлаўға тийисли уазыйпа, миннет.* ...ҳәр күнги намазды *бес парыз* деп түсиниў керек,— лейди оларға молла (ҚК. Х. Е.). Өзинде молланық болмаса, иеси *бес парыз* алма (Өтеш).

БЕС САЎСАҚ *ат. Биў қолдың бес бармағы.* ...әй шырағым; *бес саўсағың* бирдей емес ғой,—деп кемпир өзинен-өзи гүбирленди келгенлерге (Қ. Айымбетов).

БЕС ТОҒЫС *ат. Күнниң бес күнлик қатты суўығы, бес күн суўық болатуғын күнлери.* Мине, *бес тоғыста* тамам болды, ... (Ө. Айжанов).

БЕТ *ат.* 1. *Адамның бас жағының алдыңғы жағы, жүзи.* Жәмийланың *бети* суўыққа тоңып, көгерип, бозарып кетипти, ... (К. Султанов). 2. *Бир нәрсениң сыртқы жағы, жүзи, үсти.* Қар әсте жаўса да жердиң *бети* демде аппақ болды (Э. Айжанов). 3. *Китаптың, дәптердиң, газетаның, журналдың бир жүзи, бир барақтың бир жүзи, жағы.* ...демде китап *бети* шаң алыпты,— леп Әйсәнем ашыўланып қалды (Жеткиншек г.). 4. *Қаптал, тәреп.* Таўдың күбла *бети* тез көклеп, мал жайыўға жетиседи (Ө. Айжанов). 5. *Көлдиқ, теңиздиң, дәрьяның бир-бирине қарама-қарсы жағы, жағалаўы.* Дәрьяның арғы *бети* зорға көринеди. ...(А. Бегимов). ◇ **Бетине айтыў**—*жүзине, көзине, өзине айтыў.* ...оқыўшының кемшилигин сол ўақытта муғаллим *бетине* айтты (Т. Қайыпбергенов). **Бетине басыў**—*кемшилигин өзине тиске айтыў, жүзине айтыў.* ...кешеги айтқан өгиригин Азат Гүлжанның *бетине* басты (Жеткиншек г.). **Бетинен алыў**—*қарсы сөйлеў, сөйлетпеў, кейип таслаў.* Ғайбарлығы сөнщелли, келгенлердиң *бетинен алып,* оларды сөйлегпеди, ...(К. Айымбетов). Бет алыў—*бир бағдарға қарай жүриў, кетиў.* Сәден ғарры ҳәм қыз бенен жигит үшеўи көринген жабайы жигиликке қарай *бет алды* (Жас ленинши г.). Бети бүлк етпеў—уялмаў, қызармаў, қысынбаў. ...муғаллим Гүлайға қанша кейисе де оның *бети бүлкетпеди* (Т. Қайыпбергенов). Бет буры ў —а) *алған бағдарынан бурылыў.* Жолаўшылар баратырған бағдарын қоя берип, биизлерге қарай *бет бурды* (К. Аралбаев). б) *кеўил аўдарыў кирисиў.* ...жаслар енди мийнетке қарай *бет бурды* (Жас ленинши г.). Бетине ширкеў болыў—*ислеген кемшилиги ямаса қылмысының батыўы, кесент етиўи, уятлы болыўы, қынаплп қалыўы.* Жәмийланың енеси келген кудалары менен сөз алысып қалғанлығы оның *бетине ширкеў болып отыр,* ... (К. Султанов). Бети қайтыў—*бир нәрседен тиксиниў, кеўили қалыў, шағылыў* Деген менен Сәден ғарры қыз бенен жигиттен жеңилгенлей *бети қайтып,* сөзин токтатты, ... Жас ленинши г.). Бетине тутыў.—*сүйемиўи, исениў, дәлил етиў, себеп етиў.* Бул келген қулалардың *бетинде тутын* отырған Жәмийла еди, ... (К. Султанов). Бети қара— *көпшилик халық алдында масқара болыў, әшкара болыў.* ... ҳаў *бетиңқара* ғарры-аў!... буның сениң уят ғой, журтшылыққа не дейсең, не бетиң менен қарайсаң, қызынды берип жибер,—деп кемпир сөйленди (Қыз. муғ. ж.). Бети ашылыў— *үйренисиў, жатырқамаў.* ...қыздың да *бети ашылайын* деди Сәден ғарры жигитке (Жас ленинши г.). Бет-ажар — *жүзи, реңи, көрки.* Жәмайланың *бет-ажыры* бүгин де бурынғыдай емес (К Султанов). Бетпе-бет—*жүзбе-жүз, көзбе-көз.* Сәден ғаррының алдында бул мәселе ҳаққында қыз бенен жигит *бетпе-бет* айтып бир шешимге келди (Жас ленинши г.). Бет ашар– *жаңа түскен келиншекти халыққа көрсетиў, таныстырыў ушын айтылатуғын тақмақ түриндеги қосық.* Келиншек келдй келиңиз, көримлигин беріциз. *Бетин ашып* көріңиз (ҚК. Х. К.). Бет-аўыз—*адамның алдыңғы жүзи.* ... булардың ҳәммесиниң де *бет-аўызлары* тоңып қалыпты,— деди муғаллимге Жанабай (Жас ленинши г.). Бет-әпшер—*бастың алдыңғы жағының көриниси, формасы.* Сәлйманың *бет-әпшериде* қашып, түри өзгерип кетипти,—деди Жәмийла (К. Султанов). **Бетине түсиў** –а) *қас-қабағына қараў, мийзамына қараў, минезин байқаў, ғәрезли болыў.* Жәмийла ҳәмме ўақыт енесиниң айтқанынан шыға алмай, *бетине түсиў* менен жүрелй (К. Султанов). б) *аўырыў, наўқас, кесел адамның бисында отырыў, таң гүзетиў,* ... ҳәммемиз бийгантың *бетине түсип,* түни бойы таң гүзетип шығамыз (Қыз. муғ. ж.). Бет **шыдамаў**—*уялыў, қызарыў.* Сәден ғаррының алдында қыз бенен жигиттиң *бети шыдамады,* ...(Жас ленинши г.). Бет **сүртиў**—*сыйырыў, сыпырыў, сыйпаў.* ... қыз қол орамалын алды

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

да *бетин сүртип* маган карады (Жас ленинчи г.). **Бет алдырмаў**—*аўырсыныў, қыйынсыныў*. Бул жумысты ислеў, олар-ды *бет алдырмайды*, ...(Сов. ҚҚ. г.). **Бет-әлпети**—*адам-ға тән жүз, түр, өң, шырай*. Сәден гаррының *бет-әлпе-тинен* бир кейипсизлик пайда бола баслады (Жас ленинчи г.). **Бет қосыў**—*ушырасыў, дусласыў, жақынласып сөйлесиў, гәп-лесиў*. Жәмийла менен Сәлийма екеўи *бет қосып* көп ўақ сәйлесип отырды (К. Султанов). **Бетлей алмаў**—*туўры бара ал-маў, батына алмаў*. Секретарьдың алдына кириўге *бетлей алмады*, ...(Х. Сейитов). **Бет орамал**—*төрт муйешли кеш-кене орамал*. Жигиттиң *бет орамалын* өзине қайтып бер-ди қыз, ... (Жас ленинчи г.). **Бет перде**—а) *беттиң алды бети-не, жүзине тутатуғын нерсе, жука гезлеме, материал*. ...алдына тугып қойған *бет пердесин* алып қойды (Қыз. муғ. ж.). б) *адам бетиның жүзиндеги уялыў, қызарыў белгиси, түри, түси, өңи, қысмыўы*. ...ол уялмай *бет пердесин* алып бираз жаман сөзлер менен бәләтлеп таслады (Қыз. муғ.ж). **Бет-қол**—*адамның бети менен қолы*. .. Азат ерте турды да *бет-қолын* жуўып оқыўына кетиўге таярланды (Жеткин-шек г.). **Бетке тараў**—*жүзи қызарыў, ағарыў, семириў, қаны жуўырыў*. Гаррының ишкен жегени усы күнде *бетине та-рай* баслады, ...(Қ. Аралбаев). **Бети шыдаў**—*кәнлигиў, қайыл болыў*. ... сонша сөзлерди Сәлийма айтса да Жәмийланың *бети шыдап* отыра берди (К. Султанов). **Бетин желпиў**—*бетин шаршы менен ямаса бир нәрсе менен самаллатыў*. ...ыссыдан жата алмай атырған баланың *бетин желпип* отырған кемпир далаға шығып кетти (К. Аралбаев). **Бетин ба-сыў**—а) *бир нәрсениң жүзин, үстин қаўсырыў, жабыў, жаўыў*. ...сийле менен сүт куйылған табақтың *бетин басып* қойды (К. Аралбаев). б) *адамның геллесиниң жүзин жаўыў, жабыў, қаўсырыў, жасырыў*. ..гаррының сәзине уялғанынан *бетин басып*, сыртқа кетти (Жас ленинчи г.). **Бетине күйе жағыў**—*әйкаралаў, масқаралаў, айыбын ашыў*. ...келген адамның айы-бын мойнына қойып *бетине күйе жағып* қайтып кел-местей етип жиберди (Қыз. муғ. ж.). **Бетин айнада көриў**—*жүзин, шырайын, түрин айнада көриў*. Гарры *бетин айнада кө-рип*, бир түрли болды ... (Жас Ленинчи г.).

БЕТЕР *кел. Өзинен бурын айтылған заттан, нәрседен ар-тық, күшли. зыят*. Бүгин күн кешегиден *бетер* суўық екен, ...(Қыз. муғ.ж.). Усы күнлери дәрьяның суўы күн-күннен *бетер* тасып киятыр (Сов. ҚҚ. г.).

БЕТЕРИРЕК *кел. Күшлирек, зорырақ, артығырақ, зыяты-рақ*. Ол күндегиден *бетерирек* жумысты қызғын ислеп атыр (Сов. ҚҚ. г.).

БЕТИМШЕ *р. Көзимше. көз алдымша*. Мениң *бетимше* қыз жигитке кәп нәрселер айтып бәләтледи, ... (Қыз. муғ. ж.).

БЕТИНШЕ *р. Көзинше, көз алдында, бет алдында*. Олың

бетинше тартынбастан қолайсыз нәрселерди иследи (Сов ҚҚ. г.).

БЕТКЕЙ: **бир беткей** *кел. Бир тәрәплеме, бир жақҚа, бир жақлама, бир тәрепке*. Қой-жанлықлар *бир беткей* жайы-лып шықты, ... (Ж. Сейтназаров).

БЕТЛЕН бетлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БЕТЛЕНИЎ бетлеў фейилининиң өзгелик дәрежеси.

БЕТЛЕС 1. бетлеў фейилиниң шериклик дәрежеси. 2. *қ.* **бетли**

БЕТЛЕСИЎ бетлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЕТЛЕСТИРИЎ бетлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БЕТЛЕЎ *ф.* 1. *Қарсы барыў, айтысыў, батыллы барыў, қар сы турыў*. ...гарры көпшиликтен қайтпай, олар менен айтысыў-ға *бетледи*. ... (Қ. Аралбаев). 2. *грам. Атлықтың бетлеў алмасығы*.

БЕТЛИ *кел. Үлкен, кең, нәҳән*. ...дәңгелек көзли сын-сы-патлы келисши келген *бетли* жигит еди (А. Бегимов).

БЕТОН *ат. Қум менен майда тасты цементке суў қуйып араластырып қуйылған қурылыс материалы*. ...қурылыс май-даншасына таяр туриндеги *бетонларда* машиналар менен тасылынып атыр (Сов. ҚҚ. г.).

БЕТОНЛАНЫЎ **бетонлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси

БЕТОНЛАСЫЎ **бетонлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЕТОНЛАТЫЎ **бетонлаў** фейилиниң өтгелик дәрежеси.

БЕТОНЛАЎ *ф. Бетон қуйыў, қурылысты бетон менен қуйыў, бетон менен бекитиў арқалы салыў*. Қызкеткен канал-ының сағасын *бетонлап* салды. ...(Қыз. ҚҚ. г.).

БЕТОНЛАЎШЫ *ат. Бетон таярлаўшы, ислеўши, қуйыўшы, жасаўшы адам*. Бул қурылыс участкасындағы *бетонлаў-шылар* айлық планын артығы менен орынлап жүр (Сов. ҚҚ. г.).

БЕТОНШЫ *қ.* **бетонлаўшы**.

БЕТСИЗ *кел. Арсыз, ыймансыз, уятсыз, бийҳая, шарбая*. ... ҳаў келин, буншa жаман сөзлерди айта берип уялмайсаң ба? *бетсиз*,—деп ашыўланыўы менен кемпир шығып кетти (Қыз. муғ. ж.).

БЕТСИЗЛИК *ат. Арсызлық, инсапсызлық, уятсызлық, бий-ҳаялық, шарбаялық*. ... *бетсизликке* сала берсең не қыл-майсаң шеше,... (Қ К. х. е.).

БЕЎ *т. с. Өкиниў, таңланыў, күйиниў, ҳайран қалыў*. ... *беў* адам-ай сени бундай қылады деп ойламаған едим (К. Айым-бетов). ... *беў* умытып қалыппан ғой шырағым, —деп орнынан турды Жәнигүл (Жас Ленинчи г.).

БИБЛИОГРАФ *ат. Библиография бойынша қәниге*. ... жас-лардың ишиндеги ең жақсы *библиограф* болып жетис-кен жигит (Сов. ҚҚ. г.).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БИБЛИОГРАФИЯ *ат.* *Китапларды тексериў жөниндеги илим, китап ҳәм басқа да баспа материалларды илимий жақтан системаластырыў, қандай да бир тараў бойынша баспа материалларды есапқа алыў.* ... бул *библиографияны* көрип шықтым, ...(Қыз ҚҚ. г.).

БИБЛИОТЕКА *қ.* **китапхана.**

БИБЛИОТЕКАШЫ *қ.* **китапханашы.**

БИЗ I *ат.* *Терини, телетинди тесиў ушын кишкене ағаш сабы бар ушлы темир қурал, зат.* Төрде отырған етикши қолындағы *бизин* қапталына қойды да чай ишиўге киристи, ... (Қыз. ҚҚ. г.). Аманның қолында *биз*, мәсини тигип отыр, ... (қыз. ҚҚ. г.). ◆ **Биздей шаншыў**—*қатты аўырыў, зәҳәрдей шаншыў.* Жара *биздей шаншып*, жанымды шығарды, ... (Жас Ленинши г.).

БИЗ II *ал.* *Бетлеў алмасығының биринши бетиниң сыпайы түри.* Бул столды *биз* соқтық (Жеткиншек г.). ◆ **Биз менен**—бирге, менен, ... жүре беринг *бизбенен* (Жеткиншек г.). **Биз бетте**—*бизиң тәрепте, биз жақта.* Пахта *бизбетте* жүдә зор (Жеткиншек г.). **Бизге келиў, бизде болыў**—*усы жаққа келиў, усы жақта болыў.* ... районнан оқыўшылар *бизге келди* (Жеткиншек г.). Мектептеги досларымыз *бизде болып* кеше қайтты (Жеткиншек г.).

БИЗИНШЕ *р.* *Байқаўымызша, билиўимизше, ойлаўымызша, ойымызша, өзимизше,* Жоқ олай емес, *бизиңше* буны басқаша ислеўимиз керек,—деди бригадир (Ө. Хожанов).

БИЗШЕ *қ.* **бизинше.**

БИЙ I *ат. гөн. с.* I. *Паў-жәнжеллерди, шатасқан мәселелерди шешип бийлик етиў ушын жоқарғы, үстем класстың қолланыўы менен сайланып қойылған ўәкили, адамы.* ... даў-жәнжеллерди тек ғана *бий* шешетуғын еди (К. Ирманов). 2. *Аўыл, айырым аўылдағы мәрекелерди, айырым жағдайларда даў-жәнжеллерди, қандай да бир ҳәр түрли ислер басқаратуғын, шөлкемлестиретуғын адам, киси.* Бул жигит бизиң аўылдың *бийи*,—деди артта турған биреў (Қ. Ирманов).

БИЙ II *ат.* *Музыка ырғағына ылайықлы жүргизилиўши ритмикалық ҳәм де пластикалық (денени бир қәлипте ҳәм сулыў етип жүргизиў ҳөнери) ҳәрекет.*

БИЙ III *н. с.* *Ийран тиллеринен кирген бийкарлаўшы префикс (тубир алдынан жалғанатуғын қосымта), ал, бул қарақалпақ тилинде де ушырасып, тилде актив қолланылады.* Асқардың келетуғыны *биймәлим*, ... (Жеткиншек г.).

БИЙАБЫРАЙ *кел.* *Абырайсыз, абырайға ийе болмаў.* Келген кудалар да кудағайы менен келисе алмай *бийабырай* болып қайтып кетти, ... (К. Султанов).

БИЙАЗАР *кел.* *Азарсыз болыў, биймәлел болыў, жағдайлы болыў.* Жәмийла енеси менен *бийазар* болып, бирге тура берди (К. Султанов).

БИЙАҚЫЛ *кел.* *Ақылсыз, ақылы кем.* ... қызымызды бизлерге ертип жибере бериң, өйтип *бийақыл* болмаң,—деди кудағайына келген кудалардың биреўи (К. Султанов.).

БИЙЭБИРЕЙ *қ.* **бийабырай.**

БИЙӘДЕП *кел.* *Әдепсиз, тәртипсиз.* ... бүйтип *бийәдеп* болма шырағым,—деди кемпир баласына нәсият етип, ...(ҚҚ. х. е.).

БИЙӘДЕПЛИК *ат.* *Әдепсизлик, тәртипсизлик, ақылсызлық.* ... сизиң буйыңыз *бийәдеплик* кудагай,—деп кудалар ғаўырласты (К. Султанов).

БИЙӘЖЕЛ *кел.* *Әжелсиз, әжелинен бурын.* ... *бийәжел* өлип кеткенлер де көп болды (П. Тилегенов).

БИЙБАЗАР *кел.* *Базарсыз күни, базар емес күн.* *Бийбазар* күнлери Жәнигүл пахта атызына барып ҳәр күни 130-150 килограмм пахта терип қайтып жүр (Жас ленинши г.).

БИЙБАҚ *кел.* *Бийҳая, шарбая, дуўбақ.* Бул ҳаял барып турған *бийбақ* еди, ... (Б. Кербабаев).

БИЙБАҚЛЫҚ *ат.* *Бийҳаялық, шарбаялық, дуўбақлық.* Ҳаялдың *бийбақлығы* сөзшелли, ҳеш кимниң сөзине қулақ аспайды, ... (Б. Кербабаев).

БИЙБАСТАҚ *кел.* *Парықсыз, ретсиз, қолайсыз.* Сәлийма *бийбастақ* сөзлер менен не болса соны айта берди, ... (К. Султанов).

БИЙБАСТАҚЛЫҚ *ат.* *Парықсызлық, қолайсызлық, жаман сөзлер менен бәләәтлеўшилик.* ... ҳаял *бийбастақлық* пенен Жаббақларды қуўып салды (Б. Кербабаев).

БИЙБЕЛГИ *кел.* *Белгисиз, белгиси жоқ, биймәлим, хабарсыз.* ... бул да *бийбелги* жүре берди, ... (Алпамыс).

БИЙГАНА *кел.* *Басқа, бөтен.* ... *бийгана* адамның затына тийиўге болмайды,—деди Жаббақ (Б. Кербабаев).

БИЙГИНА *қ.* **бийгүна.**

БИЙГҮМАН *кел.* *Гүмансыз, гүман жоқ, сөзсиз.* Ҳаялдың келер-келмеси *бийгүман*, деди—Жаббақ (Б. Кербабаев).

БИЙГҮНА *кел.* *Гүнасыз, гүнасы жоқ, ҳақ, айыпсыз, жазықсыз.* Кудалар Жәмийланың енесин *бийгүна* қыйнады, ... (К. Султанов).

БИЙҒАЙРАТ *кел.* *Күшсиз, күши жоқ, ғайратсыз, ғайраты жоқ, қарыўсыз, ҳәлсиз, ҳәли жоқ.* Мен бир *бийғайрат* адамман,—деп ҳаял Жаббакларға өзиниң аўҳалын айтып атыр, ... (Б. Кербабаев).

БИЙҒАМ *кел* *Ғамсыз, хабарсыз, хабары жоқ.* ... Жәмийла ҳеш нәрседен *бийғам* пахтасын тере берди (Жас ленинши г.).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БИЙҒАМЛЫҚ *ат.* *Хабарсызлық, ғамсызлық, хабары жоқ.* Бағ ишинде Гүлайым қырқ қызы менен *бийғамлықта* бола берди, ... (Қырқ қыз).

БИЙҒӘРЕЗ *кел.* *Ғәрезсиз, еркин, арқайын.* Халық енди патша ҳүкиметинен *бийғәрез* жасай баслады, ... (Қыз. муғ. ж).

БИЙҒӘРЕЗЛИК *ат.* *Ғәрезсизлик, еркинлик, дарқанлық, арқайынлық.* Патшалық қысымнан қутылып, халық *бийғәрезлик* менен жасап, жаңа турмысты көре баслады, ...(Қыз муғ.ж.).

БИЙДАЙ *ат.* *Гүзде егилип келеси жылы жазда писетуғын ақ егинниң түри.* Жолдың еки бойы ырғалған *бийдай*,... (Б. Бекниязова). ◇ **Жазлық бийдай**—*баҳәрде егилип жазда писетуғын бийдайдың түри.* Колхозшылар ерте баҳәрден *жазлық бийдай* егиўге киристи (Қыз. кк. г.). **Бийдай рең**—*бийдайға усаған түри сарғыш, түри қызғылаў, сарғыш рең.* Бизлер менен узын бойлы, *бийдай рең* бир бийтаныс жигит келип сәлемлести (Қ. Айымбетов).

БИЙДАЙЫҚ I *ат.* *Гүпиниң тысы менен астарының ишине айыпым таза ямаса гөне гезлеме материалға пахта ямаса жүн салып сырылған зат ҳәм де көпшиктиң қабының ишки қабаты.* ... келиншек көпшиктиң тысын да, ишки *бийдайығын да* сөтип алып жуўыўға таярлады (Ө. Айжанов).

БИЙДАЙЫҚ II *ат.* *бот.* *Бийдай тукымлас өсимлик, жабайы сулы.* Бийдай атызының дөгерегинде *бийдайықлар да* көгерген, ... (Қ. Айымбетов).

БИЙДАЙЫҚ III *ат.* *жыртқыш қустың бир түри.* Бул тоғайлықта *бийдайық* деген қус та жасайды, ... (Қыз. муғ.ж.).

БИЙДАЙЫҚЛАЎ *ф.* *Бир нәрсеге бийдайық салыў, тигиў, ислеў.* Төрги жайда бир кемпир гүпини *бийдайықлап* отыр, ... (ҚҚ. х. е.).

БИЙДАЙЫҚЛЫ *кел.* *Бийдайық салынған, бийдайық салып исленген.* *Бийдайықлы* көпшиклердиң ҳәммесининде тыслары тозып, кир болған, ... (ҚҚ. х. е.).

БИЙДАЙЫҚТАЙ *кел.* *Бийдайық сыяқлы, бийдайыққа усаған.* Атыз дөгерегинде *бийдайықтай* өсимликлер өсип тур, ... (Ө. Айжанов).

БИЙДАРЫҚ *кел.* *Орынсыз, ретсиз, жөнсиз, қолайсыз.* Турымбетов та көпшиликте *бийдарық* сөйлей бермеди (Қ. Айымбетов).

БИЙДАРЫҚЛЫҚ *ат.* *Орынсызлық, ылайықсызлық, жөнсизлик, ретсизлик.* ...буңдай *бийдарықлықты* қой қосшым. —деп бригадир бираз кейиди балаға (Сов. ҚҚ. г.).

БИЙДӘМ *кел.* *Мазасыз, дәмсиз.* Бул қаўын да *бийдәм* шықты, ... (Қ. Айымбетов).

БИЙДӘРЕК *кел.* *Дәрексиз, хабарсыз.* ... Жаббақлар да сол кетистен *бийдәрек* кетти, ... (Б. Кербабаев).

БИЙДӘРЕТ *кел.* *гөн.* с. I. *дин.* *Дәретсиз, дәрети жоқ, дәрет алмаған.* ... *бийдәрет* жүриўге болмайды шырағым,— деп ғарры қумғанын алып сыртқа шығып кетти (Қыз. муғ. ж.). 2. *Ишекти босата алмаўшылық, иштиң өтпеўи.* Еки күннен бери *бийдәрет* жатқанлықтан иш жүргизетуғын дәри берди (Сов. ҚҚ. г.).

БИЙДӘРМАҢ *кел.* *Дәрмансыз, дәрманы жоқ, ҳәлсиз, күшсиз.* ... аўырыўшылықтың салдарынан диңкем қурып, *бийдәрман* болдым,—деп кемпир орынан зорға дегенде қозғалып койды (Қыз. муғ. ж.).

БИЙДӘРТ *кел.* *Дәртсиз, уўайымсыз, қайғысыз, дәрти жоқ.* *Бийдәрт* адам болмайды шырағым,—деп Сәден ғарры жол тартты (Жас Ленинши г.). Бийдәрт пенен дәртлессең дәртиң қалмай тәғилер, ... (ҚҚ. х. н.).

БИЙДӘЎЛЕТ *кел.* *Жумыссыз қаңғырып жүриўши, бахытсыз, сорлы, бийшара.* *Бийдәўлет* базарға барса, сум хабар табар (ҚҚ. х. е.).

БИЙДӘЎЛЕТЛИК *ат.* *Жумыссыз қаңғырып жүриўшилик, бахытсызлық.* Бундай *бийдәўлетлик* деген жаксы емес, мынаў үйдиң жумысларын ислеўиниз керек,—деди ҳаял Жаббақларға (Б. Кербабаев).

БИЙЕ *ат* *Туўатуғын үлкен ана жылқы, байтал.* ... ҳаял *бийени* саўып келген ўақытта Жаббақлар да кирип келди (Б. Кербабаев).

БИЙЕСАП *кел.* *Есапсыз, сансыз, көп, есап-саны жоқ.* .. *бийесап* ҳеш жерде ҳеш нәрсе жок, бәрининң де орны бар шырағым, дели ҳаял Жаббақларға (Б. Кербабаев). Жети ықлым жердиң жүзи, Журт *бийесап* болған емес. Қақаны Чиндур тертиси, Адам оны билген емес (Бердақ). Дилжәм болып үйде тыныш ятмаға, Көп гәнә *бийесап* дүнья-мал керек (Әжинияз).

БИЙЖАҒДАЙ *р.* I. *Орынсыз, жөнсиз, ретсиз.* Жаббақларға ҳаял *бийжағдай* көп нәрселерди айтып бәләәтлән таслады (Б. Кербабаев). 2. *Биймезгил, қолайсыз ўақыт.* *Бийжағдай* келген қонақларды күтиўге ҳәмме киристик (Қ. Аралбаев).

БИЙЖАЙ *кел.* I. *Тынышсыз, тынымсыз, биймаза.* Бул ҳаял жүдә *бийжай* екен,—деди Жаббақ Мәббақка, ... (Б. Кербабаев). 2. *Жайсыз, жағдайсыз, ыңғайсыз, оңайсыз.* Жигит пенен қыз Сәден ғаррының *бийжай* екенин енди ғана түсинди, ... (Жас Ленинши г.). 3. *Қыйын, аўыр, азап.* Бундай *бийжай* мәселеге араласыў бизлер ушын ансатқа түсип турған жок (А. Бекимбетов).

БИЙЖАПА *кел.* *Мийнетсиз, машақатсыз, жапа шекпей.*

БИЙЖӨН *кел.* *Жөнсиз, орынсыз, қолайсыз, бийқолай.* Бизлер олардың *бийжөн* сөйлей бергенине жүдә ашыўымыз келди (Қ. Айымбетов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БИЙЖУЎАП *р.* *Жуўапсыз, рухсатсыз.* Жаббақлар ҳаялдан *б и й ж у ў а п* ҳеш кандай кете алмады (Б. Кербабаев).

БИЙЗАР *кел.* *Безиў, безер, туңлиў.* Сөзин хошламаса да Сәлийма Жәмийланы *б и й з а р* етип, мазасын алды (К. Султанов). Кең болсын жарлыға бермесин азар. Азар көрсе болар өз бийин *б и й з а р* (Қ. Ирманов). ◇ **Ата бийзар**—*биреўдей жуўас туңлиў, кеўли қалыў, жаман адам.* Өлтир *а т а б и й з а р* нәлетти!-деген даўыс шықты (Қыз. муғ. ж.). **Бийзар болыў**—*зериктириў, жалығыў.* Суртайшадай калмақтан, Халық *б и з а р б о л а д ы* (Қырқ қыз). **Бийзар етиў, бийзар қылыў**-*жалықтырыў, зериктириў, мазасын алыў.* Суўда жүрсең батып-шүмип, *Б и й з а р қ ы л ы п,* ошақ теўип (Өтеш). Жаман қатын *б и й з а р е т е р* ел-халқын, Сөйлескенде жақсы менен тең болар (Әжинияз).

БИЙИГИ *қ.* **бийик.**

БИЙИЙМАН *қ.* **ыймансыз.**

БИЙИК *кел.* 1. *Бойы узын, зор.* *Б и й и к* шөпкер жайдың қарангы төринде, көзи көзлик пенен таныўлы қызыл түйе жуўаздың еки ашсының ортасынан айланып тур (Б. Бекниязова). Мен үйдиң қасындағы *б и й и к* терекниң ушна басына минип, олардың сыртынан бақлап отырдым (Т. Нәжимов). 2. *Жоқары, аптықмаш, зынт, көп.* Көтерил көкке, Өрле *б и й и к к е.* Сезимия әртыў (Г. Есемуратов). Ел сүймесе, мениң жайым төр ме еди? *Б и й и к,* бахыт қыран қустай өрледи (Т. Жумамуратов). 3. Аўыс. *Күш, күўат, әжайып, құдирет.* Сонда мен айрықша кәсиплы ҳәм кәсийетли, тан азанғы жаңа түскен шықтай таза, өзине тартыў күши аса *б и й и к* кәраматты сездим (Ө. Хожаниязов). 4. Аўыс. *Әрман, тилек.* ...жалынлы тилек, *б и й и к-б и и к* әрманлар жатыр еди (Ө. Айжанов). Кеўлимде толы әрман, кирип бар. Дәрт үстине дәртим *б и й и к* бар (Күнхожа). 5. Аўыс. *Күўатлы, шадлық, ўақтыхошлық, байлық, жақсы, турмыс.* Шадлықтың *б и й и к* таўына шықты (Т. Нәжимов). ◇ **Бийик өкше**-*бийик етип тигилген аяқ кийим, етик, ботинка, туфли.* Қыйыр-шыйыр қасқырдың изин де *б и й и к ө к ш е л и* қашқынның изин де көрди (Сейтов). ...гөне *б и й и к ө к ш е л и,* сирн гүлмыйықлы егигин соған алған еди, ол соны кийди (Т. Қайыпбергенов).

БИЙИКЛЕНИЎ **бийиклеў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БИЙИКЛЕТИЎ **бийиклеў** фейилиниң өзгели кдәрежеси.

БИЙИКЛЕЎ *ф.* 1. *Жоқарылаў, бийикке шығыў, дөңге шығыў, өрлеў, бийикке көтерилиў, дөңге көтерилиў.* Оның отырған жери ҳәммеден *б и й и к л е ў* еди (Т. Қайыпбергенов), Шарк ийирип жинти салдым ийикке, Яр келер деп жуўырып шықтым *б и й и к к е* (Алпамыс). 2. *Өсиў, өрлеў, тасыў, көтерилиў.* Оқыў оқып билмегенди билгеним, Бултты басып *б и й и к* таўға мингеним (Ә. Шамуратов). Кең Үстиртте жайнаған, Талай-талай мың *б и й и к*

(Т. Жумамуратов). Талай елден, өтеди, Талай жерден өтеди. Неше *б и й и к* қумлардан, Неше терең суўлардан, Неше калың тоғайдан, Иркилмей өтип кетеди (Бердақ).

БИЙИКЛИК *ат.* 1. *Бир нәрсениң бойы, узынлығы, тик бойы.* Ол соншама *б и й и к л и к т е н* секарип түссе де, аўырған я болмаса аяғына түскендей өз салмағын да сезбеди (С. Салийев). Жан-жаққа серлеп караса, *Бийиклиги* ғаў екен, Адамның белли жаўы екен (Мәспатша). 2. *Ҳаўалы, жоқары, шың. Б и й и к л и г и н* қарасаң, Ушқан қуслар өтпестей (Қырқ қыз). 3. Аўыс. *Баҳалылық, қунлылық, өсиўшилик, раўажланыўшылық.* Шығарманың тәсир етиўшилик күши анағурлым *б и й и к л и к к е* көтерилди (Г. Есемуратов). Совет адамы Ўатан байрағын тиккен космос бийиклигине көтерилиўи керек (Г. Есемуратов).

БИЙИЛӘЖ *қ.* **илажсыз.**

БИЙИНСАП *қ.* **инсапсыз.**

БИЙИНСАПЛЫҚ *қ.* **инсапсызлық.**

БИЙКАР *р.* 1. *Бос, қуры, жумыссыз, мәзи, ислемей қарап жүриў.* Билип ислеген ис қалай? *Б и й к а р ғ а* жүрдик бир талай (С. Мажитов). 2. Аўыс. *Натуўры, өтирик, жалған, дурыс емес.* Әдебинде адамлар енди жыллы болар дескен еди, болжаўлары *б и й к а р ғ а* шығып, күн бирден суўытты (Т. Қайыпбергенов).—*Б и й к а р* сөйлеме. биреўди алдама, сен нағыз ҳийлекер, ҳүждансыз жынаятшының басысаң (А. Бекимбетов). ◆**Бийкардан-бийкарға жүриў**—*ҳеш нәрсе ислемей, бостан-бос жүриў, қуры қарап жүриў.* Бирақ буидай *б и й к а р д а н-б и й к а р ғ а а т ш а ў ып ж ү р е* берди (С. Айний).

БИЙКАРЛАНЫЎ **бийкарлаў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БИЙКАРЛАТЫЎ **бийкарлаў** фейилиниң ерсиз дәрежеси.

БИЙКАРЛАЎ *ф.* *Өтирикке шығарыў, жалғанға шығарыў, есапқа алмаў, истен шығарыў.* Бирақ ол ҳаққында Шүкиржан Айханың айтқанларын пүткиллей *б и й к а р л а п,* Кәримовтың түнге қарай келгенин сирә мойынға алмады. (А. Бекимбетов). Салмағы бойынша биринши пландa турыўының өзи-ақ *б и й к а р л а п* тур (Г. Есемуратов).

БИЙКАРЛЫҚ *қ.* **бийкаршылық.**

БИЙКАРШЫ *ат.* *Талапсыз, ҳеш жерде ислемей қуры жүрген адам, босқа жүриўши, нас, иссиз жүрген адам, жалқаў, ҳайыр, ис қосжақпас киси.* ...бул бир жүрген ис жақпас *б и й к а р ш ы* адам еди (Қыз. муғ. ж.).

БИЙКАРШЫЛЫҚ *ат.* *Жумыссызлық, қуры босқа жүриўшилик, иссизлик.* Мен екеў қылайын қара басымды, *Б и й к а р ш ы л ы қ т а* өткермейин жасымды (Омар).

БИЙКЕ: **кәйинбийке** *ат.* *Бир ҳаялдың күйеўиниң үлкен қыз апасы.* Тәрийпиң **дийейин** *қ ә й и н б и й к е.* Дүньяның

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

маҳбубы сезилген сағаға (Әжинияз). ...Сапардың *қәйнеңбийкеси* кирип келди (К. Султанов).

БИЙКЕШ *ат.* 1. *Бир ҳаялдың күйеўиниң қарындасы, киши қыз үкеси.* Бизиң *бийкеш* ол сәзине турмайды, Сендейлерге мойның да бурмайды (Қырк қыз). Жел де бүгиў қытықлайды кеўилди, *Бийкеш* пенен ҳәзиллескен жеңгейдей (И. Юсупов). 2. **Аўыс.** *сөйл. тил. Айырым ҳаяллар өзинен киши ҳаялды бийкеш деп те атайды.* Гүлзада *бийкеш* те белин беккем буўынса ҳеш адамның қойын бакпайды (Ә. Шамуратов). ...*бийкеште* отырар орнын, жүрер жолын биледи (А. Бегимов).

БИЙҚАЙҒЫ *қ.* **уўайымсыз.**

БИЙҚАРАР *кел. Шыдамсызлық, тақатсызлық, тынышсызлық.* Топарынды көргенде, Мендей батыр *бийқарар*, Қаражан қайсар киятыр, Жолды босатың енеғар (Алпамыс). Сени көрип кеўлим болды *бийқарар*, Болғандай-ақ кең дүньялар бизге тар (Ер Зийўар). Арканың әдиўли теңизи Арал, Аралдан ғаз кетсе кеўлим *бийқарар* (И. Юсупов).

БИЙҚАРЫЎ *қ.* **қарыўсыз.**

БИЙҚАРЫЎЛЫҚ *қ.* **қарыўсызлық.**

БИЙҚӘРЕЖЕТ *қ.* **қәрежетсиз.**

БИЙҚӘРЕЖЕТЛИК *қ.* **қәрежетсизлик.**

БИЙҚӘСИЙЕТ *қ.* **қәсийетсиз.**

БИЙҚӘСИЙЕТЛИК *қ.* **қәсийетсизлик.**

БИЙҚӘЎЕТЕР *қ.* **қәўетерсизлик.**

БИЙҚОЛАЙ *қ.* **қолайсыз.**

БИЙКУНТ *қ.* **кунтсыз.**

БИЙҚУНТЛЫҚ *қ.* **кунтсызлық.**

БИЙЛЕ *қ.* **бийлеў.**

БИЙЛЕТИЎ **бийлеў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БИЙЛЕЎ *ф.* 1. *Басқарыў, айдаў, жүргизиў, меңгериў.* ...экскаваторды көп узамай-ақ Қалбай өзи *бийлеп*, өзи қазатуғын да болды (Жас ленинши г.). ...олар машинаның ролин тез күнде-ақ *бийлеп* айдай алатуғын болды (Сов. ҚҚ. г.). 2. *Басшылық етиў, меңгериў. басқарыў, ис алып барыў, ҳәмелин жүргизиў.* ...бир өзи тамамы аўылды *бийлейди* (А. Бегимов). Елди *бийлеген* ақсақал, болыслар, Мәрдикарға хатлай баслады (Ә. Шамуратов). Бәрин өзине қаратып, бираз халықты *бийлеп* еди (А. Дабылов). Қай мәмлекет болса да *бийлеў* жөнинде бир нызамға сүйенеди (Қ. Ирманов) 3. **Аўыс.** *Сыртқы күбылыстың тәсир етиўи, меңгериўи, басқарыўы, қаратыўы, бойсындырыўы.* Жүрегим ериген майдай елжиреди. өзимнен ықтыяр кетип, беденимди бир күшли сезим *бийлеп* алды (Ө. Хожаниязов). Буннан тысқары мениң өз муҳаббатыма пәклигим төтепки берди, мени шыдам *бийледи* (Ө. Хожаниязов). **Еркимди** *бийлеп* еңсеме минип алды. (Ж. Аймурзаев). ◆ **Бийықтыяр бийлеў** — *еркиз түрде меңгериў, басқарыў.* Иним, баўырында майдай еритеди, қайтсе де төзиминди тарылтып, сезиминди *бийықтыяр бийлейди* (Ө. Хожаниязов). **Бийлей алмаў** — *ҳақыйқат меңгере алмаўшылық, басқара алмай қалыўшылық.* Сонлықтан, мен де муҳаббат алдында ҳәзлик етип, өзимди нак *бийлей алмай*, Мийирханға алды бурын қолымды узаттым (Ө. Хожаниязов).

БИЙЛЕЎШИ *ат. Басқарыўшы, буйырыўшы, буйрық етиўши, буйрық бериўши, меңгериўши, ис алып барыўшы.* Салғыртты ел көтерсе, нөкер бериў шығынының ярымы ел *бийлеўшилердиң* мойнына түсетуғынын сезип, әмелдарлардың иплери ғым етти (К. Султанов).

БИЙЛЕЎШИЛИК *ат. Ҳәкимшилик, басқарыўшылық, ҳәкимшилик етиў, исти басқарыўшылық пенен алып барыў.* Бу дәирде биз *бийлеўшилик* дәстүрин көремиз (К. Ирманов).

БИЙЛИК *ат. Кәткудалық етиў, ҳәкимлик етиў, төрелик етиў.* —*Бийлик* өзинде, дәўлет қолында, ул перзентсиз жалғыз басы жигитсен (Ж. Аймурзаев). Өз елинде хожа, Өзиң *бийлик* сүресең (Ш. Мәмбетмуратов). Асан бабаның алтысында *бийлик* айтыпты (К. Султанов). ◆ **Бийлик қағаз** — *бийлик етиў ушын алынған рухсат қағаз, гүўалық қағаз (гүўанама).* Тойда бир даўлы исти шешип болып, *бийлик қағазға* мөр басыў ушын қараса, мөри пайтахтта қалғаны мәлим болады (ҚҚ. х. е.).

БИЙМАЗА I *қ.* **мазасыз, дәмсиз.**

БИЙМАЗА II *кел. Тынышсыз, тәртипсиз, тынымсыз, жәнежелпаз, шатақ, тентек.* Нурымбетти билесең ғой, оның өзі *бийманза* адам, ...(Ө. Айжанов). ...тар, аш көз, *бийманза* адам екен (А. Бекимбетов).

БИЙМАЗАЛЫҚ *ат. Жалықтырыў, бийзар қылыў, тынышын алыў, тынымсызлық етиў, тентеклик етиў, шатақ шығарыў.*

БИЙМАЗАШЫЛЫҚ *қ.* **биймазалық.**

БИЙМӘЛЕЛ *кел. Жуўас, ҳазарсыз, зыянсыз, мүнәйим, мәлелсиз, шатақшыз.* Күшимиз жетпесе, жеңилип *биймәлел* болып қаламыз деди (Алпамыс). ...Мийирхан бир мәҳәлде күтә сыпайы, *биймәлел* жүрди (Ө. Хожаниязов).

БИЙМӘЛИМ *қ.* **белгисиз.**

БИЙМӘНИ *кел. Мәниссиз, мазмунсыз, ҳеш нәрсе билмейтуғын, ҳеш нәрсеге түсинбейтуғын, байланыссыз.* ...кемпир *биймәни* нәрселерди айтып, Жаббақлардың мазасын алды (Б. Кербабаев).

БИЙМӘП *кел. Мәпсиз, өзиниң пайдасын ойламайтуғын.* Сиз *биймәп* жүрмең,—деди ғарры жигит пенен қызға (Сов. ҚҚ. г.).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БИЙМӘҲӘЛ *кел. Мезгилсиз, бийўақыт, ў
сиз ўақыт, орынсыз. Биймәҳәл* гия өсер
удайы кетер ме (Мәспатша). ... *биймәҳәл*
сынап қайтайын деп жолға түсти (С. Мәжитов).

БИЙМЕЗГИЛ *кел. Орынсыз, кеш ўақыт,
мәҳәл, бийўақыт.—Биймезгил* жүрген
(Ө. Хожаниязов). Жақсыларға басыңды қос, Ж
биймезгил, Жалғыз өзің қәдем қойма (М

БИЙМУРАТ *кел. Мақсетсиз, тилексиз.
сиз.* —Пешанамда барды хат, Қылма мени *би*
ламай урдым бир қамшы, Әсте-әсте Шубар ат
пайзалар түйретилип ол қызға, Зәр ениреп боз
бурат (Қырқ қыз).

БИЙНАЙМЫТ *кел. дин. Умитсиз, үмити
қыз бийнаймыт* екен,—деди Жаббақ (Б. К

БИЙНАЎА *кел. Ҳеш нәрсесиз қалыў, қуры
лыў.* Табылғай дәртиме лаўа, Болмағайман мен
сымда иркилип турма, Кет аўлаққа сен дийўана

БИЙНЕ *ат. Мәни, жағдай, ауҳал, жөн-жо
ражан ат үстинде зәңгиге ширенип, ...патшаға к
несин* айтып, бес-алты аўыз сөйлеп турған у
Дуньяда айрықша ушқыр бийдайың, Сулыў
ҳәммеге пайық (Мәспатша). Көкиректе жоқ ҳе
ға усар *бийнеси*, Душпан екен әжайнеси, К
келди (Бердақ).

БИЙНЕКЕ *кел.* гөн. с. *Некеленбеген ҳаял,
маған қатын, некесиз. Бийнеке* келинди
жақсы емес (К. Султанов). Курысын өмирим
дәртлер толғанды, Олжа болған апанды, *Бий*
лар алғанды (Алпамыс).

БИЙНЕКУЯ *ат. Нәрсесин, барлығын, майда
месин.* Сәлийма Жәмийланың үйине келип, б
бийнекуясын айтып баян етти, ...(К. Сул

БИЙНЕЛИ *кел. Мәнили, жөнли.* Лабақба
бойын көрип, ўақты хош болып, усы *бийне*
рип мениң есигиме,... (Мәспатша).

БИЙНЕСИП *кел. Писи курыўшылық, пәнт
биреў кәлесип қосылған ярым, Ярынды *бий*
дилбарым (Бердақ). Сәл жерде бузаў шашып кө
Бийнесип каласаң ғой (К. Досанов).

БИЙНЫШАН *кел. Дәрексиз, тақбасыз, бел
лек болар қашан, Кимлер қара, кимлер ныша
бийнышан, Паяны ҳеш болған емес (Бердақ

БИЙОПА *кел. Опасыз, сатқын.* „Мен бун
мүшкилге не салатуғын қызды неге сүйдим мен
опа яр болар?... (Ө. Хожаниязов). ...*бийо*

(Л. Бегимов). *Бийопадан яр* болса, Дузақ[а]
ер (Әжинияз).
ЛЫҚ *ат. Опасызлық, сатқынлық.* —Билесең бул
қылық, елге *бийопалық*!... (Ө. Хожаниязов).
ин кеўлимди, *Бийопалық* дәртлери (Қырқ қыз).
де Гүлайым, Ашықлықтың отлары, Тырнады мениң
ийопалық дәртлери /Қырқ қыз). Гүлден-гүлге
лдиң кәри, *Бийопалық* деген нәпси базары
).
Н *кел.* 1. *Орынсыз, ретсиз, қолайсыз, жөнсиз,*
зиннен басқаны кем деме, *Бийорын* сөзлер сөй-
тша). Көкиреги қара таўдай, Қылған ислери *бий-*
патша) Нурхожа бурын көрмеген, сезбеген қыцыр-
бийорын қылықты көрип аң-таңы шықты (Ө.
). 2. *Өзине тийисли емес, орынсыз, пайдасыз.* Биз-
не деп кеттиң сен саяқ, *Бийорын* жерлерге ба-
(Қырқ қыз). Жайлап өскен жерлерим, Манлайда
рим, *Бийорын* жерде сен қалдың (Жийен жыраў).
скармасының аппаратындағы *бийорын* жүрге
есапқа алды (Ж. Аймурзаев).
ЙДА *кел. Пайдасыз, мәзи, қуры, бос, өзи менен
ын-қуры, бос жүриў, жумыс исленбей мәзи жүриў.*
көп жүргеніміз *бийпайда*, Шар китапты шы-
үш айда (С. Нурымбетов). Бул жерде көп турыў
да еди (Т. Қайыпбергенов).
РЫҚ *кел. Парықсыз, ретсиз, қунтсыз.* Енди дос та
бийпарық болып кетти (Т. Қайыпбергенов). Де
парық, бийғәрез күнлер көпке созылмады (Т.
енов).
ЯН *кел. Паянсыз, шексиз, ушы-қыйыры жоқ, узлик-
йтуғын, шубалаңқы, пайдасыз.* Оғымыз кетпесин
паян, Раҳым әйлегей халық еткен субҳан (Коблан
Арыслан, Бундай болған ислерге, Ақыры жоқ *бий-*
ырқ қыз). Ойласаң бул дүнья *бийпаян* екен,
халыққа көп зыян екен (Бердақ). Паный дүнья ақы
паян, Залым Ораз, неден болды гүнайым (Омар).
ОМ *кел. Пәмсиз, пәми жоқ, пәтиўасыз, копал, ма-
булар барып турған *бийпәм* екен,—дели кемпир
аев).
МЛИК *ат. Пәмсизлик, пәми жоқлық, пәтиўасызлық,
мәнисизлик.* ...гарры буларға енди *бийпәмлик-
лар дегенди айтып далаға шығып кетти (ҚҚ. х. е.).
РЎА *кел. Арқайын, уўайымсыз, қайғысыз, гамсыз,
ытсыз, салақ.* Булар қандай *бийпәрўа* адамлар
заев). ... олардың арасында *бийпәрўа* баланың
ан хабарлайды /Т. Қайыпбергенов/. Барлық исти тарт-
ине усындай *бийпәрўалар* /Б. Исмайлов/.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БИЙПӘРУАЛЫК *ат. Арқайынлық, салақлық, бийғамлық, қайғысызлық, уўайымсызлық, қунтсызлық, шалалық.*—Кетсе кете беридиағы,—деп жуўап берипти келини *бийпәруалық* пенен /Сов. Қ Қ. г./.

БИЙПӘҲИМ *кел. Пәмсиз, пәми жоқ, босқа сөйлеў, мәнисиз. Бийпәҳимлер* аўызын жаппас, Бийақыллар арға шаппас, Ер қыйналмай дүнья таппас, Малдың өзи келген емес /Бердақ/. Әдепсиз-икрамсыз *бийпәҳим* қызлар, Сулыў болған менен қыздан инсан болар ма /Әжинияз/.

БИЙПЕРЗЕНТ *кел. Баласыз, перзентсиз, баласы жоқ, перзенти жоқ, зурыятсыз.* Дүньяның қызығы менен екеўи де дүньядан *бийперзент* өтетуғын болды /Алпамыс/. Бәҳәрде ашылар таўдың гиясы, *Бийперзенттиң* баста қайнар мийеси /Алпамыс/. Жасы қырыққа келгенше *бийперзент* болды /Мәспатша/.

БИЙПЕРЗЕНТЛИК *ат. Баласызлық, перзентсизлик, баласы жоқлық, перзенти жоқлық, зурыятсызлық.* Бир күнлери *бийперзентлик* дәрт болып, Екеўи де қартайыпты жас өтип /Т. Сейитжанов/.

БИЙПУЛ *кел. Пулсыз, мутқа, ҳақысыз, босқа, ешейин, ҳақы алмайтуғын, пул алмайтуғын, тегин. Бийпул* дүнья алтын-гүмис, Алты ай жаз, алты ай қыс, Жарлылық деген қыйын ис, Буған дуўшар болған емес /Бердақ/. Еңбегинди еске алып, Бермес *бийпул* бир жапырақ /И. Юсупов/. Тамағың *бийпул* муттан түседи /Ө. Хожанияз/.

БИЙРӘҲИМ *кел. Рейимсиз, мийримсиз, зулым, қатал, қанхор.* Тәғдир кимлердики, себеп Қоцыраттан атаў, *Бийрәҳим* Сейилхан деген елаттан, Айра түсти Ашамайлы Қыяттан, Хош аман бол бизден калдың бозатаў /Қ. Ирманов/.

БИЙРИБАР *ат. дин. с. Құдай, алла, тәңир.* Мәдет бергей бизлерге, Халық әйлеген *бийрибар* /Қоблан/. Халқымыздан хабар алған *бийрибар*, Дос жығылса қуўанады душпанлар /Алпамыс/. Саған қатыянлық иелесем, мени *бийрибарың* урсын /Алпамыс/.

БИЙРУХСАТ *қ. рухсатсыз.*

БИЙСААТ *кел. Сәтсиз, қолайсыз.* Қулағыңды сала бер, Сөз айтайын мен аға, *Бийсаат* күн шығыппыз, Екн жетим далаға /Бердақ/.

БИЙСАБЫР *кел. Сабырсыз, шыдамсыз, тақатсыз.* Алғыс алған ҳарымас, *Бийсабыр* бенде мандымас /Мәспатша/.

БИЙСАЗ *кел. Сазланбаған, дүзелмеген, оңланбаған, жағымсыз, қолайсыз.* Бундай *бийсаз* жүрислерди қойыў керек шыракларым,—деди ғарры бул екеўине /Жас Ленинши г./.

БИЙСӘЎБЕТ *кел. Уақытсыз, биймезгил, бийуақ, бийуақыт, қолайсыз, жағдайсыз.* Жети түнде *бийсәўбет* жүрген ким бул? /Ө. Хожанияз/. Адам сестин еситкеннен тағы да өзлери түнде жүрген қандай *бийсәўбет* адам /А. Бегимов/.

...*бийсәўбет* жүрген жолаўшыларды ат узақтан көрип, ...қайта-қайта киснеди /Қ. Султанов/.

БИЙТ *ат. Адамлардың ҳәм жанлы жаныўарлардың қаның сорып жасаўшы майда жәнлик.* Қарай берди көйлегин, Қырғын қылып *бийтлерин* /Қырқ қыз/. Жабағы тонның *бийти* ашшы, Жаман адамның сөзи ашшы, ... /ҚҚ. х. е./.

БИЙТАҚАТ *кел.* 1. *Жансыз, ессиз.* Сур жылан мойының созды, Қыз шоршып уйқысын бузды, *Бийтақат* етти бул қызды, Жүреги жарылған екен (Бердақ). Ҳаў муғаллим дегенде усындай *бийтақат* сабырсыз бола ма? (Жеткиншек г.) 2. *Шыдамсыз, тақатсыз, сабырсыз.* Ақшолпан *бийтақат* күтеди ярын, Ҳәр минутты бир жыл яқлы сезгенден (Ә. Шамуратов).

БИЙТАЛАП *кел. Талапсыз, жумыссыз, иссиз, бос, мәзи, қуры.* Болайын атызға ислес, Атызсыз күним келиспес, *Бийталапқа* тәнирим бермес, Деген қыял болды бизде (Бердақ). Бирақ әкеңе усап *бийталап* жалатай болма (К. Султанов).

БИЙТАНЫС *кел. Таныс емес, жат, белгисиз. Бийтаныс* кисиниң жасы алпыстың үстинде еди (Ө. Айжанов). ... бизге *бийтаныс* үш киси келди (К. Смамутов). Мен-зен болып аўытқып мийим, жатырман *бийтаныс* тамда (И. Юсупов).

БИЙТАНЫСЛЫҚ *ат. Жатлық, таныс емеслик, белгисизлик.* Апаў үшеўинде ернин жыбырлатқаны болмаса, *бийтаныслыққа* тән әдет пенен салқын аманласкан еди (К. Смамутов).

БИЙТАП *кел. Аўырыў, наўқас, кесел, сырқас.* Өзим *бийтап* болып бара алмадым (Ж. Аймурзаев). ...жүзинин қаны қашкан *бийтапқа* мегзейди (Ж. Аймурзаев).—*Бийтап-пан-аў*,—деп Сәлийма есик бетке илиўли турған пальтосына қолын созды (К. Султанов).

БИЙТАПЛАНЫЎ *ф. Наўқасланыў, кеселленіў, сырқасланыў, аўырып қалыў.* Кеше кеште Мария Михайловна *бийтапланып*, фермадан қайтып келген еди (Ж. Аймурзаев).

БИЙТАПЛЫ *қ.* **бийтапшылық.**

БИЙТАПЛЫҚ *қ.* **бийтапшылық.**

БИЙТАПШЫЛЫҚ *ат. Аўырыўшылық, наўқасшылық, кеселленіўшилик.* Назлы кемпир де *бийтапшылыққа* ушырады (К. Султанов).

БИЙТӘЛИМ *кел. Әдепсиз, бийәдеп, тәрбиясыз, билимсиз, тәрбия көрмеген, тәрбия алмаған.* Бундай *бийтәлим* болып өскен пайда емес, ... (Қыз. ҚК. г.).

БИЙТӘРЕП *кел. Ғәрезсиз, әдил, жақламаў, ҳешкимге қосылмаўшылық, тәрепине өтпеў, қосылмаў, бирге болмаў.* Және де сиз күйеў бала болған жигиттиң атын, фамилиясын,

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БИЙҲУЎДА *р.* *Қури, босқа, мәзи, бос.* Аўа, ол ҳеш ўақытта *бийҳуўда* жүрмейди (Ө. Хожаниязов). Гезбе жаҳәнди мейил етип, *Бийҳуўда* жерде сейил етип, Алдын қонған нәўбет жетип, Көз ашқанша көшер кетер (И. Юсупов).

БИЙҲУЎДАЛЫҚ *ат.* *Қури босқа жүриўшилик, ўақтын босқа өткериў, парықсызлық, бос жүриў, мәнисиз гәп, бос сөз, нәтийжесиз.* *Бийҳуўдалықтың* аты өшсин, почтальон боламан,—деп ҳәз етип калдым (Ө. Хожаниязов).

БИЙҲУЎШ *кел.* *Талыў, есинен айрылыў, еси аўыў, ҳуўлықсыз қалыў.* Қарай алмай анықлап. *Бийҳуўш* болып жығылды (Қырқ қыз). Жамалына көзим түскен ўағымда, *Бийҳуўш* болып туралмадым касында (Алпамыс).

БИЙҲУЎШЛЫҚ *ат.* *Талыўшылық, еси аўыўшылық, есинен айрылыўшылық, ҳуўлықсызлық.* ... қыз *бийҳуўшлық* менен жата берди. ... (ҚҚ. Х. Е.).

БИЙШАРА *кел.* 1. *Мүсәпир, ғәрип, пақыр, байғус, сорлы.* Бирақ буған *бийшара* жаслық етти, ... (Ө. Хожаниязов). Елитири жүр екен *бийшара* (Ө. Хожаниязов). 2. *Жарлы, кәмбағал, гедей, кемтар.* Көкирегинде тек шықпаған жаны бар. *Бийшараның* сондай ғана ҳалы бар (Омар). ... *бийшара* халық хор болды ғой (М. Дәрибаев). Шонан *бийшараның* мийнет пенен таўып тапсырған аманатын дурыс тапсырыслар,—деди (ҚҚ. Х. Е.). 3. *Бахытсыз, ығбалсыз, талабы келиспеген, опасыз.* Ўай *бийшара* аналар, Ўай *бийшара* жас қызлар (Жийен жыраў).—Мине, солай, бир заманда бул жерде, *Бийшара* қыз қанғырыпты түнлерде (И. Юсупов). *Бийшараның* өмири узақ болмады, „Әжел айдарҳасы" жутты жалмады (А. Дабылов).

БИЙШАРАЛЫҚ *ат.* 1. *Мүсәпирлик, ғәриплик, пақырлық, байғуслық, сорлылық.* ... бундай *бийшаралықта* жүре бермей, шаққанласыўын керек, ... (ҚҚ. Х. Е.). 2. *Жарлылық, кембағаллық, гедейлик, кемтарлық.* Көптен *бийшаралықтың* дәрти өтти,—деди Жумаш ҳаялына (Н. Дәўқараев). 3. *Бахытсызлық, ығбалсызлық, опасызлық, талабы келиспеўшилик.* Шонан *бийшарашылыққа* ушырап капа болды (ҚҚ. Х. Е.).

БИЙШӘРИЯТ *кел.* дин. с. *Шәриятсыз, орынсыз, шәриятқа муўапықсыз, шәриятқа сәйкессиз.* Мунын исин адам билмес, *Бийшәрият* ойнап-күлмес, Нашар бала көзге илмес, Жигитлердің махбыйы екен (Әжинияз).

БИЙШӘРТ *кел.* *Шәртсиз, бәсекисиз.* Сизлер буны қойынлар, *бийшәрт* менен ислецлер,—деди бригадир (С. Мәжитов).

БИЙШЕК *ат.* *Қаўынның бир түри, қабығы жуқа қаўын.* ... *бийшек*, ала ғарбыз атыз арасы менен бардық (Қыз. муғ. ж.).

БИЙЫҚТЫЯР *кел.* *Ықтыярсыз, ерксиз, жөнсиз, зорлаў, мәжбурлеў.* Ашық болып келбетине қарады, Ҳуўышын жойтып *бийықтыяр* болады (Мәспатша). Қуўаты кетип өзинен, *Бийықтыяр* қулады (Бердақ). Қайтсе де төзиминди тарылтып, сезиминди *бийықтыяр* бийлейди (Ө. Хожаниязов).

БИЛ *қ.* **билиў.**

БИЛГЕНЛИК *ат.* *Бир нәрсениң ҳақыйқат анығына шығыў, түсиниў, билиў, анықлаў.* *Билгенлиги* емес пе, Айдостың берген сәлемин, Екиге дейин алмады (Бердақ).

БИЛГИЗИЎ **билиў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БИЛГИЛ *қ.* **билиў.**

БИЛГИР *кел.* *билгиш, алғыр, көп билиўши, билимли.* *Билгир* дана-даналардың данасы, Жол басласа, шын дослардың дус болса (Ә. Шамуратов). Дәўлетли халқымның бағы-бостаны, Адамның *билгири* данамыз Ленин (С. Нурымбетов).

БИЛГИРЛИК *ат.* *Билгишлик, билимлилик, алғырлық, көп билиўшилик.* Ақыл үйретейин деп, *билгирликтен* сөйлеп отырганым жоқ (Ж. Аймурзаев).

БИЛГИШ *қ.* **билгир.**

БИЛГИШЛЕНИЎ *қ.* **билгишсиниў.**

БИЛГИШЛИК *қ.* **билгирлик.**

БИЛГИШСИНИЎ *ф.* *Басқалардан өзин көп билетуғын етип көрсетиў, мақтаныш етиў, мақтаныў, марапатланыў, есаплаў, санаў.* Кисиниң кир шаршысын киси ала ма,—деп жүдә *билгишсинди* (Т. Қайыпбергенов).—Онда анлыйық,—деди Гүлай және *билгишсинип* (Т. Қайыпбергенов).

БИЛДИГИ: **өз билдигинше** *р.* *Түсиниў, билиў.*—Ол бәрҳама *өз билдигинше* ис қылады (Жеткиншек г.).

БИЛДИР **билдириў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БИЛДИРИСИЎ **билдириў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БИЛДИРИЎ *ф.* 1. *Хабарлаў, мәлимлеў, айтыў, жеткериў, жеткизиў.* Буны байдың сақшылары еситип, байға *билдиреди де,* сүйинши алады (ҚҚ. Х. Е.). Бирақ өзиниң келгенин *билдирейин* деп, Бәйбәтшениң қойнына бир жуп теңге салып, өзи кетип қалады (ҚҚ. Х. Е.). 2. *Сездириў, көрсетиў.*—Әттегене-ай,—деп аныш *билдирди* кемпирлер (Ө. Айжанов). Әжинияз көзи мөлтеңлеп, жалынышлы түр *билдирди* (К. Султанов). ◆**Билдиргиси келиў** —*ислеген исин билдирмеў, сездирмеў, байқатпаў, аңлатпаў.* Келгенлигин *билдиргиси келип,* оның гәпин қызығып тыңлай берди (Ә. Шамуратов).

БИЛДИРМЕЎ *ф.* *Хабарламаў, сездирмеў, байқатпаў, аңлатпаў.* Жигит қызды ата-анасына *билдирмей* атына миндестирип алып қашып кетеди (Қ. Айымбетов). Бул батырға *билдирмей,* қабағын катты үйеди (Қырқ қыз). Ол кеште

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тура бере ме (А. Бекимбетов). б) *еси аўып қалыў, жығылып қалыў, жығылыў, қулаў, мийи айланыў, ҳәлсиреў, майысыў.* Тула бойым түршигип, бирден *есимди билмей* кулап калыппан (Жас ленинши г.). **Не болғанын билмеў**—*өзин-өзи үслап тура алмаў, есин билмеў. Не болғанымды билмей,* өзимди де дурыс бийлей алмай бақырып жиберип, ырашқа қарай тура каштым (А. Бекимбетов). **Не дерин билмеў**—*жуўап қайтара алмаў, сөйлей алмаў, үндемеў.* ...Айымхан... Дәўлетке тиклене қарағанда Дәўлет *не дерин билмей* калды (С. Хожаниязов). **Не қыларын билмеў**—*ислейтуғын исин билмеў, ислемей қалыў, албыраў, ойланып қалыў.* Есиктен киргенимде маған таңлана қарап еди, *не қылармын билмей* жүзимди төмен қараттым (Ж. Аймурзаев). **Сырын билмеў**—*мәнисине түсинбеў, билмеў, жағдайын билмеў, аңламаў.* Ҳәзир ол жаңа состанның *сырын билмегенликтен* өзин сыртқа алып, сын көз бенен қарайды да, тек отыра беретуғын болды (С. Хожаниязов). **Ҳеш нәрсе билмеў**—*түсинбеў, билмеў.* Және оның ҳаялы туўралы жеткиликли *ҳеш нәрсе билмегенликтен* тартына баслады (Т. Қайыпбергенов). **Қандай екенин билмеў**—*түсинбеў, сезбеў, анықламаў.* Үйиңизге киргенше күйеўимниң ким екенин, түри-түсиниң *қандай екенин билмедим,* көрмедим (А. Бекимбетов).

БИЛҚАС *қ.* **билкастан.**

БИЛҚАСТАН *р.* 1. *Қастан, жортаға, қасақана, билегөре, билетура.* Буны Шыныбайке *билқастан* исленген отыр (Ж. Аймурзаев). Сиз усындай аўҳалды билсеңиз де, *билқастан* маған ашыў етпеңиз (Ж. Аймурзаев). 2. *Арнап, нийетлеп.* ... көптен келе алмай, тап бүгин, *билқастан* келдим (Қ. Айымбетов).

БИЛЛА *қ.* **олла-билла.**

БИЛМЕГЕНСИЎ *р. Жорта, билегөре, түсинбегенге, аңғармаған қа салыныў.*

БИЛМЕКШИ *қ.* **билиў.**

БИЛМЕН *қ.* **билмеў.**

БИЛМЕС *қ.* **билмеў.**

БИЛМЕСЛИК *қ.* **билмеўшилик**

БИЛМЕСТЕН *ф. Түсинбестен, абайламастан, аңғармастан, сезбестен.* Мәселениң не екенин *билместен* бирден барып қалды (Жас ленинши г.).

БИЛЬЯРД *ат. Төрт мүйешинде тесиги бар, бортлы стол, домалақ шарды ағаш таяқ пенен урып ойнайтуғын ойын.* ... екинши жайдан *бильярд* тасларының шақылдаған даўысы еситилип тур (С. Хожаниязов).

БИНА: **бина болыў, бина етиў** *ф.* 1. *Имарат салыў, жай салыў, үй қурыў, там салыў, қурылыс қурыў.* Көшениң бир шети де қурылысшылар тәрепинен жаңа *бина болды* (И. Курбанбаев). Ол булд алаға биринши болып өмирлик *бина еткен*

бригаданың басшысы (А. Бекимбетов). 2. *Пайда, тийкар болыў, негиз болыў, жүзеге келиў.* Еренлердиң бағында, Жақсының шараятынан, *Бина болған* шырағым (Мәспатша). Дүнья *бина болғаннан* болғаннан берги исги биледи (Ер Зийўар). Алтын менен *бина етти.* Өлгенлердиң атларын (Қырқ қыз).

БИНАЯТ *қ.* **бина.**

БИНТ I *ат. Жараны, жараатланған жерди таңып байлаў ушын белгили бир өлшем менен қыйылып исленген марлы, сайле ҳәм де жуқа шүберек.* Басындағы байлаўлы *бинтти* алып тасламақшы болды (А. Бекимбетов). ... мениң сумкамда *бинт,* пахта, йод, бар, ... (Ә. Шамуратов).

БИНТ II *ат. Темир герди бир-бирине тутастырыў ушын басы қалпақлы, уш бети брандалы етип исленген мыйық сыяқлы темир.* Окыды, илди зейнин, Ядланды ҳәр бир *бинт,* ҳәр бөлек, Трактор менен кеўилли, Кеткендей бирге дөңгелеп (Б. Қайыпназаров).

БИНТЛЕЎ *ф. Жараны ямаса жараатланып қалған жерди бинт пенен байлаў, таңыў.* Мениң жараатланған жеримди *бинтлеп,* тас етип орапты (А. Бекимбетов).

БИОГРАФ *ат. Биреўдиң өмир баянын жазыўшы.* Мен *биограф пан* деп жуўап берди (Қыз. муг. ж.).

БИОГРАФИЯ *ат. Өмир баян.* Оған *биография* жазып келиўди тапсырды. ... (А. Бекимбетов).

БИОЛОГ *ат. Биология илиминиң маманы.* Бизде белгили *биологлардың* бири—ол (Сов. ҚҚ. г.).

БИОЛОГИЯ *ат. Жанлы-жанıуарлар менен өсимликлер дүньясының раўажланыў өзгешеликлерин изертлейтуғын илим. Биологиялық* қуралларға және затларға болған талабын толық қанаатландырыў (О. Бердимуратов).

БИОСТАНЦИЯ *ат. Жанлы-жанıуарлар менен өсимликлер дүньясын изертлейтуғын биологиялық станция.* Ҳәзир *биостанция* салыў иси баслана баслады (Қыз. ҚҚ. г.).

БИОХИМИК *ат. Биология илиминиң маманы.* Дәслепки жыллары *биохимиклер* жоқ дерлик еди, ... (Қыз. ҚҚ. г.).

БИОХИМИЯ *ат. Тири организмдеги химиялық процесслерди үйрениў бойынша илим.* Соңғы жыллары *биохимия* тараўы да раўажланды (Сов. ҚҚ. г.).

БИР *с.* 1. *Есаплық сан, саны, есабы, жалғыз, тек ғана.* *Бир* күни баспағымызды отлағып келсек, усы туттың түбинде турған *бир* баланы көрдик (Ө. Айжанов). *Бир* ғарры айтса әҳмиет, Ол сөз пайдалы кимге. Деп тынлап отырек ҳәмме. Насиятқа қойдым қулақ (Бердақ). 2. *Бирам-бирим, дара-дара, жалғыз-жалғыз, жеке.* Олар *бир бирлеп* классқа кире баслады (Жеткиншек г.). ◆ **Бир жамбаслаў**—*қапталлап отырыў, шығанақлап жатыў.* ...келгенлер *бир жамбасқа* таслап сөйлесе баслады (Сов. ҚҚ. г.). **Бир дизеден отырыў**—*бир дизеге*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

минип отырыў. ...ҳаял ошақтың басына *бир дизелеп отырды* /Т. Қайыпбергенов/. **Бир түйир**—*а) ҳеш қандай, дым да, ҳаслан.* Оның бизлерге ҳеш қандай кесенти, *бир түйир* азары жоқ /А. Бекимбетов/. *б) қыйқым, кишкентай, дана, жаңғыз, жалғыз.* ...урыс ўақтында *бир түйир* дән туқымы да қәдирли болды /Жас Ленинши г/. **Бир жутым**—*азғантай, қурттай.* Ол *бир жутым* суўға зар /Қ. Ирманов/. **Бир ышан**—*белги, нусқа, қал.*—Саўаш күни ойнар басында қалқан, Атадан мен қалған *бир ышан* /ҚҚ. х. к./. **Бир өзи, бир өзим**—*жалғыз өзим, жәке өзи, жалғыздан-жалғыз, бир ғана, дара.* Қыздың *бир өзи* қалыпты /ҚҚ. х. е./. Көзим жаслы мен көрмеген шарам жоқ, *Бир өзимнен* басқа пуштыў-панам жоқ /Әжинияз/. **Бир өрим**—*қандайда бир затты ҳер қыйлы етип бөлек өриў.* Шашынды *бир өрим* етип өр. /К. Султанов/. **Бир пәс**—*азғана, шамалы, азмаз. Бир пәске* шекем ойланып отырды /Қ. Аралбаев/. Қарықлар қаның *бир пәсте,* Толады және шымшылдап /Б. Қайыпназаров/. **Бир пул**—*қуры, босқа, ешейин, мәзи, пуш болыў.* Биз дүньядан көшкен менен дүньяға *бир пул,* Жерден изимиз өшкен менен дүньяға *бир пул* /И. Юсупов/. Саллақыға басшы деп, *Бир пул* етти сәнинди /Қырқ қыз/. **Бир салым**—*а) бир саларлық, киши төсекше.* Соннан кейин текиймет үстине жайған *бир салым* гилемшенің үстине барып малдасын қурынды /К. Султанов/. *б) азырақ нәрселер, затлар.* Өзим өлмей байдың баласына қыз түўе, *бир салым* дуз бермеймен /К. Султанов/. **Бир сапар**—*бир рет, бир мәрте, бир ғана.* ...бизиң оны *бир сапар* урғанымыз көзге көрине қойыпты, .../К. Ирманов/. Мен де *бир сапар* оған тигиле қарап едим /Ж. Сейитназаров/. **Бир саўда**—*а) машақат, ҳәрекет.* Саў болса ағалар адамның дени. Бир басқа *бир саўда* болды яранлар (Күнхожа). *б) шешим, питим, ҳақыйқат.* Сиз олай демең, бизики *бир саўда* /ҚҚ. х. е./. **Бир сәри**—*тәўирлеў, жағдайлаў, жақсылаў, жақсырақ.*—Сеники *бир сәри,*—дейди маған сөзиниң арасында,-ал мен не деп мақтанаман? /Ө. Хожаниязов/. **Бир сөзли**—*үәдесинде берк, ныҳ, қәҳәрли, өжет.* Палўан қыздың *бир сөзли,* өзиниң айтқан сөзинен шыға алатуғынын көрип, оған ышқы артты /Ө. Айжанов/. **Бир сыр**—*қупыя, жасырын, ҳәдийсе, жағдай.* Көз алдында турған яңлы, Саған *бир сыр* айтайын мен /Ж. Аймурзаев/. **Бир сүргин**—*бир саўда, машақат, ҳәдийсе, жаман ҳәрекет, жаман жағдай, жаман аўҳал.* Астынан түскейлер душпанның тахты, Бир басқа *бир сүргин* болды яранлар /Күнхожа/. **Бир сыпыра**—*биргелки, бирдей, теңдей, бир тегис, бир қанша, айырым, базыбиреў, гейпара.* ... *бир сыпыра* кемшиликлер ядқа алынды /ҚҚ. КСМ. атл./. **Бир табақ**—*табақ толыз ат, ас, аўқат.* „Төркиниң *бир табақ* ас таўып бере алмады /Қ. Султанов/. **Бир табан**—*қурттай жер, табандай жер.* Па, ана бир шабандоздың *бир табаннан* қайтыўын қара /Н. Дәўқараев/. **Бир тал**—*бир түйир, бир дана, қурттай, азғантай.* ...*бир тал* шашына алмайман,—деп гүбирленип қойды /С. Айний/. **Бир тамшы**—*қурттай, аз, күтә аз, азғантай.* Үстинен *бир тамшы да* жаўын өтпейди /Ө. Айжанов/. **Бир татыў**—*дәмин көриў, ишиў.* Көргизбеде ушыратып. Көрген екен, *Бир татып* /Т. Сейитжанов/. **Бир тәреп**—*бир жаққа, бир қапталға, бир бөлек, бир жақ.* /Шакул мылтықты *бир тәрепке* зыңғытты, .../С. Айний/. **Бир тилек**—*арман, нийет.* Бизиң билек. Беккем бирлик. Қос билек Бизиң тилек, Қызыл туўлы, *Бир тилек* /Ж. Аймурзаев/. **Бир төбе**—*а) бийик, дөң, төбешик.* Анаў көринген, *бир төбеден* өткеннен кейин бизиң аўыл /Жас Ленинши г./. *б) шоқ, шоқ-шоқ, топар-топар, көп.* Соннан соң бизлер бес-алты бала *бир төбе* болып ойынды баслаймыз /Э. Шамуратов/. *в) бир нәрселерди бөлек-бөлек етип бөлиў, деңгене бөлистиргенде гөшлерди төбелеў, бөлистириў.* ... олар да *бир төбе* гөш алды /Қ. Айымбетов/. *г) бөлек турарлық, татырлық, бир басқа, зыят, артық.* ...бул бала ҳәммеге қарағанда *бир төбе* болып көринеди /ҚҚ. х. е./. *д) тиришилик ететуғын дәўир, дүнья, өмирлик ететуғын ўақыт.* Ҳәмме жүрип өтетуғын *бир төбе,* Өмир барда бахыт пенен мәртебе (Г. Жумамуратов). **Бир түрли болыў**—*а) бузылысыў, минези өзгериў.* Усы күнлери сен *бир түрли болып* барасырсаң /Ә. Шамуратов/. *б) түри өзгериў, хошы болмаў.* Буны көрген Артықтың түр-түси *бир түрли болып* кетти /Ж. Аймурзаев/. **Бир тулып**—*а) торақ салыў ушын териден исленген дөңгелек нәмс.* ...бир шанаш ун, *бир тулып* торақ, бир-еки қарын қансын кеткен май алып келип еди /Қ. Султанов/ *б) Аўыс, ҳеш ким менен сөйлеспеў, бөлек жүриў, өз алдына жүриў, бултыйып жүриў, тобарсыў.* ...оның әдети *бир тулып* болады да жүреди /Қ. Айымбетов/. **Бир тийин**—*а) ақша, пул, гүмис ақша. Бир тийинсиз* Сапардың қанжығасына байлап жибергенимди умытпа ба қатын! /К. Султанов/. *б)* **Аўыс**, *баҳаланбаў, бир баҳаға турмаў, қуры, босқа.* /Шаққанлық исти ғәпсе, Иси оның *бир тийин* (Қырқ қыз). **Бир тырнақ**—*Аўыс, перзенти, бала, мал, дүнья.* Әўлийе қалмай түнеди. *Бир тырнаққа* зар болды (ҚҚ. х. е). **Бир ўақ, бир ўақыт**—*белгиниз бир ўақыт, жағдай,* ...айтсаң қай ўақ *бир ўақ,* сеннен өшкенимди аламан (А. Бекимбетов). Усыныс етти *бир ўақта.* Бир қызға былай қурдасы (Б. Қайыпназаров). **Бир уртлам**—*а) Аўыс, толтырып ишкендей, аз, жүда аз, қурттай.* Көмекбайдың қуўғынына ушырап, бир қысым от та, *бир уртлам* суў да ишкен жоқ (Ж. Аймурзаев). *б) Аўыс. нәрсе жоқ, дым жоқ, наўасы да жоқ.* ...жолаўшыға қолайтыз *бир уртлам* суўы жоқ шөллик, .. (Қ. Досанов). **Бир уўыс**—*бир қысым нәрсе.* Жаббар көседен *бир уўыс* көмир қалар еди (Айбек). **Бир үйир**—*топар, дүркин.* ...хожайынның *бир үйир* таўықлары топырақты тинтип атыр (С. Айний). Бир шанаш—*ун, тақан, гүриш, сөк, тағы басқа майда нәрселерди салып қойыў ушын жуқа териден узынша етип исленген қап.* ... *бир шанаш* ун, бир тулып торақ, бир-еки қарын қан-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

сып кеткен **май** алып келип еди (К. Султанов). **Бир шуқым**—*қурттай, аз*. Суўға кеткенлердиң қәлирин билип, Ата-анамда *бир шуқым* куў қалмады (Өтеш). **Бир ықғай**—*бир жөн, бир шетирек, бир тәреплеме, бир жақ*. ...*бир ықғайлаў*, жайылып, жүрген сыйырларға қарады (Ж. Себитназаров). **Бир қыял**—*ой, пикир*. Кеўлимниң қанасын алып *бир қыял*. Бар тула бойымды тутып турыпты (А. Дабылов). **Бир буўат**-*бир қолтық, бир дәсте, бир топ, бир баў*. ...*ол бир буўат* ҳәр түрли газета-журналларды усынды (Ө. Хожанов). **Бир топар**—*көпшилик, топарласқан адамлар*. ...бағдың ортасында *бир топар* бала-шағалар жүр (Ә. Шамуратов). **Бир жерге түйиў**—*жуўмақлаў, шешимге келиў, жуўмаққа келиў, келисиў*. Гәпти *бир жерге түйип* жыйнақты жаўды /К Султанов/. **Бир ҳәдийсе**—*ўақыя, ҳәрекет, жағдай, аўҳал*. Ол кейнине бурылып *бир ҳәдийсени* гүррең ете баслады /С. Хожаниязов/. **Бир мезгил**—*ярым күн, күнниң ярымы*. *Бир мезгил* оқысақ, *Бир мезгил* колхозымыздың атызында боламыз /Т. Қайыпбергенов/. **Бир күш**—*күдирет, ҳәрекет*. *Бир күш* пайда болар менде /И. Юсупов/. **Бир керилиў**—*керилиў, созылыў*. Көзлери уўқалап *бир керилди* /Т. Қайыпбергенов/. **Бир айып ислеў**—*кемшилик ислеў, билмеслик қылыў, айып қылыў, қәтелик қылыў*. Бирақ *бир айып ислеп* бастан өткерип алғанын соң сезди /Т. Қайыпбергенов/. **Бир туўысқандай болыў**—*татыў турыў, мәмилешиликте жасаў*. Ар-намыс *бир туўысқандай болыў*. Жүрегимиз сизлер үшин /Ж. Аймурзаев/. **Бир хожалық**—*бир үй, бир семья болып отырыў, туўысқандай болыў, жасаў*. *Бир хожалық* ағзасындай, Татыў шадлы жасар халқың (И. Юсупов). Темирхан ата кемпири менен екеўи *бир хожалықта* турады /Т. Қайыпбергенов/. **Бир муҳаббат орнаў**—*жақсы көриў, сүйиў, қәлеў*. Миллионлардай менин де. *Бир муҳаббат орнаған*. Жүрегимиң тәринде /К. Султанов/. **Бир мәҳәл**—*ҳәзир, усы ўақыт*. *Бир мәҳәлде* Артық аўыр түсинди /Ж. Аймурзаев/. **Бир шолып өтиў**—*аралаў, көзден өткериў*. Көзвертти қолына алып сестин шығармай *бир шолып өткенен* кейин қайтадан қәдимги қәлпине келди /Т. Қайыпбергенов/. **Бир табақтан ишиў**—*бирге ишиў, табақлас болыў*. Екеўимиз *бир табақтан ишкен* соң барлық басымыз бир-мизге тийе береди /Қ. Айымбетов/. **Бир дәрт**—*арман, қайғы, күйик, уўайым*. Бул да маған *бир дәрт* болды /К. Айымбетов/. **Бир тамсаныў**—*шайнаў, жутыў, жутыныў, аўызын қымылдатыў*. ...Атамурат *бир тамсанып* қойды да сөзин баслап жиберди /Т. Қайыпбергенов/. **Бир минут**—*жүда аз ўақыт, мөлшер, қурттай, миттай, кишкентай*. Қулласы *бир минут* ўақтын бос жибермейди (Ө. Хожанов). **Бир нәсият**—*кеңес, үгит, ақыл бериў*.—*Бир нәсийятым*,—деди Темирхан ата сөзин жалғастыра келип (Т. Қайыпбергенов/. **Бир дүркин**—*бир топ, топ-топ*, көп. Ҳәр бир аўылда *бир дүркин* болып ер жигит ҳәм қызлар болды /К. Султанов/. **Бир сумлық**—*ҳәр*

нық, ўақыяның, бәлениң. Ол ишинен ойланып *бир сумлықтың* болып жүргенин жети жасар қыз сезетуғын еди /Алпамыс/. **Бир усыныс**—*пикир, ой өтиниш*. **Бирақ менде** *бир усыныс* бар /К. Султанов/. **Бир ҳәпте**—*бир жума, бир базар арасы, бир жети күн*. *Бир ҳәптеге* шекем Базарханның аңғы жазылмай жүрди /Ө. Хожанов/. **Бир беткей**—*бир жақка, бир бағытқа, бир тәрепке*.—Жоқ, бундай емес,-деп есик жақта *бир беткей* отырған адырақ көзли, жалпақ бет, ақ куба жигит жуўап берди /К. Султанов/. Ҳәўлидеги суўларды *бир беткей* ығызды /С. Айний/. **Бир-бир ушыў**—*қәдири өтиў, күсеў, сағыныў, жақсы көриў, ынтығыў*. Есиктип қамыстың суўда қалысын, Көзлеринен *бир-бир уштың* сур ешек /Қ. Ирманов/. **Бир-бириў**—*бирин-бири, өзли-өзи, өз-ара, бир-бири*. ...*бир-бириўин* критика етсе, тартысады, .../Ө. Айжанов/. *Бир-бириў* ушырасып көрисип турамыз /Ө. Хожаниязов/. *Бир-бириўден* алдым-бердимине де шерик /Ө. Хожаниязов /**Бир бөлек**—*айырым, басқа, бөтен*. Астыма минген атым сур қара жал. Көкиректе *бир бөлек* келди қыял /Әжинияз/. **Бир-бирлеў**—*гезекпе-гезек, изли-изинен*. Молла қасындағы тәсписин *бир-бирлеп* моншақ өткерип ара-тура аўызын жыбырлатып қояды /Ә. Шамуратов/. **Бир басыў**—*а) малыў, суғыў*. Қолымды муздай суўға *бир бастым* /ҚҚ. х. е./. *б) атлаў, жүриў*. Асыққанлығынан аяғын аңнан-саңнан *бир басады* /Ж. Аймурзаев/. *в)* **Аўыс**. *ислеў, жабылыў, умтылыў Бир басып* отақ отап, шыжлаған шаңқай түсте түсликке шықты /Ө. Хожаниязов/. **Бир үмит**—*ниет, тилек, арман*. Ийтерер алға *бир үмит*, Иркилер емес ҳеш жерде /Б. Қайыпназаров/. **Бир-базар**—*а) бир қалың күни, бир базар күни, ҳәптениң жетинши күни*. ...көп кешикпей *бир базар* күни барып қалырман (ҚҚ. КСИ, атл.) .*б)* **Аўыс**. *бир жерге адамлардың көп жыйналыўы, шаўқымның қызыўы, адамлардың ғаўырлысы*. Ҳәмме болып қарыйдар, Қызды үлкен *бир базар* /Х. Алимжан/. **Бир жола**—*жалғыз бир ғана бир мәрте*. Өйткени тек *бир жола* ғана оның үйинде түсленипти, .../Т. Қайыпбергенов/. Әўезой тағы *бир жола* ғана фонарын жақты, .../Т. Қайыпбергенов/. **Бир жыйынтық**—*жыйналған нәрселер, затлар, буйымлар*. *Бир жыйынтықты* алып шықты, .../Жас Ленинши г./. **Бир тармақ**—*бөлеги, тараўы, тәрепи, бөлими*. Бизиң елде мине бундай жумыслар. Күтә жақсы иелердиң *бир тармағы* /А. Дабылов/. **Бир булақ**—*көп болыўы, таўсылмаўы*. Жүрегиме сенлик ышқым нигәрым, Сарқылмас *бир булақ* болып ағады /Ш. Мәмбетмуратов/. **Бир заман**—*азғана ўақыт, бир майдан*, Кел сүйгеним *бир заман* шана айдап ойнайық /Ш. Мәмбетмуратов/. **Бир жасап қалыў**—*ҳәзиллесиў, рәҳәтлениў, қуўаныў, шадланыў*. —Хат, көптен бери дәрексиз, жүрген аўылдың бир жигитинен хат келип *бир жасап қалдық* /Ө. Хожаниязов/. **Бир шақырым**—*метр аралық, даўыслап бақырғанда даўыс жетерликтей аралық*.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бир шақырымдай жүргеннен кейін, ...бір ғарры бұлардың алдынан шықты /Т. Қайыпбергенов/. **Бір тартар**—*төрт мүйешті, кішкене шаршы, бір тартарлық*, ...жүйылып өрилген шаш *бір тартар* жипек орамалдан шығып бәксеге түсіп Бур /Ж. Аймурзаев/. **Бір гүнк етіў**,—*гүдибузарланыў, гүнкилдеў, көтерилиў. Бир гүнк етип* мойнын таўласа. хәттеки қазанды да сындырады /Г. Қайыпбергенов/. **Бір нәрсе айтыў**—*сөйлеў, сөйлениў, гүбирлениў*. ...көллерде жаңғыртып Әбдикәрим бай *бир нәрселерди айтып* баратыр /Мәспатша/. **Бир себеп**—*жағдай, сылтаў, баҳа*. Аймерекс, ...*бир себеплер* менен әйгимелесип отырып қалды /Ж. Аймурзаев/ **Бир йош**—*жигер, шадлық, қуўаныш*. Өзинше *бир йош* менен, Ойын баслар тағы да /Ш. Мәмбетмуратов/. **Бирнәмели** болыў—*а) олжалап тағы да болыў, пайдаға ушырыў. жиңалық болыў, дүньялы болыў*, Егерде *бирнемели болатуғын болсақ*, алды менен кийим-кеншеклерин таярлаў керек, балам, —деди әкем бурынғысынан әдеп жумсарып /Ә. Хожаниязов/. *б) балалы, перзентли, болыў*. Назлы кемпир де *бирнемелалы, перзентли, болыў*. Назлы кемпир де *бирнемели болыпты*,—дести ғаррылар /К. Султанов/ **Бирнәрсе**—*а) бирнеме, бир зат, бир буйым. б) бир ўақыя, бир ҳәдийсе*, Егер усының менен де *бир нәрсе* болмаса, онда тағы да *бир нәрсе* ойлап көрермен /Ә. Шамуратов/. **Бирнәўня**—*қалай да, деген менен, солай болғанда да, әйтеўир, бир жағынан, бир тәреплеме*. Сонлықтан хан сорамындағы елатқа қараганда *бирнәўня* тәўирлеўмиз /К. Султанов). Енди *бирнәўня* тәўир болар деп ойлайды /К Аймбетов/. Бир нама—*а) саз, қосық*, ...үйди айналдыра тутылған қамыс қораның ызылдысы узыннан узақ қайғылы *бирнаманы* шертип турғандай еди /Ә. Шамуратов/. *б) Ауыс, Жыр табыў, жаңжел шығарыў, ўаз табыў*. ...қарап отырмай, *бир нама* таўып, үйди бұлдиресең, ...жәнжел шығарасаң! /К. Аймбетов/. Бир сезим—*ўақыя, ҳәрекет, гүдик*. Жатсыныў ма, таңланыў ма, әйтеўир жүрек толқытқан *бир сезим* бар /Ж. Сапаров/. **Бир әҳмийетли**—*нәтийжели, қунлы, тәсирли, жақсы, кеўилли, орынлы*. Машинада киятырып ана турған қара баладан *бир әҳмийетли* хабар еситтим /А. Бекимбетов/. **Бир қайсар**—*а) қарыўлы, ғайратлы, айбатлы, ҳүжданлы*. Әттең көрсем, көтерер ем төбеме. Кеўили дәрья сол *бир қайсар* ананы /К Султанов/. *б) ерикшек, ис қосжақпас, жумысты көп ислеп, қайт болыў*. Жумысты көп ислеп, *бир қайсар* болыпсаң озың /К. Аймбетов/. *в) сөктиң ҳәм басқа, нәрселердиң желинбей, көп турыўы, сақланыўы, көп турып маңызының қашыўы*. Алдымызға *бир қайсар* сөкти әкелип қойды, .../К. Аймбетов/.

БИРАДАР *ат.* **1.** *Дос, жора, жолдас, құрбы-құрдас*. Оңнар өскен *бирадарлар* бол аман, Алыс жолға сапар шектим мен бүгин /И. Юсупов/. **2.** *Аға, ини, үке, туўысқан*. ... *өз бирадарыңды* ҳүрметлеў уазыйпалы ис, ... (С. Мәжитов).

БИРАЗ *р.* *Көп, бир талай, бир қанша, әдеўир, бир неше*. Бул жаўлардың *бираз ына* тай келемен (Мәспатша). Сол күни олар кеште *бираз* сөйлести /Т. Қайыпбергенов/. Излеп *бираз* журтқа хабарынды салдым, Дерегиңди таба алмай жанымды алдым /Мәспатша/. ◇ **Бираздан кейін**—*көп ўақыттан соң, кән ўақытта кейин, бир талай ўақыттан соң. Бираздан кейин ол баяғы* әдетин баслады, .../Қ. Аймбетов/. **Бираз ўақыт**—*бир талай ўақыт, көп ўақыт, кән ўақыт. Бираз ўақыт* күтипти, келетуғын Дошшан жоқ /ҚҚ. х. е./. **Бираз-бираз хызметлер**—*көп түрли, ҳәр қыйлы, жүдә көп*. Оқыўға кетпестен-бурын Мийирбек *бираз-бираз хызметлерге* —ислеген еди /Қ. Аймбетов/.

БИРАЗЫ *ат.* *Көпшилиги, айырымлары, базыбиреўлери*. Кейнине ертип *биразын*, Тана сойып сүйретти (Қырқ қыз/. Буны еситкенлердиң *бираз ы* инанды, *бираз ы* инанбады /Ж. Аймурзаев/.

БИРАҚ *к. с.* *Сөйтсе де, деген менен, солай болса да, лекин. Бираҡ* жута алмай әдеўир ўақыт тамсанып отырды /Т. Қайыпбергенов/. *Бираҡ* өлгимиз келмеди, Жаўды жеңгимиз келеди /К. Султанов/. *Бираҡта* кейин бул кәте пикирине күтә өкиндим /Қ. Бекимбетов/.

БИРАҚТА *қ.* **бирақ**.

БИР АЎЫЗ *ат.* **1.** *Бир сөз, бир гәп, бир пикир, бир нәрсе. Бир аўыз* сөздиң еки аўыз лийкини болады /Ж. Аймурзаев/. ... ең болмаса *бир аўыз* сөйлесейин /Ө. Хожаниязов/. ...неге Бекниязов бул жөнинде *бир аўызда* жазбаған /А. Бекимбетов/. **2.** *Жайдың, үйдиң, қораның, ямаса басқа нәрселердиң киретуғын, шығатуғын орны, бир жери*. Ҳәмме бөлмелерге *бир аўыз* аркалы киресең /Қ. Айымбетов/.

БИР АЎЫЗДАН *р.* **1.** *Қабыллаў, мақуллаў, қабыл етиў, мақул көриў*. Буўын сөзин ҳәммеси *бир аўыздан* қәрип, атқа барған баланы өзлерине қосып алады /ҚҚ. х. е./.—Жоқ, жоқ, айтқанына қайылмыз, не айтсаң да турамыз,—дейди жигитлер *бир аўыздан* /ҚҚ. х. е./. **2.** *Жайдың, үйдиң, қораның, ямаса бир нәрсениң киретуғын, шығатуғын жери, орны*. ... олардың ҳәммеси *бир аўыздан* шығып киятыр /ҚҚ. х. е/. ... *бир аўыздан* дизилисип кире баслады /Қ. Аймбетов/.

БИР АЎЫЗЛЫҚ *қ.* **бираўызлылық**.

БИР АЎЫЗЛЫЛЫҚ *ат.* *Келисимшилик, мәмлешилик, келисимпазлық*. Мунлы болған бенде күлмес, Бенденің ҳалын ҳүр билмес, Шыны ҳүрлик өзи келмес. *Бир аўызлылық* бирлик дәркар (С. Мәжитов).

БИР БАС *қ.* *жалғыз*.

БИР БЕТКЕЙ *кел.* *Бир тәреплеме, бир жаққа, бир тәрепке*. Қой-жанлықлар *бир беткей* жайылып шықты, ... (Ж. Сейитназаров).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БИРГЕ *р.* *Бирликте, бирлесип, биргелесип.* Оның бул мәнези өзи менен *б и р г е* туўып, бирге питкен (Т. Қайыпбергенов). Саў болса ақыр адамның дени. Сәўбет курар *б и р г е* өскен жайлаўым (Күнхожа). Сақалымды кыраў шалмас, Жаслар менен *б и р г е* жүрсем (И. Юсупов). ◆ **Бирге барыў**—*жолдас болыў, бирге жүриў.* Соның үшын домком менен бизлер де *б и р г е б а р а й ық* (А. Бекимбетов). **Бирге болыў**— *бир жерде болыў, бир жерде отырыў, бир жерде жатыў.* Олар түнге қарай ерли-зайыптай *б и р г е б о л ып*, түни менен өз-ара көп гәплерд й сөйлеседи (А. Бекимбетов). **Бирге өсиў**—*бир аўылда жасаў, турыў, отырыў, тиришилик етиў.* Жети жастан *б и р г е ө с ип*, Жолдас болған перилер (Қырқ қыз). **Бирге татысыў**—*жеў, ишиў, аўқатланыў.* ... сен де қатарыңыздағылар менен *б и р г е т а т ыс а ғ ой* мынаны ... (Қ. Ирманов).

БИРГЕЛЕСИЎ *ф.* *Биригиў, аўыз бирлесиў, қосылысыў.* Көрсетилген жумысты ҳәммеси *б и р г е л е с ип* питкерип таслайды (Жеткиншек г.).

БИРГЕЛКИ *қ.* **бирдей.**

БИРГЕЛКИЛИК *қ.* **бирдейлик.**

БИРҒАЗАН *ат. зоол.* *Үлкен қустың түри.* Көлге *б и р ғ а з а н д а* келип түсти (А. Бегимов).

БИРДЕЙ *кел.* 1. *Тең, теңлес, уқсас. бара-бар.* Мен де отырман ески *б и р д е й* баламды жиберип (Т. Қайыпбергенов). 2. *Тегис, теңбе-тең, ортақ,* Устав ҳәммеге *б и р д е й* закон! (Т. Қайыпбергенов). Бәрине *б и р д е й*, қыз қайда, жарым-жартын катын ал (ҚҚ. х. н.).

БИРДЕЙИНЕ *р.* *Мудамы, ҳәмме ўақыт, бәрқулла, удайы.* ... мен усы жолда *б и р д е й и н е* қой бағып жүремен (ҚҚ. Х. Е.). Ол *б и р д е й и н е* қой бағады екен (ҚҚ. Х. Қ.).

БИРДЕЙЛИК *ат.* *Биргелкилик, теңдейлик, уқсаслық.* Шығармада *б и р д е й л и к* үшырасады,... (Г. Есемуратов).

БИРДЕМ: **бирдем жерден** *р.* 1. *Сағақтан, алқымнан, бирдем.* Баспашылар бизлерди *б и р д е м ж е р д е н* тутты (Ж. Аймурзаев). Кеўли болмай *б и р д е м ж е р д е н*, Ат шапты майдан ишинде (Мәспатша). 2. *Бир аўыздан қабыл алынған.* Якшы менен *б и р д е м ж е р д е н* сәўбетлер жақсы (Әжинияз). *Б и р д е м ж е р д е н* соңда егленбегил. Ғамгүн кеўлимди аўлағыл (ҚҚ. Х.Қ.).

БИРДЕМЛИК *ат.* *Бир кеўиллилик, кеўиллеслик, бир пикирлилик, пикирлеслик.* Сизлер *б и р д е м л и к т и* умытпаңлар.—деди ғарры қыз бенен жигитке (Жас Ленинши г.).

БИРДЕН *р.* *Кәпелимде, аңсызда, тосаттан, күтпеген жерден, тез. Б и р д ə н* кимдикин сүзип кириў керек (Т. Қайыпбергенов). ◆ **Бирден айтыў**—*сол ўақтта, ҳапзаматта, тезден жуўап қайтарыў.* Топа-торыстан *б и р д е н а й т ыў д а* қыйын екен (Ө. Хожанов).—Жоқ, деп *б и р д е н ж у ў а п а й т т ы*, ... (Ш. Артық). **Бирден иркилиў**—*тоқтаў, гидириў.* Азаннан бери бурқасынлаған қар *б и р д е н и р к и л и п* қалды (Т. Қайыпбергенов). Қалбай *б и р д е н и р к и л и п*, бизлерге қарады (Т. Қайыпбергенов). **Бирден түсиниў**—*дәрриў, тез, жылдам.* Жумагул жас емес, буныңдай нәрсени басынан кеширген, *б и р д е н т ү с и н д и* (Ө. Айжанов). **Бирден суўытыў**—*тез, шақан, сол ўақытта, сол заматта.* Күн *б и р д е н с у ў ы т т ы* (Т. Қайыпбергенов). **Бирден туўлаў**—*жулқыныў, тартыныў.* Кийик *б и р д е н т у ў л а д ы*, Тула бойы жуўлады (Т. Жумамуратов). **Бирден урыў**—*сабаў, салып жибериў, силтеў.* Шанышқанда шанышқыны бәрин *б и р д е н у р ы қ* ....(Қ. Айымбетов). **Бирден жаны шығыў**—а) *қорқыў, ҳүрғай ушыў, шоршыў, силкиниў, ҳаўлығыў.* Бул жағдайды көрген Артық ага *б и р д е н ж а н ы ш ығ ып* кетти (Т. Қайыпбергенов). б) *бирден өлип қалыў, жан талсырыў, жаны шығыў. Ш ық т ы ж а н л а р ы б и р д е н* Таяқ жаман тыйген екен (Бердақ). **Бирден таңланыў**—*ҳайран қалыў. Б и р д е н т а ң л а н ы п:*—Сержан шырағымбысаң!?—деди ол даўысы дирилден (Т. Қайыпбергенов). **Бирден қалғыў**—*бирден уйқысыраў, мүлгиў.* Ол ҳарығанлықтан ба *б и р д е н қ а л ғ ып* кетти (К. Султанов). **Бирден үркиў** —*секириў, шапшыў, ҳаўлығыў.* ... гүнан *б и р д е н ү р к и п* кетти (Ө. Хожанийзов). **Бирден ояныў**—*шоршыў, шоршыныў. Б и р д е н о я н ы п*, жас бала нәрсе, мени көрер де, ҳаплығып кетер (Т. Қайыпбергенов). **Бирден сезиклениў**—*гүдиклениў, қәўиплениў, секириў.* Анасының сөзинен *б и р д е н с е з и к л е н и п*, нәрсе қараларын жыйнап орнынан турды (Т. Қайыпбергенов). **Бирден жылаў**—*ҳә демей жылаў, бирден өкириў, өксиў.* Бул гәпти еситкен Сара *б и р д е н ж ы л а п* жибереди,... (С. Айний). **Бирден кийлигиў**—*ашыўланыў, тулланыў, күйиниў, кейиў.* ... Темирхан атага *б и р д е н к и й л и к т и* (Т. Қайыпбергенов). **Бирден-бир** —*нақма-нақ, ҳақыйқат, дәл,-тап. өзиндей.* Ленин образы,—халық шайырларының қосығын куўат берерлик *б и р д е н - б и р* образ (Н. Жапақов).

БИРДИ-ЯРЫМ *ат.* *Айырым, базы биреў жекке-жарым, гейбиреў, жекке-сийрек, бирең-сараң, шамалы, азырақ, барлы-жоқлы, анда-санда.* Күнде сәске болды, балалардың *б и р д и - я р ы м ы* „сәскелик жарманың ўақты болды таксыр" —деди (Қ. Айымбетов). Сыртта *б и р д и - я р ы м* ғаўырлы да еситилди (Ө. Хожанийзов).

БИРЕГЕЙ *р.* *Сийрек, анда-санда.* Олар бул күнлери *б и р е г е й* көринетуғын болды,... (Қыз. муг. ж).

БИР-ЕКИ *с.* *Аз, шамалы, азын-аўлақ, азғантай.* Мен оны *б и р - е к и* мәртебе ғана көрдим,... (Қ. Айымбетов). *Б и р - е к и* күн дем алатуғын кусаймыз (Ө. Хожанийзов). Шүкир, *б и р - е к и* жанлық бар,... (Ө. Хожанийзов). ... курған мойын дузағына *б и р - е к и* сапар бурылып та қойды (Қ. Айымбетов).

БИРЕҢ: **бирең-сараң** *кел.* *Сийрек, анда-санда, селдир. Б и р е ң - с а р а ң* жулдызлар жылтырап тур (Ө. Айжанов). Аспанда *б и р е ң - с а р а ң* жулдызлар жымыңласып көрине бас-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лады (А. Бекимбетов). ...*бирең-сараңын* найзалап есинен тайдырыпты,... (Ө. Хожаниязов).

БИРЕСЕ *к. с. Гә булай, гә олай, я булай, я олай.* Ҳеш ким менен кейиспеди, урыспайды, ал сен болсаң *бирресе* пы-йшақ қайда, қырғы қайда, *бирресе* кетпен қайда,... (Т. Қайыпбергенов). Айна *бирресе* қызыл, *бирресе* көк, *бирресе* сары болып, бир сааттың өзинде түрли реңге дөнеди (ҚҚ. Х.Е.).

БИРЕЎ I *с. Жалғыз, дана.* Егиз туўса ешкимиз, *Бирееўиц* болды сеники (Қырқ қыз). *Бирееў* емес талайын, Мен жайына келтирдим (Қырқ қыз).

БИРЕЎ I *ал. Ким екени белгисиз, жат, бөтен.* ... булардың *бирееўи* пазна *бирееўи* гүнде, *бирееўи* мала таппақшы болыпты (Қ. Айымбетов). *Бирееўлер* артына жалт қарасты, *бирееўлер* үйлерине кирип кетти (Ө. Хожаниязов.). Қатты сөйлеп *бирееўге*, Нәсиятым, үстем болма (Мәспатша).

БИР ЗАМАН *р. Бир мәҳәл, бир ўақыт.* Пионерлер мектептен шығып, көпир үстинде *бир заман* иркилди (Жеткиншек г.).

БИРИГИЎ *ф. Бирлесиў, биргелесиў, күш қосыў, жәмләсиў.* Мийнет темасы героизм темасы менен органикалық түрде *бирикти* (Г. Есемуратов). Базар күни екеў-үшеўи *бириги п*, атаўдан келген балықшыларды аңлыйды (Н. Дәўқараев). Халықлар *бириги п* мәңги, Ерип Ленинниң изине (Х. Сейитов). ◆ **Бириккен сөз**—*грамм. еки ҳәм оннан да көп сөзлердиң бириги п, бир түсиникти билдиретуғын сөзлер.* Муғаллим *бириккен* сөзлерге мысал жазып келиўди тапсырды,... (Жеткиншек г.).

БИРИГИЎШИ *ат. Уйымласыўшы, қосылыўшы, шөлкемләсиўши, бир мәмлеге келиўши, қосылып бириги ўши.*

БИРИГИЎШИЛИК *ат. Шөлкемлесиўшилик, уйымласыў-шылық, қосылыўшылық, бир мәмлеге келиўшилик.* Балықшылар арасында *бириги ўшилик* пайда бола баслады (Қ. Ирманов).

БИРИКПЕ *ат. Бир неше заттың, элементтиң қосындысы.* Бул ҳәр қыйлы затлардың қосындысынан пайда болған *бирикпе* („Қыз. ҚҚ" г.).

БИРИКПЕЎ *ф. Шөлкемлеспеў, уйымласпаў, бирлеспеў, биргелеспеў, жәмлеспеў, күш қоспаў.* Соңлықтан олардың күши *бирикпей*, тармақланып кетеди де, бириниң кейининен бири өтиўине себепши болады (ҚҚ. Х. Е.). ...аўызлары *бирикпей* тарап кетип, қайтадан тағы да сөзге кириседи (А. Бегимов).

БИРИКТИРИЛИЎ **биригиў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БИРИКТИРИЎ *ф. Шөлкемлестириў, жәмлестириў, бирлестириў, биргелестириў, мәмлеге келтириў.* Ол екеўимиз ақылкүш *бирикти ри п* балаларға „басшы" болдық (Ж. Аймурзаев). ... адам менен *бирикти ри п* қараў мине әдиўли ўазыйпа (Г. Есемуратов). *Бирикти ри п* дараны, Колхоз еткен аўылын (Т. Сейитмамутов). ◆ **Бас бириктириў** —*бас қосыў, биргелесиў, қосылысыў.* Көплеп түркменлердиң батырлары *бас бирикти рди* (Қ. Ирманов). **Аўыз бириктириў**—*мәмлелесиў, бир келисимге келиў.* Демнин арасында *аўыз бирикти ри п* сыр айтысатуғын солар ма! (Т. Қайыпбергенов). **Күш бириктириў**—*жәмлесиў, биригиў, күш қосыў, бирлесиў.* Зулыпты қосып үшеўи, *Күш бирикти ри п* тартады (А. Дабылов).

БИРИКТИРМЕЎ *ф. Шөлкемлестирмеў, жәмлестирмеў, бирлестирмеў, биргелестирмеў, мәмлеге келтирмеў, басын қоспаў.* Идеялық мазмунды терең көркем анализ бенен *бирикти ре алмады* (Г. Есемуратов).

БИРИМ-БИРИМ *қ.* **айырым-айырым.**

БИРИМЛЕНИЎ **биримлеў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БИРИМЛЕТИЎ **биримлеў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БИРИМЛЕЎ *ф. рир-бирлеў, бирим-бирим, избе-из, дара-дара, айырым-айырым, жекке-жекке.* Болған исти баянлап, Қалай *бири мле п* Молайтар (Қырқ қыз). Гейде сүйип Клараны емизип, Табысларын айтып берер *бири мле п* (И. Юсупов). Ербай *бири мле п* санаўға киристи (Т. Қайыпбергенов).

БИРИНШИ *с. I. Санлықтың қатарлық саны. ...бири нши* класстың барлық китапларын, кәлем-қағазы ҳәм сыя дәўет алып қайттым (А. Бекимбетов). Геннадий сентябрь айының басында *бири нши* класска окыўға барды (А. Бекимбетов). Олардың бири урыстың *бири нши* күнлеринде-ақ қаҳарманларша қаза тапты (Т. Қайыпбергенов). **2.** *Аўыс. Ең жақсы, ең алдыңғы, ең мықлы, алдыңғы қатардағы, алдағы.* Азат жақсы окыйды, класс бойынша *бири нши* бала (Жеткиншек г). Жазба поэзияның ең *бири нши* баслаўшысы XIX әсирде жасаған шайыр Жийен Тағай улы болды (Н. Дәўқараев). Усы колхоз жаңа поселкаға шыққанда *бири нши* болып жай салды (Ө. Хожаниязов). Неше азаматлар төбелес еткен, Нешшесиниң иси таяқка жеткен, Қолда ең *бири нши* жарағы кетпен, Бул жәнжелге ҳәмме ҳайран болдылар (Бердақ). ◆ **Бириншы май**—*мийнеткешлердиң халық аралық май демонстрациясы, май байрамы.* Халқымыз бирлескен *бири нши май да*, Хызметте жаңшилген барлық гедей де (С. Нурымбетов).

БИРИНШИДЕН *с. Санлықтың топлаўсаны, ...бири нши ден* экемниң кеўлин жықпайды, екиншиден, бул шын мәнисинде дурыс еди (Ө. Хожаниязов). Бул *бири нши ден*, бет-қолларыңызды, аңқаларыңызды таза тутың деди (ҚҚ. Х. Е.).

БИРИНШИЛИК *ат. Бириши орында турыўшылық, бириши орынды ийелеўшилик, бириши қатарда болыўшылық, алда болыўшылық.* Кешеги бес күнликте сизлер менен жарысыўшы Марат атындағы колхоз *бири нши лики ти* алды (К. Султанов).

БИР ҚАНША *р. Бир талай, бир неше, бираз, көп. Бир*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қанша күнлерге шекем келмейтуғын болып шықты (Қ. Айымбетов). Сөйтип *бир қанша* күн муз болып қатқан жүрек кем-кемнен жибисип, бара-бара ерип кетти,... (Ө. Хожаниязов). — Сен атланып жоллар астың *бир қанша*, Жәбир берме назлы ярым сен онша (Мәспатша).

БИР ҚАТАР *р. Теңлес, сыбайлас, тегис, ҳәмме, жәми.* „Бийәделер неге оқымайсызлар?“— деп шыбық пенен *бир қатар* сыпыртып урып шықты (Қ. Айымбетов). Булар бир аўылда *бир қатар* өсти (Ж. Аймурзаев). Төркини менен тамырды, *бир қатар* бәрин шақырды (А. Дабылов).

БИР ҚӘДЕМ *р. Бир адым, қәдем.* Жәмийла *бир қәдем-де* былай үйинен шықпады (К. Султанов).

БИР ҚОС УЎЫС *кел. Қос уўыс пенен салынған я алынған заттың мөлшери, муғдары.* Кәл баланың етегине *бир қос уўыс* қуўырмаш салды (ҚҚ. Х. Е.). 2. *Шамалы, азғантай, азын-аўлақ.* Ол *бир қос уўыс* ун әкелди (Ө. Айжанов).

БИР ҚУЛАШ *кел. Ескиден қолтықтан ортаңғы саўсақтың ушына шекем болған узынлық өлшеўи. Бир қулаш* бөзди де табыў қыйын еди (Қыз. ҚҚ. г.).

БИР ҚУШАҚ *кел. Қолтық толарлық, қушақ жетерерлик.* Мың кубылтып тынбай ойын сап, Көл етекте шабар тайынша қ, Мойны бир гез дөңгелек туяқ, Жалы *бир қушақ* (Т. Сейтжанов).

БИР ҚЫЙЛЫ *кел. Уқсас, бир түрли, бир ыңғай, бир тегис.* Ясли дөгерегиндеги ойнап жүрген балалардың ҳәммеси *бир қыйлы* екен (Жеткиншек г.).

БИР ҚЫЙЛЫЛЫҚ *ат. Уқсаслық, бир түрлилик, бир ыңғайлық.* Буның мазмунында *бир қыйлылық* ашықтан-ашық сезиледи (Г. Есемуратов).

БИР ҚЫРЫН *р. Бир жақлы, бир тәреп, бир капшал.* Қыз *бир қырын* отырған кәдиинде: шүкир, —деп мунайым жуўап қайтарды (К. Сулганов). Көгерген көктиң жүзинен. Еңкейип төмен *бир қырын* (Б. Қайыпназароз).

БИР ҚЫРЫНЛАЎ *кел. Қыйсайыңқырау, бир капталлаў, бир жақлылаў, бир тәреплеў.* ...*бир қырынлап*, яўмыты мурт, капасақал жалпақ бетли бий көк чайды кейип пенен қайтарып отыр (К. Султанов).

БИР ҚЫСЫМ *кел. Шамалы, азын-аўлақ.* Баланың етегине *бир қысым* ғана топырақты салып изине қайтарды (ҚҚ. Х.Е.).

БИР ҚЫЯ *р. Узақ, бир қаптал, бир шет.* Быйыл пахтаны да *бир қыя* египти (Қыз. ҚҚ. г.).

БИРЛЕНИЎ **бирлеў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БИРЛЕСИЎ *ф. Биргиў, уйымласыў, қосылыў, қосылысыў, иргелесиў, мәмлесиў, аўыз бириктириў.* Гил жарлылар тил бириктирип, *бирлесиўге* жақынласты (К. Ирманов). Буннан кейин балалары атасының ақылын алып, *бирлесип* жумыс ислепти (ҚҚ. Х. Е.). Тақ атқанша басланды той, Ҳаяллар *бирлескен* екен (Бердақ).

БИРЛЕСКЕНЛИК *ат. Жәмлескенлик, шәлкемлескенлик, уйымласқанлық.* Тап усы ўақытқа *бирлескенлик* пайда берди (Қыз. муғ. ж.).

БИРЛЕСПЕ *қ.* **бирикпе.**

БИРЛЕСТИРИЛИЎ **бирлесиў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БИРЛЕСТИРИЎ **бирлесиў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БИРЛЕТИЎ **бирлеў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БИРЛЕЎ *ф. Сийреклетиў, үшлеў, сийреклеп жулыў.* ...мектеп оқыўшылары да пахтаны *бирлеўге* жәрдемлесип атыр (Сов. ҚҚ. г.). *Бирледиң*, үшледиң пахтаңды жастан, Жақсы тәрбиялап өсирдиң бастан (С. Нурымбетов).

БИРЛИ-ЖАРЫМ *қ.* **бирди-ярым**

БИРЛИК *ат.* 1. *Аўыз биршилик, бириккенлик, улыўмалық, аўқамласлық, биргиўшилик.* „Бахытлы“ колхозының жигитлериниң *бирлиги* қашыпты (Ж. Аймурзаев). Оның *бирлиги* өскен сайын билими де өседи (С. Хожаниязов). Шыны ҳүрлик өзи келмес, Бир аўызлық *бирлик* дәркар (С. Мәжитов). 2. *Ақшаның қанша екенин көрсететуғын саплар.* Баланың қысымындағы ақша еки жигирма беслик, еки онлық ҳәм төрт *бирлик* екен (А. Бекимбетов).

БИРЛИКЛИ *кел. Аўыз биршиликли, келисимли.* Баўырмал халық, *бирликли* ел, Деди заман бол абадан (Ж. Аймурзаев). *Бирликли*, қудиретли елимниң ойы, Сәлем сизге қәдирданың улыпнан (Ә. Шамуратов).

БИРЛИКЛИЛИК *ат. Бирликли болыўшылық, бир аўызлылық, келисимшилик, бас қосыўшылық, бириккенлик.* Сөйтип, „Жаңа жарған“ның қысқы казыўы да аўыз *бирликлилик* пенен өтти (Т. Қайыпбергенов).

БИРЛИКСИЗЛИК *ат. Келиспеўшилик, маўасасызлық, бүлгиншилик, келисе алмаўшылық.* Олар *бирликсизлик* нәтийжесинде бүлгиншиликке ушырады,... (Қыз. мүғ. ж.).

БИРЛИКТЕ *р.* 1. *Бирге, биргеликте, бирлесип, қосылысып.* Барлығын да балалар менен *бирликте* оқын (А. Бекимбетов). Ҳәтте бизлер аўылдан келген хатларды *бирликте* оқыйтуғын едик (Г. Камалова). 2. *Бас қоспа, жәмлеспе, қосылыспа.* ... — Мен ҳәзир „Дом Советке“ бараман, бүгин кеште қалалық Партия Комитети менен Атқарыў Комитетиниң *бирликтеги* бюро ҳәм президиумы болады екен (А. Бекимбетов). Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының Ташкентте (1957) өзбек әдебияты ҳәм искусствосы менен *бирликте* Москвада (1959) өткерилетуғын болды,... (Г. Есемуратов).

БИРЛИ-ЯРЫМ *қ.* **бирди-ярым.**

БИР МАЙДАН *р. Азғана, шамалы, қурттай, бираз.* ...тәбиятта *бир майданда* ала қуйын күн жаўып, *бир майданда* дым көрмегендей ашық-жарық болады,... (Ө. Хожаниязов). Ишкерилеп нан же, *бир майдан* отыр деп кемпир

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жас патшаға мирәт етеди (ҚҚ. Х. Е.). Фатима *бир майдан* жер шуқлап отырады (Ө. Хожаниязлв).

БИР МӘРТЕБЕ *р. Бириншн рет, бириншн сапар, дәслепкн сапар.* Қәне, және *бир мәртебе* шын ақылыңыз бенен ойланып көрин, сөйтип расыңызды айтың?! (А. Бекимбетов). Кеширек өзиниз және *бир мәртебе* еңбеклейсиз, бола ма? (А. Бекимбетов).

БИРМЕ-БИР *р. Жекпе-жек, дара-дара, избе-из, гезекпе-гезек.* Себеби, болған ўақыяны *бирме-бир* еситип, көзден өткерип атыр,... (Б. Бекниязова). ... колхоз жасларын көзи менен *бирме-бир* көзден өткерди,...(А.Бекимбетов).

БИР НЕШЕ *ал. Бир топар. бир сыпыра, бир қанша, бир талай, белгисизлик.* Меним бул үйде турғаныма *бир неше* айлар болды (Қ. Айымбетов). *Бир неше* жылға өтпестей, Отыз еки жасы бар (Мәснатша). *Бир неше* айлар жеткенде, Журындайын тазыңыз, Тағы бир исти етеди (Қырқ қыз).

БИРОТАЛА *р. Тутас, тегис, толығы менен, ҳәммесин, путкиллей, тутасы менен.* Бай енди қойын даўласып, қазы алдына барып, шопан жигиттен *биротала* кутылады (ҚҚ. Х. Е.). Енди *биротала* сол атаўда жалғыз жасайын деп барып сени ушыраттым (ҚҚ. Х. Е.). Я өлтирип, я өлип, Я алдырап, я алып, *Биротала* тынайын (Бердақ).

БИРӨҢКЕЙ *кел. Биргелки, бир ыңғай, бир тегис.* Енди бөтен сөз қойылсын, Маллар *бирөңкей* жыйылсын, Ертерек соғым сойылсын (С. Мәжитов).

БИР ПАРА *кел. Айырым, гейбир, базыбир, бир қатар, бирсыпыра. Бир пара* адамлардың дос болмағы да, жоқ жерден жыр таўып жәнжеллесиўи де ап-ансат (Қ. Айымбетов). Узақ жаса,—деди *бир пара* киси, билмейди оны ма ямаса түси (С. Нурымбетов)

БИР ТАЛАЙ *р. Бир неше, көплеген, бир қанша, бир қатар биргелки.* Тыныщбаев қара басы турады, жасы да *бир талайға* барып қалған (Қ. Айымбетов). Отырыс *бир талай* ўақытқа созылды (Н. Дәўқараев). Өтирикши саяқлар, *Бир талай* ғана бар еди (Қырқ қыз).

БИРТЕ-БИРТЕ *р. Ақырынлап, аз-азлап, биринширен, әстеәсте.* Енди *бирте-бирте* жумысқа кириссек қалай болады (Ж. Аймурзаев). Жазда ағашлар сылдыр қағып, *Бирте-бирте* жамылды көк (И. Юсупов).

БИРЯН *ат. Муң, қайғы, қапалық, қапашылық, уўайымшылық.* Баллар менен оқып қуран. Биле алмасам бағрым *бирян* (Бердақ). Таныс кеши күндиз көзим гирияны, Кеўлимледур өлим-баўрым *бирянын* (Әжинияз).

БИСМИЛЛА *ат. дин. I. Хәр қандай жумысларды баслаўда, тамақ ишиўдиң алдында мусылман дининдегилердиң „қудайдың, алланың аты менен" деген мәниде айтылатуғын сөз, баслаймыз деген мәнини билдиреди.* Жигирма бир табақ жасады, *Бисмилла* айтып асады (Бердақ). *„Бисмилла"* деп сөз әўелин баслаған, Китап ашып жалған корра таслаған (С. Нурымбетов). 2. *„Бисмилла ирахма ниррахим" түринде, куранның сүўресиниң және дин китапларынан, диплик мәниде (стильде) жазылған хатлардың ҳәм тағы басқа, басқы, бастағы сөз қатарында қолланылады.* Соннан соң екинши жигит қолын узатып „мә",—деген екен, Қәне, *„бисмилла ирахма ниррахим."*—деп еки қолын узатып, туўра умтылыпты ғой (К. Султанов).

БИСЬЯР *р. Тайын, таяр, саз, питти.* Әкең қәлесе де нени, Байда *бисьяр* бәри қызым (Бердақ).

БЛАНК *ат. Айырым бөлеклерине таяр текстлер басылған, қалған бөлеги толтырыўға ылайықланған бир бет қағаз.* Басбухгалтер келди де *бланкти* толтыра баслады (Қ. Айымбетов).

БЛОК I *ат. техн. Аўыр жукти, аўыр нәрсени көтериў ушин қолланылатуғын әсбап.* Заводқа әкелинген жүклерди *блок* пенен ғана түсирин,—деди директор (Қыз. ҚҚ. г.).

БЛОК II *ат. Биригип ҳәрекет қылыў ушын мәмлекетлердиң, сиясий партиялардың ҳәм уйымлардың, шөлкемлердиң арасында дүзилген келисим.* Бул еки мәмлекет арасында *блок* пайда болды,... (Қыз. муг. ж.).

БЛОКАДА *ат.* 1. *Камаў, қоршаў, камал,* Олусы күнненбаслап *блокада да* қалды, ...(Қыз. ҚҚ. г.). 2. *Аўыс. Бир мәмлекетти экономика ҳәм сиясий жағынан албыратыў мақсетинде исленген қысым, ҳүжим, ҳәрекет.* Усыннан баслап оларге *блокада* шөлкемлестирилди (Қыз. ҚҚ. г.).

БЛОКНОТ *ат. Керекли нәрселерди жазыўға қолайластырылып исленген, қойын қалтаға салып жүретуғын дәптерше* Айырымларын *блокнотына* жазып қойды (Ө. Айжанов) Хәр бир муғаллимниң *блокнотынан* „Пахта сводкасы" табылар мудам (И. Юсупов).

БОҒАЎЫЗ *ат. Сөгис, кейис, уят сөз.* Ендигиден былай бундай *боғаўыз* болма.—деди муғаллим (Жеткиншек г.).

БОГЖАМА *ат. Алашадан төрт мүйешли етип исленген, төрт мүйешине баў тағып, ишине кийим-кеншек салып байлап қойылатуғын зат.* Оның қапталында *богжама* менен керги тур (К. Султанов). Аршаның үстине *богжама*, каршын, каршының үстине түрли көрпе-төсек,... мақпал дастықлар менен толған (С. Хожаниязов). Апам аршаның үстиндеги каршын. *богжамаларды* жылдам-жылдам алып жерге койып атыр (Т. Қайыпбергенов).

БОЗ I *ат. Шаңғытып жатырған топырақлы жер.* ...геўдем күўрап *бозда* жатырған мүсәпир ғарры едим, ...(„Мәснатша"). Булардан да өтип бир даланлықтағы *боз* бенен кетип баратырса жолдың шетинде қумырысқалардың өз инине кире алмай турғанын көрипти (ҚҚ. х. е.). Бул ислерди етип кумар, *Бозлардан* аўдарып томар (Омар). ◆ **Боз бузаўлаў**—*боз*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жерге егилген егиннің көп өним беруі. „Боз бузаўлаў“ дегендей, Өним берер жер екен (Б. Қайыпназаров). *Боз ярық бузаўлап*, Ортаң толысып, Исиқ раўаж алып барар, Қоңырат (И. Юсупов).

БОЗ II *кел. Буўрыл, ақшыл тартқан түс, түр.* Әжинияздың ажары *боз* тартып, Қалменнің үйине келип аттан түсти (К. Султанов).

БОЗ III **боз торғай** *ат. Ҳайўанаттың, жанлы-жаныўарлардың түр-түсин билдириўи, буўрыл тартқан түс.* Атыздағы *боз торғай* пыр-пыр етип, ушып-қонып, шырылдап, сайрап, ундағы жез қанат, жас палапанына курт-кумырска тамақ излеп жүр (Қыз. муғ.ж.). ◆**Боз торғай—Аўыс.** *Күз ҳәм ҳайўанат ҳәм жанлы-жаныўарлар арқалы буўрыл түрди, ақ түсли мәнисин билдиреди.* Ушып кеткен *боз тарлаңмық* келипти, Сизге, бизге бүгин өлсек әрман жоқ (Алпамыс). Әмет минген *боз тарландың* ойнатып, Минип сулыў полат суўлық шайнатып (И. Юсупов). Бизлер бир мөҳмин *боз торғай*. Не қыларман жаў торғайды (Күнхожа).

БОЗА *ат. Бийдай, тары, жүгери, гүриш дерлы ҳәм тағы усы сыяқлыларды жарып, майдалап қайнатылып, ашытылып исленген аўқат, ишимлик. Боза* ишкен мәслер болған жан балам, Жигербентим қайсы елден келерсең (Коблан).

БОЗАН: **бозан тартыў** *ф. Куўарыў, бозарыў, өсимликлердиң куўарыўы, бозарып қалған жер.* Бийдайдың алды қызарды, кейни *бозаң тартты* (Алпамыс). Салқын самал, жапырақ сарғайған, жердиң түси *бозаң тартып* тоңырақ өзгерген (Г. Есемуратов).

БОЗАРЫЎ **к. бозарыў.**

БОЗАРЫҢҚЫ *кел. Куўарыңқы, қызғыш түсли.* Сәлиймәниң түри *бозарыңқы* тартып келди, ...(К. Султанов).

БОЗАРЫҢҚЫЛАЎ *кел. Куўарып қалыў, қызғыш түске енип, бозаң тартыў.* Алмалай дөнип турагүн жүзи *бозарыңқырған* (Ж. Аймурзаев).

БОЗАРЫСЫЎ **бозарыў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БОЗАРЫТЫЎ **бозарыў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БОЗАРЫЎ *ф.* 1. *Түри өзгериў, деңки қашыў, өңи өзгериў, түнериў, куўарыў.* Қызлардың түри *бозарып* бетинен қаны қашып кетти (К. Аралбаев). Жәмийла түси *бозарып*, еки көзи теңиздей түнерди (К. Султанов). ...ол биресе қызарды, биресе *бозарды* (М. Әбдреймов). 2. *Таңның ағарып атыўы, сарғылт тартыўы.* Тан *бозарып* саз берди (С. Хожаниязов). Мәҳәлинде *бозарып* тат атады (Ә. Шамуратов). „Тан нуры“ колхозы ашылған ақшам, Ойын даўам етти *бозарғанша* (И. Юсупов).

БОЗ БАЛА *ат. Бойдақ, үйленбеген, жасы жеткен, ержеткен бала, жас жигит. Боз балалықтан* өмиринин өткенин еле билмейсең-аў (Ө. Айжанов). Шал да болса ол Бегиш өзиме жас, Мен оны *боз балададан* кем көрмеймен (Әжинияз).

БОЗ БАЛАЛЫҚ *ат. Бойдақлық, жигитшилик.* Бул *боз балалықтан* сағап ҳеш пайда жоқ, ...(Қыз. муғ. ж.).

БОЗ БАЛАЛЫЛЫҚ **к. боз балалық.**

БОЗ-БОЙРАН **қ. боз-боран.**

БОЗ-БОРАН: **боз-боран болыў** *ф. Жылаў, өкириў, егилтегил болыў, жалбарыныў.* Ўай-журтым халайық!—деп әкем *боз-боран болып* бозлап жылап қоя берди (С. Хожаниязов). Анаў күндегидей түни менен тағы да *боз-боран болып* жылап шықса керек (К. Смамутов). Үш-төрт баспашы *боз боран болып* еңиреген баланы аўылдың ортасы менен сүйреп киятыр (К. Султанов).

БОЗҒЫЛТ *кел. Ақшыл, сурғылт. Бозғылт* көкте ай сәўлеси акылып, Жақтыртады жолдың қарлы тақырын (И. Юсупов). Дейди Таня әйнегинен, *Бозғылт* таңға күле қарап (И. Юсупов).

БОЗҒЫЛТЛАНЫЎ *ф. Ақшылланыў, сурғылтланыў.* Ай да *бозғылтланып* өз уясына қарай жылжыйды, ... (Сов. ҚК.г.).

БОЗ ИНГЕН *ат. Өркеши айры ақшыл ана түйе.* Қой қылып қумырысқамды қозы бақтым, Қозыңды *боз инген* қылып мен бозлаттым (Қ.Қ. х. қ.). ◆**Боз ингендей бозлаў**—*еңиреп жылаў, боз болып жылаў, қыйналып жылаў.* Суўық хабарды еситип, *Боз ингендей бозладым* (Мәспатша). Бир күни журт „өлди“ десип Ленинди, Ботасы өлген *боз ингендей бозлайды* (И. Юсупов).

БОЗЛАҚ **қ. боз 1.**

БОЗЛАНЫЎ **бозлаў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БОЗЛАСЫЎ **бозлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БОЗЛАТЫЎ **бозлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БОЗЛАЎ *ф.* 1. *Жылаў, өкириў, еңиреў, еңкилдеў.* Қыздың сынсып *бозлап* жылаған ашшы даўысы шықты (К. Султанов). —Ата, ҳәй ата! қыз усыны айтып буўлығып, *бозлап*, еңиреп жиберди (К. Султанов). 2. *Ботасы өлген түйениң қайғыланыўы, қыйналыўы, бозлаўы. Бозлаған* нардан айырып, Ботаны қылды бир басқа (Бердақ). Ботасы өлген түйедей, Қуў далада *бозлады* (Қырқ қыз). Боталағын жоғалтқан нардай *бозлаған* даўысың жүрегимди жарды ғой,—деди Қәдирбай ишке кирип босағада турып, ...(А. Бекимбетов).

БОЗ ОРДА **қ. ақ орда.**

БОЗ ОТАЎ **қ. ақ отаў.**

БОЗ ТОПЫРАҚ **қ. боз 1.**

БОЗ ҮЙ **қ. ақ үй.**

БОЗЫҒЫЎ *ф. Жердиң бозға айналыўы, боз бола баслаўы, шаңғытып ағарып жатыўы.* Келди, көрди жазық жер, Жатыр екен *бозығып* (Б. Қайыпназаров).

БОЙ *ат.* 1. *Бир нәрсениң, заттың бийиклиги, тиги, тик*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бойы, узынлығы, бийиклиги. Өрбиген өсимликтин, Көленке тортты *б о й ы н* /Г. Есемуратов/. 2. *Адамның, ҳайўанаттың, жанлы-жаныўарлардың денеси, турқы, келбети.* Тал шыбықтай таўланған, Көрип кыздың *б о й ы н ы,* Ашық болды қан жүтын, Жиберип мақсет ойыны (Мәспатша). 3. *Жаптың, каналдың, дәрьяның, теңиздиң, көлдиң, өзектиң, суўдың, жолдың, ҳәм тағы басқа да нәрселердиң бойы, жағасы, қыры, ернеги.* Сайран етип жүрер едим *б о й ы ң д а,* Қалақ ойнап сүңгигеним ойымда (К. Султанов). Бир ўақлары Хийўа хан, Таллық деген дәрьяның, *Б о й ы н а* жетип барады (Бердақ). 4. *Кийимниң алдыңғы еки өңири, артқы бойы, узыны.* Узликсиз тонлар пишилсе *Б о й* болáр да сын болмас (ҚҚ. х. к.). 5. *Бойынша, белгили бир ўақыт ишинде, мезгил ишинде.* —Әмудәрья,—өз суўларын ағызып келип атырған ылайдың майда бөлшеклерин мың жыллар *б о й ы н а* мукыят жыйнастырып сақлады (Сов. ҚҚ.г.). 6. *Адам денесиндеги болатуғын ҳәр қыйлы ҳәдийселер, жағдайлар, минезлер, өзгерислер.* Муҳаббат жалының *б о й д а* лаўлаткан, Үлгили исин бе, яки сөзин бе? (Х. Сейитов). Мениң өз *б о й ы м а* питкен бир минез бар (Ж. Сейитназаров). ◆**Бойы лән болыў**—*денеси исленей қалыў, жансыз қалыў, майып болыў.* Әреби ат карыс жалы болмаса, Арқасы жаўырдан *б о й ы л әң б о л а р* (Әжинияз). **Бойына ҳәмле питиў**—*қурсақ көтериў.* Кешикпей-ақ Қарашаштың *б о й ы н а ҳ ә м л е п и т т и* (Мәспатша). **Ебирейген бой**—*келисиксиз дене.* Хеш кимге де көрсетпе, *Е б и р е й г е н б о ы ң д ы* (Қырқ қыз). **Бойынан куртыў**—*ойынан, денесинен шығарыў, жоқ етиў, қол үзиў.* Сенин максетиң езиўшилерди өз *б о й ы ң н а н к у р т ы ў* еди, ... /Қ. Ирманов/. **Собырайған сопақ бой**—*жиңишке узын дене, геўде. С о б ы р а й ғ а н с о п а қ б о й ы м* бар, Ойлаған бузық ойы бар (Өтеш). **Бой оздырыў**—*жарысыў, узын болыўға ҳәрекет қылыў, умтылыў. Б о й о з д ы р ы п* жас теректен, экскаватор кранлары (И. Юсупов). **Бойға тартыў**—*өсиў, узайыў.* Айпанайын жас бөбегим, Өс тезирек *б о й ғ а т а р т ы п* (И. Юсупов). **Бойға тарамаў**—*сиңбеў, жайласпаў. Т а р а м а й д ы б о й ы н а* Пал косса да ишкен ас /Қырқ қыз/. **Бой тасалаў**—*жасырыў, көрсетпеў. Б о й ы н т а с а л а п* жатты (Алпамыс). **Бойға шаптыў**—*умтылыў, секириў, өрмелеў. Б о й ғ а ш а п ш ы д ы қ* Бой сен келе-келе, Токта, асықпа, мәккар сулыўым /И. Юсупов/. **Бой кернеў**—*кеңейиў, өсириў, раўажланыў.* Ой артынан ой туўып, *Б о й к е р н е д и* куўаныш /Г. Есемуратов/. **Бой қалтыраў**—*қалшылдаў, дирилдеў, титириниў. Қ а л т ы р а с ы п б о й л а р ы,* Туўрылап тонға баратыр /Т. Әбдираман/. **Бой жазыў**—*еркин жүриў, керилиў, созылыў.* Қысқарып жол бөлип ойын, Сыртқа шығып, *ж а з ы п б о й ы н* (Ш. Артық). **Бой өсириў**—*узайыў, созылыў, бийиклеў, көтерилиў, раўажланыў.* Он бесимде талдай *б о й ы м ө с е д и,* Мәртим келмей көкейимди кеседи /Алпамыс/. **Бойы қызыў**—*ысыў, жылыў.* Күндизине күн нурынан *б о й ы қ ы з ы п* баўыры жибискен жер,...қыр әти-

рапқа әжайып тынышлық шәккеп /А. Бекимбетов/. **Планета бойлаў**—*көтерилиў, жоқарылаў, ҳаўа ланыў, ушыў. П л а н е т а б о й л а п* шамал өседи, Жулдызларға, алға жетик деседи (Х. Сейитов). **Бой бермеў**—*терең, шуңгил, тупсиз.* Курбанда бар ҳәзир күшли еки ой: Биреўи шын, бири түпсиз, *б е р м е й б о й* (И. Юсупов). **Бой таслаў**—*қулаў, жығылыў.* Иримге *т а с л а д ы м ж а р д а н б о й ы м д ы,* Әй жаслық-ай! ойлап па екен каўипти /К. Султанов/. **Бойын тиклеў**—*тургелиў, тик турыў, тәўир болыў, жақсы болыў, етине қан жуўырыў, турмысы тәўир болыў.* Перзентлердин *т и к л е д и б ә й ы н.* Пал суўынан нәр тартқан сәҳәр /Г. Есемуратов/. **Бойды балқытыў**—*еритиў, жумсартыў, мажырасын шығарыў.* ...Зийнептин жуўабы Әлибектин сүйегин қызырып, *б о й ы н б а л қ ы т ы п-а қ* жиберди /Қыз. муғ. ж./. **Бойға күш косыў**—*қарыўландырыў, жигерлендириў, гайратландырыў.* Шадлы қосық шарлар алға, *К ү ш қ о с а о ы б о й ы ң а,* (И. Юсупов). **Бой-бойына жарасыў**—*сәйкес келиў, жарасыў.* Жеткен болсақ ойына, *Ж а р а с ы н б о й ы-б о й ы ң а* /Ә. Шамуратов/. **Бой-бой болыў**—*өримге болыў, дал-дал болыў, пыррым-пыррым болыў, жыртық болыў.* Үсти басым *б о л ы п б о й-б о й,* Тақақ ушын бақканым қой (Бердақ). **Бой-бойы менен**—*қатары менен, узынына.* ... көшелерди *б о й-б о й ы м е н е н* байларға сатып, ақша алып қойды (К. Ирманов). **Бойда-жигер**—*ақыл, ҳүждан.* Зор планлар дүздиң жаңа өмирге, Тастырып халқының *б о й д а ж и г е р и н* /Т. Сейитжанов/. **Бойы женил**—*қуўнақ, шаққан.* Денеси қуўнақ, *б о й ы ж е ң и л* жүрегин баскан зәрдели пердени сәҳәр самалы желпип алғандай толысуслый ма, шәўкилдей ме, балқый ма, кулласы, бир лəззеттен нәр алып тур (К. Султанов). **Бой жылыў**—*ысыў, қызыў.* Уйқы деген жаўымыз емес пе, *б о й ы м ж ы л ы п* қалды да, буйығып кеттим /Ө. Айжанов/. **Аркан бойлы**—*күннің көк жийектен арқанның узынлығындай көтерилиўи, күннің өз уясынан азғана жоқары көтерилиўи.* Күн *а р қ а н б о й л ы* көтерилип киятырған ўақыт еди (Ө. Хожаниязов). Атам күн *а р қ а н б о й ы* көтерилген ўақытта қайтып келди (М. Чимбергенов/. **Бой жыйыў**—*есин жыйнаў, басқарыў, меңгериў, бийлеў,* Жылаған ел күлимсиреп, *Б о й ы н ж ы й ғ а н* күндур бүгин (Қыз. муғ. ж.). **Бойына тараў**—*ишкени бойына сиңиў, жуғыў.* Ишкен асың өз *б о й ы ң а т а р а ғ а н ы н* бизлер көрдик /С. Мәжитов/. **Шарға бой**—*өспей қатып қалған бой, кишкене келте бой.* Аў салсам келинде, балық түспейди, Тамарым аш, *ш а р ғ а б о й ы м* өспейди /Омар/. **Тула бойы**—*денеси, турқы, геўдеси. Т у л а б о й ы н а н* сыбақ тер акты (К. Султанов). **Келген бойы**—*келип турған ўақыт, сол ўақыт.*—Фронттан усы *к е л и п т у р ғ а н б о й ы ң б а,* иним? /Ө. Хожаниязов/. **Тула бойын жуўлатыў**—*денесин титирентиў. қалтыратыў,* Суўық сөз бала-шағадан баслап ақ шашлы ғаррыларға шекем барлық-адамның *т у л а б о й ы н ж у ў л а т т ы* /К. Айымбетов/. **Бойына питкен минез**—*әдет, қылық, минези.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қулқы. Бойына пишкен минези—өтирик-әсек пенен иси жоқ (К. Султанов). **Ай бойы**—*ай дәўамында, ай ишинде.* Үш *ай бойы* докторханада жатып зорға жазылдым /Ж. Аймурзаев/. **Жыл бойы**—*жыл дәўамында, жыл ишинде.* Мийрим кәнбас аўлатына, Аралым, Мың *жыл бойы* көзди тигип қарасам (Т. Сейитжанов). **Бойдағы ҳәл-дәрман**—*күш, дәрман, қуўат, ғайрат.* Сен едиң ғой мениң жаным, *Бойымдағы ҳәл-дәрманым* (Ш. Артық). **Бойдағы кәсийет**—*қылық, әдет, минез-қулық. Кәсийетим бойымдағы,* Басқа толып турған сайын /Ш. Артық/.

БОЙДАҚ *кел.* 1. *Үйленбеген адам, жалғыз баслы адам, бассы бос адам.* Анаў жигит болса ҳаялы жоқ *бойдақ* (А. Бекимбетов/. Атасы қыза ғойса, изимиздеги *бойдақ*, жүзимиз тегисирек биреўимизге усы қызын бермес пе екен /Алпамыс/. Мен бир *бойдақ* жигитпен, Қайқылықты жүриткен /Ш. Мәмбетмуратов/. 2. *Қойдың тоқлыған үлкени, исек ҳәм серке, қысыр мал.* Бунда еки *бойдақ* мал жатады /Т. Қайыпбергенов/. Қонакларға Аллаяр. Неше *бойдақ* сойды қой (Қырк қыз).

БОЙДАҚЛЫҚ *ат. Үйленбегенлик, жалғыз лық.* Бир неше жыл үйленбей, *бойдақлық* дәўранын сүрди (К. Айымбетов).

БОЙДАС *ат. Ҳәяллардың бас кийиминиң бир түри.* —Басыма салған *бойдасым*, Алты қатын сырласым /Алпамыс/.

БОЙЖЕТИЎ *ф. Өсиў, ержетиў, камалына келиў.* ...алмадай писип, *бойжетип* киятырған шағы (Ш. Сейитов). Енди ийшанның қызы *бойжетти* /Р. Тагор/.

БОЙЖЕТКЕН *кел. Ержеткен, бойын дүзген бала ҳәм қыз.* ... Шүкиржан *бойжеткен*, жүдә сулыў қыз, өзи жекке турады (А. Бекимбетов). ...ол маған ақылы кирип қалған, *бойжеткен* қыздың сөзин айтты (Ө. Айжанов). ...сәйтип биреўдин *бойжеткен* қызын айттырды (М. Абдраймов).

БОЙЖҮЎЕРИ *ат. Иймек баслы жүўерә.* Ол быйыл тек бир атыз ғана *бойжүўери* екти /Қыз. муғ. ж./.

БОЙЛАНЫЎ *бойлаў* фейилиниң өзлик дәрежеси.

БОЙЛАСЫЎ *бойлаў* фейилиниң шериклик дәрежеси.

БОЙЛАТЫЎ *бойлаў* фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БОЙЛАЎ *ф.* 1. *Белгили бир суйықлықтың, тереңликтиң, байыклықтың өлшемин билиў, шенин, мөлшерин байқаў, басқа бир нәрселердиң бойы менен билиў, өз бойы менен тереңликти өлшеў, бойын жиберип көриў.* Түсип Қара теңизге, Мантықпастан *бойлады* (Қырк қыз). ... сайыз жерде суўды *бойлап* тик турды /А. Бекимбетов/. Неше бир ойды ойлады, Тереңге түсип *бойлады* (Бердақ/. 2. *Бир нәрсени жақалап жүриў, белгили бир нәрсениң бағдары менен жүриў.* Көше *бойлап* бир атлы киятыр (Т. Қайыпбергенов). Ленин көшесин *бойлап* колхоз базарының алдына келип тоқтады (Ж. Сапаров).

Аўыл бойлаў—*аўыл арқасында жүриў.* Сулыў қосық *аўыл бойлап* жаңланды, Гармонь дәўысы түсирди таңлайды /И. Юсупов/. **Тамыр бойлаў**—*өсимликлердиң тереңге тамыр урыўы, тереңге кетиўи.* Терең *бойлап тамыр* урып, Жапырағын жел тербеткен (И. Юсупов). ...*тамыры тереңге бойлап* кеткен гүжимлер менен қоршаўлы /Н. Бәрекешов/.

БОЙЛЫ *кел.* 1. *Бойы узын, бойшаң.* Ғош жигитке намыс керек ар керек, *Бойлы*, сынлы назлы нигәр яр керек /Бердақ/. 2. *Киши, келте, орта, қысқа, узын, бийик тағы басқа анықлаўшылар арқалы бойды белгилеў ушын қолланылады.* Орта *бойлы*, кең қушақлы жанды алған, қара көзи /Мәспатша/. ...ол узын *бойлы ма*, томпақ па, ақ бәзлек яки қара тоны ма, қысқасы оның қандай қыз екенин көргим келди /Ө. Хожаниязов/.

БОЙРА *ат. Ири қамыстан жеңиллап, төрт мүйешли етип тоқылған зат, дөңгелек етип жерге орналастырып, ишине дән салыў ушын қамба қылыўға, төсек етиўге, жайларды бастырыўға пайдаланатуғын буйым.* ... катты *бойрадың* үстине сақа жүгинип, молланың алдында отырдым /Қ. Айымбетов/. Өзи көлеңкесинен үркип, шыпта *бойра* сатып күн көрген. .../Қ. Ирманов/.

БОЙРАШЫ *ат. Қамыстан бойра тоқыйтуғын адам, тоқыўшы киси.* ... бойра тоқып отырған бирең-сараң *бойрашылар да* үйлерине кирди (К. Султанов).

БОЙСЫНҒЫШ *кел. Бағынғыш, көнгиш, қайыл болғыш.* Сөкыр *бойсынғыш*, тилегин орынлаған машина таярлаў негизине құрылған. ...(Қыз. муғ. ж./.

БОЙСЫНДЫРЫЎ *ф. Бағындырыў, көнликтириў.* Жерди, барабара күш *бойсындырады* (Айбек).

БОЙСЫНЫЎ *ф. Бағыныў, көниў, қараслы болыў, бағыныслы болыў.* Мәхремлер тилин алмасаң, Хан ҳәмирине *бойсынбасаң*, Төрттиң бирине турмасаң, Өзиң билгил Аждос баба (Бердақ).

БОЙТУМАР **қ. мойынтумар.**

БОЙШАҢ *кел. Узын бойлы, бойы бийик, болласынлы.* Тал шыбықтай *бойшаң*, ақ куба, шашы бәксесине түскен, жасы жигирма беслер шамасындағы бир ҳаял кирип келди (Н. Бәрекешов). Сақалы, мурты шықпаған, Сулыўшық, *бойшаң* сом билек (Б. Қайыпназаров).

БОЙШАҢЛАЎ *кел. Бойы бийиклеў, бойы узыныў.* Ол меннен гөре *бойшаңлаў* еди (Қ. Айымбетов).

БОЙШАҢЫРАҚ *кел. Бийигирек, узынырақ.* Ол жетимнен гөре *бойшаңырақ*, қәдди-кәўмети келискен ҳәм аяқ-қолларының да оныкинен үлкенирек еди (С. Айний).

БОЙЫНША **к. с.** *Соның менен, солайша, әдетинше, түринше, себеби, себебинен, соныктан, солай болса да, деген менен.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бул *бойынша* оның өмиринде толып ятырған эпизодлар бар (Қ. Айымбетов). Мен өмирим *бойынша* Советтин кең пайтахт жерининң көп жеринде, көп калаларында болдым (Қ. Айымбетов). ◆**Устав бойынша**—*менен, арқалы, пенен, бенен Устав бойынша* мектептен басланғыш комсомол шөлкемин уйымластырыўымыз зәрүр (Т. Кайыпбергенов). **Әсирлер бойынша**—*даўамында, бәрҳама, мудамы*. Бул *әсирлер бойынша* жасайды (Н. Жапаков). **Тәжирийбе бойынша**—*усылы менен, даналығы менен, уқыбы менен*. Дийхан жерди таныйды, *Тәжирийбе бойынша* (Б. Қайыпназаров). **Қарары бойынша**—*қарары менен*. Ҳәзирше кешеги бюронын *қарары бойынша* дән планды орынлаўға күш салынлар (Т. Кайыпбергенов). **Буйрығы бойынша**—*буйрығы менен, буйрығына муўапық, буйрығына тийкарлана отырып*. Сержанның *буйрығы бойынша* отын терип келди (Т. Кайыпбергенов). **Планы бойынша**—*планы менен, планына тийкарлана отырып*. СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық *планы бойынша* съезде қабыл етилгенлерди баянлады (Сов. ҚҚ. г.).

БОКАЛ *ст. Вино, шампанское ҳәм басқа да суйық ишимликлерди қуйып ишетуғын рюмка формасындағы яғный оннан үлкенирек шийше ыдыс*. Бир *бокал* винону ишти де шығып кетти, ...(Жас Ленинши г.).

БОКС *ат. Белгили қағыйда бойынша қолына үлкен қолғап кийип, мушласып, туўысып, жекпе-жек сынасып ойнайтуғын спорттың бир түри*. Бүгин саат сегизде *бокс* болады, ... (Жас Ленинши г.).

БОКСЁР *ат. Бокс ойынын ойнаўшы, бокс ойынына қатнасыўшы, спортшы, спортсмен*. Басқа атақлы қалалардан *боксёрлар да* қатнасты, ... (Сов. ҚҚ. г.).

БОҚ *ат.* 1. *Дәрет, дәрис, қый, төгин*. 2. *Дәрет, доңғақ*. Түс түлкининң боғы деп, Нәсият еткен емес пе, Бурынғы өткен бабалар (Қырқ қыз). ◆**Дүнья боқ**— *Аўыс. әйтеўир жийналған зат, боқ қурақым қәдири жоқ, пайдасыз нәрсе*. Кимлерге келип кетпеген, Бул паянсыз *дүнья боқ* (Қырқ қыз). Жүриўши едим сейранлап, Кетти бүгин *дүнья боқ* (Күнхожа).

БОҚЛАНЫЎ **боқлаў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БОҚЛАСЫЎ **боқлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БОҚЛАТЫЎ **боқлаў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БОҚЛАЎ *ф. Сөгиў, урысыў, кейиў, жәбирлеў, бәләтлеў*. ... молланы *боқлай* берип мешиттен шыға қашты (А. Бегимов). ... қайда жасырардың есабын таба алмай жолдасын *боқлап* айтады: ... (С. Мәжитов). Жипе-жиксиз қызды *боклап*, Ашыў менен миниди атты (Бердақ).

БОҚЛЫҚ *ат.* 1. *Сыртқа шығарып таслаған жаман заттар, сыпырындықлар*. Екеўимиз ана уралардың үстине *боқлық*, сабан тасласақ па екен (К. Султанов). ... *боқлықтың* **қасындағы соқпаққа көмди**, ... (К. Султанов). 2. *Үйдиң ишкидеги майда-шүйде зат, гөне-қоқсылар*. ... үйдиң ишин де *боқлыққа* толды (К. Айымбетов).

БОҚША *ат. гөн.* с. *Ишине китап салыўға қолайластырылып, төрт муйешли етип, қурақлы ҳәм қурақсыз етип тигилип, баў тағылып, балалардың пийнине асынып жүриў ушын қолайластырылған қалташа, сумка, папка*. Арзы орынан турып, кийинди, бет-қолын жуўынды да, *боқшасын* алып далаға шығып, сабақласы Бөкештиң үйиниң қапталына барып сырттан даўыслады (С. Мәжитов).

БОЛАР-БОЛМАС *р. Аз, азғана, сәл ғана, билинер-билинбес, аз-аздан, аз-азлап*. ... *болар-болмасқа* адамлар менен сөйлесе бермеў керек деп ойлап, кабинетине киси қабыл алмаўдан баслады (Қ. Айымбетов). Әкем де *болар-болмас* әйтеўир нәрсеге егитиле беретуғын жүреги бос адамлардан емес еди (Ө. Хожаниязов).

БОЛАРЛЫҚ *кел. Жетерлик, жеткиликли, мол, таўырақ, әдеўир*. ... қаладан өзине *боларлық* етип гешир, пиязларын алып келди (Қ. Айымбетов). Онын тиси өзи салып жүрген ҳәзирги праж аўдың жемиси менен шықты деўге *боларлық* (Ө. Айжанов). Хатты мен қолымнан жазып жибергендей, айтқан алғысы *боларлық* емес (Ө. Хожаниязов).

БОЛАСЫНЛЫ *кел. Денели, турпатлы, гөўдели, бойы-сыны келискен, сымбатлы*. Жийеним күтә *боласынлы* бир жигит болды, ... (Қ. Ирманов). Ол жасынан-ақ аўыр мийезли, салмақлы, *боласынлы* болды (Н. Дәўкараев). Жуўабый ҳәм жулпыс, сымбатлы ҳәм әдепли, *боласынлы* қыз екен (К. Султанов).

БОЛҒАНША *р. Бир исти тамамлағанша, орынлағанша, питкенше, ислеп болғанынша*. Муғаллим доскада есап шығарып *болғанша* бизлер тынлап отырдық (Жеткиншек г.).

БОЛДЫРТЫЎ **болдырыў** I-II фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БОЛДЫРЫЎ I *ф. Жүзеге асырыў, әмелге асырыў, иске асырыў, ис жүзине асырыў*. Болмас исти *болдырсақ*, Сонда таныйды ер деп (Б. Қайыпназаров). Ғәрезин бар еди соны *болдырың*, Олжаладың, алдың мәлге толтырдың (Қ. Ирманов). ◆**Мурат-мақсетин болдырыў**—*тилегин, арманын, ойлаған ойын орынлаў, ойына жетиў*. Қайғыға көўлин толтырды, *мурат-мақсетин болдырды* (Мәспатша). **Сүйиўшиликти болдырыў**—*жақсы көриўшилик, қызығыўшылық*. Демек, аўылда беккем турақлы *сүйиўшиликти болдырыў* тийкарғы мәселе болып табылады (Г. Есемуратов). **Қызығыўшылықты болдырыў**—*интылылық, көўли кетиўшилик*. ... оларда аўыл хожалығы жумысларына *қызығыўшылықты болдырыў* да әдеўир тәрбиялық әҳмийетке ийе (Г. Есемуратов).

БОЛДЫРЫЎ II *ф. Шаршаў, ҳарыў, димары қурыў, диққеси кетиў, жүйкеси қурыў*. Мәжнүн аты *болдырды*, Атлар шаўып өрлерге (Мәспатша). Албыраған тез *болдырар*, Қай-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ғылли жүзин солдырар (С. Мәжитов). Оның елигине берилмеген палуан өзин әлекашанақ *болдырып* ҳәсиретке́н болар еди (Ө. Айжанов). ◆**Жаман болдырыў**—*жүдә шаршаў, дәм шаршаў, ҳарыў*. Екеўлеп таяқ миндирип, Зарман бай *жаман болдырып* (А. Дабылов). **Әбден болдырыў**—*жүйкеси қурыў, оғыры шаршаў, ыз-ықыласы қурыў, жаман ҳарыў*. Ол *әбден болдырып* шаршады (Ө. Хожаниязов).

БОЛЖАҒЫШ *кел.* *Билгиш, байқағыш, уйғарғыш, дана, ақыллы*. ... *болжағыш* ҳәм ақыллы, шаққан болды (Қыз. қк. г.).

БОЛЖАТТЫРЫЎ болжаў фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БОЛЖАТЫЎ болжаў фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БОЛЖАЎ *ф.* *Уйғарыў, байқаў, бағдарлаў, алдынан билиў, көз алдынан көп болжаў*. Шабалақлап өтеди (Қырқ қыз). Болар исти *болжасам*, Оған қулақ салмадың (Қырқ қыз). Еки бирдей жас қайсар, Атланғанын дүшпанға. Ҳәсенхан *болжап* биледи (Ер Зийўар). ◆**Алдын болжаў**—*алдағы болажақ нәрсени, ҳәдийсени билиў, болажақ исти байқаў*. ... Айымжамал *алдын болжап*, ал қызлар орақларын тисеген, бурынғыдан бес бетер өткир болсын (Ө. Хожаниязов). **Болжаў жүргизиў**—*алдағы болатуғын нәрсеге ой жүўыртыў, байқаў, уйғарыў*. ...бундай *болжаў жүргизиўге* мүмкиншилик береди (Қ. Максетов).

БОЛЖАЎЛАР *ат.* *Уйғарыўлар, байқаўлар*. ... олардың жалғыз баласының белгисиз жоғалғанын қандай жоллар менен өзинше *болжаўлар* излеп түрли қыялға кетти, түрлише план дүзди (А. Бекимбетов). Журтшылық усы сыяқлы *болжаўлардан* аўлақ кете алмады (Т. Қайыпбергенов).

БОЛЖАЎШЫ *ат.* *Уйғарыўшы, байқаўшы, ойлаўшы, алдын ала билиўши, болжағыш*. Ол алдан *болжаўшы*, ақыллы, үстемлик ҳәм байлық туўралы ҳәм қандай ойлар оған жат (З. А. Насруллаева).

БОЛМАСА қ. ямаса.

БОЛМАЎ болыў фейлиниң болымсыз түри.

БОЛЫМ *ат.* 1. *Түрлис улыўма тиришиликтеги жәмийетлик дүзилис*. ... буның барлығы жәмийетлик *болмысқа* байланысты, ... (Қыз. ҚК. г.). 2. *Обьективлик шынлық, ҳақыйқатлық, болмыс материя, табият ҳәм де сол сыяқлы жәмийетлик дүзилистиң материаллық шәртлери*. Табият менен жәмийетлик дүзилистиң материаллық шәртлери *болмысқа* тийисли ... (Қыз. ҚК. г.).

БОЛЫҚ *кел.* *Питик, зор, жақсы*. Салы тапсаң мөлдекке сеп, Ҳәз етерсең палаўды жеп, Мөлдек салым дым *болық* деп, Мақтансам журт күлер бизге (Бердақ). Уялап ерте егилген, Пахталар *болық* питипти, Манлайдан жерге тәгилген, Терлерден қанып ишипти (Б. Қайыпназаров).

БОЛЫМЛЫ қ. болық.

БОЛЫМСЫЗ *кел.* 1. *Зор болмаған, жақсы емес, нәтийжесиз, питиксиз*. ... паҳта да байыл *болымсыз* болды (Қыз. муғ. ж.). 2. *грам.* *Болымсыз* фейил. Жумбақ *болымсыз* „ме“ аффиксиниң фонетикалық артықмашылығына ийе (Н. Дәўқараев).

БОЛЫНЫЎ *ф.* *Истиң тамам болыўы, питиўи, туўарылыўы*. Уйқыдан кейин чай ишип *болынды* (Т. Қайыпбергенов). Ҳәммеси ғәлаба ислесин исин, Сонда ғана бул ис тезден *болынар* (Ж. Аймурзаев).

БОЛЫС I қ. болысыў.

БОЛЫС II *ат. гөн. с.* 1. *Патшалық Россияға үездиң бир бөлими болып есапланған ески административлик-территориялық бөлиниў, волость*. Мен уры, қарақшы емесмен, усы *болысқа* караслы пуқара едим (Қ. Әўезов). 2. *Усындай бөлиниўдиң (волостьтың) басқарыўшысы, меңгериўшиси, баслығы*. Сен ылесең бе, жоқ па, оның дайылары *болыстың* үстинен арза беремиз деп, анаў бир жылы Шымбайға атланысқан (Ө. Айжанов). Келипти *болыс* ақсақал. Оларға сойыпты көп мал (Бердақ). *Болысқа* сайланған томпайып урты, Таяқ тислегендей соррайған мурты (Омар).

БОЛЫСЫЎ *ф.* *Жәрдемлесиў, көмеклесиў*. Гейде кудаларды дәлкеклейди, гейде кудаларға *болысып*, қызға нәсият айтады (Қ. Султанов). Партия булардың өсиўине жәрдем етиўге ҳәм олардың шөлкемлесиўине ҳәр жақтан *болысыўға* тийисли (К. Ирманов). Жамай жаўы менен қызғын шайқаста. *Болысқың* келе ме ҳеш аянбастан (И. Юсупов).

БОЛЫЎ *ф.* 1. *Өз алдына айырым жекке қолланылмайтуғын, басқа бир сөзге қосылып қолланылатуғын көмекши фейил*. Оқыўшысының сөзине риза *болған* Изимбетов мыйығын тартыўы менен орнынан турып кетти (Т. Қайыпбергенов). Азаннан бери қырманды кеўилге тоқ етип, байыл қыс азық жетер деп, мәзи-майрам *болып* отырған дийқанлардың бирден қолы истен суўып кетти (Қ. Султанов). 2. *Белгили бир орында жүриў*. Бул уақыя гөне Төртқүлде *болып* еди ҳәм оның болғанына көп жыллар болды (Қ. Айымбетов). Назарханда *болған* уақытларда да басқашылар анталасын, аш қасқырдай тимискиленип бизлерди аңлып жүрди („Жас Ленинши“ г.). 3. *Жетеди, жеткиликли, тамам*. *Болар* ис *болған* (Т. Қайыпбергенов). Егер ол партия комитетинен тапсырма алса *болғаны*, я орынлайды, ямаса аўылды таркатады (Т. Қайыпбергенов). 4. *Қандай, қанша, қалай, қандай жағдай, ким екенлигин ҳәм тағы басқаларды билдириў ушын қолланылады*.—Усы бар жылдан-жылға көркем *болып* баратыр,—деди Сәўле (С. Хожаниязов). Ўақыт әдеўир *болып* қалса керек (А. Әлийев). Себеби, бул адам аўыр жинаятшының қолынан өлген *болыўы* керек (А. Бекимбетов). „Куў-дала“ дағы хожалықтың күн көри-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ся қызық *болды* (Ж. Аймурзаев). 5. *Тез, жылдам, дәрриў.* Арзыў тезлик пенен барды да, шақанлық пенен кийиниў *болды* (Ж. Аймурзаев). Қыз-жаўанлар аўқатланып, дәрриў чай ишип те *болды* (Ж. Аймурзаев). 6. *Көмеклесиў, жәрдем бериў, көмек бериў.* Бул практикалық жәрдем *болды* (Г. Есемуратов). 7. *Тилекти, әманды билдириў.* Ана хәўли менен мына хәўли бир *болғай.* Шаркы пәтек арасында гүл *болғай* (ҚҚ. Х. Қ.). 8. *Аяқлаў, питиў, тамамлаў, ақырына шығыў.* Үйлендиң бе?, Үй-жайлы *болдың ба?*—деп сорады жетимнен,—болдым деп жуўап берди (Ж. Аймурзаев). Оны да ишип *болдың* ба?—деп сорады жетимнен,—болдым,—деди ол (Ж. Аймурзаев). 9. *Мәртебе, жетисиў, ойындағысы болыў, кеўилин жәмлеў.* Калинин атындағы колхоз да алда *болды* (К. Султанов). Мине усы күннен баслап, Абдулла патшаға ўәзир *болады* (ҚҚ. Х. Е.). 10. *Сәлемлемеге, бахытлылыққа ушыраў.* Аламлар бул майданда зая да *болған* (С. Хожаниязов). Әттең батыр гезеўли оққа тап *болды*, Ана жүрегинде питпес дақ қалды (К. Султанов). II. *Айырым мәкемеге басшылық етиў, басқарыў, меңгериў.* ... емлеўханада бас врач *болып* ислейди (Ж. Аймурзаев). Ҳәзир колхоз басында агроном *болып* ислейди (Ж. Аймурзаев). Мурат ... колхоздың басланғыш партия шөлкеминиң секретары *болып* ислейди (Ж. Аймурзаев). ◆**Тым-тырыс болыў**—*үндемеў, сөйлемеў, тынышланыў.* ... Атамурат терезеден түскен ай өзиниң нурын жай ишинен акырын суўыра кеткенде, *тым-тырыс болды* (Т. Қайыпбергенов). **Ан-таң болыў**—*ҳайран қалыў, таң қалыў.* Дәрменбай *аң-таң болды* (Т. Қайыпбергенов). **Айтқаны болыў**—*кеўилиндегисиниң орынланыўы. Айтқаны болса* болғаны, егер айтқаны болмаса апасын күйдиреди (Т. Қайыпбергенов). **Өжет болыў**—*ҳәкислениў, қырсықланыў, тирсеклениў.* Барып турған *өжет болды* (Т. Қайыпбергенов). **Болажақ ис**—*келешек, алдағы болатуғын жумыс, алдағы мезгил, ўақыт. Болажақ ислерди* алдын ала ойлап қойған қасқыр жол бойы баратырып Есенге ақыл айтады (ҚҚ. Х. Е.). Арадан аз ўақ өткенде, Ўәдели жерге жеткенде, *Болажақ исти* тезледи (Қырк қыз). **Бай болыў**—*турмыс жақсарыў, малы, дүньясы көбейиў.* Бурынғы өткен заманда бир *бай болып*, оның бес улы болған (ҚҚ. Х. Е.). **Қырағы болыў**—*сезгиш, сезгир, сақ, алдын болжаў, алдын билиў. Болыў керек қырағы.* Табыў керек душпанды (Д. Назбергенов). **Шоқ болыў**—*белгили, ҳақыйқат, айқын, анық.* Барша хызметке *шоқ болды*, Беллеринде ақ пышақ болды (Бердақ). **Пәйик болыў**—*биреўдиң алдында жорғалап жүриў, жуўырып-жортып хызмет етиў, күлперени шығыў.* Оның жанында *пәйик болып* жүр (Ө. Хожаниязов). **Ырза болыў**—*қайылшылық билдириў.* Үй ийесиниң қуўанышлы хабарына Дәрменбай ишинен *ырза болғандай* дәрриў далаға шығып кетти (Т. Қайыпбергенов).

Дәртке даўа болыў—*себеп салғандай, ем болғандай, тәсир еткендей.* Курорт болса егер, „Кәк көл" союзда, Пәллы суўы *дәртке даўа болғандай* (М. Дәрибаев). **Болып өтиў**—*бурынғы бир өткен ҳәдийсе, ўақыя, нәрсе.* Кеўлине келгенин қылып, *Болып өтти* Ерназар бий (Бердақ). **Дәў болыў**—*ири геўдели болып өсиў. Дәў болып* кетпесең болғаны ғой (А. Әлийев). **Герой болыў**—*батыр, күшли, қарыўлы болып есиў.* Дурыс, *герой болыў* данқлы! (Г. Есемуратов). **Ага болыў**—*басқарыў, меңгериў, басшылық етиў.* Қарақалпаққа *ага болып*, Суўқар салып бедеў минип, Кеўлине келгенин қылып, Болып өтти Ерназар бий (Бердақ). **Сам-саз болыў**—*сазырайып қалыў, индемей, сөйлемей қалыў.*—Сен неге *сам-саз болып* қалдың, қандай ойға жүзиң кетти?—деди Сәўле қолын-қолынан жаздырмай турып (С. Хожаниязов). **Дәстан болыў**—*халық аўзында айтылып жүрген ҳәдийсе, абырайы өскен, жетискен ҳәдийсе, ўақыя, нәрсе.* Тиллерге *дәстан болды*, Дәстанға бастан болды (Х. Алимжан). **Себил болыў**—*жанын пида етиў, тынбай ислеў, урынып ислеў.* ... Сәлийма Жәмийланың *себил болып* балық аўлап жүргенин Жумабайға жағыныў деп жорыды (К. Султанов). **Гүў-гүў әнгиме болыў**—*көп сөзлер кетиў, тараў, жайылыў.* Мине, усы мәселелер мен келгеннен берли *гүў-гүў әңгиме болып* жүр (Ж. Аймурзаев). **Дәмели болыў**—*умитлениў, ниятлениў.* Сәлийма ҳүрейи сүймейтуғын балықшылық кәсибине Сапардан *дәмели болып* араласкан еди (К. Султанов). **Қуштар болыў**—*қумарланыў, қарбарланыў.* Енди өзи жоқта *қуштар болып* отырсаң (А. Әлийев). **Әжик-гүжик болыў**—*үйкелесиў, келисиў, мәмлесиў.* ... ким менен әлпи алысын *әжик-гүжик болып* кете беретуғынын ойлады (Т. Қайыпбергенов). **Бостан болыў**—*гүлистан, гүллениў, ҳәўижлениў, айтыўға турарлық.* Тиллерге дәстан болды, Дәстанға *бостан болды* (Х. Алимжан). **Мәжбүр болыў**—*қайылшылық билдириў, көниў, қайыл етиў.* Дәрменбай ҳаялдың әңгимесин тыңлаўға *мәжбүр болды* (Г. Қайыпбергенов). **Үйир болыў**—*аламлардың ямаса жанлы-жаныўарлардың бир жерге әдетлениўи, дөгереклеп шықпаўы, келгишлеўи, айналысықлаўы, кетпеўи.*—Ҳә айттың баласы, бий кеткели сен неге консы-қобаларға *үйир болдың?* (К. Султанов). **Бенде болыў**—*қол астына түсиў, қолға түсиў, айдаўға түсиў, қул болыў.* Ырға қылып күнде-күнде, Садалықтан *болдың бенде* (С. Мәжитов). **Тулпар болыў**—*а) шапқырлық, жүйриклик.* Озып келсе *тулпар болған*, тулпар!... (Т. Қайыпбергенов). *б) күшлилик, қарыўлылық.* **Перзентли болыў**—*ҳаялының ул ямаса қыз туўғы.*—Сен перзентли *болдың*, қуўандырайын деп келдик,—деди олар куўжынласып (К. Ирманов). **Сақ болыў**—*сақланыў, абайлы болыў, бек болыў, абайлаў.* Тек өзине-өзиң *сақ болып* еплилик пенен ғана ис апарыў керек (Т. Қайыпбергенов). **Биринши болыў**—*алда, дәслепки, баслапқы, ең дәслепкиси.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бирпиши болып Сәўле де миниди (С. Хожаниязов). **Тәўир болыў**—*жақсарыў*. Шерин кем-кемнен *тәўир болды* (К. Ирманов). **Қызба болыў**—*көтерилиў, ҳәўлириў, қызараңлаў*. Ҳаялар менен жәнжеллескеннен гөре қанша *қызба болсада* ерлер менен сөйлесиў анағурлым оңай (Т. Қайыпбергенов). **Өткир болыў**—а) *кескир, қыйғыр*. ... қайрағанан кейин пышақ та *өткир болды* (К. Жуманиязов). б) *зейинли, алғыр, батыр, зийрек, абыраллы*. Зейини зийрек, ақылы жаўҳар қылыштай. Ҳәр баласы *өткир болды* алмастай (А. Дабылов). **Пайда болыў**—*дөрелиў, дүньяға келиў, жерликке шығыў, келип шығыў*. Пирназар ағалын жүргенде шадлықлы қуўанышы сезими *пайда бола* баслады (Ө. Айманов). Ғумшадан гүл *пайда болады* (Ж. Аймурзаев). Ҳайран **болыў**—*таңланыў, уўайым басыў, таң қалыў*. Усы ўақытқа шекемги жым-жыртлығына *ҳайран болдасаң* (Т. Қайыпбергенов). **Сел болыў**—а) *жаўынның күйып жаўыўы, күшиў*. ... сол күни, күн де *сел болып* жаўды (К. Айымбетов). б) *көз жастың ағыўы, парлаўы, тынбай ағыўы*. Ол көзлеринен *сел болып* шыққан жасы менен Бекниязовтың тула бойын жуўды (А. Бекимбетов). **Үлги болыў**—*басқаларға өрнек көрсетиў*. Басқаларға *үлги болыўдың* әҳмийетин жаңа ғана түсинди (Т. Қайыпбергенов). **Уят болыў**—*айып, жаманшылық*. Жоқ, келип есиктен кеткен *уят болады* (С. Хожаниязов). **Искер болыў**—*иследиў, уқыплы*. Сен соңғы ўақытта *искер болыпта* кеттиң, ...(Т. Қайыпбергенов). **Аш болыў**—*аўқат ишкиси келиў*. *Аш болыпта* тур едик, жеп алайық (К. Султанов). **Мәз-майрам болыў**—*ўақты хошлықта жүриў*. Қорықпа шырағым, *мәз-майрам болып* жүре бер (К. Султанов). **Ғамхор болыў**—*қайырхомлық етиў*. *Ғамхор болып* партиямыз қолға алды, Сом баллардан шаң шығармас жолларды (А. Дабылов). **Қәсте болыў**—*қыйналыў, азарланыў, азапланыў*. Өткен жылы қатты *қәсте болып* ауырып едим (ҚҚ. Х. Е.). **Қурбан болыў**—*өлиў, қазаланыў, қайтыс болыў*. Гедейлер ҳүкиметин орнатыў ушын қанша адам *қурбан болды* (К. Султанов). **Сая болыў**—*көлеңке түсиў, саяман болыў*. Жаз болса, жас ҳайўанға өрмелеп, асты күн түспес *сая болады* (Ө. Хожаниязов). **Саўаш болыў**—а) *урыс*. Ғажжаф *саўаш болып* атырғанда шырлай беришге кимниң ҳүжданы жетеди (К. Султанов). б) *жәнжел, тәбәлес, кейис, сав*. ... аўыл арзасы күнде *саўаш болып* тынышлықты бермейди (К. Айымбетов). **Байлаўлы болыў**—*бәнт болыў*. Бирақ олардың биразы басы *байлаўлы болды* (К. Султанов). **Мәлет болыў** - *сүйеў, тирек, қарасық, көмек, жәрдем*, ... биреўге-биреў *мәдет болғайлы* болсын деп мәсләҳәтлесип, дос болысға қол урысты (К. Ирманов). **Саў болыў**—*тири болыў, аман болыў*. *Саў болса* акыры адамның денн, Сәўбет қурап бирге өскен жайлаўым (Күнхожа). **Сай болыў**—*ҳәмме жақлама түгел болыў, жетисиў, толысыў*. Төрт түлиги *сай болды* (Әсбетша). **Ансыз болыў**—*серсия, гөдек, аңқаў*. Өзиниң *ақсыз болғанына* қатты қыйналып басына қолын апарғанын аңғармады (Т. Қайыпбергенов). **Жат болыў**—*бөтен, өзге, басқа*. Узатқан қыз жылайды. *Жат болдым* деп яр-яр (ҚҚ. х. қ.). **Қарсы болыў**—*душпан, қас болыў*. Қалада турған байсымақ адамларға көшпели түркменлер *қарсы болды* (К. Ирманов). **Уўлар-дуўлар болыў**—*уўпалақланыў, шуўалақланыў*. А—а, шашы *уўдар-дуўдар болып* жүретуғын анаў қыз екен ғой (Ж. Аймурзаев). **Түсиниқли болыў**—*анық, айқын, ҳақыйқат, ашық*. Истин жөнин енди *түсиниқли болды* (Т. Қайыпбергенов). **Сып-сыйдам болыў**—*жапырақлары түсип қуры ағашлары қалыў*. Теңселген шығыр таллар да тап тарағандай *сып-сыйдам болып* қалады (Б. Бекниязова). **Умыт болыў**—*ядынан, есинен шығыў, умытылыў*. Қашан *умыт болар* екен күн усы, Жалынсаң да байлардың жоқ жуғысы (С. Нурымбетов). **Дуўшакер болыў**—*қосылысыў, дусласыў, ушырасыў, жолығысыў*. Бул азапқа *дуўшакер болған* бийшараны қандай тәғдирдин күтип турғанын ким билсин, ... (К. Айымбетов). **Кәўипли болыў**—*қәўетерли, қорқынышлы*. Кемеде топланып отырыў *қәўипли болды* (К. Султанов). **Жаралы болыў**—*жарланыў, майырылыў, майып болыў, жарасар болыў*. Бирақ оннан жеңил *жаралы болдым* деген хат келип тур (К. Султанов). **Уйтқы болыў** - *тийкар, бириктириў, себеп*. Сүттей татыўлыққа *уйтқы болған* тағы бир жағдай бар (К. Султанов). **Сарсан-кесек болыў**—*излеп таба алмаў, көп күтип қалыў*. Еңбеклеген балдан еңкейген гаррыға шекем қанша *сарсаң-кесек болды* (К. Султанов). **Қол кайт болыў**—*қайтып бериў, қайтыс етиў*. Егер Ержан қарындасын берсе, онда екеўи *қол қайт болады* (К. Султанов). **Группа болыў**—*топ, топар, уйым, шөлкем болыў, жамлесиў*. Хәтте, олардың айырымларының кишкене *группа болып* түс ен сүўретлери де газетаға басып шыққан (Т. Нәжимов). **Ҳәўес болыў**—*қуштарланыў, қумарланыў*. Таўмуратың акыл-ҳүўшиниң капталындағы жас балада, палыздан сарғайып шыққан жаңалық каўынға *ҳәўес болғандай* Әжинияздың аўызына тығылып қалыпты (К. Султанов). **Мәрт болыў**—*батыр, қушлы, қарыўлы, ҳүжданлы, жигерли, ғайратлы*. Аўыр күнлерде *мәрт болыў* дәркар (Т. Қайыпбергенов) Хайран **болыў**—*таң қалыў, таңланыў, уўайым шегиў, ойланып қалыў*. Буған бай *ҳайран болады* (ҚҚ. х. е.). **Ылғаллы болыў**—*алдағы қатардағылардан есапланыў, жетелли болыў, искер болыў*. Стахановшының ҳаялы да *ылғаллы болыў* керек деген Кәтиналың гәпин шынға алған (К. Султанов). **Орынсыз болыў**—*қолайсыз, бийқолай, ретсиз, турпайылық болыў*. Үп-үлкен адамға Әметтің бирден ашыўланыўы оғада *орынсыз болды* (Т. Қайыпбергенов). **Жаўлы болыў**—*аш, кәмбағал, гедей*. Шынаргүлдің сөзлерине, *жаўлы болған*-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лар жылады (А. Дабылов). Даў **болыў**—*жәнжел, шатақ*. Өлсе өле береди, егерде кейни *даў болса да* куның төлеп кутыла береди (С. Хожаниязов). **Ашым-айрық болыў**—*айырылыў, ажыратыў, бир жайлы етиў, бир жағына шығарыў, қутылысыў*. Енди қызды бир көрип тиллессем, бәри *ашым-айырық болады* (Ә. Хожаниязов). **Нурдай болыў**—*жайнаў, жадыраў, жаснаў*. Көзим *нурдай болып* ашылды менин. Ҳәр ким өз ҳуқықын биле баслады (Д. Қасымов). **Торқа болыў**—*жипектей жумсақ болыў*. Бийшараның төсеги *торқа болсын* (К. Султанов). Жолдасым Бахрихан менен кыялым *Торқаланып болсаң* төсек-көрпениз (А. Дабылов). **Жоқ болғыр!, бар болғыр!, нәлет болғыр!, саў болғыр!, аман болғыр!, соғым болғыр!**—*сөйл. т. жоғалыў, жойылыў, көринбеў, қалмаў, жоқ болыў, айырылыў, питиў, набыт болыў, басқа өтиў, басқа кетиў, байкар кетиў, пайдасыз өтиў*. Ҳаў бу *соғым болғырға* не бәле болды,—деп түсип жетеледим (К. Ирманов). Мине, *нәлет болғыр!* ийлер, тап атпай атырып уреди (Н. Островский). **Бирдей болмаў**—*тең болмаў, сәйкес болмаў*. Бирақ, бул барлық ўақытта *бирдей болмады* (Г. Есемуратов). **Хабар болмаў**—*ғәрек болмаў, ғәрексиз, байхабар, бехабысиз*. Буннан соң хат үзилип, тым-тырттым *хабар болмады* (К. Султанов). **Азық болмаў**—*ишиўге, жеўге ҳеш нәрсе болмаў*. Байлың малы баққаны. Алты айға *азық болмаған* (А. Дабылов). **Айтсан бойма**—*айтсаң болады ғой, айтсаң болмай ма, болады ғой*. Қартайғанда кайда көшип жол тарттың, *Айтсаң бойма* бир әрмансыз болайын (Алпамыс). **Қылсан бойма**—*қылсаң болады ғой, қылсаң болмай ма, болады ғой*. Мени сәўер ярыма, *Қылсаң бойма* дуўшакер (Мәспатша). **Қашсаң бойма**—*қашып кетсең болады ғой, қашсаң болмай ма*, Ябырай барда *қашсаң бойма* султаным, Инанбаңыз бул сыйқырдың сөзине (Мәспатша). **Барсаң бойма**—*барсаң болады ғой, барсаң болмай ма, болады ғой*. Турсаң болма жан достым, *барсаң бойма* елине, Саған қайда хан достым (Бердақ).

БОЛЬНИЦА *қ.* **емлеўхана**.

БОЛЬШЕВИЗМ *ат. Пролетариаттың революциялық жол менен коммунистлик жәмийетке айналдырыўының В. И. Ленин тәрепинен исленип шыққан, рустың және халық аралық рабочий класының гүрсине тийкарланған теориясы және тактикасы*. В. И. Ленин *большевизмди* куўатлаўшылар менен бирге иследи (Қыз. муг. ж.).

БОЛЬШЕВИК *ат. Большевиклик партияның ағзасы (басламасы, дәслепкиси: 1903-жылы партияның II сьездинде В. И. Ленинниң басшылығы астында дүзилген Россияның социал демократиялық рабочий партиясының көпшиликке ийе болған революциялық шөлкеминиң ағзасы), большевизминиң искн алып барыўшы, коммунист*. Ленин лейди жол басшысын, *Большевик* дейди қосшысын, Заманның ашшысын, Бирге жүрип татар едим (Д. Қасымов). Баспай жаўлардың кекпанын, *Большевикке* өтер едим (Д. Қасымов).

БОЛЬШЕВИКЛИК *кел. Большевизмниң жолын қуўыўшылық*. Муҳаббаты оттан күшли, *Большевиклик* жас жүректей (И. Юсупов). Команда „алға" болғанда, *Большевиклик* үлгили исиңизди көрсетиң (Т. Әбдираманов).

БОЛЬШЕВИКШЕ *р. Большевик сыяқлы, большевиктей. Большевикше* беккемлеўге колхозды, Қарабайды баслық етип сайлады (Ж. Аймурзаев). Босатпа пәтли илғалды, *Большевикше* гүрес аш,—Мол зүрәәт табыска (Ж. Аймурзаев).

БОЛЬШЕВИКШИЛ *кел. Большевизмге берилген, большевизмди жақлағыш, жақлаўшы. ... большевикшиллердиң де* саны көбейип, жумыслар алға өрледи (Қыз. муг. ж.).

БОМБА *ат. Жарылып тутанатуғын, жанатуғын снаряд*. Жуўырып дәрўазаның қасына барып, далаға қарай бир *бомбаны* ылақтырып жибердим (Н. Дәўқараев). Бул *бомбаның* үни емес, Тынын журтқа барып түскен (И. Юсупов). Қәлемни шайза болып, сөзин *бомба*, Елиў қорған қапысын еркин ашқан (Ж. Аймурзаев).

БОМБАЛАЎ *ф. Бомба таслаў, бомба таслап шабарыл қылыў, бомбалап қыйратыў, бомбалап бузыў, бомбалап өртеў*. Олар өзинше атсын да жатсын, ал сен *бомбалаўды* бил! (Н. Дәўқараев). Қызкеткенниң сағасында жаўларды *бомбалаўға* буйрық берди (Л. Бегимов).

БОМБАЛАЎШЫ *ат. Бомба таслаўшы, бомбаны ишке асырыўшы*. ...елимизге *бомбалаўшылар да* басып кирди (Қыз. ҚҚ. г.).

БОМБАРДИРОВЩИК *ат. Урыс ўақтында душпанлардың урысып атырған территорияларын бомбалайтуғын, бомбаларды тийгизетуғын үлкен урыс самолёты*. Бизиң *бомбадировщиклер* екинши мәртебе топылыс жасағанда, душпанның поездларының барлығы жалын менен қапланды (Н. Дәўқараев).

БОМБЁЖКА *қ.* **бомбалаў**.

БОП-БОЗ *кел. Куп-куў, қаны жоқ, қуўарған, сур*. Бираздан соң темир печьтиң артында еки бети *боп-боз*, суп-сур болып отыра берди (Ә. Шамуратов). Қалың бийик жынғыл *боп-боз* жигилдиклер саргайып тур (Б. Бекниязова). Сол қарған түринде Сайым *боп-боз* болып турды (А. Бегимов). 2. *Бозлақ жер, ағарған жер. ... боп-боз* жер еди (ҚҚ. Х. Е.).

БОПСА *ат. Жорта көтермелеп айтылған бос сөз, тоқылды*. Әжинияз әкесиниң *бопсасы* менен өкпесин аршыў ушын жымыйып күлди (К. Султанов).

БОПСАЛАЎ *ф. Жорта қуры көтермелеў, күстаны қылыў*. Кисини алдыратып өлтиресең—аў деп, „сеннен болды" дегендей даладағы күйеўин *бопсалады* (К. Султанов).

БОРАН *ат. Суўық, қақаман, ысырапыл, аяз, күнниң астын-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

үстин болып қатты самаллы даўыл болыўы. Боран ишин жалаған маллардың ишпейи ашылды (К. Султанов). Оған тәсир етпес ҳеш қандай *боран*. Қысы-жазы кәкке жазар кушағын (Ш. Мәмбетмуратов.). ◆**Қарлы боран**—*үйтқып турған қарлы самал, жел.* Булағайлы *қарлы боран* түнлерде, Зарланады „саў қойғай" деп баламды! (Т. Жумамуратов). *Қарлы боран* катты суўық, Жаңа әжәл келди жуўық (Д. Қасымов). **Үргин боран**—*қардың үйтқып суўытыўы, даўыл болыўы, қардың үргинлеп жабыўы.* Шыдар *үргин боранда*. Бириндбири таслап кетпес (Ж. Аймурзаев).

БОРАНЛАТЫЎ **бораў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БОРАНЛЫ *кел. Даўыллы, аязлы, желли, суўықлы, самаллы.* Қорыққанынан генерал *боранлы* күни қалтыраған жапыраққа усады (К. Досанов). Боранлы кеш ушын ана қәбирин, Қорқынышлы ант берген гези есинде (И. Юсупов). ◆ **Боранды кар**—*қар аралас қатты суўық, даўыл, самал, жел.* ...аспанды басына көтерген *боранлы қарлар* бүркырап аспанға атылып көзди аштырмады (А. Бегимов). **Боранлы самал, боранлы жел**—*күнниң қатты дүбелей даўылы.* Қысғын катты суўығы да тораңғыл жапыраклары есирип ескен, *боранлы самалдың* епкинине шыдамай сылдырап түсип, жерге төселип жатыр (Б. Бекниязова). *Боранлы жел* кутырып, топырақты аспанға сапырады (А. Бегимов).

БОРАСЫНЛАЎ *ф. Боранлатыў, боран болыў.* Аңызақ самал *борасынлап*, Отлы куйын тозғытар тас (И. Юсупов). Бүршактай *борасынлаған* қоргасын оқ пытырадан пәти тозаңғып пәл-пәллеп киятырған үйректей немецлердиң уйпа-жуйпасын шығарар еди-аў!... (Ө. Хожаниязов).

БОРАСЫНЛЫ *қ.* **боранлы.**

БОРАТЫЎ **бораў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БОРАЎ *ф.* 1. *Кар ямаса топырақтың үйтқыўы, күнниң суўытыўы.* Үйтқып *боран* кар боратар баса-бас. Курбан тиклеп жолдасына қарамас (И. Юсупов). Ески, „Қырк қыз" дала-сында боран *боран* тур, Зор даўылдың кум аралас үргини (Т. Сейитжанов). ...аспанды басына көтерип, жерден топырақлар *боран* жоқарыға атылды (А. Бегимов). 2. *Күнниң суўытыўы, суўық болыўы, боран болыўы, қақшыйыўы.* Күн де қақшыйып *борады* (К. Айымбетов). 3. *Аўыс. Мылтық оқларының кардай, жаңғырдай төгилиўи, түсиў и.* Оқ турғанда кардай *боран*, Жаўлар алғанда орап (С. Нурымбетов). Қалысқан жоқ бизиң жақтың тобы да, Селдей боп *борады* оның аты да (Ә. Шамуратов). Жаў жағадан алып турған жыл еди, Оқ төбеден кардай *боран* тур еди (К. Султанов). 4. *Аўыс. Тоз-тоз етиў, топылыў, ушыў, уйқы-туйқы етиў.* Айғақша жүрмесең қарап етиўге. Қардай *боран* келмеспекен ул қызың (Ер Зийўар). Онтәрт жасқа келгенде, Жаўған қардай *борадым* (Қырк қыз).

Қардай *боран* қаҳәрленди, Күтә ашыўы келген екен (Бердақ). 5. *Аўыс. Көп сөйлеў, мәзасын алыў, бурқыраў.*

БОРЛАТ *ат. Қызыл түсли гезлеме.* ...бундай *борлат* ҳәммеден табыла бермейди (Қ. Айымбетов).

БОРЛАТТАЙ *кел. Қызыл түсли, қызыл реңли, борлатқа усаған, қызылдай.* Олардың бетлери *борлаттай* балкып жанады (А. Бекимбетов). ◆ **Қып-қызыл борлаттай**—*шым қызыл, қан қызыл.* Күн шоқтай қызарып *қып-қызыл борлаттай* болып уясына батып баратыр (Ш. Сейитов).

БОРЛАТЫЎ **борлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БОРЛАЎ *ф. Кургынласыў, толысыў, жетисиў, раўажланыў. Борлады* иргели—босағам, миндим ушқыр ғайратқа (К. Султанов).

БОРПАН *қ.* орпан.

БОРЩ *ат. Туўралған капустаға ҳәр түрли овощлардың қосындысынан исленген суйық аўқат.* Түски аўқат ушын *борщ* таярлайды, ...(Жеткиншек г.).

БОС *кел.* 1. *Жумсақ, майысқақ, қайысқақ.* ...мына ақ қалайы сым да *бос* екен (Жеткиншек г.). 2. *Пайдаланылмаған ўақыт, жумыстан тысқары, қуры жүриўшилик, мәзи гезиўшилик.* Еки бастан қолың *бос*, саған сол қайым гой (Ө. Хожаниязов). Жөн таба алмай *бос*қа жүрген, Өз сырын журтқа билдирген (С. Мәжитов). 3. *Ҳеш нәрсе илмеў, паси қурыў, жетпей қалыў.* Кемпир де жармадан *бос* қалған еди, ...(Қ. Айымбетов). 4. *Ҳеш нәрсесиз, қуры қол.* ...ол да бизикине ҳеш нәрсесиз *бос* келди (Сов. ҚҚ. г.). 5. *Ишинде ҳеш нәрсеси жоқ нәрсе, қурыдан-қуры турған ыдыс.* Өзи барып қарады, ураның тек өзи *бос* тур, ҳаў буған не болған?! (ҚҚ. х. е.). 6. *Қурыдан-қуры умит етиў, мәзи дәметиў.* Мынаў қумда талай баба, *Бос* умитке уртын ҳәллеп (И. Юсупов). 7. *Пайдаланыўсыз, қуры пайдасыз.* Хорезмдеги үсти ашық, *бос* жатқан жерге қоныс басқан (К. Ирманов). 8. *Ашық, ийесиз, бәнт емес, ҳеш нәрсесиз.* Өзин ислеген учаскада бир мастердиң орны *бос* (Сов. ҚҚ. г.). ...капталындағы *бос* орынға отырдым (Т. Қайыпбергенов). ◆ **Бос жүрек**—*ырайшыл, жуўас, мийнеткеш.* Бирақ көкиректиниң *бос жүрек* екенин билдиргиси келмей артына бурылып есикке жүрди (Т. Қайыпбергенов). **Аўызы бос**—*жуўас, мусапир, ғәрип.* Аңлап сейле, ара, сениң *аўызың бос*. Күйеў деген ўақтынша бир кеўил хош (Мәспатша). **Бос ораў**—*селпи, олпы.* Жаңа үйренишиклер жипти *бос орап*, бир ийнеликти әллен ўақытта жипке толтырады (К. Султанов).

БОСАҒА *ат.* 1. *Есиктиң киретуғын төменги жери, аллап киретуғын жер.* Еплеп *босағадан* атлап едим, еле диңкем енбеген екен (Ө. Хожаниязов). 2. *Қала үйдиң ерегининң астындағы бекитилип қойылған жерге кесесине қойылған ағаш.*—*Босаға* бийик боз орда, *Босағам* жатыр бир

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жерде, Алтыннан еткен уўығым, Шашылып жатыр ҳәр жерде, Шаңырақ жатыр бил жерде (Қоблан). *Босағасын* борлаткан Маңлайшасын отаўдың, Маржан менен торлаткан (Ер Зийўар). 3. *Күннен-күнге өтиў, айдан-айға өтиў, жылдан-жылға өтиў, дәўирден дәўирге өтиў, бир басқышқа өтиў.* Бул не десем—жети жыллық дабылы жаңа жылдың *босағасынан* атлаў, ... (К. Султанов). 4. *Ўатан.* Қарақалпақ халқы ески дүзим менен—маңги хошласып, коммунизмниң алтын *босағасында* куўанып тур /Қыз. муғ. ж./.

БОСАНЫСЫЎ **босаныў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БОСАНЫЎ *ф.* 1. *Бостанлыққа шығыў, еркин жүриў.* Булар патша алдынан *босағаннан* соң, саў-саламат үйлерине қайтады /ҚҚ х. е./. 2. *Босаныў, шешилиў. Босанып* кетип үйге келген шығар деп ойлап, Балгабек үйине келген еди (Қ. Ирманов). *Босанған* ер күш бермеди, Өткир қылышын сермеди (Бердақ). 3. *Жумыстан шығарыў, босатыў, шығарып жиберіў.* Семья суды Узақбергенди ақырында колхоздың председательлигинен *босаныўға* алып келеди (Г.Есемуратов). 4. *Балқыў, жибисиў.* Еритип леби бәҳәрдин, қыс курсағы *босанды* (К. Султанов). 5. *Бала туўыў, көз жарыў, ҳаялың босаныўы.* Жоқ, бийкешим, еле оған ертерек, *босаныўға* еле күним жеткен жоқ (Г. Есемуратов). ◆**Босаныса бериў**—*жуўасыў, райынан қайтыў, жибисиў.*—Айт ондай болса,—деп қыз кәҳәрине қайтып кем-кем *босаныса берди* (ҚҚ. х. е.).

БОСАҢ *кел. Мүсәпир, бос, салақ, жуўас, сылбыр.* Өзиниң де уқыбы кем, минези *босаң*, сезгирлиги кем, сумлығы жоқ хызметкер (А. Бекимбетов). Баланыз күтә *босаң* еўек (А. Бекимбетов). Жаксы болса айтқанлары, Ҳәм де даўысы шыққанлары *Босаң* ҳәм де шаққанлары, Ҳәм де даўысы шыққанлары, Деп сынады Хийўа ханы (Күнхожа).

БОСАҢЛАНЫЎ **босаңлаў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БОСАҢЛАСЫЎ **босаңлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БОСАҢЛАТЫЎ **босаңлаў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БОСАҢЛАЎ *кел. Бослаў, сылбыраў, салақлаў, сүмиреклеў. ... буған қарағанда үлкени, босаңлаў* болды (А. Бегимов). ...бул бала жасынан-ақ *босаңлаў* болып өсти (Қ. Айымбетов). ... оның *босаңлаў* екенин билип, басқа жол менен ҳәрекет етти (Ә. Шамуратов).

БОСАҢЛЫҚ *ат. Бослық, сылбырлық, салақлық, сүмирекшик.* Жалтаңлық, тыянақсызлық, тәртипсизликке салынып: социализм құрылысы мәҳәлинде жасларды толық қатнастырыўда *босаңлық*, шалағайлық еткенлер де болды (ҚҚ. ҚСМ. атл.).

БОСАҢСЫЎ *ф. Босаңқыраў, сәл босаў.* Бурынғыдан гөри *босаңсып* өз еркине жүре баслады (А. Бекимбетов).

БОСАҢЫРАҚ *қ.* **босырақ.**

БОСАСТЫРЫЎ *ф.* 1. *Жалдырыў, шешиў.* Олар ийниндегилерин *босастырып*, суўдан шыққан үйреклердей силкинисип-силкинисип қойды (Т. Қайыпбергенов). 2. *Алдастырыў, жубатыў, жибитиў.* ...желгейдиң ашыўын жаңа ғана *босастырды* (Ш. Артық)

БОСАСЫЎ *ф.* 1. *Кеўли жай болыў, жуўасыў, ериў, балқыў.* Атамураттың жанына батса да фермалары маллар ойына түсиўден *босасты* (Ө. Айжанов). Нурбай конвертке қарап турып, мисли баласын көргендей *босасты* (А. Бекимбетов). 2. *Бир нәрсениң жибисиўи, оңайыўы.* Аялап суўық самал тек тереклердиң *босасқан* усақ шақаларын билинер-билинбес шайқап турса да, жерде ҳеш билинбейди (Ә. Шамуратов). 3. *Балқылдаў, сылқылдаў, ериў, былшыраў, солыў.* ...Қосыбай зил кирген қаўындай *босасқанда* заңқылдақ қазы Есен ортаға түсип, мысқыл етти (К. Султанов). ◆**Кеўили босасыў**—*жумсарыў, жубаныў.* Зояның айтқан сөзине ҳәм бул ғамхорлығына Тимурдың *кеўили босасып* елжиреп кетти (А. Бекимбетов). **Тула бойы босасыў**—*ериў, балқыў, жибисиў.* ...Ҳүржан ески көзин изден айырмай жыламсырап *тула бойы босасып* жерге отырды (А. Бекимбетов). **Жердин босасыўы**—*тоңның ериўи, жибиўи, жумсарыўы.* Суў толғырып жантың кенарын, Тоңлар жибип, *жерлер босасты* (М. Карабаев).

БОСАТТЫРЫЎ **босатыў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БОСАТЫЛЫЎ **босатыў** фейилиниң еркиз дәрежеси.

БОСАТЫЎ *ф.* I. *Қутқарыў, шығарыў, ерк бериў, еркинликке ийе қылыў, азат етиў.* Жәлладлар Айпаршаның қол-аяғын *босатып*, төбеден түсирди (Мәспатша). ...постты жолдасына тапсыра салып, туткынды *босатады* (Г. Есемуратов). *Босаттым.* патша тәрепинен, Өз мақсети питкеннен соң (Бердақ). 2. *Алып таслаў, шығарыў,* Тәнирбергеновты оқытыўшылық жумысынан *босатыў* түўралы ҳәр сапар жаңа оқыў жылының басында бир талай даў-жәнжеллер болып, басылып жүрди (К. Айымбетов). Биразлар орынан *босатыў* керек деп тийисли жерлерге мәселе көтерди (Ө. Айжанов). 3. *Кеңейтиў, жазды-рыў.* ...мен өзимниң аўҳалыма, қара басымның жағдайына қарап буўылған белди *босатыўға* тийисли емеспен (Қ. Ирманов). 4. *Жумсартыў.* Сөген жерлерди *босатыў*, ҳәм жүўерилерди ломбықлаў жумысларын тапсырды ...(С. Айний). 5. *Орын таярлаў, сазлаў. Босатты* жайдан бир орын, Анасы жәрдем етти де (Ж. Сейтназаров). 6. *Ыдыстың ишиндеги затты басқа бир ыдысқа салып босатыў, ишинде ҳеш нәрсе қалдырмаў, бос етиў.* Ол дәўдиң барлық аўқатларын да жерге жайластырып, табақларын *босатып* береди (ҚҚ. х. е.). Қоржынынды өзимизге бер, *босатып* беремиз (Т. Қайыпбергенов). 7. **Аўыс.** *а) Азат етиў, шығып кетиў.* Мәдемин келип, орнына ийе болды, Түркменханлары Хийўаны *босатты* (К. Ирманов). *б) Белгили бир орында ҳеш нәрсе қалдырмай бәрин басқа жерге шығарыў,* ...келген жаўшылар қалада ҳеш нәрсе қалдырмай сыртқа қуўып, қаланы *босатты* (ҚҚ. х. е.). ◆ **Май жағып босатыў**—*былқы этдатыў, жибитиў, жумсартыў, жибистириў.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Егерде жаралары болса *май жағып босатып* алайық, аўырып жанынды қыйнап жүрер (Ж. Аймурзаев).

БОСАЎ *ф.* **1.** *Қутылыў, еркин болыў, жаздырылыў.* Мүддетим питип, солдатлықтан *босандым* (Қ. Аралбаев). Нийетулланың тюрьмадан *босап* үйине келгенин еситип, ҳәмме келип атыр (Қ. Ирманов). Мен армиядан *босап* аўылға қайтып келгеннен кейин ол маған колхоздың карамал фермасына баскарыўшы бол деп усыныс етти (А. Бекимбетов). **2.** *Жибисаў, балқыў, ҳал-дәрманы қурыў.* Өкпеси аўызына тығылып, буўыны *босап* қалтыранып, Омардың үйиниң гүсындағы гезенге карай биреў киятыр (Қыз. муғ. ж.). **3.** *Уақыт болыў, қолы тийиў.* „Бийдаўлеттиң талабы жигилдик" жегендей, сабақ таярлаўдан колым *босай* қойса, талабым қармак салыў еди (К. Смамутов). **4.** *Орнынан алыныў, шығарылыў, шығып қалыў.* Демек, кеше колхоз баслығының жумысынан *босағанында* дурыс екен!—деп ол оңаз ой жуўыртып орнынан турды (А. Бекимбетов). **5.** *Жазбырылыў, шешилиў.* ...баўланған шешенлердиң баўлықлары *босап* кетипти, ... (А. Бегимов).

БОСҚА *р. Бийкарға, әйтеўир, қуры, мәни, ешейин. Босқа* өткен ҳәр бир минут Дәрменбайға ҳүтә қымбатлы! (Т. Қайыпбергенов). Ериншеклик қылдыңыз ба, Боларымыз деп *босқа* ҳәлек? (И. Юсупов). ...ҳәр нәрсени бир ойлап қуры, *босқа* ыңылдап отыра береди (Ә. Шамуратов). ◆**Босқа кетиў**—*ҳеш нәрсесиз, кетиў, қуры қол кетиў, нәтийжесиз кетиў.* Тактикам *босқа кетти*, сейтип менің, ... /И. Юсупов/. **Босқа қалыў**—*ийелик ете алмаў, ҳеш нәрсесиз қалыў, қуры қол қалыў.* Соннан бери көп пайдадан *босқа қалып* (Ө. Айжанов). ...барлық базар жумысынан *босқа қалып* мурыны сылбыраң кешке үйине қайтып келеди /ҚК. х. е./.

БОСЛАЎ *кел.* **1.** *Жумсақлаў, орпаңлаў.* ...көзде жасы моншақлап, бир *бөслаў* жерге аўнатып, жаўырынларын сыйпалады /Мәспатша/. **2.** *Әстелеў, селпилеў.* Ат жыңаўын *бослады*, Бақтыяр кегип өзинен, Қара көзин жаслады (Мәспатша).

БОСТАН 1 *р.* **1.** *Ҳеш нәрсесиз, қуры қол.* ...ҳеш нәрсесиз қуры *бостан* келе бердиң (К. Аймбетов). ...қара басы қуры қол *бостан* келип қайтты (Ә. Айжанов). **2.** *Босқа, бийкарға, мәни, қуры.* ◆ **Бостан бос келиў** -*ҳеш нәрсесиз, келиў, қуры қол келиў, пайдасыз келиў.*—Сен оларға *бостан-бос келдиң бе*? (Ө. Айжанов). **Бостан босқа жүриў**—*жумыс излемей қарап жүриў, бийпайда жүриў.* ...*бостан-босқа жүриў* оның әдети ғой (Ә. Шамуратов).

БОСТАН II *кел.* *Гүлленген кеңислик жер, еркинлигин жасайтуғын жер.* Ол жерде әрменше Аястан дейди, Арзрат етеги бир *бостан* дейди (И. Юсупов). ◆ **Бағы-бостан**—*жайнап-жаснап турған жер, гүлленген жер.* Дәўлетли халқымның *бағы-бостаны*, Адамның билгири данамыз Ленин (С. Нурымбетов).

БОСТАНЛЫҚ *ат.* *Еркинлик, теңлик, ерк, өз ерки өзинде болыўшылық, жайнап-жаснап жасаў.* Бир неше халықлар, жас нәрестелер *бостанлыққа* шықты (Ж. Аймурзаев). Ҳәзирги заман, ҳәзирги дәўир *бостанлыққа* еркинлик дәўири болды (Т. Қайыпбергенов).

БОСТАНШЫЛЫҚ *ат.* *Еркинширлик, парахатшылық.* ...ол суд мәжилисинде қаралғанға шекем *бостаншылықта* жүриўге карар алынды (Л. Бекимбетов).

БОСЫРАҚ *кел.* **1.** *Сылбыр, мүсәлим, ғәрип, жуўас, мунайым.* ...*ол босырақ* болса да өз исине пукта еди (А. Бекимбетов). ...*босырақ* болған менен бул иске шебер еди (Қ. Аймбетов). **2.** *Катпаған, жумсақ, балқылдақ.* Қамырың *босырақ* болыпты,-деди Мәнигүлге олар (Ө. Айжанов).

БОТА *ат.* **1.** *Түйениң тайлаққа шекемги бир жыллық жас баласы тәли. Бота*сы өлген түйедей, Куў далада бөзлады (Қырк қыз). Гей жерде суўы *ботаның* кәшидей жылтыраған кишкене кудықлар бар (Т. Нәжимов). **2.** *Аўыс. Бала, нәрезент.* Халықтың өз балаларын қулыным, *ботам* деген сөзлери де шаруашылыққа байланыслы (Н. Дәўқараев). Бул дүньядан кетипсең. Әрман менен жан *ботам* (Мәспатша). ◆**Ботадай бөзлаў**—*күйиниши, муңлы, қайғылы, үн салып жылаў, өкпе, заарланыў.* Есмурза кейнимнен *ботадай бозлап* шыркырап жылаў менен қулашын жая жығылды (Ж. Аймурзаев). Сени үйленди деп еситкендеги оның *ботадай бозлағаны* есиме түскенде, елеге шекем қуйқам жуўлайды (Г. Изимбетов). **Бота көз**—*жаўдыраған, бадырайған үлкен көз.* Сүзип кара *бота көзин.* Отырды қыз жақынласып (Ш. Артық). Айтмурат ахунның келини, еки бетинен қаны тамған *бота көз* келиншек аяқ ушына турып ийилип сәлем етти (Н. Бөрекешов).

БОТАДАЙ *кел.* *Бота сыяқлы, ботаға усаған, мегзес.*

БОТАЛАҚ *қ.* бота.

БОТАЛАЎ *ф.* *Түйениң туўыўы, бөлалаўы.* ...ерте бәҳәр менен түйелер де *боталады* (Ш. Артық). ... түйелер *боталап*, қойлар қозылап, шаруалар жайтаўға шыға басладың (ҚК. КСМ. ат.).

БОТАНИКА *ат.* *Өсимликлер дүньясын изерлейтуғын илим.* ...оқыўшылар *ботаникадан* коллектив болып таярланыўға келисти (Жас Ленинши г.). Экзаменди *ботаникадан* класымыз бойынша жақсы деген баҳа алыўға еристик (Жас Ленинши г.). ◆**Ботаникалық бағ**—*ҳәртүрли өсимликлер, мийўе ағашлары өсирилген жер, бағлық жер.* Гүлден-гүлге, мийўеден-мийўеге, ушып қонып жүрген ҳәр түрли түстеги шырайлы гүбелеклер *ботаникалық бағдың* жаңлы коллекциясын көз алдына елеслетеди (А. Бекимбетов).

БОТИНКА *ат.* *Қонышы тобықтан өтип тирсекке келетуғын баўлы аяқ кийим.* Әсиресе басында көгис малақайы бар, бир аяғы протез, екинши аяғына обмоткалы *ботинка* кийген

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бир жаўынгер көзге ысық көринди /Ө. Хожаниязов/. Жалаң аяқ киятырғанларына енди *ботинкаларын* кийип алыў туура келди /Т. Қайыпбергенов/.

БОЧКА *ат. Суйық зат қуйылыў ушын ағаштан ямаса темирден цилиндр формасында исленген ыдыс.* Тоғыз путлық *бочкаларды* Қалай болса, солай апарып келе береди /Н. Дәўқараев/. Жүйи беккең жабысып, Жумалайды *бочкалар* /Ш. Мәмбетмуратов/.

БОЯ *қ.* бояў II.

БОЯҚ I *ат. Балық аўлағанда аўға байланатуғын қалқым.* Теңиздиң бир шетиндеги *бояққа* көзим түсти, ... (Сов. ҚҚ. г.). ◆**Бояқ кабақ**—*алалап бөлинған қабақ, аламыш қабақ, аўға байланатуғын қалқы қабақ.* ... биринши болып аўға байланған *баяқ кабақ* жарқырап сәўлесин салған күн менен араласып барып суўға түсти /А. Бегимов/.

БОЯҚ II *қ.* бояў.

БОЯЛЫЎ *ф. I. Бир нәрсениң екинши нәрсеге былғанып қалыўы, патасланыўы.* Қырғын болды нешше мың жан, Қанга *боялды* кең майдан /Мәспатша/. Аттың басы *боялыпты* болып қан, Қаза таппай шықпайды екен шайрин жан (Қырк қыз). 2. *Бир нәрсени екинши бир нәрсе менен нағышлаў, сырлаў.* Өзи тикеш болғанда қандай, қызылға *боялған* ҳәм нағысы сондай әжайып еди /М. Чимбергенов/. Устинде лаплама боиўға *боялған* бөз көйлек /К. Султанов/. ◆**Сақалы жаска боялыў**—*қайғыланып жылаў, зарланыў, бозлаў, қыйналыў. Сақалы жаскаборялып,* Аш жолбарыстай шабынып, Ол майданға шығады (Алпамыс). **Ойларға боялыў**—*көп ойларға берилиў, ҳәр түрли нәрселерди ойлаў, ойға батыў, ойға шумиў.* Не қыларын билмей көп ўақ ойланды, Ой ойланды көп *ойларға боялды* (Ж. Аймурзаев).

БОЯМА *кел. I. Боялған, бояған, бояўлы* Устиндеги *бояма* қызыл бөз көйлегиниң түси өзин, ақшыл тартқан (К. Султанов). 2. *Өтирик, жалған.* ... елди алдаўға тырысатуғын буржуазияның *боямалы* ерки менен ҳеш ўақта да келисе алмайды, ... (Қ. Ирманов).

БОЯН I *ат. Қой-жанлық жеўге қолайлы майда жапырақлы өсимлик.* ... баласы Генжебай менен *боян* орып атыр,—деди кемпир (Б. Бекниязова). Бой жасырмаға *боян да* жақсы (Ж. Аймурзаев). Мал отысы *боян* болдым, Қустан қашқан қоян болдым, Досларыма зыян болдым, Оны ҳешким билген емес (Бердақ).

БОЯН II *қ.* бояныў.

БОЯНЫЎ *ф. Бетке май ҳәм тағы басқа нәрселерди жағыў, пардозланыў, сазланыў.* ... бул да *боянығы ўды* жақсы көреди,—деди де сыртқа шығып кетти (А. Бегимов).

БОЯС *қ.* боясыў.

БОЯСЫЎ *ф. Бир нәрсени екинши бир түрге айналдырыў ушын ҳәр түрли бояў менен бояўға жәрдемлесиў, иелесиў, көмеклесиў.* ... қапыны *боясыўға* келдик,—деди оқыўшылар муғаллимине (Жас Ленинши г.).

БОЯТ *қ.* боятыў.

БОЯТЫЎ *ф. Бояў жумысын иелеттириў.* ... парталарды оқыўшыларға *бояттық* (Жас Ленинши г.).

БОЯЎ I *ат. Бир нәрсениң түрин екинши бир түрге айландыратуғын химиялық зат.* Ораз шерши болса, күни-түни майда-шүйде *бояў* алып-сатып, „шерши" деген атаққа ийе болды (Б. Бекниязова). Сары *бояў*-кеўлимдеги қайғы-муң, Қара *бояў* тағдиримниң гүўасы (И. Юсупов).

БОЯЎ II *ф. I. Бир нәрсени басқа түрге айналдырыў, көркемлеў, нағышлаў, сырлаў.* Ол аўылға араласқанда, күйеў батыўға мейилленип, батысты қызылға *боян* жиберген ўақыт еди (Т. Қайыпбергенов). ... айналардың ҳәммесин тез *боян* болды (Жеткиншек г.). 2. *Аўыс. Өлтире сабаў, барлық жерлерин қан шығарып сабап таслаў, қанға былғастырып таслаў, былғаў, патаслаў.* Жақсы адам жаман ниярин жаныра, Жаман адам *бояр* қызыл қанына (Бердақ). Бегеўин өз қанына өзин *боян*, тағы илгериледик (Ө. Хожаниязов). ◆**Көз бояў**—*қыламысты жасырыў, алдаў, жөгисеўлик, керисине иелеў.* ... халықтың *көзин боян*, ис жүзинде түрли ҳарамы бузақышылықлар иелейтуғын дүмше молларды көриўге болады (Сов. ҚҚ. г.). **Жерди бояў**—*жерден көктиң жасарып шығыўы, көклеўи.* Жасыл түске *жерди боян*, Жүрди бәҳәр айдай көрик (И. Юсупов). **Көркем бояў**—*шығармаға образлы етиў, дәретиў, пайда етиў.* Солай да автор сәўаш майданына характерли *көркем бояды* өз алдына береди (Г. Есемуратов). **Бояўы бос**—*жүўас, мықайы бос, әлпайым.* Дәрменбай күтә *боядық бос* адам (Т. Қайыпбергенов).

БОЯЎШЫ *ат. Бояў жумысын иелеўши, сырлаўшы, жағыўшы, майлаўшы. Боядшылар* өз жумысларын болып, алебастрды былғаўға киристи (Сов. ҚҚ. г.). ... *боядшылар* жумысларына киристи (Сов. ҚҚ. г.).

БОЯЎШЫЛЫҚ *ат. Бояў жумысы менен шуғылланатуғын кәр, кәсип.* ...буның кәсиби *боядшылық* еди (Сов. ҚҚ. г.). ...бул *боядшылық* кәсибине араласқанына көп жыллар болды (Жас Ленинши г.).

БӨБЕК *ат. Жас бала, нәреста, бөпе.* Анасының қурсағынан шыққан *бөбекти* қосық менен ҳәйиўлеп жубатады, ... (К. Султанов). Демек, бизин телефон арқалы қабыл еткен арзадағы көлден табылған *бөбек* сизин балаңыз (А. Бекимбетов).

БӨБЕКТЕЙ *кел. Жас бала сыяқлы, нәрестеге усас, бөпеге уқсас. Бөбектей* жеңил екенмен, қушақлаған кисиниң қолында гыпыршылаўым менен кете бердим (Т. Қайыпбергенов).

БӨГЕЛИНИЎ **бөгеў** феллиниң өзлик дәрежеси.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БӨГЕЛИЎ *ф. Иркилиў, тығылыў, тоқтаў, таўсылыў.* Кирантын суўы бирден *бөгелип* қалды (Жеткиншек г.).

БӨГЕНЕК *ат. Арбаның үстин дөңгелек етип бастырылыўы.* Арбаның үстиндеги *бөгенекке* үлкен кийиз жабылып, шатырының барлық тәрепи бекленген еди (С. Айний). *Бөгенекке* конар гарға, Арысы жоқ жаман арба. Тәнирге ила-ын бар ма. Шолақ ийтим аман бол (Әжинияз). ◆**Бөгенек арба**—*үсти дөңгелекленип бастырылған арба.* Пар ат жегилген *бөгенек арба* аталық пенсн жасаўылды алып, Қоңыратқа қарай жолды шаңғытып тартты (К. Султанов).

БӨГЕСИЎ **бөгеў** *фейилиниң шериклик дәрежеси.*

БӨГЕТ *ат.* 1. *Иркиниш, тоқтаў, гедирги.* Алды *бөгет* тура қалды машина, Бес адам тур тумлы-түстан камалап (И. Юсупов). 2. *Қарсылық, тосқын.* Қаршадай бала өзлери айтысқан сөзлерин өзлериниң алдына *бөгет* қылып отыр (К. Султанов).

БӨГЕТИЎ **бөгеў** *фейилиниң өзгелик дәрежеси.*

БӨГЕЎ *ф. Байлаў, бекитиў, тоқтатыў, иркиў, иркип таслаў.* Қандай бәгет *бөгеўдиң* мәселеси шешилди (Б. Қайыпназаров). Үргин үрип, оған бурылса бетин, Ағысты *бөгейди* пәтиң қызыл кум (Күнхожа). Машинаның жолын *бөгеп* еркси, Солар еди алып кеткен Гүлжанды (И. Юсупов).

БӨГИЎ *ф. Жибиў, көмпейиў, тасыў, көтерилиў, бөртиў, көбейиў.* Солқымыңнан үзип жемедим, Өйткени, мийўеп мен бартанымда, Ширеге *бөгип* жатырған еди, Массандра подвалларында (И. Юсупов).

БӨДЕНЕ *ат. Бұлбұл қусаған кишкене сайраўтуғын дала хәм үй қусы.* Бизлерге өтирик сөз буйырмаған, *Бөденени* тезек деп отка жақтым (ҚҚ. х. к.). *Бөденениң* қуйрығын, Пөпек қылып берейин (ҚҚ, х. к.).

БӨДЕНЕДЕЙ *кел. Бөдене сыяқлы, уқсас, мегзес.* Мынаның *бөденедей* жорғалаўына қара! (Ө, Хожанязов). Орнынан турып, алдында уршықтай айналып, *бөденедей* жорғалаўға қарады (Т. Қайыпбергенов).

БӨЗ *ат. Пахта жибинен тоқылған гезлеме, материал, тауар.* Парқы болар сөз дегенниң, Нырқы болар *бөз* дегенниң (Бердақ). Тас дәўретин гөне *бөздең* қаплаған, Сынсы тарыдан бәрин таклаған (С. Нурымбетов). ◆ **Бөз көйлек**—*бөзден исленген, тигилген көйлек.* ... үстинде дөңгелек кең жағалы *бөз көйлеги* бар, .. еки бүгилип отырған биреўге көзи түсти /К. Айымбетов/. **Бөз көрпе**—*асты-үсти де бөзден исленген көрпе.* Бар дүнья нағысы кеткен қаршын, топсасы сынық арша, жалғыз *бөз көрпе*, ... /Н. Бөрекешов/. **Бөз шаршы**—*бөзден исленген шаршы.* Басында шашақлы *бөз шаршы* /К. Султанов/. **Бөз ыштан**—*бөзден тигилген ыштан, дамбал, ишкийим.* Дизесин жабар-жаппас *бөз ыштанының* балағы хәм баланың көсеўдей жылтыраған аяғы да ылай еди (К. Султанов).

БӨЗДЕЙ *кел. Бөзге усаған, бөз сыяқлы.* Еки бетиниң алмасы суўға малып сықған *бөздей* (Т. Қайыпбергенов).

БӨЗШИ *ат. Бөзди таярлаўшы, тоқыўшы, исленўши.* ... бул киси бөзди жүдә жақсы исленди, буны адамлар *бөзши* деп те атайды (ҚҚ. ҚСМ. атл.).

БӨЗШИЛИК *ат. Бөзди таярлаўдағы, исленўдеги кәсип, кәр.* Кәримбайдың бурыннанғы кәри *бөзшилик* еди (ҚҚ. ҚСМ. атл.).

БӨКПЕН *ат. Суўға ун салып қайнатқан, сүт қосылған қойыў биламық, ун биламыққа усаған тағам, аўқат. Бөкпеннен* баслап биламыққа шекем аўқат ишиўге үйретken (Ж. Аймурзаев). Әкем бир бере алмай сүтли *бөкпенди*, Омыртқам, қабыртқам сай-сай арықтап (А. Дабылов).

БӨКПЕНДЕЙ *кел. Бөкпеў сыяқлы қойыў, усаған, мегзес, усас.* Бетлери *бөкпендей* қаслары жабық. Урты томпайған көзлери питик (Қырық қыз). Ыссы ленеден аққан қан музлай қар менен *бөкпендей* қатып қалыпты (Ж. Аймурзаев).

БӨКСЕ *ат. Адамның ямаса ҳайўанатлардың белиниң төменги жағы, артқы жағы, қуйрығы; еки жамбастың түсы.* Созғалады *бөксеси*, Дәрман берип атасы (Алпамыс). Өткергенде он жетиниши баҳәрди, Түсти *бөксесине* шашлары сүмбил (И. Юсупов). ◆**Сал бөксе**—*жай, жай басар, аўыр көшетуғын, әсте жүретуғын, мамық.* ... несин айтасаң, тап оның өзи *сал бөксе* ғой,-шырағым (Ө. Айжанов).

БӨКСЕРЛЕЎ *ф. Көликтиң арбаны дөңге қарай тартыўға күши келмеген жағдайда арбаның арасындағы шүйден жип салып тартыўы, жәрдемлесиўи, көмеклесиўи, демеўи.* ... арбадағы аттың турып қалған жеринде *бөкселеп* тс жиберди (Ж. Аймурзаев).

БӨКСЕР *ат. Көликке жәрдемлесиўши күш, қуўат, көлик, демеў, мешеў.*

БӨКСЕРЛЕЎ *ф. Көликтиң арбаны дөңге қарай тартыўға күши келмей турып қалғанда арбаның артқы еки арасынан, гүпшегинен итериў, жәрдемлесиў, итермелеў, мешеулеў, көмеклесиў, демеў.* ...ат турып қалған ўақтында арбаның кейнинен итерип, *бөксерлепте* жибердим,—деди Жумабай (К. Айымбетов).

БӨКТЕР *қ.* **бөктериў.**

БӨКТЕРГИ *ат. Аттың ерининң артына шыйырылып байланған жағыў хәм тағы басқа нәрселер, заплар. Бөктергини* бөктерип, Қанжығалар салынды (Қырық қыз). Ҳаққа қуллық еттим қолым қусырдым, Ақ қалқанды *бөктергиге* жапсардым (Мәспатша). Ысниҳанды сары жайды *бөктергиге* тағады (Алпамыс).

БӨКТЕРГИДЕЙ *кел. Бөктергиге усаған, мегзес, сыяқлы.* Салынғандай баратыр *бөктергидей* тап (И. Юсупов).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БӨКТЕРГИЛЕЎ *қ.* **бөктериў.**

БӨКТЕРГИЛИ *кел. Кейнинде бөктергиси бар.* Қай бир кеңес сьездине келгенлер: *Бөктергили,* ат қосшылы ўәкиллер, Елден келип өз пайдасын билдилер, Миллетшилик парксыз үдей баслады (Қ. Ирманов).

БӨКТЕРИЛИЎ **бөктериў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БӨКТЕРИНИЎ **бөктериў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БӨКТЕРИЎ *ф. Аттың ерининң артына бир нәрсени теңлеп қанжыға менен байлаў, артыў.* Шопан тезлик пенен бир атқа минип, бир атты жетелеп, тор саўытты атқа *бөктерип* жолға раўана болады (ҚҚ. х. е.). ... бек саўытты артына *бөктерип* Айпаршаны Сандалға мингизди (Мәспатша).

БӨКТИРИЎ **бөгиў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БӨЛГИ *қ.* **бөлик.**

БӨЛГИШЛЕЎ *қ.* **бөлшеклеў.**

БӨЛДИРИЎ **бөлиў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БӨЛЕ *ат. Туўысқан, қаналас ҳәм урыўлас ана-сиңлили қызлардан туўылғанлардың ҳәммеси бир-бирине бөле болады.* ... Насыр Бердимбет ғәррының *бөлеси* еди (К. Смамутов). Рәмет Мәлиев менен *бөле* еди (Ө. Хожаниязов).—Исиң питкенше бизикинде бола бер, *бөле,*—деди Серкебай суўығын бир кесе чайын қалдырмай симирип, .. (Т. Қайыпбергенов). ◆**Қарын бөле**—*қаналас, туўысқан қызлардан туўылғанлар бир-бирине қарын бөле болады.* Зәўре менен Айша екеўи *қарын бөле* (А. Оразов).—Билемен, кенегеслер дайым.—Онда *қарын бөле* болып шықтың ғой (Т. Қайыпбергенов). **Бөле жора**—*бөле менен жеслас, құрдас, қатар.* Нәпсиңизди алып, хан салғыртын *бөле жора* жеўди тоқтатасыз (К. Султанов).

БӨЛЕГИРЕК I *кел. Бөлеклеў, шетлеў, аўлағырақ.* Ол аўылдан *бөлегирек* турады, ... (Жас Ленинши г.).

БӨЛЕГИРЕК II *қ.* **баскарак.**

БӨЛЕК I *ат. Пүтиниң бөлшеги.* Газетаның бул *бөлеги* маған тийисли (Жеткиншек г.).

БӨЛЕК I *кел.* **1.** *Дара, жекке, оңаша.* Стаканларға қуйылып ҳәр кимниң алды-алдына *бөлек* қойылды (Ж. Аймурзаев). **2.** *Өзгеше, айрықша.* Бул байрамның басқа байрамлардан *бөлек* қәсийети бар (Қыз. муғ. ж.). **3.** *Шеткери, шетирек, бөлегирек.* Келген бәле жаман елиңнен *бөлек,* Мысалы үстине жығылған терек (Әжинияз). ◆**Бир бөлек**—*пүтин бир тутас нәрсениң бир бөлеги, тәпәры.* Әскердиң арасында ғаўға туўып, *бир бөлеги* сол заматы қашып кетеди (ҚҚ. х. е.). Бир кеше жатыр ем көрдим бир аўҳал, *Бир бөлек* баслары жығалы келди (Қ Қ. х. е.). **Бөлек-бөлек**—*дара-дара, жекке-жекке, оңаша.* Арқадан жаўған қардайын, *Бөлек-бөлек* қалады (Мәспатша). Көктен ушқан *бөлек-бөлек* тырналар, Хабарың бер бизиң еллер аман ба? (Қ Қ. х. к.). **Ҳәр бөлек**—*айырым-айырым, дара-дара.* Оқыды илди зейини, Ядланды ҳәр бирин, *ҳәр бөлек* (Б. Қайыпназаров). **Бөп-бөлек**—*айырым, өзгеше, айрықша.* Қыялында тартады бирақ, Сийрек ушқан түнги самолёт, Жүрегинди ораған шырмап, Бир қыялдың орны *бөп-бөлек* (Т. Сейтжанов). **Бөлек-салақ**—*қалдық, майда, қыйқым, қыйынды, аўысық, майда-шүйде, бөлим-бөлим.* Дәрья абыржы *бөлек-салақ* суўлар да я қатқан емес, я қатпаған емес, Шайықназар ҳәжының көзиндей суўласын жатты (Н. Бөрекешов).

БӨЛЕКЛЕНИЎ **бөлеклеў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БӨЛЕКЛЕСИЎ **бөлеклеў** фейилиниң шерикшилик дәрежеси.

БӨЛЕКЛЕТИЎ **бөлеклеў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БӨЛЕКЛЕЎ *ф. Бир нәрсени бөлеклеп айырыў, оңашалап бөлиў, майдалаў, даралаў, оңашалаў.* Алыстағыларды улыўма турмыстың барысынан *бөлеклеп* таслайды (Г. Есемуратов). ... ҳәр бир адамның затларын ҳәр жерге *бөлеклеп* қойды (К. Айымбетов).

БӨЛЕКСИНИЎ *ф. Өзин бөтен санаў.*

БӨЛЕКШЕ *к.* **айрықша, өзгеше.**

БӨЛЕНИЎ *ф.* **1.** *Капланыў, салланыў, доланыў, сазланыў.* Қыр дәгерек көклеп, ағашлар жасыл липасқа *бөленди* (А. Бекимбетов). Қыз шайы-жипек липасқа *бөленип,* қасына қойылған аппақ пәр дастыққа бас қойды (Т. Қайыпбергенов). **2.** *Шадланыў, йошланыў.* Хошамет сөзлерге *бөленген* дослардың ортасында Ғәний жымыйып күлип отырды (К. Султанов). ◆**Қуўанышқа бөленіў**—*күлип ойнаў, шадланыў.* Султан менен Жийемурат бүгин жүдә әҳмийетли үлкен ис питкерген адамдай шексиз *қуўанышқа бөленип* кетти (А. Бекимбетов). **Көкке бөленіў**—*көк өсимликлерге, тереклердиң көгериўи, өсимликлердиң көклеўи, сән бериўи. Көкке бөленген* бул уллы қала шығысында да, қонаққа жүдә шырайлы көринди (А. Бекимбетов). **Сәнге бөленіў**—*көркем болыў.* ...үй-ишин әлле қандай *сәнге бөленгендей* азада көринди (Ө. Хожаниязов). **Рәҳәтке бөленіў**—*ҳәзленіў, рәҳәтленіў.*—Қәнекей, усындай самал мудамы есип турса!—дедим мен *рәҳәтке бөленип* (Ө. Хожаниязов). **Данққа бөленіў**—*атаққа, ҳүрметке ийе болыў.* Мийнет ислеп *данққа бөленсе де,* оқыўға барса да бир жағында Орал жүр (М. Абдреймов). **Ҳүрметке бөленіў**—*изетке ийе болыў. Бөленген шексиз ҳүрметке,* Көрмекши болар баслықты (Б. Қайыпназаров). **Тынышлыққа бөленіў**—*урыссыз отырыў, урыссыз, жәнжелсиз отырыў, парахатшылықта жасаў, түрыў,* Жайдың иши *тынышлыққа бөленген* (Ө. Айжанов). **Ғамқоршылыққа бөленіў**—*қайырқомшылыққа, изетке, ҳүрметке ийе болыў.* Халықтың *ғамхоршылығына бөленген* жыраўлардың мийнетлери жоқары баҳаланды (И. Дәўқараев). **Гүллерге бөленіў**—*гүллердиң сән бериўи, гөззал түр бериўи.* Көзиме гүл-гүл

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

дөнген кең дала, *Гүллерге бөленген* аўыл ҳәм қала (Т. Сейитмамутов). **Алтынға бөлениў**—*Аўыс, молайыў, сәнлениў, оралыў*. Бийик жайлар бойын созып аспанға, *Алтынға бөленген* майдан далаң бар (Д. Қасымов). **Салтанатқа бөлениў**—*ҳәр түрли сәнге, саз-сәўбетке ийе болыў*. Кеше өз *салтанатына бөленип*, дөнип тур (И. Курбанбаев). **Күн нурына бөлениў**—*күннен рәҳәтлениў, ҳәзлениў (ҳәз етиў)*. Баҕ тоғайлар *күн нурына бөленип*, Жаңғыртып сайрады қусы-бұлбұлы (Ж. Аймурзаев).

БӨЛЕНТИЎ **бөлениў** фейилиниң еркиз дәрежеси.

БӨЛЕТИЎ **бөлеў** фейилиниң еркиз дәрежеси.

БӨЛЕЎ *ф.* 1. *Жас баланы бесикке орап жатқызыў, уйқылатыў*. Енди оны қайтадан бесикке *бөлейсең бе?* (К. Султанов). Усы ўақта бөпесин *бөлеп* атырған Сәлийма жалт арқасына қарады (А. Бекимбетов). Биреўи киндик шешемен, Биреўи өзим кесемен, Өзим бесикке *бөлеймен*, Деп тартыслар болған екен (Бердақ). 2. *Айрықша түр бериў, жақарыў, сән бериў*. Орап алды, көрки менен *бөледи*, Жыр табылса жырлай бергим келеди (Г. Есемуратов). Мына дөңди түссең асып, Тоғай жатыр қумды *бөлеп* (И. Юсуйов). ◆**Рәҳәтке бөлеў**—*ҳәзликте жасаў. Рәҳәтке бөлеп* жанында. Астында азырақ турсаң... Қане, усы гүжимдей үлкен, Қойыў саялы ҳәм шоқ болсаң (Г. Есемуратов). **Нурға бөлеў**—*күн нурынан рәҳәтлениў, ҳәзлениў, мийри қанығыў*. Жадырап жайнаған күн жер бетин *нурға бөледи* (Ж. Аймурзаев). **Сазға бөлеў**—*ҳәр түрли нама менен ҳәзлендириў, рәҳәтлендириў, қанаатландырыў*. Саз даўыслы гармоньға да тил биткен, Кең далаңы *сазға бөлеп* мүлгиткен (И. Юсупов). **Гүлге бөлеў**—*жақсы сәнге келтириў, түрлендириў, жаратыў*. *Гүлге бөлеп* қарақалпақ дәласын, Шәллерде орнатқан Газлы қаласын (И. Юсупов). **Жипекке бөлеў**—*молайтыў, көбейтиў, раўажландырыў, байытыў*. Колхоз, совхоз молдан тутар наўқанды, Жипекке *бөлеймиз* уллы Ўатанды! (Ә. Шамуратов).

БӨЛИК *ат. Белги, мөлшер,муғдар*. Жер *бөлигиниң* шеберн. Әметулла деген қайнаған, Буған да бериң бир сәлем (КҚ. х. к.).

БӨЛИМ *ат.* 1. *Бир нәрсениң жекке бөлеги, бир шақабы*. Дүнья алтыға бөлинген, Бир *бөлими* бизиң Ўатан (С. Нурымбетов). Бир *бөлими* Төртқул тусынан, бир *бөлими*—Шымбай тусынан, барлығы бир гүннің ишинде аржаққа өтиўге қаўлы қылды (Қ. Ирманов). 2. *Тараўы, шақабы*. „Лирикалық қосықлар" деген *бөлимде* улыўмалық бар (Ә. Тәжимуратов). Некистеги аўыл хожалық техникумының бағманлық *бөлимин* биткерген (Ж. Аймурзаев). 3. *Тараў, бап*. ...китаптың бул *бөлими* жүдә қызық екен, ... (Сов. ҚҚ. г.). 4. *Мәкемелердиң ири өндирислердиң ишинде болатуғын ҳәр бир тараўы, шақабы*. Өткен жылы *бөлимде* бир нешше жерден жақсы

үскеneленген типовой мал қоралар салынып биткерилди („Жас Ленинши" г.). Ғәжәлиев соңғы гезде таярлаў *бөлимине* хызметке орналасты (Қ. Айымбетов). Оны услаған қалалық милиция *бөлиминиң* балалар инспекторы еди (А. Бекимбетов). 5. *мат. Аралас бөлшеклердиң бөлетуғын саны*. ...буны аралас бөлшектиң *бөлимине* бөлиў керек,—деди муғаллим (Жас Ленинши г.). Ол дәрҳал бөлшекке ортақ болмайтуғын, оннан кейин биринши ҳәм екинши бөлшектиң *бөлимине* бөлип, алымын үстине жазыў керек екенин айтты ҳәм сондай бир қанша есаплар шығарды (Ө. Айжанов).

БӨЛИМШЕ *қ.* **бөлим**.

БӨЛИНИЎ *ф.* 1. *Тутас нәрсениң екиге ямаса бир нешеге тараллыў, бөлшеклениўи, тоқпарласыў*. Жолбарыс еки *бөлинип* аўдарылып түседи (КҚ. х. е.). Төрт *бөлинип* он-оннан, жаў болып бағқа гийеди (Қырқ қыз). 2. *Шақапланыў, айырылыў*. Толықсып аққан суў бәҳәрде, жазда кенарына сыймай, еки жағасынан асырылып ағып, тармақ-тармақ бир неше өзеклерге *бөлинеди* (К. Султанов). 3. *Тоқталыў, иркилиў, тоқтап қалыў, өзгериў, бурылыў*. Сөз кесилди, *бөлинди* дыққат. Екеўи де турды жылдам (И. Юсупов). Бирақ мийи пүтин, ойы, басқа жақларға *бөлинбекте* (Ө. Айжанов). ◆**Уйқысы бөлиниў**—*ояныў, түргелиў*. Ол Шәлпанның *уйқысы бөлингенин* оның еки қабатлығынан ғой деп қалады (Г. Есемуратов). **Шек бөлиниў**—*ҳәр бир адамға айырып бөлип бериў, пайын бериў*. Қыдырға қарағанда Ақылбек уқыплы ҳәм шаққан, *шек бөлиниўден* тек ойып кетти де, Қыдыр дөңде қалып қойды (С. Хожаниязов). **Қақ бөлиниў**—*еки жаққа айырылыў, бөлинип түсиў. Қақ бөлинип* гелеси, Еки көзларға шығады (Қырқ қыз).

БӨЛИНИЎШИ *ат.* 1. *Айырылыўшы, бөлеклениўши*. Буның бурыннанғы мақсети оннан айырылып *бөлиниўши* еди, ...(Қыз. муғ. ж.). 2. *Бөлингиш, бөлинетуғын сан*. Бул мәселедеги ең киши ортақ *бөлиниўши* санды табыў дегенди ортаға таслады муғаллим (Қыз. муғ. ж.).

БӨЛИСИЎ *ф.* 1. *Пайласыў, үлесиў*. Аўыл адамлары жыйналып жайынды *бөлисип* алады (КҚ. х. е.). Табақ толы палаўды *бөлисип* жеўлери керек ғой (Қ. Айымбетов). 2. *Ортақласыў, шериклесиў, биргелесиў*. Қайғыны, шадлықты *бөлистик* бирге, Ленинлик байрағың астында сенің (Т. Сейитжанов). Сержан өз қуўанышын Әмет пенен *бөлискиси* келди (Т. Қайыпбергенов). ◆ **Тең бөлисиў**— *жарыма-жары, теңбе-тең, теппе-тең, екиге бөлиў*. ...муҳаббаттың салмағын сүйиклиси менен *теңбөлисиўи* керек (Г. Есемуратов). **Сыр бөлисиў**—*құпыя сырды жарыласыў, ортақласыў*. Балалар менен сырласып, *сыр бөлисти*, Ата, бала баўырласып енисти (А. Дабылов). **Тәжирийбени бөлисиў**—*ортақласыў, шериклесиў, биргелесиў*. Ол балалар менен бунан алдын сөйлесип бирдей

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тәжирийбесин бөлисип жүреди (Г. Есемуратов). **Ойларын бөлисиў** — *пикирине ортақласыў, шериклесиў.* ...алғаннан соң да келешек туўралы *ойларын бөлиседи* (Г. Есемуратов).

БӨЛИСТИРИЎ **бөлисиў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БӨЛИЎ *сф.* **1.** *Бир нәрсени бир нешше етип бөлшеклеў, бөлисиў.* —Мына нанды үшке *бөлип* жеймиз (К. Султанов). Айқыз тутқан балығын тең *бөлип* алып марданына салды да, және кетти (А. Бегимов). **2.** *Есап сабағында санды бөлип үйрететуғын усыл, ҳәмел.* Ол дәрҳал бөлшекке ортақ болмайтуғын, онан кейин биринши ҳәм екинши бөлшектиң бөлимине *бөлип*, алымын үстине жазыў керек екенин айтты ҳәм сондай бир қанша есаплар шығарды (Ө. Айжанов). **3.** *Арнаў, белгилеў, шығарыў, шегарасын айырыў.* Малын алты *бөлип*, бир бөлимин бағышлап атаса мәлим аты шыққан, Мәжнүн деген тулпарды сатып алып, төлесине байлады (Мәспатша). Мәдемин келип бизиң қолымызға кирип биз арқалы орын алажақ болса сол ўақта өз шегарамызды *бөлгенимиз* мақул,—деди (Қ. Ирманов). **4.** *Майдалаў, усақлаў.* Қара пулды қырққа *бөлип* усақлап, Неден болды аты жаман гүнайым (Омар). **◆Қақ бөлиў** — *айырыў, жыртыў.* Ақырсында *қақ бөлди де* жаўлығын, Жолбарыстың еки аягын орады (К. Султанов). **Сөзин бөлиў** — *иркиў, тоқтатыў.* ...булардың сөйлесип отырған *сөзин бөлип* жиберди (А. Бегимов). Нәрекеннің Бахтыяр, *Сөзин бөлип* хош деди (Б. Қайыпназаров). **Ойын бөлиў** — *қыялын өзгертиў, иркиў.* Жатса да, турсада сол аўыл *ойын бөлди* (Ө. Хожаниязов). **Кеўил бөлиў** — *кеўил аўдарыў, нәзер салыў.* Қәпелимде Фатыйманың үй бетиндеги ызалы сеске ҳәмме *кеўил бөлди* (Ө. Хожаниязов). **Ўақтын бөлиў** — *ўақыт табыў.* Бирақ не деген кенен де, жума күни балалар ойынға да *ўақтын бөлип* турағуғын еди (Ә. Шамуратов). **Күшлерин бөлиў** — *тосқынлық жасаў, иркиў, тоқтатыў, қарсылық етиў.* ...көтерилетуғын *күшлерин бөлиў*, ҳәлсиретиў сиясатын тутты (Қ. Ирманов). **Демин бөлип-бөлип алыў** — *демин иркип-иркип алыў, зордан дем алыў.* Сержан болса *демин бөлип-бөлип алып*, үсти-үстине гүрсинип жатыр (Т. Қайыпбергенов). **Енши бөлиў** — *ата-аналық баласын бөлек шығарғанда бөлип беретуғын зат, пай, еншиси, жийенге де берилетуғын зат, нәрсе.* ...ҳәр баласына *еншисин бөлип* берди ғой (Қ. Қ. х. е.). **Түн уйқысын төрт бөлиў** — *уйқысынан ояныў, уйқысын бузыў, оянып кетиў.* Нешше жыллар *түн уйқысы төрт бөлди.* Ойлап қара, адамшылық ар ушын (Т. Жумамуратов).

БӨЛМЕ *ат.* **1.** *Жайдың айырым бир бөлеги, бөлими.* Жигитлердиң бул сөзине шыдамаған қыз бир күни үшеўин де өз *бөлмесине* шақырып алып айтыпты: ... (Қ. Қ. х. е.). Жумыска орналасып, квартира тапқанша мениң төрдеги бир *бөлмеде*

тура берин, —деп мирәт етти (Қ. Айымбетов). **2** *Бөлистирмеў, майдаламаў, бөлшеклемеў, айырмаў, бөлеклемеў.* ... үйиндеги барлық затларды ҳеш кимге *бөлмеди* (Қыз. муғ. ж.). **3.** *Иркилмеў, тықбаў.* ...болған ўақыяны ҳеш қандай *бөлместен* ҳәммесин қалдырмай айтып берди (А. Бекимбетов). **◆Төрт бөлмели квартира** — *төрт бөлмеден ибарат болған үй, жай.* — Гостиницаға барып не қыласаң, мениң *төрт бөлмели квартирам* бар, ... (Қ. Айымбетов). **Класс бөлмелери** — *балалар оқыйтуғын класс жайлары. Класс бөлмелерине* емески сес еситиледи (К. Султанов). **Кеўил бөлмеў** — *дыққат аўдармаў, нәзер салмаў.* Бийдәўлетлик жолларынан жүрмеди, Сабақтан басқаға *кеўил бөлмеди* (А. Дабылов). **Сөзин бөлмеў** — *иркпеў, тоқтатпаў.* Гаррысының *сөзин бөлместен* Атамурат пенен бирге кемпири Үзилдик те тыңлап отыр еди (Т. Қайыпбергенов).

БӨЛШЕК *ат.* **1.** *Бир тутас нәрсениң бөлими, бөлеги.* ...атыздағы салы гүдшеклериниң ҳәр бир *бөлшегин* өз алдына машинага баўлап жүкледи (Сов. КК. г.). **2.** *Тутас единица (бирлик) бөлеклерин билдиретуғын сан.* ... пүтин санды *бөлшекке* бөлиў керек,—деди оқыўшыларға муғаллим (Жас Ленинши г.).

БӨЛШЕКЛЕНИЎ **бөлшеклеў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БӨЛШЕКЛЕСИЎ **бөлшеклеў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БӨЛШЕКЛЕТИЎ **бөлшеклеў** фейлиниң еркси дәрежеси.

БӨЛШЕКЛЕЎ *сф.* **1.** *Бөлиў, айырыў, төбелеў, даралаў.* Сол. ушын бир жүректи *бөлшеклеў* мүмкин емес деп ойлайман (Т. Қайыпбергенов). ... оқыўшылары мектеп китапханасындағы китапларды ҳәр жерге *бөлшеклеп* буўыстырып қойды (Жас Ленинши г.). **2.** *Бөлинип көбейиў, бөлиў.* Бул пүтин санды *бөлшеклеўимиз* керек,—деди Мурат жанындағы жолдасларына (Жас Ленинши г.).

БӨПЕ *ат.* *Жас бала, нәреста.* Жылама *бөпем* жылама, Жиллик шағып берейин (Қ. Қ. х. к.). Айналайын ақ *бөпе*, Ақ бесикте жат *бөпе*, Әкең келип қой сояр, Ет пискенше жат *бөпе* (Қ. Қ. х. к.). Турсам сәҳәр болыпты, *Бөпем* уйқысы қаныпты (Қ. Қ. х. к.).

БӨРГЕ *ат.* *Сазан топарына киретуғын балықтың майда түри.* Жүресинен отырып *бөргени* қолына алды (Н. Дәўқараев). —Ана *бөргени* берман тасла!—деп қолын созды (Н. Дәўқараев).

БӨРЕК *ат.* *Камырдың ишине мәйек, гөш ҳәм тағы басқа нәрселер салынып суўға ҳәм майға писирилетуғын аўқат, ас, тамақ, тағам.* Булардың үшеўи де *бөрек* жеп отырғандай, ...(Ж. Аймурзаев). Дәстурқанда нан-шөрегин, Бадияда яғлы *бөрегин*, Жети жүз түп ақ терегин, Санап көрдим Қулен болыс (Бердақ).

БӨРЕНЕ *ат.* *Узын жуўан ағаш, терек.* *Бөренеси* ҳәм

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шакалары ансат зыянланатуғын болады. .. (А. Джальменов, П. Т. Карпов).

БӨРИ *ат.* 1. *Касқыр, жыртқыш. жабайы ҳайўан.* Косакана бир *бөри* ўйдың қапталынан өтип баратыр (ҚҚ. х. е.). Бөлинсең *бөри*, айырылған адамды айыў жемес пе? (И. Юсупов). 2. *Аўыс. Кас. душпан, ўры.* Аттыч урысы, малдың *бөриси* сенсең, Аттың қунын төлейсең, урының ийеси сең (К. Султанов). Көрсең-билсең атамыздан бер хабар, Пәрлп таўда мәкан еткен *бөрилер* (Мәспатша).

БӨРИК *ат. Ҳәр түрли териден тигилген бас кийим, малақай, тумақ, қүрпш, телпек, дегелей.* Қундыз *бөрик* басында. Қарындасы қасында, Киятыр екен Арыслан (Қырк қыз). Жарқынбай иниси бул да қасында, Қундыздан қәра *бөрик* басында (Бердақ). ... басына қамка *бөрик*, аяғына алтын гейўпи мәси кийген бир байбәтше арбасын тоқтатты, ...(ҚҚ. х. е.).

БӨРТТИРИЎ *ф.* 1. *Жибитиў, жумсатыў, жумсартыў.* ...сөкти катыққа *бөрттирип* бир зерен етип ишип алды бала (ҚҚ. х. е.). 2. *Улғайтыў, күшейтиў.* Еситкенин асырып, *бөрттирип*, айтыўшылар да жоқ емес, ...(К. Султанов).

БӨРТИЎ *ф.* 1. *Қызарыў, қысыныў, бозарыў.* ...шертип, түртип, қызарә *бөртип*, шыгарды қайғылы дәртти. Көрдиплер ме ондай мәртти (Мәспатша). 2 *енеге майда бөртик шығыў, жара шығыў. бужыр болыў.* Халықлардың бет-аўызы қап, Тула бойы ескен, *бөрткен* (Ж. Аймурзаев). 3. *Жибиў, жумсаў, босаў.* ...табақтағы гүришке мәсы суўды қуйыўдан *бөртип* кетти (ҚҚ. х. е.). 4. *Көгериў, бүртик шығарыў, өсиў, шығыў.* Сәўирдің шамалы есип, жаптың музлары ерип, тереклер *бөртсе де*, суўық қыстың қәҳәри толық кетип. бәҳер паслы болып кеге қойған жоқ (Ә. Шамуратов). ◆**Бөртип-бөртип кетиў** *–қызарыў, бозарыў, бужырланыў, майда бөртик шығыў.* Гаррының шырайы өзгерип, суўыққа тоңғандай *бөртип-бөртип кетти* (Т. Халмуратов).

БӨРТПЕ *ат. Сөкти майға, сүтке, қантлы суўға салып жибитиўден исленген аўқат, ас-тағам, тамақ.*

БӨТЕКЕ *ат. Адамлардың, жанлы-жаныварлардың аўқат синиретуғын* мүшеси. Елмураттың *бөтекесине* ис суққандай ашыўлы сөзлер де айтты (Ж. Аймурзаев). Баўыр, талақ, *бөтеке*, өкпе, ишек, Орын алған қап салып ой ҳәм қырдан (Ж Аймурзаев). ◆**Бөтеке бет**—*бөтекеге усаған бет.* Көптен алалмайсан бул сөзден орын, *Бөтеке бетлисең*, бирақ зор мурын (Өтеш).

БӨТЕКЕДЕЙ *кел. Бөтеке сыяқлы, усас, тәризли, уқсас.* Сақал муртын қырып тасласа, бети *бөтекедей* жас жигит (Ө. Хожаниязов).

БӨТЕН *р. Басқа, өзге, жат, таныс емес бийтаныс, өзгеше. Бөтен* адам киргизбеўге буйырып, Бир оңаша жерге өрмек курады (И. Юсупов). ... бой жазып, таза ҳаўаға шығып қайтыўдан басқа ойымда *бөтен* ҳеш нәрсе жоқ еди (М. Дәрибаев). —Ол айтқаныңыз *бөтен* емес-ау, Есеке (К. Султанов).

БӨТЕНЛИК *ат. Жатлық, өзгелик, бөтенлилик.* ...бизге *бөтенлигиңди* ислеп отырсан сен,—деди гарры (ҚҚ. х. е.).

БӨТЕНСИТИЎ *бөтенсиў* фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БӨТЕНСИЎ *р. Жатырқаў, жатсыныў.* Сен оны *бөтенсип* жат муҳаббатты урлама, дос қәдирин кәстерле!—деп сыбырлағандай сезилди (Ө. Хожаниязов).

БРЕЗЕНТ *ат. Жуўан сабақтан суў өткермейтуғын етип қалың тоқылған материал, суў өткермеў ушын затларды бастырыўға қолайластырылып, төрт мүйешли етип тигилген жайыў сыяқлы үлкен нәрсе, зат.* ... машинаның *брезентин* экелип оның үстине жапты (М. Чимбергенов). Көп шатырда *брезенттен* қурылған, Ким оқыды, ким отырды, ким жатты (Т. Сейитжанов).

БРИГАД *қ.* **бригада.**

БРИГАДА *ат. Көпшилик адамлардан қуралған, дүзилген, шөлкемлескен ҳәр түрли уйым, шөлкем.* Колхоздың қайсы *бригадасына* барса да усы көшеден өтиў керек (С. Хожаниязов). *—Бригадаға* агрономлар келмекши еди, мени күтип отырса уят болар (Ө. Айжанов). ◆**Бригада дүзилиў**—*шөлкемлесиў, уйымласыў.* Мине ҳәзир әйне ўақты бул истин, Жер бөлинсин, *бригада* дүзилсин (Т. Сейитжанов). **Концерт бригадасы**—*бир топар қосық ҳәм түрли қызық ойынлар көрсететуғын шөлкем, уйым.* Бир күни Венгрияның аўылында Москвадан келген *концерт бригадасы* бизди қарсы алды (К. Айымбетов). **Жаслар бригадасы**—*гилең жаслардан дүзилген шөлкем, уйым.* Шықты *жаслар бригадасы*, Топ-топ болып субботникке (И. Юсупов). **Танковой бригадасы**—*танк айдаўшылар шөлкеми, уйымы, топар.* Басқа қайтканымыз жоқ, душпанның *танковой бригадасы* жайласқан жер ҳаққында мағлыўмат алып қайттық (Ө. Айжанов).

БРИГАДИР *ат. Бир бригаданы басқарыўшы, меңгериўши, басшылық етиўши адам, киси.—Бригадир* сонғы сөзин ныклап қойды (Т. Қайыпбергенов). *Бригадир*, звеноларға қулақ сал, Қолыңнан кетпесин ҳәргиз намыс-ар (С. Нурымбетов).

БРОНЕБОЙЩИК *ат. әск. Полат пенен қапланған автомобиль ҳәм танкти атыўшы, бузыўшы адам, киси.* Ҳәзирше *бронебойщиклер* саўашқа кирискен жоқ (Қ. Досанов).

БРОНЕВИК *ат. әск. Броневтомобиль, полат пенен қапланған автомобиль.* Елеслейди *броневикте* турғаның, Халықты жоллап, жаўды аямай урғаның (Т. Сейтжанов).

БРОНХИТ *ат. Дем алыў органларының исинип аўырыўы.* ... суўық тийип аўырған баланы тезден емлемесе ол *бронхитқа* айналып кетеди (Сов. ҚҚ. г.).

БРОШЮРА *ат. Көлеми кишкене, үш баспа табақтан үл-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

кен болмаған кишкене китапша. Бригадир қолындағы *брошюрасын* қалтасына салды да атызға қарай кетти (Ө. Айжанов).

БРУС *ат. Төрт қырлы арғыт, ағаш. ...* құрылыс майданшасында көп *бруслар да* келип қалды, ...(Сов. ҚҚ. г.).

БРУЦЕЛЛЕЗ *ат. Адамларда және ҳайуанлардың денесиниң қақсап, сырқырап ауыратуғын ауырыў, кесел, науқас.* Ҳәзирги күнлери *бруцеллез* ауырыўлары күшейди, ...(Қыз. ҚҚ. г.).

БРЫНЗА *ат. Сүттен ислейтуғын иримшик, сүзбе. ...* шәжелер ушын ең жуғымлы аўқат *брынза* болып есапланады (Сов. ҚҚ.г.).

БЎ *қ.* бул.

БУҒА *ат.* **I.** *Ири еркек мал.* Арадан бир жыл өткен соң кемпир *буғаның* басына жерийди, кемпирдиң бул тилегени де орынланады (ҚҚ. х. е.). ... тайпақ бас таргыл *буға* қой қораның бүйирин жарып кеткен екен (К. Смамутов). **2.** *Балықтың бир түри, гүжирейген түри.* Суўы тасып болса ойын, Ақ балықтың көрип тойын, Онлап, жүзлеп *буға* мойын, Сол аўынан алған екен (Бердақ). ◆**Саранаў буға**—*саранаўдың туқымы, ири ҳасыллардырыў буға.* Қыздың алдынан кескеслеп *саранаў буға* шықты (Ө. Айжанов). **Алабуға**—*балықтың бир түри, ала түри.* Жуўанып кетти тыррыйып, *Алабуғасындай* көлдиң (А. Дабылов).

БУҒАДАЙ *кел. Буға сыяқлы, усаған, усас, уқсас, тәризли.* Желкесин гүжирейтип, сүзетуғын *буғадай* шекелеп қарады (К. Султанов). ... сүзетуғын *буғадай* шекинисип турды (Н. Бөрекешов). Жөн билмеген *буғадай*, Мурынынды жыйырдың (Қырк қыз).

БУҒАҚ *ат. Адамның ҳәм ҳайуанлардың алқымының салбырап жери, ийектиң төмени.* Қозының бир тилим қуйрығының жарасын туратуғын *буғағы* киширейейин деген (Ж. Аймурзаев). Бир ургылам ишкен суўлары, Тамағынан өткенде, *Буғағына* жеткенде, Мысал теңге яңлы, Елдир-еддир етип көринген (Алпамыс).

БУҒАҚЛЫ *кел. Буғағы үлкен, салбыраған буғақ, үлкен буғақ.* Қара қаслы, ақ қабақлы, Түлки баўыр, ақ тамақлы, Салынған сеймиз *буғақлы* (А. Дабылов).

БУҒАЛАТЫЎ *ф. Буғаға келген сыйырға буғаны жибериў, қашырыў.* Сыйырыларды өз ўақытында *буғалатып* болды, ... (Ж. Сейитназаров).

БУҒАН *ал. Басқа бир адам ямаса басқа бир нәрсеге қаратылып айтылады.* Қаланың бас көтерген уламалары, байлары *буған* жақсы баҳалар бериси (Ә. Шамурагов). *Буған да* шекленбей пүткил дүньяны аралап шығып, әлемди гезген екен дейсең (Ө. Хожаниязов). *Буған* Шыныбийке түсинбей, жалт қарады (Ж. Аймурзаев).

БУҒАЎ *ат.* **I.** *Кисен, шынжыр.* Қолындағы тәсписин, Ол мойына салғанда, *Буғаў* мекен дегенсең (Қоблан). **2.** *Аўыс. Зулымлық, аўырманлық, езиўшилик, қаттылық, мийримсизлик. ...* ҳаял-қызлар ол заманда көп азап-ақыретлерди көрсе де, дин *буғаўында* уялшақлыққа салып көп аса жанына батқанлары болмаса, көрген азапларының көбин сыртқа шығарып айтпайтуғын еди (К. Ирманов). ◆**Буғаў салыў**—*кисенлеў, шынжырлаў, жүўенлеў, бәнт етиў.* Күш қосып сонда қалмақлар, Мойына *буғаў салды* (Қырк қыз).

БУҒАЎЛАНЫЎ **буғаўлаў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БУҒАЎЛАСЫЎ **буғаўлаў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БУҒАЎЛАТЫЎ **буғаўлаў** фейлиниң өзгелик дәрежеси.

БУҒАЎЛАЎ *ф. Кисенлеў, шынжырлаў, бәнтлеў, тас қылыў, жүўенлеў, байлаў.* Мине усындай еркинликке душпан халықты *буғаўлап* қоныўға урының атырғанын да айтады (Г. Есемуратов).

БУҒАЎЛЫ *ф. Буғаў салынған, бәнт етилген, жүўенленген, кисенленген, шынжырланған. ...* енди бурынғы *буғаўлы* халықты еркинликке шығарды (К. Ирманов).

БУҒАША *ат. Буғаның кишкене түри, кишкене буға. ...* бүгиннен баслап мына *буғашаларды да* өриске қосып жибериў керек,—деди ферма баслық шопанға (Ж. Сейитназаров).

БУҒЫЎ *ф.* **I.** *Еңкейиў, ийилиў, буққышлаў.* Ол қалың көк өсимликтиң арасы менен *буғып* жүреди (Ж. Аймурзаев). Әлмурат каймығып *буғып* қалды (К. Султанов). **2.** *Қорқыў, жасырыныў, қорқып буғып қалыў, жасырынып қалыў.* Ол желкесине аўыр жүк түскендей кем-кемнен жерге қарай *буға* берди (А. Бекимбетов).

БУДКА *ат. Адам турағын кишкене ылашық, бастырма.* Баратыр елим түнде сол бетке кетип, Жолдың бойындағы *будкадан* өтип (Ш. Артық).

БУДЫР: **будыр-будыр** *кел. Ойлы-бәлентли, тегис емес жер.* Арбалар жолдың *будыр-будыр* жерлеринен де өтиўге шамаласты, ... (Қ. Айымбетов).

БУЖЫР: **бужыр-бужыр** *кел.* **I.** *Котыр-қотыр, қотыраш-қотыраш, бир нәрсениң тегис емеслиги.* Күндиз кумды аралап қой бағып, түнде тас дастанып, таўдың *бужыр-бужыр* тасының үстинде жатаман (ҚҚ. х. е.). **2.** *Шешек аўырыўынан қалған дақ, белги, қотыр, бужыр-бужыр таңба. Бужыр-бужыр* көзи қысық, Қалғып басы, төмен түсип (Ш. Артық).

БУЖЫРЛАНЫЎ **бужырлаў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БУЖЫРЛАСЫЎ **бужырлаў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БУЖЫРЛАТЫЎ **бужырлаў** фейлиниң өзгелик дәрежеси.

БУЖЫРЛАЎ *ф. Қотырлаў, қотыраш лаў, ойлы-бәлентлилеў.* Ҳаялдың бети *бужырлаў* екен,—деди Жаббақлардың биреўи (Б. Кербабаев).

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БУЗАҚЫ *кел. Араға сөз салыўшы, бузықлық етиўши, харамы, бузыўшы.* Ҳә, *бузақы*, мениң несийе—қарамды өндирмей, қумарға берип келдиң бе? (Қ. Аралбаев). Жети түнде не қылып жүрсең *бузақы*! ... (Ө. Хожаниязов).—Нағыз ҳарамы *бузақы* адам екен (А. Бекимбетов).

БУЗАҚЫЛЫҚ *ат. Араға сөз салыў, от таслаў, бузықлық, харамылық.* Түр-түси әжайнеге қусаған молланың ислейтуғын кәсиби әзелден-ак *бузақылық* ели (А. Бекимбетов).

БУЗАҚЫШЫЛ *қ.* **бузақы.**

БУЗАҚЫШЫЛЫҚ *ат. Бузыўшылық, ҳараманшылық.* Мен „шын" достымның *бузақышылығына* ерип ҳүжданымнан, адамгершилигимнен, ағайин-туўысқанымнан айырылдым (А. Бекимбетов).

БУЗАЎ *ат. Сыйырдың жас баласы, төли.* Алдында аяғы қатпаған *бузаўы* жыйырылып жатыр (Ө. Айжанов). Сыйыр менен *бузаў* екеўи бир жерде байлаўлы тур (Т. Қаныпбергенов). *Бузаў*, баспақ ғанаға, Бизлер тири турғанда, Ким суғады ағажан, Ҳарам қолын жағаға (Бердақ). ◆**Бузаў тилли қамшы**—*ишине өзек салынып төрт қырлы етип өрилген қамшы. Бузаў тилли қамшысын*, Аллы бай .қолына (Мәснатша). Қултай баба қосынан шығып қарап турса, ер жүўени арқасында, қундыз соппас басында, жаў қуралы белинде, *бузаў тилли қамшы* дәстинде, кеўли тасып ҳалласлап, манлайдан терп, қамшылап киятырған баланы көрди (Алпамыс).

БУЗАЎБАС *ат. Қоныздан гөри узынлаў, адамды жалап исиретуғын уўлы жәнлик, мақлуқ.* Мысалы қумырысқа, *бузаўбас* сүйреген янлы болып, батырды зинданға жықты (Алпамыс). Ҳәр жер-ҳәр жерде шырыллаған *бузаўбастың*, жылқышы менен байыўлының анда-санда мөңиреген мал даўыслары еситиледи (Ө. Хожаниязов).

БУЗАЎЛАТЫЎ **бузаўлаў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БУЗАЎЛАЎ *ф.* 1. *Сыйырдың бузаў туўыўы, балалаўы, төлеўи.* Меним қолымдағы 8 сыйырдың 7 ўи ғана *бузаўлады* (Ж. Сейитназаров). Сыйырлардың аман *бузаўлаўы* ушын барлық мүмкиншиликлерди болдырып, қадағалап қутиў исин түгас алып барыў керек (Ж. Сейитназаров). 2. *Аўыс. Жердиң мәңги өним бериўи, көп дән, зәўзат бериўи, көп өнимли болыўы.* Боздардың *бузаўлап*, ортаң толысып, Исин раўажланып баратыр, Қонырат (И. Юсупов). „Боз *бузаўлар*" дегенлей, өним берер жер екен (Б. Қайыпназаров).

БУЗАЎЛЫ *кел. Бузаўы бар ана сыйыр, саўын сыйыр.* -Аппын туўғанлардың қолында үш-төрт жанлық бар, бир *бузаўлы* сыйыр бар, соларды сатыстырсам, басқа не?—деди әкем шын кеўли менен (Ө. Хожаниязов). „Бурынғыны айтпайман, тек еки *бузаўлы* сыйыр, бес қойын тап та ала гой,"—дейди (Т. Қаныпбергенов).

БУЗАЎХАНА *ат. Бузаў байлайтуғын, қамап қоятуғын орын, жай.* Мен оған ҳәрдайым қам гөш. қант берип тураман, —деп Султан *бузаўханаңың* дәрўазасына келип тоқтады (А. Бекимбетов).

БУЗАЎШЫ *ат. Бузаў бағыўшы, тәрбийлаўшы адам, киси.* Фермадағы бузаўлар ушын айырым *бузаўшыда* таярланып қойылды, ... (Ж. Сейитназаров).

БУЗБАЎ *ф.* 1. *Шатақ шығырмаў, бүлдирмеў.* Садулла бул ўақытта шертек астында бурынғыша отырысын *бузбай* бийәлел тарқасты (А. Бекимбетов). 2. *Қәддин бузбаў, қәддин сақлаў, өзгермеў.* Сонда да мен айтсам шынын, Қызығы бул ялғаншының, Көппе деймен,...-деди, ғарры, Қәддин тиклеп, *бузбай* сынын (И. Юсупов). 3. *Бөлмеў, оятпаў, бөлип тасламаў.* Ханымның уйқысын *бузба* жолаўшы, Келерсең күн шығып таңлар атқанда (Қырқ қыз).

БУЗҒЫЗЫЎ **бузыў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БУЗДЫРТЫЎ **бузыў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БУЗДЫРЫЎ *ф. Қулаттырыў, жықтырыў.* Гөне жайларды *буздырып*, бийик жайлар салынды, ...(Сов. ҚҚ. г.).

БУЗЫҚ 1 *кел.* 1. *Тәртипсиз, жөнсиз, бүлдиргиш, зыянкес.* Кемпир истиң *бузыққа* кеткенин билди, егленбестен ҳақыйқат әйин илди, зар-зар жылап кемпир ғәрип түйеге минди (Алпамыс). Гәп болар ма еки еллер урысса, Ашықлықтаң түспесин *бузық* араға (Қырқ қыз). 2. *Сынық, бузылған, сынған.* ... *бузық* тракторлардың ҳәммесин бир жерде ремонтлаў керек,—деди инженер совхоз директорына (Сов. ҚҚ. г.). ◆**Бузық басы**—*бузық нәрселерди баслаўшы, басқарыўшы, себеп болыўшы, дебепкер.* Сиз *бузық басы* болыпсыз, заман усындай басшысы жоқ елден азады (Қ. Султанов). Лийкин Есенгелди деген бурынғы бийдиң сөзине ерип, *бузық басы* болды (Қ. Султанов).

БУЗЫҚ II *кел.* 1. *Жаман, дүзелмейтуғын.* Ол *бузық* адам еди, ... (Сов. ҚҚ. г.). 2. *Жарамсыз, иске аспайтуғын. Бузық* телефонларды тез күнде онлаў кереклигин ескертти (Сов. ҚҚ. г.).

БУЗЫҚЛЫҚ *ат. Зулымлық, жаўызлық, харамылық.* Жайылмаған журтқа залым кийеси, Үмитсиз *бузықлық* иси бар екен (Омар). Олардың жүрген жигитлери *бузықлықты* қылып жүрди (Қ. Ирманов). Баспашы болып ел талап *бузықлық* қылып жүргени болмаса, шаймалықты қойып кеңес ишине белгисиз кирген (Қыз. муғ. ж.). ◆**Бузық нийет**—*жаман тилек, жаманлық етиўши, харамылық, бузақылық нийет пенен шуғылланыўшы, ислеўши.* Айсәнемди ақ көкирек десем *бузық нийет* екен (Ж. Аймурзаев).

БУЗЫҚШЫЛЫҚ *ат. Жаўызлық, зулымшылық, қастыяншылық, араға сөз салыўшылық.* Сондай болса *бузықшылық* етпесин! (А. Бекимбетов). ... ис жүзинде түрли харамы *бузықшылықлар* ислейтуғын дүмше моллаларды, хожа-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

суўпыларды ашыш өткир тил менен әлгирә критикалады (Қ. Айымбетов).

БУЗЫЛЫСЫЎ *ф.* *Айныў, өзгериў.*

БУЗЫЛЫЎ *ф.* I. *Кулаў, қыйраў, сыныў.* ... *бузылған,* сынған мүлкиңизге бир-еки гүўалардың қатнасы менен акт дүзип бизге әкелиң!-деп кипитан трубканы қойды да кабинеттен шықты (А. Бекимбетов). ...трактордан басқа аўыл хожалық машиналарының *бузылған* жерлерин дүзете алатуғын темирши бар екенлигин көрсетеди (Г. Есемуратов). 2. *Бүлиниў, ўайран болыў.* Узақлы ел дүзелер, Қассаплы ел *бузылар* (ҚҚ. х. е.). Семьям *бузылды,* тарап кетти (А. Бекимбетов). 3. *Өзгериў, айныў.* Түн ортасында түниң райы көпелимде *бузылды* (К. Султанов). Нардек болып сөз билдиңиз, Қызыл қәрип *бузылдыңыз* (Өтеш). ◆**Бузылып-дүзелиў** *бир нәрсениң бузылыўы хәм оңланыўы, жақсарыўы, сазланыўы.* Урыс ўақтында бул кемпирдиң үсти думан, қара түтин, күнде *бузылып-дүзелип* турғанын еди (Қ. Айымбетов). **Кеўил бузылыў**—*өзгериў, айныў, жибисиў, жуўасыў, ыдыраў, жыламсыраў, өзин услап тура алмаў.* Ата дедиң пүткил *кеўлим бузылды* Қәбан болды, қанды баўырым езилди (Мәснатша). ... гөне патлақты, гөне дәртти айтып өкпелесип, қаяқтағылар ойға түсип *кеўлин бузылып* жылап отырғанлар да табылады (Қ. Айымбетов). **Турмыстан бузылыў**—*адамгершиликтен айырылыў, ойран болыў.* Коммунист Оразбай Нурбаевтың *турмыстан бузылып* өз ҳаялын қуўып жибергени туўралы тексериў жуўмағын хабарлады (А. Бекимбетов). **Уясы бузылыў**—*хордасы ўайран болыў.* Ҳәррелер ушыўбан пәрўана болур, *Уясы бузылып* палдан айрылса (Әжинияз). **Топары бузылыў**—*таралыў, дағыў, дағдысыў, тарап кетиў.* Атлылар *тобы бузылып* толқынласыў қарады (Т. Қайыпбергенов). **Түси бузылыў**—*өзгериў, қубылыў, айныў. Түсиниң бузылғанын* көрип, Өтемурат оннан сайын шаншыўына тийди (К. Султанов). **Күнниң, ҳаўанын бузылыўы**—*булт басып ҳаўаның өзгериўи, даўыл болыўы, жаўын болыўы, бир түрли ийстиң болыўы.* ... кутының ишиндеги калдық ет пенен балықтың ийсинен үйдин *ҳаўасы бузылып* ала кетти (Қ. Айымбетов). Бираздан кейин *күн бузылып* жаўын да жаўды (А. Бекимбетов).

БУЗЫЎ *ф.* I. *Кулатыў, сындырыў, қыйратыў, бүлдириў, зыянлыў. Бузды* гөне камыс қосын, Мәканлап көлдиң жағасын. Токыған барлық шыптасын, Сол қосына тутқан екен (Бердақ). Парахатшылық ушын гүрес, Бөгетлерди өтер *бузып* (И. Юсупов). Тапсырманың қысқаша мазмуны шегараны *бузып* өтежак, ... (Ә. Шамуратов). 2. *Бүлдириў, ўайран етиў.* Таўды, тасты суў бузар, адамзатты сөз *бузар* (ҚҚ. х. н.). Зәҳәрли қастың қара жыланның, Ордаларын *бузып* ўайран етермен (Омар). 3. *Өзгериў, айныў, айнытыў, өзгертиў.* Үйдеги есапты базардағы нырқ *бузады* (ҚҚ. х. н.). ... кеўилди азғырыўға *бузыўға*

умтылып қашанға шекем жүрер екенсең, ... (Ә. Шамуратов). Атаңның „куда атың" айтысып оқыған ақ пәтиясын *бузды* (К. Султанов). ◆**Түсин бузыў**—*өзгертиў, қубылтыў.* Жанағы ҳаял қаны қызып, Шыр-пыр болды *түсин бузып* (Ш. Артық). **Ўәдесин бузыў**—*ықрарын өзгертиў, айнытыў.* Ғайры дин адамлары алдында *ўәдени бузыў* исламның дийўалына күйе жағыў балам, тез жет (Т. Қайыпбергенов). **Турмысын бузыў**—*хожалығын бузыў, бала-шағасынан айырыў, ҳаялы менен ажырасыў.* Оразбайдың гүлдей *турмысын бүздым* (А. Бекимбетов). **Кеўилин бузыў**—*ыдыраў, жылаў.* Уста *кеўилин бузып* бозлап жылады, Ишине от тийип баўыры жанады (А. Дабылов). **Топ бузыў**—*шоқты таратыў, тарқатыў.* Ар-намысқа қызарсаң ба? Жаўдың *тобын бузарсаң ба?* (А. Дабылов). **Мереке бузыў**—*шатақ шығарыў, бүлдириў.* Сонлықтан олар бир-бирин аңлып, *мереке бузыўына* жол қоймады (Т. Қайыпбергенов). **Уйқысын бузыў**—*уйқыда жатырған адамның мазасын алыў, оятыў.* Кеше күптаннан бери жерди қара думанға орап, түнерип турған түн таң самалы *уйқысын бузғандай* қара шымылдығын жыйнап, батысқа қарай тутас көшип баратыр (К. Султанов). **Ел дәстүрин бузыў**—*үрп-әдетке мойынсынбаў, бағынбаў, шатақ шығарыў, ўайран етиў.* Жесирин алып бассыңланына Халмурат ҳәм *ел дәстүрин бузғанына* биз ҳәм қапамыз (К. Султанов). **Қағыйдаларын бузыў**—*режимди сақламаў, надурыслық етиў.* Ал көше ҳәрекетиниң *қағыйдаларын бузыў*-бул барып турған тәртипсизлик (Жас Ленинши г.). **Бузып-жарыў**—*айырыў, бөлиў.* Тепти жаўшылар есикти, *бузып-жарып* кирер болды (Бердақ). **Шегараны бузыў**—*бузыўға бейимлесиў, қайымласыў, қолайласыў, ойлаў. Шегараны бузажақ* болған 23 жансыадың 14 тирилей усланып, 9 өлтирилгени, тапсырманың орынланғаны ҳаққында бизлерди қутлықлады (Ә. Шамуратов).

БУЗЫЎШЫ *ат. Сындырыўшы, бүлдириўши, қыйратыўшы, ўайран етиўши.* Фашизм Октябрьде колға киргизген советлик дүзимди *бузыўшы* сыпатында тулғанады, ... (Г. Есемуратов). Молла намаз қаза етти, Шаң аллынан жүрип өтти, Әдепсизлик етип кетти, Ол *бузыўшы* болған екен (Бердақ).

БУЗЫЎШЫЛЫҚ *ат. Сындырыўшылық, бүлдириўшилик, қыйратыўшылық, ўайран етиўшилик.* ... дәслепки жыллары халық арасында *бузыўшылық* ҳәрекетлер менен шуғылланыўшылар ла болды (Қыз. муғ. ж.).

БУЙДА *ат. Түйениң мурнынан тесип өткизилген ямаса мурынлыққа байланған жип. Буйдасынан* тартпасаң көпирден түйе өтпейди (Қырк қыз). Шылбыр емес *буйдаң* аўыр, Қуртлар жеген қатпа баўыр, Өзиң арық арқаң жаўыр, Туўғанынды билермисең (Күнхожа). Ҳәзир де мурнынан *буйда* тағылып, Ҳәзир өркешинен сызылды сызық (Ж. Аймурзаев).

БУЙДАЛАЎ *ф. Түйениң мурынлығына жип тағыў, байлаў.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

... тийисли түйени *буйдалап* болып, ғарры жетелей баслады (Қыз. муғ. ж.).

БУЙДАЛЫ *кел.* *Мурынлығына жип тағылған, буйда байланған түйе.* ...ғарры *буйдалы* түйени өз алдына бөлек байлады (Қыз. муғ. ж.).

БУЙРА *кел.* 1. *Шыйратылған, буратылған, шырматылған шаш.* Басындағы сур түсли кепкасы *буйра* шашын жасырып тур (Қ. Айымбетов). 2. *Көгис тартқан түс, тур.* Қалтасынан темеки алып тутандырды да көк *буйра* тутинди бир-еки рет қумарланып симирип жиберип, қыр мурнынан қайта шығарды да „аўа дә" деди қылғына гүрсинип (К. Смамутов). ◆**Буйра сақал**—*шыйратылып көгис тартқан сақал.* Дөңгеленип ғаўлап өскен қара *буйра сақалы*, ... басындағы шашына тутасқан, ... (К. Смамутов). **Буйра толқын**—*көгис тартып шйретилген толқын.* Көрипедин Мәделинің жағасын, Ийрим тарткан *буйра толқын* шабысын (К. Султанов). **Буйра өркеш**—*түйениң шыйратылған өркеши.* Ак сақаллы Аралым, *Буйра өркеш* толқынын, Гүпиреген сырлы үнин (К. Султанов).

БУЙРАЛАНЫЎ **буйралаў** фейлининң өзлик дәрежеси.

БУЙРАЛАСЫЎ **буйралаў** фейлининң шериклик дәрежеси.

БУЙРАЛАТЫЎ **буйралаў** фейлининң ерксиз дәрежеси.

БУЙРАЛАЎ *ф.* 1. *Шыйраклаў, буйраға усаслаў, буйра сыяқлы.* ... *буйралаў* жүни бар бузаўына кеўили кеткен Перигүл әкесине куўана жуўырып келди (Ө. Айжанов). 2. *Буйра етиў, ислеў, жасаў.* ... *буйралап* койған қара шашын қолы менен бир сыйпап қойды бала (А. Бегимов).

БУЙРЫҚ *ат.* 1. *Биреў, тәрепинен бир жумысты тапсырыў, орынлатыў ушын берилетуғын тапсырма, ҳәмир, жарлық.* Байдан *буйрық* алған соң, Қойларын айдап бийшара, Шағыр таўдан өтеди (Қырк қыз). Қәҳәрли келген патша буған да кемпириңди өлтир деп *буйрық* стеди (ҚҚ. х. е.). 2. *грам. Буйрық фейил (буйрық мейил), бул фейилдиң тийкарғы формасы.* ... муғаллим бизлерге *буйрық* фейилге ядыңыздан мысал таўып келиўди тапсырды.—деди Рая жолдасларына (Жеткиншек г.).

БУЙЫҒЫЎ *ф.* *Уйқысыраў, уйқы тартыў, уйқыға берилиў, мүлгиў.* Сүйенип нәҳән көпшикке, Басын тығып *буйығып* (Қырк қыз). Ал артында жанбаслаған жас жигит, *Буйығады* әлле тоңып мүлгийди (И. Юсупов). Соның арасында *буйығып* кетти (Ө. Хожаниязов).

БУЙЫМ *ат.* *Зат, мүлик, нәрсе дүнья, нәрсе қара, ўәж.* Үстинде жақсы кийим жоқ, Ол бийшарада *буйым* жоқ (Өтеш). Бир сынаған ақмаққа, Екиншиден *буйым* салма (Мәспатша). ◆ **Буйым емес**—*ҳеш нәрсе емес, гәп емес, жыр емес.* Даў жоқ, оннан ҳеш ғам шекпең, сынған сүбе қабырғасы ма? ... ҳәзир бизге ол *буйым емес*, тез пителип кетеди (Ө. Хожаниязов). **Баҳалы буйым**—*қунлы зат, мүлик, нәрсе, ўәж, дүнья, нәрсе қара.* Күн көриси төмен аўҳал қыйында, Үйинде жоқ бир *баҳалы буйымда* (С. Нурымбетов).

БУЙЫНТЫҚ *ат.* 1. *Жасырын, күпия, сырлы, астыртын.* ... көп нәрселерди ойында *буйынтық* сақлап, үй-ишлерине айтпастан жүр екең ол (Қ. Айымбетов). 2. *Ауыс, Куўыс, қолтық.* Аяқты көсилип, *буйынтыққа* қарап отырып, Палаўға кайкайып тоя берди (Алпамыс). 3. *Ауыс. Айбынбаў, тартынбаў, қорықпаў.* Шақай түсте атасына барып болған ҳәдийсени *буйынтыкламастан* анық баянлайды (ҚҚ. х. е.).

БУЙЫНТЫҚЛАНЫЎ **буйынтықлаў** фейлининң өзлик дәрежеси.

БУЙЫНТЫҚЛАСЫЎ **буйынтықлаў** фейлининң шериклик дәрежеси.

БУЙЫНТЫҚЛАТЫЎ **буйынтықлаў** фейлининң өзгелик дәрежеси.

БУЙЫНТЫҚЛАЎ *ф.* *Жасырыў, күпиялаў, қымтаў, қыпсырыў.* ...кемпир болса үйде не болса соны *буйынтықлап* жүрер еди. ...(Қ. Айымбетов). ...*буйынтықлап* жүрген азғана бир нәрселерим бар еди,—деп ғарры кемпирине берди (Қыз. муғ. ж.).

БУЙЫРСЫЎ **буйырыў** фейлининң шериклик дәрежеси.

БУЙЫРТЫЎ **буйырыў** фейлининң өзлик дәрежеси.

БУЙЫРЫЛЫЎ **буйырыў** фейлининң ерксиз дәрежеси.

БУЙЫРЫЎ *ф.* 1. *Буйрық етиў. тапсырма бериў, ҳәмир етиў, ҳәким етип жумсаў, жарлық қылыў.* Сени өлим жазасына *буйыраман*, айт расында,-деп жекиринипти патша (Қ. Айымбетов). Кейин машинасын колхозға қайтарып жибериўге *буйырды* (А. Бекимбетов). Хызмет *буйырсаң* хош әжеп, Анап сен де ықтыярым (А. Дабылов). 2. *Бир нәрсеге гез болыў, несийбетиў, биреўдиң несийбесине ушыраў, пайдаға ийе болыў.* Быйыл таўыққа шонқайма деген қырғын тийди, соннан калған тек жалғыз таўық еди, буның да сорпасы саған *буйырған* екен (Ө. Хожаниязов). Сөйтип турады да, әй мейли, сирә маған *буйырғаны* усы жигит шығар (ҚҚ. х. е.). *Буйырса* елдин топырағы, Алыста болса калмағы (Омар).

БУЙЫРЫЎШЫ *ат.* *Ҳәмир етиўши, жарлық қылыўшы, буйрық етиўши.* ...ол заманлары халыққа *буйырыўшылар* дә көп болды (Қыз. муғ. ж.).

БУҚҚЫ: **буққы таслаў** *ф.* *Жасырыныў, буғып жатыў, көринбей жатыў.* Ҳәр ким ҳәр жерде *буққы таслап* атыға команды күтип атырмыз (Жас Ленинши г.). Бизиң жаўынгерлер тезлик пенен дүмпектиң жийегиндеги кишкене сайдың ишине *буққы таслап*, соны паналап бекинисти де, жаўдың ондайын аля баслады (Ө. Хожаниязов).

БУҚҚЫЗЫЎ **буғыў** фейлининң ерксиз дәрежеси.

БУҚҚЫШЛАЎ *ф.* *Буғып жүриў, еңбеклеп жүриў.* *Буққыш-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лайсаң өз бойында жасырып, Сыр билдирип периштенді қашырып (Мәспатша). *Бұққышылап*, изине кунтыйып түсіп отырдым (Ә. Шатуратов). Аманкос *бұққышылап* барып бір реуін тап маңлайынан атып кулатты (Қ. Жуманиязов).

БУҚТЫРЫЎ **буғыў** фейелиниң ерксиз дәрежеси.

БУҚШЫЙЫЎ *фб. Шуңқыйыў, бүрисип отырыў.* Отыр еди *бұқшыйып*, Бир ағаштың басында (Қырқ қыз).

БУЛ *ал.* 1. *Бир нәрсени белгилеў ҳәм де оны басқалардан айырыў ушын қолланылады.* Социализм үлкен гүзар, *Бул* гүзарға түскен озар (И. Юсупов). Ленин еккен жемисли бағ ҳасылды, *Бул* жемистиң дәмин таттың Пиримбет (Ж. Аймурзаев). 2. *Жақын аралықты, бир нәрселерди, адамды ҳәм басқа да жанлы-жаныварларды билдириў ушын қолланылады.* Туўып-өссең *бул* жағада. Шалкып дәўран сүрериң бар (И. Юсупов). Қаладан шықты *бул* жигит, Гүзарға түсти кең дәмде, Ийтерер алға *бул* үмит, Иркилер емес ҳеш жерде (Б. Кайыпназаров). 3. *Белгили бир орынды, ўақытты, жерди билдириў ушын қолланылады.* Мен армияға кететуғын жылы *бул* аўылда ондай қыз жоқ еди (Ө. Хожаниязов). *Бул* ўақытта тас төбеге тиклинген гүңгирт булт гүздеги ақбастың үпелеклериндей жапырақланып жаўа баслады (Т. Қайыпбергенов). 4. *Бир нәрсени белгилеўди билдириўде қолланылады. Бул* ақылынан екі ссни утып, бир нәрседен утылды (К. Султанов). *Бул* ғайнәрсени утып, бир нәрседен утылды (К. Султанов). *Бул* ғайратына сүйенген жоралары, „өкпеси жоқ" деп ардақлап сөйлейратына сүйенген жоралары, „өкпеси жоқ" деп ардақлап сөйлейди (К. Султанов). ◆ **Буны макуллаў**—*дурыслаў, мақул көриў.* Ал Елмурат атам *буны мақуллайды* (Ж. Аймурзаев). **Булардың бәри**—*өзинен басқа барлық адамлар, жанлы-жаныварлар ҳәм де барлық нәрселер. ...булардың бәрақ жаныварлар ҳәм де барлық нәрселер. ...булардың бәрақ* кеше ядына түсирип Жийемуратқа айтыпты (А. Бекимбетов). **Буларды қорқытыў**—*басқаларды, айбындырыў, ҳаўлықтырыў. Буларды қорқытайын*,—деп Арзыў кейнине қайтты (Ж. Аймурзаев).

БУЛАҒАЙ *қ.* **былағай.**

БУЛАҒАЙЛЫ *қ.* **былағайлы.**

БУЛАЙ *қ.* **былай.**

БУЛАЙЫНША *қ.* **былайынша.**

БУЛАҚ *ат.* 1. *Таўдың ямаса жердиң астынан шығып турған суўдың орны, жери, көзи, уясы.* Шөллерде кетип баратырса бир *булақтың* бойында есапсыз куланды көрип, Мәспатшаның есерлик басына урды (Мәспатша). Минди таўдың үстине, Сол *булақтың* басында, Отыр еди бир ғарры, Оған таяр болады (Қоблан). 2. *Бир нәрсениң келип шыққан жери, көзи, негизи.* Сол саўашта тум-тусынан ок өтип, Омыраўдан ағып қанның *булағы* (Қырқ қыз). Өттим таў ҳәм *булақлардан*, Көп, Тырна көзли *булақлардан* (И. Юсупов). 3. Аўыс. *Көп, мол, нәўпир.* Илимди нешше түрли ийелесиз, Саны көп ағып

турған *булақтанда* (С. Нурымбетов). Таў баўырынан сансыз байлық табылды, Шөлистанға гүмис *булақ* ағылды (Д. Қасымов). ◆ **Мөлдир булақ**—*көгис суў, тынық суў.* ...сол баҳыттық *мөлдир булағын* ылайлап кеткен әкемди жек көретуғын болдым (К. Смамутов). **Ағызып көздиң булағын**—*көзден жас ағыў, жылаў.* Бир топар жан бағар ешки-ылағын, Зар еңиреп *ағызып көзинен булағын* (Бердақ). **Ҳасыл сөздиң булағы**— *шебер сөзли, сөзди жақсы етип айрыўшы.* Буркып ақсын *ҳасыл сөздиң булағы*, „Шалқысын шайырлық өрнегим" дерсең (И. Юсупов).

БУЛАҚЛАЎ *қ.* **былғақлаў.**

БУЛАҚТАЙ *кел. Булақ сыяқлы, булаққа усаған, булақ тәрезли, булақ яңлы.* Ағыслы *булақтай* таўлардан ақкан, Мәртлердиң табыслы келисин көриң (Ә. Шамуратов). Қәлеми дуўтары, қағазы тары, *Булақтай* ағылды таңлайда бары (Д. Қасымов). Бир-бирин сағынып қалған жүреклер қуўаныштың жана сезимин пүткил денеде *булақтай* қайнатты (А. Бекимбетов).

БУЛАҢ *қ.* **буланлаў.**

БУЛАҢЛАЎ *фб. Шайқалып жүриў, шайқалыў, былғаңлаў. Булаңлап* жүргениң уллы дәўириң, Салқын шамал болып ессе дәўириң (А. Бегимов). Келипти шадлық гезиўи, Дымнан илгир сезиўи, Қулағында езиўи, Балықтайын *бўлаңлап* (С. Мажитов).

БУЛАТЫЎ **булаў I—II** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУЛАЎ I *ат. гөн.* с. I. *Емниң бир түри, аўырыў адамды тергетиў жолы менен емлеў ушын қолланылатуғын ески усыл, көк шөпти қайнатып соған ыссы орап жатқарыў, малдың ыссы терисине ораў.* ...буларды тәўиплер аўырыў адамларды *булаўға* салатуғын еди (Қыз. муғ. ж.). 2. **Аўыс.** *Қыйналғанда, қысылғанда шығатуғын тер.* Дәрт үстине дәрт қосылып, Түсти бундай *булаўға* (Қырк қыз). Усыңдай ойлар көз алдымда елеслеп, ашыў қысып, *булаўға* түскен адамдай, аяғымның ушына дейин тер қуйылды да кетти (Г. Изимбетов).

БУЛАЎ II *фб. Көзден жас төгиў, ағызыў, сел қылыў.* Қайғы менен пақырлар, Көзиниң жасын *булайды* (Жийен жырәў). Өткен иске өкинип, Ағасын айтып өкирип, Көзиниң жасын *булады* (Бердақ).

БУЛАЎЛАТЫЎ **булаўлаў** I-II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БУЛАЎЛАЎ 1 *фб. Аўырыўды булаўға салыў.* Тәўип наўқасты *булаўлап* емлеў кереклигин айтты, ...(Қыз. муғ. ж.).

БУЛАЎЛАЎ II *фб. Көз жасын көл қылып ағызыў, сел қылыў, жас төгиў.* Қалар болсам тағы жылаўлап, Соқыр көзимнен жас *булаўлап* (Бердақ).

БУЛҒАҚЛАТЫЎ *қ.* **былғақлатыў.**

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БУЛҒАҢЛАЎ *қ.* **былғаңлаў.**

БУЛҒАРЫ *қ.* **былғары.**

БУЛҒАЎ *қ.* **былғаў.**

БУЛДЫР ***кел.*** *Анық емес, ашық емес, гүңгирт, емески.* Бизге де Алма айткан бахытқа жетиў ушын *б у л д ы р* белеслерден асыўға туўра келди (Ө. Айжанов). Күн еңкейип қалғанлықтан жер бетинде *б у л д ы р* сәўле ойнап тур еди (К. Смамутов). ◆ **Булдыр-булдыр көриниў**—*алыстан зорға көриниў, гүңгиртленип көриниў, елеслеў.* Хорезмнин қаласы, *Б у л д ы р-б у л д ы р к ө р и н д и* (Қырқ қыз). Айпарша қалған Ала таў *б у л д ы р-б у л д ы р к ө р и н д и* зорға көзи шалды (Мәспатша).

БУЛДЫРАТЫЎ **булдыраў**, фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУЛДЫРАЎ *ф.* 1. *Елеслеў елеңлеў, зордан көриниў, булдырланып көриниў.* Австрияның Алп таўлары басында қонақлаған бултлары көринип алыстан *б у л д ы р а п* узақлап-узақлап қала берди (Қ. Айымбетов). Тут ағашлары алыстан *б у л д ы р а п* көринеди (Ө. Хожаниязов). 2. *Тынып қалыў, қамасыў, гүңгиртлениў.* ...көзинин алды *б у л д ы р а п*, бирден қулады (Н. Дәўкараев). ◆ **Көзи булдыраў**—*жақсы көре алмаў, қамасыў, гүңгиртлениў.* Әлбетте бузылды деген сөз, ар-намыстан айырылды деген сөз, кәпелимде Әметтиң қаны қызып, *к ө з и н и ң а л д ы б у л д ы р а п* сала берди (Ө. Айжанов). Дала көркин сиңирип өз бойына, Қарамықтай қара *к ө з и б у л д ы р а п* (И. Юсупов).

БУЛДЫРЛАНЫЎ **булдырлаў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БУЛДЫРЛАСЫЎ **булдырлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУЛДЫРЛАТЫЎ **булдырлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУЛДЫРЛАЎ *ф. Емески, көриниў, елеслеў, зордан көриниў, гүңгиртлениў.* Оған дейин Мырзабектиң жаны шығып кете жазлады, гүллән бахыты Муратовтың қолындағы усы пальтода турғандай көз алды *б у л д ы р л а п* кетти (Ө. Айжанов).

БУЛДЫРЫҚ I ***ат.*** *Усти сур, баўыры қара, қысқа аяқлы, үйректен сәл киши қус. Б у л д ы р ы қ* деген қус болар, Бұғып барса аттырмас, Мусылманның кәпири, Ишкен асынан татырмас (ҚҚ. х. н.).

БУЛДЫРЫҚ II ***ат.*** *Сынбайтуғын тораңғыл ағашынан иймейтип, аткөншектиң үстиңги кесе ағашына кийгизетуғын, арқан тағыўға қолайластырылып дөңгелек етип исленген илмешек зат, ағаш.* ...жигит ҳәм қыз арканды *б у л д ы р ы қ қ а* байлап болады да булар екеўи аткөншек ушыўға киристи (Қыз. муғ. ж.).

БУЛДЫРЫҚТАЙ ***кел.*** 1. *Булдырық сыяқлы, булдырыққа усаған.* Уясынан безген *б у л д ы р ы қ т а й*, өз аўылына қарай аяқ басқысы келмей сазырайып тур (Н. Бөрекешов). 2. *Ағаштан иймейтилип исленген жип өткерилетуғын илмешектей.* Торанғыл ағашын *б у л д ы р ы қ т а й* етип иймейтти, ...(Қыз. муғ. ж.).

БУЛ ЖАҒА *қ. әтирап.*

БУЛЖЫТПАСТАН *р. Айныпай, иркпей, тоқтаўсыз.* Муғаллимнин айтқанын, тапсырған тапсырмаларын *б у л ж ы т п а с т а н* орынлап келеди (Г. Қайыпбергенов).

БУЛЖЫТЫЎ **булжыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУЛЖЫЎ *ф. Айныў, өзгериў, дөниў.* Ол кешеги ўәдесинен *б у л ж ы п*, басқаша пикирин өткермекши, ...(Ө. Айжанов). ◆ **Ҳеш қандай булжымаў**—*а) қозғалмаў, өзгермеў.* ...солдат өз постында *б у л ж ы м а й* еки саат турды (А. Бекимбетов). *б) бир нәрсениң өзине усаўы, тукымға, тартыўы, негизине, тартыў, айнымаўы.* Бул бала *ҳ е ш қ а н д а й б у л ж ы м а п т ы* тап әкеси болыпты да қалыпты, ...(К. Айымбетов). **Булжытпай орынлаў**—*дәл өзиндей етиў, айнытпаў, өзгертпеў.* Тапсырманды *о р ы н л а ў ға б у л ж ы т п а й*, Таяр турман, таяр күшим жигерим (Б. Қайыпназаров). Көпке тәртип берип ғошшақ дийханлар, Тойда өз мийнетин *б у л ж ы т п а й о р ы н л а р* (И. Юсупов).

БУЛКА ***ат.*** *Бир бөлек нан.* Апам дүкәннан *б у л к а* нанынан гөре қолдан жабылған нәтирди тәўир көретуғын еди (М. Шимбергенов). Сатылып *б у л к а* нан түрли-шөреклер, Ортадан дүкәнлар аша баслады (С. Нурымбетов).

БУЛКӘРА *қ.* **бүйер.**

БУЛКӘРАДА *қ.* **бүйерде.**

БУЛҚЫН ***ат.*** 1. *Өгизди арбаға қосарда еки арыстың ушындағы тесигине шүй менен бекитилип өгиздиң мойнына салынатуғын ағаш.* Буралқы жеккениң *б у л қ ы н ы н* курыйды, Кисиден тилегениң қулқыны курыйды (ҚҚ. х. н.). 2. *Дәрўазаның еки қапталындағы жақлаўға бекитилген дөңгелек темир ямаса ағаш.* Ер күшине шыдамай, Қопарылды сол ўақта, Дәрўазаның *б у л қ ы н ы* (Бердақ).

БУЛҚЫНДЫРЫЎ **булқыныў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУЛҚЫНЫЎ *ф. Жулқыныў, умтылыў, талпыныў, урыныў.* Ол әдепки ўақта *б у л қ ы н д ы*, соңынан өзи-ақ енисе баслады (Ө. Хожаниязов). ...нәр алғандай *б у л қ ы н ы п* туўлап қояды.... (Ө. Айжанов). *Б у л қ ы н д ы* қыз көнбеймен деп, „ойынына", Аўызын таңды шаршы салып мойнына (И. Юсупов).

БУЛҚЫЎ *ф.* 1. *Туўлаў, жулқыў, ойнаў.* ...қолындағы шаныш-қысын урып жибергенде, шаныш-қыға тийген балық *б у л қ ы п* Айқыздың қолына дир еге қалды (А. Бегимов). 2. *қ.* **буркыў.**

БУЛМАН *қ.* **бүйер.**

БУЛМАДА *қ.* **бүйерде.**

БУЛТ ***ат.*** *Жыллылықтың тәсиринен суўдың салқынлап пуўға айналғандағы түри, көзгенек болып тесилген пахтаға усаған зат. Б у л т л а р* дағысын, аспан ашылды (А. Әлийев). Ер жигиттиң наз бедеў ат мингени, *Б у л т* курсап ескен самал

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тыңғаны (Алпамыс). ◆**Булт ашыў**—*тараллыў жоқ болыў.* ...ҳаўадағы *булатлар ашылып*, әсте ғана жылжып, өз-өзинен жоқ болып кетти (А. Әлийев). **Қара булт**—*жаўатуғын қара түнек булт.* Киснескен атлардан *қара булт* көкке дөнеди (Қырқ қыз). **Ақ булт**—*пахтаға усаған жаўмайтуғын булт.* Аспандағы *ақшыл бултлар* әсте ғана жылжып, усы самалдың алдына түседи (Ө. Айжанов). **Жаўатуғын булттай**—*Ауыс. түнериў, қабағы уйилиў.* Керисинше ол кем-кемнен түнерип, кең маңлайы *жаўатуғын булттай* қатламласып кетти (А. Бекимбетов). *Жаўатуғын булттай* курсаның келди байдың қәҳәри (Мәспатша). **Қайғы булг**—*Ауыс. уўайым, муң. Қайғы булты* қаплап турған заманда, Жарлы жақпай салалмаған адамға (Т. Кабулов).

БУЛТАҚЛАЎ *ф.* 1. *Биресе булай, биресе олай қозғалыў, шайқалыў, тербелиў, теңлесиў.* ...бир жолаўшы арман-берман *бултақлап* киятыр (М. Дәрибаев). 2. *Турақсызланыў, айныў, қобалжыў,* Анаў-мынаў деп *бултақлаған* молла болса, маған жибер, жаўырның қамшы менен жазайын (К. Султанов). 3. *Турақсызлық, сөзинде турмаўшылық, еки жүзлилик.* Қәтелик тегин жатпайды. *Бултақлағанның* жақпайды (С. Мажитов).

БУЛТАҢЛАЎ *р.* *Қыйсаңлаў, теңселиў, шайқалыў.* ...кемпир де *бултаңлап* сирә жумысын болмады, ...(Б. Кербабаев). *Бултаңлап* жүрип киятырған киси де жақынласып қалды,... (М. Дәрибаев).

БУЛТАРЫЎ *р.* *Өсекшил, шынын айтпаў, шуғыл, бирдең бурылыў, еки жүзлилик, өтирикшил.* Түлкидей қүйрық таслап, *бултарып* кетесең (Ж. Аймурзаев). Қанша *бултарған* менен Шаляминниң усы сөзге кележағына Байжановтың көзи жеткен еди (Қ. Досанов).

БУЛТЛАНЫЎ *қ.* **бултласыў.**

БУЛТЛАСЫЎ *ф.* *Булт басыў, думанланыў, булт қаплаў, түнериў.* Аспан қап-қара болып, *бултласып* тур (К. Султанов). Күн питегене *бултласып* киятыр (Ш. Сейитов).

БУЛТЛЫ *кел.* *Булт басқан, булт қаплап алған, думанлы, түнерген.* Рең биринти қоймай минди, Жарқыраған *бултлы* күнди (Бердақ). Аспан алағат *бултлы* еди (Т. Қайыпбергенов).

БУЛТЫЙТЫЎ **бултыйыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУЛТЫЙЫСЫЎ **бултыйыў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУЛТЫЙЫЎ *ф.* 1. *Өкпелеў, ренжиў.* Сапар не болса соған өкпелеп, *бултыя* беретуғын болды (М. Абдраймов). Өкпелеген баладай урты *бултыйып*, гүңкилдеди (К. Султанов). 2. *Томпайыў, көтерилип шығыў.* Қолының булшық етлери

бўлтыйып шығып, күт сайын жигерленип киятырғаның көрсетти (А. Бекимбетов). ...булшық етлери гүж-гүжланып *бултыйып* кетти (К. Аралбаев).

БУЛШЫҚ: **булшық ет** *ат.* *Адамлардың ҳәм жанлы-жаныўарлардың қолларындағы, жамбасларындағы, жиликлериндеги ҳәм дене мүшелериндеги етлер. Булшық етлериниң* искен сыяқлы, аўырады (Ө. Хожанязов). *Булшық ет* сом полаттай шыныққан. От жүрекли адамлардың исинде (И. Юсупов).

БУЛШЫҚЛЫ *кел.* *Булшық етли.* Қара пәрең толықлы, Биleklери *булшықлы* (Ш. Артық).

БУЛЬДОЗЕР *ат.* *Жерди тегислеў ушын алдындағы маңлай бетинде үлкен жалпақ жүзли пышақ сыяқлы трактор.* Ҳәзир землесос, скрепер, грейдер, *бульдозер* ҳәм экскаватор турганда қазыўдан қорқыўға бола ма? (Т. Нәжимов). МТС тан сорап алып, *Бульдозерди* саламыз (Б. Қайыпназаров).

БУЛЬДОЗЕРИСТ *ат.* *Бульдозер айдаўшы адам, киси, меңгериўши.* ... курстың *бульдозеристлер* таярлайтуғын бөлими де бар (Сов. ҚҚ. г.).

БУНДА *р.* *Усында, усы жерде, мында, мына жерде, бул жерде,* — Сизлердиң *бунда* не жумысыңыз бар? (К. Ирманов). Кел *бунда* саған сабақ берейин,—деди (Қ. Айымбетов). Үш мың үйли Байсын елден айырылып, *Бунда* келип қанша дүнья жыйнадың? (Алпамыс).

БУНДАЙ *кел.* *Усындай, мынадай.* Үстиме кийсем де *бундай* гөнени, Қонакқа алмайман жарлы дегенди (ҚҚ. Х.Қ.). Ол *бундай* сөзди тек ашыўы келгенде ғана айтатуғын еди (Ә. Шамуратов). Аванс акшасын аларда таяр, *Бундай* жалқаўларға зат бермеў керек (С. Нурымбетав).

БУНКЕР *ат.* *Дән, пахта ямаса бир орынға ямаса транспортқа жүкленгенге шекем бир жерде жыйнап жүриўши ыдыс, қутыша. Бункерден* пахта таслаған, Қырманға үйин өшкей қыз (Б. Қайыпназаров).

БУННАН *р.* *Усынкан, усыдан. ...„бунының* менен жырласпайақ қутылайын" деп *буннан* бир неше ай бурын алған акшасын түўели менен қайтып берди (Қ. Айымбетов). *Буннан* басқа олардың қыйналып келетуғын жорасы жоқ еди (Қ. Ирманов). *Буннан* кейин мен де шыдамадым, ишим ийт жыртқалдай болды (Ө. Хожанов). ◆ **Буннан былай, буннан кейин**—*ендигиден былай, буннан соң, алдағы ўақытта.* Тири болсам *буннан былай* тилегим, Пәнди пәсиятым жолында ғана (Мәспатша). *Буннан кейин* ол саўын сыйырлар туратуғын орынлардың тазалығын бақлаў исине бекитилди (Ж. Сейитназаров).

БУНШАҚ *қ.* **буншама.**

БУНШАМА *р.* *Соншама, соншелли.* Не болып қалды, неге *буншама* егленди екен? (Қ. Аралбаев). Гулжан неге *бун-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шама азып кеттиң (Г. Изимбетов). Мени қәлемегендей, *бунашама* узаққа созә бергенине ҳайранман (Ө. Хожаниязов).

БУНШЕЛЛИ *қ.* **буншама.**

БУНЫНДАЙ *кел. Усындай, сондай, сыяқлы, ол сыяқлы.* Неге бизди *бунындай* азапқа салдың?—деп өзинен—өзи күйинди (Н. Дәўқараев).

БУНЫСЫ *ал. Анаўсы, мынаўсы, усынысы. Бунысы* келисимге келгениң белгиси еди (Ә. Айжанов). *Бунысы* шынында оның сабырлық етейин дегени емес (А. Әлийев).

БУРАҒЫШ *қ.* **бураў.**

БУРАЛ *қ.* **буралыў.**

БУРАЛҚЫ *кел.* 1. *Бөтен, басқа, басқа жақтан келген, қаңғымай, гезенде.* ... кеше келген бир *бураллқы* калай үлкен абырайға ийе болды (ҚҚ. Х. Е.). 2. *Аўыс. Қаңғырып жүрген адамлар, гезип жүрген адамлар.* Бет-аўызы таяқтан искен, *Бураллқы*, арсыз ийтлер де бар (Ш. Артық).

БУРАЛҚЫЛЫҚ *ат. Гезенделик, гезендешилик, саяқлық, қаңғыбаслық, тентиреўшилик.* ...*бураллқылық* деген жақсы емес шырығым,— деди кемпир Жаббақларға (Б. Кербабаев).

БУРАЛТЫЎ **буралыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРАЛЫЎ *ф.* 1. *Айланыў, шыйратылыў, назланыў.* Тал шыбықтай *бураллды*, Қалың питкен қара шаш (Қыз қыз). *Бурала* берип наз еткен, Ғамза билен сөз қатады (ҚҚ. Х. К.). Жана өсиримим нәўбаҳар, Тал шыбықтай *бураласаң* (А. Дабылов). 2. *Ийлаў, майысыў, қайысыў.* Айырым торанғыл ағашлар *бураллып* өсипти,... (Б. Бекниязова).

БУРАНДА *ат. Бир нәрсени бурап тесетуғын қурал, әсбап, бурғы.* Қылышбай *бурандасы* бар темирди тазалап, оны машинаның тозған трубасының орнына коймақшы (К. Аралбаев).

БУРАНДАЛЫ *кел. Бурандасы бар, бураллатуғын.* Уста қолындағы *бурандалы* темир менен ағашты тесе баслады,... (Жас Ленинши г.).

БУРАҢЛАТЫЎ **бураңлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРАҢЛАЎ *ф. Мүйсиў, қыйсаңлаў, қайысыў, ийлиў, ийреңлеў.* Кутымбайдың жамбасына шеге киргендей олай-булай *бураңлап* таўланды (Т. Кайыпбергенов). Мойыны аяқланбаған баланың мойнындай *бураңлап* қәддин зорға тиклеп атыр (К. Смамутов).

БУРАСЫЎ **бураў I** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУРАТЫЛЫЎ **бураў I** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БФРАТЫЎ **бураў I** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРАЎ I *ф.* 1. *Ораў, таўлаў, есиў, шыйратыў, айналдырыў.* Дәўди түйреп *бурай* берди, Қылыш қанды жалай берди (Х. Алимжан). Соны көрип мен сорлы, Куўраған куў ғобыздай кулакларын *бурайман* (Жпйен). Мектептиң устасына оқыўшылар да ағашты тесиўге *бурасты*, ... (Жегкиншек г.).

2. *Шымшыў, бураў.* Ендигәри бул жерден жүрсең тақымыңды *бурап* аламан, билдиң бе? (К. Смамутов). ◆ **Тақым бураў—***тақымнан бурап алыў.* Тили гүрмелмегенлердиң гә кулағын, гә *тақым бураў* салып кәлегенинше азаплады (Т. Қайыпбергенов). **Мойыны буратылыў—***шыйратылыў, ийретилиў, еки бүкленіў. Мойыны бураллып*, жантая тығылған жаныўарды „сенде жазық жоқ, бизде жазық жоқ" деп баўызлап жиберди (Н. Бөрекешов). **Мойынын бураў—***Аўыс. таўлаў, айналдырыў.* Қыйт етсе заң менен *мойынын бурап* ал, ... (ҚҚ. КСМ. атл.).

БУРАЎ II *қ.* **бурғы.**

БУРАЎДАЙ *қ.* **бурғыдай.**

БУРАЎЛАЎ *ф. Тесиў, таўлаў.* ...экспедицияда ҳәзирги күнлери *бураўлаў* жумыслары кызғын баратыр (Сов. ҚҚ. г.).

БУРАЎЛАЎШЫ *ат. Бураўлайтуғын адам, киси.* Жоқ әўели верховой, оннан кейин *бураўлаўшы* мастерге жәрдемши болдым (Халмуратов).

БУРАЎШЫ *ат. Ораўшы, шыйратыўшы, таўлаўшы.* Саўлат етип сен муртыңды *бураўшы* ең, Күним қандай болар атам муңайсаң (Алпамыс).

БУРҒЫ *ат. Жерди, металлды, таў-тасты, сондай-ақ қатты затларды бураўлап тесиў ушын қолланылған әсбап, қурал.* Жердиң тилин көп билегуғын усталар жерге *бурғы* салды (Алпамыс). Бурк-бурк еткен *бурғылардың*, Нағра тартар боз шөллерде, Нефть кәни бар бул жерде (И. Юсупов).

БУРҒЫДАЙ *кел. Бурғы сыяқлы, бурғыға усаған.* ...бул да *бурғыдай* тасты тесип өтти (Сов. ҚҚ. г.).

БУРҒЫЗЫЎ *ф. Айналдырыў, кейин қайтарыў, қапталға бурыў.* ...Жаббақлар ешеклерди басқа бир жолға *бурғызып* жиберди (Б. Кербабаев).

БУРҒЫЛАНЫЎ **бурғылаў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БУРҒЫЛАСЫЎ **бурғылаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУРҒЫЛАТЫЎ **бурғылаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРҒЫЛАЎ *ф. Бурғы менен тесиў, ойыў, үңгирлеў.* ...экспедиция ағзалары *бурғылаў* жумысын баслады (Сов. ҚҚ. г.).

БУРҒЫШЫ *ат. Бурғы бурайтуғын адам, киси.* ...ол киси жүдә шебер *бурғышы*, айлық планын ўақтынан бурын орынлап жүр (Қыз. муғ. ж.).

БУРДАЛАЎ *ф. Майдалаў, туўрытлаў, қыйқымлаў, бөлеклеў.* Сойдың оны *бурдалап*, Үйтпе қыддың ҳәммесин (С. Мәжитов).

БУРЖА *ат. Таўда өсетуғын бир өсимликтиң аты.* Көзинен аққан жасына, Сел-сел болып моншақлап, Бир *буржаны* қушақлап, Омалақ атып қулады (Қаншайым).

БУРЖУА *ат. Буржуазиялық класстың ўәкили, адамы*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Гөне *буржуа* әдебиятының керексиз, жаман мийраслары гөне, диний, миллий караслар, ... ҳәм соған усаганлар кеңес әдебиятында болмаслығы лазым (Қ. Ирманов).

БУРЖУАЗИЯ *ат.* *Өндирис куралларына, қәрежетине ийе болған капиталистлик дәхәт пенен жасап, жалланба мийнетти эксплуатациялаў арқалы қосымша баҳа тапқан капиталистлик жәмийеттеги үстемлик етиўши класс.* Бирақ ҳүкимет ўақытша *буржуазияны* жақлаўшылардың қолында тур (А. Бегимов).

БУРЖУАЗИЯЛЫҚ *кел.* *Буржуазияға жататуғын.* ... биз ҳәр бир *буржуазиялық* элементлерден қутылыўымыз керек. ... (Қыз. кк. г.).

БУРЖУАЗИЯШЫЛ *кел.* *Буржуазияны жақлаўшылық.* ... сол ўақыглары *буржуазияшыл* топарлар да өмир сүрип киятыр еди, ...(Қыз, муғ. ж.).

БУРКА *ат.* *Кавказлықлардың ийнине кийип жүретуғын жуқа кийизден ҳәм ешкиниң жүнинен исленген жеңсиз сырт кийими.* Үстинде *буркасы* бар бир жигит кирип келип, бизлерден жол сорады (Ж. Ташенов). Үстине кийген *буркасы* желпилдеп связнойлар желип жүр (Қ. Айымбетов).

БУРҚ *т. с.* 1. *Төгилиў, ағыў, қуйылыў.* Күткендей-ақ усы сөзди, Кум шетинде *бурқ* етти шаң (И. Юсупов). 2. *Көтерилиў, сөйлеў.* ...үйди тигетуғын болсаң тез бол,— деп ҳәлиз тоқылдап өзинен өзи гүбирленип *бурқ* ете қалды (Қ. Айымбетов).

БУРҚАН: **бурқан-талқан** *қ.* Астан-кестен.

БУРҚАНЫЎ *ф.* *Туўланыў, бүрқасынлаў, тулланыў, қуйланыў.* Буўырқанып-*бурқанып,* Хийўаға бизлер барайық (Бердақ). Самал сокса толқын урар *бурқанып,* Қозғалады, шайқалады қалтырап (М. Дәрибаев).

БУРҚАСЫНЛАЎ *ф.* 1. *Қуйынлы, даўыллы, дүбелейли, боранлы қар.* *Бурқасынлап* қар жаўды (Қырқ қыз). Азаннан бери *бурқасынлаған* қар бирден токтап қалды (Т. Қайыпбергенов). 2. *Толықсыў, ҳәўжириў, бурқыраў, толып-тасыў.* *Бурқасынлап* аққан шырын суўын бар. Колхоз жерин абад еткен дәрьясаң (С. Нурымбетов). Баҳәр келиў менен бирге жан-салмалардан суўлар *бурқасынлап* ағады (Жас Ленинши г.). 3. *Көтерилиў, алабурқан болыў.* Түтини *бурқасынлап* шыққан морылардың аўызлары азмаз еригенликтен қараўытып тур (Т. Қайыпбергенов). *Бурқасынлап* түтинлери, Лаўлап кетти даўылдан өрт (Ж. Аймурзаев).

БУРҚАСЫНЛЫ *кел.* *Даўыллы, боранлы, бултлы, жаўынлашынлы, дүбелейли.* Көрдим сонда шын коммунист адамды, Таркатылды *бурқасынлы* қараңғы (Т. Жумамуратов).

БУРҚЫЛДАТЫЎ бурқылдаў фейлининң ерксиз дәрежеси.

БУРҚЫЛДАЎ *ф.* 1. *Шаңның, тозаңның көтерилиўи.* *Бурқылдап* көкке шықпасын, Тақыр жерден шаңсыз

(Қырқ қыз). Көринди көзге узақтан, Шаң *бурқылдап,* сояқтан (А. Дабылов). Боздың шаплары *бурқылдап.* Дийқан ислер ўағын келди (Ж. Аймурзаев). 2. *Түтиннің қатты таўланып көтерилиўи, ала-бурқан болыў.* Кишкентай гөне тамлардың моржасынан шыққан түтинлер *бурқылдап* аспанға атылды,...(А. Бегимов). 3. *Толып-тасыў, толықсыў, қайнаў.* *Бурқылдап* акты дәрьямыз, Сағасын Ленин ашқан соң (Н. Жаназов).

БУРҚЫРАНЫЎ **буркыраў** фейлининң өзгелик дәрежеси.

БУРҚЫРАСЫЎ **буркыраў** фейлининң шериклик дәрежеси.

БУРҚЫРАТЫЎ **буркыраў** фейлининң ерксиз дәрежеси.

БУРҚЫРАЎ *ф.* 1. *Ала-бурқан болып көтерилиў, тауланып, ийретилип шығыў, буўдақлаў.* Онын үстиндеги өткен кисини тұншықтыратуғын *бурқыраған* түтинлер көринбейди (Қ. Айымбетов). Гранаталар жарылып, танктиң астынан көк түтинлер *бурқырады* (Ж. Аймурзаев). 2. *Аспанға қойыў болып көтерилиў, бурқасынлаў.* Гүзге бейим ызғары кетип орнап ашқан гүзар жолдың топырағы арғымақ атлардың кетпейдей туяғына *бурқырап,* қойыў шаңға үйлерди көмип таслады (Қ. Султанов). 3. *Ийиси шығыў, аңқыў.* Сары қаўынның ийиси *бурқырап* тур (Қ. Айымбетов). 4. *Ҳәўжириў, тасыў, көтерилиў.* Сырдәрьяға курған Пархат ГЭС, Булақлар *бурқырап* ағар төсинен (Д. Касымов). 5. *Күннің жаўығыўы, баўыл болыўы.* Кар *бурқырап* кан жаўды, Турмалы ҳеш бир жадырап (Бердақ). ... аспанға қарай *бурқырап,* созылып баратырған куйынға таздың үйине, таздың үйине,— деп турған бес-алты баланы көрдим (Ә. Шамуратов). 6. *Пуўдың шығыўы, көтерилиўи.* Пуўы *бурқырыған* сары самардағы жармаңы пашшайы зеренге куйып, Қосыбайдың алдына қойды (Қ. Султанов). 7. *Адамлардың ҳәм де жанлы-жаныўарлардың етинен шығатуғын суйықлық.* Еки көзин алартып, еки езиўинен сол ўақытта көбиги *бурқырап* кетти (Ө. Айжанов).

◆ **Бурқырап ағыў**—*қатты ағыс, толысып ағыў.* *Бурқып аққан* Әмудәрья жағасы, Туўып өскен мәнзил жайларың сениң (Т. Сейитжанов).

БУРҚЫТЫЎ **бурқыў** фейлининң ерксиз дәрежеси.

БУРҚЫЎ *ф.* 1. *Суўдың тасыўы, қатты ағыўы.* Жолдың бойы-таў бөктери сыпсыған тоғай, Мөлдир салқын суўлар *бурқып* сайларда шабан (И. Юсупов). *Бурқып* таскан, Әмудәрия. суйклим, Бүгин сенде, пароходта жүземен (Ә. Шамуратов), Асаў арна *бурқып* ағып көпирип, Буўра толқын көкке шапшып секирип (Ш. Артық). 2. *Самалдың есиўи, даўылдық болыўы.* Желдей *бурқып* келе берди трактор, Бир нәрсеге жалт қараси бирақ бул (Ж. Аймурзаев). 3. *Пошланыў, кеўиллениў, мас болыў.* ... мениң кеўлим *бурқып* аққан дәрья еди (Ө. Хожаниязов). 4. *Пәтленип сөйлеў, көп сөйлеў, пошланып сөй-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

леў. Ағаның жоғында жеңгеңнің ҳалынан' ара-тура хабар алып турсаң шеп емес, деп Фәтийма жеңгей *бурқып* атыр (Ө. Хожанязов).

БУРМАЛАҒЫШ *кел. Натуўры жолға салғыш, натуўры жолға салыўға шебер адам, тирсек. ҳәкис.* ... ҳақыйқатлықты *бурмалағыш*, барып турған тирсек еди,—деди Жаббақ (Б. Кербабаев).

БУРМАЛАМАЎ *ф. Ҳәдийсени ҳақыйқат дәл өзиндей етип айтыў, ислеў, дәлиллеў. Бурмалама́й* хабар бергей сөзини, Дуўры етип мен сорлыға жеткерсин (Омар).

БУРМАЛАНЫЎ **бурмалаў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БУРМАЛАСЫЎ **бурмалаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУРМАЛАТЫЎ **бурмалаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРМАЛАЎ *ф. Ҳақыйқатлықты басқа жаққа қарай бурыў, надурыс түсиндириў, өзгертиў, жасырыў, адастырыў.* Тарийхый ҳақыйқатлықты *бурмалаў* өткен заманның мийраслариндағы артта калған иплас нәрселер ени,... (Қ. Ирманов). Дурыс жуўап бере бер, *бурмалап* жүрме (К. Ирманом).

БУРМАЛАЎШЫ *ат. Натуўры жолға салыўшы, бағдарлаўшы, бурыўшы.* Соның менен қатар балыкшыларды жәбдилестириў ўағында партияның Ленин жолын *бурмалаўшылар да* жоқ болды (ҚК. КСМ. атл.).

БУРМАЛАЎШЫЛЫҚ *ат. Натуўры жолға салыўшылық, бағдарлаўшылық, бурыўшылық.* ... ҳақыйқатлықты „хатка туўры салмай" *бурмалаўшылықлар* тарийхта аз емес еди (Қ. Айымбетов).

БУРНАҒЫ *қ.* **өткенги.**

БУРРАҢЛАНЫЎ **бурраңлаў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БУРРАҢЛАСЫЎ **бурраңлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУРРАҢЛАТЫЎ **бурраңлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРРАҢЛАЎ *ф. Ийреңлеў, қыйсаңлаў.* Жаббаклардың ешеги де *бурраңлап* зордан киятыр (Б. Кербабаев).

БУРСАНЫЎ *ф. Кәҳәрленіў, ызаланыў, кекленіў, ашыўланыў.* Кәҳәрленип Айдос бий, *Буўырқанып бурсаныпп*, Атына ерин салады (Бердак).

БУРТЫЙЫЎ *қ.* **бултыйыў.**

БУРШАҚ I *ат. бот. Лобияға усас собықлы өсимлик, дән, дақыл.* ... атыздағы *буршақта* писиўге шамаласты (Қыз. ҚҚ. г.).

БУРШАҚ II *ат. Мәш сыяқлы домаланып жаўған муз, домалақ муз.* Ешкилер суўға түсип шыққан тышкандай болып малпылдап жортып аўылға жақынлай бергенде жаўынның арты *буршаққа* айналды (Қ. Айымбетов). Соңынан аспан елегя шашыратып себелей баслаған *буршақ* бетиме себелеп кем-

кем' удей баслады (К. Смамутов). ◆ **Буршақ тер**—*буршақ сыяқлы домалақлап терлеў*. Ғарры бий бираз ғана тыныс алып, шалғайы менен маңлайының *буршақ терине* косылып аққан көзиниң жасын сүртти (К. Султанов). **Тас буршақ**—*домалақ тас сыяқлы муз.* Жанбыр кейин ала *тас буршаққа* айналды (К. Айымбетов).

БУРШАҚЛАТЫЎ **буршақлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРШАҚЛАЎ *ф.* I. *Жаўыў, қуйыў.* Хаўадан *буршақлап* қуйып турған жаўынлар изли-изинен тиртеклесип доммлап түсип атыр (А. Бегимов). 2. *Аўыс. Ағыў, домалаў, төгилиў.* Қатып алып таркар иштеги шерин, Ошақ басы болар мәканлы жерин, *Бурщақлап*, ағып маңлайдан терин, Хызмет етерсең отыз бес жаста (Күнхожа).

БУРШАҚЛЫ *кел. Буршақ аралас жаўған жаўын, қар.* Ал дослар, тардур заман, Бастағы бул күнлер жаман, Тас *буршақлы* қара думан, Ақыры болғай ақыбет (Берлақ).

БУРШАҚТАЙ *кел. Буршақ сыяқлы, усаған, қусаған. Буршақтай* борасынлаған қорғасын оқ пытырадан пәри тозаңкып пәл-пәллең киятырған үйректей немецлердиң уйпа-жуйпасын шығарар еди-аў! Ҳәссений!. ...(Ө. Хожанязов).

БУРЫҚ *кел. Қыйсық, аўық,...* аўызы *бурық* болса да он алты жигитке басшы еди (Н. Бөрекешов).

БУРЫЛДЫРЫЎ **бурылыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРЫЛМАЎ *ф. Қайрылмаў, гидирмеў, иркилмеў.* Ол кеме көп қатнайтуғын өзекке *бурылмады* (К. Султанов).

БУРЫЛЫНҚЫРАЎ **бурылыў** фейилиниң өзгелик дәрежеси.

БУРЫЛЫС *ат.* 1. *Айланба, шығанақ, қыгырық.*—Анаў „Есберген шығанақ" деген жер,—деди Дәрменбай *бурылысты* көрсетип,... (Т. Қайыпбергенов). 2. *Өзгерис, бет алыс, бағдар, бахыт.* „Дәўдейсең",—дедиң қашықлап. Жасап бир сулыў *бурылыс* (Г. Есемуратов). Сенде Нарымбетке деген *бурылыс* бар (Ә. Шамуратов).

БУРЫЛЫЎ *ф.* 1. *Белгили бир тәрепке бағытлаў, бет алыў, бағдарлаў.* ... нурлы көзлери менен оның қудиретли сыпатын узатып екинши көшеге *бурылды* (А. Бекимбетов). Арғы-бары газ-газ басы терезени үш рет шертти де, есикке қарай *бурылды* .... (Т. Қайыпбергенов). 2. *Бурыла қарау, айналып қарау, қайырылыў.* Ол кейинше *бурылып* бир ҳәдийсени гүррин ете баслады (С. Хожанязов). Ҳаял анда-санда *бурылып* карайды (Н. Дәўқараев). 3. *Өзгериў, айныў, басқаша болыў.* Ол жигиттиң басынлағы бул ойды тарқатпаса истиң бети басқа жаққа *бурылыўына* сөз жок деп ойлады (Ө. Айжанов) Мына ҳәдийседен кейин оның бети басқа жаққа пүткиллей *бурылды* .... (Ө. Айжанов).

БУРЫМ *ат. Ҳаял-қызлардың шашларының бөлек-бөлек етип өрилиўи, өрилген шаш.* Алтын шаш ғәрипти *бурым-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ларын кесип, белине арқан байлап, ийнине торсық салып, қолына таяқ услатып, буны да қойдың кейнине салады (Алпамыс). ... қалдин дүзеп, айнаға қарап, *бурымларын* бурап, тулымларын таллап, тислерине тишўан жағып, жылўа менен қасын қағып, ... (Мәспатша).

БУРЫМЛАСЫЎ **бурымлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУРЫМЛАТЫЎ **бурымлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУРЫМЛАЎ *ф.* *Бурымлап өриў, таллаў.* Ҳәммесиниң шашларын. *Бурымлап* таллап өргизди (Қырк қыз). Шынымбийке шашларын *бурымлады* (Ж. Аймурзаев).

БУРЫН *р.* 1. *Ертеде, илгериде, ески ўақытта, әлле қашан.* Көлдиң куты қашса, кутаны уш жыл *бурын* кетеди (ҚҚ. Х. Н.). Бундай сөзди Зийбагүл күтпеген еди, екеўиниң арасында *бурын* бундай тартыс болған да жоқ еди. соңлықтан қыска жуўап берди (Ө. Айжанов). 2. *Алдын, алдын бурын, ертерек.* Пайыз тийген ислерин, Питкерер екен ким *бурын* (Б. Қайыпназаров). Тойға барсаң *бурын* бар, *бурын* барсаң орын бар (ҚҚ.Х, Н.).

БУРЫНҒЫ *кел.* Ертедеги өткендеги, *Бурынғы* өткен заманда бир патша болыпты (ҚҚ. Х. Е.). *Бурынғы* көшип кеткенлер келип, үстине халық жыйналады (Г. Есемуратов). Оны қолхоздың *бурынғы* составы жүдә жақсы көретуғын еди (С. Хожаниязов). ◆ **Бурынғы-соңғы**—*бурынғы ҳәм ҳәзирги.* Әлшетип *бурынғы-соңғы* ,ҳалларын, Докторға тексертип көрип малларын (А. Дабылов).

БУРЫНҒЫДАЙ *кел.* *Ертедегидей, өткендегидей, бурынғыша.* Арысландай жигитлери сийрексигели, бойжеткен қызлар да *бурынғыдай* бола алмады (Т. Қайыпбергенов). Жақсы сөз кеўил ырысы ғой, меннен де басқа майып болып келген жигитлерди еситип оншама *бурынғыдай* ренжий бергенди де қойдым (Ө. Хожаниязов).

БУРЫНҒЫША *р.* *Ертедегише, өткендегише.* Садулла бул ўақытта шертек астында *бурынғыша* отырысын бузбай ойнап қалған (А. Бекимбетов). Жәмийла индеген жоқ, демин ишине тартып *бурынғыша* әсте ғана жылады (Ө. Айжанов).

БУРЫНЫРАҚ *кел.* *Ертерек, алдарақ.* Той әкеси өлместен сәл *бурынырақ* болған (Р. Тагор). Жигиттиң келемен деген ўақтынан *бурынырақ* барып, қызды алдап кетпекши болады (ҚҚ. Х. Е.) Оның (Муратбаевтың) жигирма жылдан *бырынырақ* қатнаспай умытып кеткен тамырлары да тамыр жаңалап, олар да келип атыр (Қ. Айымбетов).

БУРЫС **бурыў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУРЫСЫЎ **бурыў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУРЫЎ *ф.* 1. *Бағытын өзгертиў, аўмастырыў, бет алдын өзгертиў, бағыт бурыў.* ... аттың басын гүзар жолдан дәрьяның жағасына *бурды* (Қ. Султанов). — Онда жүр, өзиң,—деп Қудияр атының жылаўын қағып, басын аўылға *бурды* (Қ. Султанов). Қайықтың басын *бурып*, ыққа баслады (А. Бегимов). 2. *Болысыў, жақлаў, қуўатлаў, жәрдемлесиў.* Бузылған сол өристеги үйириң, Туўысқанға *бурып* тур-аў бүйирим (Күнхожа). Мениң төгилген көз жасыма баўырман *бурғанына* кеўилимниң елжиregенине барлық халық таң калды (Ж. Аймурзаев). 3. *Ҳақыйқатлықты айтпаў, ҳәзилге айналдырыў, дәлкек етиў, дурысын айтпаў.* Шақалақ атып күлии жиберип, шынын айтпай сөзин басқа жаққа *бурады* (Ж. Аймурзаев). Қамекбайдың өзине кеўил аўдарғанын биляен Караматдин түлкилей сөзди басқа жаққа *бурды* (Ж. Аймурзаев). 4. *Айланба, айланыш, дыгырық, бурылыс.* Бала-шағасын шуўлатып, *бурыў* жол менен бәтпақлы, қамыслық шөллердиң жалғыз өткелине бағдар алған еди (К. Доспанов). ◆ **Бет бурыў**—*бағдарын өзгертиў, өзгериў, айныў.* Бахытқа карай *бет бурыў* десе *бет бурыў* (Т. Қайыпбергенов). Соңлықтан ол дәлкекке айналдырмақшы болып, *бетин бурды* (М. Абдраймов). **Мойын бурыў** *бас тартыў.* Патша сонда *мойын бурды*, Жәлладлары тикке турды (Бердақ). **Бурмақ болыў**— *жол таслаў, өзгертиў, айналдырыў.* Деп ол сөзди *бурмақ болды*, Қызға қарсы турмақ болды (Т. Жумамуратов).

БУРЫШ *ат.* 1. *Аўқатқа салынатуғын, қолланылатуғын ашшы дәмли өсимлик, қызыл бурыш, қара бурыш.* Усыннан кейин Айдос етине *бурыш* жаққандай қатты намысы келип, қылышты қолына алып, өзиниң ағасын шаўып таслаўға қыялланды, ... (К К. х. е.). Ой, жолдас профессор, аяқларыма биреў *бурыш* сүртқендей шыдамсызлық дәрежеде аўырып баратыр (А. Бекимбетов). 2. к. мүйеш. ◆**Аты-затына бурыш-пияз**—*безиў, тўқилиў, қутылыў, ата бизар болыў.* *Аты-затына бурыш-пияз*, қылўасы қурысын оның! „Жаў жағадан алғанда, ийт өктем алады“ деген емес пе? (Ө. Хожаниязов).

БУРЫШЛАЎ *ф.* 1. *Аўқатқа бурыш салыў, бурыш салып писириў.* Таўықтың сорпасын *бурышлап* писирген екен, —деди Жаббақлар (Б. Кербабаев). 2. к. мүйешлеў.

БУРЫШТАЙ *кел.* 1. *Бурыш сыяқлы қызарыў, бозарыў.* Бет аўызым да *бурыштай* болып кетти ме деймен, тырысып баратыр (Т. Қайыпбергенов). 2. к. мүйештей. ◆ **Қызыл бурыштай** *—қызыл бурыш сыяқлы болыў, қызарыў.* Сөзди айтып Өмирбайдың, *Қызыл бурыштай* дөнип жүзи, Үйден шығып кетти ойланып, Масаладай жанып көзи (Ж. Аймурзаев). **Бети бурыштай қызарыў**—*бурыш сыяқлы болып қызарыў, бозарыў, уялыў, қысыныў.* Иштеги ашыўға оның еки *бети бурыштай қызарып*, көзлери аларып, тула бойы қалтырап кетти (А. Бекимбетов).

БУТ *ат. дин. с.* *Будда қудайы, табыныў ушын ағаштан ямаса металлдан ислеген будданың мүсини.* Қалмакка бурма кеўилинди, Олар *бутқа* табынар (Алпамыс).

БУТХАНА *ат.* *Бутқа (қудайдың сүўретине) сыйына-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

туғын жай, орын. Бутханаға оқ атып, Медресесин қулатып (Қырқ қыз).

БУЎ қ. буўыў.

БУЎАЗ *кел.* 1. *Ишинде баласы бар. ... ол буўаз* малларды иш таслатпай аман алып шығыў олардың ўазыйпасы (А. Бегимов). 2. *Еки қабат, жуқлы.* Жәмийла да көп узамай *буўаз* болды,—деп қатынлар ҳәзиллесип, ... (К. Султанов).

БУЎАЗЛАҚ *ат. Бөлек-бөлек, томпақ.* Алқымының *буўазлақлары* елеўленип, ерынлери дириллеп тур (К. Ирманов).

БУЎАЗЛЫҚ *ат* 1. *Ишинде баласы барлық. ...* сыйырдың да *буўазлығы* билинип киятыр (Қыз. муғ. ж.). 2. *Еки қабатлық, жуқлилик. ... буўазлықтан* келиншектиң аяғы аўырласа баслады (Б. Кербабаев).

БУЎАЛДЫР *кел. Гүңгирт, емески. булдыр, анық емес. ...* адамлардың үстин *буўалдыр* гүңгирт бир нәрсе басқан секилли болып көринди (А. Бегимов). ... алыстан гүңгиртлеў *буўалдырлы* болып көринди (Қыз. муғ. ж.).

БУЎАМ *ат. Түйин, түйиншик, орам, бөлшек, бир нәрсе, оралған зат, бөлек оралған зат, бөлим.* Орайлық Партия Комитетиниң 1925-жылы әдебият жөнинде шығарған қарарының II-ши *буўамында* пролетариат жазыўшыларына қаратылып айтылғаны, ... (К. Ирманов).

БУЎАТ *ат. Бөлек, байлам, орам, бир қушақ.* Айтбай болса командировкада, бир *буўат* ақшаны да қалтама салып шыққанман (Ө. Айжанов). Мине, оқынлар,—деп ол да *буўат* ҳәр түрли газета-журналларды усынды (Ө. Хожанов).

БУЎҒЫЗЫЎ **буўыў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУЎДАЙ қ. **бийдай.**

БУЎДАҚ: **буўдақ-буўдақ** *кел. Шаңның ямаса тутиниң жерден жоқарыға көтерилиўи, тозаң, бурқасын.* Бир мәҳәл Айпарша кейнине қараса, артында *буўдақ-буўдақ* шаң шықты (Мәспатша). Жайлардың морыларынан шыққан *буўдақ-буўдақ* тутин де ийретилип жоқары көтерилмекте (Т. Қайыпбергенов).

БУЎДАҚЛАНЫЎ **буўдақлаў** фейилиниң өзлик дәрежеси

БУЎДАҚЛАСЫЎ **буўдақлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУЎДАҚЛАТЫЎ **буўдақлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУЎДАҚЛАЎ *ф. Бурқасынлаў , буўдақланыў, жуўмақлаў.* Ой дизбеклери *буўдақлап* барып, үзилип кетип атырған темекиниң тутининдей гә гүңгиртленип, гә шубатылып кетеди (Н. Бөрекешов).

БУЎДАН *ат. Еки түрли туқымлас атлардың шағылысыўынан пайда болып туўылған төл, қоспақ.* Намысы бар қайтпақ жаўдан, Ғайратланып асар таўдан, Бири бедеў, бири *буўдақ*, Болып мудам алға басар)Қ. Ирманов). Бәдеўге-йыўырығы *буўданға*-йўриш, Ябыға ҳәм қуйрық билән ял керек (Әжинияз).

БУЎДЫРЫЎ *ф. Баўлаў, таңыў, буўыў.* Улдай көрип жан ата, алтын қәмар *буўырдың* (Қырқ қыз). Әдиўлеп алтын қәмар *буўырды* (Мәспатша).

БУЎЛАНЫЎ қ. **пуўланыў.**

БУЎЛЫҒЫЎ *ф. Сөйлей алмай қалыў, тутлығыў, қырылдаў, тығылыў. Буўлығып* сонда сөйледи, Пайғамбарға жалынып (Қырқ қыз). Анда-санда *буўлығып* демин алады (Н. Дәўқараев). Ашыўға шыдамай *буўлығып* Мәўленге бираз сөзлерди айтып таслады (Ө. Хожаниязов).

БУЎМА *ат.* 1. *Түйиншик, буўат, байлам, бөлек.* Ҳаял бир *буўма* түйиншикти кәттиң астына ысырып қойды, ... (К. Айымбетов). 2. *Қап ямаса қапшықтың аўызын буўыўға болатуғын шамасы, муғдары, қап ямаса қапшық толы зат, дән, ўәж ...* тек болғаны еки *буўма* қап дән тур (Н. Дәўқараев). 3. *Аўырыў, кесел, науқас.* Ол *буўма* кесел еди (кк. х. е.).

БУЎМАҚ қ. **буўыў.**

БУЎМАҚШЫ қ. **буўыўшы.**

БУЎНАЎ қ. **буўындырыў.**

БУЎРА *ат. Түйениң кестирилмеген, пиштирилмеген түри, еркек түйе.* Түйе болсаң малдан озған. *Буўра* көрсең аркан қозған, Шилпе-шилпе көзиң тозған, Бәрин түйем көрермисең (Күнхожа). Бизлерде көп шерли жүрек, Кими *буўра*, кими үлкен, Қайтпас жүрек, талмас билек, Қол усласып бассаң кетер? (Қ. Ирманов).

БУЎРАДАЙ *кел. Буўра сыяқлы, буўраға усаған.* Шөккен *буўрадай* шонқайып барып отырып қалды (Н. Бөрекешов). ◆**Қарт буўрадай**—*қартайған еркек түйедей.* Бир-бирине әжел курды, Еки батыр айқасты, *Карт буўрадай* ғайласты, Аш жолбарыстай шайкасты (Мәспатша). **Нар буйрадай**—*үлкен еркек түйедей.* Бахтымызды сынайық, *Нар буўрадай* алысып, Жағаға колды салайық (Бердақ).

БУЎРЫЛ *кел. Ақ аралас ямаса ақ кире баслаған түр, түс, шола ағарыў.* Ақшаханның халқында, Сақалы *буўрыл* болғанда, Үш тарғыл болғанда, Әўлийе коймай тилеген (Қоблан). ... ғаррылық халына барған, сақалы *буўрыл* болған, меллеси бар үстинде, гөне сәлле басында, ... (Мәспатша).

БУЎЫЛ қ. **буўылыў.**

БУЎЫЛДЫҚ; **буўылдык-буўылдық** *р. Бөлек, бөлек-бөлек.* Шүберек қалтаға *буўылдық-буўылдық* болып сөк салынды (К. Айымбетов).

БУЎЫЛЫЎ *ф. Байланыў, буўыў, таңылыў, белге белбеў буўыў.* Әне бул сөзди еситип, байдың белине пота *буўыл-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ғандай болды (Мәспатша). Октябрь-анадан халықпыз туўылған, Дослыққа белимиз беккем *буўылған* (Т, Сейитжанов).

БУЎЫН I *ат.* 1. *Адамның, ҳайўанлардың ҳәм де жанлы-жаныўарлардың сүйеклериниң ҳәр бир байланысқан, түйискен жери.* Бармақларының *буўынын* жоқ па деймен? (Ө. Хожаниязов). Көп сарсылып *буўынынан* босатпа. Мәртлик еткил қайғыланба Гүлайым (Қырқ қыз). Услап алып баланы, *Буўын-ба-буўын*, шаба алмай. Жән-жағына қарады (Мәспатша). 2. *Қамыс, шиңгирик, ҳәм басқа да өсимликлердиң ҳәр бир буўазағы, бөлеги.*— Мен ол келдиң қамысларының *буўынына* шекем таныймам, —деди Егор (К. Султанов). ◆**Буўынын босасыў**—*жибисиў, бәлқыў.* Кем-кемнен *буўынларым босасып*, толықсып баратырғанымды сездим (Ш. Сейитов). Буўынсыз тил—*шешен, сөзшең, сөйлемшек, сөзшил.* —*Тил дегенниң буўыны* болмайды, жас үлкен(Т.Қайыпбергенов). **Буўыны катпаў**—*жетилиспеў, ержетпеў, кәмалына келмеў, бекинеспеў. Буўыны катпаған* балаларды қалмақтың ханы өлтирип, ол аман қала қойса „мени де алым-салықтан қутқарар" деген мақсет пенен узақ сапарға жоллаған еди (К Қ. х. е). **Буўынлары бекиниў** —*ержетиў, бой жетиў, беккемлениў.* Назлы кемпир Қалийланың сөзинен жигер алып *буўынын бекисти* (К. Султанов). **Буўынлары бекимеў** —*ержетпеў, бой жетпеў, беккемлекбеў.* Басы катпаған, *буўыны бекимеген*, дүз көрмеген жалғызды жиберип қала бердик (К. Султанов). **Буўынлары пытырлаў** —*гүтирлеў, шытырлаў.* Зәмберди Бекбосын жарыса көтергенде, деле *буўынлары пытырлап*, аяғын бир-еки рет шатастырып басты (К. Султанов). **Буўынлары қалтыраў**—*дирилдеў, қорқыў.* Түси өзгерип, *буўынлары қалтырап* кетти (А. Бекимбетов) **Буўын-буўын**—*көп буўынлы, буўынлы.* Бармақлары *буўын-буўын*, Бес жүз тилла болды шығын (Бердақ). **Буўын аяқ**—*аяқлардың буўынлары, буўынлы аяқ.* Айдаўда көзиң жаўдырап, *Буўын аяғың* салдырап, Қалдым артында зар жылап, Сүйген ашығым қайтып кел (Күнхожа).

БУЎЫН II *ат. грамм. Сөзлердиң бөлекшелерге бөлинип-бөлинип айтылыўы.* Усы мыссаллардағы сөзлердиң ҳәммесин *буўынға* бөлип көширип жазып келиўди муғаллим тапсырды, —деди Ажар Муратқа (Жеткеншек г.).

БУЎЫН III **қ. буўыныў.**

БУЎЫНДЫРЫЎ *ф. Туншықтырыў, қылғындырыў, алқымын қысыў, буўыў.* Ишини анаўлар *буўындырмаға* қарады (Н. Бөрекешов). *Буўындырып* жуп жағадан асылған, Әжел қәўип кетпей турды қасымнан (Т. Жумамуратов).

БУЎЫНЛАЎ I *ф. Буўын-буўын етиў, бөлиў, айырыў.* ... кемпир-қаррылар қамысларды *буўынлап* отыр (К. Султанов).

БУЎЫНЛАЎ II *ф. грамм. Буўынға бөлиў, айырыў.* ... ҳәр бир сөзди *буўынлаў* керек,—деди муғаллим (Қ Қ. КСМ. атл.).

БУЎЫНЛЫ I *кел. Буўыны көп, мол. Буўынлы* қамыслардың өз алдына айырыўды буйырды (Қ Қ. КСМ. ат.).

БУЎЫНЛЫ II *кел. Көп буўынлы сөз, буўынлары көп сөзлер.* Бердақ қосықларының форма жағына келгенде, олардың барлығы дерлик 7—8 *буўынлы*, төрт қатарлы болып келеди (Қ. Аймбетов).

БУЎЫНЫЎ *ф. Түйиниў, байластырыў, түйиншиклениў, белге белбеў байлаў.* Туўмай кеткир туўылды, Белине садақ *буўынды* (Мәспатша). Белин беккем *буўынып*. Тағы да күшин жыйнады (Қырқ қыз). ◆**Буўынып-түйиниў**—*тайын турыў, тақ турыў ҳәмме затты байластырып тайын турыў, таяр болыў. Буўынып-түйинип* атырған баққалдың үстине ақ сәллели, қара сақаллы Мүптилла ийшан келди (Н. Бөрекешов).

БУЎЫРҚЛНЫЎ *ф. Айбат шегиў, қәҳерлениў, шапшыў, тасыў, пәтке миниў, айбатланыў. Буўырқанып* баратыр, Мысал жараған үлектей (Мәспатша). Қәҳерленип атланып, *Буўырқанып* буркырап, Атына ғарғып минеди (Бердақ). *Буўырқанып* бурқанып, Ҳийўаға бизлер барайық (Бердақ).

БУЎЫС *қ.* буўысыў.

БУЎЫСПА *қ.* буўысыў.

БУЎЫСТЫРЫЎ буўысыў фейлиниң шериклик дәрежеси.

БУЎЫСЫЎ *ф.* 1. *Байласыў, таңысыў.* Туркменбай да булар менен туўысқан, Көшемиз деп жүклерини *буўысқан* (Бердақ). 2. *Алқымын қысыў, жағаласыў, буўын, туншықтырыў, қылғындырыў.* Екеў бир, үшеў бир куўысқан бәле, Жетип шегирдектен *буўысқан* бәле (Бердақ).

БУЎЫЎ *ф.* 1. *Байлаў, таңыў,* Жыламай сонда биразы, Белерин *буўып* қынайды (Қырқ қыз). Белин *буўып*, басына тәлпегин кийип, қолына ҳасасын алып кетиўге айналды (Ә. Шамуратов). Аяқ қолын *буўып* қойып бир баў қызыл жыңғыл сығанша арбаның шүйине таңып қойып урды (С. Салиев). 2. *Тақ турыў, тайын болыў, жолына шығыў, таяр турыў, жолында пида болыў.* Енди баба белин *буўды*, Басына күнлер туўды (Мәспатша). Белинди қынап *буўмасаң*, Басынды жолға қоймасаң (Ер Зийўар). Қарақалпақ—поскан ел, Хорезмге жетиўге, Ҳәммелери *буўды* бел (Жайен). 3. *Қысыў, қылғындырыў, туншықтырыў.* Владимирди *буўып*, өлтирди (Т. Қайыпбергенов). Бираз ҳәсиретти *буўып*, Демин алды күни туўып (С. Мәжитов). 4. **Аўыс.** *Ораў, шырмаў, орнатылыў, шырматылыў, шыйратылыў.* Бир жағынан отақ *буўып*, Мың жағынан бир жағы бар (Б. Исмайлов). ◆**Аўызын буўыў**—*байлаў, ораў, таңыў....* үлкен бир ала қапқа салып *аўызын буўады да*, қойларды базарға апарып өткенине сатып келеди (К Қ. х. е.). **Алқымын буўыў**—*қысыў, байлаў, туншықтырыў, қылғындырыў.* Моның езгилеп, *алқымын буўып* туншықтырды (Ш. Сейитов). **Мойынынан буўыў**—*алқымынан буўыў, туншықтырыў, қысыў, қылғындырыў.* ... оның *мойнынан буўып*, я аўызы-мурны-

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

нан туншықтырып өлтірген болады (А. Бекимбетов). Тамағынан **буўыў**—*қысыў, иркиў, тоқтатыў.*—Биз батыр халық уллы плотина курамыз, Әму суўын *тамағынан буўамыз* (Ә. Шамуратов). **Аўызын буўған өгиздей** —*сөйлемеў, үндемеў, тил қатпаў, сөз қатпаў.* Машинаны тутты алға жүргизбей, Үндеспейди *аўызын буўған өгиздей* (И. Юсупов).

БУЎЫЎЛЫ *кел. Байлаўлы, таңыўлы.* Ишке кирсем, бизиң колхозға тийисли газеталар менен хатлар бир бөлек *буўыўлы* тур (О. Хожаниязов). Шананың үстиндеги *буўыўлы* шөмиш биреўин алып, астыларына басып дегереклей отырды (М. Абдраймов). ◆ **Аўызы буўыўлы**—*түйиўли, байлаўлы, таңыўлы.* ... Қадирбай камзолының ишки кисесинен нағысланған, *аўызы буўыўлы* әмиян қалтасын шығарып, үлкен мактаныш пенен күлимсиреп Ережеп моллаға көрсетти (А. Бекимбетов).

БУФЕР *ат. Еки вагонның арасындағы дүгисиўдеги күшин жумсартыў ушын қойылатуғын пружиналы (серппели) темир, әсбап.* ... келген вагонның *буфери* майлаўға рабочийлар да таяр болды (Сов. ҚҚ. г.).

БУФЕТ I *ат. Жеңил-желпи аўқат, ишимлик сататуғын кишкене жай, бөлме, орын.* Узақ жерлерден келген ата-аналарының хабарына ынтығып жүрген бир топар оқыўшылар *буфет* алдын босатып, почтальонға қарай жуўырысты (С. Айний).

БУФЕТ II *ат. Әр түрли майда ыдыслар, аўқатлар, ишимликлер салып қойылатуғын шкаф, ыдыс.* Қәпелимде *буфеттиң* ишиндеги өзи қалеп алған моншақлы қара сумкаға көзи түсе қойды (Г. Есемуратов).

БУФЕТШИ *ат. Буфеттеги затларды сатыўшы, сауда етиўши.* Азаннан берги еткен саўдасының ақшасын *буфетши* есаплап атыр (Жас Ленинши г.).—Үш рет дейсиз бе?—деп сорады *буфетши*, жулын алғандай етип (Ө. Айтжанов).

БУХАНКА *ат. Темирден арнап исленилген қәлипке салып пиширилген төрт мүйешли нан.* Теңден бир *буханка* (көмпек) нанды алып келди (Н. Дәўқараев).

БУХГАЛТЕР *ат. Бухгалтериялық ислер бойынша әдис, усыл, маман, қәниге, бухгалтерияны басқарыўшы.* Себеби, *бухгалтер* екеўи алдыларындағы жайыўлы бир қағазға қарап, сыбыр-сыбыр пиптиўлесип отыр (Ө. Хожаниязов). Ишинен шықты үш киси, *Бухгалтер*, баслық Абадан, Биреўи шаққан жүриси, Қолында киши чемодан (Б. Қайыпназаров).

БУХГАЛТЕРИЯ *ат.* 1. *Есап-санақ жумысларының теориясы менен практикасы жөниндеги пән, илим.* ... келген жигитти аўыл хожалық техникумына *бухгалтерия* пәнинен сабақ бериўши етип таярлайды (К. Айымбетов). 2. *Белгили бир мәкеменің есап-санақ жүргизетуғын бөлими. Бухгалтериядағы* ақша документлери әллеқашан тигилип кеткен екен (К. Айымбетов). *Бухгалтериялық* документлер бойынша шығыс етиўлери керек (А. Джальменов, П. Т. Карпов).

БУЎЯҚ *р. Бул жер, усы жер, булман, усыман, усыңара, булңара бул жақ, усы жақ.* ... мен *буяқты* биринши мәрте көрип атырғаным (Қ. Айымбетов). Талап етип шығып едим *буяққа*, Енди қалай елатыма жетермен (Өтеш). ◆ **Буяққа көшиў**—*бул жаққа, булманға, бул жерге усы жерге, усы қарағa, усыманға.* Байлардың посып көшиўи, Жери жетпей көшкен жоқ, *Буяққа* көшкен ашларға, Жер берместиң хийлеси (Жийен).

БУГЕЖЕҢЛЕНИЎ **бүгеженлеў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БУГЕЖЕҢЛЕСИЎ **бүгеженлеў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУГЕЖЕҢЛЕСТИРИЎ **бүгеженлеў** фейилиниң ерксиз дәрежеси

БУГЕЖЕҢЛЕТИЎ **бүгеженлеў** фейилиниң ериксиз дәрежеси.

БУГЕЖЕҢЛЕЎ *ф. Еңкейиў, бүкирейиў, еңкейип жүриў, қыйсаңлаў, иймеңлеў.* Олардың кейнинен бираз кемпир-ғарры да *бүгежеңлеп* баратыр (Г. Есемуратов). Соң және *бүгежеңлеп* қойлардың арасына суңгип кетеди (Ө. Хожаниязов).

БУГИЛДИРИЎ **бүгиліў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БУГИЛИНИЎ **бүгиліў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БУГИЛИҢКИРЕЎ *ф. Ийилиңкиреў, еңкейиңкиреў, иймейиңкирең, майысыңқыраў.* Төребай кирер есикте қолын алдына қыўсырып, сәл-пәл *бүгилиңкирип* турыпты (Т. Қайыпбергенов).

БУГИЛИСИЎ **бүгиліў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БУГИЛИТИЎ **бүгиліў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БҮГИЛИЎ *ф.* 1. *Ийилиў, иймейиў, еңкейиў, бүкшийиў, майысыў,* Үлкен денеси бир уўыс болып *бүгилип* отыра кетти (К. Смамутов). Еки жерден аш бүйирден тилинип, Жолбарыстың бели қалған *бүгилип* (Т. Қабулов). Ханға барып Айдос бий, Қол қаўсырып бас ийип, *Бүгилип* сәлем береди (Берлақ). Беллери жайдай *бүгилди*, Маңлайдан терлер төгилди (Ер Зийўар). 2. *қ.* **бүгиў**. ◆ **Жети насыры бүгиліў** —*қысыныў, уялыў.* Ақыры болмады, онысыз-ақ *жети насырым бүгилип*, өреси қапа болып, уўайым шегип жүрген мен де ерксиз жылап жибердим (Ө. Хожаниязов).

БҮГИН *р. Усы күн, бул күн.* Он еки ай болып сергиздан, Көрдим бе *бүгин* қараңғы (Мәспатша). *Бүгин* емес кеште қалдырмай, Айтқаныма толық жуўап берилер (Қырқ қыз). Дәўекe өзиниң қылған исинен нәтийже күтип *бүгин* уйқыдан кешпекши болды (Қ. Айымбетов). ◆ **Бүгин-ертең** —*тез күнде, жақын арада, жақында.* —Менің айтайын дегеним, *бүгин-ертең* болатуғын ис емес (К. Султанов).

БҮГИНГИ *кел. Қәзирги, устимиздеги.* Өниp өскен мәканым, *Бүгинги* күн сен қалдың (Жийен). Нурымбеттиң *бүгинги*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

...жүкалау еди (Қ. Айымбетов). ◆**Бүгинги техника**—*ҳәзирги күндеги техниканың жаңалығы.* Илим жаңалықлары ҳәммеге көриниў сезилип тур (Г. Есемуратов).

БҮГИНГИДЕЙ *кел. Усы күндегидей, ҳәзиргидей.* Сол ушын да *бүгингидей* тап, Көз алдымда ҳасыл келбети (М. Турсынзада).

БҮГИНШЕ *р. Бир күнлик, тек бир күнше, уақытша. Бүгинше* усы жерде оқыңыз (Г. Изимбетов). *Бүгинше* шаманы көрип алайық (Т. Қайыпбергенов). Сен аға, *бүгинше* постына бармай-ақ турыпсаң, ... (Ө. Айжанов).

БҮГИРЛЕТИЎ *ф. Астына басыў, бығырлатыў, тарпа басыў, басыў, жығыў. Бүгирлеттим* басты биреў Әметти, „Әжел жаным деп бақырды жумыр тас" (И. Юсупов). ◆ **Астына бүгирлетип басыў**—*жығып астына басыў, үстине миниў.* Оны бир жигит-ақ таўлап урып, *астына бүгирлетип басыўға* болады (Ө. Хожаниязов).

БҮГИЎ *ф.* 1. *Бир нәрсениң шетин қайырыў, қайырып тигиў бүклеў, көклеў.* Куўыршағына көйлек тигип, Қайсық жерин қайта сөгип, Етек, женин тегис *күгип*, Кийиндирип ойнағаннан соң (С. Мәжитов). 2. *Еңкейтиў, қыйсайтыў, ийметаў, ийилдириў.* Онда-басқа ғаррылардай бел *бүгиў*, ҳаса таяныў деген жоқ (А. Бекимбетов). Көзим жасқа, көўлим ҳәсиретке толып, Қарамай белимди *бүктим* мен бүгин (И. Юсупов). 3. Аўыс. *Жасырыў, купыялаў.* Сырын *бүгин* сулыўлығын асырып, Бурқын атыр булақ суўын қашырып (Г. Есемуратов). Сүйсе қызғыш ишлы қорғар ышқысын, Ишке *бүгип* калмас өз қызғанышлығын (И. Юсупов). ◆ **Дизе бүгиў** —*а) дизерлеп отырыў, еңкейиў, ийметаў.* Сол замагта аўылының қыз-келиншеклери менен Мийирхан да жерге *дизе бүкти* (Ө. Хожаниязов). *б) бағыныў, қараслы болыў, бас ийиў.* Палўан бийхуўш болып кетти де келиннектин алдына да *дизесин бүкти* (Ө. Айжанов). **Жети насырын бүгиў**-*уялтыў, қысындырыў, намысын келтириў.* Адамның *жети насырын бүктиң* ғой (К. Султанов). **Намысын бүгиў**—*қысындырыў, уялтыў, намысын келтириў.* ...булар бизлердин *намысымызды бүкти* (К. Айымбетов).

БҮЙ: **бүй деў** *ф. Былай деў, былай деў, ишаддай деў,* Өй дейсең де, *бүй дейсең,* Кай сөзиңе ишанайын (ҚҚ. х. к.).

БҮЙЕН *ат. Тоқ ишектиң ең ақырындағы жуўан жери, желинген аўқаттың туратуғын ишки мүшеси, кишкене қарын.* Ишек-карынның *бүйени* өз алдына алып қойыўды ескертип қойды олар ҳаялға (Қыз. муғ. ж.). ◆**Бүйен емшек**—*бүйенге усаған жуўан емшек. Бүйен емшеклери* салынып, Саўдырғысы келип адым аўады (Ж. Аймурзаев).

БҮЙЕР *р. Бул жер, булман, усы жер, усықәра. Бүйерде де* көрген күни бурынғыдан да бетер еди (Ж. Аймурзаев). *Бүйерде* Айқыздың кеўилине еки нәрсе қаўып түсирди (А. Бегимов). Урыға мал керек, маған жан керек, Сонлықтан *бүйерде* боп турман ҳәлек (Ш. Артық). Бирме-бирге келгенде, Биз *бүйерге* келгенде, Үш жүзден аслам жан еди, Өле-өле солардан, Қалды бир жүз елли адам (Жийен). *Бүйерде* ақылгөйлер, тәўиплер де көбейип кетти (К. Айымбетов). *Бүйерде* румын тили керек болды (Қ. Айымбетов).

БҮЙЕРДЕН *р. Булманнан, бул жерден, усықәрадан.* Ақылды алсаң жан достым, *Бүйерден* сен кетесең (Қырк қыз).

БҮЙИР *ат. Жанбас пенен қабырғаның арасы, еки аралықтың еки қапталы.* Бул жаныўарларды өзи қайтыға тойғызып *бүйирин* шығарайын, кешке ыңқылдап тойып қайтсын" —деп қойшы оларды узақтағы отлақ жерге айдап кетти (Қ. Айымбетов). Дуйым журтқа сондай болса қәдириң, Қатық ишип шығыппеди *бүйириң* (ҚҚ. х. к.). Жылай-жылай үни өшер, Жекке шыққан үйириннен, Басына күнлер туўғанда, Қолын кетпес *бүйириннен* (Коблан). ◆**Бүйири бурыў** —*ғамхорлық етиў, өзине бейимлеў, баўырына тартыў, аяў, қайырқомшылық қылыў.* Барлығы *бүйири бурып*, сылап аяса да айтқанын қылмай ашыў менен ешкини базарға арқалап барыпты (Ж. Аймурзаев). **Бир бүйирлеў**—*қарынлаў, шетлеў, қапталлаў.* Сәлийма мудамы көпшиликке қосылмай, *бир бүйирлейди де* жүреди,—деп бригадир өзинен-өзи тоқылда ды (К. Султанов). **Бүйиркне караў** —*төмен қараў, жуўап бермеў.* Нар буўрадай жарайды, Өз *бүйирине карайды* (А. Бегимов). **Бүйирин жарыў**—*қапталын айырыў, тесиў, бузыў, сындырыў.* ...томпақ бас тарғыл суға қой қораның *бүйирин жарып* кеткен екен (К. Смамутов).

БҮЙИРЛЕЎ *ф. Шетлеңкиреў, қашықлаў, қырынлаў.* ... көпшилик пенен бирге болыўын керек, бүйтип *бүйирлей* бериўдиң кереги жоқ,—деди Мәтеке Сәлиймаға (К. Султанов).

БҮЙИРЛИ *кел. Бүйири шығыңқы, кең, жуўан, үлкен, толы.* Муратбай бул сыйырдың *бүйирли* екенин жаңа гана сезди (Ө. Айжанов).

БҮЙИРЛИК *қ.* **бүйир.**

БҮЙРЕК *ат. Адамлардың ҳәм омыртқалы жаныўарлардың ашыламықты пайда ететуғын ишки аза (муше), бөтеке.* Тарраңшлады куйрығын, Солқылдатып *бүйрегин*, Питкерер болды бай бабаң, Қуданың әзел буйрығын (Мәспатша). Табылады ызлегенниң кереги, Көлимде бар қасқалдағы, үйреги, Куўлары, газының пүтин *бүйреги*, Дүньяның анлары келимде барды (Әжинияз). ◆**Бүйректен сыйрақ шығарыў**—*күтпеген жерден шатақ шығарыў, кесе белден бир нәрсе табыў, қапталдан пикир қосыў, болмаған нәрсени айтыў.* Қусбегиниң қәпелимде *бүйректен сыйрақ шығарып*, бир жасаўылды кайтарыўын „бир ойқан ислейсен-аў"—деп, ҳәр ким

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ишинен өз атының басынан аўлақ болғай деп отыр (К. Султанов). **Бүйрек бет**—*томпақ бетли адам, бөтеке бет адам.* Бағана үйден-үйге секелек атып жуўырып жүрген *бүйрек бет*, қара балалар да пошшадай иргеге тығылып, еки көзи далада дилгир (К. Султанов).

БҮЙТИЎ *р. Усындай, бундай, былай етиў, усындай етиў.*— Сени *бүйтип* тезек тергизип қойғаннан я өлейин, я қалайын, дийдарыңды көрдим, ақлығымды сүйдим (Мәспатша). ... жолдан өткен жолаўшыға *бүйтип* мирәт ете бергендей буның неси бар екең деп ойланады (ҚҚ. Х. Е.). Қула дүзде пышақ салып ишлерге, Өлген жақсы *бүйтип* өмир сүргенше (Қырқ қыз).

БҮК I *ат. Түйесиңирдиң шеңгел, жыңғыл ҳәм тағы басқа өсимликлерге шырматылып қалың болып өскен шоқ, шоқалақ, бүктесин.* Жолдың оң жағында қырқ адым шетке шығып басын *бүк* басқан түбин сағал ашқан ғарры сексеўилдиң жанына келди (Мәспатша). Аралары үйдей-үйдей қалың *бүк* (Ө. Хожанязов).

БҮК II *ат. Асықтың дөң жағының жоқары қарап жатыўы.* Оның үлеген асықлары *бүк* жатты (Қыз. муғ. ж.).

БҮК III *қ.* **бүгиў.**

БҮКЕҢ: **бүкең-бүкең етиў** *р. Бүкшеңлеў, жортыў, жорғалаў, жүриў.* Шубар бойын жасырып, Душпанлардың алдында, *Бүкең-бүкең етип* жортады (Алпамыс).

БҮКИР *кел. Қуныш, бүкиш.* Аркасы болса да *бүкир*, Ҳалын билип етпес шүкир, Ишқара толған пикир, Ардақлайды бай баласы (Күнхожа). Ҳасасын таянған *бүкир* Атажан бай да усы жерде (Т. Қайыпбергенов).

БҮКИРДЕЙ *кел. Бүкир сыяқлы, усаған, еңкейген, бүкирейген.* ... онын енсеси *бүкирдей* дүңкийип турағын еди (Айбек).

БҮКИРЕЙТИЎ **бүкирейиў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БҮКИРЕЙИЎ *ф. Бүгилиў, еңкейиў, ийилиў, иймейиў, мыжғырылыў.* Жүрегине дәрман жоқ, *Бүкирейген* беллери (Қырқ қыз). ... *бүкирейип*, тенселип турған муштай кемпир өксип-өксип жылап жиберди (А. Бекимбетов).

БҮКИРЛЕЎ *кел. Иймеклеў, қунышлаў.* Сыйрақлары киши, табаны сарғышлаў, аркасы *бүкирлеў* болады (А. ДЖальменов, П. Т. Карпов).

БҮКИШ қ. **бүкир.**

БҮККЕ: **бүкке түсиў** *р. Еңкейип жатыў, бүккесине жатыў, тоңқайып жатыў.* Ол (апам) шалқая берип *бүккесине түсип*, тахтай еденге басын урды (К. Смамутов). ... қорқып *бүкке түсип* далада жатып шықты (Г. Есемуратов).

БҮККЕСИНЕ *қ.* **бүкке.**

БҮКЛЕ *қ.* **бүклеў.**

БҮКЛЕМ *ат. Қайырым, қабат.* Тарқатқанда жайнатты көзди, *Бүклемлери* жазылған ғалы (Г. Есемуратов).

БҮКЛЕНИЎ *ф. Ийилиў, еңкейиў, қайысыў, майысыў.* Өсип еди *бүкленип*, Баўырында жаза алмай (А. Дабылов). Еки *бүкленип*, мертилген адамдай зорға жүремен (Ж. Аймурзаев).

БҮКЛЕСИЎ бүклеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БҮКЛЕТИЎ бүклеў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БҮКЛЕЎ *ф. Қайырыў, ийиў, қабатлаў, жыйнаў, қатлаў.* Шишениң тығынын буранда менен ашыўға да асығып түбине сүлгини *бүклеп* қойып мушы менен дүмпишлеп тығынды ушырып дийўалға тийгизди (Қ. Айымбетов).—Менің ағаш ат деген атым бар, керек емес ўақытта *бүклеп* кисеңе салып қоясан, .. (ҚҚ. Х. Е.).

БҮКЛЕЎЛИ *кел. Қайырыўлы, ийиўли, қабатлаўлы, қатлаўлы, жыйнаўлы. Бүклеўли* турған хатты қалтасынан алды (Ж. Аймурзаев). Ол отырмастан үш *бүклеўли* қағазды алдына таслады (К. Султанов).

БҮКЛИ *кел. Бүги көп, бүги қалың.* Қәмекбай қалың *бүкли* шөпликке кирип кетти (Ж. Аймурзаев).

БҮКТЕЙ *кел. Бүк сыяқлы, бүкке усаған.* Тынбай тымсырынып ашшы аяда, Жатыр биреў *бүктей* болып бүркелип (Ж. Аймурзаев).

БҮКТИРИЎ бүгиў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БҮКШЕҢЛЕНИЎ бүкшеңлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

БҮКШЕҢЛЕСИЎ бүкшеңлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БҮКШЕҢЛЕТИЎ бүкшеңлеў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БҮКШЕҢЛЕЎ *р. Еңбеклеў, бүкирейиў.* ... оқ тасыўшылар *бүкшеңлеп* жуўырып киятыр (К. Досанов). ◆**Бүкшең қағыў**—*еңкейип жумыс ислеў, жеделлеңип ислеў.* Ески қорған саясына бир ҳаял, Ислер тынбай *бүкшең қағып* урынып (И. Юсупов).

БҮКШИЙИЎ *ф. Бүкирейиў, қунышланыў, ийилиў, иймейиў, еңкейиў.* Гилеген тум-тусына көз жиберип карап еди, қуранға үнилип, *бүкшийип* қатарласып отырған жигирмалаған ул балаға, еки қыз балаға көзи түсти (Қ. Айымбетов). Бийтаныслардың бири қабырға сүйеклери қаўсап, бели *бүкшийген* арық ғарры екен (К. Смамутов). Сокыр ғарры да *бүкшийип*, Салды қарыўын кекшийип (Бердақ).

БҮЛБҮЛ *ат.* **1.** *Шымшыққа усаған сести жағымлы, жақсы сайрайтуғын қус.* Ишинде *бүлбүл* сайрады, Миййелер писип жайнады (Қырқ қыз). Сонындай келбетли күйгелек көзли, *Бүлбүл* сайрар оның сөйлесе тили (Омар). Бул қандай қустың сести, бағка әжайып бир *бүлбүл* кирди (Алпамыс). **2.** *Аўыс. Сөйлегиш, сөзшең, шешен, жақсы ҳаўазлы адам, хошҳаўаз киси, адам.* Тил, *бүлбүл* мәканы дейди елинди, Пахтаның ўатаны дейди жеринди (И. Юсупов). Бир қыз қол

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

былғаса бермаған кел деп, *Бүлбүлим* бол, мен саған қызыл гүл деп (А. Дабылов). *Бүлбүлді* гүлінен, гүлді *бүлбүлүнен* айырып, жапырақтай солдырған да сен урыс (Ө. Хожаниязов). ◆**Бүлбүлгия**—*гүл бағшадағы бүлбүл, бағлардағы бүлбүл.* Шайырлардың дәстанындай, *Бүлбүлгия* шәҳрин болды (Ә. Шамуратов).

БҮЛБҮЛДЕЙ *кел. Бүлбүл сыяқлы, бүлбүлге усаған.* Кеўлиндегі табылып, *Бүлбүлдей* тили сайрады (Мәспатша). *Бүлбүлдей* тили сайрады, Түрли қыял ойлады (Алпамыс). ... ол ҳаял паспорт бераўшының сөзин бөлип, өз пикирин жаклап, *бүлбүлдей* сайрады (А. Бекимбетов). ◆**Бүлбүлгөидай**—*бүлбүл сыяқлы, бүлбүлге усаған, бүлбүлдей.* Сенің *бүлбүлгөя* ҳаўазын есте, Калайша „яд етип жүрмедің" дерсең (И. Юсупов).

БҮЛГИН қ. **бүлгиншилик.**

БҮЛГИНЛИК қ. **бүлгиншилик.**

БҮЛГИНШИЛИК *ат. Қыйраўшылық, ўайран болыўшылық, опатшылық. Бүлгиншилик* бул болды, Қаракалпак-поскан ел, Хорезмге жетиўге, Ҳәммелеря буўды бел (Жийен). Ол ноғайды қаракалпак деменлер, *Бүлгиншилик* пенен жүрген дүньяда (Өтеш).

БҮЛДИРГИ I *ат. Қамшының ямаса басқа усы сыяқлы сабы бар заттардың сабына тағылып, қолға илип алыў ушын тағылған баў.* ... қамшының *бүлдиргесин* тағып болды да керегенин басына илип койды (Қыз. муғ. ж.).

БҮЛДИРГИ II *ат. Дөңгелек тоға.*

БҮЛДИРГИ III қ. **бүлдириў.**

БҮЛДИРГИШ *кел. Қыйратыўшы, бүлдириўши, ўайран етиўши.* Өзимизди толық аман сақлайық, Ел *бүлдиргиш* ондай „кесир ҳәкистен" (Ж. Аймурзаев).

БҮЛДИРГИШЛИК *кел. Бузыўшылық, зыянкеслик, бүлдириўшилик, бузықшылық.* ... буның да ислеп жүргени *бүлдиргишлик* еди,—деди ғарры келген жигитке (Қыз. муғ. ж.).

БҮЛДИРИЎ *ф. Қыйратыў, бузыў, ўайран етиў.* Дос болғанды күлдирди, Карсы болсаң *бүлдирди* (Мәспатша). Ханларыңыз минекей, Ноғайдың елин *бүлдирген* (Ер Зийўар). Кеўли келгенин күлдирген, Кеўли келмегенин *бүлдиргех*, Мудамы халық үстинен күн көрген (ҚҚ. Х. Қ.).

БҮЛДИРИЎШИ *ат. Қыйратыўшы, бузыўши, ўайран етиўши, былағай салыўшы.* Бул топылыс емес-урыс, *Бүлдириўши* жай, қаланы (И. Юсупов).

БҮЛДИРТИЎ **бүлдириў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БҮЛДИРШИН *ат. Бөдене қусаған қустың бир түри, бөдене-ни бүлдиршин деп те атайды.* ... тоғай арасындағы пырылдап ушкан *бүлдиршинди* көрип Жумабай бирден куўанып кетти (Қыз. муғ. ж.).

БҮЛДИРШИНДЕЙ *кел. Бүлдиршин сыяқлы, бүлдиршинге усаған. Бүлдиршиндей* балам бар, Келбетине қарацла (К. Султанов).

БҮЛИК к. **бүлиниў.**

БҮЛИНДИРИЎ **бүлиниў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БҮЛИНИСПЕ к. **бүлиниў.**

БҮЛИНИЎ *ф.* 1. *Бузылыў, қыйрав, қулав, ўайран болыў.* Отырған үй-жайы *бүлинеди*, басы қаңғырады (ҚҚ. Х. Е.). 2. *Тарав, посыў, шожыў.* ... ел-халқын, ғәрип-ғәсирин жыйнатып, *бүлингенге* карамай, ҳеш ким ҳалын сорамай, он қара сойды аямай, ... (Мәспатша). ◆**Бүликке түсиў**—*бүлиниўге ушырав, ду шар болыў.* Қартайып турған шағымда, Рәҳәт көрер ўағымда, *Бүликке түсти-ав* сор басым (Бердақ).

БҮЛИНИЎШИЛИК *ат. Бузылыўшылық, қыйралыўшылық, посыўшылық.* Бираз жерлер *бүлиниўшиликке* түсти (Ж. Аймурзаев).

БҮЛИНШИЛИК к. **бүлиниўшилик.**

БҮЛИЎ *ф. Посыў, қыйрав, қулав, тарав, ўайран болыў.* Ханның неси кетеди, Өлсе халық өледи, *Бүлсе* халық *бүледи* (Қырк қыз). Ушырап бундай бәлеге, Саркоптың халқы *бүледи* (Қырк қыз). Көшип-конып қаракалпак көп *бүлген*, Орын таппай Жанадәрьядан келген (С. Нурымбетов).

БҮЛК: **бүлк етиў** *ф. Әсте қыймылдаў, жыбыр етиў.* Қәпелимде жүрегим *бүлк ете* қалды, себеби күтилмегенде Айымжамал жаңа белимнен қушақлап алды (Ө. Хожаниязов). Бир минсең де жорға мин, бүйреккенең *бүлк етер*, Бир шайнасаң да май шайна, жүреккенең гилк етер (ҚҚ. Х. Н.). ◆**Бүлк-бүлк етиў**—*әсте-әсте қыймылдаў, жыбырлаў. Бүлк-бүлк етип* ақ тамағы, Келбетлениң кең қушағы (Бердақ). **Бүлк-бүлк қайнаў**—*әсте, ақырын қайнаў, жыбырлап қайнаў, шымбырлап қайнаў.* Мине, ҳәзир де қуры қол келген жок,—деп казанда *бүлк-бүлк қайнап* атырған гөшке қолын шошайтты (Н. Бөрекешов). **Бети бүлк етпеў**—*уялмаў, қызармаў, қысынбаў, бозармаў.* Қуўарып қалған уятсыз-аў! Биреўдиң койнында жатып келип, *бетиң бүлк етпей* кешир дейсең-аў! (К. Сматутов).

БҮЛКИЛДЕК қ. **бүлкилдеў.**

БҮЛКИЛДЕНИЎ **бүлкилдеў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БҮЛКИЛДЕСИЎ **бүлкилдеў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БҮЛКИЛДЕТИЎ **бүлкилдеў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БҮЛКИЛДЕЎ *ф. Қыймылдаў, қыбырлаў, жыбырлаў, қозғалыў, тартыў.* Демин бөлип алғанда, Ақ тамағы *бүлкилдеп* (Қырк қыз). Ақ тамағы *бүлкилдеп*, Алмадай бети илпилдеп (Бердақ). Көзиниң жасы мөлтилдеп, Кос бүйреги *бүлкилдеп*, Буларға карап сөйледи (Бердақ). ◆**Тамағы бүлкилдеў**—*ойындағын айта алмаў, батына алмаў, пикирин айта алмаў-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шылық. Бийдиң бул буйрығына кемпир макул деп басын иймесе де орнынан турмай, тамағында *бүлкилдеп* турған бир гүптикейин айта алмай отырғандай мийзам көрсетти (К. Султанов).

БҮЛКИЛДИ *ат. Қыймыл, ҳәрекет, қозғалыс.*—Балада жан бар ма?—Билмеймен. Әйтеўир тегаран *бүлкилди* бар (Т. Қайыпбергенов).

БҮРГЕ *ат. Секирип жүретуғын қанатсыз қан сорыйтуғын майда жәнлик.*—Дәўеке, сизди шақырғандағы мақсетим, дәўдиң *бүргеси* қара шыбындай болады деп бурын биреўлерден еситип едим (ҚҚ. Х. Е.). ... ал жаз болса, үйлер жайлаўға көшсе, мешит қыслаўдағы „барлық *бүргелерге* ийе болып" көшпей қыслаўда қалады (Қ. Айымбетов).

БҮРИНИЎ *қ.* **бүркениў**.

БҮРИҢ *ат. Ағаш жапырағындағы майда бужыр бүртиклери, кишкене бүршиги, гүл шығаратуғын бүртик.* Ой, рябина, қандай сулыў, Гүл ашқан *бүриң* (И. Юсупов).

БҮРИСИЎ *ф.* 1. *Тоңыў, қалтыраў, зирилдеў.* ... киши тақыяшан бәшбентлериниң шалғайларын төсеп жуп-жуқа бойраның үстинде *бүрисип* отыр (Ә. Шамуратов). 2. *Куйыў, тырысыў.* Қумлы жерден жалан аяқ жүре ғойсаң қазандағы қайнап турған суўға аяғыңды тығып алғандай, табаныңның териси *бүрисип* күйип қалады (К. Айымбетов). 3. *Қызғаныў, тырысыў.* Набада үйинде екенинде бара қалсаң, маңлайы отқа күйген теридей тырысып қабағын ашпайды, *бүрисип* отырғаны (Ө. Хожаниязов).

БҮРИСТИРИЎ **бүрисиў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БҮРИЎ *ф.* 1. *Тырысыў, жыйырыў.* Бирақ белгисиз бир күш жаўырнынан *бүрип* алып кәтке қайта келтирди (К. Смамутов). 2. *Қысыў, шымшыў, езиў.* ... баласын желкесинен тарамыс қолы менен *бүрип* алды,... (К. Смамутов). ◆**Аяғына шарқ бүриў**—*байлаў, таңыў, ораў. Аяғына шарқ бүрген,* Көргенге алғыс берген. ... (Мәспатша).

БҮРКЕЛДИРИЎ **бүркелиў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БҮРКЕЛИЎ *ф.* 1. *Оралыў, жабылыў, қымталыў, малыныў.* Жапыраклар ярымның, *Бүркелип* тур басына (Ш. Мәмбетмуратов). Халық үстинде болған аўыр турмыслар, Оқыў жайларында *бүркелген* ислер (С. Нурымбетов). 2. *Жасырыў, билдирмеў.* Оның *бүркелген* кас-қабағынан, түнерген түсинен, еринлерин тислеген ашыўлы ҳәрекетинен, терең дем алыўынан өткен ис аўыр жынаят ушын катты қайғыланып, бәлким өкиниште турғаны сезиледи (А. Бекимбетов).

БҮРКЕНДИРИЎ **бүркениў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БҮРКЕНИЎ *ф. Жамылыў, ораныў, бастырыў.* ... басына орамал ораң, жегде *бүркенип,* ҳаялдай болып бара ғой, ... (Қ. Ирманов). Оннан жүдә қорқып көрпениң ишине басымды тығып, *бүркенип* үндемей, тым-тырыс жаттым (А. Бекимбетов).

БҮРКЕЎ *ф.* 1. *Ораў, жабыў, қымтаў, басыў.* Қараўыл Пиримбет тоның басына *бүркеп* қыйсайып кеткен еди, ... (Ө. Айжанов). Төсек салып анаў шетте, Орамалын *бүркеп* бетке (Ш. Артық). 2. *Думан ҳәм булттың қаплаўы.* Төбеден дөнген қойыў қараңғылық аўылдың үстин *бүркеп* алыпты (К. Смамутов). Күнди *бүркеп,* тағы бир ашып, Булт көшеди силпилеп көкте (Т. Сейитжанов). 3. *Жасырыў, билдирмеў.* Ырыскул бийди өзиниң кеш шақыртқаның *бүркеў* ушын имканият излеў еди (Т. Қайыпбергенов). ◆**Кең даланы бүркеў**—*сәнге белеў, жасырыў, жабыў. Кең даланы бүркеп* көгин, Жаңа қоныс жатсын шалқып (И. Юсупов). **Айналаны бүркеў**—*қаплаў, басыў. Айналаны бүркеп* атырған аппақ қар, булттан шыққан күн менен шағылысып көзди аптырмай тур (Т. Қайыпбергенов).

БҮРКЕЎЛИ *кел. Жабыўлы, бастырыўлы, қымтаўлы, жасырыўлы.* ... дүкәнға келген затлардың ҳәммеси де еле *бүркеўли* тур (Сов. ҚҚ. г.).

БҮРКИНИЎ **бүркиў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БҮРКИСИЎ **бүркиў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БҮРКИТ *ат.* 1. *Үлкен жыртқыш қус, аң алатуғын қусардың ири ҳәм күшли бир түри.* Жазыда сыраны, қысында жуты. Таўында көп нарды жутар *бүркити* (Мәспатша). Қара *бүркит* ушып ғыр-ғыр айналды, Өликлерди жеўге өзи сайланды (Қырк қыз). 2. *Аўыс. Қыран, алғыр, көргиш.* Таў *бүркити,* алғыр қыран, даўылпаз, Ақыл океаны, искер, билимпаз, Сиз дөреткен бизиң уллы партия (Ә. Шамуратов). 3. *қ.* **бүркиў**.

БҮРКИТТЕЙ *кел. Бүркит сыяқлы, бүркитке усаған, усаў, тәризли.* Хәўес болып көрмеге, Аш *бүркиттей* шабынды (Мәспатша). Биз қанатлы пионер, Таў *бүркиттей* ушамыз (Ә. Шамуратов).

БҮРКИТТИРИЎ **бүркиў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БҮРКИЎ *ф.* 1. *Себиў, сеўиў, шашыў, шашыраў.* Азырақ суў *бүркип,* үйди жеңил-желпи сыпырды (Ж. Аймурзаев). ... парашлар жол сыйырып, мәскоплар жолға суў *бүркип,* жасаўыллар поп-пошлап, ... (Мәспатша). 2. *Күнниң себелеўи, жаўысыў.* ... биялер әдеўир жол жүргеннен кейин күн де *бүркип,* жоллар тайғақ бола баслады (К. Айымбетов). ◆**Қолтығына суў бүркиў**—*қайтарып таслаў, қарсы шығыў, кәҳәрин қайтарыў, пәсине қайтарыў.* Болыс көпшикти бәленттен қойып, желөкпелердиң *қолтығына суў бүркеди* (Н. Бөрекешов). **Сөзге суў бүркиў**—*сөзин алға бастырмаў, қайтарып таслаў. Сөзге суў бүркип* талайға, Тилин жаллап сейлеп

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

еди (А. Дабылов). Гегирдекке суў бүркиў—*гергилдесиў, кейисйў, сөз алысыў, урысыў, жәнжеллесиў, бақырысыў, шаўқым шығарыў, айтысыў, шатасыў.* ... булар бираз ўақыт *гегирдекке суў бүркип*, бир-бирине топылды (К. Аймбетов).

БҮРМЕ *ат.* *Илип алып жиынап тиккен тигис.* Гүлзара көйлегиниң *бүрмесине* көз қарап турды, ... (Жеткиншек г.). ◆**Бүрме қалта**—*кишкене қалтаның аўызын жыйрық етип тигиў, баў өткериў ушын қолайластырылып исленген, жыйрықлы аўыз.* .. кемпир сөк салыў ушын *бүрме қалта* тигип қойды, ... (ҚҚ. Х. Е.). **Көкирек бүрме көйлек**—*көкирегинен бүрме етип тигилген көйлек.*— Мениң өз үйимнен әкелген ески штамповка, үш өтирик шайдан тигилген *көкирек бүрме көйлегим* бар еди (Ө. Айжанов).

БҮРМЕЛЕНИЎ **бүрмелеў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БҮРМЕЛЕСИЎ **бүрмелеў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БҮРМЕЛЕТИЎ **бүрмелеў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БҮРМЕЛЕЎ *ф.* *Бир нәрсени ишине қайырып тигиў, қатарлап тигиў.* ... кемпир көрпесин *бүрмелеп* тикти, ... (ҚҚ. Х. Е.).

БҮРМЕЛИ *кел.* *Жыйрықлы, бүрме тигисли.* *Бүрмели* көйлек кийген қыз үйге кирип келди, ... (Ө. Айжанов).

БҮРСЕҢЛЕНИЎ **бүрсеңлеў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БҮРСЕҢЛЕСИЎ **бүрсеңлеў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БҮРСЕҢЛЕТИЎ **бүрсеңлеў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БҮРСЕҢЛЕЎ *ф.* *Тоңыў, қалтыраў, бүрисиў, дириллеў, қалшылдаў.* Қойлар сүмирейип, бир-биреўине басларын тығып, *бүрсеңлеп* тур (С. Хожаниязов). Жети жасар бала дизесине түскен гөне бөз көйлегиниң етеги менен жалаң аяқ тирсегин суўық самалдан қымтап *бүрсеңлейди* (К. Султанов).

БҮРТИК *ат.* 1. *Бир нәрсениң үстинен түртийип шыққан зат, бүжыр.* Мына жас баланың денесин *бүртик* алып кетипти (Ө. Айжанов). 2. *Ағаш ҳәм тағы басқа да өсимликлердиң бәҳәрдеги көгерип киятырған ўақыты, бүртик жарыўы.* Алтың таң нурынан төсеп жапырақ, Мине, *бүртик* жарар бул әжайып баҳ (И. Юсупов).

БҮРТИКЛЕНИЎ **бүртиклеў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БҮРТИКЛЕСИЎ **бүртиклеў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БҮРТИКЛЕЎ *ф.* *Бүртик шығара баслаў, жапырақлаў, көклеў.* ... мектеп участкасындағы бағлар бәҳәр болыўдан ғәлетсиз ҳәммеси *бүртиклеп* кетти (Жеткиншек г.).

БҮРТИКЛИ *кел.* *Бүртиги бар, бүртиги көп.* ... жақында ғана егилген нәлдиң көпшилиги *бүртикли* болып көгерипти (Жеткиншек г.).

БҮРШИК *ат.* *Айырым өсимликлердиң, әсиресе жыңғыл ҳәм қарабарақлардың гүл шығаратуғын ҳәм де туқымлайтуғын жери, солқымы.* Төсексиз, ким жүресиңе, ким астына *бүршик*, ким бир қысым шөп таўып аяғының астына *бүршик* салып отырды (Т. Қайыпбергенов). *Бүршигин* қайнатып, кийим-кешегимизди жуўып отырмыз (К. Султанов).

БҮРШИКЛЕНИЎ **бүршиклеў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БҮРШИКЛЕСИЎ **бүршиклеў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БҮРШИКЛЕЎ *ф.* *Бүршик салыў, солқымлаў.* ... тоғайдағы жыңғыл ҳәм қарабараклар да *бүршиклей* баслады (Ш. Ерматық).

БҮРШИКЛИ *кел.* *Бүршиги бар, бүршиги көп, солқымлы.* Айналаны қоршаған ербек тораңғыллар, көк *бүршикли* жыңғыллар қапталда қалың атыр (Т. Қайыпбергенов). ◆**Бүршикли сырға**—*бүршик сыяқлы етип исленген сырға.* Сүўретке қосылып қолындағы *бүршикли сырға* полға сыңғырлап түсти (У. Пиржанов).

БЫҒАН-ЖЫҒАН *кел.* *Үйлесекен көпшилик, көпшилик, сансызлық.* Мениң еси-дәртим Мийирхан, көз бенен шолып та, әри-бери жүрип те *быған-жыған* аламанның ишинен оны излестирип едим, таппадым (Ө. Хожаниязов). Ҳәзир қабыллаўхана, коридор барлығы *быған-жыған* адам (Ә. Тәжимуратов).

БЫҒЫН-ЖЫҒЫН *қ.* **быған-жыған.**

БЫҒЫР-БЫҒЫР *қ.* **быгырлаў.**

БЫҒЫРЛАНЫЎ **быгырлаў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БЫҒЫРЛАСЫЎ **быгырлаў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БЫҒЫРЛАТЫЎ **быгырлаў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫҒЫРЛАЎ *ф.* 1. *Көптиликтиң үмбе-дүмбе болыўы, былғасыўы.* ... балалар үйди басына көтерип *быгырлап* атыр (Ө. Айжанов). 2. *Мантығыў, буўлығыў.* Ол „жибериң" деп жулқынғанда, оны *быгырлатып* басқанымыз да болды (Қ. Ирманов).

БЫҒЫЎ *ф.* *Көп, мол, жайнаў, шубырыў.* *Быған* халық қалаға қойдай қамалды (Ж. Аймурзаев).

БЫДЫМ-БЫДЫМ *кел.* *Бетиниң аўырықтай аўық-аўық болыўы, бүжыр-бүжыр болыўы.*—Еситкен қулақтың жазығы жоқ, *быдым-быдым* бир бәле дейди ғой (Ө. Хожаниязов). Қысынғанынан *быдым-быдым* болған аўырықтай бети қып-қызыл болып кетти (Ж. Аймурзаев).

БЫДЫРЛАЎ *ф.* *Шаққанлық пенен тез-тез сөйлеў, жүдә жаман сөзлер менен бақырып сөйлеў.* Бир нәрселерди *быдырлап* өзимше орысшалайман (Қ. Досанов). Баққал *быдырлап* дийханның қолын услады (Айбек).

БЫЖ: **быж-быж** *т. с.* *Май ямаса ыссы нәрселердиң быжылдап сес шығарыўы, ўағлаўы.* Қазандағы май „*быж-быж*" етсе, бирин-бири түртип, арқаларын куўжын-куўжын еткизеди (Н. Дәўқараев).

БЫЖНАЎ *ф.* *Есапсыз болып кетиў, көбейиў.* Демниң арасында жер жәҳәнды *быжнаған* қумырсқа алып кетеди

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

(ҚҚ. х. е.). Бирақ көл ернегиниң шыбыны тоғайдан да бетер *быжнап* кетти (Т. Қайыпбергеров).

БЫЖ-ШЫЖ *р.* I. *Май қуйылып исленген жеңил аўқат, тамақ, ас, тағам.* ... келген кудаларға еплеп *быж-шыж* етип писирип берди (К. Султанов). 2. *Тарам-тараж, пытыраңқы, шашқранды.* Оның хожалығы *быж-шыж* болды (Ө. Хожаниязов).

БЫЖЫҚ *кел. Көп сөйлейтуғын адам, сөйлемшек, көбик.* Турдыгүл *быжық* еле быжылдап отыр екен (Ж. Аймурзаев). Үйме-үй қыдырып сөз тасыйтуғын *быжықлар* көп ҳәлек болмай, тынлаўшыны бир жерден табады екен,—деп тарқасты ҳаяллар (Т. Қайыпбергенов).

БЫЖЫЛДАНЫЎ быжылдаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

БЫЖЫЛДАСЫЎ быжылдаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЫЖЫЛДАТЫЎ быжылдаў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЖЫЛДАЎ *ф. Көп сөйлениў, көпириў, сөйлене бериў.* Ол кемпир *быжылдаўы* менен отыр (Ж. Аймурзаев). ...жигиттиң *быжылдап* отырыўы ҳәммени зериктирди (Қ. Айымбетов).

БЫЙҚЫЛДАСЫЎ быйқылдаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЫЙҚЫЛДАТЫЎ быйқылдаў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЙҚЫЛДАЎ *ф. Сес шығарыў, шыйқылдаў.* Айдайман орыс арбам *быйқылдатып*, Сен жедиң бир қозымды шыйқылдатып (Әжинияз).

БЫЙҚЫЛДЫ *ат. Быйқылдаған сес, шыйқылды.*

БЫЙЫЛ *р. Устимиздеги жыл, ҳәзирги жыл, усы жыл, бул жыл.* Перигүл *быйыл* төртинши класста оқыйды (Ө. Айжанов). Былтырдан *быйыл* жаман, Қалай-қалай болды заман? Ғәрип-кәсер калмай аман, Ой тилладан келди салық (Бердақ).

БЫҚ-ЖЫҚ *қ.* быған-жығаң.

БЫЛАҒАЙ *р.* 1. *Шатақ, жанжел, даў.* Киргизсе де малқай, Салсадағы *былағай*, Иеке аспады таяғы (Қырк қыз). Аўыл ишi *былағай* болып кетти, Ел үрикти мылтықты қаратқанда (Ж. Аймурзаев). 2. *Даўыл, боран, қарлы ямаса жаўынлы суўық. Былағай* салған боран өрден ыққа шапты (Жеткиншек г.). Бир күни таң қарацгысынан күн *былағай* екен (Х. Сейитов).

БЫЛАЙ *р.* 1. *Оңаша, шет, дара. Былай* шыксаң—тумтус жаңып тур (Ө. Хожаниязов). Өзинен *былай* үйинде, Еки айғы гәрипде, Әкеси байғус төринде, Уйқламастан ояў еди (Бердақ). 2. *Буннан кейин, алдағы уақытта.* Бәҳәрде ашылар бағымда лалам, Буннан *былай* ўайран болар қалам (Мәспатша). 3. *Усы қалпында, сол дәрежеде.* Онда *былай* деген еди: Сейпил өлди енди менің нем кетти. Күнына бир қырман буўдайым кетти (С. Хожаниязов). 4. *Есапқа алмағанда, еске алмағанда, шетке қойғанда, айтпағанда, солай қойғанда.* Оның сөз тапқанына ашыўланыў *былай* турсын, қайтаман мәс болып, ҳәммеден қаттырақ ҳәм көбирек күледи (Т. Қайыпбергенов). Бағына түсиў *былай* турсын, егер ғайры адам қасынан өтсе, табаның тилип дуз куяр еди (С. Хожаниязов). 5 *Анығын айтқанда, тоқетерин айтқанда, дурысын айтқанда, расын айтқанда, шыныи айтқанда, тәҳәлмесин айтқанда* Енди *былай* болған соң барлық жарлылар болып, бирлесип залымларға қарсы гүрес алып барайық (Қ. Ирманов). Мен *былай* ойлайман Палсәнем,— деди атам тақыясын басынан алып,—тандырды атыздың арғы шетине қурыў керек (М. Чимбергенов). *Былай* деди ең тәўиби жуньяның:—Шаша берің енди талап жыйғаның (Т. Жумамуратов). ◆**Гейде былай, гейде олай**—*өзгермели, айнымалы, турақсыз.* О, адамның нәзик кеўили! Сен мисли сынаптай *гейде былай, гейде олай* жалт беретуғын әдетиң бар-аў (Ө. Хожаниязов). **Былай-былай шықпаў**—*ҳеш қайда шықпаў, жүрмеў, қозғалмаў.* „Егинге ким карайды, малларды ким бағады"—деди де, соларды айналшыклап *былай-былай шықпады* (Қ. Айымбетов).

БЫЛАЙҒЫ *кел. Бөтен, басқа, өзге.* Булардан *былайғы* затларыңды өз алдыңа буўыстырың,—деди Әмет бизлерге (Қ. Айымбетов).

БЫЛАЙША *қ.* **былайынша.**

БЫЛАЙЫНША *р. Усылайынша, дурысынша, анығынша.* Келбети келискен жаңағы палўан, *Былайынша* деп ашықлықтан баслады (Қырк қыз). Бир-биреўдиң алдым-бердимине де шерик, *былайынша*, ол тилинен де, қолынан да келетуғын адам (Ө. Хожаниязов). *Былайынша*, оның сын-сымбаты ел гезген жүриўши яки моллаға усас еди (Ө. Хожаниязов).

БЫЛАЙЫРАҚ **к. былай.**

БЫЛАМЫҚ *ат.* Майда етип дәннен жарылған жарманың унтағынан, жүўерининң унынан суўға салып қайнатылып, исленген аўқат, гамақ, ас, тағам. Бөкпеннен баслап *быламыққа* шекем аўқат ишиўге үйреткен (Ж. Аймурзаев). Айдаргүл бир күни *быламық* писирди (Ж. Аймурзаев). Манлайы қурған журын таз, *Быламыққа* тоймаған (Қырк қыз). ◆**Басалай быламық**—*тарыны, шигинди жарып, кепегин айырмастан писиретуғын аўқат, тағам, тамақ, аш.* Жаз болса жедин карамық, Уят емес пе сорамақ, Ишкенің *басалай быламық*, Бул исиң калай шерменде (Өтеш).

БЫЛБЫРАҚ *кел. жумсақ, бос, былбыраған.* ... тери де жумсарып, *былбырақ* болып қалыпты (Ө. Айжанов).

БЫЛБЫРАТЫЎ *ф. Жумсартыў, жибитиў.* ... бул терини *былбыратып* ислеў керек деген еди ғаррысы (Ө. Айжанов).

БЫЛБЫРАЎ *ф. Жибиў, босасыў, босарыў, жумсарыў.* Жүрегимди тас етким келсе де, кеўлям босап *былбырайды* да турады (Қ. Султанов). Еки бетиниң алмасы *былбыраған* (Қ. Султанов).

БЫЛҒАҚЛАЎ **қ. былғаңлаў.**

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

БЫЛҒАЛАҚ: **былғалақ салыў** *ф. Жәнжел салыў, ўайқап етиў, былғаныщық етиў, сөз салыў, бузыў, урыстырыў, урыс шығарыў, төбелес шығарыў. Былғалақ салып* кең үлкенин барлық нәрсесин өз ыркына көндираўди таледи (К. Досанов). *...былғалақ салыўға* базы-баяғы әззи (Айбек).

БЫЛҒАЛАЎ *ф. Көсеў, араластырыў.* Кемпир қоламтаны күйик көсеў менен *былғалап*, шок изледи (Н. Бөрекешов).

БЫЛҒАНЫЎ **былғаў** фейилиниң өзлик дәрежеси.

БЫЛҒАНЛАСЫЎ **былғанлаў** фейилиниң шериклик дәрежеси.

БЫЛҒАНЛАТЫЎ **былғанлаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛҒАНЛАЎ *ф. Шайқалыў, ийретилиў, таўлаў, айналдырыў.* Бай қусбегиниң ҳәр гәпиниң бәндиргисинде-тыныспасында кубылып, қыпылықлап, бет-аўызы түрли мүкамда кубылып, шыбынлаған жылқыдай бөксеси тыныспасыз *былғақлап* турды (К. Султанов).

БЫЛҒАРЫ *ат. Белгили бир орында (заводта, фабрикада) ийленип исленген тери. ...* дийхан халықлар өз *былғарыларын* шығарып кереклерине жаратты (Қ. Ирманов). ◈**Былғары қайыс**—*былғарыдан исленген белге байлаўатуғын қайыс* Кең көкирегі менен толық курсағын қызыл *былғары алтын тоғанақлы қайыс* пенен шаңдып байлаған (Қ. Султанов). **Былғары сумка**—*ишине қағаз ҳәм тағы басқа нәрселер салынатуғын, былғарыдан исленген сумка. Былғары сумкасын* қасынан қалдырмай (Қ. Досанов). **Былғары етик**—*былғарыдан тигилген аяқ кийим.* Қолында он еки әрме қамшы, *былғары етиги*ниң қонышына шырп-шырп сабалайды (Н. Бөрекешов). **Былғары қолғап**—*былғарыдан тигилген қолғап.* Еки қолында *былғары қолғабы* бар жигит ишке кирди де қолынан алып, оны қалтасына салып, үйдеги отырғанлар менен қол алысып шықты (Н. Бөрекешов). **Былғары завод**—*былғары ислеп шығаратуғын, тәрлайтуғын орын, қәрхана, мәкеме.* Еки пахта заводы, бир *былғары заводы*, еки электростанциясы, бир баспахана, бир жоңышка тухым заводы бар, ... (Қ. Ирманов).

БЫЛҒАРЫЛДАЙ *кел. Былғарыға ўқсас, мегзес. ...* таза қәр *былғарыдай* шықырлап сес береди (К. Султанов).

БЫЛҒАРЫШЫ *ат. Былғары ислеўши, тәрлаўшы, жасаўшы адам, киси. ...*бул жүдә шебер *былғарышы* болғанлықтан ҳәмме адам былғарыны усы кисиден алатуғын болды (ҚҚ. КСМ. атл.).

БЫЛҒАСТЫРЫЎ *ф.* 1. *Араластырыў, қарыстырыў, аўдарыстырыў.* Бир табақ унға ыссы суўды қуйды да дәрриў *былғастырып* қойды (А. Бегимов). Жумабай демниң арасында үлкен бир қамба ылайды *былғастырып* болды (Сов. ҚҚ. г.). 2 *Шатастырыў, былжықтырыў, былғаныщық салыў, бузыўшылық етиў.* Туўры-туўры хабарыңыз адамды жубандыратуғын, кеўалды ғошландыратуғын, ўақыяның ашылыўына жәрдем ететуғын хабар емес, керисинше, олар ҳәтте *былғастыратуғын*, түсиниксиз, қайғылы нәрсе екен (А. Бекимбетов). Оған бөлип ҳәр қатарын, „Маяковскийдин жолы" деп, *Былғастырып* алып жүр, Он төрт сомнан гонорарын (И. Юсупов).

БЫЛҒАСЫҚ *қ.* **былғасыў.**

БЫЛҒАСЫЎ *ф.* 1. *Араласыў, шатасыў.* Ўый бул барып келип *былғасып* жүре береди, –деди Гүлайым кек етип сөйлеп (Ж. Аймурзаев). 2. *Шубалыў, ўайқаны шығыў.* Бурын ешки-ылықларды камап қойған жерлер *былғасып* жатар еди (Ж. Аймурзаев). Енди майда балалардың ызлери *былғасып*, төртеў-бесеў болып кетти (С. Салийев).

БЫЛҒАТЫЎ **былғаў** фейилиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛҒАЎ *ф.* 1. *Козғалыў, шайқаў, араластырыў, қарыстырыў.* Саған май сөк *былғап* қойып едим,—деп сыртқа ертип шықты (К. Султанов). Жийде тақан менен қара таканды қосып *былғап* оны сүт е араластырып, ишгейимди ашқан (Ж. Аймурзаев). 2. *Ыласлаў, патаслаў, кирлетиў.* Улы жүрер Кореяда. Арнамысын канға *былғап* (И. Юсупов). Сақал муртын қалдырмай *былғады* (К. Аралбаев). 3. *Шақырыў, инам етиў.* Алдында туўған турғанда, Билим базарын курғанда, Долбай *былғап* шақырғанда, Ак сунқардай куў куўға кел (С. Мәжитов). 4. Аўыс. *Орынсыз гүналаў, тил тийгизиў, сөз келтириў, айыплы етиў.* Елан *былғап* дийсаллыққе шатылдың, Акыл айтсан карсы ок бон атылдың (И. Юсупов). „Аўызы жаман елди *былғайды*, аңғы жаман төрди былғайды (К. Султанов). ◈**Қол былғаў**—*қолын былғап шақырыў, инам етиў.* Бәрегадир түксийип, *қолын былғап* шақырды (Ө. Хожанийазов). **Қамшы былғаў**—*айландырып былғаў, таўлаў.* Гүмис жүўен салған торы аттың үстинде тобылғы саплы дардай *қамшыны былғап*, көкырайып отыр (К. Султанов). **Қуйрық былғаў**—*айландырыў, былғақлатыў, таўлаў.* Бул ўақытта токтай қалған сыйыр *қуйрығын былғап* жибергенде Бийбинің көзине шырл ете қалды (С. Хожанийазов). **Бас былғаў**—*ийзеў, шайқаў, таўлаў, айландырыў.* Көмкерилип, көзди тартқан көк егис, Тербелисин *басын былғар* теп-тегис (И. Юсупов). ...тойып турған сыйырлар *басын былғап* пысқан жибергенде шыра өшип қалды (С. Хожанийазов). **Палақпан былғаў**—*таўлаў, айландырыў. Палақпанды былғап* бир шарт етгирип туратуғын еди (Т. Қайыпбергенов). **Күлин былғаў**– *а) шатақ шығарыў, жәнжел етиў. ...* кәйўана келиншек көсисының үйине келди де *күлин былғап* шатақ шығарып кетти (Ә. Шамуратов). *б) отты, ошақты былғаў, қозғастырыў, собалаў.* „Биз қаракалпаклар" деп от сөнген ошақтың *күлин былғап* көз излемекши болады (Т. Қайыпбергенов). **Былған басыў**—*таўлап урыў, көтерип урыў, жығыў, астына басыў.* Есим қәлпени де астына *былғап басты* (Ә. Шамуратов). **Малақайын был-**

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ғаў, курашын былғаў, орамал былғаў, қылыш былғаў—*айналдырыў, таўлаў, шақырыў*. ...үшеўи биреўден төменде турып *малақайларын былғады*, бир нәрселерди айтып бақырды, ...(Ж. Аймурзаев). Қолында үлкен *қурашын жән-жақ-қа былғап* бақырып тур (Қ. Айымбетов). Таўдай ақ бултларды айдаса самал, *Былғап турғандайсаң маған орамал* (И. Юсупов). ...ғә *қылышларын қынабынан суўырып, төбесинде ерсили-қарсылы былғайды* (К. Султанов).

БЫЛҒАЎЫШ ат I. *Шарық қулағын айналдырыў ушын исленген қәлемше ағаш*. Шарық инирсем *былғаўышым* қараман, Ашықлық отына күйип-жанаман (ҚҚ. х. к.). 2. *Ыссы казанға дәнди қуўырғанда күйип кетпес утын оны араластырып былғап туратуғын узынлығы бир метрдей таяқтың ушына шүберек оралған қурал, әсбап*. ...*былғаўыш* пенен тәнкуўырға отырған келиншек бизлерди көриўден сыртқа шықты (ҚҚ. х. е.). 3. *Маллардың әспресе қойдың қуртлаған жериниң қуртын алыў ушын бир қарыстай ағаштың басын жалпақ етип исленген әсбап, қурал, қәлемше*. Шопан куртлаған қойдың куртын *былғаўыш* пенен шуқлап атыр, ...(ҚҚ. х. е,).

БЫЛДЫРЛАЎ қ. **былдыўлаў**.

БЫЛДЫЎЛАНЫЎ **былдыўлаў** фейлиниң өзлик дәрежеси.

БЫЛДЫЎЛАСЫЎ **былдыўлаў** фейлиниң шерiклик дәрежеси.

БЫЛДЫЎЛАТЫЎ **былдыўлаў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛДЫЎЛАЎ ф. *Жаңа тили шығып киятырған баланың түсиниксиз сөйлениўи, гүбирлениўи*. Жаўдыраған көзин теспей, Гүлтеленген шашын еспей, *Былдыўлаған* тилин кеспей, Бул мийнетти көрген басым (Бердақ).

БЫЛЖЫРАҚ *кел. Бос, ылбырақ, жумсақ*. ...ыссы менен гәште *былжырақ* болып кетпеги (Ө. Айжанов).

БЫЛЖЫРАҚЛАТЫЎ **былжыраў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛЖЫРАСЫЎ **былжыраў** фейлиниң шерiклик дәрежеси.

БЫЛЖЫРАТЫЎ **былжыраў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛЖЫРАЎ ф. 1. *Хәр нәрсени айтып сөйлениў, гүбирлениў, гәпти толық айтпай шала-пала айтыў, мана-мана етип сөйлеў*.—О неси?—деп Муширипиниң көзлери уясынан шығып кетти,—алағайым жинлидей *былжыраң* не айдың отырсаң, өзиң? (К. Султанов). Бақсы тыңлап есик бетте отырсақ, Бир нәрселер айтар бизге *былжырар* (С. Нурымбетов). 2. қ. **булдыраў**.

БЫЛК: **былк-былк етиў** ф. *Өзин-өзи билмей тура алмаў, күшсизлениў, ҳәлсизлениў, дәрманысызланыў*. ...*мәс жигит былқ-былқ етип* өз аяғында туўра алмайды (Қ. Айымбетов).

БЫЛҚЫЛДАҚ *кел. жумсақ, солқылдақ, бос. Былқылдақ* нанды алып, гүзедеги қатықтан куйып яшип-жеп алып бил-лирмей орнына келип жатады (Ж. Аймурзаев). Мәмбет молла-

ның ақ боялақ *былқылдақ* қызы Улбоған суўға усы жақтан жүретуғын болып алды (Т. Қайыпбергенов).

БЫЛҚЫЛДАЎ ф. *Босаў, жумсарыў, сылқылдаў*. Төрде еки сым кровать солқылдап, Оң қапталда макпал диван *былқылдап* (И. Юсупов). Күн көзи шықты жарқылдап, Тоңлар ерип, жер *былқылдап*, Боздақ шаңлары бурқылдап, Дийхан ислер ўағы келди (Ж. Аймурзаев).

БЫЛҚЫТЫЎ **былқыў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛҚЫЎ ф. 1. *Сөйлеў, қалдырмай ҳәммесин айтыў*. ... Сәлийма келгели ҳәмме нәрсени айтып *былқыў* менен отырды (К. Султанов). 2. *Ериў, жибиў, жибисиў, былқылдаў*.

БЫЛПЫЛДАЎ **былпыў** фейлиниң өзгелик дәрежеси.

БЫЛПЫТЫЎ **былпыў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛПЫЎ ф. *Көпирип сөйлеў, көтермеленип сөйлеў, марапатланып сөйлеў, мақтаныў*. ...байға ўәдеги молдан берип *былпыў* отыр (Айбек). ◆ **Былпыў бериў**— *сөйлей бериў, мақтана бериў*. Бул жигит те мәсликтен ҳәр нәрсени айтып, *былпый берди*, ...(К. Айымбетов).

БЫЛТЫР *р. Өткен жыл, усы жылдан бурынғы жыл. Былтыр* бул жерлерди экскаватор қазған, ...(А. Бекимбетов). ... *былтыр* отызлаған шаңаракка бас болып, ол да „Бозатаў" ға шықты (К. Султанов).

БЫЛТЫРҒЫ *кел. Өткен, өткенги*. Буның ҳәммеси *былтырғы* ўақыя еди,... (Сов. ҚҚ. г.).

БЫЛТЫРҒЫДАЙ *кел. Усы жылғыдан бурынғы жылғыдай, өткен жылғыдай Былтырғыдай* көп сөз менен жүргенде, Қалар екен ашлық менен мал харып (Ғ. Сейтжанов).

БЫЛШ I: **былш етиў** ф. *Жумсақ нәрсени қатты урылғандағы, шашқанда, урғанда ямаса үстине бир нәрсе түскенде шыққан сести, даўысы*. Қызға алған малы жетти басына, Аскабақ бузғандай *былш ете* қалды (С. Хожаниязов). Сол гезде кәңгә тойған сүйир шыбын денесинен шыққан ханы менен алақанларына *былш ете* қалды (А. Бегимов). ◆ **Былш-былш урыў**— *үстине-үстине урыў, думпишлеў, сабаў*. Суўырып алған ҳаялының манлай алдында *былш-былш ура* баслады (Ш. Сейтов). **Былшабылш төбелес**—*қатты урыс, жәнжел*. ...ыпқа-ыпқ, *былш-былш төбелес* тан атқанша даўам етеди (Т. Қайыпбергенов).

БЫЛШ II: **былш етпеў** ф. *Қозғалмай отыра бериў, уялмаў, дәрпенбеў, қысынбаў, тартынбаў, қысылмаў, қызармаў*. „Ярлеп қышқырады-аў көптин алдында. Ал экеси отыр *былш етпей* бунда (И. Юсупов). Батырбеков *былш етпей* отырған Көмекбайға қарады (Ж. Аймурзаев). ◆ **Бети былш етпеў**— *уялмаў, қызармаў, дәрпенбеў, тартынбаў*. ...еяди билмеген киси усап бетин *былш етпейди*. ...(А. Бегимов). ...менин

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

баламды тәртипсіз дейсең-ау; бетің *былш етпей*! Өзіннің арбалы айбың түрың! (К. Смамутов).

БЫЛШЫЙҒАН *кел.* *Семиз томпақ, былшық.* ...бурыннан-ақ *былшыйған* қатын еді, ...(Б. Кербабаев).

БЫЛШЫЙЫСЫҢ **былшыйыў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БЫЛШЫЙЫТЫҢ **былшыйыў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛШЫЙЫҢ *ф.* 1. *Семириў, толысыў, жуўаныў.* Оның өкпедей тамырларын, қанталап кеткен қып-қызыл еки бети *былшыйып*, адыраған өткир қара көзлериниң қарашығы мәкидей ойнақшып, үйилген қас-қабағы бирдегидей бүркенип, тула бойы полаттай қатайып қалды (А. Бекимбетов). 2. *Жарбыйыў тарбыйыў.* Ышашықтың қарсы алдында, ат үстинде тандырдай *былшыйып* отыр (К. Султанов).

БЫЛШЫҚ *ат.* I. *қ.* **ирин**. 2. *қ.* **былшыйған**.

БЫЛШЫҚЛАНЫЎ **к. иринлесиў**.

БЫЛШЫЛ *ат.* *Мәнисиз, тийкарсыз айтылған сөз, гәп.* Ҳаў, қошшым! буның ҳәммеси қуры *былшыл* ғой, ...(Қыз. ҚК. ж.).

БЫЛШЫЛДАСЫҢ **былшылдаў** фейлиниң шериклик дәрежеси.

БЫЛШЫЛДАТЫҢ **былшылдаў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫЛШЫЛДАЎ *ф.* *Калай, болса солай сөйлеў, өз бетинше сөйлеў, мыжыў, көпириў, гәплеў, отлаў.*—Сен баярыңның атын хүрметлеўдиң орнына не деп *былшылдап* турсаң (С. Ходжаниязов). Мазақлайжақ адамыңды таўыпсаң, Не *былшылдап* турыпсаң? (И. Юсупов).

БЫЛШЫЛДЫ *ат.* *Ҳеш нәрсесиз әңгиме, бос сөз, орынсыз сөйлеў, қуры сөйлениў.* „Жазыўшылар ҳәзлик күўар" деген *былшылдым* ескерген (И. Юсупов). Оған биреў ишанса, биреў инанбай „кой, *былшылды*, жип болар да жөн бос па" деди (Ө. Айжанов).

БЫЛШЫРАЎ *ф.* 1. *Жибисиў, суўласыў, жумсарыў.* Шамураттың аяғындағы жарасы ыссы менен суўласып *былшырап* кетти (Ө. Айжанов). 2. *Сөйлей алмаў, гәпти толық айта алмаў, былжырықлаў*, ...келген бала жумысын айта алмай *ўылшырап* не айтарын билмей турды (Ә. Шамуратов).

БЫЛЫҒЫҢ *ф.* *Былғасыў, шатасыў, шатақпырыў, шубалыў бүлиниў, патасланыў.* Ишки жумыс ол *былығып*, өз жөнине жатырыпты (Б. Исмайлов).

БЫЛЫҚТЫРЫҢ **былығыў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫРҚ: **бырк-бырқ етиў** *ф.* *Аўқаттың, жарманың қойыўланып қайнаўы, сес шығарып қайнаўы, бүлкилдеўи.* ...кемпир бир қазан жарманы *бурқ-бурқ еткизип* қайнатып отыр (ҚҚ. х. е.). 2. *Адамлардың, әсиресе кишкене жас балалардың үлкен дәретке шығыўы, саралаўы, тышыўы.* ...кишкене бир бала үйден

далаға жуўырып шықты да *бырқ-бырқ еткизип*, бноз отырды (ҚҚ. КСМ. атл.). ◆**Бырқына писиў**—*жумыс басты болыў, жумыстан қолы тиймей баса—басқа түсиў, жумысы көп болыў.* Тек жер баўырлап жатып *бырқына писип*, ҳәр нәрсени бир ойлап куры боска ыңылдап отыра береди (Ө. Шамуратов). Боғына писиў—*баса-бас жумыстан қолы тиймеў, жумысқа баш бере алмай күйип-писиўи.* ...өзим болсам мынаў жумысты бола алмай *боғына писип* атырғаным,—деди Айшагүл (Қыз. ҚҚ. г.).

БЫРҚЫЛДАТЫҢ **бырқылдаў** фейлиниң ерксиз дәрежеси.

БЫРҚЫЛДАЎ *ф.* 1. *Аўқаттың қойыўланып қайнаўы.* ...казанда жарма *бырқылдап* қайнап атыр (ҚҚ. х. е.). 2. *Адамлардың үлкен дәретке шығыўы, тышыўы, саралаўы.* ...келиншек балысының *бырқылдатып* тышқанына қысылып қалды (Ә. Шамуратов).

БЫРҚЫРАТЫҢ **бырқыраў** фейлиниң өзгелик дәрежеси.

БЫРҚЫРАЎ *ф.* *Қазандағы жарманың, ыламықтың ҳәм тағы басқа аўқатлардың қойыўланып қайнаўы.* ... *бырқырап* қайнаған аўқаттың түби де күйип кетиўге шамаласты, ... (ҚҚ. х. е.).

БЫСАТ *ат.* *Улықпан, барым.* ...бириси кем тәрежеликтен қысынған болсаң, егер солай болса менин *бысатымда* барым мынаў қалтадағы пул, ал да сары ет (С. Мажитов).

БЫСҚЫЎ *ф.* 1. *қ.* **ысқыў**. 2. *Жайраў, былығыў, былғасыў.* Жаббақ келсе кемпирдиң үйи *бысқып* атыр (Б. Кербабаев).

БЫТ-ШЫТ *қ.* **ыт-шыт**.

БЮВАР *ат.* *Кептиргиш, сорғыш қағазлары сақланатуғын почта қағазларының папкасы.* Бир күни Ромеш азан менен өз кабинетине барғанда столының үстинде Сахтиян былғары менен қапланған *бювард* көрди (Р. Тагор).

БЮДЖЕТ *ат.* *Мәмлекеттиң, мәкеменің ямаса жеке адамның белгили ўақытқа белгиленген кирис-шығыс ақшасының сметасы.* Перспективный планға өткизейин, *Бюджети* КК ГИЗ диң көтермейди (И. Юсупов).

БЮЛЛЕТЕНЬ *ат.* 1. *Сайлаў қағазы.* Сайлаў участкасына барып ҳәр бир адам *бюллетень* салыў ўызыйпасы (Сов. ҚҚ.г.) 2. *Аўырыўға байланыслы мийнетке, хызметке жарамаған ўақытта берилетуғын қағаз.* Ол *бюллетенин* жақында ғана тапсырды (Ө. Айжанов). 3. *Айырым журнал ҳәм басқа арнаўлы нәрселер.* Бул материал өз алдына айырым *бюллетень* болып шықты (Қыз. ҚҚ. г.). 4. *Сиясий мәниге ийе болған ўақыяға қысқаша анықлама, баянлама.* Съездин *бюллетени* айырым қойылды, ... (Қыз. ҚҚ. г.).

БЮРО *ат.* *Басшылық ететуғын партия шөлкеминиң органы, мәкеме.* Оны райкомның *бюросында*, обкомның *бюро-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

сы да бекитти (Т. Нәжимов). ...бүгин кеште калалық Партия Комитети менен Атқарыў Комитетиниң бирликтеги *бюро* хәм президиумы болады екен (А. Бекимбетов).

БЮРОКРАТ *ат. Катал, қатты, менмен, тәкаббир.*—Аўа, қатты *бюрократ* адам болса керек (Г. Изимбетов). Көргенним бар ғой адамларды, *Бюрократ* дейтуғын еди халық оларды (Б. Исмайлов).

БЮРОКРАТЛЫҚ *кел. Каталлық, қаттылық, менменлик, тәкаббирлик.* ... бул ямаса *бюрократлық* болыўды оқып келген бе,—деп күлисип сөйлейтуғын болды (Қ. Айымбетов).

В

ВАГОН *ат. Рельс пенен жүриўге қолайластырылып исленген жолаўшы хәм жүк тасыйтуғын жол қатнас құралы.*

ВАГОНЕТКА *ат. Жақын жерде жүк тасыйтуғын, төбеси ашық кишкене вагон-арба.*

ВАГОНОВОЖАТЫЙ *ат. Трамвай айдаўшы*

ВАЗА *ат. Жемис ямаса гүл салыўға арналған ыдыс.*

ВАЗЕЛИН *ат. Медицинада, техникада, косметикада қолланылатуғын май.*

ВАКАНСИЯ *ат. Мәкеме я оқыў орынларындағы турған орын.*

ВАКСА *ат. Аяқ кийимди тазалайтуғын, жылтырататуғын қара май, бояў.*

ВАКЦИНА *ат.* мед. *Жуқпалы аўырыўларға қарсы алдын алыў ушын қолланылатуғын арнаўлы препарат, дәри.*

ВАЛЕРЬЯНКА *ат.* мед. *Жүрек аўырыўына қолланылатуғын суйық дәри.*

ВАННА *ат.* 1. *Ишине жыллы суў толтырып жуўынып-шайыныў ушын пайдаланылатуғын эмаль менен сырланған металлдан исленген үлкен ыдыс.* 2. *Аўырыўларды емлеў ушын дәригерлер қолланылатуғын хәр түрли шыпалы суўлар менен булаўлар*

ВАРВАРИЗМ *ат. Басқа тилдиң сөзин ямаса гәпин орынсыз қолланыў арқалы тил тазалығын бузыўшылық.*

ВАРВАРЛЫҚ *кел. Жабайылық, аса кеткен каталлық.*

ВАРЕНЬЕ *ат. Мийўе жемисине хәм басқа да жемислерге қант қосып қайнатылып исленген аўқат, тағам, ас.*

ВАРИАНТ *ат.* 1. *Бир нәрсениң екинши бир басқашалаў түри.* Колхоз, совхозларда салынатуғын мектеплердиң планы еки, үш *вариантты* дүзиледи де хәр бир колхоз, совхоз өз экономкасының жағдайына қарай солардың ишинен биреўин өз қәлеўинше қабыл етеди (Сов. ҚҚ. г.). 2. *Әдебий шығарманың тийкарғы текстинен айырмашылығы бар басқа бир түри.* Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының көпшилиги жыраўлар тәрепинен бир неше *вариантта* айтылады (К. Мәксетов).

ВАХТА *ат.* 1. *Флот экипажы бөлиминиң гезекшиси, гү-*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

зетшиси. 2. *Аўыс. Белгили бир үлкен сиясий ҳәм жәмийетлик мәниси бар ҳәдийсени белгилеў ушын пидәкерлик мийнет пенен исленген жумыс.* КПСС тиң XXVI съездине бағышланған мийнет *в а х т а с ы* халық хожалығының барлық тараўында табыслы жүрип атыр (Сов. КҚ. г.).

ВАХТЁР *ат.* 1. *Мәкемедеги қараўыл, гүзетши.* 2. *гөн. с. Революцияға шекемги мәкемелердеги гүзетшилердиң үлкени, жасуллысы.*

ВЕДОМОСТЬ *ат.* 1. *Белгили бир есап-санақ ҳаққындағы мағлыўматлар дизими.* Мәкеме хызметкерлерине мийнет ҳақы төлеўде бухалтерия ушын *в е д о м о с т ь* тийкарғы документ болып есапланады (Қыз. КҚ. г.). 2. *Ўақты-ўақты менен шығатуғын баспа сөздиң аты.* СССР Жоқарғы Советиниң *В е д о м о с т ь л а р ы.*

ВЕКСЕЛЬ *ат.* *Алған қарыз ақшаны белгили ўақытта төлеўге берилетуғын қағаз.*

ВЕЛОСИПЕД *ат.* *Еки дөңгелекли аяқ пенен жүргизилетуғын техниканың түри.*

ВЕНА *ат.* *Жүрекке қарай қан жүргизетуғын гүрре (күре) тамыр.*

ВЕНТЕЛЯТОР *ат.* *Ҳаўаны тазартып туратуғын әсбап.*

ВЕНТЕЛЯЦИЯ *ат.* *Жайдың ишиниң ҳаўасын түрли әсбаплар менен тазартыў.*

ВЕРАНДА *ат.* *Үйдиң алдына салынған ашық ямаса әйнекленген шардара.*

ВЕРМИШЕЛЬ *ат.* *Фабрикада қамырдан исленетуғын жиңишке кептирилген кеспе.*

ВЕРФЬ *ат.* *Кемелерди соғатуғын, оңлайтуғын ҳәм жөнлейтуғын (ремонтлайтуғын) орын.*

ВЕСТИБЮЛЬ *ат.* *Көпшилик жайлардың алдындағы кең кирерлик.*

ВЕТЕРИНАРИЯ *ат.* *Мал аўырыўлары ҳәм малларды емлеў усыллары ҳаққында илим.*

ВЗВОД *ат. әск.* *Ротаның, эскадронның ямаса батареяның тийкарғы бөлимшеси.*

ВИНО *ат.* *Жүзимнен ямаса басқа жемислерден исленген спиртли ишимлик, шарап.*

ВИТАМИН *ат. мед.* *Дене тиришилигине жүдә пайдалы органикалық зат ҳәм сол заттан таярланған дәри-дармақ.*

ВИТРИНА *ат.* *Товар ҳәм басқа заттардың үлгилерин көрсетиўге арналған орын.*

ВОДОПРОВОД *ат. тех.* *Керекли жерине труба арқалы суў жеткерип беретуғын қурылыс системасы.*

ВОДОРОД *ат. хим.* *Кислород пенен водородтың бирикпесинен суўды пайда ететуғын химиялық элемент, жеңил газ.*

ВОДОХРАНИЛИЩЕ *ат.* *Суў хожалығын суў менен тәмийн етиў ушын суўды иркетуғын, жыйнайтуғын ҳәм сақ-*

лайтуғын гидротехникалық қурылыс. Түйе мойын *в о д о х р а н и л и щ е с и* Қарақалпақстанды, Хорезм ҳәм Ташаўыз областьларын суў менен тәмийн етеди (Сов. КҚ. г.).

ВОЕНКОМ *ат.* *Жергиликли жердеги әскерий комиссариаттың баслығы.* Аттан түсип *в о е н к о м* үйге кирди (Ө. Айжанов).

ВОЕНКОМАТ *ат.* *Жергиликли жердеги әскерий комиссариат.* Олар тиккелей *в о е н к о м а т қ а* қарай бет алды (А. Бекимбетов).

ВОЖАТЫЙ *ат.* *Пионер отрядларының басшысы.* Мектептиң алдында оқыўшылар *в о ж а т ы й* менен сөйлесип тур, ... Жеткиншек г.).

ВОКЗАЛ *ат.* *Жол қатнасы (темир жол, ҳаўа ҳәм суў жолы) бойындағы үлкен станцияның жайы.* Ҳәзир Нөкис темир жол *в о к з а л ы* эксплуатацияға түсти. (Сов. КҚ. г.).

* * *

1 томда 3772 бас сөз (А—1435, Ә—249, Б—2050, В—38), 1226 сөз мәнилери (А—364, Ә—35, Б—817, В—10), 1195 фразеологиялық дизбек (А—117, Ә—14, Б—1064, В—0)—улыўма саны 6193 лексикалық (единица) бирлик ҳәм мәниси түсиндирилип сыпатлама берилди.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

МАЗМУНЫ

Сез басы 5
Сөзликтиң қурылмасы 8
Пайдаланылған сөзликлердиң дизими 10
Шәртли қысқартыўлар 15
Шәртли белгилер 16
Қарақалпақ алфавити 17
А 18
Ә 136
Б 154
В 398

На каракалпакском языке

Каракалпакский филиал АНУзССР

ТОЛКОВЫЙ СЛОВАРЬ КАРАКАЛПАКСКОГО ЯЗЫКА

В четырех томах

ТОМ I

Издательство „Қарақалпақстан"
Нукус—1982

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com